
84(5Гру)-44
К-145

Александр Казбеги



Хаьржинарш



84(5Гру)-44
К-145

Александр Казбеги

Хаьржинарш

На дом не выдается
Отдел национально-краеведческой литературы
ОБЯЗАТЕЛЬНЫЙ ЭКЗЕМПЛЯР
Государственное учреждение Национальная библиотека Чеченской Республики
86231

Грозный
ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий»
2012

УДК $С_2$(Чеч)
ББК 84(2Рос-Чеч)6-44
К-253

Гуьржийн маттара гочйина Маргошвили Султана

М-253 Казбеги А.
Избранное. / А. Казбеги. – Грозный: ФГУП «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2012. – 384 с.

УДК $С_2$(Чеч)
ББК 84(2Рос-Чеч)6-44
© Союз писателей Чеченской Республики, 2012
© Маргошвили С., 2012
© ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий», 2012

ГЕНАРЧУ А, ГЕРГАРЧУ А ДОТТАГІЧУХ

Александр Казбеги – гуьржийн сийлахь-воккха яздархо – вина 1848-чу шарахь Степан-ЦІминда цІе йолчу юьртахь, хьолахочун доьзалехь.

Гуьржийн литературин классикийн цІерашна юкъехь – Бараташвили Николаз, Чавчавадзе Илья, Церетели Акакий, Пшавела Важа – шен хьакъйоллу меттиг дІалоцуш ю Александр Казбегин цІе а.

Дуккха а дика амалш йолуш – комаьрша, къинхетаме, мискачех доглозуш, доьналех вуьззина стаг хуьлу Александр ша. Мохк а, къам бен доцуш, аьлча а, къонахашлахь дика къонах аьлла, шен цІе яккха хьакъволуш.

Кхин хІумма а ца хилча а, шен дас а, ден дас а йолах бацош болу къехой ясакхах хьалха а буьтий, гІаж кара а лоцуш, шен жа ша дажо воьду хинволу яздархо, жаІушца сискал а, вон-дика а доькъуш.

И тайпа доьналла хилла дац цу хенахь хьоладайшкахь я и тайпа адамалла а. Кхоччуш Делах а, эхартах а тешаш волу стаг бен хуьлийла дац цу беса къинхетаме я иштта комаьрша а.

Дас, Маргошвили Юсупа, кІанта, Маргошвили Султана а гочйина йолу Александр Казбегин произведенеш йоьшуш къинхетамах дузу хьан дог, оцу яздархочун адамаллин къинхетамах.

Шен жаца ша лелаш, нохчий а, нохчийн лаьмнаш а, аренаш а, ярташ а дика евзаш хуьлу Александр, цундела санна, вайн къам доггах дезаш а, вайх кхеташ а, мехкашдІалецаршна дуьхьал вай латточу къийсамах доглозуш а яздо цо шен йозанаш. Ша лоручу стагах я шена амалш товчу къомах бен атта дика хІума а ца язло цхьанна а художнике. Вайн къам дезначех хъалхара ву Александр Казбеги, шена уллохь лаьтташ Лев Толстой а ала мегар долуш.

Амма бакъду, вайн амалца амал йогІуш къам гуьржий бен-м хир дац кху дуьненчохь, вай мел ойлаярх, дІаса хьежарх, гергарлонаш лехарх.

Нагахь иза иштта ца хилча, Александр Казбегис а, кхечу гуьржийн яздорхоша а вайн къоман дикадерг а, вайн къоман баланаш а буьйцуш хІуманаш а язйийр яцара.

Казбегин «Элисо» а, «Давийнарг» цIе йолу произведенеш нохчичо шен къомах язйича санна, доггах а, дог Iовжош цIена а, ойланца сирла а ю.

Казбегин мотт а бу исбаьхьа. Цо санна Iаламан сурт мадарра нийса хIоттош волу яздархо наггахь бен нислур вац дуьненан литературехь, къаьсттина лаьмнийн Iалам, шен хишца, бердашца, бохь лекхачу лаьмнашца а. Кавказан къаьмнийн литература а, культура а юьйцучохь, уггар хьалха гуьржий дагабогIу суна, дозаллица бийца дуккха а дика яздархой а, поэташ а болуш: Галактион Табидзе, Отиа Иоселиани, Отар Чиладзе, Нодар Думбадзе, Чабуа Амираджиби, кхин а, кхин а.

Александр Казбегин сий-лерам, гуьржашачул а чIогIа, нохчаша бича, йоккха юьхькIам хетара суна вайн къомана – ша лору стаг лара везара, шен дайшца гергарло хилла адамаш дайн метта а хIиттош.

Сайн аьлларг хилча, кху вайн мехкан коьрта лоручу Соьлжа-ГIалахь Казбегина хIоллам хIоттабойтур бара ас, цуьнан цIарах ураман цIе а туьллуьйтуш, хIунда аьлча «акха нах» олуш, вайна харц цIе а тиллина – шаьш дойурш адамаш дац, акха хIуманаш ю ала – Россин паччахьо вайн къам а, мохк а отучу хенахь, шен дагца, шен ойланца, шен къоламца нохчашна орцахваьлла иза цхьаъ бен вац вайна гонахарчу къаьмнех. Цуьнан аз тахана а дека бакъболчу нохчийн дегнашкахь, декар а ду даим, нохчийн мотт мел бехха.

Вайна хаахь, ца хаахь а – ца хуурш а хила там бу – Iаламат йоккха хазна ю Маргошвилин доьзало – дас а, кIанта – Казбегин произведенеш гочъярца вайн къомана йовзийтинарг, уггар хьалха мотт а болуш, нохчийн мотт.

Шух хьеггалла, дешархой, гуьржийн литературин классикан Александр Казбегин произведенеш нохчийн маттахь дуьххьара йоьшуйолчу шух хьеггалла воккхаве со шун тахана хиндолчу ирсах.

Некъ маьрша хуьлда хьан, Александр Казбеги, кху нохчийн махкахь ахь айхьа-хьайна биллина болу вошаллин тешаме некъ.

Бексултанов Муса,
халкъан яздархо

АЛЕКСАНДР КАЗБЕГИ

Александр Казбеги XIX-чу бIешеран шолгIачу эхерчу гуьржийн яздархошлахь уггаре а вевзачех цхьаъ ву. Гуьржийн литературин классикийн Бараташвили Николазан, Чавчавадзе Ильян, Церетели Акакийн, Пшавела Важин лийрйоцчу цIераш юккъехь хьакъйоллу меттиг дIалоцуш ю Александр Казбегин цIе а.

Александр Казбеги вина 1848-чу шарахь Степан-ЦIминда юьртахь (хIинца Казбеги), хьолахочун доьзалехь. Цуьнан дайша Чопикашвили фамили лелийна. Ткъа Казбеги фамили дуьххьара яздархочун ден дена Габрилина тиллина, Ираклий II паччахь волчу хенахь шен майраллица а, хьекъалца а къаьсташ хилла волчу. Паччахьо шена юххе а озийна, иза Степан-ЦIминдин урхалча хIоттийна. ТIаккха, халкъо бIешерашкахь шайн кийрахь лелийна лаам кхочуш а беш, Ираклий II Гуьржийчоьнан кхоллам, хийцам боццуш, Россица буоза сацам тIеэцча, Габриэл Казбеги царах дIакхетта. Цо доккха маьIна лелийна оьрсийн эскарш Гуьржийчу даьххича а. Паччахьан Iедало билгалваьккхина иза майоран дарж даларца. Цул тIаьхьа Габриэл ерриге Хевин урхалча а хIоттаво. Иза дIакхелхинчул тIаьхьа Александран дега, воккхахволчу кIанте, кхаьчна цуьнан дарж. Михаил Казбеги кхин а лакхаволу шен даржашкахь – иза берриге лаьмнийн мехкан урхалча хIоттаво.

Михаил Казбегин хьалхара зуда гуьржийн поэтийн Николоз Бараташвилин а, Григол Орбелианин а гергара стаг хилла. Ткъа ша, Михаил, стихаш язъеш а хилла. Цуьнан шолгIачу зудчунна Элисабеда Тархнишвилина, Александран нанна, поэзи дукхаезаш а хилла. Иштта хьал долчу доьзалехь ша кхиънашшехь, Александр Казбеги лоллехь доллучу мискачу халкъах чIогIа доглозуш, царна тIекхийда волавелла жима волуш дуьйна а. КазбегигIеран доьзал дика бевзаш хиллачу Церетели Акакийс тоьшалла до: берахь дуьйна а цунна безара миска нах, даим юьртарчу берашна юкъахь каравора иза.

Александр Казбеги кхетош-кхиорехь боккха тIеIаткъам бина ден йишас ахархочо Нинос.

Йоза-дешарх юьхьанцара кхетамаш Александр Казбегина белла цIахь, леррина кхайкхина балийначу хьехархоша.

Цул тІаьхьа пансионехь а, гимназехь а дешна цо. Оцу шерашкахь цо тІех дика Іамадо оьрсийн а, французийн а меттанаш. Музыка дукхаезаш а хилла иза.

1860-чу шарахь, да кхелхича, цІийнан дукъ дІакхехьар Александрна тІедужу. Цо Гуьржийчоьнан ламанан ярташкара бахархой паргІатбоху шен ден дас а, дас а мискачу царна такхар тІедиллина хиллачу ясакхах. Кара жаІуьнан гІаж а оьций, жа дажо хІутту ша а. Цо шена хьалха Іалашо хІоттийнера могІарерчу шен халкъан Іер-дахар кІорггера Іамор, тІаьхьа шен произведенешкахь иза ма-дарра дешархошна дІадовзийтархьама. Оцу заманахь Іаламат майра гІулч яра цо яьккхинарг.

Жа дажош гуьржийн лаьмнаш гездеш ворхІ шо даьккхира цо. ТІаккха, 1879-чу шарахь, иза Тифлисе вогІу. Цигахь дІаболало цуьнан юкъараллин а, кхолларалин а болх.

1860-чу шарахь гуьржийн театро хІоттайо цуьнан «ГІийлачех цхьаъ» цІе йолу пьеса. Цул тІаьхьа хІиттайо Александр Казбегин кхийолу драмаш а, комедеш а: «Паччахьан кІант Константин», «Тойл тІаьхьа Іуьйре», «Арсен», кхиерш а. Цо ша язйина, гочйина ткъе пхиъ пьеса. Амма цуьнан шатайпа а, йоккха а корматалла къаьсттина билгалъяьлла цуьнан романашкахь а, повесташкахь а. 1861-чу шарахь «Дроэба» газето зорбатуху Александр Казбегин «Элгуджа» повесть, бухахь язйина «Мочхубаридзе» аьлла цІе а йолуш. «Мочхубаридзе» дош иштта гочдо: «довхо», «летархо». Гуьржийн литературехь дуьххьара юкъабевлира турпалхой-ламарой. Газет тІера и повесть ешначул тІаьхьа, гуьржийн гІараваьллачу поэто Григол Орбелианис газетан агІонаш тІехь билгалдира: «ТІехдика ю. Боккха кхаъ бу иза суна! Иза гуьржийн Гомер ву!»

«Элгуджа» повестан кхиамо дог иракарахІоттийначу яздархочо хьалхий-тІаьхьий зорбаетта йолайо шен кхин произведенеш: «Элисо», «ЦинкІо», «Давийнарг», «Хевисбери Гоча», кхиерш а.

Кхолларалин тІаьхьало ларалуш йолу ерриге произведенеш ялх шарахь – 1880–1886-гІий шераш – кхоьллина яздархочо.

Нуьцкъаха махках а баьхна, шийлачу Сибареха бахийтинчуьра нохчий цІа бирзинчул тІаьхьа волало Маргошвили

Юсуп Александр Казбегин произведенеш нохчийн матте гочъян. Ша дIадолийна гIуллакх цо кхиамца чекх а доккху.

Казбеги Александран романашкахь, повесташкахь, дийцаршкахь къеггина гайтина нохчийн къоман амалш, оьзда гIиллакхаш, доьналла. Цундела вайна мехала ду кистийн серлончас Маргошвили Юсуп Адоевича нохчийн матте гочйина, таханлерачу дешархошна йицлуш лаьтта цуьнан произведенеш юха а арахецар.

Александр Казбегин произведенеш гочъярхо Маргошвили Юсуп вина ПIангазан чIожахь, Дуиси юьртахь, 1894-чу шарахь. Жимачохь цо Телави а, Закатала а гIаланашкахь Iамийра Iаьрбийн а, азербайджанийн а меттанаш. Ткъа нохчийн а, гуьржийн а меттанаш-м ишта а цунна дика хууш дара.

1912-чу шарахь Маргошвили Юсупа, Нохчийчу а вогIий, ГIойтIахь хьуьжарехь доьшу. Цул тIаьхьа Соьлжа-ГIалахь хьехархойн институт чекх а йоккхий, нохчийн а, оьрсийн а меттанийн говзаллаш кара а ерзайой, гуьржийчохь шен махкахошна юкъахь серлонан болх дIахьо Маргошвили Юсупа.

1922-чу шарахь Маргошвилис, ша куьйгалла а деш, Дуисехь школа йо. ХIетахь дуьйна, шен дахаран тIаьххьара де тIекхаччалц, цо хьоьху нохчийн, гуьржийн, оьрсийн меттанаш.

1972-чу шарахь Маргошвили Юсупна «Гуьржийн ССР-н хьакъволу хьехархо» цIе туьллу.

Юсени – цунах безамца ма-аллара – Iаламо комаьрша похIмалла делла, кIорггера хаарш долуш стаг вара. XIX-чу бIешеран 80-гIа шераш тIекхаччалц Маргошвили Юсуп ПIангазан чIожерчу бахархошна-нохчашна юкъахь ша цхьаъ вара Iаьрбийн мотт а хууш, Ислам-дин баккъал девзачех.

Кистинашна (иштта олу гуьржаша нохчех) юкъахь кхетош-кхиоран болх дIабаьхьна ца Iаш, гуьржийн произведенеш нохчийн матте гочъеш боккха болх бина цо. Къаьсттина цо тидам тIебахийтинарг гуьржийн литературин классик Александр Казбеги вара.

Шен кхолларалле хь Александр Казбеги луьра дуьхьалволу мехкашдIалецархошна, иштта боккхачу безамца, шен хьомечу халкъах санна, дуьйцу кхечу къаьмнийн векалех а. Къаьсттина нохчех. Цуьнан дайша вуно доккха гергарло ле-

лийна нохчашца. Жаlу хилла, уьстагlий дажош лелаш, шен жаца Нохчийчохь lа доккхура Александр Казбегис, цуьнан дукха хьеший бара нохчийн ярташкахь. Цуьнан доттагlаша дага ма-леццара, жа дажош лелачу хенахь, и цхьаъ вара, кхера а ца кхоьруш, тlемаша йохийначу, обаргаш лелачу нохчийн ярташкахула маьршша лела хlуттуш верг.

Тедо Годердзишвилис дагалоьцу. Цкъа нохчийн эвлахь цхьана кистинцана вевзина хиллера Александр Казбеги: «Сихха тlе а веана, куьйг луш, салам делира цо Сандрога (Александре), иза мара а вуллуш. Дlахьаьжча, оцу кистинцана дика вевзаш хилла Михайла, кест-кеста цуьнан доьзалехь хьошалгlахь хуьлуш хилла иза, цундела иштта догцlена тхо а тlелецира цо. И кистахо тхан догдика хlусамда вара, дуург-мерг а делла, тхо безамца цхьаьнакхетча, новкъадехира цо».

Нохчашца ша цхьаьнакхетча, Александр Казбегис церан lер-дахаран амалш, lадаташ, турпалаллин дlадаханарг lамадора.

Шен дагалецамашкахь Александр Казбегис боккхачу безамца юьйцу нохчашца шен хилла юкъаметтигаш, цаьрца лелийна доттагlалла.

XIX-чу бlешеран 70-чу шерашкахь дlатийна ялаза яра нохчаша арахьарчу мехкашдlалецархошна дуьхьал латтийначу турпалаллин къийсаман гlовгlа. МехкашдlалецархоЙ даггара ца безаш волу а, къийсам латточу халкъана суждане оьхуш волу а Александр Казбеги бендацараллица хьежа ца лора шен лулахойн-нохчийн кхолламе. Оцу халкъехь даррехь хаалора гуьржашца цхьаьна бертахь юкъаметтигаш лело езаш а, уьш лаар хиларан а амалш.

Шен доккхачу комаьршачу дагца вайнах безабелла, церан истори дика хууш волчу Александр Казбегина гора гуьржашний, нохчашний юкъара дуккха а хlуманаш цхьаьнадогlуш хилар. Цундела хир ду-кха яздархочо шен произведенешкахь нохчийн синцlеналла а, турпалаллин дlахlоттам а гайтаран коьрта бахьана. Цо яздора: «Тхо гlерта дийцарийн кепехь шуьга дlакхачо а, шуна довзийта а Гуьржийчоьнан цхьа дакъа хилла дlахlоьттинчу я дуй биъна ваша хиллачу халкъан амалш, lадаташ, герггара зlенаш ца хилча ца йовлуш хилар даррехь гушдерг хилар массарна дlахаийта».

«Давийнарг» дийцаран турпалхоша Иагос а, КІобас а сацамбо, шех лаьцна массара дика дуьйцуш волчу, шена тІе ламанан дерриге халкъаша боккха тидам бахийтинчу имам Шемалан агІор вала, хІунда аьлча массо тешна вара цо паргІато йохьург хиларх.

Нохчийчу баьхкина дуй биьна вежарий Іаламат дика тІе а лоцу, царна доккха хьошалла а до Пхьарчос: «АрцІия юьртахь Иаго а, цуьнан дуй биьна ваша КІоба а оцу хІусаман бакъболу дай санна тІелецира Пхьарчон доьзало. Дерриге дора цо церан лаамаш кхочушбархьама». Иза бара «шайн коьртехь ша Воронцов а волуш, оьрсийн тІеман хьаькамаш нохчашна тІелата кечлун мур».

Яздархочун доккхачу похІмаллица гойту Александр Казбегис паччахьан эскаршна дуьхьал нохчаша шайн паргІатонехьа латтийна къийсам.

Оцу декъехь шена тІе къаьсттина тидам бохуьйтуш ду Александр Казбегин «Элисо» дийцар. Цу тІехь яздархочо гойту Россин империн эскарша Нохчийчоьнна гуо а бина, и халкъ тІамца эшалург цахиларх шаьш кхетча, гуттаренна цунах дІакъаста сацамбо. Оцунна цхьа а хІума ца кхоадора Россин империно: я ницкъаш а, я ахча а. Цунах дош ца хилча, динан хьехамашца нохчий Іеха а бина, доккхахдолу дакъа Османан импере дІакхалхо барт хилира, ткъа вуьш нуьцкъаха махках бехира.

«Элисо» дийцарехь буьйцург и мур бу. Нуьцкъаха махках бохучу нохчаша туп туьйхира БуритІахь. «Шайн амалца хІайтаьлла а, самукъане а болу нохчий, тахана бист ца хуьлуш Іара, дІатийнера дарц далале хьалха хІаваъ санна, оцу паргІатонах цІеххьана дарц гІатто бохкуш санна».

Оцу халкъо лайна Іазап а, якхий халонаш а яздархочо церан Іалам кІорггера довзарца юьйцу: «И тийжарш, и дакхий синош дахарш, и белхарш цхьана стагана тІебеана бала цахиларна, кхин а къаьхьа хетара. Уьш бацара шен эшамашна цхьана стеган латкъамаш – кхузахь гушберш дерриг халкъан синхаамаш а, цуьнгара хьал а дара».

Шен майраллица вевзаш волчу мохевцана Важияна езало Шемалан наиб хиллачу Чербижан Анзоран йоІ Элисо. Амма

церан безамна, царна цхьаьнакхета новкъарлойийриг дин цхьаъ цахилар ду. Александр Казбегис ма-яздарра, «хьалхалерачу заманашкахь динан башхалла бахьана хила йиш яцара цхьаьна ца кхета. Амма хIинца гуьржий, аьлча а керстанаш, «гаурийл» а, я оьрсийл а хьалха, царна некъ гойтуш богIучу хенахь, гауршца цхьаьна лулахошца цара тIемаш беш, – хIинца шадерриг кхечу кепара дара».

Амма Важас и дуьхьало а эшийра: йийсардира Элисон санна, цуьнан ден а дог. Амма бевдда боьлхуш, оьрсийн эскаршна тIенисло уьш. Боккхачу деган Iовжамца хеда гуьржийн кIентан Важиян а, нохчийн йоьIан Элисон а цIена безам – оьрсийн салтичун карах ле кхо адам: вовшийн деза шиъ а, йоьIан да.

Оцу дийцаран чаккхе чIогIа сингаттаме ю. Жоп каронза дисна авторо хIоттийна хаттар а: «Иза хиллачул тIаьхьа, кхоалгIачу дийнахь, некъан йистехь декъий Iохкучу, амма уьш дIадохкаран гIайгIа беш цхьа а воцчу меттехула чекхбевлира Анзоран накъостий: уьш хьалхачул а саготта бара…»

И пекъарш Османан импере боьдучу новкъахь бара, амма дукха кхочурий-техьа цуьнан дозанна тIе?

Александр Казбегис «Циция» повеста тIехь дуьйцу безаман сийлахь-боккхачу ницкъах, цул а лекха долчу ламанхойн къонахийн декхарх. Оцу дийцарехь къеггина хIоттийна ду ламанхочун-нохчичун Джанхотан Султин васт. Цо шен синхаамал а деза лору хьаша-да тIеэцаран Iедал-гIиллакх. Гарехь, дуьненан литературехь а ша санна кхин хирдоцуш ду яздархочо кхоьллина Султин васт. Шен дукхаезачу йоIе, цуьнан деган лаамаш шечул беза а лерина: «Хьан дуй биъна ваша хир ву», – олу цо…

Иштта къегина, къонахаллех дуьззина ду Александр Казбегин произведенийн дерриге исбаьхьаллин васташ.

И произведенеш, сан дас Маргошвили Юсупа нохчийн матте а яьхна, вайн дешархошна йовзийтина.

Гуьржийчохь гуьржечу нанас вина,
Хьо вара вуьззина къонах.
Вехара къоман сий хьо айъина,
Кхоьллинчо ларвора вонах.

Хьо нохчо лара а тхан ю бакъо:
Дуй биъна ваша тхан хилла,
И цкъа а ца къарбеш дIаваха хьо,
Ваха бакъ дуьненахь Iилла.

...БIешерийн къоьжалла дIашарйина,
Шен корта хьуна тIе товжош,
Тахана Мкъинвари[1] дIахIоьттина,
Сий айа, цкъа а ца дожош.

Александр Казбеги гуьржийн литературин дозалла хилла ца Iаш, дуьненан литературин а дозалла ду.

Маргошвили Султан,
гочдархо

[1] Мкъинвари – цкъа а ша бешаш боцу лам (*гуьрж.*).

ДАВИЙНАРГ

Хьалхара дакъа

Хевски яртех цхьанхьа долчу цIа чохь Iуьйрана, цхьайтта сахьт даьллачу хенахь, пеша хьалха а хиъна Iаш дара кхоъ: цхьа зудий, ши стаггий. Царах цхьаъ – юьхь-сибатна буьрса, амма, куц-кеп долуш волу Гелашвили Анас – шен кIархийн бахтарш леррина дIакъуьйлуш воллура.

Цуьнан зуда, Махия, цунна юххе а хиъна, чоин машина тIаргIа хьуьйзуш Iара, наггахь кхерчахь кхехкачу ега а хьожуш.

КхозлагIниг – Анасан ваша вара, юьртахь «Миска ГIалаха» аьлла цIе яхана вара иза, ламанца хIоранна а даг чу кхочуш долчех цхьа илли а бохуш, гIийлла пондаран мерзех пIелг а бетташ Iара ГIалаха.

Воккхачу стеган озаца а, юьхь тIехь а гуш дара цо дуккха а хало лар, бала хьегар. Тохара мацца а цкъа безамехь хилла юьхь-сибат хIинца къеналло эрчадоккхуш хабдинера, – дахаран къизачу зераша къинхетаме доцучу шен мухIаран томмагI дитинера цуьнан кхоьлинчу юьхь тIехь.

ЭттIа, дерриге а йоманех дуьзна долу чоа дара цунна тIехь, схьахетарехь цхьа иза дара, цуьнан хебаршка дахана дегI а, тишделла дог а дIахьулдеш къайладоккхуш дерг.

Шен деха-дуткъа, цхьа чкъор бен тIехь дилха доцу оза пIелгаш пондаран мерзех а тухуш, ГIалахас илли дIадолийра:

«Рустама элира: хуьлда дош,
Латта санна кIеда!
Хазахоьтуьйту кIенташна кхерамо,
Толаман сий царна дIаоьхьуш!..
Рустама элира: хIун ду тоьлашха,
Ойла ехьа, ва адам, –
Тоьлашха дац цкъа велча,
БIе шарахь бала хьоьгучул?..»

– Ванах, гуттар и мерзаш ийзош, цкъа мукъана а кIорда ца до хьуна? – аьлла, резавацарца лоькху пондар сацабайтира Анаса.

Мискачу ГIалаха доккха, халла са а даькккхина, юьстах охьабиллира пондар.

– Юха а ваха воллу-кх хьо, – элира Анаса, – цхьана Далла хаьа-кх вай кхин гур, ца гур! Юха а мичахула лела воллу хьо, тхуна муха хуур ду хьо вуьзна ву а, меца ву а?

– Ээ... ээ, сан хьоме ваша! – аьлла, дагахь цатам хиларца, вистхилира миска ГIалаха, – ткъа шуна хIун зе хуьлу со даима нехан неIсагIина тIехIуьттуш леларх? ЦIен тIера цхьа а хIума дIа ца хьо, даа ца дуу, дохка а ца духку, дерриге сайн дакъа, берриге бахам шуна битина ас, кхин хIун оьшу?.. Ткъа шу хIетте а реза дац?.. Нагахь сайн масех шай дисича, уьш а аса-х схьадоуьйту шуна...

– Дика хир дара хьо хьуо вехаш цIахь Iахьара, воккха а хилла, – цуьнан даша юккъе иккхира Анас.

– Ээ... ээ! – юха а доккха садаькккхира ГIалаха.– ХIан-хIа, хIан-хIа, сан ваша... Хьуна ма хаьа ткъа, нагахь стаг цIийнах дIахаьддехь, иза цхьана а хIумане сацалург цахилар... Ткъа стенна оьшу со сецо? «Къеж а велла, къан а велла, гуттар гIорасиз а хилла; со-х цIентIехь белхахо а вац, стигал кIел вахархо а вац!..» – олуш, ГIалахас лахха охьаоллийра корта.

– Делахь хIунда боху ахь иза, хIунда? Висахьа тхоьца, хилахьа воккхаха, тхуна тIехь терго а латтош! – элира дегабаам барца Махияс.

– Иза ма дийца, Махия, со санна телхинчу стаге хIун дола далур ду цIен тIехь, хIун терго латталур ю!

– Иза хIунда дуьйцу ахь иштта?

– Дера дуьйцу... – ГIалаха цIеххьана луьйчуьра сецира.

– Висахьа, висахьа, ас Делаца чIагIо йо хьуна, сан бераша хьан терго йийриг хиларан, шайн господин хьо лоруш, – юха а воккхаха волчу веше дехар дан хIоьттира жимах волу ваша.

– Хьуна-х хаьа, Анас, сан цIахь саца таро йоций, нагахь суна Iен мел лууш хилча а. Деган кхин тоха са а ца хилла, йоIе бIаьрг тохархьама, со цIа веана къайллаха... дIа а гIур ву со... Суна сайна-м хIумма а ца оьшура, суна догIучу декъа тIера

Дала алссам беркат лойла шуна; ас цхьа хIума доьху шуьга: хьовсуш хилахьара шу сан йоIе, ма йиталаш иза гIайгIа ца беш, маре а яхийта иза.

– Бакъ ма ду, кIант, Дела ву гушверг, сайн берел: дукха ма еза суна хьан йоI, – элира Махияс.

– Баьпкан юьхк цунна тIехъеттар йоцчу маре лахьара аш иза... Тайпий, хьаллий леха оьшуш дац... Царна вовшийн дезаш хилчахьана, важадерг мехала дац... Зуда атта яхало, нагахь доьзалехь барт белахь.

– Дела ву теш!.. – олуш, тохавелира Анас, цуьнанбIаьргех хиш хьаьвдира.

– Ахь айхьа хаьржиний хьайна нуц? – хаьттира Махияс.

– Ткъа суна-х дуккха а шерашкахь дуьйна ур-атталла кхузара мархаш а ца гина, – ткъа нуц муха харжалур вара соьга?.. Иза сан гIуллакх а дац. ЙоI шуьца Iаш ю, аш цунна лохун болучу безаман хьокъехь жоп Далла хьалха лун дерш шу ду-кх...

Цхьа а вист ца хуьлуш, холчухIоьттина Iара. Воккхачу стеган накха доьIучу синна лаккха хьалаийбалора, садаIар сихделлера... – схьагарехь, даьгна дIадолуш лаьтта цуьнан дог хIинца а даьгна далаза дара, даьгначу цуьнан овкъарна кIел хIинца боккхачу ницкъаца йогуш алу яра.

Ткъа ма-дарра аьлча, мел гIайгIане дара, шен цхьаъ бен йоцучу йоьIан хьокъехь гIайгIабар кхечарна тедиллаза ца волуш волчу ден дог?

ГIалаха мелла а саметта веара, ша-шен кара а эцна, мелламаша, хIор дош ша-ша олуш, къамел юха а дIадолийра цо,– веше весет деш волчух тера вара иза.

– Дала а, адамаша а дIатесна со, цхьа ког коша а бахна ву со, тахана-кхана тIекхочур долуш ду сан Iожаллин сахьт, со дIавер ву... Сан Нонина шун цIа – ден цIа ду, цундела шайна а пайдехьа хинволу цIийнда цунна лаха хьовсалаш... Нагахь цунна шена цхьаъ везалахь, иза кхин а дика хир ду! Новкъарло ма елаш цунна...

– Нона жима-х яций, сан хьоме марваша? Иза ша декхарийлахь ю шена майра харжа, кхечу агIор муха хир ду?.. – элира Махияс.

– ... Эхlе-эхlе, и шун гlуллакх ду!– элира гlорггlа воккхачу стага, тlоьрмиггий, гlажжий схьа а оьцуш, ира а хlуттуш. – Со ваха хlинца, воьду хан ю!

Анас а, цуьнан зуда а хьалагlаьттира.

– Кхин а, хlуъа а яий а, хlума яахьа! – элира Махияс.

– Кестта Нона а схьакхочур ю! – аьлла, тlетуьйхира Анаса.

– Дала аьтто бойла шун, иза схьакхачаре хьоьжуш lийр вац со! – жоп делира Гlалахас.– Ноне хьежна дан хlума дац, – совнаха бlаьрхиш... lодика йойла, сан ваша, сан Нонин хиндерг уггар хьалха Далла, тlаккха хьуна тlе дуьллу ас... Кхин вай гур я ца гур,– хьанна хаьа?!.. lодика йойла, къинтlера яла, Мажия, хьо сан йоьlан ненан метта юьсу, хьох тешна юьту-кх ас иза, сан йоlе дика хьажар хьуна тlехь дуьсуш ду...

Иза, дlа а вирзина, шена дlатаса оццул хала долчу цlийнан неlарх аравелира. Анас цуьнца аравелира, ткъа Махия цlахь йисира.

– Сарралц мукъа а lийна велира хьо! – юха а элира Анаса.

– Хlун дийр ду lийна?

– Вовза ма вовзахьара хьо...

– Со хьанна вевзар ву? Адамашна тоххарехь со вицвелла.

Къамелаш а деш, Куран lин чу кхечира и шиъ, цигахь вовшийн lодика а йина, дlасакъаьстира. Анас юха цlехьа вирзира. Тlулган бердал дехьахьа иза къайлаваьлча, тlулга тlе охьа а хиъна, кlорггера ойланаш ян велира Гlалаха.

Геннара тlеяьхкинчу ойланаша дlалецира иза. Цунна дагаоьхура ша жима, къона хилла хан, зуда, хилла дегайовхонаш – адаман къаьхьа дахар оццул марздеш долу дерриге а! Дагаоьхура, тоххара цхьана хенахь шен жаш даьжна лаьмнаш, хьалхахlуьттура, генна хьалха, Иванан дийнахь, и даздеш хиллачу боккхачу синкъерамехь шена йоl гаран а, дуьххьара гушшехь шена иза езаяларан а, кхехка доладелла цlий пхенашкахула сихха дlасахьадаран а сурт. Сингаттам хьаьдира цуьнан даг чу. Мича дахана и ирс, хlунда дайна иза?..

Кхечеран бlаьргашца ша-шега хьаьжира иза: ницкъаххий, ирсаххий вуьзна хилла волу жима стаг, хlинца къена, гlорасиз волу воккха стаг хилла дlахlоьттинера, шен дахаран

Государственное учреждение
Национальная библиотека
Чеченской Республики

тІаьххьарчу деношкахь, цхьана цІен тІера кхечу цІен тІе оьхуш, сагІа деха дезаш вара иза, ур-атталла иза веллачу сохьтехь а цунна тІехь велха цхьа а хир воцуш... ГІайгІано, хІазаро санна, дог Іаьвдира, еххачу хенахь диттина са къамкъарге кхечира, дог кхехкаш, некха кІел, схьа арадала гІерташ санна, тохаделира, тІаьххьара а бІаьргех хиш хьаьвдира.

БІаьрхих шен дог а Іабийна, халла, нуьцкъашха хьала а гІаьттина, верриг гІелвелла, кІелвисина, дог-ойла йоьхна волу иза, ша виначу, кхиначу, ваьхначу юьртехьа дІахьаьжира.

– ХІе, маржа-яІ-кх хьо тешам боцу дуьне! – аьлла, лохачу озаца мохь туьйхира цо, деган йовхо йоцуш куьг дІа а ластош, тІаккха, дІа а вирзина, дІаса а техкаш, Владикавказехьа – БуритІа боьдучу новкъа дІаволавелира воккха стаг.

ХІуманаш гина волу Анас, вешех, цу тІе шен хьал-бахам кхунна а битина, дІакъаьстина волчу вешина, башха сагатда дагахь а вацара, амма хІетте а тІаьххьарчу минотехь дог дуьйхира цуьнан а, цундела чІогІа оллавелла цІа веара иза.

– Хьуна хІун хилла? – хаьттира цуьнга зудчо.

– ХІумма а ца хилла! – гІийлла жоп делира Анаса, къайлаха бІаьргех йовлакх а хьоькхуш.

– Велха хьо, эхь а ца хеташ! – элира зудчо ца ешаш, пешан товханна хьалха охьа а хууш.

– Вешех дІакъаста иштта атта ду аьлла-м ца хета хьуна?.. Далла хуур ду-кх кхин цкъа а гур я ца гур?..

– Цунна дика дера дара, иза-м дІавахчахьана ваьллера!.. Вай ду-кх халонехь дерш, нагахь вайна лиъча а, хІокху вочу меттигашкара цкъа а дІадаха йиш хир йоцурш вай ду-кх.

– ХІа-а, иза дерриг нийса ду, иза дІаваха, Дала аьтто бойла цуьнан... Ткъа йоІах, оцу мисканна хІун дан деза вай?

Корта а оллийна, ойланаш ян велира Анас.

– ХІун дан деза? ЧІогІа реза вац-кх со оцу кІантана, цуьнга нехан йоІ дІа а елла, къа шена тІе муха оьцур ду? Ткъа йоІа а, мискано, иза шен дагна везаш вац, цуьнга лахь, лийр ю ша боху.

– Цуьнга хІунда хоьтту иза? Делора хаац суна-м, вай шена лехкинчуьнга гІур ю-кх.

– Ткъа Нона кхин везаш ма ю...

– Ткъа везийла шена, везча хIун ду? – олуш, шога хадийра цо майрачун хабар.

НеI дIаеллаелира, гIовгIа йоцуш чуелира ялхитта-вуьрхIитта шо хир долуш йолу, бухкарца букъа тIехьа йихкина кIудал а йолуш, дуткъачу дегIахь, куьцехь йолу йоI. Сих ца луш, кIудал цIенкъа охьа а йиллина, цунах бухка схьа а баьстина, хевшина Iаш болучаьргахьа дIа а йирзина:

– Стенга вахана дада? – хаьттира цо.

Гуттар сапаргIат диначу оцу чолхе доцчу хаттаро, стенна делахь а, дохийра Анас а, Махия а. ХIун ала деза ца хууш Iара и шиъ.

– Стенга вахана дада? – юха а иштта сапаргIат хаьттира йоIа, леррина Махияга дIа а хьоьжуш.

– ДIавахана, – аьлла, тIаьххьара а жоп делира Махияс.

– ДIавахана? – юха а хаьттира Нонас, гIелделлачу озаца цуьнан куьйгаш дегIаца охьадахара.

Туьран ирачу дитто санна, оцу дешнаша цестира цуьнан дог, цIеххьана цунах дикка ца кхеташ йисира иза.

– Ткъа суна-х моьттура... – элира гIийлла, меллаша корта охьа а оллийна, ца хезаш елха йолаелира иза.

– Стенна йоьлху хьо? – бохуш, иза хьаста хIоьттира Махия.

– Дада ган лиъера суна, – элира Нонас, елхаран къурдаш а деш.

– Сацийтал, деллахьа! – Махия оьгIазъяхара, амма оцу сохьта ша дийриг нийса цахиларх кхеттачу цо, сапаргIат тIетуьйхира: – Кестта маре лур ю вай хьо, тIаккха хьайн ерриге гIайгIанаш йицлур ю хьуна.

– Со-м яц маре яха лууш! Со-м гIур яц маре, – элира кхохкийначу Нонас.

– Иза ахь хIинца боху иштта, ткъа тIаккха кхин ойла хир ю хьан, – элира Анаса.

– Массо а хьох хьоьгур волучу стаге маре лур ю-кх оха хьо.

– ХIан-хIа, хIан-хIа, ца лаьа суна! – элира Нонас, чIагIо йоллуш. – Хаьа суна шу со хьаьнга яла дагахь ду. Лийр ю-кх со, амма цуьнга-м гIур яц!

– Хlунда ца йоьду ткъа, хlунда?

Нона йист ца хуьлура. Цlеххьана цунна даг чу иккхира: ткъа хlун дара-техьа Махияна мара а иккхина, цуьнан некха тlе корта а биллина, йоьlан эхь а дитина, шен даггара къайле дlайийцича: «Суна кхин веза, къахетийша сох, Махия», – аьлча, бохург. Корта хьалаайбича, цунна гира шен девешин зудчун буьрса, кхоьлина юьхь, ша санна шийлачу дагца иза шега хьежар. Балдаш айинчохь, багах дош ца долуш йисира йоl. Йоккхачу къизаллица йоl кхийтира шена хьалхалаьтташ ерг шен доттагl цахиларх, шен ойланах кхета хьуьнаре йоцу арахьара зуда иза хиларх, тоххарехь кхуьнан хьокъехь кхел йина яьллачу цо шен сацам бохориг цахиларх, цхьана а дешнаша, цхьана а дехарша цуьнан шога дог кlаддийриг цахиларх.

Баккъал а йоlана хетарг чlагlдан санна, Махияс буьрса а, хадам боллуш а элира:

– Хlа, тоьур ду!.. Хьан дас ша дlавоьдуш тхуна тlедиллина хьан гlуллакх, оха хьайна хаьржжинчуьнга маре гlур ю хьо.

Гlайгlанах а, амма цхьанна а хьалха къар ца яла болучу сацамах а буьзна болучу бlаьргашца зудче дlахьаьжира Нона:

– Ткъа хlинца, яхийта бай тlе марс а эций, бецан цlов хьакхий йола, – элира Махияс, хьала а гlоттуш.

Хьала а гlаьттина, шега аьлларг муьтlахь хиларца кхочушдан яхара Нона. Ара буц яккха яха новкъаяьлла иза сецира. Цхьа куьг хаьн тlе а хlоттийна, шен дегlан оьзда юкъ меттахь юй хьоьжуш санна, ткъа важа, марс карахь болу куьг, кагделча санна, хаьн тlехула охьадахара. Хан дlайоьдура, минотана тlаьххье миноташ а юьйлуш, ткъа хlара ша йолччохь лаьтташ яра, еххачу есалле кхоьлина дlа а хьоьжуш, шен гlайгlане ойланашна ерриге а чу а яхана.

– Балха тlехь аьтто хуьлда хьан! – олуш, ца хезаш серийн керта йисте веана, куьцахь волу жима стаг чlогlа вистхилира Нонига. Керта тlе а тевжина, парггlат вела а воьлуш, йоlе хьоьжуш лаьттара иза.

Йоl егийра, эхь хетта цlийелира иза.

– Болх-м дика беш ю хьо! – элира кIанта, юха а вела а къежаш, лакхарчу балди тIехь хIинцца девлла догIу мекхан тхин чоьш тIе шардеш куьг а хьокхуш.

Нона, ша яьлла охьа а таьIна, дегочу куьйгаца буц хедо елира.

Ткъа кIант, меллаша кертал дехьа а ваьлла, йоIана тIевахара, йоIе цо элира:

– Схьалохьа, соьга, марс, ас гIо де хьуна.

– ХIан-хIа, хIан-хIа! Йитахьа со, ас хьокхур ю буц.

ЙоIа дуьххьара иштта шога деллачу жоьпах цецваьлла жима стаг Нонига хьаьжира.

– ЙоI, ванах хьуна хIун хилла, соьга иштта хIунда боху ахь?

– ХIумма а, хIумма а ца хилла! – элира йоIа сихха. – Валол, дIагIол, цхьанна а ган ма гахьара хьо! – аьлла, дагахь болчу кхерамца тIетуьйхира цо.

– Ткъа нагахь гича? – ойла йоьхна хаьттира жимачу стага, шеко хилар иккхира цуьнан даг чу. КIант ойлане велира.

– ХIунда ца дуьйцу ахь суна хьайна хIун цатам хилла? – хаьттира цо.

– Со кхечуьнга маре яла гIерта! – Нонига цIеххьана мохь белира, цуьнан бIаьргех хиш охьадуьйладелира.

– Кхечуьнгий? – кIентан бос байра.

– ХIаъ, кхечуънга!

– Ткъа дас хIун боху?

– Да цIахь вац, дIавахана иза! – элира сингаттаме Нонас.

– ДIавахана? – элира, мотт халла бен ца керчаш, корта охьа а оллийна, жимачу стага.

Дуккха а лаьттира иза кIорггера ойланаш еш, тIаккха дозаллица корта лаккха хьала а айбина, элира цо:

– Со Иаго ленда шена, нагахь ас хьо цунна дIалахь!.. ХIа, хIун дан дезий! Тахана сарахь, массо а дIа а бийшийтий, кхуза схьайола. ХIинца-м суна сайна а ца хаьа хIун дийр ду, амма Гиворги пайхамарх ас дуй боу хьуна хьо цхьанна а дIа ца яла!.. Ткъа хьо йогIур юй?

– Хаац, ян аьтто бер бу я бац...

– Хьо хьо-м яц соьга маре ян ца лууш ерг? – хаьттира Иагос, цIоцкъамаш а саттийна.

Нонас дуьхьал хIумма а ца элира, амма шатайпана кIанте дIахьаьжира иза, оцу хьажаро кIентан дегIах когашкара дуьйна коьрте кхаччалц цIе кхарстийра.

Цкъацкъа бIаьргийн цхьана хьажаро эзарза дуккха а дукхаха дуьйцу, уггаре а шерачу хабаро, уггаре а тешо гIертаран дешнашчул.

Иштта дара Нонин хьажар, Iодан пха санна, дагах чекхдолуш.

Дерриге а дицделира Иагона, дицделира нагахь цхьажимма а ша ларлуш ца хилахь шайн лелар ша гучудаккха тарлуш хилар, цхьа а хIума дагахь доцуш, чIоггIа йоI марайоьллира цо.

– Нона, Нона, сан дахар! – бохуш, барташ дохура цо цунна. ЙогIур юй хьо, ткъа йогIур юй хьо со волчу?..

БIаьрг-негIар тоххал бен йоцчу ханна ирсо яхийнера Нона, цо, чIоггIа кIентан некха тIе а таьIна, сихха маситтазза барт баькхира цунна.

– Делахь хIета йогIур ю-кх хьо, кхуза бай тIе, тховсалерачу буса? – бохуш, шечунна тIегIертара Иаго.

– Дика ду, дика ду, делахь хIинца дIагIохьа!

– ГIур ву, хIинцца дIавоьду со... Цкъа, кхин цкъа мукъана а хьайна барт баккхийтахьа соьга...

Дала ма дохьийла, нагахь цара вовшийн хьестар нахана гинехь, тIаккха шен хьекъал дацар чIогIа дазлур дара Иагона. Сарахь вовшах а кхетта, хIун дан деза сацор ду аьлла барт хиларца дIасакъаьстира и шиъ. Шена жIара оьллинчу стагах дагавала вахара Иаго. СапаргIатъяьлла Нона буц хьакха хIоьттира.

Иза арахь болх беш яра, ГIалаха Дарьяльски гIопе кхаьчначу хенахь, цигара кхечу некъахойх я эскаран дакъойх дIа а кхетта, БуритIе дIаваха дагахь вара иза.

ГIалаха хьал долуш хиллачу нахах вара, церан хьалбахамаш бохийнера дIадаханачу бIешарахь юкъаевллачу керлачу порядкаша, халкъан амалш къинхетамза йохош хилла йолчу. Амма, хIетте а ламанца хIинца а кхехкаш дара дозал-

лаш, къарлуш доцу ламанхойн цIий, иза иштта хилар кест-кеста хаалора. Къона волуш шена еза йоI ялийра ГIалаха, цхьа а гIайгIа-бала боцуш дIаихира дезачу нускалца церан цхьаьнадахаран хьалхара денош. Амма дукха хан ялале ирсана тIекхийтира гIайгIа. Юьртарчу есаулана ша цавезавалар хиира ГIалахана – даима а кхуьнга цхьацца доцурш дуьйцуш, кхо мехах лелочу лаьтта тIехь нахечул тIех кхуьнга болх бойтуш, хIара хьийзавора цо. Иштта ницкъ бацарна арз дар эрна дара; оцу хенахь бакъдерг каро таро-м муххале а яцара стеган, ткъа ур-атталла арз дан меттиг а яцара хIетахь. Цкъа цхьанхьа-м вахана ГIалаха цIа веача, иза волчу а веана, цуьнга ворда йийхира есаула. ГIалахас ца елира. Есаул ло бохуш юха ца волура, иза кIордийначу ГIалаха цунна йиттира.

Оцунна ГIалаха лаца а лаьцна, кхаа шарна набахте чувоьллира, адамна хила тарлуш йолу ерриге халонаш лайра цо цигахь. Доллучул а, берриге баланал а, гIайгIанал а хала дара цунна тIетовжа стаг воцуш ша цIахь йитинчу езачу, хьомечу зудчух дIакъастар. Цуьнан ваша Анас хIинца а чIогIа жима вара шен несан, ден, вешин а кхерчан хьокъехь гIайгIа бан.

ГIалаха набахти чу воьллина дукха хан ялале юьрта веара хIетахь ахархойн гIуллакхашна муьлхха кхиэл яр шен карахь долуш волу пурстоп. Тохара ГIалаха йиттина волчу есаулан гIоьнца, ГIалахан цIахь йисинчу зудчух шен езар ян гIоьртира иза, зудчун дакъазаллина иза чIогIа езаеллера пурстоьпана. Зуда бертаяло гIерташ дерриге а дора есаула, амма зуда майрачунна хьарам хир йолуш яцара. ТIаьххьара а уггар боьха, ямарта, тешнабехкан хIилла дира есаула: майра сибарех вахийта кечвеш ву, иза ца вохуьйтуш кIелхьарваккхахьара аьлла пурстоьпе дехар магийра цо ГIалахан зудчунна.

– Ткъа ас дехча, кIелхьара мукъана воккхур вуй сан майра пурстоьпо? – аьлла, хаьттира ирс дайначу зудчо, чIогIа ийзалуш.

– Ой, ву дера-кх! Иза-м ГIалахана гIо дан а лууш, ткъа иза муха дан деза ца хууш Iаш ву, Хевин урхалча ма ву иза. Ткъа нагахь ахь дехахь, цо хьуна оцу сохьтта дийр ду и гIуллакх.

Ясакхашший, нийсо йоцуш долчу кхечу хIуманашший ницкъ бина гIелъелла йолу зуда тийшира есаула дуьйцучух,

иза яхара халкъан дахаран маршонан хьокъехь гIайгIабар шена тIедиллина волчу стаге шен балин хьокъехь дийца.

Иза неIсагIи тIе а кхачале, тIехьашахула тIебеттабеллачу есаулаша карахь дIа чуяьхьира хIара пурстоп волчу.

Ткъа иза цхьана маьIIера кхечу маьIIе дIаса а лелаш, тоха са доцуш, оцу миноте сатуьйсуш Iаш вара. Хинболчу томах воккхавеш вела а воьлуш, дегI а сеттош. Цо сихха дIабахийтира шайн гIуллакх дина бевлла болу есаулаш.

Миска зуда, кхераяларна ега а еш, цхьана а хIуманах кхеташ а йоцуш, акхарочуьнца ша цхьана чохь йисира. Ткъа цо, сих ца луш неIарна догIа а тоьхна, зудчунна тIе а веана, качвелла, белшаш лаьцна мара а йоьллина, нуьцкъашха куз тесначу нари тIе охьахаийра.

Совнаха ду оцу буса хилларг дийцар. Эхь-бехк дайначу стага, зудчун, цу тIе ахархочун зудчун, сий а, лаам а цхьана а чоьте лоруш доцчу, кийрахь дог доцучу акхарочо дендерриг дара пурстоьпо динарг.

Ткъа буса, иза буьйса йоккхуш волучу хенахь, цIеххьана дIаделладелира кор, дийкира бохийначу бIаьрган ангалиш, цхьаъ-м чIарх-аьлла чуиккхира. ГIовгIано самаваькхинчу пурстоьпо сирник латийра... цунна хьалха лаьтташ вара гIайгIанний, адаме ца лабаллал къизачу баланний тоха са а ца хилла, Анаурски набахтера ведда ГIалаха. Цуьнан бIаьргаш оьгIазаллица суйнаш туьйсуш бара.

Зуда дуьхьалхьаьдира, дехар деш куьйгаш а кхийдош, ша кIелхьараяккхар доьхуш, амма оццу сохьта цIенкъа охаюьйжира иза: майрачо шаьлтанца накха дIасабийкъира цуьнан.

Пурстоп маьнги кIел иккхира, амма ГIалахас ког а лаьцна, иза оцу кIелхьара схьаваькхира.

– Хьо а ю хьакха, ас хьакхина санна шаьлта хьокхур ю хьуна! – аьлла, мохь а тухуш, пхьаьрса кIел шаьлта Iоьттира цунна.

ХIеттахь ша вина-ваьхначу меттигашкара къайлавелира ГIалаха. Екхаш йолу, бо хилла йисина цуьнан йоI дикачу лулахойн верасалли кIел кхиира; ткъа ша зуда ялийча, Анаса шен цIен тIе дIайигира йоI.

Хlинца вайна хаьа Гlалаха адамех хlунда лечкъара. Вешан дийцар кхидlа а дlадуьйцур ду вай.

Гlалаха дlакхечира Дарьяльски гlопе. Дукха хьолахь кхузахь гуллора Буритlе боьлхуш болу некъахой а, синтем бойуш болчу, Шемалехьа болчу ламанхойх уьш ларбеш долу эскарш а.

Гlалаха гlопе кхаьчча, цунна дуьхьалваьллачу цхьана ефрейторо буьрса мохь туьйхира цуьнга:

– Хьо мила ву?

– Со сагlадоьхуш волу къен стаг ву. Ефрейторо, ца тешаш, леррина Гlалахе а хьаьжна, корта ластийра.

– Шу-м девзара тхуна! – аьлла, тlечевхира иза.– Со-м хьаха lехор вацара ахь!.. – тlаккха оьгlазаллица тlетуьйхира цо: – Моттаргlанашна тlе тlелхигаш а юьйхина, хьо ца вовзийта!

– Сагlадоьхург ву со, ас Делаца дуй боу хьуна! – аьлла, вон хуучу оьрсийн маттахь шена дагадеанарг дlаэлира Гlалахас.

– Хьо, Шемалан накъост, кхузахь хlун ду хьажа цо ваийтина хила мегаш ву.

Гlалаха вела а велла, цецваьлла ефрейторе а хьожуш, хаьттира:

– Ахь дуьйцург хlун ду? – аьлла.

– Ас хlинца дlаэр ду цуьнан сий хиларе, тlаккха ткъе диъ сахьт далале тоьпаш тухур ю хьуна! – элира вукхо, парггlат, ша мерза кхача баа охьахаа воллуш санна.

– Ткъа схьахьажахьа соьга, ларрий, тера вуй со и санна гlуллакх лелочух? Со санна волу декъаза миска ца вохуьйту ламанхоша Шемална тlе.

– Шу хlун адамаш ду-м хаьара тхуна!..

– Делан дуьхьа вахийта со дlа, соьгара хlун оьшу хьуна?

Шен дахаран хьокъехь ойла йора Гlалахас. Иза кхеттане а ца кхетара оцу стага лелочух, цунна оьшучух, хьаькамашка дlаала цо кхерамаш тийсарх. Ткъа хlара-х, Гlалаха, къена а, дакъазваьлла а миска ву, цуьнгара-х цхьанна а зулам дац. Ткъа хlетте а ткъе диъ сахьт далале цунна тоьпаш тоха дагахь бу. Делахь хlета, барам боцуш цо лайначу баланийн чаккхе тlекхаьчна-кх хlинца, хlинца гуттаренна а дlадевр ду-кх цуьнан дог гlайгlанца диина долу, синтем боцуш хилла долу де-

нош. Гlалаха мелла а самукъадаьлла ву ала мегар долуш вара, амма цхьана хlумано цецвохура иза, керста стаг иштта керста динехь санна доцуш, кхечу динехь волчунначул а чlогlа, шен вешин цlийх ца lебаш хиларо. Цхьана ханна Гlалаха тергалвеш а lийна, тlаккха цlеххьана катоьхна цуьнан куьг схьа а лаьцна, иза юьстах такхийра ефрейторо.

– Хьо чlогlа ваха дезаш вуй цигахьа?

– Дера ву, ца хилча со гlертар а ма вацара кхуза.

– Делахь хlета схьало цхьа сом, ас дlахьажор ву хьо.

Шена нийса ца хезна моттаделира Гlалахина, оццул хила тарлуш доцу хlума хетара цунна салтичо аьлларг. Цо юха а хаьттира:

– Ахь хlун элира?

– Схьало цхьа сом, ас новкъавоккхур ву хьо, – юха а элира ефрейторо.

– Соммий? – аьлла, мохь туьйхира Гlалахас: суна мичара дер ду сом, ва дика стаг?.. Нагахь сан сом хилча, тlаккха иштта декъаза барзакъ тlедуьйхина хир варий со?... Хьо дикка хьажахьа сан тlелхигашка.

– Хьайна луъург де, делахь хьан хьокъехь эпсаре дlаэр ду ас.

– Ткъа дац сан! Мичара дер ду суна иза?

lедал лардан хlоттийнарг вехха лаьттира Гlалахица мах къуьйсуш, ткъа Гlалахас еххачу хенахь дехарш дира, дуйнаш биира, амма салтичун дог къинхетам боцуш чlогlа дара.. Сагlадехархочуьнгахь ахча доцийла хиъча, цуьнан бедарех цхьа хlума яккха сацийра салтичо, амма сагlадоьхурган бедар цхьана а хlуманна мегар йолуш ца хиллера.

– Хlара кисанахь лело цхьа урс-м дара сан, хlан, хьайна дитахьа хlара, лаьий хьуна?

Гlалахера кхин даккха хlума цахиларх кхеттачу салтичо, цхьа къаьркъанан кад-х лур бай кхунах бохучу дагахь урс схьаийцира.

Оцу тlехь уьш тайра, шена кхаьчначу санах воккхавеш салти ца хиллехь а, Гlалаха некъахойх дlакхийтира, уьш lуьйранна Буритlе баха новкъабовла декхарийлахь бара.

Гергакхочуш лаьттара суьйре. Юург схьаяларе хьоьжуш Нонин берриге гергарнаш кхерча гонаха гулбеллера, Доьзалехь жимаха йолу Нона юкъарлонна дехьа агIор хьокхамашна бод хьуьйш йоллура, ткъа уьш, дуьххьалдIа, овкъарш дIа а хьокхий, зайла а йоцуш доттура:.

– Анас, ва Анас! – аьлла, цIеххьана мохь белира арахь.

– Хьажал мохь беттарг мила ву,– элира Анаса, шен ерзина боьхачу настарийн голаш цIергахь йохъеш Iаш волчу кIанте. КIант ведда кертал араиккхира.

– Мила ву цигахь кхойкхуш верг? – аьлла, дIа мохь туьйхира цо.

– Уьш-м тхо дара,– олуш, бодашкара схьа гучувелира вертанаш кхоьхкина волу ши стаг.

– Анас цIахь вуй? – хаьттира цара.

– ЦIахь ву! – аьлла, царна жоп а делла, кхерча хьалха юхавеара кIант.

Хьеший арахь лаьтташ бара. ХIусамдас, дуьхьал а ваьлла, ша волчу чукхайккхалц, цIийнан неIсагIех чоьхьабовлар оьзда дац лаьмнашкахь,– цIеххьана нехан хийра нах чоьхьабевлча, хIусамдай боха тарло.

– Чудуьйла маршонца, чудуьйла маршонца! – ша волчу баьхкинарш чубигира Анаса.

– Маршо лолда хьуна Гиворги пайхамара! – олуш, чоьхьабевлира хьеший.

– Дика мел дерш кху цIа чу!– элира цара шаьш хIусамна чубовлуш.

– Далла доьзийла шу а! – аьлла, жоп делира Махияс, зударех йоккхаха йолчо, царна дуьхьал а йолуш, куьйгаш дIа а кховдош.

Хьешаша роггIехь ларамца куьг лецира цуьнан.

– ХIун хьал ду шуьгахь, цIеранаш могуш-паргIат буй, жаш дуй дикачу хьолехь? – хаьттира хьесталуш Махияс.

– Баркалла хьуна, Далла хастам бу, дика дохку тхо-м!

Дехачу гIанта тIе уьш охьаховшийра Анаса. Хьешаша сих ца луш дIадехира вертанаш, чуьрчу кегийчара, уьш схьа а эцна, дехьа чу даьхьира, тIаккха юх-юххе охьахиира и шиъ. ТIаьххьар а хьешех жимахволчо, гIовталан тIам дIа а тесна,

киснара схьадаьккхира цIахь даьккхинчу къаьркъанан шиша, иза кIанте дIаделира цо.

– Иза ца хиллехь а мегар дара, цунна сагатда оьшуш ца хиллера, стенна оьшура иза? – аьлла, корта ластийра Анаса.

– Стенна оьшура бохург хIун ду, вай вовшийн мостагIий-м дац?

– Ой, декъаза хила со! МостагIий-м, хьаха, дац, ткъа сан ницкъкхочур бацара шуна къаьркъа хIотто?

Махия дехьа чуьра сехьа чу яллалц цхьа а вист ца хуьлуш Iийра хIорш.

– Охьахаахьа, Махия, шуьга ала масех дош дара тхан,– элира хьешаша.

Кхерча йисте охьалахъелира Махия. Цунна дехьо гIанта тIе охьахиира Анас.

– Тхо шуьга цхьа дехар дан даьхкина, – элира хьешех цхьаммо. – Цкъа хьалха делан цIе йоккхур вай, ткъа тIаккха вешан дагахь дерг а дуьйцур ду.

– Дика къамел ду иза, Мамакхи, делора ду! – элира Анаса.

– Дийцал аш, тхан хьоменаш, тхан лергаш шуьгахьа дIадерзийна ду, – боху дешнаш тIетуьйхира Махияс, логах хьарчийна долучу корталин тIомах цхьаъ дIа а тосуш, лерг ладогIа пагIат а доккхуш.

– Тхо захало дохьуш даьхкина шу долчу, Гиргола шен вешина йоI йоьху шуьга,– элира юха а Мамакхис.

– Доьзал а дика бу, йоI йоьху кIант а, баккха бехк боцуш, дика ву, вайн Делора ву-кх! – тIетуьйхира шолгIачу хьешо.

– Ша Гиргол паччахьан гIуллакхехь ву, гIаролан болх беш, доллучунна тIехь а шуна гIортор хир ю, – бохуш, къамел дора хьалхарчу хьешо.

– Дела ву-кх гуш, ерриге Хевехь бевзаш дика доьзал бу цуьнаниг, бакъду, Гирголан ваша Нана, даима а жашца лаьмнашкахь хила дезаш хуьлу, Гирголан шен доьзалехь стагга а вац, тхан йоI муха ларор ю церан цIен тIехь? – элира, ойла а йина Анаса.

– Ткъа цунна-м хIун хир дара, хьоменаш, жимах яций иза, шун Нона!

– Жима-м, жима яцара иза, ткъа цIентIехь гIуллакх дан хьекъал оьшу, Гирголан цIа доккха ду, дуккха а хьеший лаьтта, царна массарна а дуьхьалъяла еза, уьш тIеэца беза...

– Тхо, шун сий деш, шуьга дехар дан даьхкина,– аьлла, дашна юкъаиккхира хьаша,– аш жоп ца луш тхаьш дIадохуьйтур дац бохучух дегайовхо йолуш ду тхо, ткъа тIаккха шайна хеттарг де-кх.

– Гиргола хIунда йитина шен зуда? – шен къамел дIадолийра Анаса.– Иза юхаялайойла шена. Лаккха шина несана атта хир ду цIентIерчу балхаца лараяла.

– Ялор ю, ялор ю, ткъа кхечу агIор хуьлийла а дац! – захалша кортош таIийра...

– Ца хаьа суна-м хIун дича бакъахьа ду. Дукха шога, къиза стаг ву-кх иза, Гиргола, иза даима а девне вара зудчуьнца, еттара цо цунна, месаш лоций, текхайора, дера ца хаьа суна-м, хIун дича бакъахьа ду! – элира Анаса дог-ойла йоьхна.

Дикка дахделира захало дийцар, дукха хенахь дуьйна Нона Нанига дIаяла сацийна Махия хиллехь а, ткъа Махиян сацам Анасина дохо тарлуш доцу Iедал дара. Шера кхеташ дара захало дохьуш баьхкинарш тоьлург хилар, ткъа йоьIан гергарнаш юхагIертар дуьххьалдIа бехказлонна дара, таманна мах алсамо баккхархьама, йоI йохкаран мах мелла а лакхабаккхархьама.

– Церан ницкъ бара, сан хьоменаш,– бохура захалша.– Муьлхха а мохь дIабахьалур болуш бу уьш-м... Дукха дийцина хIун дийр ду, там аш боххург хир бу-кх!

– Пхийтта етт тамана, цхьа туьма ахча – Махияна, – иза ма ю йоI кхиийнарг, – цхьа говр йоьIан ненан вешина, пхиъ бустийна уьстагI а... ХIан... кхин цига – нехча а, даьтта а, догIуш ма-хиллара.

– ЭхIе-хIе! – аьлла, ирхъиккхира Мамакхи, оцу хабарна реза ца хилла:– Дукха-м дац аш доьхург?

– Ткъа йоI муха ю, оха шуьга луш йолу! – элира оьгIазъяханачу, церан дешнаша халахетийтинчу Махияс. ТIаккха меллаша тIетуьйхира цо: – Шуна халахетийта ца лаьа тхуна, амма йоI йоьхуш тхо долчу оьхушберш кIезиг бац...

Шух йолийла со ас харц дерг дийцахь, ашачул а тамана дукха хIума луш берш а ма бу; делахь а хIун дийр ду ткъа, шун доьзал кхечерачул лору-кх оха.

Дукха хан ялале церан вовшашца барт хилира, захалша захало дарна кара пхи сом ахча делира, иштта сиха йина елира Нонина еш йолу кхел. Хевера муьлхха а зуда оцу цIентIе ца йоьдуш яла а реза хинйолчу цIентIе маре луш яра иза.

Ламанца долучу гIиллакхашца Нона оцу ерриге хенахь юкъарлонна тIехьашха, кхарна гучу ца йолуш Iаш яра. Кхара дуьйцучу хабарех шена наггахь хезачу дешнех цунна хаьара къамел ша маре яларан хьокъехь дуй. Мел лерина ладогIарх цунна ца хезара шен хьокъехь, оцу, шен дагна хийрачу наха мел атта буьйцу ша йорах йохкаран-эцаран мах, мел къиза кхел ю цара шена еш ерг: хIусам йоккха яра, хIара чохь йолу меттиг юьстахо лаьттара. Цуьнан кийрахь цIеран алу йогура, Нана веза я ца веза хьуна бохург ур-атталла хатта а ца хоттуш, шен гергарчара ша маре лур юй хаьара цунна. Дукха къийлаелла кIадъеллера иза. Цуьнан ойланаш Иагона тIехь яра, цуьнан везар, схьахетарехь, бай тIехь кхуьнга хьоьжуш Iаш хир вара.

ХIуъу а барт цара бахь а, церан хабар чехкка хадар, хьеший дIабахар лууш йолчу кхо, шена болчу кхераман ойла а ца еш, иза доьхуш Деле доIанаш дора. Амма Дала жоп ца делира йоIана: чохь шун хIоттийра, шаьш захало диначарна тIера кад мала хевшира уьш.

Ткъа оцу хенахь йоIе хьоьжуш сингаттамехь вара Иаго. Лаьмнийн Iаламо ша Iамаво стаг собаре хила, амма хIинца Иагос халла сецадора чуьрадаьлла деттало шен дог. Нона ган гIерташ маситтазза веара иза Анасан керта йисте. Амма эрна дара. Эрна хьежаро гIорасиз вина волу иза юха а лекхачу баца юкъа а воьдий, цигахь къайлаволу, нехан бIаьргех тебаш.

Эзарнаш къаьхьа, шеконан ойланаш яра цуьнан дагчохь хьаж догуш дара, Иагон собар кхачалуш лаьттара, я охьахиъначохь а, я ша хIоьттинчу цхьана меттехь а ца латталора иза.

Дукха къийлаваларна гIелвеллера иза а, ерриге ойланаш эелла керчаш яра, кхин ойла ца ялора цуьнга, корта хьийзара, настаран голаш сеттара. Иаго лаьтта охьалахвелира.

Дахкарлахь санна, бlаьргашна хьалха бода хlоьттина lийра иза дикка. Тlаьххьара а самавелира иза, цхьамма муьшка а йина, амма вон гlенаш а гуш, чlоггlачу набарха вижначуьра гlаттийча санна, дегlера гlора дlадаьлла, беса, кхоьлина вара иза. Йоккха гlайгlа кийрахь йолуш стигала ирхъхьаьжира иза, стигал ерриге а самукъане нур лепачу седарчех юьзна яра, церан зlаьнарш генна лакхахь екъалой, охьайогlура. Сахуьлу седа малхбузехьа теlаш бара, буьйса чекхъяла кlезиг хан бен йисина цахилар гуш дара, ткъа Нона хlинца а йогlу гуш яцара.

Иаго меллаша хьалагlаьттира, юха а керта йисте вахара иза, Нона чохь lаш йолчу цlа чу хьаьжира. Цу чуьра схьагора хlинца а богучу чиркхан серло. Иаго кхеташ вацара хlусаман дай дlа цабийшарх, ткъа тахана-м я деза де а ма дац, кхеран цlентlехь цомгушниг а ма вац, сахуьлунга бовллалц охьа ца бийша. Охьа стенна ца буьйшу-техьа хlорш?

Иза, меллаша кертал дехьа а ваьлла, таьllина цlийна юххе вахара, – Нона тlаьхьа хlунда йисна хуур дац-техьа, аьлла. Цхьанна а тlе ца lоттавалархьама, вочу баганашка шен хьокъехь эладитанаш ца кхоллийтархьама тебна, ларлуш воьдура иза. Сатасале йолу тийналла ца йохо гlерташ, ша ког мосазза баькхи а лаьтта тlехула ког хьокхура цо, нагахь тlулга тlе нисбелча, иза ламанца лелочу кlархашна чохь бохкучу когийн пlелгашца тата доцуш юьстах а кхуссуш.

Иаго неlарехьа вахара. Мохал вайн балкон тlе велира иза, неlаран гурах а тевжина, ладегlа хlоьттира иза. Цигахь дуьйцуш дерг хlун ду, мел кlезиг а Нонин ден вешин чохь хlоккхул хан яллалц lаш берш муьлш бу хаа лаьара цунна. Амма дешнийн аз ца кхочура кхуьнан лере, ткъа кор чlогlа лакхахь дара, цу чухула чухьажа таро яцара. Керта юккъе а ваьлла, цlенна го а баькхина, лами тlехула шерачу тхов тlе велира иза, мохевски цlеношкахь кест-кеста хуьлуш йолу тхов тlе волийла карийра цунна, цигахула охьа чу хьаьжира иза. Уггаре хьалха цунна гира хlоттийна шун, шуьнна гонаха хиъна вара хlусамда а, цуьнан зуда а, хийра ши стаг а, амма Иагона и шиъ дика вевзара, хlунда аьлча уьш кхуьнан юьртара хиларна. Схьага-

рехь, хIума йиъна а бевлла, хIинца тIаьххьара кедаш молуш бара уьш.

«ХIун деш бу уьш Нонин цIахь?» – и дара Иагона хаа луушдерг.

– Дала декъала дойла вай дан долийна гIуллакх! – боху дешнаш хьешех цхьаммо олу хезира цIеххьана Иагона. ЙоI езаелла, амма хIинца ирсе воцу кIант кхийтира къамел Нона маре яларан хьокъехь хиларх.

«Делахь хIета, Нона маре яла барт хилла хьуна церан» – аьлла, гIийла ойла йира Иагос.

– Томан хьокъехь диц ма делаш! – элира Анаса, хьеший ша новкъабохуш.

– ХIан-хIа, муха мегар ду иштта хIума диццан! – аьлла, жоп делира хьешаша.

– Ткъа нагахь шу оцунна диц ца лахь, тхо а дац шуна декхарийлахь дуьсур, Дела ву-кх теш! – элира Махияс.

– Баркалла Махия, Дала аьтто бойла хьан! Тхуна оьшуш кхин хIума дац, – бохуш, хьесталора бехна, мотт ца керчаш болу хьеший.

– Ткъа шуна-х дика ма вевзий Иаго, – бохуш, къар ца лора Махия,– шен доьналлица а, балхаца а иза Хевехь хIоранна а вевзаш ву, цо а йийхира тхоьга Нона, ткъа оха шуьций бен тхайна гергарло цадезарна дуьхьало йира цунна.

– Ткъа мила ву Иаго? – хьешех цхьанна халахеттера иза хьахор. – Иза-х– лай ву, шен элан лай... кхин хIумма а яц-кх и... Я латта а, я керт-ков а, я цIа а дац цуьнан!... Ша къонах хиллехьара шен ден цIа лардийр дара цо.

– Иштта дан а ду иза, ден цIа дохор дацара!.. – аьлла, мохь белира Анасера, тIаккха тIетуьйхира цо: – Ткъа там мичара лур бара цо?

Iодан пхерчий санна, Иагон дагна чов еш чекхдевлира и дешнаш, цара цунна дагаяийтира дIаяхана хан. Тохара цкъа йозуш хилла йоцу цуьнан нана ямартлонца феодалана йоьхкира. Даймахкехьа латточу къийсамехь вийра да. Йисина йолу, гIо лаца накъост воцуш йолу кхуьнан нана харцонца гIарбаш ю аьлла дIаязйира. Къаьхьа ойлайора Иагос. Тоха-

ра, цхьана хенахь цIеяххана паргIатхилла долу цуьнан тайпа, хIинца шогачу ницкъо лолле дерзийна дара, дозуш дара, ткъа Иагона бехкаш дохкура, оцунна иза ша бехке волуш санна!.. ДуьххьалдIа, ладам боццу хIума бахьана долуш оцу докъазаллина кIелхьарабевлира цуьнан лулахой, уьш паргIат пачхьалкхан ахархой олуш бисира. Ткъа, делахь-хIета, хIинца Иагона иштта чIогIа тIехбеттамаш хIунда бо-техьа цара, иза сел боккхачу «бехке» стенна во-техьа цара?

Цундела кхин а халахеташ, Iуттуш дара Анасан а, цуьнан хьешийн а дешнаш, ткъа уьш а ма бацара кхул а башха тоьлашха долучу хьолехь. «ПаргIат ахархо» бохучу дешан маьIна дайна дукха хан яра.

Делахь хIета Иагон хIунда яцара лаьтта тIехь муьлххачу а стеган йоллуш йолу, ирсе хила йиш йолу бакъо?

ДуьххьалдIа лоллехь иза вина хиларний?

Ткъа Иаго ву цунна бехке верг?

И ерриге ойланаш стелахаьштиган сихаллица Иагон коьртехь хьийзаш яра, халахетарний, лазарний коьрта чу дохк хIоьттинера.

ДIаваха а сацийна, тхов тIехь йолчу херонан негIар тIера дIавелира иза. Юха а боккхачу ницкъо Нонина тIеозийра иза: иза гар, цуьнан шен дешнаш хазар, цо дагалаьцнарг хIун ду хаар, цуьнан бIаьргаш чу хьажар, дерриге а шена гар, хаар – иштта бара жимачу стеган даггара лаам.

«Иза а хила тарло-кх берриш а санна, церан дагахь дерриг хила тарло-кх цуьнан коьрта чохь а...» Иагос доккха садаьккхира, охьа а воьссина дIаваха дагахь хилира иза, амма ангалин учина тIекхочуш дохко а ваьлла, сихха юха а вирзина, тохарлерачу тхов тIе волийлин неIарна тIевеара иза – кхузара цунна ган тарлора шена еза йоI.

ОхьатаьIначу цунна гира хаба а хебна Iаш йолчу Нонин дегI. Цуьнан юьхь-сибатехь гуш дара оцу масех сохьтехь цунна Iаламат боккха цатам хилар, дуккханан а хьокъехь цуьнан ойла ян дезна хилар. ЙоIах къахетарний, дог лазарний Иагон дог сихха деттадала доладелира. Цунна гIо дан таро йолуш вацара хIара ша кIелонна хиъна Iачуьра, ур-атталла хаза дош ала а таро яцара цуь-

нан, хьанна хаьа, нагахь иза оцу сохьта оцу йоІана юххехь лаьтташ хиллехь а, тІаккха а цуьнга ца аладала тарлора цхьа а дош.

ЦІеххьана цхьа жима тІулг хаабелира Иагона. Меллаша и тІулг кхоьссира цо Нонин голашна юккъе. Цецъяьлла Нона хьалаиккхира, корта а айъина дІахІоьттира иза. Тхов тІе волийлин Іуьргахула богучу бІаьргашца шега хьоьжуш лаьтта Иаго гира цунна. ЙоІ елаелира.

ХІара ший а вовшашка хьаьжжинчохь дуьсуш кІеззиг хан дІаелира, хІара шиъ ший а вовшех кхийтира: и шиъ дуьххьалдІа вовшашний бен кхоьллина дацара, вовшех а къаьстина даха ницкъ бацара цу шингахь!

Иагос, дан собар а ца хилла, меллаша хаьттира:

– ЙогІур юй хьо бай тІе?

– Ас йогІур ю ца аьлла хьоьга, – аьлла, жоп делира Нонас, халла хезаш.

– Хьоьга хьоьжуш вешна кхачавелла-кх со!

– Ткъа ас хІун дийр ду? Тхоьгахь хьеший бу, хІинца а цхьа а дІавижаза ву.

– Делахь хІета, со Іай хьоьга хьоьжуш? – хаьттира Иагос, нагахь Нонас янне а йогІур яц аьлча а ша цигахь, бай тІехь, Іийр воллушехь.

– Хьайна луъург дехьа! – элира Нонас доцца, цуьнан хаттарх цецъяьлла, белшаш саттийра цо.

Чуелира Махия. Хьеший новкъабаьхначул тІаьхьа дІайижа дагахь яра иза. Ноний, Иагой луьйчуьра сецира.

– Хьо хІун деш Іа, йижа ца йоьдуш? – хаьттира Махияс.

– Хьо хьо а ма ю дІайижаза, хьол хьалха со муха юьжур ю, – аьлла, меллаша жоп делира Нонас.

– Дахкал меттанаш, охьадуьйшу хан ю.

Нонас доггах кхочушдира цо бохург, меттанаш а дехкина, массо а охьабийшитира цо.

ТІаккха, овкъарш тІе а хьаькхна, товханара алу дІа а хьулйина, чиркхаш а дайъина, тІера хІуманаш дІа а ца йохуш дІатевжира иза.

Сахила гена дацара, берриш а охьабуьйшур бохучух дегайовхо йолуш яра иза. Мел чІогІа цецъелира-кх иза, Махияс шега мохь тоьхча:

– Нона хьо йижина юй?

Нонас хIумма а аьлла а жоп ца делира, чIогIа наб кхеттачуха Iаш яра иза.

– Нона, ца хеза хьуна? ЙоI йист ца хуьлура.

– И хIун наб ю хьуна тIееънарг, хIун хилла хьуна?.. Нона! – юха а, мохь тухуш, йоIе кхайкхира Махия.

– ХIун хилла, хIун бах ахь? – аьлла, оьгIазъяхарца жоп делира Нонас.

– Схьахилал суна юххе, хьоьга дийца хIума ду сан.

– Махия, со йижа лууш ю, хабар дийца хан яц, кестта са хир ду, – аьлла, жоп делира Нонас, ха а хорцуш, хрр... хрр... баха а йолалуш.

– Ца хеза хьуна ас хьайга бохург, схьахилал, сан-м хьоьга ала хIума дай!

Ден вешин зудчо оццул хан йоцуш долийначу къамелана жоп ца дала а, хIуъу а хилла латтахь а, иза ша йолччохь йита а сацийра Нонас.

– Нона!.. ХIей йоI! Ой, Гиворги пайхамара дIайижае хьо, оццул дика йоцу!.. Ткъа ца хеза хьуна ас кхойкху? – бохуш, Махия оьгIазъоьхура, амма Нона къар ца луш, йист а ца хуьлуш Iаш яра.

ХьалагIатта ойла а хилла, амма мало а йина, тIаьххьара а ша йолччохь наб кхийтира цунна.

Нона дуккха а Iийра меттах а ца хьовш, ла а доьгIуш. ТIаьххьара а, ларлуш хьала а гIаьттина, неIаре а еана, иза дIайиллира цо. Кхуззахь, цIийна хьалхха, тоха са доцуш цуьнга хьоьжуш вара Иаго, хIара неIсагIехь дехьайоллушехь къевллина марайоьллира цо.

Шена везавеллачу кIантаца къамел дан кечъелла яра мохевски йоI, оцунна дийнна бIе шо а тоьар дац моьттуш яра иза, ткъа хIинца, йист а ца хуьлуш, корта а оллийна, ерриге а цIий а елла, кхохка а йина, дош а ца алалуш лаьтташ яра иза. Шена чIогIа дукхаезачу йоIана тIера бIаьрг а ца боккхуш Iаш вара Иаго, цунна шера хаьара шаьшшинна вовшийн мел чIогIа дукхадеза, дика хаьара, оцу безаман дуьхьа хIуъу а дан а йоI реза юй.

Бlаьрг-негlар тоххал бен йоцу и хан сов мерза яра Иагона, кхин дан собар а ца хилира цуьнан, кхин са ца тохаделира цуьнга, ларвала везаш хилар, дерриге а дицделира цунна.

Меллаша Нонина тlе а таьlна, шен юьхь цуьнан йогуш йолучу юьхь тlе озийра цо. Оцо хьере винера, вахийнера иза. Йоlана кхин а тlе а хилла, йоlехьа охьатаьlира иза, Iуьйренан махо лестош лепош йолу месийн кlажар хьостуш хьакхаелира цуьнан чlишталгех. Йовхо хьаьдира дерриге дегlе. Иза тиларчу вахара, кхетамчуьра ваьлла иза шен декъачу балдашца йоlана барташ баха велира.

Тlаккха, бер санна, йоl карахь хьала а айбина, масех гlулч а яьккхина бай тlехьа дlаведира иза.

Цунна барташ а дохуш, йоьlан лерехь цо бохура:

– Хьо цхьаъ ю-кх суна ирс лун ерг... Хьо ду-кх сан ирс... Гlертийла уьш хьо соьгара дlаяккха... Нагахь дерриге дуьне суна дуьхьалдалахь а, царна гур ду-кх со стенна хьуьнаре ву!

Ткъа кхано мелла а уьш саметта баьхкича, уьш цецбевлира шайна тlехlоьттиначу къизачу балех, уьш дика кхийтира дала орца доцуш шайна тlе сингаттам хlоьттина хиларх.

Иаго тlах-аьлла, майра, доьналла, хьекъал долуш ву. Делахь а мила ву иза? Хьал-бахам боцу лай, элан долалла, муьлххачу дийнахь иза вохка, цхьанхьа дlавахийта, хьанна а совгlатана вала бакъо а, таро а ма юй цуьнан элан. Ирсана йолу бакъо, шен элера, сагlина хlума санна, еха дезаш ма вуй иза. Нагахь, стенна делахь а, элана цунна и ирс дала ца лаахь, тlаккха Нонин хьокъехь йолу ойла гуттаренна а йита дезар ма ду цуьнан.

– Ткъа хlун дан деза вайшимма?.. Хlун дан деза? – бохуш, гlайгlане хоьттура Иагос. – Хьо кхечунна ехна, бекхаман чlир йоьжна суна тlе, гутаренна а!

– Ехча хlун хуьлу! Со гlур яц цуьнга маре, хьо воцчуьнга цхьаьнгга а гlур яц со, цхьа а ца оьшу суна! – элира даггара Нонас.

– Ткъа ас а лур яц хьо цхьанна а дlа, делахь хlета, хьан ден вашас хlунда делла хьо кхечуьнга маре яла дош? Хьан дас дитина дакъа кlезиг дара цунна, кхин тlе, хьо йоьхкина, хьуна тlехь а саяккха лууш ву-кх иза.

Нонин бІаьргаш хих буьзира. Оццул халачу минотехь ша дІатесна волу шен да дагавеара цунна. ЙоьІан къона дог иштта къинхетамза хьеша аьтто цо би-кх шен вешин!

– Цара шайн ямартло дагахь йолуш сихбелла новкъаваькхина сан да, шайна луъург сох дархьама. Къинхетам боцуш, къиза, оьгІазе адамаш ду уьш?

– Ма елха, сан хьоменига, ца оьшу! Геворги пайхамарах ас дуй боу хьуна, хьо цхьанна а дІа ца яла!

– Дика ду, хьо хьуо а ма вац хьайн дахаран да, массара а иштта ма боху хьох лаьцна.

– Бакъду, лай ву со! – элира, дог доьхначу Иагос, лохха корта охьа а оллийна. – Хуьлда со лай!.. Со сацо хІумма а дац. Нуьцкъашха вина сох лай, нуьцкъашха дабаькхина соьгара сан берриг бахам, ткъа нуьцкъашха хьо а соьгара дІаяккха гІерта! Амма хІинца со къарлур вац ницкъбархошна хьалха, хьовсур вай хьенан нана йоьлху. Тоьур дара-кх хьуна со везчахьана, везахьа со, кхин ма харжахьа сан меттана, ткъа дуьне доккха ду, мостагІчух доттагІ эр дара-кх ас, ткъа хьан дахар ас дІанисдийр ду хьуна.

– Ма бала бу-кх соьгахь, ирсана кхоьллина ца хилла-кх со! Со муха хир ю хьуна ямарта, нагахь сайн дог ас хьуна дІаделла хилча? Цхьана яларо къастор ю-кх со хьох.

– ХІай сан дахар, сан хьоменига! – бохуш, юха а чІогІа марайоьллира иза Иагос.– Хьуна со везчахьана, кхечунна шекволуш вац со! Ас дуьххьалдІа Нохчичу дІаюьгур ю хьо.

Юьртара схьа хезаш дара аьзнаш. Схьахетарехь, хьунхьакхархой бара уьш, Ларсе баха новкъабовла кечлуш. Ноний, Иагой саметтадеара, уьш вовшахкъаста деза хан яра.

– Вайна-м Іуьйре ма ю! – элира Нонас, гІайгІане.

– ДІаяло, яло, гур ю хьо. Дуккха а хьежна вайша, кхин а хьоьжур ду кІеззиг, ойлаян еза, герггара доттагІий бу сан, царах дагавер ву со. Кхузахь вайшинга хІинца цхьана а хьокъехь ойла ялур яц, нагахь хьо кхоьруш яцахь, дуьххьал Нохчичу Шемална тІе гІур ду вайша.

– Хьоьца йолуш со кхоьруш хІума дац!

– Хьо ду сан дерриге дахар! – боху, Хеверчу бахархойх хІоранна а девзаш долу, хьастаран и дешнаш юха а элира

Иагос. – Ткъа кхана йогIур юй хьо кхуза? Йоьллахь, йоьллахь, хьоменаг! Хьо йоцуш хала ду сан дагна! – Цо юха а барт баькккхира цунна, шен некха тIе а озийна, тIаккха юха а вирзина, керта тIехула дехьа а иккхина, пенан тIехьашхула къайлавелира иза.

Нонас, доккха са а даькккхина, цунна гIийлла тIаьхьа а хьаьжна, меллаша элира:

– Гиворги пайхамар ву-кх теш, я хьан зуда ма хир ю Нона, я, хи чу а иккхина, лийр ма ю...

Керта тIехула дехьа а яьлла, меллаша цIа яхара иза. Цхьанна а ца гуш охьайижира Нона.

Масех цIеношна тIехвелира Иаго. ЦIеххьана цхьанна-м куьйгаш дийшира цуьнан белшаш тIе. И, вега а вина, сецира.

– Хьо хIун деш лела хIоккхул хан яллалц, охьа ца вуьжуш, къонах? – хезира Иагона. ТIехьавирзина иза, юхаиккхира.

– Пурстоп! – аьлла, мохь белира цуьнга.

Цунна хьалха лаьтташ вара герзашца кечвелла масех гIалагIазкхи шеца а волуш волу пурстоп. И стаг дукха хан йоццуш кхуза ваийтина а, хIинца Хевин урхалча вина дIахIоттийна а вара... Оцу къинхетамна, кхеташ ду, господин пурстоп Iедалшна баркалла бохуш вара, цундела цо оьшуш лерира и бодане халкъ еттачу шедаца оьздангаллина Iамо, муьлххачу а, мел кIезигчу а бехханаг шед етташ таIзар дора цо. Цул сов, оцу халкъан я мотт а, я амалш а, я гIиллакхаш а ца хууш волчу цуьнан моттбеттачийн дийнна арданг лело дезара, цара шайн каравалавора пурстоп, цунна шена хаа а ца хууш, церан лаам муьтIахь кхочушбархо хилла дIахIоьттира иза. Цунна гонаха дара, коьрта долчу декъана, луларчу ламанан тайпанех долу, цхьана шайн дуьхьа шайн ваша вохка а кийча долу адамаш; наггахь царна юкъахь бара эххьий, сий дайна болу, керлачу порядкаша сийдоцчу баьхна болу, шайн халкъаца цхьа а зIе йоцуш болу мохевцаш шаьш а. Цундела цара мотт бетташ беш болу хаамаш мел нийса а, бакъ а хир бу бохучун хьокъехь сурт хIотталур ду шуьга. Даим а, дерриге а цара кхочушдора шайна хуьлучу санан дуьхьа, пурстоьпе шайна луъург дойтура цара. Ткъа мехкан урхалча а пурстоь-

пах возуш вара, хIунда аьлча, оцу заманахь лелош хиллачу нийсадацарийн чаккхе яцара.

Иштачу пурстоьпех цхьаъ вара оцу докъазаллин сохьтехь Иагона тIенисвелларг. Лачкъийна хIуманаш чохь дIа а хьулйина Iаш ву аьлла мотт а бина, цхьана ахархочунна цIийнах хьаьвсина богIуш бара хIорш. И харц мотт тоьхнера пурстоьпан а, гIалагIазкхийн а тидам кхечу агIор берзорхьама, эмкалш лаьхкина боьлхурш духан йолчохь талор деш парггIат бохо мотт тоьхначийн доттагIийн таро хилийтархьама. Пурстоьпана, кхеташ ма-хиллара, ца карийра яйначу хIуманийн лар, ойла Iаламат чIогIа йоьхна волуш цIа вогIуш вара иза. Цу тIе эмкалш лаьхкинарш талор деш бохоран хьокъехь цуьнга дIахаийта кхиънера, ша шен хьаькамаллин декхарш кхочушдан лара хIунда ца вина бохучунна баккъал а оьгIазвахана хьеравуьйлуш а вара иза. Дика ду, нагахь, курхаллаш, къоланаш дарца къийсам латто цуьнан ницкъ ца кхаьчнехь а, амма, цунна хетарехь шаберш а зуламхой болчу бахархошна юкъахь иштачу гIуллакхашкахь цара вовшийн бехказабахар дIадаккха ницкъ-м кхочур бу хьуна цуьнан. Цундела иза кест-кеста шедана тIевоьрзура...

ХIокхунна тIехь мукъана а шен оьгIазвахар окхур ду ша аьлла, хазахийтира цунна.

– Хьо хIун деш вара кхузахь хIоккхул хьалхе? – аьлла, буьрса хаттар дира цо Иагога.

ХIумма а дагахь хилла воцу Иаго, вохарна, ала хIума а ца карош висира. КIеззиг саметта веанчу цо, парггIат жоп делира: – Сайн доттагIий болчохь а хилла, цIа воьдуш ву со.

– Хаьа суна уьш хIун доттагIий бу! – кхерам туьйсуш, мохь хьаькхира пурстоьпо. – ДIа а вигий, дIавехка иза! – аьлла, буьйр дира цо гIаролашка.

Стражникашна юкъахь вара Нона ехна волу жима стаг. Иза массарал а хьалха хьаьдира Иагона тIе, амма цо, карара а ваьлла, катоьхна шаьлта схьалецира.

– Шу юьстахдовла, иза ша ваийта суна тIе! – элира Иагос пурстоьпана тIе корта а тосуш.

Бегашийна а доцуш кхеравелла пурстоп юхавелира.

– ХIун деш лаьтта шу! – гIалагIазкхашна тIечевхира иза. – ДIавехка иза!

ДIакхоссавала кечвелира Иаго, цуьнан массо а меже юлаелира, оьгIазечу, богучу бIаьргашца пурстоьпе хьоьжуш лаьттара иза. Цхьа а есаул ца хIоьттира цунна тIеваха. Оцунах пайдаийцира зуда ехначу кIентан вашас есаула Гиргола, вайвелла цунна букъа тIехьа велира иза. Иагона цIеххьана хааделира ницкъ болчу куьйгаша тIехьашхула ша дIалацар. Караравала гIоьртира иза, амма лекха, шуьйра белшаш а йолуш волучу ондачу Гиргола дIа ца хоьцура иза.

– Гиргола! ДIахецахьа со, ас хIун вон дина хьуна? ДIахеца со, дIа юьстахвала, цIий къамкъарге кхочуш лаьтта суна! – элира Иагос, цергаш а хьекхош.

Иза охьатоха гIертара Гиргол, амма меттах а ца ваккхалора.

– Етта, етта цунна! – аьлла, буьйр дира пурстоьпо.

– ХIунда лаьа хьуна сан куьйгаш сан лулахойн цIийца бехдан? Схьавола хьо суна дуьхьал, нагахь хьо оццул майра велахь!..

И дешнаш Иаго аьлла валале, цхьаммо-м тIехьашхула аьрташха чIапаршнехьа берзинчу коьртах шаьлта туьйхира цунна. Цуьнан бIаьргашна чу бода хIоьттира.

– ХIай Делах девлла адамаш, ямартхой! – аьлла, мохь туьйхира цо, Гирголана шаьлта а ластош, амма шолгIа тоьхначу шаьлтано тентакваькхина иза голаш тIе охьавуьйжира.

ГIаролаша тIе а хьаьлхина, пурстоьпан буьйраца Иагон когаш а, куьйгаш а дихкира.

Иаго саметтавеара, юха а хьала а иккхина, дуьхьало ян дагахь хилира иза, амма дегIах чуйижинчу чухано сацийра.

– Гиргол! ХIунда бо ахь суна иштта ницкъ? ХIун мекха ю хьан соьца? Хьо ма-варра зуд-кхахьпа хилла-кх хьо!

– Сацийта! – пурстоьпо шад туьйхира цунна. ОьгIазвахарний, шен дан доцучу хIуманний бIаьргех суйнаш туьйсура Иагона.

– Сийдоцу, къинхетам боцу хIума! Цул со вей дIаваккха алахьа, стенна хьийзаво ахь со?

– Кхана хуур ду хьуна стенна! – оьгIазе, шога жоп делира пурстоьпо.

Вихкина волу Иаго дIа а вигна, набахти олуш долучу цхьана цIа чу кхоьссира. Аьхка цу чохь лаьхьий а, мезий а хуьлура, ткъа Iай доьхначу кораш чухула чу шийла мох а хьоькхуш лаьттара.

Иаго лай велахь а, къахьегий, собар хилий Iемина велахь а, амма ламанхо цIена хIо а, шайн гIиллакхаш а деза Iемина вара.

Дайн цIий дара цуьнан пхенаш чухула лелаш, сий а, эхьбехк а кхунна шайн маьIна хIинца а даза дара; кхуьнан дахар сел чIогIа талхийна йолучу порядкаша хIинца а оьздангаллех талхоза вара. Цундела таханлерчу Iуьйранна хиллачу оццул къизачу гIуллакхаша холчахIоттийнера иза. Дуьхьал кхуьнца мостагIалла доцуш болчу лулахоша йина ямартло, боьха хьожа чуьра йогIучу набахти чуволлар, тешнабехкаша шед еттар – оцу дерригено а дог этIадора, са ца тохалуш лазарца дог цоьстура. ДоттагIаллий, мостагIаллий дуьххьалдIа гучудоккхуш хилла йолу ирсе хан дагалаца гIертара иза. Iуьйре тIекхача дукха хан ца йиснера, амма набахти чохь йоккху хIор минот а шарал еха хетара цунна. Цуьнан эла хIор хьаькамна хьалха а корта охьатеIочех цхьаъ бен вацара, цуьнгара гIо хир ду бохучуьнга дог дохийла яцара.

«Стенна лаьцна со, хIун де боху техьа цара соьга?» – эзарза ша-шега хоттура Иагос, хIоразза а цхьа жоп дара цуьнан хье чохь: «Делах бевлла нах бу уьш, нийсо яц цаьргахь!»

Малх тоххарехь схьа а кхетта, стигалхула боккха некъ бан кхиънера. Гасподин пурстоп самавелира, бIаьргаш а биллина, шен тешаме ялхо есаул ган лиира цунна, ткъа иза, оцу миноте сатуьйсуш, неIар тIехьа лаьтташ вара.

– Гиргол! – кхайкхира пурстоьпо.

– Со кхузахь ву-кх, господин! – элира Гиргола, неI дIа а йоьллуш.

– Эткаш цIанйиний ахь?

– ЦIанйина, господин!

– Схьалол делахь!

Гиргола схьаеара эткаш, хIуманаш тIеюха пурстоьпана гIо дира, юьхь-куьг дила кечам а бира.

Дерстинчу пхьаьрсашна кучан пхуьйшаш хьала а дина, юьхь-куьг дила хIоьттира пурстоп.

Кьамел дан уггаре бегIийла хан иза лерира Гиргола, ца оьшучохь а шен хьаькамна гIо а деш, гIуллакх дIадолийра цо:

– ЧIогIа шен хеннахь, буса, схьалаьцна вай и кIант, господин!

– Ткъа хIун хилла, даре-м ца дина цо?

– Мила хIуттур вара хьо а воцуш цуьнца къамел дан!

– Цо дина хила мегий эмкалш лехкархошна къола, хьуна муха хета, хIан?

– Цо ца дина кхин хьан дийр дара иза! – аьлла, чIагIдира Гиргола, кIеззиг вист ца хуьлуш а Iийна, хьесталуш вела а къежаш, тIетуьйхира цо:

– Дала аьтто бойла хьан, чIогIа дика нисделла хьан гIуллакх!

Пурстоьпо там хиларца ладуьйгIира оцу тайпана ша беш болу болх хасторе.

– ТIе ма-хьаьжжинехь вевза хьуна зуламхо,– элира Гиргода йоккхачу мекарлонца. – ХIинца ерриге Хевехь дуьйцу хьох цхьа а хIума а къайладаккхалур дац бохуш.

Пурстоп качвелира.

– Хьо дика кIант ву, Гиргол, бакъонца дика кIант ву! Селхана ахь гайтинчу майраллина билгало йоллуш жаIар ялийта хьалхахIоттор ву ас хьо.

– Хьан диканах Дала ма воккхийла со, господин!

– Иагон эла-м ца веана? – хаьттира пурстоьпо.

– Муха ца веана, неIар тIехьа хьоьга хоьжуш Iаш ву!

ТIаккха ойла ян бевлира уьш, ша лачкъийна товараш мича даьхьна хир ду техьа Йагос, бохуш. Ша лачкъийна хIума мацалла чуьйраш якъалуш волучу, шен эла волчу дIаехьна ца Iаш, ткъа цо, эло ша а, схьахетарехь, къоладеш дакъалаьцна хила тарло, бохуш пурстоп тешо гIертара Гиргол.

Иаго хIаллакван гIерташ хьестало лай а, шен ялхочух бIаьрзе тешаш волу «нийсонан» господин а самукъадалар-ца вовшашка хабар дуьйцуш вара, ткъа кертахь собар дайна

пурстоп араваларе хьуьйсуш Iаш геннара дехаре баьхкина нах бара, царна юкъахь Иагон миска эла а волуш, иза, кIегаш тIехь санна, къийлалуш маситтазза а веара пурстоп вижина волучу чоьнан неIаре, церан господин самаваьллий техьа аьлла есаулашка хатта.

– Сама а ваьлла, амма хьалагIаттаза ву, – олий, жоп лора цунна, тIаккха хIара коган буьхьара кIегарволура.

Ткъа кертахь меллаша вовшашка къамелаш деш бара дехаре баьхкинарш.

– Гогия, хьо хIунда веана кхуза хIоккхул мукъа йоцчу хенахь? – хаьттира воккхачу цхьана ахархочо кхечуьнга, тIулга тIе а хиьна луьлла уьйзуш Iачу.

– Суна сайна а, диканиг, ца хаьа иза! Кхайкхина валийна со, ткъа иштта ца валийча хIокху хенахь хIокху мотт-эладита лелорхошна тIе мила вогIур вара?

– Цунна ду-кх сан цецвалар, арз дохьуш-х ца веаний техьа? – бохуш Iара со-м.

– Арз эцна кхарна тIе хIунда вогIу, нагахь цхьа къовсам хилча, сан лулахой бац юххехь? Гул а делла оха тхаьш къастор бу иза.

– Амма хIетте а тамашийна ду, стенна кхайкхина хьоьга? – бохуш, юха ца волура хьалхарниг.

– Суна сайна а ца хаьа,– аьлла, доккха са а даькхина, шен къамел дIадолийра цо. – Джварвакехь дежийлаш ду, уьш хийла бIешерашкахь тхан лоруш дара. Ткъа, кхеташ ду, хIокху шарахь а цига лаьхкира оха тхайн жаш. Сан воккхаха волу кIант жаIу хаьржира. Ткъа гIалагIазкхаша, цига а баьхкина, уьстагIий лоьцу, дайа...

– Кхарал Делах девлла адамаш дуьненчохь дац, – элира ладоьгIуш болчех цхьаммо.

– Ткъа тхайчо, тоха са а ца хилла, гIалагIазкхичунна йиттина...

– Дала могаш лелавойла иза! – элира массара а.

– Ткъа тхоьгара лоьху гIалагIазакхичунна молханаш лелорна тIера ахчадалар, ткъа дежийла кхечанхьа «хьаькаман гIаролана» дехьа билгалйина...

– Ткъа «хьаькаман гIарол» бохург хIун ду?

– Дерриг дуьненна хууш ма ду, ткъа, и меттиг тхан хилар, ткъа хIинца тхоьгара аьхка дажорна тIера кхузткъа корта уьстагIий доьху. Оха мичара лур ду оццул, коьртаниг – стенна ло уьш? Латта-х тхан ду!

– Гаурш бу уьш, гаурш... Цхьа а Iедал дац церан!

Оцу минотехь балкон тIехь гучувелира пурстоп. Массо а хьалагIаьттира, куйнаш дIадехира.

Жима, къен эла, Иагон эла, гергахьа а веана, коьртара куй а баькхина, пурстоьпана юххе охьатаьIира. Вукхо шена воккха стаг ца гина кеп хIоттийра, кхунна букъ туьйхира цо. Мехкада юьхь тIехь хийцавелира, пурстоьпан куралло тIехтохам бира цунна, ша возуш воцуш хилла хан дагаеара цунна. Куй коьрта а тиллина, юьстахваьлла, дозаллица дегI нисдина дIахIоьттира иза. Пурстоп юха а шега хьаьжча, маршаллаш хеттарей, къенбевлла дехарш дарей хьоьжуш Iаш волчу цунна гира юьстах, курра, оьгIазвахарна кхоьлинчу бIаьргашца шега хьоьжуш лаьтташ волу воккха стаг. ОьгIазе мохь багара бала кийчча вара пурстоп, амма, мехкаден буьрса юьхь а гина, кхеравелла масех гIулч юхавелира иза, кIелдIашхула цуьнга элира цо:

– АхIа, хьо вац иза, хьо а веана?

– Ву-те, со ву! Суна хетарехь дуккха а хан яра со хьуна ган веза!

– Бехк ма билла, суна ца гира хьо.

Мехкада пурстоьпе хьаьжира, велавалар иккхира цуьнан юьхь тIехь.

– Соьга хIунда кхайкхина? Соьгара хIун оьшу шуна? – хаьттира цо.

– Хьо меттахъхьаварна бехк ма билла, – аьлла, дIадолийра цо. – Амма со Iедалан стаг ву, хьо хьуо а кхеташ хир ву...

– Доцца алал!.. – аьлла, цуьнан дашна юкъаиккхира мехкада.

– Соьга селхана хаам бира, эмкалш тIехь чилланан кIадийнаш эцна боьлхучарна къола дина аьлла, со со велира тIаьхьа, хьан стагана тIе а Iоттаделла, иза лаьцна оха.

– Ткъа карин шуна цуьнгахь лачкъийна хIуманаш?

– Ца карийна, амма иза къу хилар къуьйсийла йоцуш ду!

– Ткъа делахь хIета соьга хIун де бах аш, нагахь иза къу хиларх шаьш тешаш хилча?

– Суна хьоьга хатта лиънера, лиънера хаийта... Ткъа ас ма элира... – пурстоп дашна галвелира, вуьйхира, ша оцу историна юкъавахарх дохковаьллера иза.

– Соьга хIунда хоьтту? ГIуллакх талла, нагахь сан стаг, бехкехилар чIагIлахь, иза къу велахь, Iедалехь йогIу кхиэл е цунна!

Оцу дешнашца мехкада юха а вирзина дIавахара. Пурстоп ша волччохь лацавелча санна висира, гIуллакх цIеххьана, дагахь а доцуш, оцу тайпана дерзаро эхь хоьтуьйтуш цецваькхинера иза.

Саметтавеана иза, кхо кхиэл яре а, таIзар даре а гIийлла хьоьжуш Iачу ахархошна тIечеха хIоьттира.

– Шу хIун деш ду кхузахь, шуна хIун оьшу? – бохуш, мохь хьоькхура цо.

– Тхо хьо кхайкхина даьхкина, сударь! – элира, лохха кортош охьа а таIош, ахархоша.

– «Хьо кхайкхина», кхайкхина даьхкина! – аьлла, церан дешнаш ца вешаш карладехира цо.– Даьхкича хIун хуьлу кхайкхина? Сан хIинца йиш яц шу ловзо.

Ахархой ца тешаш вовшашка хьаьвсира. Цо бегаш бо я баккъал а лоь иза, бохучух ца кхетара уьш.

– ХIун деш лаьтта шу?.. Яхийта цIа! – аьлла юха а мохь туьйхира пурстоьпо, бIаьргаш буьрса тIе а къерзош.

– ЛадогIахьа тхоьга, тхан хьомениг!– аьлла, дIадолийра цхьана къеначу ахархочо.

– Кхин гIуллакх а дац хьуна сан, хьоьга ладегIар бен! – цавашарца вела а къежаш цуьнан дашна юкъаиккхира пурстоп. – Яхийта, яхийта, со тахана мукъа вац. Со Квешете воьдуш ву, нагахь лаахь, цига дуьйла.

– Ахь хIун дуьйцу, ва господин! ХIоккхул чехкачу хенахь кхуза дахка а таро яцара тхан, ткъа ахь тхоьга Квашете дуьйла боху. Иза муха мегар ду? Оха, ламанан наха, йол хьокхучу хенахь бен тхайн бахамехь болх ца бо, кхечу хенахь таро ца хуьлу тхан...

– Сацийта! – аьлла, ког туьйхира пурстоьпо.

– ОьгIаз ма эхахьа тхуна, господин, оха Деле санна доьху хьоьга! – бохура воккхачу стага. – ХIокху денойх дозуш ду тхан дерриге дахар а...

– Хилча хIун хуьлу? Суна долчунна, массо а цхьана дийнахь делла дIадовлахьара шу, суна-м кIезиг гIайгIа, хьаха, яра шун.

– Господин!..

– ГIалагIазкхий! – мохь туьйхира пурстоьпо. – Хаза дика шед-хIума тохий кхетабел уьш!

Амма оцу буьйро цецбехира бохкабелла есаулаш, Гиргол а тIехь, цхьа а меттах ца волура. ТIаккха схьалилхинчу гIалагIазкхаша ахархошна шодмаш етта йолийра.

– Къинхетам боцу, къизалла йолу жIаьлеш! Дикаха хир ду шуна: дайъий дIадахийша тхо, малий, Iабийша тхан цIийх! – бохуш, маьхьарий хьоькхура хьере хиллачу ахархоша. Дукхахболчийн юьхь тIехь а, мераххий, багарий, лергаш чуьрий оьхуш цIий дара.

ГIалагIазкхаша дIасалаьхкира адамаш. Боккха там хиларца оцу къизаллин гIуллакхе хьоьжуш Iара пурстоп, наг-наггахь мохь тухий, гIалагIазкхий ира-кара а хIиттош.

– Иштта, иштта царна! Дика кIентий-м, хьаха, бу сан гIалагIазкхий!

КIордадаллалц оцу ирчачу суьрте а хьежна, Иагона хьокъалла доллу таIзар дан сацийра пурстоьпо.

– ХIан, ткъа хIинца охьавалавел суна и къонах! – аьлла, буьйр дира цо.

– ГIалагIазкхаша, тIамна кечбелча санна кийчча дIалаьцна тоьпаш а йолуш, кхераме зуламхо санна хьалха а ваьккхина, чувалийра Иаго.

– Мича даьхьна ахь хьайн дакъа? – бохуш, цунна тIевирзира пурстоп.

– ХIун дакъа? – цецвелира Иаго.

– ХIан-хIа, хьовсийша цуьнга!.. Моьттур дац и цхьана а хIуманна бехке а вац! Селхана эмкалш лаьхкина боьлхучаьргара, къола а дина, айхьа схьадаьккхинарг?

– Ас цхьа а къола ца дина, – аьлла, парггIат, амма сацам боллуш жоп делира Иагос.

– Со-м, хьаха, Iехор вацара ахь! Суна чIогIа шера хаьа хьо къу хилар...

– ХIан-хIа, вац со къу! Ас Делах дуй боу хьуна!

– Вац? Делахь хIета хьайна даре дан ца лаьа хьуна? Амма ас-м олуьйтур ду хьоьга бакъдерг! Мичахь вара хьо, оха хьо схьалаццале хьалха?

– Шуна стенна оьшу иза хаа?

– МукIарло ца дойца ахь? – тIечевхира пурстоп.

– Стенна? ХIунда? Массарна а ма хаьа со къу воций, ткъа кхидолчунна шуна хIунда кхочу сан бала?

– Ас дойтур ду хьоьга мукIарло! Ас заьIап вийр ву хьо! – бохуш, мохь хьоькхура пурстоьпо.

– ХIун дийр ду, ницкъ а, герз а шун карахь ду! Халахета суна сайгахь герз цахилар. Амма ас эр-м дац со мичахь хилла.

– Цуьнга-м вай хьовсур ду.

– Дийна а волуш аш соьга олуьйтур а дац, ткъа веллачул тIаьхьа...

– Сацийта!.. – тIечехаш чуьравуьйлура пурстоп.

– Со хIунда лаьцна аш?

– Ас сацийта ца боху хьоьга?

Кхин хеттаршна жоьпаш ца дала сацийра Иагос.

– Iийр вац со вист ца хуьлуш.

Пурстоьпо, дIаса а тохавелла, ластийна, бетах тIара туьйхира цунна.

– Хьо муха хIутту соьга лен!

– Стенна етта ахь суна? – бохуш, къар ца лора Иаго.

Жоп даларан меттана, пурстоьпо кхин цкъа а туьйхира Иагона.

– ЭхI, ма къонах а ву хьо, куьйгаш дихкина лаьттачу стагана етташ волу? – элира Иагос, цергаш вовшах а хьекхош.

– ДIавига иза! – оьгIазвахана пурстоп волчунна тIе а хьеравелира.– ДIавига иза, дIаваккха суна гучуьра, ца ваккхахь, ас вуьйр ву иза!

– Кабинет чуьра ара а ваькkхина, буржалш а тоьхна, Иаго Квешете дIахьажийра гIалагIазкхаша. Новкъавала кечвелира пурстоп а.

Даима иза волчохь хуьлуш а, цунна ялхо хилла гIуллакх деш а волчу Гиргола неI цкъа дIа а йиллина, юха а юххе дIа а чIаьгIна, меллаша элира:

– Гвелетера нохчий баьхкина.

– Ткъа, хIун хилла, стенна? – хаьттира сихха пурстоьпо.

– Къола дина даькkхина хIума ду цаьргахь – дети а, чилла а!

– ТIаккха?

– Иза дерриге а лакхарчу хьаькамна эцна боьлхуш бара уьш, ас, дIа ца бохуьйтуш, дуьххьар хьуна тIевалийна.

Пурстоьпан юьхь екхаелира.

– Хьай, дика кIант яI! – мохь белира цуьнгара. – Сан хьоме Гиргол, ас совгIат дийр ду хьуна хьо сайна иштта муьтIахь хиларна?

– Оццул ирс долуш а вац со, ахь иштта къинхетам балла! – олуш, корта лохха охьатаIийра Гиргола. – Ткъа хIун де ас царна?

– Со волчу чу ма бахкийта уьш, цхьанна гахь, дика хир дац.

Пурстоп ойлане велира.

– ХIун дан деза хаьий хьуна? – къамел дIадолийра цо. – Ас тховса Къобехь буьйса йоккхур ю, уьш цига хьалабовла беза, и ерриге хIуманаш суна дIа а яхьаш.

– Со кхеташ ву-кх, господин!

Декаш горгалеш долуш, чергазийн хIух болу кхо дин а боьжна, пайтон сецира пурстоьпан цIийна хьалха; башха говраш, кортош а лестош, лаьттах бергаш а етташ, дIалелхха йохкуш, олхазарш санна, тIемайовла кийча лаьттара.

ЦIа чуьра ара а ваьлла, парггIат пайтон тIе охьахиира пурстоп. Хьалхахиъначо архаш меттахъхьайира, тIах-аьлла говраш самукъане дIалилхира, Кобе боьдучу новкъа чабол ийцира цара.

Юьртахь хиира Иаго лацаран хьокъехь, иза Квешете дIавахийтар а хиира, массара а сацам бира: иза кхин юхавогIур вац, шен даймехкан стигал кхин гур яц цунна, аьлла.

Ша левеш Иагос делла жоьпаш массеран а багахь дара, цо гайтинчу доьналлина ахархоша хеставора иза.

– ХIун дийр ду, къахета кIантах! – элира цхьамма.

– Муха хетар дац, къа ду цуьнан! – чIагIдира кхечо а, юха а хIокху деношкахь хилларш дийца бевлира уьш.

– Иза къу я зене стаг хилча-м хIумма а дацара, ткъа цхьа а бехк боцуш хьийзош ву-кх иза. ХIунда хьийзадо техьа вай иштта къинхетам боцуш? Схьааьлларг вай кхочушдеш ду, уггар хала белхаш а вайга бойту, тIе, хIетте а хьийза а вай до!

– ЭхIе-хIе, – элира кхечо, цавашарца, – бакъдерг мичара карор ду, вайн хьокъехь бала кхочуш мила ву?

– Шайна луъург до-кх... Схьавогlу цхьа хьаькам,шена дагадеъанарг дерриге до цо...

– Тохара хьалха, вай долчохь туркой болчу хенахь, герз хуьлура вайн карахь, нагахь ницкъаца вайна тIегIерташ болчарна ницкъ дуьхьалбаккхархьама, вешан дахар а ца кхоош, амма нийсо яцар ца могуьйтура...

ГIепан бIаьвна тIе велира мохьбеттарг, цигара кхайкхира иза:

– ХIе-э-э, адамаш, массара а ладогIа! Вай долчу Iен салтий бахкийтина, схьая ясакх, хIор кертара а схьаяхкийта ворданаш.

Адамаш дог ца догIуш дIасадахара. Цхьаберш юьртдега ясакх тIаьхьататтар деха, важаберш ворданаш кечъян цIа бахара.

Дукха хан ялале Нана йолчу а кхечира Иаго лацаран хьокъехь болу хаам. Иза Квешете дIавахийтар а хиира цунна.

КIудал а эцна хи тIе яхара иза, новкъахь цунах схьакхийтира юьртара кхиболу зударий, царах цхьаболчаьргахь кIудалш, кхечаьргахь кхийра кхабанаш яра. Вовшашка самукъадаларца хабар а дуьйцуш дIабоьлхура уьш, хIоранна а лаьара шен дагахьдерг дийца, шен бала дIабалхо, шена хезна керланиг дIахаийта.

Цхьа Нона яра шен доттагI йолчу кхоьлина, гIайгIане, дог ца догIуш йоьдуш. Ткъа кхуьнан доттагI йолу йоI хазахетарца дуьхьалъелира кхунна, амма, кхуьнан сингаттаме болчу бIаьргаш чу хьаьжча, иза ша а дог доьхна йисира, кхунна цатам хиларо ойла йохийначу цо, хаьттира:

– Хьуна хIун хилла, Нона?

– Со хIаллакьхуьлуш, хIаллакьхуьлуш ю-кх, Марине! – элира гIийлла Нонас, цуьнан бIаьргаш хих буьзира.

Шайца болу кхин зударий тIехбовллалц собар а дина, царал тIаьхьа сецира и шиъ, парггIат шайн къамел дархьама.

– Иаго... – аьлла, дIадолийра Нонас. Амма цуьнан аз хедира...

– ХIун хилла цунна, ялахьа сихха дийций! – доттагI йоьхна йисира.

– Лаьцна иза!

– Муха? Мила? Хьан лаьцна?

– Пурстоьпо лаьцна.

– Стенна?

– Селхана буса къола дина бохуш бехкево иза!

ГIайгIано яхьийна и шиъ цхьана ханна йист ца хуьлуш Iийра.

– Ткъа лаьцча хIун хуьлу? – бохуш, йоI сапаргIатъяккха гIертара Марине. – Схьахоьцур ву-кх.

– Муха хоьцур ву, хоьцур вац! – догйовха йоцуш, элира цо. – Со хIаллакьхилар лууш, цундела лаьцна цара иза. Иза хьан хоьцур вара схьа! Со кхечуьнга маре яла лууш бу уьш, – бохуш, дIадора шен къамел Нонас. – Амма со гIур-м яц, гIур яц... Нагахь нуьцкъала дIалахь – хи юххехь ма ду, чуэккхар ю со!..

Маринес хьоьстура Нона, амма цуьнан шен дог а ваша санна лоруш волчу Иагох къахетарна Iийжаш дара. Цунна кIезиг ца хезнера къинхетам боцучу пурстоьпаша нийсадоцурш лелоран, гуьнахь доцучу адамашна ницкъаш баран, адамаш махках дахаран хьокъехь дийцарш, ткъа оцу хенахь церан карахь доза доццуш Iедал дара.

Iаббалц вовшашка хабарш а дийцина, мехкаршадоттагIаша сацийра берриге а ницкъашца Нона нуьцкъала маре яларна дуьхьало ян а, мацца а билгало йоллуш схьахоьцун волу Иаго цIа варе хьежа а, ткъа и цIа вогIург хиларх хIара шиъ шеко йолуш яцара. И тайпа сацам а бина, мелла а сапаргIат а яьлла, шен-шен цIа яхара ши йоI, шен-шен гIуллакх дан.

Оцу хенахь Къоби станци дIакхочуш вара пурстоп. Иза даима а вуссуш а, цигахь цунна къастийна, кечйина ша чоь йолчу а хьешан цIийнан да вара цуьнга хьоьжуш. Юккъерчу пеначa йина шарбинчу тIулган товха яра, вукху шина пеначa тIехь кузаш долу еха нараш яра. КетIарчу кевнера дуьххьалдIа цIа чу воьдийла яра, важа неI керта арайолура, оцу тайпана оцу чу ваха а, аравала а таро яра, цхьанна гарна а ца кхоьруш. Духан эвлан йистехь хиларна а чIогIа бегIийла долуш яра иза къайлаха цхьаьнакхетаршна, кхунна билгалйина йолчу чуьра араболучу некъахула цхьа а ца лелара. Нарашна тIера аннаш схьаоьцуш дара, царна бухахь даьхна кIоргга оьрнаш дара, хIусамдена тайп-тайпанчу къайлахчу Iалашонашна гIуллакх деш долу.

ЦIена кечйина йолу чоь а, аьхкенан хан а йоллушехь къеггина йолу тховха а, когашкара коьрте кхаччалц герзашца кечвелла волу эрмало – духанан да – дерриге а пурстоп схьакхачаре хьоьжуш дара. Юьртда а, цуьнан есаулаш а оцу денна дечиг кечдеш шайн ницкъаш кхоош бацара.

Цхьа есаул массо а туьканашкахула чекхвелира, церан дайшка сийдолу, Делан сибатехь волу пурстоп схьакхочуш хиларан хьокъехь хаам беш, ткъа иза доккха комаьрша хIоттийначу шуьнца лара везаш ву.

Вукху есауло ахархой схьа а кхайкхина, царна буьйр дира цхьацца бекхаш болу Iахар балабе аьлла. Уьш берриш а духанан кетIахь пурстоп схьакхачаре хьоьжуш Iаш бара. Дайа кечдина Iахарий, таьлсаш чуьра ара а хьоьжуш, агIор кортош даьхна, бIаьргаш хьаббина, шайх хиндолчуьнга хьоьжуш Iаш дара. Наггахь царах цхьадерш Iаха а Iохура, шаьш гуттаренна битинчу махке сатуьйсуш санна.

Пурстоп, схьакхоччушехь, дуьххьар шена кечдинчу цIа чу вахара. Кхузахь цуьнга хьоьжуш юьртда вара.

– Маршалла хьоьга! – элира пурстоьпо.

– Хьан диканах ма ваккхалда со!– олуш, корта лохха охьатаIийра цо.

– Уьш муьлш бу, оцу кетIахь лаьтташ берш?

– Уьш-м иштта лаьтташ бара, хьан сий хиларг, хьуна дайа Iахарий дохьуш баьхкина.

– Дукха дуй уьш?

– Пхийттаннал кIезиг доцуш хир ду. Пурстоп курра велавелира. ЦIа чухула дIаса а волавелла, юьртден белш тIе куьг а тоьхна, элира цо:

– Дика, къонах ву хьо, вуьззина стаг... Ас дицдийр дац хьо сайна тешаме хилар.

– Хьан дикане кхаччал ирс долуш а вац со!

– ХIан-хIа, хIан-хIа, хьо диканиг ву, сан хьоме Яков!.. ХIунда вац?

– Хьан сий хиларан ялхо ву-кха со, муха вац!

– Къонах ву!.. Ткъа алал соьга, цхьа а вуй хьо огIазъоьхуьйтуш, хьуна новкъадерг деш?

– ХIан-хIа, вац, хьан сий хиларг! Цхьа баккхалхо ву кIеззит хьарцахьа лелаш, амма, хьан сий хиларан гIоьнца, ас цуьнан корта атта вортан тIера хьовзор бу.

– Баккхалхой? Муьлха ву иза? – пурстоьпо, оьгIазвахана, цIоцкъамаш саттийра.

– Соскъин кIант ву ас вуьйцург.

– Дика ду, кхано со волчу валор ву ахь иза, ас бийр бу цуьнан болх... Иаго вигирий кхузахула дIа? – хаьттира пурстоьпо.

– Вигира, хьан сий хиларг, гIалагIазкхаша дIавигира иза. ХIинца, схьахетарехь, Гудауре кхаьчна хир бу уьш...

Къамел оцу тIехь сецира. Чувелира хIусамда, наха чуеара пурстоьпан хIуманаш. Пурстоп кхетош хIусамдега дIахьаьжира, йовхарш а тухуш.

– ТIаккха? ВогIур вуй? – хаьттира цо.

– Муха вац? – жоп а луш велавелира хIусамда.

Тайп-тайпана мерза кхача тIехь болуш долу шаннаш карахь чубаьхкира совдегарш: кхехкийна котамаш, нехчанан кортош, сурилаш чохь а, бертигаш къевлинчу шишанаш чохь а тайп-тайпана чагIарш, кхийолу мерза хIуманаш а яхьаш. Пурстоьпо и ерриге хIуманаш схьаийцира, ши-кхо дош олуш хIоранга вистхуьлура иза, тIаккха дIабахийтира цо уьш.

Цуьнца висира хIусамда а, Гиргол а, масех гIалагIазкхи а.

ДIабоьлхучийн коган тата хезачура дайча, Гиргола тIехьашхула чуваийтира шаьш лачкъийна хIуманаш: детин

уьрсаш, мIерий, Iайгаш, кедаш, кхийолу хIуманаш а яхьаш веана кхо нохчо.

Сийлахьчу урхалчо шена тешаме хиларна шен карахь болчарна баркалла а элира, шен къинхетам царах бийр бу ша а элира.

И хьеший а новкъабехира. Юха а тIехьашхула йолу къайлаха неI дIаеллаелира, чувелира духанан да, юьхь тIе оьллина хIума а йолуш йолу, чIогIа кечъелла зуда шена тIаьхьа а йолуш.

Пурстоп оццул гIадвахана Iаш волчу хенахь, когех долу буржалш а декош, гонаха ха а долуш, Квашете боьдучу новкъа дIаоьхуш вара Иаго. СадаIа севцча, некъа йисте охьахиира Иаго. Аьхке йоллушехь, ламанца шийла яра. Амма некъбарой, сингаттамечу ойланаший вохвина волчу Иагона шело ца хаалора. Цуьнан бедарийн ветанаш хедийнера, цуьнан шуьйра, онда накха лаккха хьалаийалора, тIаккха лахлора.

Дерриге а дицделлера цунна хIокху меттехь: шен буржалийн хьокъехь а, ша ирс доцуш хиларан хьокъехь а, цхьа ойла яра цуьнан дерриге дегIаца, сица йолуш ерг – Нонин хьокъехь ойла еш вара иза.

Талл санна, сетташ юкъ а йолуш, кIеззиг йиллинчу бетан балдашна тIехь йистхила йоллуш санна елаялар а долуш йолчу башха хазачу йоьIан сурт хIуьттура цуьнан ойланна хьалха; хи охьахьаьдда бохкучу цуьнан Iаьржачу бIаьргаша даима а гилдигаш дохура кхуьнан дагна, цара даима а шайна тIеийзавора хIара. Кхунна хаалора иза шена юххехь хилар, хезара цо садеIар, хIинц-хIинца кхо маракъовлур ю иза, некха тIе озор ю.

Кхеттачу шедан, кхожо саметтавалийра хIара.

– Наб-м ца кхетта хьуна, малонча! ГIатта хьала! – аьлла кхуьнан лерехь цIогIа туьйхира гIалагIазкхичо.

– ХIунда етта ахь? Ас хIун дина хьуна? – олуш, гIийла цуьнга хьаьжира Иаго.

– Волало, хабар кIезиг а дуьйцуш! – хехь вогIучо юха а шад туьйхира цунна.

– ХIай сан бала яI! – Иагос цергаш хьакхийра. – Мичахь ву техьа хьо Дела, мичахь ду техьа бакъдерг?

Квешетехь этапан хехошка дIавелира Иаго, ткъа цара хIара набахти чу а кхоьссина, кхунна тIаьххье неI дIакъевлира.

Кхузахь хIара мелла а аттачу велира, парггIат хьайн ойланаш ян таро а яра. Некъбарахчул а чIогIа сахьийзарний, гIайгIанний кIадвелла хIара цIенкъа охьавуьйжира, бIаьргаш дIа а хьаббеш. Наб ца кхетара кхунна. Эзар ойла яра коьрте хьийзаш – цхьаъ вукхул сингаттаме а йолуш. Стенна бу уьш цуьнца иштта нийсо йоцуш? Стенна ву иза оццул балехь? Иза-х къу вац, ткъа къола дина бохуш бехке во. Талор дина вац, ткъа нах бохийна бохуш хьийзаво. Цуьнан берриге бехк йоI езар бу-кх, ткъа иза цунах ваькхина, етта, тIехбеттамаш бо цунна, бехказвала ца вуьту!

– Стенна? ХIунда? Хьенан самукъадоккху цо бала хьегаро? ХIунда ду иза иштта? Синтем боцу, кIелхьаравала серло гуш йоцу ойланаш яра цуьнан коьртехь, церан чаккхе яцара.

ШолгIачу дийнахь Iуьйранна, малхо стигалхула дикка некъ биначу хенахь, шена тешаме волу юьртда тIаьхьа а волуш, балкон тIе велира пурстоп. Аьрзнаш дIадалархьама сарахь дуьйна цуьнга хьоьжуш Iаш долчу адамаша куйнаш дIадехира, тап-аьлла генахь цуьнга ладогIа дIахIиттира уьш. Цхьа а вацара хьалха къамел дIадоло хIуттуш, ерриге Хевин господин волчо шен къинхетаме бIаьрг шайга хьажоре, шайн дехаршка ладогIаре сатуьйсуш Iаш бара берриш а.

Ткъа пурстоп, кочалла сетташ, духанан неIарехь лаьтташ вара. Гонаха цхьа а шена ца гучуха дIасхьаволавелира иза. Шен когийн татанца цуьнан ойла юкъах ца яккхархьама кIегаш тIехь санна, вайн, коьртахь куй а боцуш, цунна тIаьхьауьдуш лелара юьртда.

– Юьртда! – кхайкхира цуьнга пурстоп.

– Со ладугIуш ву-кх хьоьга, хьан сийхиларг! Пурстоьпана хьалха, мерз санна, вулавелира юьртда.

– Ахь селхана ца элира суна дайа Iахарий деана? – аьлла, хаьттира пурстоьпо, кхечарна ца хазийтархьама меллаша.– Мичахь ду уьш?

– Декхаш долу Iахарий ду далийна, хьан сийхиларг. Ас буьйр дина уьш шел ца далийта божли чу дохка, аьлла.

– Декхаш долу Iахарий? – юха а хаьттира пурстоьпо, оьгIаз а воьдуш. Иза маситтазза дIа а, схьа а волавелира. – Ас

хIун до Iахарех? – иза а олуш, юьртдега леррина дIахьаьжира иза.

Ша чIогIа лерина диначу гIуллакхна шена баркалла хир ду моьттуш хилла юьртда, дукха вохарна, ала хIума а ца карош висира.

– Баккъал а, хаац суна-м, хьан сийхиларг! – элира цо, халла.

– ХIан, айхьа дика ойла ехьа, пхийтта Iахар! Со духанщик-х ваций, уьш дайа а дайъина, царах юург а еш, дохка?.. Жоп лол суна! – бохуш, кхин а чуьравелира пурстоп.

Хьаькамна хьалха хьесталуш иза кIадван гIоьртира юьртда.

– Духкур ду-кх, хьан сийхиларг, мухха а делахь а, ахча хир ма ду!

– Ахь аьлларг хIун дара? – марха санна, кхоьлина дIахIоьттира пурстоп. – Со лелар ву Iахарий духкуш? Хьайн хьекъал чохь мукъана а вуй хьо, хIай Iовдал моховец! – бохуш, мохь беттара цо. – Со муьлхха а шинкарь-м вац! Хаа мукъана а хаьий хьуна и санна долчу дешнашна хьо хIаллакван, Сибарех вахийта сан таро хилар?

Миска юьртда кхеравелла вегавора. Цунна хаьара пурстоьпан, нагахь цунна лаахь, ша хIаллакван таро юй. Бос байна, вега а веш, цхьа зIе йоцуш цо элира:

– Ма вехьа со хIаллак, хьан сийхиларг, тхо-м кхетаме доцу ахархой дуй, со цакхетарна халахетийтина-кх ас хьуна, валахьа къинтIера!..

– Муьжги! – мохь хьоькхура пурстоьпо. – Дерриш а ду шу иштта, цхьа ахархой хилла ца Iаш. Суна девза шу! Яхийта хIокху сохьта, буьйр де оцу Iахарийн наной суна схьадаладе алий. Дуьххьар сан жаIу волчу Джварваке дIалахкийта цаьрга уьш, ца лахкахь, ас корта боккхур бу хьан!

– Пурба ло, хьан сийхиларг, – элира хазахеттачу юьртдас, лохха корта охьа а таIош. – Хьо оьгIаз ца вахчахьана, ткъа ас цаьрга-м дийнна жа а лохкуьйтур ду хьуна.

– ХIан, дIахьовсийша цуьнга, оцу акхарочуьнга! Декхаш долу Iахарий нанойх даьхнийца, дуьххьалдIа адамалла дац шун меттигашкахь, дегнаш доцуш ду шу дерриш а! Декхаш долу Iахарий муха мегар ду нанойх девлча?

– Ца хаьа, хьан...

– Тоьар ду багаеттар! – пурстоьпо хадийра цуьнгаден къамел. Аьхка уьш дакха а дина, ткъа гурахь церан наной церан дайшна дIалур ю вай. Кхетий хьо? Яхийта!

«Ткъа цхьа Iахарий тоьъна Iийр дуй оцу къиношлеторхочунна», – ша-шега а бохуш, нахана юкъахь къайлавелира юьртда.

Гиргола ваха а вахана хьаькаме дIахаийтира говраш кийчахилар.

– Дика ду! Квешете хьо соьца ца ван а мегар ду. Юха а верзий, хьайн гIуллакх де, – элира пурстоьпо, кIеда-мерза.

– Баркалла хьан сий хиларна!

– Хьажалахь, кийчча хилалахь, нагахь цхьа хIума нислахь а...

– Кхета со, хьан сийхиларг. Цхьа хIума а хьол тIехтир дац хьуна.

– ХIаа, хIаа! Хьо-х дегайовхо йолуш ву со.

ТIехь йоьттина хIуманаш а йолуш, кхо говр йоьжна пайтон елира кертара ара, ХIусамден Iодика а йина, парггIат экипажана тIехиира пурстоп.

Шаьш тергал а ца деш пурстоп дIавоьдуш хилар а гина, ийзалуш пайтонна тIедуьйладелира адамаш.

– Тхо хьоьца гIуллакх долуш дара, хьан сийхиларг,– элира ахархойх цхьаммо, чIогIа къийлалуш.

– ХIун хилла? – элира чIоггIа пурстоьпо. – ДIаяхийта! – элира цо хьалхахиъначуьнга.

Хьалхахиъначунна ца хезира тIехьарчо дина буьйр.

– Арз дара тхан, хьан сийхиларг! ЛадогIахьа тхоьга! – бохура ахархоша.

– Ца хеза хьуна? ДIаяхийта, ца боху ас хьоьга? – хьалхахиъначунна кIесаркIагчу хIума туьйхира пурстоьпо. Цо, кхеравелла, архаш меттахъхьаешшехь, бIаьрг-негIар тухучу ханна кхо говр дIаиккхира, гIудалкх орцал дехьа къайлаелира.

Ахархой шаьш лаьттачохь бисира, иза хир ду цамоттарний, цецбевллий. ТIаккха царах цхьаммо охьа а таьIна, лаьттара тIулг хьала а айбина, дIаваханчу пурстоьпана тIаьхьакхоьссира.

– Дала юха ма воуьйтийла хьо! – элира цо даггара, пурстоьпан дахар оцу тIулгах дозуш долуш санна.

Кхин кIеззиг гIовгIа еш а лаьттина, шайн бала а балхийна, кIесаркIаьгнаш а кIамдина, дIасабахара ахархой.

– Я сий а, я нийсо а яц цаьргахь! Мел хьега беза техьа вай хIара бала? – бохура цара.

Чу а ваьлла, цуьнан сий деш, нислуш, Iад санна, вулавелла, пурстоп дIахIоьттинчу хенахь делкъанна хIума яа кечлуш вара Квешетера лакхара хьаькам. Цуьнан карахь кехатан бохча дара.

– А-а! – элира, дахдеш, лакхарчу хьаькамо. – Хьо вац иза!

– Со ву, хьан сийлалла!

– Гиний хьуна, суна дахкийтина имеретински иэраш?

– ХIан-хIа, ца кхиъна со, хьан сийлалла!

– ЭхIе-хIе! И саннарш хила йиш яц, хаза ду, даьхна суьрташ санна! Собардел цкъа, ас хIокху сохьта гойтур ду хьуна уьш!.. ХIей стаг! Валол, схьадаладел суна Имеретера дахкийтина жIаьлеш! – аьлла, буьйр дира лакхарчу хьаькамо, ша кхайкхина чуваьллачу ялхочуьнга.

– Схьахетарехь, дика хир ду уьш! Ца хилча уьш хьан сийлаллина дахкийта мила ваьхьар вара?

– Уьш хестийна вер а вац! Селхана цаьрца талла вахнера со, цхьана сохьтехь ворхI пхьагал лецира цара, кхетий хьо, ворхI?

– Иза тамашийна хIума ду!

– Цара мел чIогIа толлу аьлча... ткъа лар тIе нисделча, тешна хила мегар ду, дIадевр дац, дIайохуьйтур яц... Дуьххьалдla пхьагал йолччу тIевуьгур ву! Ворхl пхьагал лецира, ас ворхIий топ тоьхна охьайиллира!

– Уьш-м хьан хьайн жIаьлеша а дIайохуьйтур яцара, къаьсттина Ласточкас!

– Ласточка даций иза-м, Нежная ду! – аьлла, иза товира лакхарчу хьаькамо.

– Да дера, да дера, Нежная ду! – олуш, йовхарш а тухуш, тIетайра пурстоп. ТIаккха лакхарчу хьаькамна тIе а вахана, шен карара шед цуьнга дIакховдийра цо.

– ХIара хIун ю? – хаьттира лакхарчу хьаькамо.

– Хlара, хьан сийлалла, суна карадоьлла, ас шуна деана совгlат ду-кх!

– Лакхарчу хьаькамо, шед схьа а эцна, сих ца луш дlабаьстира. Там хиларна бlаьргаш къаьрзира цуьнан.

– Эхlе, мел башха гlирс а бу! – воккхавеш мохь белира цуьнга, хьалха бина дикка боккха дашо хи диллина дато кад карахь а болуш. – Хlара мичара карабоьлла хьуна?

– Новкъа схьавогlуш цхьана датон пхьерана тlе нисвелира со, хьан сийлалла, суна безабелира хlара кад, цундела хьан зудчунна-стуна совгlатна ийцира-кх ас иза.

– Эхl, баркалла хьуна, доккха баркалла хуьлда хьуна!.. Хьуна хьалха декхарийлахь ца виса хьожур ву со...

– Хьан дика хилар суна муьлххачу совгlатал а деза ду!

Лакхара хьаькам юха а кеде хьежа хlоьттира. Цхьа а вист ца хуьлуш, тийна дара.

– Хьан сийлалла! – аьлла, дlадолийра пурстоьпо, кlелдlашха, лохачу озаца. – Ас цхьа стаг лаьцна, иза кхуза схьа а валийна.

– Ткъа мила ву иза?

– Цунах Иаго Гогобаидзе олу.

– Тlаккха ткъа?

– Къоладарна сацийна ву иза.

Къоладарна хьокъала доллу таlзар дан деза.

– Хlаъ, хьан сийлалла, иза ду-кх ас хьога доьхург. Цул воккха къу вац Хевехь, иштта кхераме стаг а ву иза!

– Хlан, делахь хlун де вай? Цунна вай дан дезzарг дийр ду.

– Дика хир дара иза хlокху махкара дlавахийтича, хьан сийлалла!

– Вохуьйтур ву, вохуьйтур ву! – элира лакхарчу хьаькамо, тамана, кад юха а кара а оьцуш.

Оццу минотехь цlа чу ялийра жlаьлийн арданг, дерриге кхидерг дицделира лакхарчу хьаькамна. Кад охьа а биллина, жlаьлеш хьеста велира, тlаккха чотка схьа а эцна, уьш цlандан хlоьттира иза. Пурстоп цецвуьйлура жlаьлех, цо хестадора уьш, церан шатайпа башха дикаллаш карайора цунна билгалъяха. Тlаьххьар а лакхарчу хьаькамо кхуьнга схьаелира чотка, иза а хьоькхуш, жlаьлеш цlандан хlоьттира хlара а.

– Со зуда йолчу воьду, цунна хьан совгIат гайта.

– Хьан сийлалла, соьгара доккха маршалла ло стуне!

– Дика ду, дика ду! – элира лакхарчу хьаькамо, неIарера юха а хьаьжна. – Ткъа ахь цкъачунна дика цIанделахь жIаьлеш. Иагох дерг аьлча, ткъа цуьнан хьокъехь кехат хIоттаде, дов суьде дIалур ду вай...

Ша цхьа мависсинехь, пурстоьпо оьгIазаллица юьстахкхоьссира чотка, кIомсарш гойтуш Iачу иэрана мийр туьйхира цо.

– ЖIаьлешна ламазаш деш-м бац хир бу хIара неIалт хиларш! – элира пурстоьпо оьгIазвахарца.

Иагон хьокъехь кехаташ хIитто кемсарле вахара иза. Оцу кехаташ тIехь яздарехь, Иаго – кхераме стаг вара, иза махках ваккха, Сибарех вахийта везаш вара. И кехаташ хIотта а дира, царна тIе куьг а яздира, суручей, прокурорей, суьдей дIа а дахьийтира цхьана стага. Кхин масех де даьлча, лакхарчу хьаькамо царна тIе резолюци а язйина, бехкевеш волчуьнца цхьаьна уездни суьде дIадахьийтира.

Нонин дахар хIинццалц ша ма-хиллара цхьана кепара дIадоьдуш дара. Iуьйранна дуьйна саррац болх бора цо, котамашца цхьаьна хуьлура цуьнан дIайижар, бIаьргаш а хьаббой, наб ца кхеташ сахуьланга йолура иза, даима а Иагон сурт лаьттара цунна хьалха, цкъацкъа – тохара санна, самукъане, векхавелла; ткъа дукха хьолехь – хIинца санна, гIайгIане, сингаттамехь, балехь гира цунна иза. Амма, цуьнан хьокъехь ойла еш йолучу Нонехь шегахь а бара боккха бала, синтем бацара цуьнан дагчохь, даим сингаттаме ойланаш ярна гIеллуш яра иза.

Цуьнан бала кхин а базбора, иза бийца, балхо, дагаяла цхьа а цуьнан цахиларо, шен ойланаш йийца, дагахь дерг тешо юххехь стаг цахиларо, иза дерриге а шен кийрахь къийларо. Цуьнан доттагI йолу Марине оцу хенахь шен деца йолчу юьрта хьошалгIа яхана яра.

Дукха хенахь дуьйна Ноница дов дохучуьра а сецна, нагтахь оьгIазаллица ела а къежаш, шогачу дешнашачул а халахоьтуьйтучу кепара кест-кеста Нонига а хьожуш, шен дагчохь тоххарехь къайлаха сацам а бина – хьалха я тIаьхьа кхуьнан

ловзар дан, нуьцкъала елла а, Гирголан вешига хIара маре яла сацам а бина Iаш яра Махия.

Ткъа Иагон хьокъехь хаамаш бацара, лаьтто хуьйдиначул башха, цуьнан хьокъехь хууш хIума дацара. Цхьанна а иза гина вацара, хезаш хIума а дацара.

Ша цIа вирзинчул тIаьхьа кест-кеста Махия йолчу эха марзвелира Гиргол, цушинна даима а карадора вовшашка дийца хIума, дан шабар-шибар. Анас иза шена ган а ца гучуха хуьлура, иза веача даима а балха дIавоьдура хIара, иза цагархьама.

Цкъа цхьана дийнахь, берриге доьзал цIахь болчу хенахь веара Гиргол. Оцу хенахь кхеран хIусамехь хьошалгIа веана цхьа хьаша воккха стаг а вара. Безам бацарна Гирголе ур-аттал дIахьажалуш а йоцчу Нонина геннара хезира цуьнан аз, шен меттера хьала а иккхина, неIаре хьаьдира хIара. Цунах кхеттачу хьешо неIсагIи тIехь цуьнан некъ лецира.

– Стенга едда йоьду хьо, йоI, сох хIунда уьду хьо? – аьлла, вистхилира иза.

– ДIаяхийта со, хIай бIаьрса дайна висарг! – элира цабезамца йоIа.

– Со стенна ца веза хьуна? Ас хIун вон дина хьуна?– хаьттира халахеттачу Гиргола.

– ДIавала, дIавала суна гучуьра! – элира буьрсса Нонас, цуьнан карара а яьлла дIаедира иза.

ГIайгIанечу ойланца, йоIана тIаьхьахьаьжира Гиргол.

– Сан са кхачийна-кх ахь,– элира цо меллаша.– Амма ас Делаца чIагIо йо хьуна, хьо сан карара ериг цахиларх, иза дарна хIуъу а эшахь а!

Шеца цхьаьна воккха стаг-ламанхо а волуш тIевеара Анас. Цара Гирголе маршалла хаьттира, тIаккха хIусамдас хьешашка чукхайкхира.

– Чоьхьадовла! Махияс кхача хIоттор бу шуна, Гиргол, ткъа хьоьца сан гIуллакх ду! – элира Анаса хьеше.

– ХIан-хIа! Анас, собар дехьа, дIа ма гIохьа, – дийхира Гиргола. – ХIан, кхузахь-м хIара воккха стаг а ву, – аьлла тIетуьйхира цо, – воккхачу стагаца кхеташо яр мехала ду.

Анас кхоьлина хьеше дIахьаьжира – тоьур ду, дерриге гIуллакхаш а зудчунна тIехь ду бохург дара иза. Гиргол кхийтира, амма хIетте а шечунна тIехь сецира иза.

– Ткъа хьо ма ву, Анас, суна везарг! – элира цо. Воккха стаг дIаваха тохавелира.

– ХIан-хIа, хIан-хIа, – Гиргола сацийра иза.– Воккхачун кхеташо – муьлххачу гIуллакх тIехь а Делан лаам бу, сацал тхоьца!

Уьш цIа чу бахара. Йоккхаерца тIеийцира уьш Махияс.

Массо а вист ца хуьлуш Iаш вара, цхьана доккхачу къамеле ладоьгIуш.

– Хьо хIун ала воллура тхоьга, Гиргол? – аьлла, хабар дIадолийра воккхачу стага.

– ХIун гIуллакх дара хьан? – аьлла, тIетуьйхира Анаса.

Доккха гIуллакх ду сайниг, сан хьоменаш! – элира Гиргола.– Дерриге дуьненна хьалха юьхьIаьржачу хIоьттина со!

– Ахь хIун дуьйцу, ахь дуьйцург хIун ду? ХIунда хIоттийна хьо юьхьIаьржа? – хаьттира Анаса.

– Аш хIоттийна со юьхьIаьржа, захало дина а, йоI тхоьга схьаелла а ца довлуш!.. Нагахь тхо шайна оьшуш ца хилча, тхоьгара там хIунда оьцура аш, ткъа нагахь эцнехь, йоI хIунда сецайо аш?

Синтем боцуш, массо а вист ца хуьлуш Iара.

– ХIумма а ма ца олу аш? – аьлла, ирхъиккхира Гиргол.

– Оха хIун дуьйцур ду? ХIун эр ду оха? – элира гIийлачу озаца Анаса.

– Амма ала-м деза... Тхан тайпана, цIенна реза дац шу, я там кIезиг белла оха шуна? Бакълоьй со, воккха стаг? – олуш, воккхачу стагана тIевирзира Гиргол.

– Бакълоь, бакълоь, хIорш декхарийлахь бу жоп дала, цхьаъ ала декхарийлахь бу! Анас, хьо вист хIунда ца хуьлу?

– ХIун эр ду ас? ИоIа лийр ю ша бохуш кхерамаш туьйсу, кхуьнан веше маре яха ца лаьа цунна, нуьцкъала яла еза ас иза?

– АхIа-ахIа! – олуш, доккха садаькхира воккхачу стага. – Нагахь йоIана ца лаахь, тIаккха кхин гIуллакх ду...

– Делахь там хIунда эцна аш, тхо Iеха хIунда дина аш? – юха а элира Гиргола. – Тхо ши ваша ву, тхо даьIахкаш хилла

дуьйшур ду-кх, амма и йоl, хlинца, цхьанна а кхечунна дlа-м лур яц оха...

– И хlун хабар ду, Гиргол, и хlун хабар ду? Безамна ницкъбар ловш дац! – аьлла, дlадолийра воккхачу стага, Гиргол тlекlован гlерташ.

– Делахь там хlунда эцна кхара, нагахь йоl реза йоцуш хилча? – къар ца луш, чlоггlа элира Гиргола.

– Хlан, эцна-кх там, эцча хlун хуьлу? Иштта хlума хилаза ду Хевехь? Нагахь кегийчарна юкъахь безам, барт ца хилча, зуда ялийначул тlаьхьа а юкъараллин кхеташоно уьш дlасакъастабора. Цунах хlун доьзал хир бу, нагахь церан барт ца хилча?

– Иза тохара хьалха хилла иштта, генна дlадаханчу шерашкахь хилла юкъараллин карахь иштта бакъо. Ткъа хlинца вай долчохь иза дац. Хlинца дерриге а законаца деш ду... Иштта дац иза, воккха стаг? Нагахь там дlаэцнехь, тlаккха йоl дlаяла еза; стенна юьйцу кхузахь баккхийчийн я юкъараллин кхеташо? Со хьоьжур вац хьалхалерачу гlиллакхашка, со пурстоьпана, лакхарчу хьаькамна тlегlур ву, йоl дlа а юьгур ю, нагахь сайна лаахь, Анас хlаллак а вийр ву! Вайн Делора вийр ву-кх, шен доьзалца цхьаьна хlаллак-м!

– Хlан-хlа, Гиргол, собар дел, иштта мегар дац! Керстан динехь волучо ден хlума ду иза – йоl шена цавезачу стаге маре ялар? Ткъа нийса дуй иза? Хlунда воьду хьо хийрачу нахе арз дан? Нагахь хьуна лулахоша халахетар динехь, лулахоша шаьш ойла а йина къастор ду гlуллакх, гулбе баккхийнаш, царах дагавала!

– Хlан-хlа, воккха стаг, баккхийчаьрга ладогlа лууш вац со, со – lедалан стаг ву, законан некъаш дика девза суна! – элира Гиргола, кхерам туьйсуш хьала а гlоттуш.

– Дика-м хьаха ду хьан закон, нагахь иза везаш йоцчу йоlах хьайн вешин зуда е цо хьоьга бахахь! – воккха стаг оьгlазвахара.

– Со паччахьан гlуллакхехь ву, сайх нехан биэлам бойтур бац ас! – бохуш, чуьравуьйлура Гиргол.

– Ма дайа баккхийчийн сий! Халкъан бlаьрг – Делан бlаьрг бу! – элира воккхачу стага.

– Ас хIун до баккхийчийн кхеташонах! – элира Гиргола шогга. – ЧIогIа оьшу суна иза! Со Iедало ма-баххара хир ву... Делахь тоьур ду хабарш! Схьало аш соьга йоI я ца ло? – хаьттира цо буьрсса.

– Ткъа иза сецош мила ву, мила? – элира гIийлла Анаса, Гиргола туьйсучу кхерамех тIех дика кхеташ волчу.

– Аш даима а дуьйцу изза, ткъа гIуллакхан чаккхе гуш а яц!

– ХIун дан деза ткъа, нагахь йоIана везаш ца хилча? – юха а элира воккхачу стага.

– ХIан-хIа, воккха стаг, и гIуллакх кхин тIаьхьатитта таро яц тхан,– элира, хIетталц йист ца хуьлуш Iийначу Махияс.

– Иза паччахьан гIуллакхехь ву, – элира майраваьллачу Анаса.– Тхоьга мичара къийсалур дара цуьнца? ДIаюьгийла шена и ирс дайна йоI!

–ХIун бахара ахь? – кхохкийра воккха стаг. – Тьфу, эхь ца хета-кх хьуна, коьртахь куй лело зуда, кIилло баба! Дукха кхераваларна йоI хьайн цIен тIера цавезачу стаге дIаэккхайойца ахь? КIилло ю хьо, кIилло, хьо санна верг дуьненчохь ца ваьхча дикахо а хир дара...

– ОьгIаз ма эхахьа, дада! – элира Махияс. – Делахь, тоьлашха хир ду, нагахь цо тхо дерриш а, и миска йоI бахьана долуш, Сибарех дахийтича?

– Стенна дохуьйту Сибарех? Делахь хIета, бакъдерг, нийсонан адамаш кхин доцуш ду? – бохуш, чуьравуьйлура воккха стаг. – И санна долчу маймалшка шаьш кхерадойту аш? Сан докъазалла со къона вац, тIаккха ас хоуьйтур дара кхунна, и санна бегаш муха бан беза!

– Ас делах дуй боу шуна, нагахь аш Нона тхоьга схьа ца лахь, Анас махках ваккха, кхин цкъа а кхузара мархаш цунна ца гайта! – аьлла, ирхкхоссавелира Гиргол.

– Ахьий? Ахь воккхур ву?.. Хьо морзалийн оьла!.. Мичахь ду сан урс? Ас хIинцца сацор ву хьо...

Воккха стаг Гирголах лата тасавелира, амма Анасий, Махияссий, пхьаьрсаш а лаьцна, сацийра иза.

Воккха стаг юха ца волура, шаьлтан тIе ка а йиллина лаьттачу Гирголана тIекхача гIертара иза, Анаса мухха а сацийна, бертаза ара а ваькхина, дIавахийтира воккха стаг.

– ХIумма а дац! – бохуш, кхерам туьйсура Гиргола. – Ас бийр бу шуна цуьнан болх-м, ас хьаькамашна балхахь а, ясакх тIехь а са доккхур ду шуна цуьна-м...

Анас юха чувеара, уьш кхоь а машар болуш къамеле делира.

– ХIан-хIа, хьоменига, оха хьуна оцу тIехь новкъарло йийр яц. Хьайна ма лиъинехь ван а волий дIайига ахь иза, – бохура Анаса.

– Ахь пурба ло суна, ткъа важадерг ас дийр ду, ша ваьхьарг вала оцу некъа тIехь суна дуьхьал! Хьашт делахь тахана а дIаюьгур ю ас иза! – бохуш, кура хабар дуьйцура Гиргола.

– Тхоьгара ма йига, Гиргол, – хабарна юкъаелира Махия, – цуьнан кхин а гергара нах бу, дикачу балхаца дIалур яц цара иза.

– Ткъа мичара йига еза? – цецвелира Гиргол.

– Оха иза я лаьмнашка, я хьера йохуьйтур ю. Хьоьга оха хьалххе хаам бийр бу, ткъа цигахь хьайна луъург де-кх.

– Цкъачунна юьртара иза дIайига дезар ду шун, – аьлла, тIетуьйхира Анаса.

– Иза-м суна хаьара! – самукъадаьлла мохь туьйхира Гиргола. – Ткъа маца, маца хир долуш ду иза? – аьлла, сацам боцуш тIетуьйхира цо. – ХIара ши кIира ду сан ваша цIа а хиъна Iаш волу, цуьнан метта кхин жаIу вахийта дезна сан. Нана цига сихха дIавахийта везаш ву, ткъа жа долчу ден бIаьрг тIера баьлча, хи санна, худалур ду жа.

– Ткъа муха дац, жа лахлур ду, худалур ду! – аьлла, чIагIдира Анаса.

– Лерг сема латтаде ахь, меттиг ма еллинехь кийчча хила хьо, ас оцу сохьта хаам бийр бу хьоьга! – элира Махияс.

Цара, кхин цхьажимма къамелаш дира, тIаккха бертахь дIасакъаьстира уьш.

Харцахьара дершший, къамелашший дарна гIарабевлла болучех масех стаг шена накъосталлина а кхайкхина, Нонин хьокъехь Махиягара хаам кхачаре ладоьгIуш вара Гиргол.

Цкъа юьртара зудабераш кечделира цIазамаш даха ГIоргIатIе олучу лам тIе даха. Уьш аьхкенан хенахь кест-кеста оьхура цига, дукхахдолчунна цIазамаш дахаран дуьхьа а доцуш, ткъа садаIархьама, сакъерархьама.

Юьртан майданахь гул а лой, цигахь вовшах а кхетий, дIабоьлхура мехкарий.

– Махия, со яха мегар дуй цIазамаш даха? – хаьттира Нонас шен девешин зудчуьнга.

– ГIохьа, хьо хьан сецайо! – аьлла, жоп делира цо, цхьа вон ела а къежаш. – Со со а яра хьоьга, гIой, самукъадаккха, сакъера ала лууш, ткъа мел хан ю хьан юьхь тIехь елаялар, самукъадалар доцу!

Нонас доккха садаьккхира, тускар схьа а эцна, йист ца хуьлуш чуьра араелира иза.

Нона неIсагIех ара йоллушехь, Махия ерриге хийцаелира, тохаелира. ГIайгIане, синтем боцуш йолуш, меллаша неI дIа а йиллина, чехкка дIайоьдучу йоIана тIаьхьахьежа хIоьттира иза. ЦIеношна юккъехула къайлаелира Нона, тIаккха Махияс, цIийна хьалха гIулгех ловзуш Iаш волчу кIанте чехка схьа а кхайкхина, цуьнга элира:

– Же, вало чехкка Гиргол волчу а гIой, хIокху сохьта со йолчу схьавола, чIогIа мехала гIуллакх ду ала!

КIант ведда кост эцна вахара, ткъа Махия, собаре йоцуш, Гирголе хьоьжуш яра, ГIоьргIатIе олучу лам тIе сакъера Нона яхаран хьокъехь дIахаийтархьама, – тIаьххьара а кхочушхир бу цуьнан лаам!

Эшарш а лоькхуш, бегаш а беш, ловза а ловзуш, вовшашна забарен байташ а йоьшуш дIабоьлхура мехкарий.

Дийнна беттанашкахь хала къахьоьгура цара, шайн цIера бовлийла ца хуьлура церан, ткъа хIинца, паргIато хааелла, даггара самукъадаьллера зудаберийн, шайн ма-хуьллу хазахеташ сакъоьрура цара.

Ловзаршкахь а, эшарш лоькхуш а даим а хьалха, юьхь лелош хуьлуш йолу Нона хIинца гIийла, гIайгIане, ойлане йогIура. Геннарчу юьртара дукха хан йоццуш: цIа еана йолу цуьнан доттагI Марине, Нонин дог ца Iовжорхьама, цуьнан деган лазар юха меттах ца даккхархьама йист а ца хуьлуш, дош ала а кхоьруш, Iаш яра. Мехкаршна юккъехь елха тарлора Нона, кхиберш цунах бийлабала мегара.

Динехь беза лоруш болучу, башха исбаьхьа Iалам долуш

болучу сийлахь Троица олучу ломан хьуьна чу кхечира мехкарий йоккхачу гIовгIанца, буьйлуш.

Массо а цIазамаш гулдан дIасабаьржира. Кхечарна ца гуш шайн накъостех тIаьхьа а йисна, Чхери олучу хин йисте охьаеара Ноний, Мариней. Шийла хи юьхьах а тоьхна, бердан йисте охьахиира и шиъ.

Ши йоI дикка Iийра вовшашка йист а ца хуьлуш.

– Хьуна хIун хилла, Нона, суна хIумма а ма ца дуьйцу ахь? – хаьттира, тIаьххьара а Маринес.

– Ас хIун дуьйцур ду! – элира гIайгIане Нонас. – Тхайчара буьззина там эцна, хIинца суна нускалан барзакъ тоьгуш бу. Гиргола ву ловзарна кечлуш, ткъа Иагора хIумма а дац, цхьа а хаам бац. – Нонин бIаьргаш хих буьзира.

– Делахь хIета, хьала а, охьа а хьо Нанега маре яла сацийна-кх цара.

– Сацийна! – Нона ца догIучу дагца елакъежира.– Ас делаца дуй боу хьуна, цара суна ловзарна тоьгуш йолу коч сан марчо хир ду, амма Нанас со шен чу юьгур яц хьуна, аьлла!

– Ткъа хьоьга хIун далур ду?

– Оцу хьокъехь юьртан тхьамданашна хуур ду-кх.

– Ватта, со яла хьан къинна! Нагахь Иаго цIа ца вагIахь, маре гIур яц-кх хьо, иштта дуй иза?

– ХIан-хIа, гIур яц!

– Ткъа и муха мегар ду?.. Ткъа нагахь Иаго хIинцале тоххара араваьккхинехь, хьуна муха хуур ду и стенга вахана?

– Ахь дуьйцург хIун ду, Марине? – цецъелира Нона.

– Ас бакъдерг боху хьуна, Дела ву-кх теш!

– Ма алахьа иштта, со оьгIур ю хьоьца! – элира Нонас, оьгIазе цIоцкъамаш а саттийна. – Иагога балур бац суна тешнабехк, охашимма вовшашна Далла хьалха дуйнаш биьна!

– Хьайна хуур ду-кх хьуна!.. – Марине ойла ян елира.

Марине ша а яра безам бахна, цхьа кIант вара цунна везавелла, иза дуьненчохь цхьаннах а хуьйцур вацара цо, цунна ямарт а цкъа а хир яцара иза. Амма цунна гора дан гIо доцуш Нонехь болу бала, Иаго цIа вогIур ву бохучуьнга кIезиг догдохийла яра, цундела Иагона хIара езарх шеко эккхийта гIертара

иза, иза Нонина везар дIадолуш, вицвалийтарна гIо дан дагахь. Амма Нонас цунна дIахаийтира и тайпа долчуьнга даха дог цахилар, цундела хIинца Марине дохкояьллера ша аьллачу дешнашна.

– Делахь хIета, хьайн Иаго вицлур вац-кх хьоьга? – хаьттира цо, йист ца хуьлуш а Iийна.

– Вац, вац сан хьоме Марине, цунах ца яла сихха яла реза ю-кх со. Иза лаьцна, хIаллаквина со бахьана долуш... Виталур вуй соьга иза?..

– Хьо бакъ ю, хьоменига, хьо хилалур яц цунна ямарт! – аьлла, тIетайра Марине.

– ХIун дина гIо дийр дара техьа ас цунна, хIун дича бакъахьа дара техьа ас? Сан кийра богуш бу, со якъалуш ю, цуьнга хьоьжуш, цхьана а хIумано сан ойла ца ойу. Нагахь тарлахьара гIарбаш хилла йохкаелла дIагIур яра со, иза кIелхьараваккхархьама!

ЦIеххьана царна тIехьахула, генаш дIаса а хилийна, кIелонера схьа гучудевлира герзашца кечделла адамаш. Зудабераш хьалалилхира, кхераелла ши йоI вовшашна тIеттIа таьIира.

Шайна тIелеттачарна юкъахь Гиргол вевзира мехкаршна, цо ведда Нонина тIе а веана, иза юьстахъяьккхира,

– ХIинца а дуьхьало йийр ю ахь? – хаьттира цо, ца вашарца вела а луш.

Кхераеллачу Ноне цхьа а дош ца алалора, бос байна йолу Марине а ша йолччохь лацаелла лаьтташ яра.

– СхьавогIанда шена Иаго, гIо денда шена хьуна – бохуш, Нонина Iиттарш йора Гиргола. – Ялол! – аьлла, буьйр дира цо цуьнга, бIаьргаш буьрса тIе а къарзош.

– Стенга? – аьлла, хаьттира йоьхначу Нонас.

– Суна хаьа стенга-м! – велакъежира Гиргол, куьг а лаьцна йоI дIаозийра цо. Ткъа хIинцца кхийтира Нона, шен берриге ницкъ гулбина Гирголан керара елира иза.

– Со дийна а йолуш йогIур яц-кх со хьоьца! – аьлла, мохь хьаькхира цо, бIаьргаш суйнаш туьйсуш, цIе санна, догуш дара. – Со йогIур яц хьан веше маре, суна ца веза иза, ас кхайкхадо хьуна, шуьшиъ ший а – кIилло зударий ю!.. – бохуш, мохь хьоькхура Нонас.

– Яло ца боху хьоьга! – тІечевхира Гиргол, юха а катоьхна цуьнан, куьг схьа а лоцуш.

– ЭхІ-хІай! Зуда, кІилло зуда! Ахь хІунда лелабо техьа божарийн куй, сан кортали хІунда ца туьллу ахь хьайн коьрта, иза дика товр дара хьоьгахь! – бохуш, мохь хьоькхура Нонас, шена ницкъбархочунна тІехбеттамаш беш, чІогІа дуьхьало а еш.

– ГІо дейша суна! – аьлла, шечаьрга мохь туьйхира Гиргола. Ткъа уьш, хаьн тІе куьйгаш а хІиттийна, парггІат, бен а ца хеташ оцу къийсаме хьоьжуш Іара. Амма Гиргола кхайкхича уьш берриш а, цхьаъ санна, Нонина тІебеттабелира, иза дІалецира цара.

Кхераяларний, дагахь а доцург хиларний тентакъяьлла лаьтта Марине, цІеххьана саметта еара, шен коьртара дарин кортали схьа а даьккхина, иза божарийн когашна кІел кхоьссира цо.

– Дейша сан сий, ма хьийзаейша, йитийша иза! – бохуш, мохь белира цуьнга, хІор ламанхочунна сийлахь долу я гІиллакх цара дохор дац, акхаралле бирзина уьш оцо юхабохур бу, моьттуш.

Нагахь тІебоьссинчу балина тиларчу ваханачу, герз а карахь волучу дена дуьхьал цуьнан кІант вийнарг нисвелча, зудчо дина дехар ур-аттал цо а дохор дацара, зударийн коьрта туьллу кортали шен когаш кІел кхоьссича, иза а соцур вара, амма паччахьан гІуллакхо оьздангаллех талхийна, дукха хенахь дуьйна ламанан дерриге гІиллакхаш хьаьшна волучу Гиргола иза дийр ду олийла ярий? Цунна хІун дара зударийн дехар, цунна мича механ яра, тохара цкъа цуьнан даймахкахь ницкъ болуш хилла оьзда амалш?

– ЭхІ-хІай! – аьлла, куьг ластийра Маринес. – ХІан-хІа, божарий бац, шун я сий а, я эхь-бехк а, оьздангаллех хІума а дац!..

– Етта ахь, етта ахь бага! Доккха хІума а ма дийр ду ахь! – аьлла, цавешаш Іоттар йира Гиргола.

– Соьга-м хІумма а далур дац, амма Нонин ден вежарий ма бу, цара дуьтур ма дац хьуна, Гиргол.

– Соьга хІун де боху ахь, хІай наьІалт хилла йоІ?

– Ма дайахьа тхан сий, Гиргол, – хьо-х боьрша стаг ву, коьртахь куй а лелош.

– Ткъа со-м кхузахь Анасан бертахь вай, цо ша тодина суна иза ядор. Хьаьнгахьа гІо доху ахь, соьгара хІун оьшу хьуна?.. Ткъа хІинца генна дІаяла, ца ялахь, ас делаца дуй боу хьуна, хІокху меттехь хьо ен!

– Мила юьйр ю ахь, сий доцу баба? – мохь туьйхира, дагахь а доцуш хьуьна юккъера схьаиккхинчу жимачу стага. Цо катоьхна Гирголан куьг схьалецира. – ДІа юьстахвала, цхьа тІадам мукъана а хьайгахь стогалла елахь!

Иза Къоба вара, Маринен везарг. Лома талла воьдуш вара иза, гІовгІа а, маьхьарий а хезна хьуьна чу схьавирзинера иза.

Къобий, Гирголлий тасавелира, летира вовшах. Ший а ницкъ болуш вара, тІах-аьлла вовшийн керара вуьйлура и шиъ.

Іина йисте а хилийна, Іинах Къоба чукхосса гІертара Гиргол. Оцу ямартачу ойланах кхеттачу Къобас, шен берриге а ницкъ тІебахийтина Гиргол охьавиллира. Шаьлта а яьккхина иза мостагІчунна тІехІоттийра цо. ТІаккха Гирголаца хилларчех цхьаммо тІехьашхула тІе а ведда, хьалаайбинчу куьйгах тоьпан бух тоьхна Къобин карара шаьлта охьайожийра. Цунах пайда а эцна, Гиргол когаш тІе хІоьттира. Оцу юккъехь Къоба, охьайоьжна шаьлта аьрру куьйга схьа а эцна, Гирголах ша цхьаъ леташ шена новкъарло йиначунна чухьаьдира. Оцо юха а иккхина кхунна тІенисъеш топ лецира. Къобас, тІах-аьлла цунна юххе тІе а кхоссавелла, аьрру агІорчу куьйгаца тоьпан юьхьиг дІа а ерзийна, берриге ницкъаца макъарна тІекхаччалц шаьлта яхийтира цуьнан некхах.

Оцу сохьта чевна чуьра шаьлта схьа а яьхкина, массо а агІора дІахьаьжира Къоба, Гиргол а, цуьнан накъостий а хІинцале Нона лачкъийна ядо кхиънера. Говрашна тІе а хевшина, шайн ижу а эцна бевдда кІелхьарабевлира уьш. Ламанан дукъана тІехула дехьа бовлуш бохкучу берех бІаьрг кхийтира Къобин. Цо хьалхахьа дІаэккхийтира, царна тІаьхьаваха дагахь, амма уьш хІинцале гена бара. Дан хІума доцуш оьгІазвахарна цергаш хьекхайора цо.

– Собар де ахь, Гиргол! – элира Кьобас хезаш, – цкъа вогІур-м ву хьуна хьо сан кара! – Суна мера кІел мекхаш ма довлалда, нагахь ас хьуна хІара дитахь!

Иза юхавеара шаьш леттачу метте, цигахь эрчаяьлла юьхь а йолуш, вийна Iуьллуш вара мостагI.

– ХIунда летира хьо суна тIе, хIунда Iанадайти ахь соьга хьайн цIий, ва ирсдайнарг! – элира Къобас цабезамца докъе а хьаьжна.

ХIинцций бен дага ца еара цунна шена езаш йолу йоI – Марине чIогIа дог кIадделла Iуьллуш яра. ЧIогIа летачу хенахь Къобина иза ца гира.

ЙоIана тIехьаьдира хIара.

– Зударий байа а буьйлабелла-кх! – бохург дара цунна дагахь, иза чов хилла ю моьттуш. – ХIун зама ю тIекхаьчнарг! – мохь белира цуьнга, холчухIоьттина. – Иштачу эхьечу дахарехь вехачул, валар гIоле яра.

Марине саметта еара. Валаран кхерамах кIелхьара а ваьлла, дийна, хIумма а хилла воцуш, шена юххехь лаьтташ доттагI вайча, йоккхаеш цецъяьлла, баркаллех дог дуьзна йолучу цуьнан бIаьргех хиш охьадаьхкира.

Цо къевллина маравоьллира иза, оцу минотехь цунна хетара берриге баланаш а дIабевлла, лаьтта тIехь кхин гIайгIа хир яц. Цо цунна барташ дохура, хьоьстура, ерриге а ирсах юьзна йолуш.

Амма, дукха хан ялале шайн дицдалар дIа а кхоьссина, долуш долучу къаьхьачу бакъдолчунна тIе юхадерза дийзира цу шиннан. Къобас стаг вийнера, ткъа иза тоьур дара иза махках ваккха, кхечу агIор хилча цунна набахте чуволларна я верна кхерам бара.

Хиллачо чIогIа холчухIоттийра, бIарзйира иза. Оцу сохьта дIасакъаста декхарийлахь дара и шиъ, амма хала дара царна вовшахдала!

ЙоI шен доттагIашна тIаьхьакхиа дIаедира, ткъа Къоба топ схьа а эцна, цхьа Дела воцчунна хIара мича воьду ца хуучу новкъавелира...

Оццу буса, Нона зуда хила реза цахилар а, цо дуьхьало яр а, шен майра ван гIертачу стагана юххе килсехь дIахIотта цунна цалаар а ца лоруш, мозгIаро мах бира Нонин, Нанин, цхьана валар-висарой бен хадор йоцуш зIе царна юккъехь юзуш.

ШолгIа дакъа

Ша йохалург а, схьаяккхалург а цахиларехь, дукха нуьцкъала хиларехь Хевин исторехь хилла ца Iаш, ткъа Гуьржийчоьнан ерриге исторехь а гIараяьлла евзаш йолчу Аршски гIопана гонаха Iаламо ша кхоьллина лекха тIулган бердаш дара, цхьана агIор бен стаг тIекхочийла йоцуш. Ткъа оцу агIор а баккъал а хала дара цунна тIелата, хIунда аьлча цхьана стага, лома тIехьа дIа а хIоьттина, некъ дIа а лаьцна, дийнна эскар цигахула чекх ца долуьйтуш сацо тарлуш хиларна; тIехь цхьа а орамат йоцчу лома тIехула юткъа аса санна болу некъ Iаламат готта а, шина а агIор чухьаьжча бух ца гуш кIорга Iаннаш долуш а, ур-атталла, цхьана стагана тIехула вала кхераме а бара.

Аршски чIагIонан чоьхьахь йоккха шуьйра сийна аре яра, кхузахь бес-бесара, тайп-тайпана башха хьожа йогIуш зезагаш дара, шийла шовданаш, исбаьхьа, Iаламо хазйина и меттиг ялсаманих тера яра. Гонаха ломан бердашца, адамашна чохь Iан а мегар долуш, яьхна хьехаш яра. Дуккха а хенахь дуьйна дIатесна яра и чIагIо, цу чохь Iаш цхьа а адам дацара, кхуза шарахь цкъа гуллора адамаш, ламанан оцу Iуьргех цхьанна чохь дIавоьллина волчу аршски воккхачу хьаьжин Георгин байракх язъян.

Масех верта дара малхехь дакъош, хьехашна чуьра арабуьйлу кIур а гора,–схьахетарехь, цхьа адамаш дара Аршски гIопехь.

Малх чубуза гергга бахана хан хир яра гIайгIане, сингаттаме волуш гуьржи хьеха чуьра араваьлча; шовдан тIе а вахана, вист а ца хуьлуш, цигахь хIоьттина а лаьттина, тIаккха, доккха са а даьккхина, тIулга тIе охьалахвелира иза.

Ойлане, цхьа а моччахал меттах ца хьовш, оьгIазе йолучу юьхь тIе хьаьжча гора иза боккхачу сингаттамехь хилар; цуьнан юьхь тIера бос хаддаза хийцалора, цуьнан кийрара гIайгIане ойланаш хийцаяларе терра. Цо юха а доккха садаьккхира, охьа а таьIна, куьйган кераюккъехь схьа а оьцуш шовда мала хIоьттира иза.

– ХIун де-техьа ас, еза-кх суна иза, хIун дича бакъахьа дутехьа ас? – элира цо, корта лохха охьа а уллуш.

Iуьрга чуьра аравелира кхин цхьа стаг, тата доцуш, хьалхарчунна тIе а веана, цунна юххе охьалахвелира иза а.

– Нана! – элира цо мохь туххуш, цунна белш тIе куьг а дуьллуш.

– ХIа!– Нана ша волччохь вегийра. – Гиргол, хьо вуй хIара?

– ХIаъ, со ву! – жоп делира Гиргола. Цхьа а вист ца хуьлура.

– ХIун дан дагахь ву хьо, кхин лелар вац хьо жашна тIаьхьа? – хаьттира Гиргола, тIаккха, цо жоп лург а ца хилла, шен хабар дIадолийра цо. – Жа, сан ваша, лахлуш ма лаьтта, муха дехар ду вай? Вайн берриге а хьал-бахам и жа хиларца ма бу.

– ХIун дан деза ас? Шен давелла дисахьара иза дерриге а! – элира Нанас.

– Иза муха мегар ду?

– Ткъа хIун дан деза?

– Дийнна бIе шарахь зудчунна юххе а хиъна Iен-м ца веза! Эхь дац иза, нах буьйлур бу хьох!

– Дала хьеха даций, хиэ хьахьара и жа а, хIара дерриг дуьне а!

– Ойла ехьа! – Гиргол ирхъиккхира!. – ХIун ду хьуна ца тоьуш дерг?

– ХIун дан деза ас, Гиргол? Суна сайна а ца хаьа сайна оьшуш дерг. Кийрахь вогуш ву со, худалуш, вакъалуш лаьтта со, ткъа цунна со ца веза!.. Иза хIунда ялайора ахь суна, хIунда лаьцна хьайна тIе и къа?.. ГIо дехьа суна хIинца, дарба дехьа суна...

– Ас хIун дийр ду хьуна, хIун дарба лелор ду ас хьуна?.. Елара иза сан зуда, тIаккха хуур дара суна айса дан дезарг, ткъа хьо... Нагахь хьоьга хьайга хIумма а далуш ца хилча, ас хIун гIо дийр ду хьуна?.. Хьо хьуо а ю-кх зуда!

– Ткъа хIун дан деза ас! – бохура Нанас, шен куьйгийн пIелгаш а кегдеш.

– Хаза, дика Iаббош сара беттал ахь цунна, вайн Делора, буцу сара санна, кIеда-м хир ю.

– Юха а еттий, юха а еттий? – чIогIа гIайгIане элира Нанас. – Ткъа кIезиг йиттина ас цунна?.. Кхин ца еттало соьга, дог лозу сан! Ас цунна еттачу хенахь, суна сайна етташ санна хетало...

– Ас ца боху хьоьга, хьо зуда ю... Нагахь хьо цхьана а кхечу хIуманна хьуьнаре ца хилча, уьстагIий мукъа а Iалашдехьа... Со-со гIуртур ву – хьекъал чу ян тарло иза...

– ГIур ву, ткъа ца вахана кхин хIун дийр ду ас? ХIара ши бутт бу ас зуда ялийна, ткъа я хьистича а, я йиттича а кIадлуш, тIейоьрзуш яц иза, ур-атталла, шена юххе а ца вуьту цо со...

– Цундела ас ца боху хьоьга, со-со хьожур ву иза тIеерзо, ткъа хьо дIагIо жа долчу.

– Дика ду, дика ду.

– Маца воьду хьо?

– ХIинццехь гIур ву-кх... Чувахана ас хIун дийр ду?.. – аьлла, хьехехьа дIавахара иза. Чуволлушехь саца а сецна, галий, гIажжий схьа а эцна, чуваха безам а хилла, делахь а куьг а ластийна, юха а вешина тIевеара иза.

– Гиргол, со дIавоьду... хьайна хуур ду-кх хьуна дан дезарг, делахь а дукха ницкъ ма белахь цунна... Со цунна цавезар хууш ду, иза башха хаза, безамехь ю, ткъа со... со-х ирча, маьттаза ву, – элира Нанас, гIопа чуьра ара а ваьлла, хьуьна чухула боьдучу новкъа дIавахара иза.

Гиргол вехха лаьттира шен дIавоьдуш волчу вешина тIаьхьахьоьжуш. Цуьнан дагахь долчух кхета хала дара: цабезам, къахетар, я хила тарлора вонах воккхавер. Лохачу дегIахь волу Нана букъ сеттина а, толкха а вара, тIаьххьарчу хенахь дукха вочуваьлла волу иза ван а вара дукха гIаддайна декъаза. Кхин а цIарматвоккхура иза цуьнан кегийчу, чохь дахаран билгало хаалуш болучу бIаьргаша.

Гиргол юха а тIаьххьара тIаьхьахьаьжира цунна.

– Иза ву ткъа сан ваша? – ца вешаш велакъежира иза, тIаккха, нел дIа а къевлина, Нона чохь йолчу хьехехьа дIавирзира иза.

Мозгlара мах биначул тIаьхьа, Нонин гергарчарна генадовлархьама, Ноний, Наний Аршски чIагIоне а дигина охьа-

хаийра, там-машар хиллалц аьлла. Нонин гергарнаш болчу векалш оьхуьйтура, дIа а, схьа а оьхуш лелаш бара уьш. Массарал а карзахдаьлла хьийзаш дара Махияй, Анассий. Юьртахошна хьалха моттаргIанаш яра цара лелораш.

Дикка дахделира юкъарлонаш дийцар. Нона тIейоьрзуш яцара. Я еттаро а, я хьестаро а кара ца ялайора иза, шен майрачунна а тIетовш яцара йоI.

ГIайгIанний, дукха еттарний йоI азъеллера, якъаеллера, амма цуьнан лаам чIогIа бара: Наница зудчун майрачуьнца хуьлуш йолу зIе хила ца лаьара цунна, хилалур йолуш а яцара иза. ЙоIа ечу дуьхьалоно, цуьнан къарцаяларо хIора денна кхин а цунна караверзавора Нана, шен зудчуьнан дуьззина доладан, шен лаамна кIел иза ерзо ницкъ-м мухале а ца кхечира цуьнан, ткъа мелхо а цо аьлларг деш, цуьнан каравахара иза. Нонас дукха чIогIа караверзорна, иза шега хьаьжча а тоьура кхунна, верриге а веший дIаволура хIара.

Ткъа Нанина Нона баккъал а езаелча, иза верриге цунах возуш вара, цуьнан муьтIахь лай хилла дIахIоьттира иза. Дукха хан хир яра цо цунна паргIато елла а, цIа дIаяхан некъ хаийтина а, амма жима волуш дуьйна воккхахволчу вашас кхерош, ницкъ беш кхиийна иза, цуьнан лаамна дуьхьалвала хIуттуш вацара. Иза шина цIарна юккъехь ала мегар долуш вара, шина паччахьна юккъе нисвелла кхоьруш вара, иштта чIогIа кхоьруш волучу цо даим а кхочушбора оцу минотехь шена юххехь нисвеллачун лаам.

Гиргол вацара шен вешех тера. Ондда, зоьртала, ницкъ болуш волу иза къарлур воцуш а, майра а вара. ТIулг санна, чIогIа дог долуш волучу цо, ша цкъа дан дагалаьцна дерг хIуъу а хилла латтахь а кхочушдора. Я дехаршка а, я белхаршка а, я кхечуьнан гIайгIане а сацалур вацара иза.

Хьехан неIаре веара Гиргол. Малх дIабузуш бара, цуьнан тIаьххьарчу зIаьнарша, деши диллича санна, кхолура лаьмнийн баххьаш. И зIаьнарш царах даим а къаьсташ санна гIайгIане, ткъа шаьш лаьмнаш гIайгIанна бодане хеталора. Къилбседехьара схьа, хьалхаевлла йогIуш санна, меллаша лома тIе схьаоьхуш яра якхий а, кегий а гушйолу мархаш, царна тIаьххье

богIу гора Iаьржа бода. Вагош чехкачу махо дIасалоьхкура мархаш, юха а лоьхкура, шаьш йолчохь дIаса а яржайора, амма дохк тIеттIа алсамдолуш дара; иза дукълора, амма цкъачунна, башха хаалш доцуш, амма гIулча тIаьххье гIулч а йоккхуш кхин а гергакхочура, ткъа тIаккха цIеххьана къилбседехьара мох хьаькхира, цо майрра шена хьалхадаькхира иза. Дешин басахь йолчу серлоно стигал а, латта а дIелецира, беза тIулг хилла адамийн даг чу йижира иза.

ХIо доцуш санна, са ца даIалуш хилла дIахIоьттира, мох сецнера, Iаламехь дерриге хIума а дIатийча санна дара; охьаоьхуш долучу шовданийн гIовгIа а къора хезара, суьйрана даим а хезаш долу аьзнаш: лекъаш декар а, олхазарша зурманаш лекхар а хIинца, ур-атталла, хезаш а дацара.

ЦIеххьана ерриг стигал къевкъира, стигал йийкира кегийра, амма луьста, догIанца цхьаьна къора туьйхира. Лаьмнаш, цанаш, Iаннаш – массанхьа а бIаьрг-негIар тухучу ханна якхий Iовраш хилла дIахIоьттира, барам боцуш боккхачу ницкъаца даккхий татолаш, шуьйра хиш хилла охьаоьхура уьш.

Iаламан ницкъаша тIулг бича санна, хьехан неIарехь лацавелла висира Гиргол.

Нона, гIайгIанна хаба а хебна, хьеха чохь неIарна дуьхьал хиъна Iаш яра, шегарчу балин денойн хьокъехь ойла а еш. Цуьнан юьхь-сибат балозах дича санна, беса дара, башха, хастаме ши бIаьрг кIоргге чубоьжна бара.

Стигал къевкъича ший а дегийра. Нонас ламаз дира, Гиргол иза чохь йолчу Iуьргана чоьхьахьа дIаволавелира.

Ломах доллучу оцу Iуьргахь ахбода бара, наггахь стелахаьштиг тохаран серлоно мелла а серладоккхура иза. Гиргол меллаша оцу чохь Iойлина юккъе дIавахара, дIанехьо лаьтташ долчу гIанта тIе охьа а лахвелла ойланаш ян велира иза. Сингаттамечу ойланашна делахь а, цхьа вон хир ду-кх бохург дагатийсарна делахь а, амма ерриг егош яра Нона. Дог Iийжара, бIаьргех хиш оьхура. Охьахиъна дехха Iийра и шиъ, хIора а шен-шен меттехь, дист а ца хуьлуш, дIалечкъина Iаш санна.

ТIаьххьара а Гиргола юкъахдаькхира иштта тап-аьлла Iар.

– Йоl! – элира цо цхьана къорачу, йишхаьлча санна, долучу озаца.

Нона егийра, кхоссаелира, оцу маьхьаре хьоьжуш Iаш ша хилча санна, бIаьргех догIа санна, саца ца луш, хиш хьаьлхира.

– Ас хьан майра вахийтина...– юха а хабар дIадолийра Гиргола, цуьнан аз сецира. – Хьуна хIун хилла? – хаьттира цо.

– Дика ду-кх делахь вахийтина! – аьлла, жоп делира Нонас.

Вехха цуьнга хьоьжуш а лаьттина, Гиргола хаьттира:

– ХIунда ца веза хьуна хьайн майра? Безам ца хета хьуна иза?

– Сан вац майра! – элира Нонас, цхьа вон.

– Бакълоь хьо, Дела ву-кх теш! – аьлла, Гиргол велавелира. – И санна майра хилар а, цахилар а цхьаъ ду!.. Ишттa майра вац хьуна везарг... Сан ваша хIун боьрша стаг ву?

– Делахь со хIунда ядийна аш, хIаллак хIунда йина аш со? – аьлла, халахетарца мохь белира Нонега.

– ХIундий?.. – юхахаьттира Гиргола, юха а велавелира иза.

Цо жоп даларе хьоьжура Нона.

– ХIундий? – юха а хаьттира цо, бос а бовш. – Сайна хьо еза дела. – Элира цо меллаша, амма сацам боллуш.

Иза дагахь доцуш хилла йоl йоьхна, дог шелделла йисира.

Гиргол, хьала а гIаьттина, меллаша чухула дIасаволавелира.

– ХIинца кхийтин хьо, хьо ас хIунда ядийна бохучух? – иза юххе тIевахара, иза марайолла дагахь.

– ДIавала! – олуш, Нонас цабезамца юхакхоьссира иза. – НеIалт хилла къиношлеторхо, хьайн вешин зудчуьнга ишттa дерг дийца хьо муха хIутту?

– Нона, со леш воллу, гIелвина ахь со, хьайга хьежош! Къахетахьа сох.

– Хьайна со езарна, хьайн вешица мозгIаре сан мах байтина ахь? Тоьур ду тIехбеттамаш бар! – бохуш, мохь беттара Нонас.

– Бакъду, суна еза хьо, хаалахь, ас хьо цхьанна а дIалург цахилар!.. Нагахь оьшуш меттиг хилахь, хIара шаьлта хьан дуьхьа ас сайн вешина Iуттур ю оцу дагах!

– Со кхеро гIерта хьо! Я Делах а, я килсах а ца кхоьру хьо!

– Ас стенца гайта, чIагIде хьуна суна хьо езар? Нона со дахар хьаштдолуш вац, хьо ца хилча. Ма бехьа суна ницкъ, ма хIоттавехьа со холчу, со сайх жоп далалур долуш вац хьуна!

– Соьгара хIун деза хьуна?

– Хьан безам!

– Хьо везаррий?.. Сан Иаго хIаллаквина, дийна воллушехь дIавоьллина волу хьой?.. Сан дахаран денош бодане дина дIахIиттийна волу хьой?.. Хазахета, йоккхае догдохийла сан гуттаренна а яйъина волу хьой?.. Хьайна эхь хIунда ца хета хьуна сан безам леха? Муха хIутту хьо иза дан?

– Хьан дуьхьа вешех ваьлла со, хьо бахьана долуш ерриг юкъараллин безам байъина ас сайх...

– Ахь соьга болучу безамна байтира сан мах хьайн вешица? – аьлла, хадийра Нонас цуьнан хабар.

– ХIаъ, хIаъ, дуьххьалдIа цундела! Со зуда ялийна вара, шолгIа зуда яло таро яцара сан. Хьан дуьхьа цIентIера зуда эккхийна ас. Хьан мах сайн вешица бина ас, иза со волчуьра цхьанххьа а гIур воцу дела, ткъа хьо, цуьнан зуда, цунах къасто йиш йолуш яц... – бохура Гиргола.

Ткъа Нона гIенах санна, ладоьгIуш Iара эхь-бехк дайна волучу стага дуьйцучуьнга. Шен лергашна хезаш долучух тешаш яцара иза, боьрша стаг оццул сийдоцчу валар тарлуш хиларх тешаш яцара иза, Гиргол ша зен гIерташ хир ву-кх я шена тIехтохам бан лууш хир ву-кх бохучух дегайовхо йолуш яра иза.

– ЛадогIахьа соьга! Хьо сан хила декхарийлахь ю, дуьххьалдIа сан, Дала ша суна схьаелла хьо!

– Иза хьуна ца хуьлуш, со сихха лийр ю-кх!

– Ахь бийриг бегаш бу, ткъа со бегаш бечохь вац! – аьлла, корта ластийра Гиргола. – Тоьур ду ас диттина са! – Иза юха а йоIана тIевахара, иза марайоьллира цо. Нона юьстах дIаиккхира, амма цо иза ондда схьалаьцнера.

– Эхь хетахьа, Гиргол! – мохь белира Нонига.

– Ткъа стенах хета деза суна эхь? – элира цо, эхь цахетарца вела а луш, йоI тIе а озийна, марайоьллира цо.

– Со хьан вешин зуда ма ю... Я – аршски хьажочун Гиоргин тхевна кIел ма ю, хIара дийнна сийлахь меттиг сийсаза хIунда йоккху ахь? ДIахецахьа со, ас доьху хьоьга! – бохуш, къенъяьлла, къинхетам бар доьхура Нонас, амма къахетаре даха дог дацара.

Хьераваьллачу Гиргола йоI чIоггIа маракъуьйлура, оьгIазе саттийначу цIоцкъамашна кIел, кIегий санна, лепара акхараллин лаамах буьзна болу бIаьргаш. Цергаш чIоггIа тIеттIа таIийра цо, хала, нуьцкъала садеIарна меран Iуьргаш шоръеллера цуьнан, шен Iаьржа лаам кхочушбар доцург, дерриг кхидерг дицделлера цунна.

Нона вон, леррина дIахьаьжира цуьнга, йоI кхийтира дехарш дарх гIуллакх хир доций. Амма борз-морзахо санна, нуьцкъалчу куьйгаша далаьцна йолу иза меттах а ца хьалора.

Цхьа куьг цунна тIехула охьа а хьокхуш, Гиргола нуьцкъашха кхин а юххе шена тIеозийра йоI, дегочу, тIуьначу балдашца цуьнан балдаш лоьхура цо. Амма цIеххьана стигал къевкъира, оццу хенахь ломан хIокху хьеха чохь саьмгалан хьожа яьржира; гена доццуш цхьанхьа стелахаьштиг а туьйхира..

Гиргол ша волччохь вегийра, цуьнан куьйгаша ларамаза дIахийцира йоI. ПаргIато хааелла Нона, тентакъяьллачуьра саметта еара, лаьттахь Iуьллу диг катоьхна схьа а эцна, дIаедира иза.

Гиргол, цунна ведда тIаьхьа а кхиъна, цуьнан некъ лоцуш дIахIоьттира.

– Бегаш-м ца бо ахь? – элира цо, ца веша кеп а хIоттош. – Иштта атта хир дац хьуна сан карара яла!

– ДIаяла суна хьалхара, неIалт хилла боьха хIума! – аьлла мохь а тухуш, диг ластийра йоIа.

Гиргол юьстахъиккхира. Нуьцкъаха ластийна кхоьссина диг, хIаваэхь а хьаьвзина, Гирголан когаш кIела лаьттах кIоргге чудахара. Иза велавелира. Нона диг схьадаккха тIекхоссаелча, шина а куьйга йоI хьала а айина, чуяьхьира цо. Нона кхетамчуьра елира, цуьнан дог кIадделира.

ХIумма а хаалуш йоцу иза метта охьа а йижийна, хьераваьлча санна иза чIогIа, оьгIазаллица, чуьраваьлла хьеста хIоьттира иза...

Нонас бIаьргаш дIабиллича, цунна хьалха лаьтташ вара цуьнан йоIстагалла дохийна, цуьнан сий дайина волу мостагI, цавашарца вела а къежаш.

Цуьнга йолучу йоккхачу гомаллица меттара хьалаиккхира иза, бIаьргех Iовраш санна, хиш оьхура, эхьо садукъдора, Далла хьалха а, адамашна хьалха а шех леттачу къинан кхерамо Iадийнера иза. Гиргол, шек а воцуш, бен а ца хеташ, шашех тоам бина, агIорваьлла, велакъажарца кхуьнга а хьоьжуш Iаш вара.

– Схьайоьл суна тIе, Нона!.. ХIинца хьала а, охьа а сан ма ю хьо, мича гIур ю хьо хIинца? – олуш, цуьнга куьйгаш дIакховдийра цо.

Доллучул а хьалха яда дагадеара Нонина, амма цунах шеко йолуш хиллачу Гиргола хьалххехь араволийла дIакъевлира, дуьхьал хIума а хIоттийна.

– ХIа?.. ДIа ца еллало хьоьга? – хаьттира цо ца вешаш.

Нона неIарера юхаелира, юккъаяьлла кIеззиг хIоьттина а лаьттина, корта лохха охьаоллийна, стенан хьокъехь елахь а, йоккха ойлаеш, тIаккха хьехан вукху агIор елира иза.

Цигахь а араволийла яцара цунна, меттахь парггIат агIор а ваьлла Iаш вара Гиргол. Иза тешна вара тахана дуьйна Нона юьззина шен хиларх, иза шен долахь, шен карахь хирг хиларх, иза даим а шеца цхьаьна юьсург хиларх, цунна моьттура, ткъа хIинца иза елха а йоьлху, йист а ца хуьлу, шех эхь хетарна, иза гIайгIане ю ша йоIстагаллах яларна.

«Елха декхар а ду, ткъа кхечу кепара хуьлийла а дац, – бохург дара цуьнан дагахь, – дуьххьара бевзина цунна безам... Зуда ма юй иза, эхь хета цунна, цундела йист а ца хуьлу... ХIинца гIур яц со волчуьра дIа, сан хир ю, кхин цхьаннан а хир яц».

Нона чуяханчуьра цIеххьана тата хезира; хIуъу а елахь а, цхьа еза хIума лаьтта охьаюьйжира, хьеха чухула татанан гIовгIа яьржира. Гиргол, хьала а иккхина, тата даьллачухьа дIахьаьдира.

Иза тIекхаьчча, цунна гиначу ирчачу суьрто пхенаш чуьра цIий сацийра цуьнан. Тховх кхозуш яра Нона. Леш йоллучу, цуьнан ийзочу пхенаша юьхь-сибат эрчадаьккхинера. Иза

яхъелча санна хеталора. Чохь дахар доцуш бlаьргаш лепаш дара, леррина Гирголаний, адамашний, дерриг дуьненний тlе а богlабелла. Мелачу махо меттахъхьедеш долу гlа санна, мелламаша чухана тlехь дlасалесташ яра иза.

Тlехьаьддачу Гиргола, чуха хада а дина, Нонин логах бина шед дlабаьстира.

Нона хlинца а йовха яра. Доьхка хадош цунна тlера гlабали дlа а яьккхина, сурили чуьра шийла хи тlедетта велира Гиргол. Иза саметта ца йогlура. Нона кlелхьараяккхалур яц аьлла Гирголана хеттачу хенахь, зудчо гlийлла са а даьккхира, меттах а хьайра. Цунна гора а воьжна, юха а иза саметтаяло гlерташ вара Гиргол.

Шийлачу хинан масех тlадам шен некха тlе боьжча, гуттар сачуеара иза, бlаьргаш дlа а биллина, меллаша гонаха дlасахьаьжира.

– Мичахь ю со? – хаьттира цо гlийлла.

– Декъаза миска, хlунда бо ахь хьайна иштта ницкъ? – Гиргола цунна бете хи даьхьира. – Малахьа, цхьа къурд бехьа!

Зуда юьззина саметтаяза яра, шех хиллачух хlинца а кхеташ яцара иза, цундела Гиргола бохург дира цо.

Доккха са а даьккхина, бlаьргаш хьаббира цо: дукха хан йоццуш хиллачу къизачу гlуллакхо ницкъ кхачийнера цуьнан, гlелйинера иза.

– Вон хета хьуна? – хаьттира Гиргола.

– Хlан-хlа,– доцца жоп делира цо, хьалагlатта дагахь ша айаелча, мохь а болуш, юха охьаюьйжира.

– Бlагор хьийза суна, белшаш а, яьlна а лозу... Стенна лозу уьш?.. Мила ву кхузахь верг? – аьлла, йистхилира иза, кlеззиг соцунгlа а хилла.

– Со ву кхузахь.

– Ткъа хьо мила ву?

– Со – Гиргол ву!

– Гиргол?.. – юха а, и цlе а яьккхина, сецира Нона.

Гиргола иза атта кара а эцна, хьехан мелла а алсам сирла йолчу эханна чуяьхьира. Чана тlехула дlадаржийначу цlеначу вертан тlе охьа а йиллина, дlахьарчийра цо иза. Беро санна,

цо боххург дора Нонас. Гиргол, сирхат а латийна, юха а цунна тIевахара. Иза леррина зудчуьнга хьоьжура: езачу зудчух валарна кхерар, я нийсонан Iедална хьалха жоп дала дезарг хиларх кхерар, я , ша хIаллакдиначу къоначу дахарна шех леттачу къих кхерар – хIун ду цуьнан хIокху сахьта дагахь дерг хаа хала дара.

Цхьана метта ца сацалуш, синтем байна, меттахъхьуьйш, дегI ийзош, дерриг дегI дегош яра зуда – цунна хорша еанера.

Шен ерг ерриге а цунна тIехула тIетесира Гиргола, амма иза шеллуш егош яра. Гирголан собар кхачалуш лаьттара. Нонина хабар доло гIоьртира иза, амма цуьнгара жоп ца даккхалора цуьнга, оьгIазвахана, маситтазза туйнаш кхоьссира цо, тIаккха хьала а гIаьттина, синтем байна чухула дIа а, схьа а волавелла, леррина цхьана хIуманан хьокъехь ойланаш ян велира иза. Эхь-бехк доьссина, ша диначунна дохковаьлла хила тарлой-техьа иза?

Нонас, доккха са а даьккхина, куьйга чехкка юргIа тIера дакхоьссира. Цуьнан юьхь йогуш яра, хорша дIа а яьлла, дагар дара цунна. Иза харцлуьйш яра.

– Вуьйш лаьтта цара иза, ирхъуллу! – цIеххьана инзаре цIогIа делира цуьнга. – Ас дIалур вац иза, ас могуьйтур дац... Иаго! Иаго! Хьо са а дукъдина вен гIерта!

Цо харцлуьйш, цхьа а зIе йоцуш бохучу дешнашка леррина ладоьгIуш Iара Гиргол. Цо оьгIазе юьхь а хабйина, цергаш хьакхийра.

– Ерриге а ойла цуьнан хьокъехь, ур-атталла, гIенах а иза го-кх цунна!..

– Схьаволахьа, схьаволахьа суна тIе... Хьо-м сан вай, сан бен ваций хьо-м! Цхьанна а дIа ма лолахь со. Суна дукхавезарг, дахарехь сан уггар а хьоменига...

Гиргол оьгIазвахарна карзахваьллера.

– Ткъа хIинца а ца хаьа хьуна хьайн Иаго велла хилар? – мохь туьйхира хьере хиллачу Гиргола. – Ас юьйр ю хьо, сакхачор ду ас хьан, амма Иаго хьуна вицвийр ву!

Кертахь жIаьла летира. Ла а доьгIна, топ схьа а эцна, керта ара а ваьлла, гIопан кевнан хьалхарчу тIулган пена тIехьа

дIалечкъира Гиргол. Готтачу новкъахь шина стеган гIаларташ гучудевлира. Сацам боллуш Аршски гIопан чIагIонна тIевогIура и шиъ.

Топ хьала а айина, бодашкахь шен таро ма-йу нисъеш, царна тIелецира Гиргола.

– Мила ву цигахь верг, мила ву вогIург? – аьлла, мохь туьйхира цо.

– Гиргол, хьо ву и? – аьлла, хаьттира вукхара.

– Со ву, ткъа шу муьлш ду?

– Петрой, Тахутий. Пурстоьпо хьо волчу дахкийтина тхо.

– Есаулаш! – ГIоргIа элира Гиргола. – Суна стенна оьшу шу хIоккху хенахь?

Гергакхочуш лаьттачу хьешашна чукхоссаделира жIаьла. Цара дIа мел къахкий, чурадуьйлуш чукхийсалора иза, адаман тешаме доттагI волчу жIаьлина тIулг я гIаж тохар эхье дара ламанан нехан, цундела, цара кхоадора иза.

– Гиргол! – мохь туьйхира цара тIаьххьара а. – ДIаэккхадехьа жIаьла, цо дIа ца дохкуьйту тхо.

– Бролия, схьадоьл, схьадоьл кхузза! – аьлла, жIаьлига шена тIекхайкхира Гиргол, ткъа иза, цо бохург дина, шен дена тIе а дахана, цунна хьестадала хIоьттира. Ткъа кхо цунна букъ тIехула, куьг хьаькхира.

– Ахь хIун до, декъазниг, хьайнаш ца бевзара хьуна?

Бролия ша долчу ден куьйгах мотт а Iоьттина, оцу сахьта, леташ юха а кех чубовлуш бохкучу хьешашна дуьхьалхьаьдира.

– ДIадалахьа, хIай неIалт хиларг! – хIинца жIаьла долу да бегашийна а доцуш оьгIазвахара, ткъа жIаьла, корта а оллийна, юьстах а даьлла, шен метта охьалахделира.

– Марша догIийла шу! – аьлла, маршалла хаьттира Гиргола хьешашка.

– Маршалла лолда хьуна Дала! – олуш, жоп делира хьешаша.

– ХIун дохьуш даьхкина шу? – хаьттира Гиргола.

– Тхо пурстоьпо дахкийтина.

– Стенна?

– Иаго ведда.

– Иаго ведда? – инзарваьлла Гиргол ша волччохь лаьтта охьавахара. – Маца ведда иза, мичахьа? – хаьттира цо.

– КхозлагIа де ду иза Аршски гIопера ведда.

– Ткъа тIаккха?

– ХIинца пурстоьпо, гIалагIазкхий а кхайкхина, уьш ярташка дIасабекъна, берриге и гIонволу некъаш дIалецийтархьама. Ткъа тхо хьо волчу дахкийтина.

Гиргола кIорггера ойла йира. Иаго арахь паргIатонехь ву, иза кхераме ву, шен мостагI садаIа вуьтур вац цо. Сихо ян еза! Гиргол санна, иштта доггах кийча а волуш, цхьа а хир вацара Иагона лиэра стаг. Ткъа хIун дан деза цомгушчу Нонина, хьанна тIедилла деза цунна тIехь Iуналла дар? Иза ялийта ца еза; хIара дерриге а иза бахьана долуш лелийна ма ду! Иза бахьана долуш Иагона лоьру, цуьнан дуьхьа ши тайпа вовшийн мостагIий хилла дIахIиттина!

– Дукха хан юй ведда?

– Тахана кхозлагIа де ду! –

– ХIинццалц мичахь дара шу? – Иза-м хIинцале иссе а ломал дехьаваьлла хила а тарло!

Гиргола хьешашка элира, чохь цомгуш нус ю шен, цунна хи дала а стаг вац, нагахь ша водахь. Берриге а чу а бахна, кхеташо йиначул тIаьхьа цара сацийра: Аршера Гирголан хьаша кхайкха еза шен кIантаца, иза хьожур ю цомгушчуьнга, аьлла. Иаго кхуза ван ваьхьар вац – гIопан-чIагIонна чувоьдийла юьртарчу бахархошка ларъяйтархьама Арше шиъ я кхоъ гIалагIазкхи вахийта тIелаьцна пурстоьпо.

Веанчу шиннах цхьаъ Гирголан хьаша яло вахийтира. Оццу буса шен кIантаца цхьаьна гIопе хьалаеара иза, ткъа Iедалан тешаме гIуллакххой сатоссушехь Иаго лаха новкъабевлира.

Шаьш Арши юьрта кхоччушехь, Гиргола ахархой а гулбина оцу гуламехь дIакхайкхийра, пурстоьпо буьйр дина, – шена пурстоп хIинца а гина а воццушехь,– Аршски гIап ларъян хIора цIийно цхьацца стаг вала веза, – аьлла.

Амма аршски ахархой боьхна хьаьвзира. ХIунда, стенан дуьхьа декхарийлахь бу уьш Иагона лера?

Тхан таро яц гIарол дан аьлла, цхьабарт боллуш дIахьедира цара.

– Оха шуьга дойтур-м ду! – вон, шога жоп делира Гиргола. – Иаго къу ву, набахтера ведда иза. Пурстоьпо буьйр до шуьга.

– Дича хIун хуьлу пурстоьпо буьйр? Ткъа нагахь цо цIеххьана тхоьга, вовшийн дерриш а дайъий дIадаха аьлла буьйр дахь, тIаккха а кхочушдан декхарийлахь ду тхо?

– Ду, ду дера, кхочушдан декхарийлахь ду! – элира парггIат Гиргола.

– ХIан-хIа, тхоьга кхочушдалур дац и буьйр! – аьлла, сацам боллуш дIахьедира ахархойх цхьаммо. – Оха стенна лоьру Иагона, цо тхуна вониг хIумма а дина дац. Ткъа нагахь шен дахар дадийна лелаш велахь, ницкъбархойн карара ваьллехь, тIаккха Дала аьтто бойла цуьнан!

– Хьо, схьахетарехь, цуьнан накъост ву – элира Гиргола кхерам а туьйсуш, мекхаш а хьовзош.

– ХIан-хIа, со цуьнан накъост вац, амма мостагI а вац... Хевехь уггар а тоьлашха волчу жимачу стагана боцу бехк тIебожийна аш, иза хьийзийна аш, ницкъ бина... Ткъа хIинца тхоьга а цунна лера боху аш? ХIунда, стенна? Наггахь цхьаммо иза мостагI ларахь – ша лоьранда цо цунна, ткъа тхо стенна бехке ду кхузахь? – аьлла, чекхдаьккхира шен къамел ахархочо.

– Дика ду, ас иштта дIаэр ду пурстоьпе. Цуьнан буьйр кхочушдан ца лаьа аршски ахархошна, эр ду ас. Йоийтийла шена шуна «экзекуци!» – бохуш, кхерамаш туьйсура Гиргола. Сихха адамийн тоба а йитина, шен накъосташца цхьаьна Степанцминде, пурстоп волчу, дIавахара иза.

Гиргола тийсинчу кхерамаша чIогIа боьхна хьовзийра гулбелла ламанхой. Массо а тайпана ницкъбар, тIехбеттамаш бар, халахетарш дар – иза дара церан ярташна таIзарш даран гIалагIазкхийн отрядаш, экзекуцеш яхкийтаро царна дохьун дерг. Оцо кхерам туьйсура церан зударийн сийнна, церан бахамаш бухур бу бохург дара иза. Цундела алсамо зеделларг долуш а, геннара хIума гуш а болчара магадора, пурстоьпан буьйр кхочушдеш лиэра арадовлар, амма хIуъу

а хилла латтахь а Иаго цасацавар, нагахь иза кара нислахь а; кхечара, хилла йолчу нийсонаххий, бакъдолчуххий хIинца а дIакъастаза болчара, корта баьккхича а царна дуьхьало йора.

– Массо а цкъа велла дIавалар дикахо ду, хIара эхь тIе а лаьцна вехачул! – бохура цара.

Дукха хан ялале Степанцминдехь хьаькамашна хьалха-хIоьттира Гиргол.

– Дика могашалла хуьлда хьан господина! – элира цо, лохха корта охьа а таIош, пурстоьпана хьалха.

– А-а, Гиргол! – маршалла хаьттира пурстоьпо. – ХIун хьал ду хьоьгахь?

– Хьан къинхетамца вехаш ву со, господин!

– Хьуна хIинцале хезна хир ду Иаго вадар? ХIинца хIун дан деза вай?

– Хьан ницкъ тIех боккха бу, хьан карара ваьлла мича гIур вара иза? – элира, дог-ойла айаеллачу Гиргола.

– ХIаъ, вала-м гена вер вацара иза! – элира пурстоьпо, резавоцуш, вела а къежаш. – Ткъа суна лиънера иза чехкка схьалаца.

– Хьан сий хиларг, вай хьовсур ду-кх иза дан!

– Ткъа муха хIун дан деза?

– Вай цуьнан массо а некъаш хедор ду, массанхьа а вешан адамаш дIахIиттор ду, ткъа уггар тешаме йоцчу, Иагон гергарнаш я доттагIий болчу ярташка гIалагIазкхий бохуьйтур бу...

– АхIа, иза дика хир дара, – аьлла, жоп делира пурстоьпо... – Хьекъал долуш стаг ву, – аьлла, ойла йира цо Гирголан хьокъехь.

– Муьлхачу ярташка бахийта беза гIалагIазкхий? – хаьттира пурстоьпо.

– Пеншете а, Каркуче а, Порс-цIахе а, Арше а, хьан сий хиларг!

– Итт-итт стаг вахийтича тоьур дуй?

– Арше ткъа стаг вахийта везар ву, ткъа кхечанхьа пхиппа вахийтича а тоьур ду.

– Ткъа цига оццул дукха хIунда бохуьйту, цигахь дерриш а, суна хетарехь, ворхI керт-ков бен ма дац.

– Исс ду, хьан сий хиларг, амма дерриш а уьш Иагон гергарчийн ду.

– АхIа, иза даний иза! ТIаккха ша гIуллакх ду, – пурстоп резахилира.

– Суна дера хета, хьан сий хиларг, Иаго вадар а цара вовшахтоьхначух тера, – аьлла, дош юкъакхоьссира Гиргола.

– АхIа, тIаккха-м, хьаха, уьш болчу ткъе пхиъ стаг хIотто а мегар ма ду! – аьлла, курра мохь туьйхира пурстоьпо. Иза цIеххьана чIогIа тийшира ша хIума дика девзаш, дагадогIуш а, геннара гуш а хиларх, Иагон лорана тIаьхьакхиа башха хала а дац моттаделира цунна.

– Иза мичахь дIалачкъо тарло цара? – хаьттира цо, кIорггера ойла а йина.

– Схьахетарехь, Аршски гIопе боьдучу новкъахь схьалоцур ву вай иза.

– Тахханехь гIалагIазкхий бахийта Арше, некъаш бахархошка шаьшка лардайтархьама. Уьш церан тергонна кIел хила беза! – аьлла, буьйр дира пурстоьпо.

– Кхочушдина хир ду, хьан сийхиларг! – элира Гиргола, корта лохха охьа а таIош, тIаккха аравелира иза.

Шайца гIалагIазкхий а болуш, оццу дийнахь Арше баха новкъабевлира есаулаш.

Аршски ахархоша, гIовгIа а йина, шайн къаьхьачу дахаран хьокъехь а дийцина, амма тIаьххьара а, хIора керт-кевнна тIера Аршски гIопан-чIагIонна тIевогIийла ларъяйта цхьацца стаг къастийра Степанцминде охьа а веана, кхи дIа Иаго лахарна пурстоьпан куьйгаллина кIел дIахIоьттира.

Ткъа хIинца вай вешан дийцарна тIера мелла а юхадевр ду, Иаго стенга вахана, оцу ерриге хенахь иза мичахь хилла, муха ваьхна, Ананурски набахтера муха ведда дийцархьама дешархошна.

Цхьана а хIуманна бехке доцу бIеннаш адамаш, дукхахдолчу декъана мотт-эладитаной, кIадда а боцчу хIуманашний лецийтина долу, леш евзаш хиллачу Ананурски набахтехь хиллачу хьелашкахь чохь валлош вара Иаго. Цунна хIетахь хеталора шен хьокъехь, ур-атталла, мостагIашна а тIехь дицделла.

Цкъа хьалха иза тешна вара ша кестта бехке цахиларна дIахоьцург хиларх, паргIатвериг хиларх, амма хан дIайоьдура, ткъа дерриге а хийца ца луш дуьсуш дара. Иагон собар кхачалуш лаьттара.

«ХIара хIун ду,– бохуш, ойла йора цо,– ваннах, хIокху кошахь сайн дахар чекхдаккха дезаш ву-техьа со, массарна а вицвелла, лиэн а ца веш, кхиэл а ца еш, сий а доцуш хIокху боданечу Iуьргахь са дер ду-техьа сан? ХIан-хIа, иза хила тарлуш дац!»

Иаго – ламанан стаг вара, иза вала а реза ву, амма муха вала веза? Цхьамзанна тIевогIавала-м ца веза? Цунна вала лаьа майра, стогалла йолуш, шен хьокъехь сий лаьмнашкахь еххачу хенахь дахийтархьама, Хевера мехкаршка шен доьналла, майралла, къонахалла хестош, шайн белхаршкахь, эшаршкахь ша дагалецийтархьама.

Цкъа цхьана дийнахь делкъхан хуьллучу хенахь, тIуьначу сонехь, ахдахкаделлачу ча тIехь гIайгIане, кхоьлинчу набахтин пенашка а хьоьжуш, агIорваьлла Iаш вара иза. Цунна юхехь ишттачу ча тIехь Iуьллуш вара шолгIа тутмакх а, когех дечиган кепаш тоьхна волу воккха стаг.

– Кхин тоха са дац сан! – аьлла, мохь белира цуьнга, са карзахдаьлла.

– Ткъа хIун дан деза вай, Иаго? Ницкъ цаьргахь ма бу! – аьлла, иза шен ойланна тIера юхаваккха гIоьртира воккха стаг.

– Ницккъий! – и дош цавашарца юха карладаьккхира Иагос. – ГIуллакх ницкъ хиларх доллуш дац, ткъа вай кIиллочу зударел а оьшуш хиларх доллуш ду. Иштта ду! Вайна далар гIоли яра, Iовраша дIадахьар тоьлашха дара, иштта дехачул!

– Сан кIант, даим а хир дац иза иштта! – элира воккхачу стага, кIантана там бан гIерташ. – Вай Дала кхоьллина ду, цо гIо а дийр ду вайна.

– Далий? Ткъа мичахь ву иза, вайн Дела?..– бохуш, мохь беттара Иагос.

– ХIун дийр ду, хIун дийр ду! – элира воккхачу стага, арз деш санна. – Сан зуда а, кIентий а, масех йоI а ю... Тхо дерриш

а вовшахкъастийна... ХІинца хьан йийр ю церан терго, мила хир ву церан дола дан, царна рицкъа лаха?..

Ший а вист ца хуьлуш ІІара, хІора тутмакх а шен-шен ойлаеш вара. Иаго цІеххьана хьалаиккхира.

– ХІан-хІа! – аьлла, акхарочун санна, мохь белира цуьнга. – ХІан-хІа, соьга лалур дац хІара, лалур дац, соьга собар далур дац кхунна! – цуьнан бІаьргаш инзаре буьрса догуш дара, чухула, чов хилла экха санна, дІасауьдура иза, дІавулий корта пенах а бетташ, дукха бІарзвелла, хьере хилла.

– Собарде, хІай ирсдайнарг! – аьлла, тІечевхира воккха стаг. – Оцуьнца хьайна тІера бала айалур бац хьоьга, кхоаве хьо!

– Ахь мукъа а вей дІаваккхахьа со! Дехьа дика гІуллакх! – бохуш, мохь хьоькхура хьере хиллачу Иагос.

Кхеравелла, цуьнга хьоьжуш ІІачу воккхачу стага сацийра, иштта еххачу хенахь паргІато йоцуш, ламанан цІена хІаваъ доцуш, тІаьххьара а хьераваьлла бохург. ХІуъу а дина а иза саметтавало гІертар эрна хилира.

ГІовгІий, моххьий хезна веара гІарол, амма хьере хилла, дІасаветталуш волу тутмакх гича цецвелира иза а, шена гІоьнна кхойкхуш мохь хьекха велира иза. Схьавеара набахтина тІевиллинарг. Иагона кхерамаш тийса велира иза. Амма гІайгІано тиларчу вуьгуш, бІарзвина волу стаг саца ца лора, цхьана а кхерамашка.

Ткъа тІевиллинчо салташка кхайкхира, цаьрца цхьаьна камери чу веара иза. Цо Иагога хаьттира, иза стенна карзахваьлла, аьлла.

– Суна ца лаьа меллаша вала, – дІахьедира Иагос. – Сихха, цкъа тохий, вей дІаваккхийша со!..

– Куьйгех гоьмаш тоха цунна, – аьлла, буьйр дира тІевиллинчо, – меттах ца верриг!

Тутмакхна тІебуьйлабелла салтий, шаьш болччохь лацабелча санна севцира. ГІант схьа а эцна, дуьхьало ян кечвелира Иаго.

– Суна тІе ма дуьйлалаш, – мохь белира цуьнга. – Ас сайна тІе мел гІоьртинчун корта кагбийр бу шун! – оьгІазвахана, иза верриге а вегош вара.

Къена тутмакх, са а ца доІуш, шен накъосте хьоьжуш лаьттара, сингаттамо ша-шен кхоор воцуш, доьналлин, майраллин дог-ойла гІаттийнера цуьнан дагчохь.

– Схьаэца тоьпаш! – аьлла, буьйр дира тІехьожучо. НеІарехь гучубевлира тоьпаш карахь йолу гІаролаш.

– Дита гІант! – аьлла, мохь туьйхира тІехьожучо.

Цунна тІе а вирзина, гІадваххана велавелира Иаго.

– Дита гІант, ца дитахь, ас тоьхна, жІаьла санна, вожор ву хьо!

– Ткъа кхечунна стенна хьуьнаре ду шу, нагахь герз карахь доцург а ца вевелча?

– ХІан-хІа, ишта-м хьуна моьттучу кепара атта вийна дІа-м, хьаха, воккхур вацара оха хьо! Схьалаца иза! – аьлла, буьйр дира коьртачо.

ГІаролаш Иагона тІебеттабелира. Хьалхарниг оцу сахьтта цуьнан когашна хьалха охьавуьйжира, кагйина коьртан туьта а йолуш. Иагос юха а гІант ластийра, амма хІинца цунна ницкъо тешнабехк бира: цо кхоьссина гІант тховх а кхеташ, цуьнан карара охьадуьйжира. Кхуззахь цунна тІебеттабелира берриш а, шайн караеъанарг тІеетташ, цунна къинхетамза етта бевлира уьш. Йиттина иза вистинчул тІаьхьа, кхетамчуьра ваьлла хІумма а хаалуш воцу иза боданечу, тоьла санна, лохачу, боьха хьожа йогІучу цІа чу а кхьоьссина, иза дІакъевлира цара.

Хенахь саметта ца веара Иаго. Цо бІаьргаш дІабиллича, жимачу корехула чукхеташ йолучу кІеззиг бен йоцучу беттан серлоно бІаьргаш хьаббайтира цуьнга. ХІун хилла цунна, мичахь ву иза, хІунда лозу цуьнан дерриг дегІ, меттах а хІунда ца хьало иза?

Тахана хилла долу гІуллакхаш кІез-кІезиг дагаоьхура цунна. Цергаш хьекхайора цо. ЦІеххьана бодане хилла дІахІоьттира камера. Халла корта хьала а айина, коре дІахьаьжира иза, – шена дуьххьал цхьаъ лаьтташ санна хийтира цунна. «Дукха гІаддарна бІаьргаш чу бода хІуьтту-кх суна»,– боху ойла яра цуьнан. БІаьргаш а хьаббина, юха а уьш дІабиллира цо,– бутт юха а, тохара санна, дагна там беш, къегаш, лепаш бара.

– Хӏа-а, схьахетарехь, бӏаьргашна хьалха бода хӏуьтту суна. Хӏокху сахьта сан камери юххе мила вогӏур вара? – юха а, дерриге диц а делла, кӏорггера ойланаш ян велира иза.

Тамашийна кхоьллина ду-кх адам! Дерриге ирсах дуьзна долуш а, кхин хӏума доцучу балин Іазапна кӏел а, хазахетарехь а, цатам хиларехь а, массанхьа а, юха ца долуш, адамо ойла йо шена везачу стеган хьокъехь, цо даим а хьоьсту шена везачу стеган сурт-сибат. Доккхадеш я сингаттаме хуьлда цуьнан дог, иза даим а хьастарх хьоьгуш, накъосталла оьшуш хуьлу!

Ур-атталла, хӏинца а шен Нонин хьокъехь ойла еш вара Иаго: я баланан а, я сингаттаман а, цхьана а хӏуманан а ницкъ ца кхочура цуьнан даг чуьра езачу йоӏе болу безам эккхо.

Цунна хьалха хӏуьттучуьра цкъа а дӏа ца долура оцу йоьӏан сурт. Халонехь вара иза, халчахь вара иза, амма шегахь болу бала чӏогӏа мерза хетара цунна, иза-х цо йоӏ бахьанехь хьоьгура, хӏокху дерриг дуьненахь цхьана а хӏуманца и мерза бала хуьйцур бацара цо.

Оцу тайпанчу хьолехь волу иза саметтавалийра пена хьалхха кора кӏел хезначу цхьана тамашийначу татано.

Иаго, хьала а гӏаьттина, леррина ладегӏа хӏоьттира, – Іаламат чӏогӏа тийна дара гонаха.

Цхьажимма хан яьлча, тата юха а делира, халла хезаш дара шабар-шибар.

– Меллаша, меллаша хилахьа, хаза тарло!

Иаго леррина, само йоллуш ладегӏа велира.

«Иза мила хила тарло... хӏокху хенахь? Уьш хӏун деш бу цигахь?» – муьлххачу а цхьана хиндолчун, амма хӏун муха хир ду хууш доцучу хӏуманна чехкка детталуш дара дог.

Ткъа къорра пенаца хезаш йолу гӏовгӏа соцуш яцара. Бӏаьргаш корана тӏебуьйгӏира цо. Цӏеххьана пенахара, гӏовгӏа йоцуш, дӏабаьккхира боккха тӏулг, корахара дӏаяьккхира решетка. Иаго голашна тӏе хьалаайавелира. Цунна шера гира тӏулг меллаша лаьтта охьабуьллуш воллу ши боьрша стаг. Уьш, шайн догӏмаш а нисдина, камерна чоьхьахьа чухьаьжира.

– Мила ву цигахь керстан динехь верг? Гӏо дейша! – олуш, аз ойъуш дехар дира Иагос.

Муьлш бу а ца хууш, дагахь а доцуш и дешнаш хезча, шаьш болччохь бегийра, вовшашка хьаьвссинчохь бисира уьш.

– С-с-с! ХIорш-м тхо дай! – меллаша элира царах цхьаммо, корана гергга тIе а вогIуш.

– Вайнаш, керстан динехь бершший? – халла сатухуш, меллаша элира Иагос.

– Иаго, хьо ву иза? – хаьттира мила ву а цахуучо.

– ХIара-м со ву, со! Ткъа хьо мила ву?

– Хастам бу хьан лаамна, Делан векал Гиворгий! – элира бевзашбоцучех цхьамм, гIуй дIа а боккхуш, ламаз а деш.

– Тхо ца девзи-кх хьуна, Иаго! – элира цо тутмакхе. – Со – Къоба ву, хIинца дуьйна хьан ваша.

– Къоба! – цецваьлла, мохь белира Иагога. – Хьо мичара ваьлла, сан ваша, муха кхаьчна хьо кхуза?

– Дерриге а тIаккха дуьйцур ду, тIаккха, хIинца кечло, довда деза кхузара! ХIан, чехкка! – элира Къобас накъосташка. – Чехкка вовшахбаккха беза пен!

– ДIадастийша сан куьйгаш, ас кхузара гIо дийр ду шуна! – аьлла, дийхира Иагос.

– Ванах со хIун деш лаьтта? Хьо-х вихкина ву, – аьлла, тохавелира Къоба. – Схьаверзал корехьа, ас шаьлтанца дIахадор ю хьо вихкина чуха.

Иаго халла когаш тIе хьалагIаьттира, Къобас корехула шаьлта чу а кховдийна, тутмакхан куьйгех йихкина чуха хадийра.

– Ткъа хIинца, шаьлта дIа а эций, когаш паргIатбаха! – Иагос шаьлтанна тIе куьйгаш кховдийра, амма лацаделлачу, тхьуздоьллачу, чуханаша дестийначу куьйгаша дагахьдерг ца дора.

– Хьуна хIун хилла, шаьлта дIа хIунда ца оьцу ахь? – хаьттира Къобас, собар доцуш.

– Схьа ца эцало соьга, куьйгаш лелаш дац сан – элира Иагос гIайгIане.

– СадаIа, жимма садаIа, куьйгашка ницкъ богIур бу, лелаш хир ду уьш. Ткъа хьо хIун деш лаьтта? – аьлла, накъостана тIевирзира иза.

И санна долу гIуллакх кхара дуьххьара деш цахиларна тоьшалла деш долучу кепара тIах-аьлла болх дIаболийра цушимма.

Кхин масех минот яьлча, цу чухула тутмакх араваккхалур волуш шуьйра Iуьрг даькхира цара, кхуззахь пенан юххе, цунна когех тоьхна аьчкан буржалш хедо бевлира уьш.

Иза дина уьш бовллушехь гIаролла толлуш болчу хехойн когийн тата хезира.

– БогIуш бу! – элира меллаша ТIоргIас, кхоь а боккхачу тидамца бодашкахь хехой тергалбеш вара.

Царна шера гира гергакхочуш лаьтта салтий. Беттан серлонехь къегаш дара тоьпийн цхьамзанаш. Салтий меллаша, юх-юххе а хIиттина, бегаш а беш, бийла а буьйлуш, богIуш бара. Кхузахь цхьа кхерам хир бу бохург дагахь дацара царна; ткъа оцу агIор, царна хетарехь, къаьсттина тешаме, чIогIа, бохалур боцуш бара тIулган пен.

– Хехой бу! – элира меллаша Къобас, батта чуьра топ схьа а йоккхуш.

– Герз лойша соьга, царах цхьаъ виллина а охьавуьллур вара ас, ткъа цигахь хуьлда шена луъург! – аьлла, дехар дира Иагос. Иза халла бен когаш тIехь латталуш вацара, амма паргIатоне болучу кхайкхамо, нийсо цахиларе болучу цабезамо, адаме лан ца даллал ницкъаш барна болучу кхерамо уьттазза алсамбаьхнера цуьнан ницкъаш.

– Ца оьшу! – элира ТIоргIас.– Эрна хIаллакьхир ду вай. Дикахо хир ду дIо соне а девлла, цигара царна тIелетча! Вай тIелетарг хилар дагахь доцуш болу уьш вовшашна тIеттIа хир бу, хьалхарчара тIаьхьарнаш хьошур бу... ДIабовдий – дика ду, ткъа ца бовдахь... Уьш-х пхи стаг бен вац. Ткъа вайна хIун ду?!

– ТIулган берда тIехьа, берда тIехьа! – боху хезира, махан хIо санна долу Къобин аз. БIаьрг-негIар тухучу юкъана кхоь а тIулган берда тIехьа къайлавелира.

КIел аьчкан ленаш тоьхна йолчу эткашца тата долуш, еза гIулчаш а йохуш богIура салтий. Карахь шаьлтанаш а къуьйлуш, буьрса цIоцкъамаш а сеттош, шайга хьоьжуш лаьттачу кхаа накъостана гергга тIекхочуш лаьттара уьш.

Тlулган бердо салтех къайлабохура уьш, амма и берд ца хилча а хала хир дара оцу бердах дlаэбелла болу, шаьш-шайн ца кхоош болу доттагlий ган.

Буьйса хаза, сов башха яра – тийна, сирла, мохан хlо а доцуш, Iаламо шен бераш хьоьстуш санна хеталора, амма бутт, оцу гlайгlа йоцуш йолчу хазаллех Iаббалц самукъадаккхаран дуьхьа хьаьжча санна, гучубелира. Геннахь дека хезара наб йоцуш долу олхазарш, хан мел ели шайн исбаьхьа диэкар юхюха карла а доккхуш.

Иаго а, цуьнан доттагlий а шена тlехьа хевшина Iачу тlулган берда тlекхечира салтий.

– Цигаьркаш озий вай! – элира салтех цхьамма.

– Иза новкъа хир дац! – аьлла, даггара резахилира важаберш. Юьстах тоьпаш охьа а ехкина, гобинна охьахевшира уьш. – Командиро селхана юьрта вахийтинера со, – аьлла, дlадолийра цхьаммо, луьлла а узуш.

– Котамаш ян? – элира вукхо.

– Иштта вахана со, юьртахула дlасалела велира,– бохуш, юха а дlадолийра шен къамел хьалхарчо, – цкъа цхьаьнга, тlаккха кхечуьнга котамаш а хоьттуш. Цхьаммо а ца юххура...

– Делахь-хlета, вайчарна ца йохка барт бина-кх, – элира кхечо, – неIалт хиларша!

– Цхьа дош – бусалбанаш – бохург а тоьур ду! – аьлла, тlетуьйхира деха мекхаш долучу ефрейторо.

– «Ас гойтур ду шуна» бохург дара сан дагахь,– бохуш дуьйцура хьалхарчо. – Цхьана керта вахара со. Дlахьаьжча, кертахула лелаш ю-кх москалш. Ас гlаж тоьхна цхьаъ схьалецира. ЖIаьла а летта араяьлла цхьа зуда, шен маттахь цхьаъ-м дуьйцуш, суна тlетасаелира иза. Ас, катоьхна, москал схьайцира, ткъа иза суна тlекхийтира, ас сайн агlор, ткъа цо шен агlор москал дlасаийзо делира тхойшиъ. Шина декъе екъаза йисира москал. Белам а, къа а, Делора, шадерриге а дара-кх... ОьгIазъяханачу зудчо, катоьхна, гlаж схьаийцира. «Эхlе, хьо шайтIанан нана. Хьажалахь, хlинца хlун хуьлу», бохург дара сан дагахь, ткъа оццу хенахь хилларг хlун ду ца хууш, велча санна, лаьтта охьавуьйжира со... Схьагулделлачу адамаша суна

го бира, ткъа со Iуьллуш вара, са а ца доIуш. Со зудчо вийна моьттуш, цунна оьгIазъоьхуш бара уьш, дов деш, ткъа суна тIе шийла хи дуьттура, саметтавало гIерташ. Кхоьрура уьш – вийча, луьра жоп доьхур дара цаьргара. Ткъа ас, бIаьргаш дIа а биллина, сайна юххенисвелларг схьалецира. «ЭхIе, хьо боьха хIума, – элира ас, – со, паччахьан стаг, заьIап виний-ца ахь, мила ву хьо?... Боьрша стаг цхьа миска вара. – Валол хьаькамна тIе жоп дала!» Ткъа цо, верриге а бос байна, маж а велла, ша дIавахийта бохуш, доьхура. Дуккха а дийхира, ткъа тIаккха суна кхоъ москал а, ворхI котам а елира, тIаккха ас уьш паргIатбитира...

– ХIай дика кIант яI! – аьлла, цо динарг къобалдира кхечара.

– Ткъа нагахь цара хьайна хьаькаме арз динехьара, тIаккха хIун эр дара ахь?

– Ас-м айса дийцира иза хьаькамна.

– Ткъа цо хIун элира?

– Дика дина аьлла, хастийра, баркалла элира, даггара воьлура-кх. Кхин хIун дийр дара цо, хьаькамо эца аьлла ца вахийтинера со, ткъа цара ца юхкура, хIун дийр дара?

Массара а, тамаш а беш, ладуьйгIира, дуьйцуш верг къобалвира цара. Гуш дара, хIоранна а цуьнан метта хилла хила лууш хилар. Луьлланаш а юьзна, схьагарехь, шен кисанахь тIунъелла сирникаш цхьаммо латоре хьоьжуш Iара массо а. Цо дикка карахь а латтийна, тIаьххьара а латийра сирник. ЦIаро берриш а серлабехира, и цIе яйна ялале массеран а бIаьргаш чу бода хIоьттира.

Кхоь а салтий хьалаайавелира, амма, кхуззахь чуьра садаьлла лаьтта охьавуьйжира. ТIелата бегIийла минот тIекхачаре ладоьгIуш Iара Иаго а, цуьнан доттагIий а. Латийначу сирнико охьахевшина Iашберш серлабоххушехь тIелетира кIелоне хевшинарш. Шайна юккъерчу юкъаметтигна а, шаьлтанашца тохар даран а дукха нийса хьесап цара дина хиларна, царах цхьа а тIех ца тилийтира.

Дийна висина ши салти, дукха къенваьлла гIо доьхуш, набахтехьа дIаведира.

Иагон даггара бовха лаам кхочушхилира – ша хьегначу балина тIера цо дийкхира мостагIчунна, амма тахана хиллачу халоно цуьнан тIаьххьара ницкъаш кхачийра, когаша ца лайра иза, гIора эшарна, корта хьийзара, лаьтта охьакхийтира иза.

– «Цхьанна декхна а дийкхи-кх ас» – боху ойла яра цуьнан.

Сихбаларний, хиллачунний Иагон доттагIашна дицделира иза гIора эшна хилар а, иза шайна тIаьхьа кхиалург цахилар а. Шаьш генабевлча дагабевлира уьш.

– Мичахь ву Иаго? ХIун дийр ду, нагахь цара иза вийнехь? – аьлла, мохь белира Къобига. Ший а накъост хIинцца шаьшшиъ хиллачу юхаван схьавирзира.

– Нагахь цIеххьана цуьнан дог кIадделлехь? – бохуш, дагалоьцура Къобас.– ХIун дийр ду, нагахь оцу шимма иза дIалаьцнехь, уьш дийна дIабахийта безаш ца хиллера.

ЧIогIа дог кIадделла карийра царна Иаго. ТIоргIас иза шен ги а тоьхна, и шиъ къайлавала сихвелира.

Ткъа дийна висна ши салти, кондаршна юккъе иккхина, царна юкъахь хиъна Iийнера сахиллалц.

Кхин кхера хIума доций а хиъна, и шиъ, гIовгIа йоцуш, некъа тIе а ваьлла, гомзар евллачу яххьашна тIехь леш хиллачу халонан билгалонаш йолуш Iоккуш долучу шайн накъостийн декъешна тIевеара.

Байъинарш банне а тергал а ца беш, ларлуш, шайн тоьпаш схьа а эцна, шаьш дан дезачун хьокъехь кхеташо ян велира и шиъ. Цара шен хеннахь хаам ца барна, хьаькамо луьра жоп деха тарлора цаьргара.

– ГIожмаш еттар ю, садоккхур ду! – элира, верриг вега а веш, салтех цхьамма.

Дуккха а къийсиначул а, ойланаш йиначул а тIаьхьа хIара сацам бира цу шиммо: топ кхоьссина орца а даькккхина, гIопана тIебовда, ткъа тIаккха, дийнна отряд тIелетта, цара шиъ тутмакх ара а ваькккхина; кхара дуьхьало еш тоьпаш йиттира, тIелеташ болчех ши стаг вен а вийра, амма, шайх байъинарш а эцна, къайлабовла кхиабели ламанхой, эр ду шаьш хьаькаме аьлла.

– АхIа, и вайша дахь-м, вайшинна совгIат дан гена ма дац! – элира цу шиннах цхьаммо.

Шаьшшиннан барт ма-хиллара дан а дира цу шиммо: тоьпаш а кхоьссина, маьхьарий а хьоькхуш, гІопехьа ведира и шиъ.

Орца делира, етта йолийра вота, набарха валазий, когаш Іуьйрий волу хьаькам араиккхира.

Салтий а аралилхира, бевдда боьлххушехь шайна тІе бедарш а, герзаш а ийзош.

Йоккха гІовгІа гІаьттира. Орца даккхаран бахьанех кхеташ вацара цхьа а.

Оццу хенахь схьакхечира хІокху берриге а кегарина бехкеволу ши салти.

Уьш дуьххьар хьаькамна тІебирзира.

– МостагІ гучуваьлла, хьан сийхиларг! – бохуш, маьхьарий хьоькхура цара.

– Мичахь? Мила мостагІ? – хьаькам ша а вегавора.

– Набахтина тІелетта, неІарш кегйина, тутмакхаш лачкъийна дІабигна.

Хьаькаман юьхь-сибат сеттина хийцаделира.

– Вайчех кхоъ вийна. Оха царах а вийна шиъ, амма шайх байъинарш а эцца, бевдда дІабахна уьш!

«Бевдда дІабахна» бохучу дашо паргІатваькхира хьаькам; дуьххьалдІа болу кхерам дІабаьллера.

– ХІетте а кхеле-м лур ву со! – аьлла, мохь белира цуьнга, корта а лоцуш.

Иза ша волччу юхавирзира, чехкка тІе хІума а юьйхина, шеца масех салти а, командирах цхьаъ а волуш гІуллакх хиллачу ваха новкъавелира.

Иаго вадаро массарал а алсам халчухІоттийнера набахтехь тІехьожушверг.

ТІелеттачарна, ткъа церан барам, гІуллакхехь дакъалаьцначара дийцарехь, цхьа бІе шовзткъа стагал лахахь боцуш бара, тІаьхьа, эпсар коьртехь а волуш йолу салтийн тоба яхийта сихвелира иза. Луьра барт хатта набахте юхавирзира иза ша.

Оццу хенахь Иагон доттагІий цхьа ша, генна юьстах лаьттачу лома тІе кхечира, цигахь буьйдачу баца тІе верта а даржийна, ларвеш охьавиллира цара Иаго, хІокху буса хиллачу дерригено а тентакваькхина, дукха ехха халонаш гаро гІорах

эшийна волу. Цунна чIогIа наб кхийтира. Ткъа цуьнан накъостий, баа кхача лохуш, талла бахара.

Хьалха Иаго а, воккха стаг а цхьаьна Iийначу камери чу, мох санна, чуиккхира оьгIазвахана набахтина тIехьожушверг.

Чубаьхкинарш цагархьама, воккха стаг пенехьа вирзира.

– ХIей, хьо! – аьлла, мохь туьйхира тIехьожуш волчо,– ца хеза хьуна, чу мила веана?

– Хеза! – элира цо меллаша.

– Иштта тIеоьцу ахь тIехьожушверг? ХьалагIатта хIокху сахьтта!

Воккха стаг, ур-атталла, меттах а ца хьайра. – ХьалагIатта! – карзахваьллачу тIехьожуш волчо мохь а тоьхна, мийра туьйхира цунна.

– Стенна етта ахь суна?

– Ас хьалагIатта ца боху хьоьга? – тIехьожушволчо юха а бIаьргаш тIекъарзийра цунна.

– ГIатта ца ло со: голаш йистина сан, со ца лов цара.

– Хьалаайа иза! – аьлла, буьйр дира тIехьожушволчо.

ТIехьаьлхира салтий.

– Делазхой, ткъа хьовсийша сан когашка! – воккхачу стага нуьцкъашха дIакховдийра ког. Цу тIера охьаевлира боьха тIелхигаш, ирча хIума гучу а доккхуш: чекх са гуш дуткъделла дегIан чкъор дестарна дусаделлера, ткъа когех тоьхначу буржалша хьорканна юххехь даьIахка тIекхаччалц чкъор даийнера, даI чуьра ноткъа а, цIий а оьхуш лаьттара. Ког цхьайолчу меттигашкахь сенбеллера.

Мискачу воккхачу стеган кестта чаккхе хирг хиларан билгало яра иза.

Лазарна керчаш волу воккха стаг тIебеттабелла хьалаайира салташа.

– Сацал, сацал хьайн когаш тIехь! АстагIлелхаш хиларх жIаьла леш дац! – Цо хьоьгучу баланах там хуьлуш санна, вехха воккхачу стаге хьоьжуш лаьттира тIехьожушверг. Ког хьалхахьа дIа а тесна, эткан кIажа а хьийзош, мекхаш хьовзийна, ша-шега цхьа гIам-гIим дира цо. ЦIехьана хьеравелира тIехьожуш верг.

– Мичахь ву Иаго? – аьлла, мохь туьйхира цо.

Воккха стаг, цецваьлла, дІахьоьжура цуьнга, цо стенан хьокъехь шега хоьтту ца хууш.

– Иаго? – боху дош юха а карладаьккхира воккхачу стага. – Ткъа аш-х шаьш вигна иза кхузара дІа. Аш вийна хила а тарло. Ткъа кхин хІун дийр дара аш цунна?

– Мекарло ма лелае, ас дуьххьалдІа боху хьоьга, муха ведда иза, хьан гІо дина цунна?

– Ведда? – воьхна хьаьвзира воккха стаг. – Дала аьтто бойла цуьнан, нагахь веддехь!

– Хьуна хаьарий иза вада кечлуш хилар?

– ХІан-хІа, цо оцу хьокъехь ца дийцира соьга.

– Пуьташ буьтту ахь, жІаьла!

– Со мтиул ву.

– Нагахь хьо вала дагахь вацахь, дерриг схьадийца.

– Со валарх кхоьруш а вац, харцдерг а дуьйцур дац ас.

– Ас дерриг дуьйцуьйтур ду хьоьга! – аьлла, тІечевхинчу тІехьожушволчо, тІе а хьаьдда, цуьнан маж схьа а лаьцна, мекхаш озийра цуьнан.

Хезна боцу тІехтохам барна, верриге а вегош лаьттара воккха стаг.

– Цхьана гауршкий бен оцу тайпана сийсазваккхалур вац стаг, къонахчун сий иштта дайалур дац.

– Сацийта, хІай къу, ткъа ца сацахь, ас вуьйр ву хьо!

Воккхачу стеган кийра догдохийла иккхира: валаро балана наш хьоьгучуьра паргІатваккха тарло иза.

– Ца хаьа хьуна? Эр дац ахь? – бохуш, цунна тІехбеттамаш бора тІехьожуш волчо.

– Хаьа! – элира воккхачу стага гІоргІа.

– ТІаьххьара а!.. – тІехьожушверг дІанехьа а ваьлла, ца вешаш цуьнга дІахьаьжира. – Ткъа хьо-х ала лууш вацара!

– Шед етташ хилча ломана ирх а охуш хуьлу. ХІун дийр дара ас!

– Иза дай иза-м! ХІинца схьадийцал, ма-дарра, дерриге а хьайна хуушдерг!

Мтиул цхьа вон велавелира.

– Дийций?.. Мича хьан хьуьнарна дуьйцу ас иза хьуна? Дерриге хаьа суна, Ломиси пайхамарора хьоьга хIумма а дуьйцур ма дац ас!

– ХIун хилла? – карзахвелира тIехьожушверг, цунна тIе а вогIуш.

– ХIаъ, суна дерригенан хьокъехь а хууш дара, Иаго вада кечлуш вуй а хаьара суна, цунна хьан гIо до а хаьара, дерриге а хаьара суна, амма хьоьга ас хIумма а дуьйцур дац.

– Ас вуьйр ву хьо, ас садоккхур ду хьан!

– Хьайна луъург де, ас эр-м дац!

Готтачу камери чухула дIасалелаш вара эпсар.

– Ас дерриге а дийцар магадо хьуна!

– Шу дай уьш-м, даларх кхоьрушдерш, кIилло зударий! Ткъа ас хIунда дуьйцу? ХIумма а дера дуьйцур дац, Пиримзин пайхамара аьтто бойла сан!

ТIехьожушверг мел чIогIа гIертарх, воккхачу стагера хIумма а ца даккхаделира. Я хьестаро а, цхьацца диканаш дийр ду бохуш я кхерамаш тийсаро а Иаго вадаран хьокъехь цхьа а дош ца алийтира воккхачу стаге. Ткъа хIун алалур дара цуьнга, нагахь шена хIумма а хууш ца хилча, дуьххьалдIа хIуьттаренна тIехьожушверг оьгIазъэхийта, цуьнан дог этIо лаьара цунна.

– Эр дац ахь?

– Эр дац!

– ХIан-хIа, ас бийр бу хьан болх! – Детта серий да, – аьлла, салташка хичаш йира цо.

– Вохвел иза! – аьлла, буьйр дира цо.

Салташа буьйр кхочушдира, воккха стаг верзина а ваьккхина, аркъал охьа а вижийна, ши салти когашний, некха тIей охьахиира, ткъа шиъ шина агIор дIа а хIоьттина, къинхетам боцуш, цуьнан дерзинчу дегIах серий детта хIоьттира. ДегIан чкъор лелхара, Iоврашца цIий оьхура. Серий кеглора, амма керланаш схьакхоьхьура, уьш детташ берш а, гIел а лой, хийцалора. Амма воккхачу стага маьхьарца бохуш дерг цхьаъ дара:

– Шадерриг а хаьа суна, жIаьлешка дIа-м дуьйцур дац ас, эр-м дац ас!

Деттачу сераша дегIан жижиган цуьргаш камери чухула дIасакхуьйсура, амма къинхетам боьхуш цхьа а дош ца делира цуьнан багара. Шена ницкъ бечарна тIаьххьара неIалт аларца дог кIадделира цуьнан. Кхин а цхьана ханнахь йиттира цара цунна.

– Хьан сийхиларг, хIинца меттах ца хьов иза, – элира, тIаьххьара а цхьаммо, мискан некха тIехь хиъна Iаш волчо.

– МоттаргIанаш лелайой цо-м, кхин а еттал аш, тIахаллий тоха, тIаккха хьовсур ду вай! – элира хьаькамо, бен а ца хеташ.

Воккха стаг кхетам чуьра ваьллий а, цуьнан дог кIадделлий а хиъначул тIаьхьа, шайна а и гIуллакх кIордийча, тIаккхий бен ца дитира цара и боьха гIуллакх.

Цистиний, цIарматаваькхиний воккха стаг камери чохь витира цара. Халачу лазаршца кестта саделира цуьнан. Шен садалале кхетам чу веара иза, шегахь болу бала, шегахь йолу хало, шен цхьа хилар кхин цкъа а хаадалархьама веача санна. Я зуда а, я гергарнаш а, я доттагIий а – цхьа а воьлхур вац цунна тIаьхьа, белхан хьайба далар санна а доцуш, ткъа дагах цхьа юьхк, цхьа кийсак гуттаренна а дIаялар санна новкъадогIуш, цхьанна а халахетар дац иза валар. Иза гаррехь вегош хьалаайавелира, йишхаьлла, шен кIентийн цIераш ехира цо, шена ницкъ биначарна неIалт кхайкхийра цо, оццу хенахь саделира цуьнан.

Ткъа ТIоргIий, Къобий хи тIе боьдучу некъаца кIелонна а хиъна, шайн ижуга хьоьжуш Iаш вара. Хан дIайоьдура, амма сеш гучудовлуш дацара. Таллархой хIинца а догдохийла яйна бацара, – дийнна арданг сеш догIура кхуза ламанан туьханна мотт хьекха а, хьогалла яйа а.

ТIаьххьар а декъачу гIанийн гIовгIа а, сара кагбалар а хезира.

– Схьахетарехь, Дала ижу йоуьйту вайна! – элира ТIоргIас. Уьш кечбелира, тидаме хуьлуш.

Гаьннаш кегдаран гIовгIа гергакхочуш яра, дукха хан ялале гучубелира, кур аркъал а тесна, хьалхабаьлла богIу боьрша сай. Лергаш дусийна, лаккха корта а айбина, хуъушехь шен кIайн накха тоьпана хьалха дIаоьхьуш санна, меллаша, наг-

гахь саца а соцуш, шен силам санна, Iаьржа бIаьргаш парггIат дIаса а хьежош богIура иза. Цуьнан дегIан хIора меженан меттахъхьаро тоьшалла дора цо хIинцале, дукха хенахь дуьйна а шен мостагIий эшийна хиларан, хIинца майрра цо ша цхьаммо оцу стечу сешна тIехь олалла деш хиларан, ткъа иза цхьаъ бен кхечу сешна хьалха лоруш цахиларан. Шен некъа тIе бала хIутту болчу муьлххачу а сега, ша тIаме кхойкхуш санна, буьрса богIура иза. Цуьнан болар кура дара, цунна хьажийна топ Къобин карахь лацаелира. Вист а ца хуьлуш, оцу башхачу суьрте хьоьжуш Iара иза. Сай сецира, хьоршам а тоьхна, корта а хьовзийра цо: шен ницкъ зерхьама цхьаннах а тасалойла шен цахиларна халахеттачух тера бара иза. ХIоьттина а лаьттина, ирх а кхоссабелла, хIаваэхь ловзуш, жимма самукъа а даькккхина, ножан дитта тIе а бахана, цунна маIаш етта хIоьттира иза. Къийсамах хьоьгуш бехха Iийра иза, ножанна маIаш етташ. ТIаьххьара а ТIоргIас саметтавалийра Къоба.

– Нагахь сай лийрболуш хилча, хан яйъина хIун дийр ду? – элира цо.– Тохий валахьа, ткъа Иаго ша цхьаъ ма ву вайшинга хьоьжуш...

– Аа-аа, бакъду иза... Хан хIунда йохуьйту дIа! – олуш, топ ялийтира Къобас.

Оцу минотехь ножан дитта тIера юха а баьлла, шен ницкъана дитто оццул дуьхьалоярна оьгIазбахна иза юха а буьрса диттанна тIехьаьдира, амма иза цунна тIе ца кхечира... топ елира, сай хьалхарчу когашна тIе охьабуьйжира, гIорасиз, хьалагIатта гIоьртина, иза лаьтта охьабуьйжира.

– Толам хьан хили! – аьлла, мохь а болуш, сайна тIе а хьаьдда, уьрсаца цуьнан къамкъарг хадийра ТIоргIас.

Шен хьекъале бIаьргаш цунна тIедуьйгIира сено, дог дохош Iаха а Iаьхна, маситтазза тоха а белла, саделира цуьнан.

Къоба дика таллархо ву аьлла цIеяхана вара, цуьнан мажаро кIезиг сеш ца дайъинера, амма цунна ша дийначу акхарочух къа ца хеташ меттиг цкъа а хилла яцара, цо самукъадаларна цкъа а ца доьра экха. ХIинца кхоьлина а волуш, топ цIанъеш лаьттара хIара, ткъа оццу хенахь кхуьнан накъост, самукъане илли а бохуш, сай тилош воллура.

Юьйлина топ тІе а лоций, виц а лой, шена хьалха ловзучу экхане дІахьоьжуш Къобас дийнна сахьташ дохуш меттиг а хуьлура.

– ГІо дехьа суна, кхуьнан чарх меттах ца яккхало соьга! – аьлла, вистхилира кхуьнга ТІоргІа, дерриге сен неІ а цистина.

Къобас, топ охьа а йиллина, меллаша тІе а вахана, бийна Іуьллучу сена тІе куьг охьадахийтира.

– Хьажахьа, ТІоргІа, мел яккхий хилла кхуьнан маІаш! – аьлла, вистхилира иза. Цара чехкка тилийра сай, чоко схьа а яьккхина, дог а, доІах а схьакъастийра, ша къастийра шашлыкана долу жижиг а. Чарх, кескаш еш йоха а йина, неІарна юкъа хьарчийра. Сутара акхарой къахкорхьама цунна тІе тоьпан молха доьххира, тІаккха шайн туп лаьттачу дІавахара и шиъ.

ЦІеххьана саца а сецна, цхьа хІума халахетарца шен голех куьг туьйхира ТІоргІас.

– ХІун хилла хьуна? – хаьттира Къобас.

– ЭххІай, со Іовдал! Искаьртик схьаэца вицвели-кх со!

– Ткъа цунах хІун до ахь?

– Иза Иагона кхехка а йина, цуьнан чорпа малийча, чІогІа пайдехьа хир ду, дегІе ницкъ богІур бу.

ТІоргІа, юха а вахана, чоко цеста а цистина, шовданан хи чохь иза дика цІан а йина, кестта шен накъостана тІаьхьакхиира.

Иаго хІинца а чІоггІа набкхетта вара. ДоттагІаша, гІовгІа йоцуш, декъа серий а гулдина, цІе латийра, кхо ког болу очакх дІа а хІоттийна, цу тІе яй оьллира, баІарш деш санна ах жижиг чу а дуллуш геш кхийсира е чу, Иагона чорпа еш.

ТІаккха луьста гаьннаш а хедийна, царах малхо дукха вохварна ерриг юьхь тІехь хьацаран тІадамаш а хІиттина Іаш волчу Иагона бун йира цара.

Шаьш а, оццул къахьегарна гІелбелла болу уьш, цунна гена боцуш охьабийшира, оцу сахьта мерза наб а кхеташ.

Малх малхбузехьа теІаш бара, байн хьаькхира суьйренан мох, цо самаваькхира Иаго. Ша лаьцначул тІаьхьа дуьххьара хааделира цунна арахь, цІеначу хІаваэхь наб яро мел ницкъ

ло дегIана. Ша пагIат, дог-ойла айаелла хилар хаалора цунна, хаза хьожа кхеташ долу пагIат хIаваъ ца Iебаш чууьйзира цо.

ХIора бецан хелиго, хIора зезаго, дерриг Iаламо шена тIебохуьйтура цуьнан тидам, дог доккхадедора.

Шийлачу хIаваах Iаьбначул тIаьхьа, ша чIогIа меца хилар хааделира цунна. Цуьнан гIора дIадаьллачу дегIана ша кхабар оьшура.

Амма мацалла йицъелира цунна, ша пагIатхилар буьззинчу барамехь шена хааделча, тахана-кхана ца хилахь а, ша шена езаш йолчу Ноница хирг хиларх ша кхетча. Цхьана метта саца а ца велла, хьала а иккхина, шовда долчу хьалавелира иза, цIеначу хица шен юьхь-куьг дилира цо.

И волчу тIебаьхкира самабевлла накъостий. Кхоь а вовшашна маралелхара, вовшашна барташ дохура, гIуллакх дика чекхдаларца вовшийн декъал бора.

СапагIатдаьлла, юха а цIе йолчу а баьхкина, цунна гонаха охьахевшира уьш. Ятталуш йолчу шашлыкин хьожано мацалла гIаттийра, баккъал а мацбеллачу наха санна, сутара, бист ца хуьлуш юура цара. Амма кест-кеста Иагона дагадоуьйтура цара дукха яа мегарг цахилар, дукха хенахь дуьйна жижиг дааза долу ге мегарг цахилар.

Мацалла дIаяькхира.

Иаго сагатлуш вара, цунна сихха хаа лаьара шен Нонин хьокъехь, цунна хетарехь кхуьнга хьоьжуш, берриг бIаьргаш хIоттийна, Iаш яра иза.

Амма Къоба, хIуьттаренна санна, хIумма а дуьйцуш вацара, ша къамел дIадолош вацара.

«Ванах, иза хIунда Iа, хIумма а ца дуьйцуш, хIунда йо цо суна иштта хало?» – боху ойла йора Иагос.

«Стенна тIера дIадоло деза-техьа? Ас муха дийца-техьа цунна Нона лачкъор?» – боху ойла йора Къобас.

Ший а воьхна вара. ТIаьххьара а, тоха са а ца хилла, Иагос хаьттира:

– Къоба ахь хьайн хьокъехь хIумма а ма ца дуьйцу?

– ХIун дуьйцур ду?.. Стаг вийна цIий хьаьрчина сох, вада дийзира-кх.

– Мила вийна ахь, маца? – Иаго халчухIоьттира.

– Цхьа вон стаг вийна ас, нахана ницкъаш бийриг.

Нагахь Иаго кхечу мехкан кIант хиллехьара, цо шен доттагI нийсачу некъа тIе хIоттор вара, иза ларвелла цахиларна цунах бехкаш дохур дара, амма иза моховец вара, цунна дика хаьара хьаькамаший, бехкаш дахарой гIуллакхна гIо дийриг цахилар, иза эрна хирг хилар. Цундела цуьнан хьалхара ойла яра – хIинца шен ваша хилла дIахIоьттина волчун дахар лардар, чIиран бекхамах иза муха ларвийр ву бохург. Цунна хаа лаьара вон муха хилла: ницкъашбархо, кIело а йина, кIиллочо санна вийна цо я иза нисделла майрачу латарехь, къонахчо, доьналла долучу халкъан кIантана иза хила хьакъ ма-хиллара?

Иза чIогIа мехала дара, цундела Иагос, аз дегош, хаьттира:

– Стенна вийна ахь иза? Муха хилира иза? – Иаго лерина ладогIа велира.

– Талла воьдуш вара со. Хьуьнах зудчун мохь хезира суна. ДIахьаьжча, суна гира зудчух тийсалуш воллу масех стаг. Со гIо дан тIехьаьдира, ткъа кхуззахь цхьаъ велира-кх сан карах.

– Стаг волчу стага дешдерг даим а хила деза къонахчунна хьокъалла йоллуш! – элира Иагос хазахетарца.

Вежарий хилла дIахIиттинарш шаьш битина, пхьегIа а эцна иза йила шовданна тIе вахара ТIоргIа.

– ХIинцалерачу Iедалехь, хьуна хьайна а ма-хаъара, цIахь виса йиш яцара сан, цундела цIера ваьлла со, – элира Къобас, шаьшшиъ цхьа висча.

– ХIун дийр ду, делахь-хIета, цхьаьна Iийр ду-кх вай! – элира Иагос.

– Хьо лацаро синтем байъинера сан. ТIоргIа а ву мтиул, цо а вийна стаг. Тхойшиъ а ву цхьаьнакхетта, вежарий хила чIагIо йина, хьо кIелхьараваккха сацийнера охашимма. Набахтехь долу цхьадолу хIуманаш девзаш вара иза, ткъа Гиворгий хьаьжас а гIо дира-кх.

– Ткъа шуна хаьара, со муьлхачу камери чохь ву? – хаьттира Иагос.

– ХIан-хIа, ца хаьара! Оцу камери чухула набахти чу а девлла, ткъа тIаккха хIуъу а дина а тхайн гIуллакх кхочушдан дагахь дара тхо.

– Суна даим а хаьара хьо майра къонах вуй, – элира Иагос.

И шиъ ший а вист а ца хуьлуш Iара.

– Кхин хIумма ца дуьйцу ахь? – хаьттира Иагос.

– Стенан хьокъехь дийца ас хьуна? – Кьобас корта охьаоллийра.

– ХIуъу а дийций а, цхьаъ дийцахьа, ас доьху хьоьга!

– Ас стенах лаьцна дийца тарло, нагахь вайн декъазчу дахарх лаьцна ца дийцича... Ницкъаш бо-кх вайна, дийна доллушехь тIера цIока йоккху-кх, ткъа вай дист ца хуьлуш IадIаш ду.

– Хаац суна-м, стенан хьокъехь ойла ян еза а, зударий хилла дIа-х ца-хIиттиний-техьа берриш а?..

– Хаац, амма... Кхин даха таро-м яц.

Юха а цхьа а вист ца хуьлуш тийна дара.

– Дийцахьа кхин а! – аьлла, юха а тийна хилар дохийра Иагос.

– Стенах лаьцна?

– Цуьнан хьокъехь? – аьлла, мохь белира Иагога.

– Хьенан хьокъехь? – Къобас бIаьргаш кхечу агIорхьа дIаберзийра.

– Хьайна а ца хаьа хьуна, ас хьенан хьокъехь хоьтту. ...Сох хIунда лечкъадо ахь? Стаг декхарийлахь ву цхьабосса собар долуш бала а, хазахетар а тIеэца. Ма кхера хьо, дерриге а дийца ахь суна, хьайна хуушдерг!

– Хьо бакъ ву! Хьох лечкъийна дан хIумма а дац: Нона ядийна! – Къоба луьйчуьра сецира. Цхьа а дош ца алалуш дикка Iийра Иаго.

– Хьан ядийна иза? – элира цо, йиш а хаьлла.

– Гиргола.

– Гирголий? – Иагос меллаша карлаяьккхира и цIе, цергаш а хьакхош.

– ХIетахь вийра-кх ас и стаг, хIири вара иза! – элира Къобас.

– АхIа! Цкъа мацца а веана а сан кара вагIахьара иза, шен ненан шурица цхьаьна ас айса массарчул а хьалха цоьстур вара-кх иза!

Дукха карзахваьлла Иаго дикка Iийра сапаргIат ца долуш. Къоба цуьнан дагна там бан гIертара.

– Кхин хIума доцуш гIайгIане хила веза къонах.

– ХIаъ, хIаъ, ас доькхур ду цунна, иза шена хиллачух кхета а ца кхоьтуьйтуш, иштта доькхур ду ас цунна!

Иагос ша-шен караийцира. Иагона хиира Нона лачкъийнарш Аршски гIопехь хилар. Гиргола бина тешнабехк бахьана долуш стаг а вийна, шена езачу йоIах Къобин вала дезаш хилар а хезира цунна.

Дикка Iийра ши доттагI вовшашка къамелаш деш, цхьаьна шаьш дан дезачу хьокъехь барт хилира цу шиннан: шаьш-шинна еза ши йоI лачкъо а, шаьш виначу меттехь кхин Iен таро цахиларна, Шемална тIеваха а.

Оцу хенахь ТIоргIа юхавеара.

– ТIоргIа! Хьо, чIагIо йина, Кьобин ваша хилла дIахIоьттина хилла, хIинца дуьйна дIа хилахьа сан ваша а, – элира цуьнга Иагос.

– Нагахь хьуна ямарт хилларг мостагIчуьнца тIаме валахь, каглойла цуьнан тур! – аьлла, жоп а делла, чоьийн бустамаш духкучу меттера патарма схьа а баькхина, иза Иагога дIабелира ТIоргIас.

Ткъа цо, шен рогIехь, шегара патарма цуьнга дIало, шимо а олу:

– Сан дахар хьан дахар хилла дIахIуттийла, сан бIаьргаш хьайнаш хилла дIахIуьттийла, сан когаш хьан когаш хилла дIахIуьттийла, ткъа ямартхочунна Ломиси пайхамара таIзар долда!

– Аминь! – элира меллаша кхаъаммо а...

Вовшашна тоьпан патармаш а делла, вовшашна мара а лелхаш, кхузза-кхузза вовшашна барташ бехира цара.

Стигалан сийначу есаллехула паргIат нека деш болу бутт теш хилла дIахIоьттира оцу вежараллин барт хиларан.

Иаго дика товелла, дегIе ницкъ беана валлалц хIара шайна бегIийла йолу меттиг дIа ца таса сацам бира доттагIаша; тIаккха шайна беза мехкарий а эцна, дуьххьалдIа Галашке баха сацийра цара.

Иштта бехаш бара уьш, талларца шайна кхача а лохуш, ткъа оьгIазвахана, карзахваьлла Гиргол гонахара жаIуй хьий-

зош вара, Иагон лар лоьхуш. Цо мел лелошдолу къиза лехарш эрна дара, иза хьеравуьйлура, шен оьгIазъэхар жаIуйх окхура цо. ХIинцале цхьана а хIуманна бехке воцу ткъех стаг лаьцнера цо...

Цкъа цхьана сарахь, Наровански лаьмнашкахь уьстагIий схьа а гулдина, шура яккха буьйлабелира жаIуй, оццу хенахь цIеххьана говрийн тата хезира царна. Коьртехь Гиргол а волуш богIу гIалагIазкхий гучубевлира.

ЖаIуша, шаьш Iачуьра хьала а лилхина, цаьрга маршаллаш а хаьттира, ламанан гIиллакхехь догIуш ма-хиллара, цаьрга хьеший хилар а дийхира.

– Шух коьрта жаIу муьлха ву? – буьрса хаьттира Гиргола, маршаллаш хоьттуш дуьхьалбевллачу жаIушна, ур-атталла, баркалла а ца олуш.

– Со ву, – аьлла, тобанна юккъера схьавелира куьцехь, хIинца а къона волу цхьа стаг, тIехь гIовтал а йолуш, агIортеттина тиллина бацойн куй а болуш.

– Схьа тIевоьл!

– Ткъа хьуна хIун оьшу? – хаьттира цецваьллачу жаIуьно, иза, схьагарехь, волаза вара оцу тайпана буьйр деш шена тIечехарх.

– Схьавоьл кхуза, тIаккха хуур ду хьуна!

– Хаьий хьуна?.. Нагахь хьо хьаша хила веанехь, охьавосса говрара, оха уьстагI а бийна, шун а хIоттийна, хьаша санна, тIеоьцур ву хьо. Ткъа, нагахь, ца веанехь, ас Делах дуй боу хьуна, хьо тIечехарх, ахь буьйр дарх хIумма а хир ма дац хьан!

Гиргол жаIуьне дIахьаьжира, бегашийна а доцуш иза оьгIазвахарх кхийтира иза. Цуьнан юьхь тIехь оьгIазалла яра йогуш. Гиргол ванне а вацара жаIуьнна халахетийта дагахь, амма хIуъу а шен лаамехь дан Iемина волу стаг хьекъал чуьра волуш хуьлу, цо цхьана а меха ца лору кхечийн оьздангалла, сий, дог-ойла. ЖаIунна халахетийта дагахь-м муххале а ца хиллера иза, ткъа, мелхо а, иза шегахьа хир ву бохург моьттуш вара хIара. Цундела цкъа хьалха, хьаькам ша хиларе терра, тIечовхарца иза кхеро гIоьртира иза. Делахь а, жаIу кIиллойх воций а хиъна, Гиргола оцу сахьтехь хийцира ша хьалха юьхьарлаьцна некъ.

– Со хьуна халахетийта лууш вацара. ОьгIаз хIунда оьху хьо? – хаьттира цо.

– Иштта алал ахь, дикаха хир ду, бакъ дуй иза?– хаттарца жоп делира жаIуьно.

– Со хьо волчу хьошалгIа веана, жаIушна хьеший тIеэца хаьа моьттуш.

– Э-э-э, диканца догIийла шу, со хьан лай ву-кх, ткъа хьо сан эла ву! – жаIуьно шен куй дIа а баькхина, цуьнан говран когаш кIел кхоьссира. Охьавосса, хьайна гур ду хьуна тхуна хьеший лара хаьий.

Оцу дешнашца цо Гирголан говран дирста лецира, хьешана говрара восса гIо а дина, тIаккха юьстахо лаьттачу жаIушна тIевирзира иза.

– Вадал, и Iаьржа, шо кхаьчна болу уьстагI схьабалабел, бен а бей, кхехко олла, – элира цо царах цхьаьнга. – Ткъа ахь, – элира цо кхечуьнга, – цIе латае чехкка! Ткъа шу, кхузахьа, кхузахьа довлал, сан хьоменаш! – бохуш, тIебийхира цо говрашкара охьабиссина гIалагIазкхий.

Голаш сеттош, дуккха а говрашкахь некъаш барна гIелбелла болучу когашка са а доIуьйтуш охьахевшира уьш. Цхьаберш сийначу бай тIехь охьалахбелира, лекхачу тIулган ломан берда тIера, эзарнаш цинцаш дIаса а кхуьйсуш, маьлхан зIаьнаршлахь эзарнаш тайп-тайпанчу беснашкахь ловзуш, исбаьхьа тамашийна кIоргге охьа чукхийсалучу шурин кIайн бос болучу хига а хьоьжуш Iара уьш. Жижиг сихха кхихкира, цхьана жаIушний бен оццул мерза кечбан хууш боцу кхача кечбира. Шаьш дуззалц массара а бист ца хуьлуш а, чехка а биира кхача. Буьзначул тIаьхьа къамелаш дан бевлира уьш.

– Гиргол! – хьалха дIадолийра хIусамдас – Хьо лаа вогIур вацара, хьайн кхин гIуллакхаш дIа а тийсина! Вай хIума йиъна а девли, делахь хIинца дийцал хьо стенна веана? Нагахь хьо очхарин[1] хьокъехь веанехь, – алал, ас вуьш жаIуй а схьагулбийр бу.

[1] Ламанца иштта гIиллакх ду: шен жа доло луучо гIодар доьхуш. Цунна хIора жаIуьно а шен жах масех уьстагI къастабо. Цунах «очхари» олу гуьржаша.

– Хlан-хlа, суна дуьххьалдlа хьоьца хьошалла таса лиъ-нера. Ас хlун до очхарех?

– Соьца хьошалла тасий? Ахь хlун до цунах, со-х иштта башха вевзаш стаг а вац!

– Иза суна дера оьшу... Ладогlал соьга! – элира Гиргола леррина жаlушка а хьоьжуш. Уьш кхийтира шаьш болчохь цунна дийца лууш цахиларх.

Коьрта волу жаlу кхийтира цуьнан иштта хьажаран маьlнех, цо элира:

– Алал уьш а болуш. Сан царах лачкъийна хlумма а дац.

– Сан хьоьца долу гlуллакх кхиберш болчохь дийца таро яц.

– Дика ду, тlаккха дlагlор тхо! – аьлла, уьш юстах а бевлла, бай тlе охьахевшира.

– Шавал, – аьлла, дlадолийра Гиргола, – хьуна-х хууш ду, хlара дежийлаш пачхьалкхо хьайца къуьйсуш хилар?

– Эхl, хууш ду, хаьа!

– Хьуна билггал хаьий, уьш хьайгара дlадаха кечлуш буй?

– Хlаа, кечлуш бу, амма оха сацийна, цхьаъ санна, массо а вала, амма хlара меттигаш цхьанна а дlа ца яла!

– И хlунда дуьйцу ахь? Дала хlунда ле? – аьлла, сихха юкъаиккхира Гиргол.

– Тхо лийр дера ду, хlара лаьмнаш тхан дайн а, ден дайн а хилла хиларна, уьш хlунда хуьлу пачхьалкхан?

Иза толлуш, цуьнга хьоьжуш мила воллур ву? Шайна лаахь дlадохур ду.

– Тхо дийна мел ду дохур дац... Хlан-хlа, церан иза дан аьтто хир бу аьлла хеташ вац со!

– Ткъа хьанна хlун пайда хир бу шу даларх?

– Пайда хилахь а, ца хилахь а, – хlокху дахаран балех пагlата-х девр дай тхо. Нагахь хlара лам тхан ца хилахь, оха даьхна а, вайн Делора, дан хlума ма дац!

– Ткъа нагахь ас иштта, лам шуьгахь буьсуш хlума дахь? – хаьттира меллаша Гиргола, кlеззиг вист ца хуьлуш а Iийна, тlебоьгlначу бlаьргашца Шавал зиэн а зуьйш.

– Ахьий?

– Хlаъ, ас!

– Нагахь баккъал а хьоьга тхо хIокху балех кIелхьарадахалахь, ас Далла хьалха санна, дIабоху хьоьга, тхо хьуна хьалха декхарийлахь дуьсур дац-кх.

– Мегар ду, дагахь латтаделахь хIара дешнаш. Ас шун гIуллакх дийр ду, амма хьо а декхарийлахь ву суна гIуллакх дан.

– ХIара бу-кх сан берриге а хьал-бахам – сан жа, кхунах ах хьуна дIадала кийча ву-кх со!..

– Суна жа ца оьшу, ас-х тохара аьлла хьоьга.

– Ткъа, делахь, хIун дика де ас хьуна?

– ДоттагIалла, хьо сайна тешаме хилар деза суна.

ЖаIу парггIат хьеше дIахьаьжира, амма цунна жоп ца делира цо. Цунна хаьара, Гиргол мел сутара стаг ву. Ахь цунна хьайн бахамах ах кхийдабо, ткъа цо дIаэца дуьхьало йо! Кхин хIун оьшу-техьа оцу ямартхочунна, тешнабехк бархочунна? Тохара хьалха ша тIекхаьчча маршалла хатта а ца вешаш хилла, вевзаш воцуш волу жаIу стенна хьаштхилла-техьа цунна? Ткъа хIинца цо дагахь а доцушдерг доьху – доттагIаллий, тешаме хиларрий!

Шекваьлла вара жаIу, иза вист ца хуьлура.

– Шавал!– элира Гиргола юха а, – хьо лоруш стаг ву ламанца, баккхийчийн кхеташонехь хьо массарна а вевзаш ву... Суна жоп дала хIунда ца лаьа хьуна?

– Кхин хенаш ю, Гиргол, тIехIиттинарш, кхин хенаш ю! – аьлла, дIадолийра Шавала. – Нагахь хIара хьалха хилча, вайн баккхийчийн кхеташо гулйийр яра, цунах дагадевр дара, цуьнан сацамо боххург дийр дара... Ткъа хIинца мичахь ю нийсо, мичахь бу тешам? Ваша вешина тIетовжа а хIуттуш вац.

– Ткъа хIун тоьлашха дара хьалха? ХIинца-х вай долчохь дерриге а законаца деш ду, Дала сий дойла вайн паччахьан императоран! – элира Гиргола.

Юха а цхьа а вист ца хуьлура. Шавал чIогIа ойланашка валарна, шайн тийна Iер дохош, къамел юха а дIадолийра Гиргола.

– Ткъа хIун до ахь? Реза ву хьо, я вац? – хаьттира Гиргола.

– ЛадогIахьа, Гиргол, алахьа дуьххьал схьа, тхоьгара хIун оьшу хьуна?

– ХIан, мегар ду... Ас дуьххьалдIа эр ду хьоьга: ас дежийлашца долчунна тIехь шун гIуллакх дийр ду, ткъа аш суна гIо де Иаго схьалаца.

– Хьуна гIо дей? – Шавал соцунгIа хилира. – Ткъа ас муха дийр ду хьуна гIо? – хаьттира цо.

– Ахь айхьа ойла ел, нагахь лаахь, хьоьга схьалацалур ву иза. Иаго мича гIур ву, жаIушна тIе ца веача?.. Охьанехьа вала иза хIуттур вац. Нагахь иза хьо волчу хьошалгIа вагIахь, ахь соьга хаам бе – ас, гIалагIазкхашца тIе а летта, схьалоцур ву иза.

– Ахь хIун дуьйцу?

– Нагахь иза хьо волчу хьошалгIа вагIахь...

– Муха? Хьешана тешнабехк бай, цунна делла туьха-сискал сийдоццчу даккха бохий ахь?.. Ахь соьга дуьйцург хIун ду, ва Гиргол?

– Кхоьру хьо?

– Сацийталахь... Дикаха хир ду хьуна, юха ма алалахь и дешнаш, – Шавала оьгIазвахана, цIоцкъамаш саттийра. – Ахь тхан гIуллакх дIанисдан дош делла. Делан дуьхьа, дIанисдехьа иза, дехахьа тхоьгара совгIат – жа а, ахча а. Амма хьешана ямарт хила сан таро яц.

– Хьайна хуур ду-кх хьуна! Ткъа суна-м цхьаъ бен ца оьшу – Иаго юха а схьалацар.

– Делахь ас харцдерг дуьйцур дац хьуна: нагахь Иаго со волчу вагIахь, ас цунна сайн куьйгашца туьха-сискал лург хилар, – цунна ас ямартло йийриг цахилар.

– Делахь алал соьга, хIинца мичахь ву иза?

– Дела ву-кх теш, – ца хаьа суна, амма, нагахь хууш хилча а, ас эра-м дацара.

– ХIунда?

– ХIунда аьлча, тхуна массарна а Иаго вевзаш а, везаш а хиларна, ткъа хьуна лаьа иза таIзарна дIавала. Нагахь цо хьуна хьайна цатам бинехьара, со гIуртур вара шуьшиъ вовшашца тован, лулахой шу хиларе терра, шуна юкъахь там бан, ткъа цо хьуна цхьа а вониг ма ца дина, ткъа хьо йилбазан гIуллакх деш ву, хьайн лулахочунна тIаьхьахьаьдда лелаш ву.

– Шавал, ткъа хьаькамна хууш ма ду Иаго хьо волчу вогIуш, кхузахь хуьлуш хилар.

– Ткъа нагахь веача, хIун ду кхузахь вониг? Иза – сан лулахо ву, цунна-х тIехь харц эладита а кхоьллина, иза гуьнахь доцуш, хьийзош ву, – ткъа со декхарийлахь вац цунна гIо дан?

– ХIан-хIа, Шавал, иштта ма алал, хIаллаквийр ву хьо...

– Войла шена, амма хIуъу а хилла латтахь а, хьаша дIа-м лур вац.

– Ларлолахь, Шавал.

– Ткъа стенах кхера веза со? Цхьа а хIума суна буха ца дитина, ткъа хIинца со ямартхо ван а лаьа...

– Делахь-хIета, хьуна ца лаьа-кх тхуна гIо дан?

– ХIан-хIа, ца лаьа!

– Делахь соьца пурстоьпана тIевогIур ву хьо.

– ХIунда?

– Иштта аьлла соьга... Айхьа дуьйцур ахь цуьнца.

– Со вогIур вац! – элира Шавала, сацам боллуш, хьала а гIаьттина шайн туьпехьа дIавирзира иза.

ХIуъу а хилла латтахь а, и кура жаIу къарван сацийна волу Гиргол цунна тIаьхьаволавелира. Иза туьпе дIакхаьчча, кхуо белшаш лаьцна, чIоггIа элира:

– Шавал, хьоьга кхойкху пурстоьпо, тхоьца ван дезар ду хьан.

– ДIо, гой хьуна мел жаш а, адамаш а ду сох тешна, уьш дIатаса таро юй сан?

– Иза сан гIуллакх дац, хьо ван декхарийлахь ву.

– ХIан-хIа, йиш яц сан.

– ЭхIе, хьо мел вогIур ву-м!

– Ас Делах дуй боу хьуна, – вогIур ма вац со. Гиргол леррина цуьнга дIахьаьжира.

– Схьалацал иза, сацавел! – аьлла, гIалагIазкхашна тIевирзира иза. Уьш шайн меттигашкара хьалалилхира.

Шавала, юьстах а иккхина, шаьлта схьаяьккхира.

– СхьатIевола-кх, шена дахар кIордийнарг! – аьлла, мохь туьйхира цо.

ГIалагIазкхий севцира. Оцу хенахь бевдда тIебаьхкира чхьонкарш а карахь болу жаIуй, шайн коьрта волчунна юххе дIахIиттира уьш.

– Дlавала дlагlо, Гиргол! – мохь туьйхира Шавала, – хьо тхо долчу веана, хьешан санна, оха сий дина хьан, ткъа хlинца хьайн новкъа дlагlо!

– Ас ца боху шуьга, – лаца иза! – аьлла, тlечевхаш, салташка мохь туьйхира Гиргола. Гlалагlазкхий Шавална тlехьаьлхира, амма царна къора санна, луьста етта йолийра еха чхьонкарш. Гlалагlазкхаша тарраш дехира, амма чхьонкарш лестош жаlуша уьш шайна тlе ца буьтура. Маьхьарий хезна схьахьаьлхира ламанца болу, кхиболу жаlуй а, церан дийнна тобано етта а етташ дlалелхийра гlалагlазкхий.

Дов долийна Гиргол, жаlуй чlогlа тlегlерта а гина, говра а хиъна, массарал а хьалха къайлавелира.

Кестта дерриге а дlатийра, хlунда аьлча шайн есауло дlатесна битина, цlийш оьхуш йиттина болу гlалагlазкхий, оцу сахьта шайх къинхетам бар а дехна, говрашка а хевшина, дlабахара. Ткъа жаlуша сацийра хlинца дуьйна дlа берриге а ницкъашца Иаго мостагlех ларван.

Оцу хенахь Нона а яра Аршски гlопехь бала хьоьгуш. Иза меллаша толуш яра, цуьнан дерриг дегl лазаршна Iийжаш дара.

Цуьнга хьажа йитина зуда, Гирголан хьаша, цхьана гlулчана а цунна юххера дlайолуш яцара. Цкъа хьалха иза Нонига хьожура шен майрачунний, доьзалний ямартло йиначу зудчуьнга санна, делахь-хlета, ламанца долучу гlиллакхашца иштта зуда массо а тайпана таlзар дан хьакъ яра. Амма кестта, цхьана а хlуманна хьокъехь цхьангга а ца хоттуш, дуьххьалдlа ша зуда хиларан ойланца, иза кхийтира Нонас боккха бала хьоьгуш хиларх, цунах кlорггера къахеташ яра иза. Цуьнан мостагl йолчуьра цуьнан догцlена доттагl хилла дlахlоьттира иза, иза дерригенна а кийча яра, цуьнан дагна там бойла хилчахьана. Амма Нонина гlо муха дан деза ца хууш, цо цкъачунна тоам бора дуьххьалдlа цунах къахетарх.

Оцу муьрехь, божаршна а тlехь, чlогlа хала ницкъ бора нийсо цахиларо, харцдерш лелоро, – ткъа, делахь, зударша хlун дийр дара? Вала да воцуш йисина Iаш йолчу зудчо хlун дийр дара Гирголана хьалха Нонехьа гlо даккхарна? Нонехь

болу бала айбархьама, аттачу баккхархьама цхьа хIума дара цо лелош дерг, хIора а зудчун ницкъкхочург – къахеташ елхар; иза Ноница цхьаьна даим а йоьлхура.

Цуьнан хIора дашца, цуьнан дерриге а леларехь хаалора иза дика ойла йолуш, къинхетаме хилар. «Оццул буьрса хеташ йолу зуда оццул дика, догцIена хила муха тарло?» – бохург хеталора.

Цкъа цхьана сарахь меттахь агIоръяьлла яра Нона. Цуьнан юьхь йогуш яра, хIора минот мосазза ели мала хи доьхура цо.

– Ма мийлахьа иштта дукха, хьуна зенехь ду иза, – элира цуьнга зудчо, мала хи а луш.

– Далла хастам бу, хилийтахьа зенехь! – элира, меллаша, Нонас.

– ХIун до ахь? – ХIунда боху ахь? Жимма сатохахь!

– Ткъа стенна оьшу сатохар? Ас хIун до сийдоцчу яьккхина, цхьанна а оьшуш йоцуш яьхна?

Ший а йист ца хуьлуш сецира. Тийна дара. Дог дагош къахийтира йоккхачу стагана. Цунна хIинцале хууш дара Нонас бала хьегаран бахьана: йоI шена везачу стагах яьккхинера, нуьцкъала маре еллера, ткъа хIинца, зуламхо санна, чохь ялош яра!

Цкъа йоккха стаг яхара шовданна тIе бедарш йитта. ЦIеххьана даккхийчу тIулгашна тIехьара схьа гучувелира, агIор дIаса а хьоьжуш, когашкара дуьйна коьрте кхаччалц гергашца кечвелла волу жима стаг. Кхунна тIевеара иза.

– Балха тIехь аьтто хуьлда хьан, Дариджан! – аьлла, зудчуьнга маршалла хаьттира цо.

Корта хьалаайина зуда, цецъяларна инзар а яьлла йисира.

– ХIун хилла? Ца вевза хьуна со? – хаьттира вевзашвоцчо.

– Вовза-м вевза! Ткъа мичара ваьлла хьо хIокху меттигашка?

– Иштта схьавеана-кх, оцу тIехь дерриге чекхдолу! – элира жимачу стага, вела а луш.

– Ткъа тхо долчохь хIинцале дуьйцуш дара оьгIазаллечу мостагIаша хьо вийна, бохуш... Далла хастам бу, хьо дийна висина. Хазахета суна...

– Дукхаехалда хьо, баркалла хьуна! – элира жимачу стага.

– Къоба, мичахьахула лелаш вара хьо, гучу хIунда ца волура хьо?

– Собардел, ас дерриге а дуьйцур ду хьуна... Цкъа хьалха алал соьга, кхузахь хIун деш ю хьо?

– Со кхузахь Гиргол волчохь Iаш ю... Цомгуш зуда ю церан цIахь. Ша Гиргол цIахь вац, со ю цуьнга хьожуш.

– Хьожуш ю хьо я иза ларъян хIоттийна ю? – хаьттира Къобас, леррина йоккхачу стаге а хьоьжуш.

Цунна гира шена тIеберзийна ши бIаьрг. ЦIий а елла, корта оллийра цо.

– Йист ма ца хуьлу хьо? – элира Къобас. – ЙоI ядийна, нуьцкъала цуьнан мах бина, тIехула догIа а тоьхна латтош ю, ткъа хьо иза ларъян хIоттийна, – эхь ду иза, Дариджан, эхь ду!

– ХIан-хIа, Къоба, иштта дац иза!

– Ткъа муха ду?

– Ас ала ма аьлла хьоьга, цомгушчуьнга хьажа хIоттийна ю со.

– НеIалт хуьлда вайн ханна! Тохара цхьа а зуда гIур яцара и санна дерг дан. Ткъа Гиргол хIетахь тайпано эккхор вара, ткъа хIинца цунна гIо до! Мичахь ду хьан эхь-бехк, хьан сий?

– Сан сий ма дийца, Къоба! Бехке яц со. Хьалха моьттура суна Нона баккъал а бехке ю, иза майрачунна а, доьзална а ямарт хилла. Ткъа хIинца, бехк боцучу цунна ницкъ беш, иза хьийзош хиларх со кхетча, суна лууш дерг цхьаъ ду – цунна гIодар.

Къоба леррина зудчуьнга хьаьжира, теша мегар дуй-техьа цунах бохург хаа гIерташ.

– Далла хуур ду-кх, ахь бакъдерг дуьйцу я моттаргIанаш лелайо?

– ЭхI! – олуш, йистхилира зуда. – Цхьаммо а дIадаьккхина дац соьгара сан эхь-бехк, сий! Ас хIунда дуьйцу хьоьга харцдерг?

– Хьанна хаьа?.. Заманаш хийцаелла. Вашас вешина а ямартло йо, йишас-йишина а! Делахь ахь баккъал а боху-кх хьайна цунна гIо дан лаьа?

– Ас Делах дуй боу хьуна, ткъа муха дан деза иза?

– Дика ду... Нагахь ахь дуьйцург бакъделахь, – со хIокху сахьта Нона йолчу тIевигал! – элира Къобас.

– Схьа тIаьхьавола суна, – элира зудчо, сацам боллуш, цIийнехьа дIа а йолалуш.

Малх ламанан дукъ тIехьахула къайла а баьлла, амма бутт схьакхетта, серлонах буьзна иза дуьне серладаккха хIинца а кхиаза долу суьйренан сахьт дара тIехIоьттинарг.

Сингаттамой, цхьа хиларой бIарзйина йолу Нона, меллаша хьала а гIаьттина, неIарехьа яхара. НеIсагIина хьалха охьа а лахъелла, гIайгIане дIасахьаьжира иза. Шийлачу махо байн корта хьийзабора цуьнан.

Цунна хьалха лаьтташ яра шена чохь кхунна иштта къинхетамза ницкъ бина йолучу Аршски гIопан лекха бIов. ТIехьашха гуш дара сийна лаьмнаш, дехьа а, сехьа а лекхачу тIулгийн бердашна тIера гIум а, кегийра тIулгаш а охьаоьхура, текхаш.

ДIахьаьжначу цуьнан бIаьрг сецира йочанаший, мехаший, схьахетарехь, къаьсттинчу къизаллица бохийначу цхьана лома тIехь; берриге баабелла, аьтта, тIуналла чекхъяьлла болу иза меллаша, амма даим а бухуш, аталуш бара. Оцу ломан дукъе хьоьжуш ехха Iийра иза.

– Иштта со а ю-кха гIайгIано юуш, со а ю-кх иштта аталуш, юхуш! – элира цо, меллаша, ша-шега.

Иштта оцу ломе хьоьжуш, ехха, шен бIаьргаш кIадбаллалц Iара иза. ТIаккха шен бIаьрг Дариджана бедарш юьттуш хиллачу шовданна тIе хьажийра цо. Оццу минотехь йоккхачу стагана тIе а веана, цуьнца къамел дан хIоьттира цхьа боьрша стаг. Гена хиларна оцу стеган юьхь-сибат ца къаьстира Нонина.

Дуккха а хан яра Нонина цхьа а стаг ганза, шена тIехIоттийна зуда йоцург, цундела цунна чIогIа лиира иза мила ву хаа. ЦIеххьана цхьа ойла, стелахаьштиг санна, чекхъелира Нонин коьртах, дог чехкка деттадала доладелира, иза хьалаиккхира, хазахетарна мохь тоха кийчча яра иза. Амма оцу минотехь бос байра цуьнан, хьаьжах куьг хьаькхира цо, ласта а лестина, юха а шен метте охьаюьйжира иза.

– Ткъа хила тарлорий сан, декъазчу мисканан, иштта ирс, – элира цо йоккха гІайгІа кийрахь йолуш. – Иаго мостагІийн каравахана; цаьргара кІелхьаравалалур вац цхьа а. Делахь мила хила веза иза?.. Гирголлий?.. – кхераелла мохь белира цуьнга. Цхьана Гирголий бен кхин хьан дан тарлур дара иштта парггІат къамел Дариджанца?.. Дагадаьхкинчара, цІийдиначу эчиго санна, дагийра Нонин дог.

ЦІеххьана цунна хьалха сурт хІоьттира шен акхараллин лаам кхочушбан сихвеллачу, адамалла доцуш ша иштта сийдоццчу яьккхинчу, кхуьнан бакъонца болу безам иштта сийсазбаьккхинчу шен марвешин эрчадаьлла буьрса юьхь-сибат гуш... Ша Іалам а дара адамаша лелочу вочу хІуманашна оьгІазъоьхуш...

Гиргол маситтазза веанера хІара йолчу, амма иза вогІура дийнахь, цхьана кІеззигчу ханна хьеха чу а вогІий, несехь хІун хьал ду а хьожий, оцу сахьта дІавоьдура иза, шен гІуллакхе ваха сихлой. Ткъа хІинца иза веана сарахь, схьагарехь, буьйса яккха дагахь ву иза. ХІунда? Ванах, баккъал а Нонин дог ша гуттаренна а шегахьа даьккхина, хІинца цуьнан хазаллех парггІат марзо эца тарлур ду моьттуш ву-техьа иза? ХІан-хІа, кхин цхьаммо а йоккхур яц иза ялрх кІелхьара, цунна карор бу яла некъ!..

Нона едда хьеха чу яхара. Къайлаха долчу Іуьргахула дІайиллина йолчу, шера ган аьтто болчу метте елира иза. Кхузара ша гарна а ца кхоьруш, вевзашвоццчуьнгий, Дариджаней хьежа таро яра цуьнан.

Къобий, Дариджанний хьехехьа тІедоладелча, Нонас дІатесира ша кІелонехь хилла меттиг, схьадогІуш долчу шинна гушдоццчу дукъах дехьа а яьлла, сихонца гІопан кевнах араелира иза. ПаргІатоне яьлла иза, некъа тІера дІа а яьлла, Гергетски ломахула Мкинварцверин агІорхьа дІайирзира. Барам боцуш гІелъелла йолу хІара, кестта, настарш хадийча санна, охьаюьйжира, эццахь наб а кхеташ.

Дариджанаца цхьаьна хьеха чу велира Къоба.

– Нона! – аьлла, кхайкхира иза меллаша. Цхьаммо а жоп ца делира.

– Нона, хьо мичахь ю? – аьлла, аз айира цо, хьехан шолгIачу эханна чу а йолуш. Амма цигахь а цхьаммо а жоп ца делира.

– Вай, сан гIайгIа! ГIо дейша суна! – мохь хьаькхира зудчо, хьеха чу волучохь, дан собар доцуш шега хьоьжуш Iаш волчу Къобина юха тIе а йоьдуш.

– ХIун хилла?

– Нона яйна, яц? – Дариджан юха а хьехана чоьхьахьа едира.

Къоба а вахара цунна тIаьххье. Массо а маьIIе хьовсуш, Нона лаха делира и шиъ.

– Ткъа мичахь ю иза, мича яха тарло иза? – элира дог доьхначу Къобас.

Иза ша-шена цхьа хIума а дина, елла хир ю бохург дагадеара Дариджанна. ДоIанаш а деш, йоьлхура йоккха стаг. Къобин сагатделира, хIунда аьлча Дариджана дийцинера цунна, цкъа ша-шен ен Нона гIоьртина хиларх.

Ший а керта а даьлла, массо а меттехь лийхира, бехха кхайкхира уьш Ноне, амма иза ларйоцуш яйнера.

– Дакъа мукъа а карадахьара!.. Лаьтто дIа-м ма ца хуьйдина хир ю иза?..

Юха а хIора тIулга тIехьа хьожуш, ерриг Аршски гIап теллира цара. Амма дерриг а эрна дара. ЧIогIа гIел а делла, юха а хьехана хьалхарчу арахь цхьаьнакхийтира и шиъ.

– Ас хIун эр ду Иагога? – бохура гIайгIане Къобас.

Дариджан хьере хиллера, шен дахарх а, шен керт-кех а, цIийнах а кхоьрура иза. Гиргола куьйгалла а деш, есаулаша шен миска хьал-бахам бохош, лечкъош сурт хIуьттура хIинцале а цунна хьалха. Ткъа хIун хир ду цуьнан берех? Къелла, мацалла, нехан цIентIехула лелар... Церан таро хир яц-кх, ур-атталла, зударий бало а, шайн доьзалш хила а, дерриг тайпа къинхетам боцуш хIаллакдийр ду сийдоцчу боьхачу хIумано, Гиргола.

Нагахь Нона Иаго волчу еддехьара, цо мукъа а цуьнгахьа гIо доккхур дара. Ткъа хIинца ма вац цунна орцахвала стаг. Ткъа кхуьнга-х я Иагона гIуллакх а ца дадели, я Гирголна Нона а ца ларъели.

Цхьаболчарна моьтту хьалдоцу, къен нах кIорггера ойланаш ян хьекъале бац, иза дан лаккхара хьалдолуш, лоруш болу нах ма-хиллара, уьш хьуьнаре берг – къинхьегам бен бац. Делахь а халкъан хьекъалечу кицано боху: «Стеган дог, хIордах тера ду – иза шена хьуьнаре доцуш хIунда ду?». Бакъду иза, къечу, могIарерчу ахархойн хьекъал дац цхьаболчу нахана моттар эрна ду!

– Хилла даьллачунна дан гIо дац! – аьлла, юкъахдаьккхира Къобас шаьш дист ца хуьлуш Iар.– Иза, я цIа дIаяхана, я ша-шена а тоьхна, шена дагадеъанчохъ елла.

– Ас хIун дан деза, декъазчу ас?.. – бохуш, гIайгIане доIанаш дора Дариджана. – Гиргола ша юхавеача, дийна йоллушехь юьйр ю-кх со.

– Иза – хьан хьаша ма ву, къахетта юьтур яй цо хьо-м, – бохуш, кхуьнан дагна там бан гIертара Къоба. – Ткъа адамаша а могуьйтур дац, цо хьуна къиза таIзардар.

– Ткъа хIун дийр ду адамаша?.. Гиргол карахь ницкъ болуш стаг ву, иза паччахьан гIуллакхехь ву... Ткъа гергарло, хьошалла?.. Ткъа Гиргола сийлахь лоруш хIума дан а дуй?

Къобас куьг ластийра. Ший а дист ца хуьлуш Iара, хIораммо а шен-шечун хьокъехь ойла йора. Къобина хьалха лаьтташ яра йоккха стаг, ерриге егош, кхераелла, цIийзаш, цхьана а хIуманна бехке йоцу, гуьнахь доцуш бала хьега кхиел хилла йолу. Дохор, далар кхача тарло цуьнан берриге доьзале, ткъа хьаьнгара? Цуьнга нийсса волчу, амма оьздангаллах талхаро, вен хьакъ хиларан меттана, «господин хьаькаман» безам а, гергарло а шега кхаьчначу стагера.

Оцу минотехь Къобина чIогIа лаара пагIат стаг хила, Дариджанан гергара хила, дуьххьалдIа цуьнгахьа гIо даккхархьама, сийдоцу Гиргол дика Iаморхьама.

– Дариджан! – элира цо юха а, – ас цхьаъ эр ду хьоьга. Цкъачунна хьайн ден цIентIехь дIалачкъа. Гирголах дерг хьайна хаззалц цигахь саца.

– Ткъа цо-м со цигахь а садаIа юьтур яций, суна вевзий иза-м! – бохуш, йоьлхура Дариджан.

– Кхера ма кхера хьо, нагахь со дийна висахь...– Къоба соцунгIа хилира.

– Шух дегайовхо йолуш ю-кх со, сан хьоменаш! Шу а ца хилахь, бIаьргаш а хьаббина, хи чу эккхар ю-кх со.

Мел тамашийна хIума ду-кх хьо. Дика вовшахтоьхначу урхалла дарехь инарлаший, лакхарчу хьаькамаший, кхиэлахоший, пурстоьпаший, массо а тайпана кхечу чиновникаший, зингаташа санна, мохк буьзначу хенахь, нийса Iедал леладо шаьш боху кеп ца хIотточу хенахь, цхьана а хIуманна бехке йоцучу мискачу зудчо стаг а вийна волчу стаге доьху нийсо яцарх ша ларъяр!.. – Хьайн нах болчу охьа а гIой, Гирголан хьокъехь соьгара хаам хиллалц собарде. Ткъа со Нона лаха гIур ву, – элира Къобас.

Уьш дIасакъаьстира. Шайн юрта яха сихъелира зуда, ткъа иза лаьмнашка дIавахара. Цунна хетарехь, цига яхана хила декхар дара Нона, нагахь яда ойла йина иза елахь.

Ткъа Нона оцу хенахь Аршски ломан дукъах дехьа а яьлла, Гергетски лома тIе елира, цуьнан йистонашца «цIазамаш лехьош» хийла леллера иза ша жима йолуш.

Iуьйрана Черчийн орцана тIе яхара иза, буьйса йолале шайн юьрта кхача дагахь. Иза шен хеннахь дIакхечира йиллинчу метте, гонахарчу Iаламан буьрсалла оццул кIадъеш, исбаьхьа хазъеш йолучу хьуьнан йистерачу шовдан юххе, бай тIе охьахиира иза, гонаха, тIедаххка доххуш санна, кхозуш дара стигала ирхдахана баххьаш долу лекха лаьмнаш а, башлаьмнаш а.

Нона, кIорггера ойланаш а еш, шовданна хьалха хиъна Iара. Кхуззахь ломан бухара схьадолуш дара и сирла хи. ЦIеххьана цунна хезира, дерриг дегIе кхерам туьйсуш, акхарой угIу. Ша йолчуьра хьала а иккхина, оцу меттехь, лацаелча санна сецира иза. Iаламат йоккха ча яра, Iеха а Iоьхуш, бага а гIаттийна, меллаша хьуьна юккъера схьайогIуш, иза, саца а сецна, гонаха дIаса а хьаьжна, хьалхахьа юха а жимма дIа а йолаелла, юха а соцунгIа а хилла, цецъяьлла Нонина тIейирзира. Ткъа хIара кхераелла Iада а йина лаьтташ яра. ХIаваан хьожа а яькккхина, ткъа шена хьалха лаьттарг гIаларт доцуш, адам дуй-техьа бохучух теша санна, корта а айина дIахIоьттира ча. Цо шен муцIар гIаттийра. Корта лохха охьа а таIийна, Iеха а

Іоьхуш, угІа а угІуш, шен коган мІарашца латта ахка хІоьттира ча, уьш дика ира юй-техьа бохург зен ша гІерташ санна.

Нонин яда, кІелхьараяла меттиг бацара. ЧІогІа Іаха а Іаьхна, кхин а карзахъяьлла латта охкура чено, тІаккха тІаьххьара а тІехьарчу когашна тІе ирахІоьттира иза; ирча, буьрса Іоьхуш зудчунна герга йогІура иза. Цунна хаалора цуьнан садеІар. Нона, ерриге уьйриг хилла, хаба а хебна лаьттара, тІулгех дІа а тебна, халла бен са а ца доІуш. Иза схьалаца дагахь чено шен тІамарш хьалаайира... ЦІеххьана топ елира. Ча, чІогІа Іаха а Іаьхаш, юьстахъиккхира, цкъа-шозза го а баькхина, дуьххьалдІа оцу зудчун когаш хьалха охьаюьйжира иза. Цхьаннан-м куьйгаша дуьххьал оцу бІаьрга хІоъ тоьхнера дукха карзахъяьллачу акхарочунна. Ча цкъа тоьхначу даьндаргo кхин меттах ца хьойтуш йийра.

Нона тата хезначу метте дІахьаьжира. Цунна гена воцуш лаьтташ жима стаг вара парггІат шен топ а цІанъеш.

– Делахь мегар дуй ткъа зудчунна цхьа лела? – аьлла, хаьттира цо, хьасталуш.

– Сий хуьлда хьан! Нагахь хьо ца хиллехьара, со хІинца дийна хир яцара-кх! – элира Нонас, шуьйра дІабиллинчу бІаьргашца жимачу стаге дІа а хьожуш. Ткъа жима стаг цецваьлла йоІе хьоьжура.

– Иаго! – элира Нонас, халла хезаш.

– Нона! Сан дахар! – аьлла, мохь белира Иагога, дог кІадделла охьайоьжна зуда марайоьллира цо.

Оццул шен хеннахь хІокху меттигашкахь нисвелла волу Иаго, Черчийн орцахь Къобица цхьаьна лечкъаш лелаш вара, цигахь тешаме дІалечкъийла карийра шина доттагІчунна. И юькъа хьун йолу арц чІогІа бегІийла бара кхуза гена боццуш жаш дажош жаІуй хиларна, цара кхачанца гІо дора кхарна. Цул сов, Аршски гІопаний, Степанцминданий юххехь а яра и меттиг,– кхузара дІа аьтто болуш дара Нонин хьокъехь болу хаамаш лаха а, дерригенан а кхечу хьокъехь хаа а.

Къоба Аршски гІопе вахана волуш, Иаго толлуш вара. Иза лу а дийна, иза шаьш Іачу дІа а даьхьна, юьхьаний, куьйгашний тІера цІий а, чан а дІаяккха юьхь-куьг дила шовдан тІе юхавогІуш вара. Новкъахь ча Іоьху а хезна, оцу гІовгІанна

тIевеара Иаго. Гуттар юххе тIекхаьчча, цунна гира цхьана зудчунна тIекхоссаяла кечлуш йолу ча. Зудчун юьхь-сибат гойла дацара цуьнан, цундела хIара паргIат лелара.

Амма вовшийн девзинчу кху шинна, шайн безам боцург, дуьненахь кхидерг дерриге а дицделира, вовшашна мармаракхийтира и шиъ, бехха барт боккхуш цхьаьнакхийтира и шиъ. Дош а ца алалора цаьрга. Вовшийн меттахъхьар а, садаIар а – дуьненарчу берриге меттанашкахь олучу дерриге хьастаран дешнел а доккха, деза хетара цу шинна.

Уьш бехха Iийр бара иштта, нагахь церан кхачош доцчу вовшийн хьестарей, дохучу барташкий хьежа Къобина кIорда ца динехьара. Нона лоьхуш лела иза дуьххьара оцу шинна, вовшашка тIех боккха мерза безам бахна долчу йоIаний, кIантаний тIеIоттавелира хIинца? Собаре хилла лаьттара иза ша гаре хьоьжуш.

– Тоьур дац шун вовшашна мар-маралелхар? – элира цо чIоггIа. – Балдашка а даIийта деза са!

Дуоха а доьхна, куьйгаш дIа а хецна, дIасакъаьстира и шиъ. Къоба царна тIевахара.

– Нона, ткъа хьо йилбаз-нана санна, чIогIа хIилла долуш хилла-кх!.. Хьо дукха лехна хIоьттина-кх со, ткъа хьо кхуза еана хилла.

Цо дийцира ша Нона лехар а, мел бохам хилла Дариджанна а.

– Цхьажимма собар дина хиллехьара, хенал хьалха яда а ца йодуш! – аьлла, бегаш бира Къобас, Нонина тIе а воьрзуш.

– Ткъа суна дагахь а ма дацара хьо со йолчу вогIур ву аьлла, сан хьоме Къоба!

– Даго хаам бина хилла-техьа хьоьга, оцу сохьта Иаго карор ву аьлла?

Нонас эхь хетта, корта охьабахийтира.

– Схьахетарехь, суна иштта яздина хилла-кх кхуза ян...

Самукъадаларца вовшашца хабар а дуьйцуш, ченан цIока схьаяьккхира Къобассий, Иагоссий, тIаккха, Нона а эцна, шаьш Iаш болчу дIабахара хIорш. Дукха хан ялале шашлыкан мерза хьожа яра хIаваэхь кхеташ.

ХIума а йиина бевлира уьш. КIордадаллац хабарш дийциначул тIаьхьа бевдда Нохчийчу дIабахаран хьокъехь кхеташо йира цара.

– Тховссехь новкъадевр ду вай, ткъа ца довлахь, Нона ядар а хиъна, дерриге а некъаш, ха хIоттош, дIалоьцур ду, – аьлла, шена хетарг элира Иагос.

– Вай мича гIур ду тховсалерачу буса, дерриге некъаш хIинцале а дIалаьцна ма ду! – аьлла, жоп делира Къобас.

– Самеба олучу башломана тIехула а девлла, ткъа цигара Джайрах йолчухьа дIагIур ду вай.

– Самеби тIехь а дац тешаме...

– Делахь хIун дан деза?

– Шина дийнахь собар дича диках хир ду, Хидун лома кIел гIаролехь лаьтташ берш муьлш бу хаа деза. Нагахь вайнаш белахь – цара шаьш вайна гIо дийр ду, ткъа кхин белахь, – тIаккха а, хIуъу хилла латтахь а чакхдевр ду вай, лаьмнашкахь вайна тIаьхьакхуьур бац уьш, вайн некъаш вайначул дика хьанна девза...

– Хаац, кхузахь сецар дика дацара вайна, ткъа хьуна дика хуур ду-кх.

– Вайца зуда ца хилча, суна хаьара вай мичахула гIур дара. Ткъа кхунна хIун дан деза вай?

– Суна а карадейша герз, шуьца цхьаьна со а летар яра-кх, амма мостагIчун кара-м гIур яцара! – аьлла, аз ойуш йистхилира Нона.

Цуьнан бIаьргаш къегаш дара, азъеллачу, бос байначу юьхь тIехь цIелла гучуелира. Доза доццуш доьналла, стогалла шегахь хилар гойтуш долчу цуьнан юьхь-сибате хьаьжча мотталора оцу зудчунна цхьа а дуьхьалонаш яц, муьлхха а зиэраш лан иза хьуьнаре ю.

Дийца а дийцина, кIорггера ойла а йина, цара сацийра тховсалерачу буса Хидун лам тIе даха а, гIаролехь берш муьлш бу хаъалц цигахь собар дан а, тIаккха, цаьрца барт хиллачул тIаьхьа, кхидIа новкъадовла а.

Малх чубузаре а хьаьжна, дIабузучу цуьнан тIаьххьарчу дашочу зIаьнарша Мкинварцверин ломан бохь тахана тIаьххьара серлабаькхинчу хенахь, новкъабевлира уьш.

Делахь а царна ца лиира Хиду хица долчу Iин чухула хьалабоьдучу, массарна а дика бевзаш болчу новкъа баха, цундела уьш бахара Куро ломан ирачу, бердаш долучу аьрцнашкахула дIа, дуьрачу хиш тIе хи мийла оьхучу лун бен лар а йоцуш йолучу меттигашкахула. И некъ готта а, кхераме а бара. Цкъа, лаьхьанан кепара, чIуг етташ берзинчу тIулган бердаца дIабоьдура и некъ, тIаккха, даккъаш хедош, чухьаьжча, бIагор оьхуш, кIоргачу Iаннашкахула чекхболуш, тIебан боллуш тIекхозабеллачу лома кIелхьахула болий, тIаккха текхаш, тIеоьхуш болчу ломан йистехула болучу новкъа дIаоьхура уьш. Халла, цхьана могIара, чуханца вовшийн дIа а лоьцуш, наггахь масех гIулч тIехула а кхийсалуш уьш дIаоьхучу новкъахула адам даха тарлуш хиларан сурт хIотто а хала дара, оццул хала, кхераме некъ бара цара юьхьарлаьцнарг. Амма хIора минотехь я бердах бахна, я тIулгаш тIедаьхкина, я кхечу, дагахь а доцчу, бахьано дахарна туьйсучу кхерамах кIезиг ийзалора некъахой, уьш кхоьрург шайна дуьхьал адам Iоттадалар дара.

Черчийн лома тIера жимачу Чхери хинан бердашца охьабуьйлабелира уьш, шен хьарам амалш йолуш а, чехка а хи дара иза. Цо цхьана дийнахь маситтазза хуьйцу шен бос: цкъа, силам санна, Iаьржа, цкъа, ча санна, можа, цкъа мокха я гуттар цIена, сийна-сирла долу иза, йоккхачу гIовгIанца, чопашца, чехка охьадогIура.

Терка тIе кхечира хIорш, тIаккха охьадогIучу цуьнан цхьана гаьнна тIехула тIайн меттана тесначу дукъошна тIехула чекхбевлира. Ламанхой говраш хоккхий чекхбовлура оцу тIехула. КхидIа Теркаца Курохьа дIабирзира уьш, дезачу деношкахь ерриг Хевера бахархой богIуш йолчу Зеда-Нише хьалабахархьама. Кхузахь Iаламат дукха ду ламанан хала, готтий некъаш. Воланзачу стагана цигахула вахалур вац бохург хета тарло, амма ламанхой атта лела оцу некъашкахула. Лома тIе хьалабуьйлабелла уьш, сатоссучу хенахь Куро ломан, цергаш санна, ира а, дерзина а долчу баххьаш кIел дIакхечира. Кхузахь, доккха тIорказ санна болчу, ломан буьххьера каг а белла, шершина охьа а беана, хазачу бай юккъе нисбеш адамо дIахIоттийча санна лаьтташ болчу Iаламат боккхачу тIулга

тIехь садаIа хевшира уьш. Гобаькккхина гонахарчу лаьмнаш тIера хаддаза чушершачу кегийчу а, даккхийчу а тIулгех ларбора некъахой оцу тIулго-наьрто.

Дерриг де кхузахь даькккхира цара, хIунда аьлча, дийнахь новкъабовла ца хIуттура уьш. Кхерам боцчу хIокху меттера дIа некъахошна гора хаддаза чухерцаш духуш лаьтта лаьмнаш. Махой, йочанаший диъна, мурдоьлла уьш даим а тIехерцаш лаьттара, охьашершачу тIулгаша вовшах а детталуш, мокхазо санна, суйнаш туьйсура, стелахаьштиган чехкаллица Куро Iинах чуоьхура уьш, цхьаццайолчу меттигашкахь, нагахь некъан новкъарло хилча, сеца а соьцуш. Ткъа цхьана меттехь меллаша тIеоьхуш лаьттара кIеда, Iаьржа гIум, хих а, тIуналлах а юьзна йолу. Кегделла охьаихна тIулгаш, цементо санна, вовшаххуьттуш чIагIдора цо, царах ондда Iаламан пен а беш, ткъа оцу пена тIехьа хи IаьIара. Куро ломан, цергаш санна, ира бахьаш, хут санна, кIеда лиэпаш, Iаьржа экъанийн кепара духуш тIехерцаш дара, и экъанаш, гIум хуьлий аталуш, яьржаш, исбаьхьа сурт хIоттош, охьаоьхура. КIеззиг лахахь шийлалла жим-жимма къурдаш дешший бен мала а ца луш охьаоьхуш дара сирла цIена шовда.

Вайн некъахой тоха са доцуш хьуьйсура суьйре тIекхачаре, амма малх хIинца а лакхахь бара, хIорш тIехевшина Iачу арце дIанисбеллера иза, цуьнан йовхоно чIогIа вагавора, хIаваъ дохдаларна халла бен са ца даIалора. ГIуммий, жагIий тIешершаш лаьттара, лаьмнашца йоккха гIовгIа йоккхуш тата делира: ломан цхьана бердах бух а даьлла, гIовгIанца охьахьаьдда хи, инзаречу чехкаллица Iинна чу дIахьаьдира.

Сацалурдоцчу ницкъаца охьадогIучу цунна новкъарло ца йора я тIулгаша а, я дуьхьалнислучу тIулган бердаша а. Охьаоьхучу гIамарххий, тIулгеххий дукха хенахь дуьйна хиллачу пенна тIе охьаоьхура жагIанан, гIамаран дийнна оьланаш. ЧIагIбелла лаьтташ болу и пен цхьана минотехь лаьттира ца бухуш, амма, юх-юха тIеIеткъаш болучу тIех боккхачу ницкъо йоккхачу гIовгIанца харцийна, бохийна иза текхна, Терка чу, Iовраш хилла, охьабахара, шена дуьхьалнисделла тIулгаш дIасакхуьйсуш, отуш. Терк а дара шена чухахкаеллачу,

тIехаьрцинчу буьрсачу Iоврашца къийсам латтош, дуьхьалнисделлачу тIулгашна тIе а детталуш, царна тIехула лелхаш, геннахь хезаш йолчу йоккхачу гIовгIанца, сов чехка оьхьахьаьдда доьдура иза. Кхин керладаккха таро хирйоцуш тамашийна сурт дара хьалха гушдерг: Куро тIера охьашершаш охьаоьху тIулгаш а, гIум а, хатт а, тIулгIех чекх а лелхаш, малхбузехьа гIертара, ткъа Терк, царна тIехула а дуьйлуш, дерриге чопанах дуьзна, буьрса къилбседехьа теIара.

И сийлахь-доккха сурт хьакъ ма-дду яз а лур дац! Иза ца гича, дика хуур дац, мел чIогIа нуьцкъала бу вовшашца къуьйсуш болу ши ницкъ; сабанан санна, чопа а юьйлуш, хар-рр а деш, гIовгIанца хьалакхийсалуш, йоккхачу локхаллехь эзарнаш хин тIадамаш дIасакхуьйссуш, хьерехилча санна, карзахдаьлла охьадогIу Терк. Ницкъ а, хин тIадамаш а, тийжар а, кхерамаш тийсар а, угIар а – иза дерриге цхьаьнаиэло, хьан дог сихха дет-тадала долало, оцу шатайпа исбаьхьалла йолучу къийсамна юкъаэккха дог хуьлу хьан хьайн а.

Тоххара дIабуьзна малх. Батто шен эсалчу зIаьнаршца тоххара серладаьхна лаьмнийн баххьаш. Амма соцунгIа долу, къар ца луш долу Куро а, Терк а хIинца а вовшашца къуьйсуш дара, садаIар хIун ду а ца хууш, шаьшшиннан ницкъан вовшашца машарехь хила таро йоцуш санна.

Вайн доттагIий новкъабевлира, Курон уггар лекхачу буьхьа тIе а бевлла, шайн Даймахке тIаьххьара а дIахьаьвсира уьш, «къийсалаш, кIад ца луш къийсалаш бакъдолчуьнгахьа, сигахьа!» – бохуш, кхойкхуш санна долчу шайн хиэ тIаьххьара ладуьйгIира цара.

Кхин кIеззиг некъ бича, ломан дукъ церан букъ тIехьашха дисира. Кхузара, ур-атталла, Хеви а ца гора, Хидун Iин а хадийна, Гворгалан дукъах дехьабевллачахьана бевллера хIорш... цигахь кхин адамаш а, кхин мохк а бара!

Бала, гIайгIа яра даг тIехь, цхьа а вист ца хуьлура. ХIора а шен докъазаллин хьокъехь ойлаеш вара.

Хидун хьаннашна чубуьйлира уьш, кхузахь садаIа дагахь. Тохара санна, бист ца хуьлуш Iара уьш; дIа а нисбелла, цIе а латийна, шашлык ятта йолийра цара. Суьйрана хIума йиъна-

чул тIаьхьа, Нона, верта а хьарчийна, охьайижира. Къобассий, Иагоссий цIарна хьалха а хиъна луьлланаш уьйзира.

– Кхана сатоссушехь со Гвирголан лома тIе хьалавер ву, жаIуй болчу, цаьргахула хуур ду суна гIаролехь муьлш бу, – элира Къобас.

– Доллучул а хьалха пхий хир бу, уьш ца хилла, кхин муьлш хир бара уьш? – аьлла, Иаго а хилира вист.

– Иза гуттар дика хир дара. Цара вай совцор дацара.

– Хьо, делахь, гIортахьа дерриге а сихха хаа.

– Дера хьожур ву. Гиргол хIилла долуш ву, нагахь вай кхуза дахкар цунна тосалахь, цо массо а некъ дIакъовлур бу вайна. Сихдала деза вай!

ЦIеххьана топ елира ломана дехьахьа, цунна дуьхьал кхечу агIор схьа а масех топ елира. Арахь бай тIехь гучудевлира адамаш. Беттан серлонехь ган тарлора тасаделла Iоттадалар.

Накъостий, хьала а лилхина, ларлуш дIахьежа бевлира хуьлуш лаьттачуьнга. Цкъа кхузахь, цкъа дIогахь гучуюьйлура чиркхийн кепара йолу серлонаш, царна тIаьххье герзаш а девлира. Хьенан дахар дIахьора оцу даьндарган гIовгIано, хьенан цIен тIе белхар а, тийжар а дохьура цо?

Герзаш дийлар дукха ца дахделира. Масех стаг хьуьнхахь къайлавелира, вуьш церан лорах тIаьхьабевлира, амма, оцу сахьта тIаьхьара юхабирзира: буьйсанна хьуьнхахь лелар – чIогIа хала а, кхераме а гIуллакх дара.

– Уьш доллучул а хьалха, схьахетарехь, Орцахарчу Джайрахера нохчий бу, Гвирголан лома тIехьа бехаш болу, – элира Къобас.

– ЖаIуйшна тIелетта-техьа уьш? – аьлла, дагадеара Иагона.

– ТIелетта хила тарло...

– Чехка-м гайти цара шайн баккъаш!

– Эрна бала ца лаьий царна-м! Уьстагlий лахка гIоьртина уьш. Амма нагахь иза жаIуйшна тосаделча, цхьаьнгга а хIумма а далур дац, цара лохкуьйтур дац шайн уьстагlий.

– Царах дIакхетча хIун дара-техьа вай? – элира Иагос.

– Кхета-те! – аьлла, резахилира Къоба.

– Со гIур ву уьш лаха!

– Хьо хIунда воьду? Ткъа со ваха мегар дац? – аьлла, дашна юкъаиккхира Къоба.

– Ткъа со хIун деш Iийр ву? Со вахарх хир дац хIумма а вониг. Со гIур ву! – олуш, хьалагIаьттира Иаго.

– ХIан-хIа, хьо кхузахь саца веза, Нонига хьожуш хила веза!

– Дика ду делахь. Ткъа ларлуш хилалахь, Къоба, воьддушехь тIе ма гIолахь.

– Шек ма вала хьо, хаьа хьуна суна.

– Дуй баий, церан ваша хилалахь. Вай обаргаш ду, уьш болчу хьошалгIа догIуш долу ала ахь.

– Дика ду.

– ХIан, Дала аьтто бойла хьан, хан дIаяхийта ца еза!

– Къоба, топ схьа а эцна, ламаз а дина, новкъавелира. Дукха хан ялале хьуьнхахь къайлавелира иза.

Иаго, кIорггера ойланаш еш, цунна дикка вехха тIаьхьахьоьжуш а лаьттина, тIаккха Нона йолчу юхавеара. Иза чIогIа набъеш яра, беххачу некъо гIелйина хиларна. Иаго цунна тIе а вахана, юххе дIа а хIоьттина, догцIена, мерза боккхачу безамца йоIе хьоьжуш лаьттара. Коьртарчу йовлакха кIелхьара араевллачу цуьнан куьцехь месийн кIеда кIажарш, безамехь йолчу юьхь тIехь махо шена ма-луъу дIаса а ловзош, комаьрша батто лучу серлоно, дашо хьесий санна, лепайора. Дайн, парггIат цо са мосазза доIу а кIеззиг хаалуш меттаххьера уьш, цуьнан беснех а хьекхалуш, иза хьоьстуш санна. Цара иза сама ца йоккхура, амма мелла а екхаелла хилар, елар хаалора цуьнан юьхь тIехь. ХIун хаьа, дикка зераш лайначул тIаьхьа цунна гIенах а хаадала тарлора шена юххехь шен хьомениг хилар, шена оццул дукхавезаш волу стаг хилар, шен ирсана йоьлуш хила а тарлора иза. Балдаш меттахъхьадира цо, уьш меллаъ дела а дина, Иагон цIе яьккхира цо, боккхачу, мерзачу безамца даггара цуьнга кхойкхура иза, кхин тоха са а ца хилла, Нонина хьалха гора лахвелира иза, меллаша, ларлуш, кхоош цунна барташ даха хIоьттира иза. Довха балдаш шечех хьакхаделча, дегI дайн дегийра Нонин, тIаккха, мало еш санна, парггIат,

кIадъяларна, сихо йоцуш, куьйгаш дIа а кховдийна, Иагон вортанах хьаьрчира иза.

ДегIах оццул цIе латош, бIагор боуьйтуш, дегI лахош долчу гергахь хиларо Иагон дегIе дог меттахъхьадеш долу дагар даийтира.

Вовшийн марзоно шен берриге ницкъаца шен тулгIенна кIел далийра и шиъ, дуьхьало ян ницкъ ца кхочуш, оцу марзонна шаьш дIаделира цу шиммо. Церан дегнаш сихаллица детталуш дара, ойла сецнера, цара вовшийн хьестар бIешарахь дахдала тарлуш дара, цу тIе и хан а кIезиг хетар яра царна. Цу шиммо вовшашна барташ дохура, безамо дахийна кеп йинера церан. ДуьххьалдIа вовшийн бIаьргаш чу хьажархьама, царна чуьра кхин а керла ницкъаш боврбоцуш болу керла безам эцархьама, барташ дохучуьра ца соцура и шиъ, тIаккха юха а барт боккхуш, цхьаьна дIаэлора церан балдаш.

Иштта ю жималла, къоналла, иштта бу-кх цIена, сакхте боцу безам! ХIай Дела! Мел бух а, барам а боцуш йолу марзо яра-кх оцу миноташкахь царна хааелларг!..

Ткъа оцу хенахь Къоба дIакхечира, шена хетарехь ша лоьхурш дIалевчкъина хила безачу метте. Гобаькхина гонаха адам чекх ца даладаллал луьста хьун йолуш бай болу жима меттиг яра иза. Лехарна а ца кхоьруш, парггIат дIанисбала мегар долуш йолу меттиг яра.

Бай болчу метгиган йисте а веана, диттийн гаьннаш, ларлуш, дIаса а теттина, дIахьаьжира иза. Байна юккъехь гIийлла йогуш цIе яра, – йоккхачу цIаро, цIеран лаккха хьалайийларо кхарна лоьхуш болчийн тидам шена тIебахийта тарлора, – оцу цIарна гонаха хевшина бара иттех стаг хир волуш божарий, хIума схьаяларе а хьуьйсуш, шайн герзаш цIандеш Iаш. Масех эвнна тIехь йоттуш яра лун жижиган шашлык.

Къоба оцу сахьта тийшира и адамаш Джайрахара хиларх. Царна юккъера цхьаъ вевзира цунна. Иза вара дагарш дарехь гоьваьлла волу говзанча, шен ницкъах а, доьналлах а лаьмнашкахь берриш а цецбуьйлуш волу стаг.

Iаламо хьекъаллий, стогаллий делла волу иза Iаламат тIах-аьлла а, майра а вара. Хийла кхерам тийсира цо

гIалагIазкхашна, хийла лихкира цо церан жаш а, реманаш а.

Ткъа хIун оьшура цунна Хевехь, кхузахь-х цуьнан дуккха а доттагIий бу, иза-х дуккха а цIеношкахь сискал-туьхица тIеоьцур ву? Массара а лардеш долу ламанан оьзда гIиллакхаш диц а делла, ижуна веана-техьа иза кхуза? ХIан-хIа, Пхьарчо – ламанхо ву, и гIиллакхаш дохадалла осала вац иза! Схьагарехь, ижун дуьхьа веана вац иза кхуза!

Къоба шен ойланаш еш вара, цIеххьана шен меттера хьала а иккхина, катоьхна топ схьа а эцна:

– Мила ву кхузахь? – аьлла, Пхьарчос мохь тоьхча.

– Хьаша ву! – жоп делира Къобас, майрра уьш болчу тIе а волалуш.

– Хьаша Делера ву, дIа хIунда лечкъа хьо? – элира Пхьарчос, когашкара дуьйна коьрте кхаччалц леррина цуьнга а хьоьжуш. – Амма ахь харцдерг дийцахь, Делора, беза мах бала ма дезар ду хьан цунах!

– Мохевцашкахь товш дац харцдерг дийцар! – элира Къобас, дозаллица корта хьала а тосуш. – Сан мехкан адамийн шалха дац я дегнаш а, я меттанаш а.

– Дала декъал войла хьо оцу дешнашна! – мохь белира Пхьарчога. – Хилахьа тхан хьаша!

Важаберш а дуьхьалбаьххира Къобина, иза лараран билгалонна цуьнгара герз схьа а эцна, маршаллаш а хаьттина, шаьш охьахевшина Iачу вигира цара иза.

Пхьарчона вевзира Къоба, вовшийн хьокъехь а, цIерачийн хьокъехь а, даьхнех лаьцна вовшашка хеттарш диначул а, царна жоьпаш деллачул тIаьхьа массо а хIума яа охьахевшира уьш.

Къобиний, Пхьарчоний шаьшшинна къастийна, ткъа гобинна хевшинчу кхечарна шайна яахIума хьалхайиллира.

Хабарш дара дуьйцуш, амма оьзданга лла ца йохорхьама Пхьарчос хьеше ца хоьттура иза кхуза хIунда веана, ткъа Къоба а, кхузара гIиллакхаш лоруш, сихвелла вацара къамел дIадоло, воккхахволчо шега хаттаре хьоьжура иза.

Ламанан нехан чIогIа гергарло тасадолуьйтуш болу цхьана шуьна тIера кхача а биьна, шаьш луьлланаш озадоьлча, тIаккха Пхьарчос хьалха дира хаттар:

– Хьаша, хьо жаIу ву, ахь лаа тосур дацара хьайн жаш дIа... Алахьа, нагахь хьайна ала лаахь, дийцахьа хьо тхо долчу варан бахьана, тхан лергаш хьоьга сема ладугIуш ду-кх!

– Ас стаг вийна, чIирах ведда веана со, суна оьшу шун хьошалла.

– Стаг вер къа дац, нагахь иза хьан мостагI велахь, амма цунах жоп дала деза. Цхьаъ вуй хьо?

– Вац.

– Ткъа мила ву хьоьца?

– Сан дуй биъна хилла ваша а, цуьнан зуда а.

– Делахь схьадуьйла тхо долчу... – элира, ойла а йина, Пхьарчос. – Хьаша Делера ву, хIусамден таро яц цунна хьалха шен цIийнан неI дIачIагIа. ХIинца дуьйна сан цIа шун цIа хир ду.

– Хьан сискал-туьхий массарна а девзаш ду.

– Хьаша Делера ву, сискал-туьха а цуьнгара ду. ТIаккха Къобас дийцира шех лаьцна а, Иагон хьокъехь а, цо дийцира Нонин кхечу, цунна цавезачу стагаца нуьцкъалла мах бина хиларх, шаьш набахтина тIелатар, Иаго вадарх а. Пхьарчос а, цуьнан накъосташа а дукха лерина само йолуш ладуьйгIира доза доццуш майралла, доьналла гойтуш долчу оцу дийцаре.

Дийцар чекхдаьллачул тIаьхьа, Пхьарчос, шен чоина хьалхара схьа а баькхина, патарма дIакховдийра Къобига.

– Ахь а ло суна хьайчех патарма, хьан ваша хила лаьа суна! – элира цо.

Къобас шегара патарма дIакховдийра цуьнга, оцу шимма, вовшашна мара а эккхаш, вовшашна кхузза барташ дехира. Оцу минотехь дуьйна вежарий хилла дIахIиттира уьш. Массара а даггара декъалвора и шиъ.

Ткъа Ноний, Иагой, кIорда ца деш, тоам ца хуьлуш, хаддаза вовшийн хьоьстуш дара, меллаша бохуш дара безаман дешнаш. ЦIеххьана, кхин цкъа а цуьнан балдашна тIехь барт баккхаран томмагI дитархьама Иагос Нона тIеозийначу хенах, цIеххьана, гена йоццуш гIовгIа хезира, баттара даьхна тарраш а долуш, шайна коьртехь Гиргол а волуш масех стаг вара хьуьн чуьра ара а ваьлла, нисса кхарна тIеведда вогIуш.

Иаго когаш тIе хьалаиккхира, дуьххьалкхоьссинчу тоьпан даьндарго ша волччохь охьавожийра тIелеташ болчех цхьаъ, ткъа тIаккха, катоьхна шаьлта схьа а эцна, къизачу, къийсаме дIахIоьттира иза. ЖIаьлийн арданг санна, ткъе итт стаг вара цу цхьанна гобина.

Гирголан гIеранах болчу дуккха а болчарна чевнаш йинера, ткъа Иагох шех а дара хиллачу чевнех Iоврашкахь охьаоьхуш цIий. Амма цхьа а чов къийсамна юкъара иза ваккха хала яцара, мостагIий дукха хиларо иза ларвеш санна хеталора: хIора а цунна тоха гIерташ хьалхахьа теIара, массо а вовшашна новкъарло еш бара, ткъа моховец царах летара, лом санна. Амма цIий дIадаларца цхьаьна, кхачалора дегIан ницкъ а.

Цуьнан бIаьргаш чу бода хIуьттура, когаш тIехь кхин латта ца лора иза. Дагахь а доцуш цхьнхьара-м цIеххьана тоьпаш евлира, Гирголан тобанах ворхI стаг лаьтта охьавуьйжира. Баллал чIогIа кхерабелла болу вуьш, хьуьна юккъе а лилхина, къайлабевлира.

И тоьпаш кхийсинарш, Къобий, Пхьарчой, церан накъостий бара. Иагон топ йолу а хезна, хIинца а шайна вевзашвоццчу доттагIчунна гIоьнна схьалилхинера уьш. Чевнаш хилла волу Иаго куьйгаш тIе а виллина, кхераме йоцучу метте бевлира уьш. Амма Нона яцара цхьаннахьа а гуш. Шен наха Иагона го а бина, дийна иза цара кIелхьара а волуьйтур вац моьттуш хилла Гиргол, Нона схьа а лаьцна, шеца масех тешаме накъост а волуш, кхузара сихвелла дIавахара.

ХIинца вай кхин цкъа а мелла а юхадевр ду вешан дийцарна тIера, и шен гIалагIазкхашца цхьаьна Гиргол кхуза мича кепара кхаьчна дийцархьама.

Нари тIехь агIор а ваьлла Степанцминдехь садоIуш вара пурстоп. Иза хIинца а дIавижа кхиаза вара, Гиргол Iара Иаго схьалацарний, шайна дуьхьал таIзарш дан дезаш долу кхидолу тешаме доцу адамаш лецарний ша хIун дина дуьйцуш. ХIорш иштта Iаш, цIеххьана ларлуш неI дIа а йиллина чувелира, мерз санна, вула а велла волу цхьа стаг.

– ХIара мила ву? – хаьттира пурстоьпо.

– ТугIан ву хьо волчу веана, хьан сийхиларг! – жоп делира Гиргола.

– ХIун ду керланиг? – хаьттира цо чувеанчуьнга.

– Со Иагон лар тIе ваьлла, – жоп делира цо.

– Мичахь ву иза? – хаьттира цхьабосса пурстоьпо а, Гиргола а.

– Со вара Курон лам тIехь толлуш, цигахь гира суна иза.

– Ша цхьаъ варий иза?

– ХIан-хIа, вацара, цуьнца Къоба а вара, кхин милла елахь а цхьа жима зуда а яра.

– Зудий?

– ХIаъ, зуда яра.

– Мила хила тарло-техьа иза? – элира пурстоьпо, ойла а еш.

– Хаац суна-м! – аьлла, воьхна, жоп делира Гиргола.

– Хьуна ца евзира иза?

– Муха ца евзира, евзира, хьан сийхиларг! Иза Гирголан нус яра.

Гиргол вега а вира, бос а байра цуьнан. Иза, сихха хьала а гIаьттина, аравала неIарехьа волавелира.

– Ахь хIун до? – хаьттира пурстоьпо.

– Со я лийрву я ас иза схьалоцур ю, хьан сийхиларг!

– Адамаш дига хьайца!

– Буьйр дехьа гIалагIазкхий соьца бахкийта, иза дикаха хир дара.

– Ткъа кхузара нах хIунда ца буьгу ахь?

– Уьш Иагогахьа хир бу. Тхан халкъ – жIаьлийн халкъ ду.

– Делахь бига хьайца гIалагIазкхий, сихо а е, иза дийна воллушехь схьалаца хьажалахь.

– Со ладугIуш ву-кх хьоьга! – жоп а делла, аравелира Гиргол.

Ткъа шен дагахь Иаго вер сацийнера цо, – иштта иза тешам боллуш а, атта а хир ду, мостагI оцу сахьтта хIаллаквина хир ву, бохург дагахь долуш.

Шеца гIалагIазкхий а, мотт эцна веанарг а эцна Хидун хьуьнехьа новкъавелира иза, бевддарш схьалецархьама. Ша шен бIаьргашца Иагой, Къобий, Ноний тергал а дина, ткъа тIаккха ТугIане буьйр дира цо цаьрга хьажа аьлла. Шаьш лоьхурш дукъах дехьабевлча, цигахь царна тIелетира иза.

Иаго гIалгIазкхаша вийна дIавоккхург хиларх тешна волу иза, шеца Нона а эцна ведира.

– Ас хьайн сийдаран а, хьо хьестаран а хама бан ца хии хьуна, ткъа гур ду хьуна ас хьайгахь хIун хьал даллор ду! – элира Гиргола, цунна шад а тухуш.

– ЖIаьла, жIаьла! – олуш, узур дира Нонас, – ХIуъа а хилла латтахь а, хьайна моьттучуьнга кхочур вац-кх хьо.

– Йийна дIа-м йоккхур яц ас хьо, амма яхар а хуьлуьйтур дац-кх! – Гиргола юха а шад туьйхира цунна. ДегIана тIелетта йолу коч тоьхначу шодо ятIийра, чов хиллачуьра цIий хьаьдира. Нонас кераюккъехь шен цIий схьа а эцна, Гирголан юьхьмарша тIе туьйхира.

– Делах ваьлларг, дIамалахьа сан цIий!.. Гиргол, шаьлта а яьккхина, цунна чухьаьдира, амма кхарна тIаьхьакхиънчу гIалагIазкхаша зуда кхуьнан карара дIаяьккхира.

Гирголна хиира, цхьана наха, хьуьна юккъера Иагона гIоьнна охьа а лилхина, чевнаш хилла волу иза гIалагIазкхийн карараваьккхина хилар. Дукха халчухIоьттинчу Гиргола шен кIозарш ийзайора, амма тIаьхьа дара.

Оццул халонаш хиллера Гирголна Иагон лар тIе вала гIерташ, ткъа хIинца карараваллийти-кх цо иза! Ткъа лийрволуш йолу чов хилаза ву техьа иза, цунна-х ткъе итт гIалагIазкхи тIелеттера?

Иза тешийра Иаго цистина, верина охьавиллина хиларх, иза денлург цахиларх.

Суьйрана Степанцминдан юьрта дIакхечира уьш, пурстоьпе дIахаийтира, кхарна моьттинчул дуккха а дукха адамаш Иагоца хилла хилар а, шаьш уьш дайъина хилар а, оцу тIамехь масех гIалагIазкхи вийнехь а, Иагос ядийна зуда схьаяккха шайн ницкъ кхачар а.

Пурстоьпо лакхарчу хьаькаме ша яздиначу кехат тIехь иштта билгалдехира шен хьуьнарш, хьекъале куьйгалхо ша хилар гойтуш, ткъа вукхо, аьлча а, лакхарчу хьаькамо, оцу кехата тIе шен цIе а язйина, губернаторе дIадахьийтира. Ткъа губернаторо шен агIор башха мах хадийра шен куьйгаллин кIел болчийн, цара оцу гIуллакх тIехь гайтина дозадоццуш

йолу йоккха майралла билгал а йоккхуш, и дерриге кехаташ уггар лакхарчу хьаькамашка дIадахьийтира цо, ткъа цара оцу тIамехь дакъалаьцначарна массарна а совгIаташ дан тарлуш лерира.

ХIун дара масех гIалагIазкхи вер, Иагой, Къобий, церан накъостий санна болу иштта баккхий обаргаш хIаллакбича? ГIалагIазкхийн метта кхин гIалагIазкхий богIур бу – станицашкахь уьш ца тоьуш меттиг бац.

Шайн доьзалх цхьаъ иза хиларе терра, Нона шайн цIа дIайигира Гиргола, хIорш кхелхина Аршски гIопе бахчахьана цигахь Iаш цхьа а вацара. Чохь бода болучу цIа чу а кхоьссина, цунна тIехула догIа туьйхира цо.

– ДIа Iе хьайна кху чохь, жIаьла санна, со цIа валлалц.

Хеттарш деш ша ца вуьту лулахой схьа а гулбина, цо цаьрга элира:

– ХIун дуьйцур ду ас шуна? ЖIаьлеш санна, берриге а байа а байъина, Iин чу кхиссина оха уьш.

– Декъаза Иаго яI! – халкъана къахетара цунах. – Хала муха ца хета хьо иштта сийдоцуш валар?

Масех жимачу стага кхуззара дIа, къайллаха, лам чу ваха сацийра, вийначу Иагон а, байъинчу цуьнан накъостийн а декъий лаьттах дохка.

Самукъадаьлла волчу, шех некъ лаца мегар долуш шен паччахьна гIуллакх деш волчу тешамечу ялхона дуьххьалдIа хIун дика дийр дара техьа ца хууш Iаш волчу пурстоьпана тIе юхавеара Гиргол. Хьалххехь дIахийцира цо иза, хала къахьегначул тIаьхьа садаIийтархьама.

– Вало цIа гIо, садаIа, сан тешаме Гиргол. Кхана вогIур хьо со волчу... Со со вац хьуна, нагахь ас хьан тур эпсаран чин хиларан билгалонна детица ца кхалийтахь.

– Дала ма воккхийла со хьан къинхетамах! – элира Гиргола, корта лохха охьа а таIош, тIаккха аравелира иза.

Къобий, цуьнан накъостий лома кIел охьа а баьххина, цхьана агIор тIулган арц, ткъа вукху агIор – тIулгийн ргI йолуш йолчу, кIорга йоцуш, чутаьIначу меттехь севцира, цIе а латийна, Иагон чевнаш а йилина, царна тIе туьханца цхьаьна

аьтта дарбанан буц а йоьхкина, дархочун чевнаш дIа а йихкина, иза вертан юкъа дIавижийра цара. Къоба иза ларвеш висира, вуьш шайн тIергIан бедарех хьаьрчина, садаIа агIорбевлира. Техкоран узам беш санна хезачу хин гIовгIа йоцург, кхин гIовгIа йоцуш, баккъал а тийна дара.

Сатоссушехь юха хьалалатийра буьйсанна яйна цIе, дох а делла, – Iуьйре шийла яра, – луьлланаш а оьзна, цул тIаьхьа Пхьарчос шеца болчаьрга элира:

– ХIара мохевцаш вайх тешна бу, вай декхарийлахь ду уьш кхузара кхераме йоцучу метте баха.

– Дера ду, иза дан деза вай! – тIетайра вуьш а.

ТIаккха Пхьарчос шена тIекхайкхира Къобига, ткъа жима стаг ламанхо Иагон гIевлангахь дIахIоьттира.

– Вохлохьа цIарна хьалха! – бохура цуьнга хIусамдайша, дIа тIеттIа а хуьлуш.

– ПаргIат хилийша, со-м шел ца велла! – элира Къобас, Пхьарчона юххе охьа а хууш.

– Къоба, шу кхузара дIадаха деза, кхин ца Iаш, – аьлла, дIадолийра Пхьарчос.

– Бакъду иза, кхузахь кхин хан йоккхийла дац, ткъа дархочунна хIун дан деза техьа? – хаьттира гIайгIане Къобас.

– Иза а цхьаьна дIавига веза.

– Иза оха вохьур ву. Амма иза Гвирголан лома тIехула вига везар ву, ткъа цигахь гIаролехь лаьттарш шунаш бу. Чекхдовлуьйтурий техьа цара вай? – бохуш, шеквара Пхьарчо.

– Дера довлуьйтур ду! Массо а баций тха-м тешам боцуш а!

– Хьанна хаьа иза, Гиргол а ма ву шуьчех!

– ХIаъ, ва дера иза а тхайчех-м! – элира къаьхьа, оьгIазе Къобас, – амма берриш а бац иштта.

– ХIун деза техьа шучарна, хIунда йо техьа цара шайчарна ямартло? – бохуш, карзахвуьйлура Пхьарчо.

– Амалш телхина!... Ницкъ алсамо мел берг тхуна дуьхьал гIуллакх деш ву, тхоьга хIун далур ду?

– ХIан, и дуьтур вай – элира Пхьарчос кIеззиг вист а ца хуьлуш Iийначул тIаьхьа. – Шайн гIарол, вай чекхдовлийта, бертадалур дарий хьоьга?

– Хlунда ца далало, хьожур ву-кх!

– Ткъа, нагахь хьо цара сацавахь? Ларлуш хилалахь.

– Хlан-хlа, сацор вац! – элира моховцо, дозаллица корта хьала а ойуш.

– Нагахь хьо шеквелахь, дикаха хир ду Иаго товаллалц собардича, — шениг дуьйцура Пхьарчос. – Вайга кузахь а ларлур ду ваьш!

– Хlан-хlа, хlан-хlа! Со хlинцца ваха а вахана, схьавогlур ву!

Шен чоин тlемаш чу а карчийна, ведда Гвирголан лома тlе вахара Къоба.

Шен къоман нах цхьабарт болуш хиларх Пхьарчо тешо чlогlа лууш хиларна, иза дуьххьалдlа тlевахара гlарол лаьттачу меттигна. Гlаролашна лакхара охьахьаьжча гора шайна герга кхочуш лаьтта жима стаг, амма иза мила ву ца хууш цецбуьйлура уьш.

Иза юххехкаьчча, иза вовза а вевзина, цецбевлира массо а, хlоккхул майра иза гlаролна тlеварх, ткъа lедал лаккхара мах ма биллинера цуьнан коьртах, хlора стаг а оцу кхоах lехавала тарлора. Ларамза йолчу оцу жимачу стеган майралло, лаахь а, ца лаахь а шега безам бохуьйтура.

– Некъ дика хуьлда хьан Къоба, некъ дика хуьлда! – бохуш, маршаллаш хоьттура, кхуьнга гlаролехь болучара.

– Маршалла хуьлда шуна, маршалла! – жоп делира кlанта.

– Некъ мичахьа юьхьарлаьцна ахь? Тхоьга ала хlун ду хьан? – хоьттура цуьнга, дан собар доцуш мохевцаша, цуьнан дахар Иагон дахарца герггара дозаделла хилар хууш.

Къобас дийцира царна хаа луург, ша царна тlевар, цо цаьрга иштта элира, цо ша-шен церан кара дlавалар, нагахь эхь-бехко шайга ма вахийта бахахь иза а, цуьнан накъостий а дlа ца бахийта церан тарохилар.

Гlаролехь волу цхьа а моховец Къобин паргlато йохо ца гlоьртира. Цхьайолчу ханна цхьа а вист ца хуьлуш лаьттара уьш, ткъа тlаккха, цхьаммо санна, массара а маьхьарца элира:

– Хlунда ца вохуьйту, хlунда? Хlара бу хьуна парггlат некъ, дlагlо хьайна, Дела ву хьан накъост...

– Дала дукхадахадойлда шу!... Далла хастам бу хIинца а вежарий вежарех дIакъастаза хиларна!

– Сихоел, Къоба! Маса хила тарло. Чехкка чекхдовла деза шу! Ткъа хьо ма кхера, оха ямартло йийр яц хьуна!

– Со декхарийлахь вуьсур вац-кх шуна! – элира Къобас, гIаролехь болчийн Iодика а еш, сихха юхавеара иза.

Къобас шен накъосташка дIахаийтира гIаролехь болчара делла жоп. Оцу сахьта Иаго тIергIан юргIан юккъе а хьарчийна, новкъабевлира уьш. ГIаролехь болчара, царна дуьхьал а бахна, гIо дира Иаго лома тIе хьалаваккха. Кхузахь, гIарол деш йолчу меттехь са а даьIна, хIума а йиъна, дIасакъаьстира уьш: некъахой шаьш боьлхучу агIор дIабахара, ткъа гIаролехь берш шаьш болчохь бисира, кхин масех де даьлча юха шайн-шайн цIа берзархьама, ткъа цIахь пурстоьперий, Гирголерий, и санна болчу кхечаьргарий хирдолуш дикка вонаш дара, хIорш цIа берзаре хьоьжуш.

Суьйрана, исс сахьт долучу хенахь, шен цIа веара Гиргол. ДогIа дIа а даьккхина, сирник а латийна, чувелира иза. Хьакхаран чиркх а латийна, тIаккха дехьа чуьра, куьйгаш дихкина йолу Нона схьаялийра цо. ХIара кхо де дара тIехула догIа а тоьхна иза кху чохь яллош йолу, я яахIума[1] а, я мала хи а ца луш, массо а тайпана тIехбеттамаш а беш. Иза ерриге худаелла дIаяьллера, бос байнера. Маьнгин гIевлангахь болучу бIогIамна тIе а йигна, цунах дIайихкира цо иза. – Латта хьайна кхузахь, жIаьла, сихха яла а тарлой хьо-м! – элира цо цуьнга оьгIазе.

ХIара, ур-аттал, цуьнга дIа а ца хьаьжира, цабезаме долу цуьнан юьхь-сибат цагархьама.

Гиргола, юьстаховаьлла охьа а хиина, цигаьрка уьйзира. ЦIеххьана цхьаммо-м неI туьйхира. – Мила ву цигахь? – хаьттира Гиргола.

– ХIар-м со, ЖагIа, вара!

Гиргола неI дIайиллира. Карахь сурила а, тIе шаршу а тесна долу тускар а долуш чувеара цхьа стаг.

Нонина хьалха охьа а хевшина, тускарна чуьра юург схьа а эцна, хIума яа хиира и шиъ. Дерстина уьстагIан жижиг, даьт-

танца кхерзина котамаш, кхерзина хIоаш – и ерриге юурш чIогIа мерза чам болуш, мацалла гIаттош яра, мецачу Нонин дог этIорхьама, иза хьегорхьама цунна гуччохь, хIоттийнера цара шайн шун. Нонин кийра кхеххаш бара, бIаьргаш чу бода хIуьттура, мацалла къамкъарг якъаеллера.

– Оффай, оффай, оффай! Мел дерстина жижиг а ду! – бохура, хIора минотехь Гиргола.

– Баккъал а дан а ду хIара чIогIа чомехь! – тIечIагIдора ЖагIас, жижиг бага а теIош.

Са ца тохалуш мацаллин хало шегахь йоллушехь, хIетте а цаьрга дIа ца хьожура Нона. Амма кхуьнан бIаьргаш кхуьнан бертаза кхачанна тIегIертара. Масех стака чагIар дIа а мелла, жижиган цхьа юьхк буйна а йоьллина, Нонина тIевахара Гиргол.

– Хьажахьа, мел дерстина ду хIара жижиган дакъа! – элира цо, жижиг цуьнан бете а хьош.

Нонин тоха са ца хилира, бага халла дIайиллира цо. ТIаккха Гиргола ша дIакхаьллира жижиг, Нона чIичкъашка яхханчохь йисира. Цунах чIогIа там хилла, гIадвахана вела а воьлуш, шен метте юхавеара Гиргол.

– Адамалла доцу адамаш! – элира Нонас халла хезаш, лаьтта охьа а южуш. – Хи лойша, хи! – бохуш, дехарш дора цо.

– Собардел, Гиргол, цхьа къурд балла хи лой вайша цунна, хIун хаьа иза лей а? – элира ЖагIас.

– Лийр яц... Ткъа, делахь, хьайна луъург дехьа...

Хи а эцна Нонина тIевахара ЖагIа, сурила цуьнан бете хIоттийра кхо, амма тIеттIа ваьштатаьIначу мочхалша бага гIатто ницкъ ца кхочуьйтура цуьнан, ша иза кхетамчохь а яра. ТIаккха ЖагIас шаьлта цергаш юккъе а яхийтина, кIеззиг бага дIа а йиллина, бага масех тIадам хи доьттира цунна. Хинан дуьххьарлера тIадам шен бага кхоччушехь саметта а еана, сутараллица сурилина тIекхийтира иза, хIора къурд мосазза бин а цуьнан дегIехь ницкъ тIекхетара.

– Сацийта, тоьур ду цунна! – аьлла, мохь туьйхира Гиргола.

– Кхин а цхьажимма, Делан дуьхьа малийта кхин а цхьа кIеззиг мукъа а! – бохуш, дехар а деш, сурили тIе куьг кхийдадора Нонас.

Жагlас охьа а таьlна, лерехь элира: «Кхин цхьа кlеззиг сатоха!» – тlаккха, цхьа вон сурила схьа а йоккхуш, оьгlазе элира цо:

– Тоьур ду хьуна!

Жагlас йинччу бlаьцех кхетта Нона, кхунна къера хилла бlогlамна тlе дlатевжира. Гирголлий, Жагlий шаьшшиннан сакъоьруш вара.

– Гиргол, хlун хаьа, нагахь иза лей а, – элира цlеххьана Жагlас. – Цхьажимма жижиг лой вайша цунна, ткъа иза мацалла лахь...

– Жижиг-м хlунда лора цунна? – оьгlазе элира Гиргола.

– Ялийта ца еза иза. Хьо-х цуьнга еххачу хенахь бала хьегийта лууш ву, вац ткъа?

– Дера ву, ас бала баллор бу цуьнгахь, цо ша, шайтlанан йоlа, соьгахь а баллабо боккха бала! – олуш, цергаш хьакхийра Гиргола.

– Делахь лой ас цунна жижиг?

– Хьайна лаахь, ло!

Кхин юха ца хаьттира Жагlас. Мискачу йоlана жижиг-гала делира цо. Цо юзийра иза, ткъа иза жимма дегlе гlора деана меттаеача, чlогlа ларлуш цуьнан букъа тlехьара чуха дlа а хадийна, цуьнан лерехь цо элира:

– Неlарал арахьа хьоьга хьоьжуш хир ву хьуна со! Гиргол дlавижча, ларлуш, араялалахь.

Тlаккха дукха маларна наб а хьегlаш lачу Гиргола тlевахара иза.

– Ахь хlун до, набян дагахь-м вац хьо? – аьлла, самукъадаьлла мохь туьйхира цо, «Боттахьа кад, буьззина боттахьа» боху йиш а локхуш.

– Хlа?! Хlан-хlа! Хlан, ботта делахь, кхин цхьа кад а ботта суна! – элира Гиргола, шен маlа дlа а кховдош.

Маlа юьззина чагlар доьттира Жагlас. Кад бете а баьхьна, иза берриге шега ца малабелча, ласттийна лаьттах туьйхира Гиргола.

– Хlан-хlа, кхин ца малало соьга! – элира цо сацца боллучу, халла керчаш болучу маттаца. – Наб йогlу суна, вало цlа гlо.

Жагlа, цуьнан lодика а йина, дlавахара. Гиргола халла дlабоьллира неlаран гlуй, пена тlе а тийжаш, Нонина тlевеара иза.

– Со ма сиха вехна! Хlара хlун ду суна хилларг?.. Хlан, дика ду, Нона, хьо хlинца сан ю... Схьайоьл, барт баккхал суна... Ца лаьа хьуна?.. Делахь хlета ас айса боккхур бу хьуна барт.

Техка а техкаш Нонина тlевахара иза, ткъа хlара гомаллица, цабезамца цуьнга а хьоьжуш lара. Иза каде цуьнан карараелира, ткъа хlара, берриге ницкъаца хьаж бlогlамах дlа а тухуш, охьавуьйжира, ткъа оцу сахьта, багахь деш цхьа гlамгlим а долуш набкхийтира, деш хурр а долуш.

Дегочу куьйгашца гlуй дlа а баькхина, неl дlа а йиллина, араиккхира Нона.

– Дlавижний иза, наб кхеттий? – хаьттира Жагlас, цlийнан маьllехь кхуьнга хьоьжуш лаьтташ волчу.

– Хlаъ, дlавижна! – элира меллаша зудчо.

– Яло суна тlаьххье, хьуна жlар оьллина нана ю хьоьга хьоьжуш.

Цуьнан зудчо тешам боллуш Гирголах ша ларйийр юй хууш, парггlат Жагlина тlаьхьа а хlоьттина дlаяхара Нона. Ткъа Гиргола ша а йита ма тарло иза кхин ца хьийзош. Мухха а иза делахь а, иза паргlатонехь хир ю.

Доккха доцучу цlа чу дlакхечира уьш, кхузахь кхарна дуьхьалъелира Нонина коча дуьххьара жlара оьллина Жагlин зуда, цо чlоггlа марайоьллира иза.

Гергарнаш массо а агlор Нонин дагна там бан, цуьнан ойла екъаялийта, сапаргlатдаккха гlертара, Иагона чов бен ца хилла, цо хlара билггал юха а лохур ю бохура цара, шаьш а шаьш дуьйцучух халла бен тешаш а боццушехь.

Iуьйрана Гирголна гучуделира Нона юха а шен карараялар. Орца даьккхира цо, оцу хьокъехь пурстоьпе хаам а бира, юьртахь иза лоьхуш дерриге а тlе-кlел а туьйхира цо, амма цхьа а лар ца карийра цунна, Нона гина стаг вацара. Иза хи чу а иккхина елла аьлла сацийра массара а.

Ткъа Нона-м тийна, парггlат ехаш яра, Иагон хьокъехь йолу сингаттаме ойланаш йоцург, кхин гlайгlа яцара цуьнан хlинца, ткъа цунах цхьа а хаамаш бацара хlинца а.

КхоалгIа дакъа

Орцин юьртахь Пхьарчон доьзало шайн кIентий санна тIеийцира Иаго а, цуьнан ваша хилла дIахIоьттина волу Къоба а. Церан муьлхха а лаам кхочушбан гIертара берриге а.

Иагона дарба лелош волчу халкъан лоьро элира: масех дийнахь иза когаш тIе дIахIуттур ву моьтту шена. Дан собар доцуш, ша товаларе сатуьйсуш вара Иаго, шена мел дина чу вонашна Гирголна къиза бекхам бархьама. Дукха зуламаш динера Гиргола, «эхьехь вехачул, сий а долуш валар тоьлашха ду» боху дешнаш сийлахь лоруш волу ламанхо хьовха, ткъа уггар а машаре амал йолуш волу стаг а цунна бекхам бан хьалагIатта тарлур долуш, оццул алсам, къиза зуламаш дара уьш.

Цхьана а минотана Иагона юххера дIа ца волура Къоба. ДоттагIаша кест-кеста дуьйцура синтем боцучу шайн дахаран хьокъехь, цара дагалоьцура Хеви, шаьшшиъ виначу даймахка юхаверзаран хьокъехь ойла йора цу шиммо.

Дукха хьолахь ишта суьйренаш чекхйовлура дагах гилдигаш дохуш декачу пондаран аьзнашца. Стогаллин хьокъехь гIийлла илли а олуш, дечигпондар лакха йоккха говзалла йолуш вара Къоба.

Сийлахь-боккха ницкъ болуш дара и аьзнаш: цкъа цара сингаттаме веш санна хета, ткъа тIаккха – сапаргатдоккху, гIайгIа йицйо, дарбане гIаннабарш туьйсу. Хьан ца зийна ша цомгуш волучу хенахь оцу аьзнийн дарбанан марзо, адаман дерриг дегIана чуюлуш йолу.

Хан дIайоьдура. Иаго толуш вара, хIинца а ша мел гIорасиз велахь а, кхечийн гIо цахиларх ша балкон тIе волура иза.

– Иаго,– элира цуьнга цкъа Къобас, – лаьмнашка талла ваха лууш вара-кх со.

– Хьуна, схьахетарехь, кIордийна-кх соьца хиъна Iен? – элира сингаттаме волуш Иагос.

– И хIун ду ахь дуьйцург? ХIан-хIа, ца кIордийна, вайн таллархойх цигахь цхьаъ гур вацар техьа, вайчийн хьокъехь дерг хаархьама бохург дара сан дагахь.

– Хьайна луъург дехьа! – элира Иагос, ша синтем байна хилар лачкъо гIерташ, кхечу агIор дIа а хьожуш. – Дера гIо, гIохьа!

Нонин хьокъехь дагаяьхкинчу ойланаша чIишталгаш ягайора цуьнан. Керла хIума хаа Къобига гIахьара ала цунна лууш долу дуккха а хан яра.

– Со воцуш хьо цхьа висича са-м гатдийр дац ахь? Хьо-х хIинца дика товелла вогIуш ву!

– ХIан-хIа, мичара, гатдийр дац! – Къоба ойла хийца а елла, цавахарна кхоьруш, бегашийна а доцуш, кхеравелира Иаго.

Кечам а бина, массеран а Iодика а йина, Хидун лома вахара Къоба, дукхах долчу декъана иза вахаран бахьана талларан дуьхьа доцуш, ткъа, хIуъу а хиъна а, Нонин хьокъехь хаа лууш хилар дара.

Маьлхан тIаьххьара зIаьнарш лепа хан яра хIара Хидун лома чуьрачу хинан доккхачу Iин тIе дIакхаьчча. Хи, шурин санна, чопа хIуьттуш, хадийча санна болчу сов лекхачу берда тIера нийсачу Iин чу инзаре чехкаллица охьа тIедогIуш дара, къизачу гIовIанца, цинцаш дIаса а кхуьйсуш. Маьлхан зIаьнарша бес-бесара лепадора и хин тIадамаш.

Лахахь жовхIарийн го санна, дIасаяьржина яра баьццара хьун, цунна тIехьашха лекха ира бохь болчу лома тIера хаддаза охьаоьхура Iаьржа жагIа, ткъа вукху агIор гуш лекха лам бара, цу тIехь дагна там беш гуш яра баьццара горга шера аре, ерриге а бес-бесарчу хаза хьожа кхетачу зезагех юьзна йолу. Бацалахь Iаламат дукха мерза а, даккхий а цIазамаш дара. Ткъа хьуьна тIехьа лаккха ирхдахана, стигалан Iаьршашкахь гора ира, яаеллачу цергийн кепара баххьаш долу лекха лаьмнаш.

Хидун боьрана чу а хьоьжуш, шена хьалха гушдолчу хьомечу Iаламах самукъадолуш Iара Къоба, хIокху меттиган буьрсаллица цхьаьна догIуш дара Iаламат исбаьхьа хаза хилар.

Дуккха а хан яра цунна хIара, шен бIаьргашна оццул хьоме а, ша шех ваьлла йолу, шен дагна хIоккхул мерза йолу Iаламан хазалла ганза!

Iинан вукху агIор, тIулган арцан буьххьехь гучуелира сосакх. Шен лекха яккхий маIаш дозаллица ирхтесна, хьалха а

яьлла, орцан бердан йистте дIахIоьттира иза, шен доxделла хьаж суьйренан механ хIонна дуьхьал а дерзийна. Дозаллица, ца кхоьруш, ша шен доларчу меттигашкахь хилар хууш лаьтташ яра иза. Иза ша тIулгах йича санна хеталора – орцах дIаийна яра иза; малхо дашо йолуш санна, къегош йолу цуьнан маIаш сийначу стиглахь дика гуш яра. И башха акхаро ша кхерорна, цуьнан тамехьа паргIато йохорна кхоьруш, меттах а ца хьовш лаьтташ вара Къоба.

ЦIеххьана, геннахь тоьхна шок санна, Iахар хезира, и хезначу агIор сихха корта дIаберзийра сосакхо. Къоба юхахьаьжира, иштта онда а, шен леларехь паргIат а йолу шолгIа сосакх арцан ирачу дукъ тIехула меллаша хьалхарчунна тIейогIуш яра. Цо корта лестабора, вукхунна кхерам туьйсучуха, схьагарехь, шен ницкъах тешаш а яра иза. Царна тIаьхьа дIахьежа севцира уьш, схьахетарехь, экамечу лунашна хьалха шайн майралла гайта лууш яра и шиъ. Арца тIехь лаьтташ йолу кура акха газа дIо схьадогIучу лунашка дIахьаьжира, хIурр а дина, тIаккха меллаша, корта а лестош, шена тIейогIучу сосакхна дуьхьалйолаелира иза. Вовшашна юккъехь масех гIулч йохалла юьсуш севцира уьш, буьрса вовшашка а хьаьжна, лаьттах бергаш етта хIоьттира и шиъ, вовшашка латаре кхойкхуш бIов бохуш санна, тIаккха вовшашна дуьхь-дуьхьал а едда, вовшашна маIаш туьйхира цара. Дуккха а дегIана ницкъ хиларна, меженаш вовшахъяллал, иштачу ницкъаца вовшашна чуччауьдура и шиъ. Цхьаьнга важа эша ца лора, цхьана гIулчана а важа юха ца яккхалора.

ТIаьххьара дIасакъаьстира уьш. Царах цхьаъ маситтаза кхоссаелла Iина йисте а еана, дIа а йирзина, ша йолччохь чIагIлуш, настарш юлуш нис а йина, корта хьала а тосуш дIахIоьттира; важа сосакх лакхо сецира, тIаккха тIаьхьарчу когаш тIе а хIоьттина, шен берриг ницкъаш гулбина, маIашца лахо Iинан йисттехь лаьтташ йолчуьн маIашна тIехьаьдира. ТIаккха меттигаш хийцира цара, юха а тасаелира. Церан хIора тасаяларо, хIора маIаш тохаро, тоьпаш евлча санна, ламанца тата доккхура. Дала ма дохьийла, цушиннах цхьаммо вукхунна тешнабехкбар: нагахь цхьаъ, важа шена тIехьаьддачу

хенахь, ша йолчуьра дIаиккхича, тIехьаьдда йогIург, ядаран берриг ницкъаца, даха дог доцуш, Iинах чугIур яра. Амма, шена дуьхьал леташ йолучо тешнабехк бийриг цахиларх тешна йолу царах хIора а майрра, парггIат тIелетара, ницкъ макхоччу ондда тохар дан гIерташ.

Летачеран дог иракарахIотто гIерташ санна, мекара ловзуш, гонаха ирхкхийсалуш, царах самукъадолуш лелара луш.

ЧIогIа дог-ойла тIеяхана хьоьжура Кьоба летачу сосакхашка, цхьаъвукхунна дуьхал а хIоьттина, вовшийн ницкъаш зен арадевллачу оьздачу акхаройн амалех хьоьгуш лаьттара иза.

Сосакхех цхьаъ Iинан бердан йисттехь чIагIъелла дIахIоьттинчу, ткъа важа лакхара охьа цунна тIехьаьддачу хенахь, цIеххьана, мичара ели цахууш, топ елира, Iинан йистехь лаьттарг охьайожийра цо. ТIехьаьдда йогIург саца ца елира, и шиъ ший а Iин чу юьйжира. Церан къийсам юкъахбаькхкхина волу, мила ву хуушвоцург, кIелонера схьа а ваьлла, коьртара куй дIа а баькхкхина, акхарой чуэгначу тIулган арцана тIевахара, ведда.

Башхачу шина акхарочун дахар, толаман хазахетарх дозалла дан цхьа а ца дуьтуш, иштта къинхетамза юкъахдаькхкхинчу таллархочуьнга цабезамца дIахьаьжира Къоба.

Ламанхойн Iедалехь, нагахь таллархой оцу тайпана цхьаьнакхетахь, ижу вовшашна юкъахь цхьанисса йоькъуш ду.

Таллархо охьа чувоьссинчу метте кхача сихвелира Къоба. Ламанца таллархоша санна, геннара дIа маршалла делира цо:

– КхидIа кхин а боккха аьтто хуьлда хьан!

Вукхо схьа а хьаьжна, баркалла элира, цIеххьана хазахетар иккхира шиннан а даг чу. Иза гора церан бIаьргаш чу хьаьжча.

– ЖагIа, хIара хьо вац?! Хьо мичара вели? Къоба ведда цунна тIевахара.

– Толам хуьлда хьан, Къоба!.. Хьо хьуо хIунда ву хIокху меттигашкахь?

– Схьахетарехь, кхуза ван яздина хилла-кх суна! – элира хазахетарца Къобас, шинна а даг чу иккхинарг Нонин, Иагон хьокъехь йолу ойла яра.

– ХIун хаьа хьуна Иагох лаьцна? – хаьттира ЖагIас.

– Далла хастам бу, толуш ву, хIинцале уча а волу.

– Цхьа а меже-м ца йойна цуьнан?

– Куьг хIинца а дика лелаш дац, амма кестта толур долуш-м ду. Ткъа Нонех лаьцна хьуна хIун хаьа? Иза чIогIа цунна сагатдеш ву.

– И декъаза миска со волчохь дIалечкъина ю. Гергарчарах цхьаммо а цуьнгахьа гIо ца даьккхира, – Дала дIаоьцийла уьш берри а! Кхунна догIу дакъа шайна а дитина, шек а боцуш Iаш бу уьш.

Нонин хьокъехь дерриге а дIадийцира цо, иза дIалачкъийна латтор чIогIа хала хилар а тIехь, тахана-кхана цуьнан лар тIе бовла тарло, тIаккха Гиргола дийна йоллушехь йийна дIайоккхур ю иза.

– Ша-м иза могуш ю, – аьлла, шен дош чекхдалийтира ЖагIас, – амма Иагон хьокъехь ойлаеш синтем байна ю-кх!

– Хьай миска яI! – аьлла, доккха садаьккхира Къобас.

– Дикаха хир дара хьо тхо долчу охьавеача, дерриге а ахь цунна дIадийцича. Цхьа а кхерам бац хьуна, цхьана а адаман бIаьрг ца кхоьтуьйтуш ас дIа а, схьа а вуьгур ву хьо.

– Муха вогIур вац, билгало йоллуш вогIур ву. Со-суо а вара иза дагахь долуш. Со хIунда кхоьру царах?

И сацам а бина, сосакхех цхьаъ чуханца дIа а йихкина, жимахволчу Къобина гийоьллира цара. Ткъа важа дийнат, чуьра чоко схьа а яьккхина, тIехула тоьпан молха а тесна, тIе акхарой цагIертийтархьама, ша долччохь дитира. Ша юхавогIуш иза Иагона дIахьур ду Къобас, толлуш хан цаяйархьама.

Новкъабевлира уьш, Курон ломах дехьа а бевлла, Iуьйре тIехIуттучу хенахь ЖагIин цIа долчу дIакхечира и шиъ.

ДIайиллина йолчу уча арадолучу кора кIел бахара уьш. Меллаша чу тIулг кхоьссира ЖагIас, дика ла а дугIуш.

– НеIалт хиларг, дахка бу тхов тIехь лелаш!

– Цул дикаха ду хьуна неIарал арахьа долчуьнга ладоьгIча, тхевнан хьокъехь гIайгIа ма е ахь! – элира лере ЖагIас.

НеIарал арахьа тата хезира, тIаккха меллаша дIаеллаелира иза, ший а чоьхьа а ваьлла, шайна тIаьхьа чIоггIа неI дIачIегIира цара.

– Хlун ду шу долчохь? – гlайгlане хаьттира Жагlас.

– Дерриге а дика ду, диканал тlех хlума дац! – доцца жоп делира зудчо.

– Кораш дlа а чlагlий, чиркх латабе. Нона хlун деш ю?

– Йижина ю.

Къобас, шен гира сосакхан чарх охьа а йиллина, хlусамнене маршалла хаьттира. Ткъа иза шен бlаьргашна гучух ца тешаш, цецъяьлла, кхуьнга схьахьаьжжинчохь йисира.

Майрачо дерриге а дийцира цунна, шайна юург ялар а доьхуш.

– Хlинцца, хlинцца! – аьлла, тохаелира хlусамнана. – Делахь-хlета Иаго, тхан хьомениг, могуш ву-кх! – элира цо, самукъадаьлла. – Хьо санна волу хьаша хьакъ ма-дду, дика тlеэца веза!

– Ахь иза дитал, бепиг лой а, яахlума лохьа тхуна – мацделла тхо. Нийса дуй иза, Къоба? – аьлла, вистхилира Жагlа.

– Хlинцца, хlинцца, цхьажимма сатохал аш! – олуш, шен гlуллакх дан яхара хlусамнана.

– Чlогlа хьо хестош-м ю хьо, хьовсур вай ахь тхо муха кхобу?

– Вай цадезачийн цlентlехь хуьлда яй баьсса, ткъа вайн, Дала делла рицкъа шорта ду, дерриге а ду вайн.

– Къаьркъа дуй?

– Дера ду, уггар дикахдерг а долуш-м!

– Делахь, дlалатаел цlе, шашлык йоттур вай.

– Иза ду хьуна гlуллакх! – элира зудчо.

Цо, цlе а латийна, чlурамаш а деана, стоьла тlе къаьркъа а хlоттийна, тlаккха бепиг а, нехча а, даьтта а, гlатли долу кхаллар а хьалхадиллира. Гуш дара иза майра цlа варе хьожуш Iийна а, цунна дикачу хlусамнанас санна, кечамбина а хилар.

Гlовгlано самаяькхира Нона, шаьш долчу Гиргол веана, хlусамдай цунна шун хlоттош бу моттаделира цунна. Иза, уьйриг санна, хаба а хебна, маьlle а хилла Iара, чlоггlа юргlа тlе а ийзош. Ша каро тарло-кх бохучу цхьана ойлано боккха кхерам теснера цуьнан даг чу.

Иза иштта ехха Iийра, халла бен са а ца доIуш, леррина ла а доьгIуш. Амма къамелаш дийраш ийзалуш, меллаша луьйш бара, церан дешнаш ца къаьстара кхунна. Кхин садетта ницкъ а ца кхаьчна, шен белшаш тIе кортали а тесна, гIовгIа йоцуш, неIарна тIе а еана, херо йолчухула ладегIа хIоьттира хIара. Бодане богучу чиркхан серлонехь церан юьхь-сибаташ къаста ца лора кхуьнга. Амма хьаша хIусамдена безачех хиларх а, царна юккъехь доттагIаллин къамел хиларх а кхийтара хIара.

«Баккъал ЖагIас а бина техьа суна тешнабехк?» – боху ойла хилира цуьнан, оцу ойлано, аьчкан морзахаша санна, лазош Iаьвдира цуьнан дог.

Шийла хьацар туьйхира юьхь тIе. «ХIинца дIалур ю-кх со сан цIиймийлархочуьнга. Юха а бала, юха а еттарш, мацалла, шело, тIехбеттамаш, сийсазъяр! Иаго гуттаренна а дIаваьллакх сох! Со ялархкIелхьара хIунда яьккхина техьа ЖагIас, со еллехьара дика хир дара, тIаккха дерригенан а чаккхе хир яра!»

Оцу минотехь хIусамдас зудчуьнга туьха дийхира. Ткъа цунна кху чу йолуш неIарехь лаьтта Нона гира, тIекхетта, собар доцуш, иза схьа а лаьцна, сихъелла цунна обанаш бохура хIусамнанас.

– Сан хьоменига! – бохура цо, йоккхаеш.

– Сан шолгIа нана, хIун хилла? Алахьа соьга? – хаьттира Нонас, ерриге ега а еш, йиш а хаьлла.

– Иаго волчуьра Къоба веана, суна дукхаеза сан йоI! ХIинца вайна гIо хир ду!

Дагахь а боцуш хиллачу хаамо цецъяьккхина Нона, кхетамчуьра яла, дог кIаддала гергга яра. Эххарий бен саметта а ца еара иза. Дерриге а цуьнан дегI дегадора. Иаго дийна ву, ткъа, кхин хIун оьшу цунна! Саметтаеана иза, ша йолчуьра Къоба волчу едира, цунна мара а кхетта, тIе а йоьжна, къурдаш деш, елха хIоьттира иза.

Иза саметтаялийра, мала хи а делира. Къобин куьг шен кара а диллина, меллаша охьахиира иза. Къоба Иагон хьокъехь дийца волавелира.

Дукха хан ялале массеран а самукъадала доладелира, вовшашка бегаш а бора цара, йоьлуш, самукъадаьлла яра Нона ша а.

– Бегаш – дика гIуллакх ду, – элира ЖагIас. – Амма хIинца вай ойла ян еза ваьш дан дезачун хьокъехь.

– Ахь алахьа тхоьга, хIун дан деза, – элира Къобас, – хьан хьекъал оьшу тхуна.

– Гирголна хIинцале хууш ду Иаго кIелхьаравалар. Хидун боьра чухула чакхволийла йолчохь паччахьан ялхой бу дIахIиттийна, шайна кхечанхьахула некъаш леха дезаш хуьлу таллархой. Оцу новкъа зуда дIайигалур яц.

– Делахь хIун дан деза?

– Нона БуритIе яхийта езар ю, цигара атта хир ду иза, лачкъийна, дIайига.

– БуритIей? – цецвелира Къоба. – Ткъа иза-х кхин а хала ду, массо а меттиг дIалальцна, дуккха а гIаролаш ма ду цигахь лаьтташ.

– Иза соьга далур долуш гIуллакх ду, иза дIайигар! – аьлла, цуьнан сапаргIатдаькхира ЖагIас.

– Иза кхин гIуллакх ду. Цхьа хьо ву-кх и санна долучу гIуллакхна озалурвоцуш, бIокъажор боцуш!

– Нонин да цигахь ву. Шу тIе а кхаьчна, аш дIайиггалц цо ларйийр ю иза.

– Некъан кхерам буй техьа? – бохуш, ойла херцаш вара Къоба.

– ЛадогIал соьга! – аьлла, дIадолийра ЖагIас. – Хьо хIинца а жима ву, хьан цIий кхехкаш ду, массанхьа а ницкъ оьшу, дерриге а ницкъаца дан деза моьттуш ву хьо, ткъа хIинца кхин зама ю, цхьана ницкъаца дерриге а далур дац... Наггахь новкъа хир дац хIилла дар а, мекарло яр а... я иза дар хIумма а эхье а дац... Кхо говр йоьжна йогIу гIудалкх станцера юхайогIучу хенахьиза цхьаммо а ца сацайо, ца толлу... «Мила ву вогIург?» олий, мохь тоьхча, «юханехьа вогIург ву» олий, жоп лой,тIехъоькхуьйтий, дIавоьду. Ас кхо говр а йоьжна, Нона гIудалкха чу а хаийна, тIехула йол а яржийна,цхьанна а со сацо дага ца догIуш, БуритIе дIагIур ву со... Ткъа цул тIаьхьа дерг – шун шайн гIуллакх ду.

Къоба цецвелира ЖагIин иштта говза иза дагалаца хьекъал кхачарх, оцу чIогIа хьекъалехь дагалаьцначу хIиллана дуь-

хьал ала хIума доцуш. Оцу хенахь хехь берш новкъабоьлхучарна дегIах Ларсехь хьовсура, ламанхоша даим а цигахула кхоьхьура, кхехьар бехкедеш дихкина долу томка.

– Сан кийтарлонна реза вуй хьо? – хаьттира ЖагIас.

– Ала хIума дац, башха дика дагалаьцна ахь иза, – жоп делира Къобас.

– Ткъа хьуна, зуда, хIун хета?

– Сан хIун ду ала? Деле доьхур ду-кх ас шун аьтто бар.

– Хьо, мел аьлча а, зуда ю, хIун хета хьуна?

– Деллаша, Гиргол волчуьра генаяккхийша иза, ткъа, шайна лаахь, хи чу а кхосса!

– Делахь шу реза ду-кх ас сацийначуьнца?

– Ду дера.

– Делахь-хIета, кхин цхьацца кад а дIамер бу вай хIокху цIийнан аьтто беш болчу эвлаяашна тIера, тIаккха дIа а духур ду, садаIа деза хан тIекхаьчна.

Къобина лахарчу цIа чохь биллира мотт, ЖагIа – кхуззахь, бехачу дечиган маьнги тIе дIавижира. Ткъа зударий, пхьегIаш а юьлуш, кханалерачу денна кечлуш бара. Болх доггаха бора цара, дехха хезаш дара церан самукъане аьзнаш а, Деле ден доIанаш а.

ШолгIачу дийнахь хьалххе Iуьйрана юьрта чувеара цхьа мтиулец, ЖагIа муьлхачу цIа чохь вехаш ву а хоьттуш. И мтиулец, схьахетарехь, цхьанна а вевзаш вацара. Массарал хьалха цунна тIеIоттавелла моховец кхийтира цунах, цундела цо шайн гIиллакхехь цуьнга маршалла а хаьттира.

– Мтиулец, маршалла ду хьоьга! Марша вогIийла хьо!

– Ломиси эвлаяо маршо лойла хьуна? – жоп делира мтиулцо.

– Нагахь хьо чуваха хIусам йоцуш велахь, схьавало тхан цIентIе.

– Баркалла хьуна, со Толокаани ЖагIа волчу воьдуш ву.

– Иза генахь Iаш ву... Схьа чувола тхо долчу...

– Баркалла хьуна, цуьнца гIуллакх дара сан.

– ЖагIин доьзал дика доьзал бу, Дела ву-кх гушверг, амма хьешана со волчохь а карор ду туьха-сискал.

Оццу хенахь цаьрга, дІанисвелира ЖагІа, шен гІуллакхна эвла йисте воьдуш волу.

– Іуьйре дика хуьйла хьан, хьаша! – мтиульце маршалла хаьттира цо.

– Хьан а хуьйла Іуьйре дика!

– ХІун ду керланиг, Маьхьта! – аьлла, моховцана тІевирзира ЖагІа.

– Хьеше тхайга кхойкхура ас, ткъа хІара ца вогІу, – хьо волчу вогІуш ву хІара.

– Хьаша Делера ву! Вало! – ЖагІин самукъаделира. – Ткъа ахь хьо волчу хІунда кхойкху сан хьеше? – элира цо, вела а воьлуш, моховце.

– Хала ма хета, ЖагІа, кхуьнан ваха меттиг яц моьттура суна.

– Хьаша, хьо мичара ву? – хаьттира ЖагІас.

– Джалабаурин тайпанах ву со!

– Джалабаурин тайпа лаьмнашца сийдолу тайпа ду. Ас Далла хастамбо хьо со волчу варна, сан къечу цІентІе вар ахь эхье ца лерина.

– ЛадогІахьа соьга, ЖагІа, со волчу гІой вай, валохьа, хьаша а эций, дела а хьахош, цхьацца кад дІамер вай! – элира юха а Маьхьтас.

– Сан а ду цІа, Маьхьта. Нагахь хьо со волчу вагІахь, дела теш ву-кх, хазахетар ма ду суна!

Хьаша муьлхачунна вала веза бохург кІеззиг къийсиначул тІаьхьа, берриш а ЖагІин цІентІе бахара. ЖагІина эхь дара шен хьаша нехан цІентІе вахийтар, ткъа нагахь хьаша хьалха кхечу цІентІе вахана хиллехьара, тІаккха цунна Іоттаръеш моховцо хьешана газа юьйр яра.

ЖагІин цІентІехь шуьне хевшира хІорш. ЖагІа кхеташ вара, хІара иштта юха ца волуш лоьхуш волу нехан стаг, схьагарехь, цхьа гІуллакх долуш веана хиларх, амма оцу хьокъехь хетта тарлуш дацара, хьешо хьалха схьа ца къадийча. Ткъа хьаша сиха вацара, арахьарчу стагах эхь-бехк лоьцуш хила тарлора иза.

Шаьш юург йиъна девлча, дІавахар бакъахьа хийтира Маьхьтина, хьаший, хІусамдай шаьш битархьама, царна новкъарло цаярхьама.

ЖагIий, мтиулецций шаьшша висира.

– Вай цхьаьна сискал-туьха а дии, амма хьан цIе ца хаьа суна! – элира тIаьххьара а ЖагIас.

– Сан цIе Вепхия ю.

– Дикачу кIентан дика цIе а ю! – вистхилира ЖагIа. – Дикачу цIийнах ву хьо, цIе а диканиг ю хьан, Дела ву-кх теш!

– Ца хаьа суна, со дика я вон ву-м, амма мостагIчунна хьалхара водур волуш-м вац со, Ломиси эвлаяах ас дуй боу-кх хьуна! – аьлла, дозаллица жоп делира мтиулцо. – ЖагIа, хьан цIе вайн махкахь дикачу агIор гIараяьлла ю... – бохуш, къамел дора жимачу стага. – Хьан тоьпан хIоъ шен Iалашонах цкъа а тIех ца туьлу, хьан хьешана халахетийта хIуттур волуш цхьа а вац, ямартло а ахь йийр яц... Со гIуллакх долуш веана хьо волчу. Нагахь суна тешаме хила хьайн йиш яцахь, дуьххьал схьаала соьга, со дIагIур ву.

– Лулахочунна ямарт хила муха мегар ду? Иза Далла ямарт хиларе нийсса ду. Схьадийца хьайн гIуллакх, Гаврил пайхамарора, ас хьешана кхоор долуш хIума ма дац!

– Иагох хIун хилла, вийна иза, я чевнаш йина цунна? Хьо – таллархо ву, даим а лаьмнашкахула лелаш волу, хьуна цунах дерг ца хаа йиш яц, – элира Вепхияс, дуьххьал ЖагIин бIаьргаш чу а хьожуш.

– Хьуна вевзаш вуй Иаго? Цунах хIун до ахь?

– Изий, Къобий – сан дуй биъна вежарий бу. Царна тIеваха лаьара суна. Уьш боцуш Iелац со. Нагахь уьш дийна белахь, уьш ган лаьара суна, ткъа, бацахь, – церан чIир йоькъур ю ас. Хьо – Иагон гергара ву, суна гIо дан деза ахь.

Моховцо ойла йира.

– Вепхия, хьо – вуьззина къонах ву, дикачу тайпанах а волуш. Амма заманаш хийцаелла, хала ма хета, нагахь ас хьайна хIинцца жоп цадаларна. Хьо тешаме хиларх цатешар эхь ду суна... Амма хIинца вашас ваша вухку, доттагIчо доттагIчунна ямартло йо... Ма ве со хIаллак. Нагахь ахь Иаго мостагIалла долуш лехахь, ма хетта соьга иза, дIагIо, ахь соьца цхьаьна сан чохь рицкъа диъна!...

– Бала бу соьгахь! Со – Джалабаурин тайпанах ву, ткъа тхан гIуллакх а, дош а – цхьаъ ду. Сан тайпанан сий хIинца а

лардеш ду, цунна хаьа мостагIий ца беза а, доттагIий лара а... Дийцахьа суна, хьайна хуург дерриге а.

ЖагIас кхин цкъа а дийхира Вепхияга харцо йоцуш ша беана некъ бийцар, ткъа тIаккха, цунах йолу шеко дIаяьллачул тIаьхьа, цо цунна дийцира Нонеххий, Иагоххий лаьцна. ХIокху цIа чохь дIалачкъийна Къоба хилар хиъча, цуьнан къонахаллин юьхь беран санна хазахетарна кхин а екхаелира.

– Хастам бу Ломисина, массо а могуш хиларна! – аьлла, дешан аз ойуш вистхилира иза, ламаз а деш, – мичахь ву Къоба, вигийша со цунна тIе!..

– Лаха чохь вижина ву иза, цигахь дIалачкъийна ас иза... Дикка хан ю иза дIавижна-м, самаваккха а мегар ду, – ЖагIас зудчуьнга схьакхайкхира.

– Ас, яхана, самавоккхур ву Къоба, Вепхия кхузахь хилар, цунна иза ган лууш хилар хоуьйтур ду ас цуьнга. Тхо тхаьш догIур ду и волчу цига дIа.

Чоьхьарчу лами тIехула божарий дукха хан ялале лаха охьабиссира.

Лахарчу цIийнан кораш дацара. Бодашкахь хенахь ца карийра Вепхияна шен накъост. Ткъа иза кхунна маракхийтира.

– Вепхия, диканца вогIийла хьо! – И шиъ вовшашна мармараиккхира.

– Къоба, сан хьоменига!

Нанас дена вина ши ваша санна цхьаьнакхийтира уьш.

Хьалхара, хазахетаран маьхьарий даларца кхарна юккъехь дIадоладелира къамелаш. Махкара лелхийначех дIакхета ша чIоггIа лаам болуш хилар дIахаийтира Вепхияс.

– Ас цхьаъ вен а вийна чекхдер ду-кх! – бохура Вепхияс.– ХIинца сийлахь ву шен доттагIчунна ямартло йийриг, шен лулахочунна мотбеттарг, и къотIалгIа дина адамаш ницкъ болуш а, олалла деш а ду! Шайна луъург до цара... Ломиси эвлаяах ас дуй ма боу шуна, кхин царна юкъахь Iелуш ма вац со.

– ХIан-хIа, Вепхия, хIан-хIа! Ахь хIунда бохабо хьайн кхерч, хьайн цIа хIунда дохадо? Тхо – тхаьш дуу долу дуьне диъна девлла нах ду, хьо тхоьга ма хьежа. Нагахь тхо дийна дисахь а, мухха а тхан мах – уьстагIан кхакханан болччул бен бац, лей тхо – тIаккха тхох газанан цIока а лур яц...

– ЦІай, ткъа иза хІинца а дохоза ду? Дац кхин я эхьбехк а, я бакъдерг а! Сацийтахьа, хьоме Къоба, карзахдаьлла, оьгІаздахана сан дог, хала ду суна, хьала а, охьа а лийрволуш ву-кх со!

Дуккха а дийциначул тІаьхьа иштта сацам хилира церан: Къобий, Вепхияй сарахь, буьйса йоьлча, Иаго волчу Орца гІур ву, ткъа ЖагІас, кхо говр а йоьжна, гІудалкха тІехь Нона БуритІе шен да волчу юьгур ю. Вепхия Къобица висира, доттагІчуьнца дийца лууш кхин а дуккха а хІуманаш дара, ткъа ЖагІа туькана вахара, цунна хьалха пхьоьхана гуллора юьртахой дукха хьолахь, хІинца а дара кхузахь, хІинцца схьакхаьчначу лакхарчу хьаькамний, пурстоьпаний гобина лаьтташ дикка адамаш.

Гергга тІе а вахана, ладегІа велира ЖагІа. Нохчашна дуьхьал тІом бан эскар даккха баьхкина хилар гучуделира кхунна, оцу тІаме баханчарна паччахьера императорера хир ду бохуш дуккха а диканаш дара схьаоьхьуш, дин лардарна стигланашкара даккхий совгІаташ хир ду бохуш а дуьйцура.

Дист ца хуьлуш, ладоьгІуш Іара адамаш. Кхарах дуккха а нах хьалха а хиллера Нохчийчохь, цигара амалш а, гІиллакхаш а девзара царна, хала некъаш хиларан хьокъехь а, якхий, адам лела ца луш юькъа, кхераме хьаннаш хиларан хьокъехь а хаьара, мел кхерамечу гІуллакхна шайга кхойкхуш хиларх кхетара уьш.

ТІаьххьар а тобан юкъара схьавелира цхьа воккха стаг моховец. Коьртара куй дІа а баькхина цо элира:

– Тхуна хаьа, хьан сийлалла, паччахьна-императорна гІуллакх дан дезаш хилар... Оха ца кхоабо тхайн некъаш. Ткъарш, ло хиларх, Іаьнан дарцо хІора минотехь а тхаьшна дайа кхерам тийсарх, тІехирцинчу бердаш кІел тхаьш гуттаренна а дІадохка кхерам тийсарх, цхьана а халоне ца хьоьжуш, бІо ца къажош дерриш а тхо некъаш тодан арадовлу, тхайн баккъаш тІехь, тхайн гихь дІасакхоьхьу оха эскаран дакъошна кхача а, герз а, барзакъ а тІехь йогІуш йолу салазаш, шуна дечиг, докъар, сурсаташ гулдо оха... Иза дерриге а хазахетарца до оха, хІунда аьлча, тхаьш паччахьна-императорна тешаме гІуллакхдеш хиларна: хьалха тхуна тІе ца дохкура иштта тхан ницкъ кхочушдоцу гІуллакхаш, хІетте а оха хІумма а ца боху...

Ткъа хIинца оха доьху шуьга: пергIат дитийша тхо лулахошна тIелата дахарх, цара хIумма а вониг ца дора-кх тхуна, ца оьшура-кх тхо вовшийн кочатийсар, аш и леладахь, оха кестта вовшийн дайъина кхачор ду-кх, тхан махкахь тешаме адамаш хир дац-кх шуна.

– Паччахьан мостагIий – иштта шун мостагIий а бу, шу декхарийлахь ду паччахьан сардало буьйр деш ма-хиллара, Нохчийчоьнна дуьхьал даха.

– Дика ду, тхо гIур-м ду, амма тхан ницкъ кхочуш боцу хала гIуллакх ду-кх иза.

Ламанхоша эскаре нах балар билгалдира, ерриге а ярташ яхка езара шайн сийлахь байракх а йохьуш, мехкада Гошпарашвили хьалха а волуш, кхин масех де даьлча ДаьргIанна тIелата дезара церан, цигахь гулделла дуккха а эскар дара, оцу эскарна хьалха хIоттадора цкъа тохар дарца Шемалан дуьхьало кагьяран декхар. Нохчийчоьнна тIелата бахаран хьокъехь болу хаам чIогIа хазахетарца, баккхийберца тIеийцира мехкадайший, элаший.

Гошпарашвилин йоллу ойланаш ерш дуккха а бара. Элий а, мехкадай а тIаме боьлхура атта даржаш а, орденш а яхархьама, Воронцов сардал волчу хенахь лакхара лоруш яра уьш. Сардалан лаам кхочушбеш тхан элаша хийцина европейски экъанна тIе даьккхина дIахIоттош дара шайн дахар, ткъа цо лоьхура дерриге а шортта хилар. Воронцовс беш болчу синкъерамашкахь, балашкахь хила шайн таро хилчахьана, цига баха шайна оьшуш долу ахча даккхаделчахьана, хIуъу а лело а цхьана хIуманах хьожа йогIур йолуш бацара элий. Лоллин къинхьегамах пайдаэца церан хиллайолу крепостни бакъо цаьргара дIаяькхичахьана, шайн хьал-бахам алсамбаккха а, хьалдолуш хила а кхин таро яцара церан балха тIехь кхиамца лакхабовларан, даржаш дахаран ницкъаций бен.

Гошпарашвилис доккха шун хIоттийра. МоттаргIанна лелош доцуш самукъадалар а, хазахетар а, баккхийбер а дара Нохчийчоьнна дуьхьал тIаме баха новкъабовлуш болчу кегийчу нахана юкъахь хаалуш. Хуьлуш долчу хьокъехь дика ойлаеш а, цунах кхеташ а бацара дукхахберш. ТIамехь гоьбовлар,

шаьш ларар а, даржаш дахар, хьалдолуш хилар – иза цхьаъ дара царна дагахь дерг а, церан дог-ойла гІаттош дерг а. Халкъан дагахь йолчу ойланний, цуьнан хьашт-дезаршний геннахь иштта сакъоьруш бара уьш, кедаш вовшахдетташ, декаш дара «Мравалжамиер» олучу йиран дешнаш, мерза хьожа етталуш йоттуш мутта долу шашлык а яра – чаккхе йоцуш бахбелира сиикъерам.

Оццу хенахь Къобий, мтиулец Вепхияй, хІусамдайн Іодика а йина, новкъавелира. Лома тІе хьала а ваьлла, шаьш тохара йийначу сосакхан чарх йитинчу метте Іин чу охьаволавелира и шиъ. Кхузахь жимма са а даьІна, тІаккха Вепхияс жижиган чарх ги а йоьллина, кхидІа волавелира хІара шиъ. Гвирголах тІех а бевлла, Хиду хин йистонца болчу новкъа дІабахара уьш. Чхатиставина хьала тІебевлира хІорш, кхин жимма некъ бича – берриге кхерамаш тІехьашхабуьсур бара. Амма цІеххьана гІаролехь волчун мохь белира:

– Мила ву вогІург!

ГІалагІазкхийн гІароло некъ лецира кхеран. ХІорш тІулган берда тІехьа лилхира. Вукхо юха а мохь туьйхира.

– Тхо ду догІурш, хІинца шун майралла а зуьйр ю оха! – аьлла, дозаллица дуьхьал вистхилира Къоба.

Тоьпаш евлира, доттагІий тІехьа левчкъина Іачу тІулган бердах масех даьндарг кхийтира.

– ХІинца хьовсур вай, муьлхачо хІун до? – берда тІехьара топ тІехьажийра Вепхияс, амма гІалагІазкхий кІелонехь дІалевчкъина бара.

– Къоба! – элира Вепхияс. – Жижиган чарх а эций, дІо хьала некъа тІе вала, ткъа ас цкъачунна хІара жІаьлеш кхузахь совцор ду!

Къоба дІавахара. Иза хьалавала везаш болу некъ адамаш леллане а лелаза бара, Іинна юххехула, яаелла цергаш санна, ира долчу лаьмнийн даккъашкахула чІугъетташ дІабоьдуш бара иза. Амма и некъбина вели аьлла хеттачу хенахь, юха а тохарлерчу, гІалагІазкхий а, шен доттагІ а кхо битинчу меттигна тІехь хуьлура хІара. Цигара кхуьнан таро яра, оцу йилбазан новкъа хьалавала, цунна гІо дан.

Къоба хьала тIевелира. Шена бIегIийла йолу меттиг а лехна, топ тIенисъеш дIахьажийра цо. Оццу хенахь дIахьажархьама корта арабаькхира гIалагIазкхех цхьаммо, амма топ елира. ГIалагIазкхи, ша волччохь ирх а кхоссавелла, топ юьстах дIа а кхуссуш, гобохуш, керчаш Iин чу вахара. Оццу минотехь, берда тIехьара схьа а ведда, тIулгийн бердаш тIехула тIах-аьлла кхисса а луш, Къобина тIехьаьдира Вепхия, ткъа Къоба хазахетарца, дог доккхадеш лакхара охьа чухьоьжуш вара. Шаьш болчуьра гучубовла ца баьхьара гIалагIазкхий, ткъа Вепхия чехкка Къобех дIакхийтира, вовшашна мар-мара а иккхина, толам баккхарца вовшийн декъалвира цу шимма. Кхузахь хIорш кхерамехь бацара. ГIалагIазкхийн таро яцара кхарна лера, кхузарчу новкъахула хьала цхьацца стаг бен валалур вацара, ткъа хIорш цунна тIе тоьпаш а хьажийна Iаш бара, цхьацца вуьйш, массо уьш бойур бара кхара.

Цундела берда тIехьа къайла а бевлла Iерал, хIоккхузара сихха дIабахар тоьлашха лерира гIалагIазкхаша.

Къобий, Вепхияй, са а даьIна, сарахь Орца дIакхечира, цигахь Иаго вара Къоба дIакхачаре хьоьжуш хьере а хилла Iаш.

Шена тIе кхаъ эцна кIант ведда тIевеанчу хенахь учахь хиъна Iаш вара иза.

– Иаго, Иаго! – аьлла, мохь туьйхира кIанта. – БогIуш бу! Къоба ву вогIуш, шеца кхин, милла велахь а, цхьа нехан стаг а валош!

– Мичахь, мичахь го хьуна уьш? –олуш, хьалаиккхира Иаго.

– Хьуьллахула, ломах хьалабовлуш бу, хIинца-м уьш, схьахетарехь, шовдан тIекхаьчна а хир бу... Яккхий маIаш йолу акха бож а ю цара йохьуш!

– Султан, вало царна дуьхьалгIой вайша.

– ГIо, гIо! – кIант, самукъадаьлла, хьалхавелира, кестКеста юха а хьожуш, шена тIаьхьавогIучу Иагога мохь а бетташ.

ДIо дукъа тIехь гучубевлира некъахой. Уьш герга мел кхечи, кхин а сиха детталора дог. ХIун хаамаш бохьур бу техьа цара Нонин хьокъехь, цуьнан «цхьаъ бен йоцчун» хьокъехь?

Юха а цунах валархьама, юха а иза яйархьама санна, юха а дІасакъастаран лазар кхин а халадархьама санна, иза карайора кхунна.

ДоттагІий хуъушехь меллаша богІуш санна, хІара шайга хьежош, хуъушехь, кхуьнан дог этІош санна хетара кхунна.

ТІаьххьара а схьакхечира уьш. Гира мохь лаьтта охьабиллира Къобас, доттагІий вовшашна маралилхира. Вепхия варна дозадоццуш хазахийтира Иагона. Пхьарчос, дуьхьалваьлла, маршалла а хоттуш, чубийхира хьеший.

Шаьш охьахевшина девлча, Къобас дерриге а дийцира Нонин хьокъехь, иза БуритІе дІаяхийта сацам хилар а хаийтира цо.

Иагон чов ехка веанчу лоьро хІорш тешийра кхин цхьа кІира даьлча Иаго вуьззина толург хиларх, тІаккха цунна хьалха дІаделлалур ду дерриге а некъаш.

Ткъа дуй биъна хилла вежарий оцуьнга чІогІа сатуьйсуш бара.

Нохчийчуьра схьаоьхуш хабарш дара: «Шемал доккха эскар вовшахтухуш а ву, баккхийчу тІемашна кечамбеш а ву, хІора ламанхочунна шен доьналла гайта меттигаш дуккха а хир ю», бохуш.

Оццу хенахь иштта оьрсийн командовани а, шен коьртехь ша Воронцов а волуш, Нохчийчоьнна цІеххьана тІелатар дан кечлуш вара. Оьрсашна моьттура, ишгта тохар а дина, нохчийн масех чІагІо а, Шемалан – «болатан стеган» – дуьхьало а хьаьшна-аьтта дІаяькккхича, цуьнцадерг чекхдер ду. Дукхахберш оцу дерригене, тамашаш бина цаваллал, ойла а ца еш, хьуьйсура. Петербургехь а моьттура, нуьцкъала цхьа тохар дича, и мохк гуттаренна дІасацор бу. Цигахь болчара дицдора и мохк ларбийраш турпалхой а, майрадоьналле а, шайн сил дукха шайн Даймохк а, паргІато а езаш нах хилар.

Паччахьан Росси чІагІлуш яра, цунна гатделлера шен дозанаш, цундела иза малхбале дІахьаьдира, шен новкъахь мел нисделларг отуш-дагош а, йийсардеш а. Ламанхой царна новкъа бара, цундела царна тІелатар кхочуш ца дича цадериг хилла дІахІоьттира. Россин хІетахьлера политикаш машарца

бартбан юкъабовлу, хьекъале а, балхана а тIера болчу нохчашца и дан атта хир доллушехь. Паччахьан Iедална, шайна уьш цабовзарна, хетара ламанан бахархой акха а, жехIала а нах бу, ницкъаца бен уьш эшалур бац.

Россин тIеттIа алсамболучу ницкъо цунна бакъо лора тешам боллуш царна кхерамаш тийса: «Оха «хьаьшна-аьтта» лаьттаца дIашардийр ду шу!» – бохуш. Цундела массара а – къеначара а – ойла ца еш, маьхьарий деттара: «Тхо тохар дан дIадогIу, дIадогIу!» – бохуш.

Эскарш вовшахтухуш дара массо меттехь. Сацам бинера туркошца хиллачу тIамера цIа догIуш долу, хIетахь Кавказехь хилла эскаран дакъош а оцу тIамна юкъаозо.

Хан эрна дIа ца йохуьйтура Шемала а. Цо тIегулбора ДегIастанара а, Нохчийчуьра а нах. ЧIагIйора дуьхьалонаш, гауршца тIом бан кечдора халкъ. Паччахьан Iедалера дукха харцонаш лан дезнера ламанхойн.

ХIетахьлерчу оьрсийн эскаршца, коьртачу декъана, хьалха хиллачу кантонисташца цхьаьнакхета дезначийн дегнаш, цаьрга цабезамах а, царна бекхам бан хьогамах а дуьзна дара. Бат а мадъеш Iамийна болчу оцу эпсарша, хIинца адамашна тIехь урхалла дан аьтто баьлча, шайн хьолах пайда а оьцуш, кхин эхь а ца хеташ, царна массо агIор къизаллаш йора.

Ког баькх-баькккхинчохь гора талхийна, ягийна ярташ, ялтийн цхьа а кан тIехь битаза кхаш. Нагахь санна хьаьжкIаш кхиъна евлла яцахь, гIад сийна доллушехь дIахьокхура. Церан гIад говрашна даадора, ткъа церан бергашца кхаш датадора.

Шайгахь мацалла яллийна адамаш, шайн меттамотт а буьтий, лаьмнашка дIадоьлхура, луьра бекхам эца дагца чIагIо а йой, шайна тIехь сел йоккха къизалла латторна. Цара кхин хIун дан дезара, баьпкан цуьрг йоьхучу берийн маьхьарий а, мецачу бежанийн Iехар а хедаш ца хилча?

Хьекъалдолчу Шемала оцу дерригенах пайда оьцура. Цо адамийн дегнашкахь гIаттабора мостагIчуьнгахь луьра цабезам, марсайоккхура бекхаман цIе. Цундела халкъ цуьнга хьоьжура, шайн гIоьнче санна. Цундела иза цунна чIогIа муьтIахь

хуьлий дIа а хIуттура, цо дош аларца мохк ларбан тIаме дIа а хIуттура.

И къийсам цхьана нохчашкий, суьйлашкий дIабахьалур боций хууш, Шемал, шеен ницкъ ма-ббу, оцу къийсамна кхечу къаьмнех болу векалш а юкъаозо гIертара. Амма массара жоп ца делира цуьнан кхайкхамна: крепостной бакъо дIахIоьттина яьллачу заманахь, феодалаш ондда орамаш хеца кхиънера, цундела халкъана тIехь болучу шайн Iаткъамах а кхеташ, шайн лаамаш кхочушбархьама цара мехкан зовкх духкура. Ткъа Шемална, оцу йоза-дешарх кхеташ а воцучу ламанхочунна, гуш дара берриге бахархойн бакъонаш, хьалха, крепостной бакъонаш юкъайовлале нохчашна юкъахь хилла ма-хиллара, дIанисъян езий. Амма цо дагалаьцнарг кхочушхила доьгIна ца хиллера.

Боккхачу дегаIовжамца а, халахетарца а хьоьжура иза ша оццул чIогIа, даггара шайна тIе кхийдина болу гуьржий оьрсаша шайн агIор бахаре. Цо эрна бохуьйтура шен нах лаьмнашка. ГIараваьлла волу Кхази-молла а цкъа вахана ца Iийра оьрсийн кара. Гуьржий чIогIа гауршна тIекхийдаш буй хиъча, цаьрца барт хир боций хаьий, лаьмнашка вухавоьрзура иза, юха а герзаца мостагIчунна тохар дан.

1845-чу шарахь оьрсий а, нохчий а буьйлабелира ницкъаш гулбан, вовшашна тIаьххьара тохар дан кечлуш.

Шемална дагахь вара Воронцов, шен эскарца цхьаьна, масех шо хьалха ша инарла Граббена тохар диначу Нохчмахкахойн хьуьнчу вало. Ткъа оьрсийн командовани дагахь яра оцу хьуьнчухула чекх а яьлла, цигахь дIачIагIъяла.

Иаго шен ерриге чевнех товелира. Кхо доттагI кечлуш вара герггарчу деношкахь Галашке а вахана, Шемалан тобанах дIа а кхетта, шаьш тIе а лаьцна, шайна гIо диначу халкъах агIо а тоьхна, мостагIчуьнца тIом бан.

Цкъа мухха а уьш болчу всара Пхьарчо.

– Хьоме хьеший! – элира цо. – Джейрахехь доккха дезде ду. Ламаз дан со цига ваха воллу, шу догIур дарий соьца?

– ХIунда ца догIу? ДогIур ду дера! – массеран метта жоп делира Къобас.

– Цигахь самукъане хуьлу шуна. Гонахарчу ерриге ярташкара мехкарий а, кIентий а гуллур бу цига.

– ДогIур ду, дерриш догIур ду! – тIетайра Иаго а.

Оццу хенахь цхьана кIанта чоьхьаяьккхира еха-готта стол. Цу тIехь шортта даар дара: кхехкийна жижиг, нехча, кхаьрзина хIоаш, сискалш.

ХIума а кхаьллина, Джейрахе баха кечам бан буьйлабелира уьш. Цигахь бусалбанаш кечлуш бара везачу Георгийн сийнна дезде билгалдаккха. Мацах цкъа кхузарчу керста дин лелочу бахархоша, Джейрахан чIожехь килс юьйгIира, амма заманаш хийцаелира, хийцаделира оцу адамийн дин а. Цкъацкъа оьрсийн олаллин кIел йолчу керстанийн дийнна ярташкарчу бахархоша бусалба дин тIеоьцура.[1]

Ерриг юрт когаш тIехь яра, массанхьа гIовгIа яьккхина Iоьхура лаьмнашкара сагIина дайа далийна бежнаш, самукъане ловзура бераш, зударша тIоьрмигаш чу дIалуьстура хачIапIуриш, хмиадиш, иштта кхидолу а даарш; божарша киташ дузура йийх а, шаьш диначу къаркъанах а.

Уьш варрашна тIе а юттий, ламанан новкъа бовлура. Маре баха хан кхаьчна а, кегий а зудабераш, хаза кечбелла, цхьана кертара вукху керта уьдура, цигахь, дезачу дийнахь, цхьаьнакхета барт беш; кегийрхой вовшашкахь цхьаьна а кхетий, шайн хIоъ-молхин хьесап деш хуьлура: дезачу дийнахь нийсонна тоьпаш кхуьссур ю, ткъа АрцIийн бахархой цкъа а юьхьIаьржахIиттина бацара оцу тIехь.

Ламанхоша-гуьржаша а шайн тоьпийн чапханаш а яьстина, уьш цIанйира, биргIанаш малхехь къега а къегаш.

Мотталора уьш дезачу дийне а доцуш, тIаме баха кечлуш бу. Амма лаьмнашкахь деза денош а шатайпа тIамна кечамбар санна, нисло. Кхузахь Iема кегийрхой топ кхосса а, ида а, вовшахлатарехь къовса а, говраш хаххка а, герз каде лело а, цундела уьш дезачу деношка тIемалойн барзакъ а духий боьлху.

[1] ХIара могIанаш яздеш волчунна шена а бевзара, хьалха керста динехь а хилла, тIаьхьа бусалба дин тIеэцна нах. (*Авт. бил.*)

Дайа билгалдина уьстагIий схьа а гулдина, царна тIе жаIуй а хIиттийна, уьш новкъабехира. ТIаьхьо, кегийчу тобанашца новкъадер ду халкъ а, – хIора тайпа шакъаьсттина. Къорзачу духарехь мехкарий хьалха боьлхура, тIеман буьрса эшарш а лоькхуш. Кегийрхой царна тIаьххье боьлхура, забарш а еш, маьхьарий детташ, тоьпаш а кхуьссуш, ткъа мехкарша церан шовкъ уьйура шайн эшаршца, дегнашкахь мостагIчуьнга луьра цабезам а гIиттош, царах майра летаре а кхойкхуш. Стиглан Iаьршашка хьалауьйура цара дог – майра, шаьш-шайн ца кхоош болу турпалхой, беламе бохуш, кхаьрдара кIиллойх а, осалчех а.

Гуьржий-ламанхой массаьрца цхьаьна богIура, дог уьйучу иллийн аьзнаш хьогаме схьа а лоьцуш. Цхьана тобано илли чекхдаккхарца, оцу сахьта, кхечу тобано дIадоладора шениг, цунна тIаьхьа – кхозлагIчо.

Иштта дIаоьхура и дог кура, маьрша адамаш шайн дезачу дийне. Амма церан дахаран зовкх а, цхьаалла а кестта къацахеташ хьаьшира кIоршамечу ницкъо.

МаьркIаже йолаяла юьйлира, уьш цкъа маццах исбаьхьа килс хиллачу чIапломе дIакхочуш. И килс йохийна а, дIатесна а дукха хан яра. Ткъа хIинца цуьнан лилхинчу пенаша сингаттам кхуллура.

Цкъа мацах кхузахь бара керстанийн кхерч. Килсан ялхоша шаьш-шайн ца кхоабора Делан дош цаьрга дIакхачо гIерташ. Гуттаренна, юхахирдоцуш дIадайначух бухайисина даьIахкаш! Килсан хьалха ю шуьйра-йоккха майда, хьалхаяларх къовсуш говраш хахка нисъелла меттиг. Килсан кIажехь декаш дара шийла, чекх са гуш сирла-цIена шовда. Вукху агIорхула Iинна чукхевдина дара инзаре даккхий дитташ, шайн гIодмех хьирчина мангалкомаршший, хояхаршший йолуш.

ДIалетира цIераш – гонаха мел дерг набарха самадолуш, денделча санна сурт хIоьттира. Йилбазан маьхьаро, шен тIемаш тIехь ойий, генна лаьмнашка дIа а хьой, уьш декош генна дIахьора иллийн а, деттачу маьхьарийн а аьзнаш, маьрша адамаш кхуза дахкарх кхаъ хилла, доккхадеш санна.

Дlалетира цlерш – гонаха мел дерг кхин а исбаьхьа хилла дlахlоьттича санна, иштта исбаьхьа хийцаделира дийна мел дерг а, Iиндагlаш туьйранийн суьртехь хелхадийла дуьйладелча.

Адамаша, цхьана гона тlера вукху гона тlе оьхуш, дезачу денца декъалдора вовшийн, мехкарша тlекхоьхьура чагlар, кегийрхошца самукъане забарш а еш, церан дегнаш ир-кара а хIиттош.

Оцу буса цхьа кlант Iийна вац шен йоIе ялор ю бохуш Делаца чlагlо ца еш; цхьа йоI Iийна яц, шена везачо дlакхайкхарца, ша едда йогlур ю ца олуш. Церан цlеначу безамна хийра яра сонта ойланаш!

Нохчийн зуда берриге зударел маьрша ю, цундела иза массарал цlена а ю. Боьршачу стагаца паргlат къамел дан шен бакъо елахь а, цо цкъа герга дуьтур дац цадогlург. Цундела тамашийна а дац цигахь. Нохчийчохь, оцу йоза-дешар ца хуучу, кхузахь вайна ма-хеттара, акхачу халкъана юккъехь шуна цкъа а гур бац, яхь-бехках, эхь-оьздангаллах бевлла, шайн маьттазаллах куралла еш болу нах. Мел халахетахь а, уьш дукха бу массанхьа а.

Нагахь санна нохчичунна зуда езалахь, маре ца юьгуш Iийр вац иза, ткъа, нагахь вовшех безам балахь, уьш дlасакъаьста, ткъа бехкеволчо токху. И дерриге хуьлу лулахошна а хууш, цlахь, даим машарца дlа а доьрзу.

Нагахь санна стага нехан зуда тlекlаяхь, Iехаяхь, эзар шаьлта хир ю иштачун дагах чекхъяла кийчча, ткъа зудчунна дуьсуш дерг ша-шена куьг тlедахьар ду.

Самукъане дlадоьдура дезде. Иаго а, цуьнан накъостий а, уьш Дала бахкийтина хьеший хиларе терра, цкъа – цхьаболчара, тlаккха – вукхара шайна тlекхойкхура, царна хьошалла а дора, шайн ма-хуьллу самукъа а доккхура.

Сатосуш юьстахо цхьа бегIийло меттиг а лехна, кхо доттагI охьавижира. Бисинарш а гlелбинера набаран суй ца беш текхначу буьйсано. Уьш а садаIа дlатарбелира. Цхьакlеззиг болу, сакъсрарна тlераберш бен бацара шуьнехь бисинарш.

Буьйса йовха хиларна цIерш дIаяйна яра. Бутт схьакхийтира. Цо шен Iаламан серлонца хийцира хелхаюьйлуш хилла лаьттан цIеран серлонаш.

Къобина а, Вепхияна а сихха набарш кхийтира. Иаго сема вара. Синтем боцуш, ха хоьрцуш, даккхий синош дохуш Iара иза. Бутт нийсса цуьнан бIаьргаш чу хьоьжура. Цо цуьнан са а гатдора, иза хьеста а хьоьстура, шен ма-хуьллу дагатуьйсура серлонехь Нонин бIаьргаш чу а хьоьжуш, цо текхна мерза суьйренаш.

Оцу буьйсана иза вара, хIораннан а пергIат, шен даго къобалйинарг езаяла бакъо йолчу махкахь.

ТIаккха кхолламо, хIара Иаго, хIунда, стенна хоьхку даим? Цунна дагадаьхкира дерриге закон луьра лардархой шех кхардарш, сийсазварш, цара мел бина ницкъаш. Цуьнан дог гIайгIане детта доладелира.

«Цкъа цхьана хенахь-м тхан халкъ а дара ирсе, иштта бехдалаза, цIена. Цхьа хан яра вашас ваша ца вухкуш! – гIайгIане ойланаш йора цо. – ТIаккха хIунда баьхкина тхан махка цабезамаш а, хьаьгIнаш а? Мичахь бу тхан халкъан ницкъ, мичахь бу тешам а, вовшашка безам а? «Иштта тхо лахдарна мила ван веза бехке?» – Иза сингаттаме велавелира:

ЭхI, хьо миска! Маьрша леча,
Йийсарехь ду гIиргIанан.
ПаргIатдер ду миска леча,
И дIагIур ду шен махка!..

– ГIур дуйте? – гIайгIане эккхийтира цо. – Декъаза ву-кх шуна тхан мостагI!

– Иаго, хьуна хIун хилла? Ахь хIун дуьйцу? – хьаьттира цуьнан цIогIано самаваькхинчу Къобас.

– Наб ца кхета суна.

– И хIун амал ю хьан! – деро кхоьссира Къобас. – Буьйсана набян еза.

– Сан хIун бехк бу? Наб ма ца кхета суна.

– БIаьргаш тIехьаббе, тIаккха кхетар ю.

Къоба вукху агIор вирзира, тIаккха юха а сихха набаро ватийра иза. Ткъа Иаго дIакерчаш, схьакерчаш, шен доьхначу дагца а, сингаттамечу ойланашца а къамелаш деш вара. Эххар а набаро тIекъевлира цуьнан бIаьрг-негIарш.

Малх лаккха хьалабаьллера гуьржий самабевллачу хенахь. Гонаха мел верг а когаш тIехь вара, яахIума а яра кечъеш.

Божарий юьстах лаьттара. Хетарехь, цхьа хIума дара цара дийцаре деш. Хьешашна тIевеара Пхьарчо.

– Шемал волчуьра геланча веана. ЛадогIий вай цо ваьшка хIун олу?

Сихха юьхь-куьг а дилина, берриге а геланчина тIебахара, цо Шемалера хIун хаамаш беана хьовса.

Иза вара къоьжа маж-мекх а долуш, хьекъале юьхь-сибат долуш воккха стаг. Цуо, сих ца луш, шовданан декар санна, цхьанаэшшарехь дора къамел. Мотталора, майрачу хьежаро а, буьрса тIекъовкъийначу цIоцкъамаша а цхьанна а пурба ца лора шен мостагIийн агIор вала.

Вуьшта, эр-м дацара оьгIазалла а, харцдерг дийцар а цуьнан амалехь ду, аьлла. Цо, паргIат, меллаша бохура мостагI шайн гIиллакхаш а, ницкъ а хIаллакбан а, шайн хьалдолу латтанаш доладаха а гIерташ ву. Шена хетарехь, шен мехкан хIора кIант декхар ву, шен долчух вузушвоцу гаур юхатоха.

– Цхьа де а ца долу, – бохура воккхачу стага, – и гаурш, меца маккхалш санна, тхан латтанашна тIе ца леташ, тхан бахам дIа ца боккхуш…

Церан новкъахь цхьа а юрт яц цара ягоза, цхьа а зуда яц цара сийдайаза. Массанхьа яржайо харцо, къизалла, адамалла мел йоцург!

Халкъо гIовгIа яьккхира, сингаттаме тохаделира, амма оцу сахьта юха а дIа а тийна, са а ца доIуш, кхидIа а ладогIа хIоьттира.

– Бакъо юй, ткъа, вайн бусалбанийн, гаурша бен ницкъ лан? – чIоггIа эккхийтира воккхачу стага.

– Iожалла царна, Iожалла! – дIакхайкхийра ерриге тобано.

– ХIинццалц, – кхидIа а бохура воккхачу стага, – тхайн къиношна тIера гIуда тоьккхура оха. ХIинца къинхетам бина

тхох АллахIа, тхан агIор ву иза… Тхан нах гауршна миччахьа тIекхаьчча а, уьш хьалхара дIауьду кIиллой зударий санна. Тхайнаш тIаьхьара ца бовлу царна, уьш къинхетам боцуш хIаллакбо…

Гаурш гIоьртира доккхачу эхьаца инарла Граббе дIаэккхийначу Нохчмаххахойн хьуьнах шайн ирс зен. ЛадогIалаш, бусалбанаш! Шемал эскар вовшахтухуш ву гауршца луьра тIом бан, церан зуламаш духатоха. Мила дуьхьал хир ву шух, бусалбанех, вайн юкъарчу мостагIчунна дуьхьалвала?

– Цхьа а хир вац! Цхьа а хир вац! – гIовгIа яьккхира халкъо.

– Дерриге гIовтта, дIагайта шайн майралла, доьналла! СовгIаташ хир ду шуна шун дикачу гIуллакхашна, стамлур бу шун бахам, шуна хир бу хазачу мехкарийн безам, церан хьестарш. Шун сий махкара махка кхочур ду, шух иллеш дохур ду, тIейогIучу тIаьхьенна масал хилла дIахIуьттур ду шу!..

– ГIовтур ду, дерриш а гIовттур ду! Карзахъюьйлура тоба.

– ЦIахь висна хIора а беламе воккхур ву, декъаза кIилло санна. Цунна синтем хир бац хIокху дуьненахь а, вукху дуьненахь а, цунна гур яц, шена чохь исбаьхьчу аьзнашца шен мехкан къастийначарна бен хьошалла ца ден Мухьаммадан ялсаманиш!

Кхин а дехха дийцира воккхачу стага стогаллах а, доьналлах а лаьцна, цо дийцира кIиллочунна тIедогIучу эхьах лаьцна а, бекхаман цIе марса а яьккхина, адамаш хьуьнаршна гIатторхьама, халкъана иштта кхайкхам оьшуш бацахь а. Iаламо майра кхоьллина, маршо езаш болу ламанхой цхьаьна тарлур бацара, шайн хьекъал цакхачарна шаьш лелочу хIуманашца царна юкъахь вовшашка цабезам а, мостагIалла а кхуллуш болучу оьрсийн хьаькамашца.

Шайна хийрачу халкъан амалш а, гIиллакхаш а, са а девзаш боцу и бодане хьаькамаш бухура шаьш доьлла доцучу хьелашка нисбелча. Кхечу шакъаьстинчу хьелашкахь кхиъна болчу цара, цкъацкъа ларамза а гIело йора ламанхошна, сийсазйоккхура церан дог-куралла, Iиттарш йора дог-дозаллина.

Цу тIе массо хенахь ягош яра дийнна ярташ, хIаллакдеш дара ялташ, еттара гIорасизчу баккхийчу нахана а, берашна а.

Оцу дерригено нохчийн дегнашкахь цабезам а, мостагIалла а кхуллура шайна кIелонаш ечаьрга. Цул тIаьхьа цхьана а тайпа машаран тоьшаллийн ницкъ кхочур бац церан дегнашкахь гIаьттина оьгIазло юхатоха.

Къийсамна гIовтта сацам хилла, мостагIчунна юьхьдуьхьал хIитта болчу боккхачу хьагамца, амма кхана гуламехь вовшах а кхетта, гIараваьлла имам Шемал волчу баха новкъабовла барт а хилла, дIаса а къаьстина, шайн-шайн цIа бирзира берриш а.

Иаго а, цуьнан доттагIий а баккхийбера иштта цхьабарт болуш хIара халкъ хиларх, Далла хастам бора Диамбега а, Гиргола а, церан цIуьхIарша а шайна тIехь лелийначу нийсоя-царшна, цаьргара бекхам эца хIинца аьтто баларна.

Дезачу дийнера уьш Пхьарчо волчу богIура, цигара Шемал волчу баха новкъабовла.

– Шу оьрсашца цхьана динехь ду? – хаьттира цаьрга Пхьарчос.

– Хьанна хаьа? – хезира цунна жоп. – Иштта боху, амма цара тхуна дихкина тхан дерриге деза денош, тхан еза-сийлахь хIуманаш зиярташ чуьра дIа а яьхьна, килсаш чохь, догIанаш а тоьхна, къайлаяьхна. Ткъа хьалха декъазнаш къинойх цIанлора оцу еза-сийлахьчу хIуманах дIахьакхабалале. Ткъа хIинца хIун дийр ду-м ца хаьа…

– Къинойх цIанлора бохург хIун ду? – хаьттира Пхьарчос.

– Декъазнаш, юьртара ара а бовлий, адамех херлой, цхьана а цIена йоцчу хIуманах дIахьакха а ца луш, дийнахь кхузза хьостан чохь луьйчуш а Iай, тIаккха доIанаш а деш еза-сийлахьчу хIуманна юххе боьлхура… Ткъа хIинца дерг хIун ду? МозгIарша, атталла, куьйгаш а ца дуьлуш, килса чу боьлху, сагIина мел елла хIума шайн кисана юьллу… Оцу килса чохь, дерриге халкъана а гуш, вовшашна яппарш йо, дьякех а, цига баьхкинчу нахах а лета. Цундела халкъан тешам байна шайн еза-сийлахьчу хIуманех. Тхан еза-сийлахь хIуманаш хIинца болх беш яц, цхьанна а оьгIаз а ца йоьлху…

– Делахь-хIета, шу цхьана динехь дац-кха, – тешам боллуш чIагIдира Пхьарчос.

– Гарехь, иштта ду иза. Амма цхьаъ дине верзор, берана цIе тиллар, зуда ялор, кхидолу динлелоран гIиллакхаш цхьаьнадогIуш ду тхан.

– Делахь-хIета, дин цхьаъ ду-кх шун.

– Ца хаьа суна, иштта баха-м боху, амма со цунах ца теша. Тийналла дIахIоьттира.

– Хьуна вон дина Диамбега а, Гиргола а, царна дIадекха деза,– юха а къамел дIадолийра Пхьарчос, – оьрсий стенна бехке бу?

– ЭхIе-е! – цецвелира Иаго. – Оьрсийн Iедало дIахIиттийна бац, ткъа, уьш, церан зуламаш къайладохург иза дац, ткъа? И ца хиллехь, Гиргол ваьхьар вацара суна дуьхьалвала. Ткъа Диамберг мичара ваьлла? Цунна хIун хаьа вайх лаьцна? Вайн мотт а бац, гIиллакхаш а дац. Цо кхочушбийриг, Гиргол санначу адамийн лаам бу, ткъа и тайпа адамаш кIезиг дац дуьненахь.

– ХIаъ, валлахIора, хьо бакъ ма ву! Хала ду шуна.

– ЭхI, ма хала ду моьтту хьуна! – доккха садьккхира мохевца.

Массарал тIаьхьа кхечира уьш юьрта чу. Кхузахь хIинца а нах охьабийшина бацара. Массанхьа а кхехкаш дезачу дийнан самукъа дара. ХIусамашкахь хелхабуьйлура, иллеш бохура.

– ХIинца сакъера хан яц вайна, – элира Пхьарчос. Хьалххе охьадийша деза, сатоссуш новкъадовлархьама.

– Вай вукхаьрца цхьаьна новкъадевр дац, ткъа? – хаьттира Къобас.

– ХIан-хIа, Галашкехь бен царах дIакхетар дац вай.

– ХIета, вай-ваьш гIур ду-кх? Ткъа стенга?

–Цкъа вай билгалдовла деза, цул тIаьхьа Шемална хьалхахIитта. И ца дахь, эхь хетар ду вайна.

– Хьо бакъ ву, Пхьарчо! – эккхийтира Вепхияс. – Вешан майраллица цуьнан тидам тIебахийта беза вай.

– Пхьарчо, Шемалан эскарх дIа ца кхетча хIун дарате вай? – элира Иагос. – вешан цхьа тоба вовшах а тоьхна, ваьш тIом бийр бу-кх. Оцунна хIун эр дара аш, доттагIий? – шен накъосташкахьа вирзира иза.

– Хьо воьддучу тхо а гIур ду-кх, тхан доттагI! – жоп делира Вепхияс.

– ХIаъаний, иштта ду-кх иза,–тIечIагIдира Къобас.

– Цкъа новкъадевр ду вай. Цигахь хуур ду вайна, – элира Пхьарчос.

– Делахь-хIета, кхана!

Кхана СемаIашкарчу хьуьна йистехь цхьаьнакхетар ду вай. Цигахь къастор ю вай даха деза меттиг. Ткъа сан тховссехь луларчу юьрта ваха деза.

Цара вовшийн Iодикайира, ткъа хьеший садаIа сов цIа чу бахара. Цу чохь царна дехкина кIеда меттанаш дара. Царна кестта набаршкхийтира, ткъа уьйтIахь ехха лаьттира адамийн гIовгIанаш. Дийцаредеш дара, мила хьаьнца гIор, муха а, мичахь а Шемалца цхьаьнакхетар ду, баьчча мила харжа боху гIуллакхаш. Дукхахболу кегийрхой Iодикаеш бара шаьш тIехьийзачу мехкарийн, Даймехкан зовкхан дуьхьа гIайгIане дIакъаьстара цаьрца.

Малх гучубелира, цо дашо гIели диллира Соьлжан хьуьнан гIаш тIе. Буьйсана дIатийна Iалам, салам-маршалла луш дIахьаьжира боьлучу малхе. ХIора дийнатна а хааделира ша дехаш хилар, цундела дог паргIат, доккхадерца хьоьжура гонаха яьржинчу Iаламатечу хазалле. Ур-атта, тап-аьлла дIатийна Iийна зезагаш а меттаххьен дуьйладелира. Шайн бос баьхьна, аьхна, буьйсанан тхица йилина яххьаш меллаша малхехьа ерзийра цара. Къинхетам боцу маьлхан зIамар, кхин садаIар доцуш, цхьана зезагна тIера вукхунна тIе юьйлуш, ловзаелира. Стигалан тхи санна цIена, чекх са гун шовда басенна йистехула меллаша дIаоьхура, безамо дахийна Iалам а хьоьстуш. Цкъа а кIадо ца евза наккхармоза шен къинхьегаман де дIадолош бара, шайн исбаьхьалло бIаьрг хьоьстучу зезагаш тIехула зуз деш.

И ялсаманин тийналла цIеххьана йохийра кегдечу декъачу гаьннаша.

Дийнаташ кхуза герга кхочуш дара. Гарехь, царна а лаьара дуьненан хазаллах бIаьрг бузо.

Герзаца кечвелла кхо стаг хьуьн чуьра аравелира. Хьуьнан йистехь сацавелира. Царах хьалхарниг леррина гонаха

хьаьжира. Цуьнан бlаьрг кхийтира цхьана нахах. Бага ши пlелг а боьллина, шен ницкъ ма-ббу кхузза шок туьйхира цо. Шакарна дуьхьал кондарш тlехьара карахь герз долу ши стаг гучувелира. Царах цхьаъ вовза хала дацара. Иза Пхьарчо вара. Кхуза схьадуьйла,– мохь туьйхира цо тlебаьхкинчаьрга. – Шу мичахула лела?

Вовшашка салам-маршалла хаьттира цара.

– Элберд, – шен накъосте вистхилира Пхьарчо, – жижиг даттахьа вайна, вайн накъостий новкъахь, билггал, мацбелла хир бу.

Юьхьах хи тоха шовданна тlе бигира цо уьш.

– Кхузахь хlума а кхаьллина, жимма са а даьlна, новкъадевр ду вай, – элира Пхьарчос гуьржашка, яххьех хи кхаьрзина бевлча. – Кхузара дlа lедалан некъ а гена бац, хьун а юххехь ю. Оьшучу далахь, хьуьнхахь къайладевр ду вай. Цу юккъера дуьхьало ян.

Сихха хlума а кхаьллина, садаlа дlатевжира уьш. Элберд хе дlахlоьттира.

Элберд вайн дийцар тlехь керла стаг ву. Иза, хаза, шуьйра белшаш а йолуш, ткъе итт шаре ваьлла жима стаг вара. Цо кара топ эцна дукха хан яра. Цкъацкъа шен накъосташца гlелоярхой дlасалелачу новкъахь гучувуьйлура иза. Цо шен ма-хуьллу толлура мостагlий, царна шен кlелонера тlетохар дан, цаьргара говраш схьаяха, иштта, аьтто балахь, уьш йийсар а бина, Шемал волчу дlабига. Кест-кеста цо схьалоьцура шайн къизачу эпсарех бевдда салтий, царна Шемал волчу некъ а хьоьхура. Иштанаш Шемала чlогlа реза хуьлий тlелоцура: цара, шаьш-шайн кхиош, тlом бора. Йоккха топ евзарш а бовлура, делахьхlета, цунна уьш чlогlа оьшуш бара. Элберд Шемалан воцуш цатерг вара, цундела цо лаккхара мах а хадабора цуьнан.

Элбердана массо вевзара, массанхьа бара цуьнан дуй биъна вежарий а, доттагlий а. Даим ловчу халонаша бlаьрса а, кхетам а ирбинера цуьнан, тlах-аьлла, каде хила а lамийнера. Муьлххачу а халачу киртигех юьхькlайн чекхволура иза.

Цкъа вахана lийна вацара иза мостагlийн кара. Амма царна кхуьнан жlаьлин санна садоккхур ду аьлла хеттачу хенахь,

цIехьана, водий, тIепаза вовра иза, багош гIовттийначохь мостагIий а буьтуш.

Цунна дерриге некъаш девзара. Цундела хIокху кегаречу заманахь, тIехь тхов боцуш, шайн бен чуьра лелхийна эзарнаш адамаш даьржина, мостагIчунна бекхам бан хьаьгна лелаш, иза чIогIа оьшуш вара. Ша Элберд-м дукха хан йоццуш маьрша ахархо вара, зуда а, жима кIант а, хьуьнан йистехь цIа а, шен мазлагIа а йолуш. Амма цкъа оьрсийн эскарш даьхкира. Цара чим бира цIийнах, оцу цIергахь велира кIант, ткъа зуда, йийсар а йина, дIайигира, иза ша, мухха а, дийна висира. Цунна йоккха чов йинера, хIетте вада каелира цуьнан. Оцу дийнахь дуьйна хьогIах дуьзира цуьнан дог, бекхам, беккъа цхьа бекхам бан герз караийцира. ХIетахь дуьйна дукха наноша бIаьрхиш легадора.

Дикка хан елира Элберда шен доттагIийн наб ларъеш. Малх малхбузехьа таьIира. Йовхо гIелъяла йолаеллера новкъахь чан гIаьттинчу хенахь.

ДIа ма-хьаьжжинехь цунна евзира гIалагIазкхийн тоба. Коьртехь эпсарш богIура. Цуьнан дог чIогIа тохаделира. Гонаха дIасахьаьжира иза. Цунний, гIалагIазакхий богIучу некъаний юккъехь боккха боьра бара, гуш татол а долуш. ДогIанаш дахкар бахьанехь татол чуьра хи дистинера. Цо текхайора коьллаш а, орамашца бухдаьхна дитташ а. Коьллаш юккъехула оцу боьранна тIебогIуш гIашлойн некъ бара, дIо тIай долччохь сийначу бех дIагIуртура иза. Кхузахь, гарехь, говрашна хи малочу руьйтанна чувуссийла яра. Элберд велавелира. Цо оцу сахьта сацам тIеийцира.

Говр-береш дагахь хIумма а доцуш богIура, кхузахь шайна цхьа а тайпа кхерам хир бац бохуш. Уьш Дзаугина дукха гена а бацара.

Элберда самабехира шен накъостий.

– ХIун хилла? – хаьттира цуьнга.

– ДIога хьовсийша, – Элберда говр-берешна тIе куьг хьажийра. – Нагахь санна шуна шайн майралла гайта лаахь, Дала и аьтто шун беш бу-кх.

– Кхуззара дIа тIетоха еза? – хаьттира Пхьарчос.

– Хlан-хlа, кхузара гена ду. Iалашо лацалур яц. Iинах дехьадовла деза вай, – элира Элберда.

– Ткъа хих дехьа муха девр ду вай? – хаьттира Пхьарчос, жимма воха а вухуш.

– Кхузахь гена доццуш жима тlай ду, – элира Элберда. Берриге резахилира.

– Сихо йой вай? – эккхийтира Элберда.

– Тхо кийча ду-кх!

Дела а хьахийна, Элбердана тlаьххье бай болчу агlор сихбелира уьш. Iинах дехьа а бевлла, коьллаш юкъахь хьуламехь къайлабевлира, новкъахула тlехбовлучарна тlетоха аьтто хинболччу кепара дlа а нислуш. Царна а, некъана а юккъехь болччу кепара дlа а нислуш. Царна а, некъана а юккъехь 150–160 метр хила тарлора. Дерриге дика дlадоьдуш хиларх а тешна, Элберд цхьанхьа вахара.

ГIалагIазкхий кlело йиначаьрца нисбелира. Вукхара богIучарна тlе хьажийра тоьпаш. ЦIеххьана Элбердан шабар хезира:

– Ма тохалаш! Ма тохалаш!

– ХIунда? – цец а бовлуш, цуьнгахьа дlабирзира накъостий.

– ДIахьовсал, – тобанна хьалхаваьлла вогIу кхо эпсар дlагайтира цо. Вукхара шайн говраш гIашлойн некъ болчу агlор ерзийра. Гарехь, Iин чу а биссина, говрашна хи мало дагахь бара уьш.

Эпсарш, бийла а буьйлуш, чIогIа самукъадаьлла богIура. Уьш, шайн яххьаш а къасталуш, герга кхечира. Яххьаш йистина яра – буьйсана дикка сакъийриначух тера дара цара. Цара ден къамелаш дара нохчийн юьртахь – Ачалкхахь – шаьш яккхинчу хенах лаьцна.

– Цхьана ламанхочун хIусам билгалйира суна Iен, – дуьйцура цхьана эпсаро. – ЧIогIа хаза зуда яра цуьнан. Хаза бохург дан а дац – исбаьхьа яра иза! ЦIулла сара санна, дуткъа-нийса дегI долуш, жима йоI санна. Ткъа бIаьргаш! ЭхI, цхьа цIе яр-кха! Со, кхеташ ма-хиллара, цунна гонаш тийса велира. Цо хIумма а ца олура, ела а йоьлуш Iара. Цунна со товш ву аьлла хийтира суна. Амма тхаьш долчохь цхьаьнакхета аьтто ца болура – майра, цхьа гIулч а, цунна юххера дlа ца волура. Цхьана

суьйрана со волчохь гулбелира доттагIий. Дика кад туьйхира оха. Массо сох хьоьгура: «ХIусамненаца ирс хилла хьан!» ТIаккха сох бийла буьйлира: «ХIинццалц Iийча, дагардийца аьтто а баьлла бац бохург – и хIун ду?» Хьеший дIабахара, со цхьаъ висира… ХIусамда цIахь вацара. Тховсалера буьйса сайниг ю аьлла хийтира суна. Тебна иза йолчу вахара со. Цхьа чIогIа цIогIа хьаькхира цо. Майра чуэккха. Иза, цIа а веана, говр паргIатйоккхуш хиллачух тера дара. Дика ду цуьнгахь герз ца хилла.

Хехь лаьтта салтий а гена бацара. Иштта ца хиллехь, оцу жIаьло шаьлта чекхйоккхур яра сан дегIах.

– Йоккхур яра дера-кх, оцу акхароша хIуъу а дийр ду, – билгалдира цхьамма.

– Новкъарло ма е, Петр Николаевич, дийцина валийта, – элира оцу оьзда доцучу къамеле хьогаме ладоьгIуш хиллачу, кхозлагIчо.

– ЭхI, бехк ма биллалаш! КхидIа?

– КхидIай? Хууш ма-хиллара, ламанхо схьалецира, таллам а бина, эпсаран дахарна кхерам тасарна ирхъоьллир-кха.

– Шена догIу хьакъ дIаделла талорхочунна.

– Уьш берриш бара ирхъохка безаш.

– Ткъа зуда?

– Зудий? – велавелира эпсар. – Иза соьца йисира. Цкъа омра дира ас, схьа а лаций, чуйолла, аьлла…Кхузахь говраш-на хи маладе вай, Петр Николаевич? – юкъахдаькхира цо шен дийцар.

Охьа а кхевдина, ехха Iийра говраш хи молуш. Малх чубузуш бара. Деха Iиндагlаш дара гобаькхина охьадуьйшуш.

– ХIун хир дара хIинца кхузахь ламанхой гучубевлча? – цIеххьана элира цхьана эпсаро.

– Уьш-м иштта майра а баций, – жоп делира кхечо.

– Гучубовлахь цIеран дIовш мер ду-кх цара, – тIетуьйхира кхозлагIчо.

Оцу хенахь кIелонера сехьа а ваьлла, татанаш а ца деш, тIехьашхула, уьш-м куьйгашца а схьалецалур бу аьлла хеттачу кепара, эпсаршна гергавеара пхи накъост.

Говрашна хи а малийна, говр-берий кхидIа некъ бан кечбелира. Оцу хенахь, цIеххьана, церан говрийн дирстанаш схьа а лаьцна, царна тIе тапчанаш лецира ламанхоша.

– ЧIикъ ма даккхалаш, даккхахь, шайн синойх деврду шу! – тIечевхира Иаго.

– Герз охьадилла! – омра дира Пхьарчос.

Эпсарш боьхна хьаьвзира.

– ТIе а гIой, цаьргара герз схьаэца, – накъосташна тIедиллира Элберда.

Къобас а, кхечу цхьана ламанхочо а, царна тIехьажийна тоьпаш охьа а йохуьйтуш, схьадехира цаьргара тарраш а, тоьпаш а. ТIаккха берриш а новкъабевлира, эпсаршна а омра дина шайна тIаьххье дIадуьйлало. Шайна тIаьххье дуьйла аьлла, эпсаршна омра а дина.

ГIалагIазкхашна шайн эпсарш байний хиира боьрех чекх а бевлла, хьуьнан йисте кхаьчча. Царна тIаьхьахаххкар эрна дара. Ламанхой, шайн йийсархошца, хьуьн чу боьлла хилла хила там бара. Ткъа хьуьн чохь церан лар таллар – кхераме а, оьшуш а хIума дац.

Оцо карзахбаьхначу гIалагIазкхаша, юха а бирзина, БуритIе боьду некъ юьхьарлецира. Луьра таIзарш а, эхь а дара цаьрга бухахь хьоьжуш Iаш: цаьргара-х дийнан делккъехь кхоъ эпсар дIа ма ваьккхиний!

Оцу хенахь вайн доттагIий Галашки юьртан йистерачу бай тIе дIакхаьчнера.

– Сатаса хIинца гена дац, – элира Элберда.

– ТIаккха хIун хир ду? – хаьттира Пхьарчос.

– Кхузахь садоIур ду вай, ткъа Галашке кхана Iуьйрана гIур ду, тховса, буьйсана, эрна йорт ца етта.

– Ахь хIун эр дара, Иаго? – хаьттира Пхьарчос.

– Ас хIун эр дара? Со кхузахь хьаша ву. Шайна луъург дейша.

– Делахь, Элберда боххург дийр ду вай.

Берриге тIетайра Элберда бохучунна…Эпсарш говрашкара охьа а биссийна, церан когаш, куьйгаш а дихкина, уьш дитташ кIел охьабийшийра.

– Къоба! – элира Пхьарчос: – Цаьрга хьожуш хилалахь. Бехкбоцуш царна хала а ма хетийта, уьш гаурш делахь а, адамаш ду. Амма дIабовда гIортахь – тIетоха.

– Дика ду, – доцца жоп делира Къобас.

Сахиллалц лаьттира иза йийсархошна хехь. Ткъа вукхара, декъа гаьннаш а гулдина, цIе латийра. Декъа гаьннаш ткъаршшехь лелхара, алунан цIен серло гонаха а яржош. ХIокху меттигашкахь дийнахь йовха хуьлу, амма буьйсана, тIехь ло гучу лаьмнийн баххьашкара а, тIуьначу Iаннашкара а дегIах чекхболу шал шийла мох хьоькху, ур-аттал, къегаш цхьа жима цIе а, цаторрушерг хуьлий, дIахIутту. Шайна тIе, лаьмнашкахь юргIанийн метта лелайо тIергIан бойнаш а тийсина, цIерана хьалха охьахевшира доттагIий. Даа хIума чохь долу тоьрмиган бертиг дIаяьстира Вепхияс. ТIаккха, сихха пхьуьйре а йина, кхин хан а ца йойуш, набарна дIабийша кечбелира доттагIий.

Iуьйрана уьш Галашке бахара, циггара дIа Шемалан тобанашна тIекхача Iалашо йолуш.

Малх дикка лакхабаьллера, уьш юрта чу боьлча. Уьш цецбевлла бисира урамашкахь адамаш ца гича. Деккъа цхьа кегий бераш дара гуш.

Наг-наггахь зударий а дуьхьалкхетара. Массара Элберде а, цуьнан накъосташка а маршалла хоттура.

Аьтту куьг а айдой, олура:

– Маршалла! Некъ дика хуьлда! – тIаккха, вовшашка цхьаъ дуьйцуш, оьрсашна тIе пIелгаш хьежадора.

Цхьана кхиазхочо, уьш совца а бина, хьеший хилахьара, аьлла, чукхайкхира.

– Юьртахь иштта кIезиг адамаш хIунда ду? – хаьттира Пхьарчос.

– Дера ду, массо а, карахь герз латта мел лург, Шемална гIо дан вахана дела. Дуьйцуш ду хIинца Шемала берриге гаурш хIаллакбийр бу бохуш. Юьртахь биснарш зударий а, бакхий нах а бен бац, уьш а дечиг кечдан хьуьнха бахна.

– Берриш цхьаьна бахана?

– ХIаъ. ХIинца ша-ша гIойла дац. Кхераме ду тхан хьуьн-

хахь. Шун тхьамда вуй, шу хьанна тIедоьлхуш ду? – цIеххьана хаьттира цо.

– Вац. ХIун дара?

– Схьа чу дуьйла. ХIара ду сан цIа! – доттагIале дIакхайкхира цо.

– Хьо хьенан ву?

– Малсаган Эндрин. Вуьшта, иза цIахь-м вац – тIамехь ву. Сан ши ваша а ву тIамехь…

Оцу хенахь кIанта гайтинчу цIа чуьра араелира хIинца а къона, чIогIа хаза зуда. Цо маршалла хаьттира кхаьрга.

– ХIара сан нана ю, – элира кIанта. – ХIокхарна ца лаьа вайга бахка, – элира цо нене, – ткъа тхьамда кхеран ван а вац.

– Хьеший Делера бу, дуьло чу, Малсаган цIийнан неIарш даим йиллина ю хьешашна.

– Ша хIусамда цIахь ма вац, – Пхьарчога меллаша шабарца элира Къобас. Амма зудчунна хезира цо аьлларг.

– Эндри цIахь вац, – элира цо. – Амма цуьнан цIа ша долччохь лаьтташ ду. Шортта беркат а ду чохь. Дуьло.

Иштачу догцIеначу чукхайкхарна дуьхьало ца яелира хьешашна. Уьш цIеначу уьйтIа бевлира.

ТIебаьхкинчаьрга маршаллаш хоьттура. Церан говраш паргIатъяха дехьаехира, ткъа уьш хьешийн цIа чу бигира. ЦIийнан сонехь, тховх хьалакхетташ, тIекIелйоьттина гоьнаш, юргIанаш, гIайбеш дара. Ткъа пенаца дIахIоттийна дечиган беха маьнга бара, тIетийсина черташ а йолуш. Вукху сонехь, шен коьртаца, ламазна тесна сен цIока яра. Циггахь дара тас а, хи а, йоьза гIумгIа а. Масех даккхий а, кегий а йоьзан шаннаш кхозура дуьхьалболчу пена тIехь. НеIарний, кораний юккъехь йина йоккха товха яра. ЦIенкъа дика ятийна а, цIена а яра, тIулган ю а мотталуш.

Чоьхьаелира цхьа хаза йоI, тамехь ела а къежаш, массаьрга маршалла а хаьттина, рогI-роггIана хIоранна тIе а йоьдуш, цаьргара герз схьа а эцна, пенах диттинчу дечиган хьостамех дIаоьллира цо, оьшшучу хенахь хIоранна а схьаэца кийча хирдолчу агIор дIа а нисдеш. ТIаккха, хьеший охьа а ховшийна, товха латийра цо, – баьхкина хьеший лиэраран билгало.

– Йоl, хьо чlогlа хаза ю. Иштта хаза хир ю-кх хьан цlе а – элира цхьана хьешо. – Хьайн цlе хlун ю алахьа?

– Иштта хаза а яц со, – елаелира йоl. – Сан цlе а яц хаза.

– Тхуна хаьа, хьуна, вочух диканиг къасто. Йийцахьа хьайн цlе?

– Белгана, – элира йоlа.

– Харцдерг дуьйцур дац вай, галваьлла ца хилла хьуна иштта цlе тиллинарг!

Лулара мехкарий а баьхкира хьешашка маршалла хатта, царна лераме хьошалла дан. Цара уьш декъалбора кхиамца, царна эшарш лоькхура, хелхабуьйлура. Эпсаршца а бара берриге хьешашца санна. Шайн ма-хуьллу, церан сий ца лахдан гlертара хlора а: балехь воллучун сий лахдар доккха эхь лоруш ду кху халкъан.[1]

Цул тlаьхьа, хьешашка куьйгаш а дилийтина, царна хьалха беркате мерза шун хlоттийра. Тlаьххьара дечиган кедаш чохь хьешашна еара чомехь, хаза хьожа йогlу чорпа.

Делкъе йина уьш бевллачул тlаьхьа берриш дlасабекъабелира, хьешашна паргlат садаlа аьтто боккхуш. Суьйрана юха а цхьаьнакхета безаш бара уьш, синкъерам дlабахьа.

Вовшех дага а бевлла, хьешийн барт хилира уьш Ведана, Шемална тlебига тешам боллуш некъанакъост нисваллалц кхузахь сацабала.

Малсаган лулахоша кхуза кхоьхьура тайп-тайпана даарш: котамаш, хlоаш, даьтта. Бераша лаьллина етт балийра урс хьакха. Иза дара тlебаьхкинарш дерриге тайпанан хьеший бу бохург. Цундела хlоранна лаьара царна хьошалла дарехь дакъалаца. Вуьшта, кху халкъан амалехь ду лулахошна гlо дар, хlунда аьлча, хlора а тешна ву ша а вуьтург цахиларх гlо ца лоцуш. Цхьа шатайпанчу цхьааллин бертахь бехаш бара уьш. Даим диканехь а, вонехь а цхьаьна бара.

Эпсаршна паргlат хила пурба деллерацара, шаьш бовдур бац аьлла дош даларна.

---

[1] Оцу хьокъехь деша 1864-чу шеран октябрехь, ноябрехь, декабрехь арадаьллачу «Русский вестник»журнала тlехь йийсарвиначу оьрсийн эпсаран йозанаш (Авт. бил.)

Кхоалгlачу дийнахь, Iуьйрана, берриге уьйтlа а бевлла, кетlахь тlекlелдоьттинчу ханнашна тlехь хевшина Iара хьеший. Элберд цхьа сара чкъурах цIанбеш вара.

– Кхо де а дели, – элира цо. – Амма вай Шемална тlедига стаг карош-м вац.

– ХIун дийр ду, ткъа? – элира Иагос. – Вуьшта, ладегlа хала-м ду.

– Валохьа, волало вайша.

– Стенга?

– Дзауги йолчу агlор.

– Дика-м хир дара, амма йийсархошна хIун дийр ду вай?

– Цаьрга-м зударий а хьовсур бара. Стенга гlур бара уьш?

– ХIан-хIа, иштта мегар дац. Цул ваьш гlур ду вай Шемал волчу. Хьо а вогlур ву тхоьца, некъ гойтур бу ахь. Цигара Дзауги чу а дуьссур ду вай.

– Гlур ду-кх тIаккха. Суна-м кIордийна деш-дуьтуш доцуш кхузахь хиъна Iан.

Массарна хазахийтира Элберда иштта сацам бича.

Катоьххина новкъабовла кечбала буьйлабелира уьш.

Iаьржа бIаьргаш болучу Белганас а, цуьнан нанас а комаьршша даарш кечдира некъана, баккхийчу наха некъ дика а беш, кхиамаш хуьлийла лаар дIахьедира, ткъа мехкарша, дог ирakарахIоттош, некъан йиш лекхира. Уьш дIабуьйлабелира.

Иаго а, Къоба а, Пхьарчо а говрашкахь вара, ткъа Элберд а, Вепхия а гIаш вогlура. Цара чIагIдора юькъачу хьуьн чохь иштта ваха атта ду бохуш. ХIунда аьлча, чекхвалархьама гIашлойн некъаш лоьхуш, массо хенахь го тийса деза, дуьхьалдIа боьду некъ а битина.

– Хьуна ца хаьа, говр ларъян еза я хьуо хьайн ларван веза, – бохура цара.

Элберда, хьалха а ваьлла, некъ гойтура. Цунна тIаьххье богlура йийсархой, царна тIаьхьа – бисинарш.

Галашкина тIехбевлча, хьуьнчухула дIаэхар тоьлашха хийтира царна, оьрсийн цхьана тобано шайгара йийсархой схьабахарна кхоьруш. Ткъа уьш Шемална тIекхачо лаьара царна.

ТIехьа-Мартанал тIехбевлира. Соьлжа-ГIалина тIекхечира. ТIаккха Ведана агlор Iин чу биссира. ГIала-

гIазакхийн тIаьххьара ха тIехьа а дуьтуш, кхерам боцучу новкъа бевлира.

Уьш паргIатбевлира. Юьккъа хутал-бецаша шайн гIодамех хьирчинчу дитташа шайн гаьннаш охьакхийдадора Iин чухула боьдучу некъан йистошна тIе, маьлхан зIаьнарш чекх а ца йовлуьйтуш.

Эххар, тIаьххьара гIалагIазкхийн ха генна лахахь дисича, уьш совцийра.

– Мила ву вогIург? Саца! – мохь белира. Некъан шина а агIорхула царна тIехьажийна тоьпаш яра.

– Тхо нохчий ду, Шемал волчу догIуш, – элира некъахоша. Уьш севцира.

– Ткъа хIара гаурш муьлш бу?

– Йийсархой.

– Даймахкана ямарт хиллачунна Дала луьра таIзар дийр ду стиглахь, ткъа халкъо – лаьттахь. Бакъдерг схьадийца.

– Цунна тоьшалла тхан эхь-бехк а, тхан сий а ду! – жоп делира цара.

ТIаккха саьнгарш чуьра адамаш хьаладевлира. ТIаккха дерригенах хеттарш а дина, цара шайгара иштта майралла а, хьуьнар а гайтарна ламанхой-гуьржий хастийра.

Кхузара дIаюьйлалуш яра Шемалан чIагIонаш – дуьхьалонан пенаш. Кхузахь кечйинера цо шен халкъан мостагIчунна Iожалла. Кхузахь эшийнера инарла Граббе.

Масех сахьт даьлча вайн некъахой ламанан шуьйрачу экъанна тIекхечира. Цигахь бара Шемалан эскаран меттамотт. Кхузахь ладоьгIуш бара коьртачу ницкъийн коьртехь имам схьакхачаре а.

ТIамна луьра кечамбеш дара Шемалан эскарш: тусуш-ирдеш, цIандеш кечдеш дара герзаш. Дацара детташ маьхьарий а, кхийолу гIовгIанаш а.

Шадерриг тап-аьлла тийна а, нийса а деш дара. Тахана ца къастахь а, кхана цхьа къастам хила безаш бара: хила я ма хила!

Хуьлуш долчух массо дика кхетара. Берриш тIетаьIина кечлуш бара кестта марсабовла безачу тIемашна. ЦIеххьана долу тасадалар а доцуш, ткъа къизачу тIамо къасто безаш бара

церан кхоллам. Уьш цхьаьнакхета безаш бара, хIуъу дина а, кху чу а баьккина, нохчийн стогалла кагйина, чIагIонаш йохийна, кхузахь шайн дозадоцу олалла дIахIотто Iалашо йолуш чугIертачу къизачу ницкъашца.

Царна тIедогIург хийра халкъ дара, шайн хийрачу гIиллакхашца а, амалшца а. ТIегIерташ дара хIокхарна хийра Iедал, нийсояцар, талор, ницкъбар дохьуш богIу ца бехна бIо. ХIан-хIа, даим хийрачу адамийн Iедална кIел, царна муьтIахь ворта сетточул велла дIавалар тоьлуш ду. Иштта хетара, иштта бохура нохчаша. Цундела, шаьш-шайн ца кхоош, тIом бора цара гауршна дуьхьал, цундела иштта лерина кечамбеш а бара уьш хиндолчу тасадаларшна.

ЦхьакIеззиг болчарна бен кхечу кепара ца моьттура, цара Iожалла тIеоьцура деккъа цхьана гIазотан цIарах.

Иагос а, цуьнан накъосташа а Шемал схьакхаччалц кхузахь собар дан сацам бира, цул тIаьхьа кхидIа дан дезачух цунах дагабовлархьама…

Цхьана Iуьйрана берриге меттамотт когаш тIе хIоьттира.

– ВогIуш ву, вогIуш ву! – хезара массо агIор. Оцу хенахь майданан къилбседа агIорхьара схьахезира: «Ла–и–ла–хIа–иллаллахI».

Берриш оцу агIор дIа а хьоьжуш, тап-аьлла ладоьгIуш Iара.

Диттийн гIашна юккъехула герз къегира. Дукха хан ялале хьуьнан йистехь говрахь гучувелира кIайн маж а йолуш, кIайн чалба а хьарчийна воккха стаг.

ВогIург Шемал вара. Нохчийчоьнан а, ДегIастанан а имам, мостагIийн кхерамча а, шен вежарийн а, мехкан а маршонан охIланча а.

Цуьнан схьадиллинчу хьажо, сирлачу а, дегIах чекхдолучу а хьажаро тоьшалла дора иза хьекъале, доьналле стаг хиларан, ткъа дуткъа тIехабдиачу балдаша дуьйцура цуьнан кийрачу шовкъах, ткъа юьхь тIерачу хебарша чIагIдора иза чIогIа а, вухавервоцуш а стаг хилар.

Цуьнга дукха хенахь дуьйна ладоьгIуш Iаш хилла кегий нах, шайн дойшна тIе а хевшина, тоьпаш тохарца декъалвира

шайна дукхавезаш волу баьчча. Цунна дуьхьал хаьхкира дой. Шемал царна велавелира, боккха там хилла хьоьжура цара каде хьийзочу дойшка. ХIинца а бераш ма ду уьш, хIинцца мера кIел тхин чоьш девлла!

ТIаккха, цIеххьана, сингаттаме IиндагI дижира цуьнан юьхь тIе, хьаж жимма кхоьлира, доккха садаьккхира цо. Амма оцу сахьта юха а велакъежира. Цхьанна а хаа ца елира, кIеззигчу ханна имаман бIаьрса кхолийна марха.

ХIун ойланаш яра Кавказан лечин сагатдинарш? Цуьнан бос хIунда баьхьира, цуьнан кийрара латкъаме аз хIунда делира? Дага-х ца деанерате цунна, кхечу мехкийн къизахоша шегара ницкъ, шен долахь мел дерг дIа а даьккхина, ша къоьлла вожо тарло аьлла? ХIан-хIа! Цунах ца кхоьрура Шемал. Иза жимачохь дуьйна а къахьега Iамийна вара. Амма иза – майра, доьналла долуш, каде, цIергахь лалийначу болатах воьттича санна, стаг ву. Делахь а адамийн синойн яккхий хазнаш – деган цIеналла а, деган кIедалла а ларйина цо. Даймахко лорура иза. Цундела цуьнан зовкхан дуьхьа дIалур ду, шениг санна, шена тIаьхьахIиттинчийн синош а. Амма хIоразза, хазаллех а, ницкъах а боьттина, шайн къоналло деха а, ирсе а дахар хьехна шен махкахой гича, бIаьрзечу хIоьо церан бIаьргийн серло дIайойур ю аьлла дагадеача, церан чохь са доцу декъийн сурт хьалхахIоьттича, цуьнан дог Iаьвжара, кийрара беза мохь-узар болура.

Боккха кхаъ хилла го бира халкъо Шемална. Берриш буьйлура, берриш цуьнга лерамца хьуьйсура, ткъа цо, ишттачу цхьаьнакхетарх воккхавеш, шен дагчохь Деле доIанаш дора шен халкъана ирс доьхуш дIадолийна гIуллакх кхиамца чекхдалийтар доьхуш. Халкъ цунах тешара, цунна иза везара, иза оцу безамца ирсе дара.

Шена хIоттийначу четарна тIе а вахана, динара охьа а воьссина, чоьхьавелира имам, шен юкъахдолу герз охьадилла. И жимха санна, каде воккха стаг, оцу сахьта аравелира, шен наибашка ладогIа, хIоьттина хьал довза а, цхьацца тIедахкарш дан а. Цуьнца дерг чекхдаьлча, халкъе вистхилира иза:

– ДоттагIий! КIантана шен да веза, цунах теша а веза иза. ХIора наибша тIаме буьгучийн а, маьршачу заманахь ша гIуллакх дечу а адамийн да ву. Мила реза вац шен наибна?

Схьаала!

Юкъараллаш кхеташо ян юьйлаелира. Гучуделира цхьа кантушийн юкъаралла шен наибна реза цахилар.

– Диц ма делаш, – юха а вистхилира Шемал, – шун наиб цхьа нийсо лелийна ца Iаш, майра а, доьналле а, хьекъал долуш а стаг хила везаш хилар… Тахана ца хилахь а, кхана вай цхьаьнакхета дезаш ду ницкъ болчу мостагIчуьнца.

Цундела зеделла волу хIора тIемало мехала ву вайна… Кантушийн наиб тIемашкахь билгалваьлла ву.

–Тхуна ца лаьа иза хила, ца лаьа! – дуьхьал маьхьарий девлира.

– Хьанна хаьа… Дикка ойла ейша. Сихаллехь саттийнарг тIаьхьа нислур дац. Кхин цкъа а ойла ейша.

– Оха дукха ойла йина. Тхуна ца оьшу иза!

Шемала кхин хеттарш ца дира. Кхачаме дара халкъо ша наибна резацахилар схьахьедар, цунна иза оьшуш цахилар. Делахь-хIета, иштта наиб халкъана пайдехь хилалур вац. Иза мукъаваккха везара. Кантушийн наибе вистхилира Шемал. Важа, бос а баьхьна, юьстах лаьттара.

– Кантушин юкъараллин наиб! Хьуна хезарий халкъо ша хьуна реза дац олуш? ДIаяккха хьайна тIера наибан хьаьрк.

Наиба, кхин вист ца хуьлуш, дегочу куьйгашца шена тIера наибан хьаьрк схьа а яьккхина, Шемална юххе охьайиллира. Меллаша вуха а вирзина, оцу сахьта шен юкъараллин адамашна юкъахь къайлавелира иза. Кхул тIаьхьа иза – могIаре тIемало ву, селхана ша омра диначуьнан омранаш кхочушдархо. Иза хIинцца халкъо хоржур ву.

– Мила хоржу аш шайн наиб? – хаьттира Шемала.

Малсаг! Малсаг! – маьхьарий девлира.

Тобанна юккъера сехьа а ваьлла, Шемална тIевахара тайна куц-дегI а, Iаьржа маж а йолуш волу жима стаг. Вукхо наибан хьаьрк хьалаайира.

– Малсаг! – элира Шемала. – Хьо юкъаралло шен наиб хаьржи. Кхул тIаьхьа дуьйна хьо хьайн кхолламна хилла ца

Іаш, церан кхолламна а жоьпалле ву. Хьо бахьанехь церан цІий дукха мел Іена, АллахІа жоп а дукха доьхур ду хьоьга…

Кхиамаш хуьлда хьан дерригенна тІехь! – доцца чекхдаьккхира Шемала шен къамел. Цунна тІе наибан[1] хьаьрк дІаоьллира цо. Цул тІаьхьа дукха хан ялале цо берриге наибаш шен четар чу тІеман кхеташоне дІакхайкхира.

Нохчаша дагалаьцнарг башха чолхе а дацара. Цара шайн Іалашо хІоттийнера оьрсийн эскарш Шемал лаьттачу метте схьабало, уьш цигахь дІа а сацийна, мацалло кІелбитталц латто, цара герз охьадиллалц. Оьшудерг оьрсашкара дерриге даар схьадаккхар дара, дийнахь а, буса а уьш паргІат ца буьтуш, ма-хуьллу церан ницкъ эшор, уьш кхерор, хІинца Шемална тІе шайн берриге ницкъ гулбина богІуш болу.

Шемална-м дера хаьара цу тІехь гІуллакх чекхдер доций, оьрсий тІегІуртур бац бохуш шен халкъ тешадахь а.

Кхеташо чекхъелира. Массара дуй биира, шаьш ишттачу муьрехь шайн ницкъ кхоор бац аьлла. Чувалийра беркъа, этІна духар а долуш волу цхьа нохчо.

– Хьуна гаурш гирий? – хаьттира Шемала.

– ХІаъ, гира.

– Дукха буй уьш?

– ЭхІ, ма дукха бу-кха.

– КІайн инарла цаьрца вуй? (Ишттa олура Воронцовх).

– Ву, бохура, базарахь.

– Маца тІелата дагахь бу уьш?

– Дийцарехь, кхана.

– Цаьрца гуьржий дукха буй?

– Дукха бу, чІогІа дукха.

Шемал ойлане велира. ТІаккха наибашка вистхилира:

– Тамашийна хІума ду-кх. Царна хІун оьшу вайгара?

– Ткъа хІирий буй? – юха а хаьттира цо нохчочуьнга.

---

[1] Ишттa даим ца хоржура наиб. Оьрсий лаьттинчу а, цул тІаьхьа цара дІатесначу а меттигашкахь Шемала ша хоржура наибаш, хІунда аьлча, иза ца тешара йоццачу хенахь а гауршца цхьаьна хиллачех. (*Авт. билг.*)

– ХIирий а бу, чергазой а бу. Амма гуьржий алсам бу. Юха а тийналла хIоьттира. Шемалан юьхь тIехула Iиндагlаш девдира. Гарехь, чIогIа ойлане ваьллера иза. TIаккха наибашка элира цо:

– Шайна тарлахь, гуьржех а, чергазойх а ларлолаш.

– Кхин хIун дуьйцу цигахь?

– Хьо йийсарван дагахь бу уьш.

Шемал велавелира.

– Со йийсарвича, ирсе-м хир бац уьш? Нохчий – къонахий бу. Со ца хилча а, цхьана а дена корта таIийна нах бац уьш.

TIаккха гучувелира Эндри Малсаг. Цо Шемале элира, шаьш йийсар а вина, оьрсийн кхо эпсар валийна.

– Муьлш бу уьш?

– Бацой я Беной, билггал ца хаьа.

– Гуьржий?

– ХIаъ, Гуьржий,

– Йийсар бинаршший?

– ХIан-хIа. Йийсар бинарш оьрсийн эпсарш бу.

– Эпсаршший? – самукъаделира Шемалан, – тешнабехк бан-м ца баьхкина уьш.

– Джайрахера Пхьарчос балийна уьш. Иза тешаме стаг ву.

– Схьакхайкхал суна тIе Пхьарчо! – омра дира Шемала.

Пхьарчо чоьхьавелира. Шемал, маршалла а хаьттина, соне дIахIоьттира, шен шаьлтанна тIе паргIат куьг а диллина. Цо шен дахар а дIалур дара, амма цуьнца эвххьаза, доттагIалле къамел дора цо.

– Хьо гина хаза хийти суна, Пхьарчо. Могуш вуй хьо?

– Далла бу хастам, дийна ву со.

– Ткъа хьан доьзал?

– Далла бу хастам, могуш бу.

– Ахь со волчу хьеший балийна боху, муьлш бу уьш? Хьо майра стаг ву, Пхьарчо, хьакъбоцчаьрца вежаралла тосур дац ахь.

Тешаме буй уьш?

– Со санна.

Шемал резахилира жоьпана.

– Мичахь бира аш йийсар?

– Новкъахь.

Пхьарчос Иагох а, цуьнан доттагIех а дерриге дIадийцира. Цецвуьйлуш ладоьгIура цуьнга Шемала.

– Вало, схьабалабе со волчу хьайн хьеший, – эккхийтира цо. – Айса маршалла хатта лаьа суна цаьрга.

Пхьарчо шен доттагIий бало вахара.

– Ницкъ болуш бу гаурш, чIогIа ницкъ болуш, – элира Шемала шен наибашка. – Жимма хьекъал а, дика дегнаш а делахьара, цара дерриг дуьне а схьадоккхур дара.

– Церан дог цахилар ма ду доьхнарг, – элира цхьана наиба.

– Шаьш нисделлачу меттехь, шайн низам дIахIоттадо, – элира Шемала. – Царна кIелдиса деза, ткъа, вай?

– Иза-м хуьлуйтур дац вай. Цул вай массо валар тоьлашха ду.

– Дала иза тIедуьтур дац. ХIан-хIа, – тешам боллуш элира Шемала. ТIаккха меллаша тIетуьйхира: – Уьш дукха бу. Царна муьтIахь хуьлу церан ницкъ хиларна.

Чоьхьавелира гуьржашца-ламанхошца Пхьарчо.

Шемал, хьала а гIаьттинана, царна дуьхьалвахара.

– Маршалла ду шуьга! Шуьга сайн лаппагIи чохь салам далар деза ду суна.

– Дала аьтто бойла хьан! – элира Иагос. Тхуна хьо гуш тхаьш ирсе хета. Хьан бIаьргаш Делан дика ду тхуна.

– Баркалла, охьаховша! – ТIекхайкхира уьш Шемала. – Хьаша Делера ву, иза воккха хиларе терра, цунна сий-лерам а бу.

– ХIусамдега хьаьжжина. Хьо Дала лерина стаг ву.

Шемал охьахиира. Вуьш ирахь лаьттара.

– Баркалла, ламанхой. Аш дика совгIат ди суна, – элира цо, неIарехь лаьттачу эпсаршка а хьоьжуш – Пхьарчос дийцира соьга шун майраллех.

– Иза шадерриг Пхьарчон а, Элбердан а гIуллакх ду. Ткъа тхо кегий, лоьхкуш лела адамаш ма ду. Тхоьга лан ца елира нийсо яцар. Цундела хьуна тIедаьхкина тхо. Хьуна муьтIахь хила.

– Делаца чIагIо йо ас, шуна хIумма а кхоор ма яц, аьлла.

– Иштта хаза къамел дарна, Дала аьтто бойла хьан. Ткъа оха, – элира Иагос, коьртара куй а боккхуш, – тхайн къонахаллица дуй боу хьуна, хьан дуьхьа тхайн дахар дIалур ду, Шемал, тхан дош галтадолуш дац хьуна.

Шемала, хьала а гIаьттина, резахиллачу къажарца массо маравоьллира. Иза тийшира ламанхоша биьначу дуйнах. Иза тийшира ша цIенахиларх. Цо церан доттагIаллин а, шегахь болчу безаман лераман мах а хадийра. ХIора а тешаме тIемало веза вара цунна.

Цо шен наибашна бовзийтира Иаго а, цуьнан накъостий а.

– Наибаш,– элира цо, – хIара нах вайн дерриг халкъан а хьеший бу. ДIагайтийша кхарна вайн халкъо хьеший тIе муха лоцу. Диц ма делаш, цаьрга дегабаам байтинчо, суна а дегабаам бийр бу шуна.

– Хьеший Делера бу, уьш тхан хьеший бу, – элира наибаша.

Шемала Къобига а, Иагога а, Вепхияга а шайн лаамехь хила элира: цуьнан эскарх дIакхета, я цуьнан цIа дуьйла, я шайна ма-лаъара тIом бе.

Ламанхоша тIаьххьарниг хаьржира. Уьш Шемал волчьура арабевлира. Ткъа наибаша дерриг халкъана бовзийтира.

Шемала а, цуьнан дерриг халкъо а шайн дина сий-лерам хазахетарца тIелецира гуьржаша. Цхьа тамашийначу ницкъо тIеийзабора уьш халкъана, шайн Iедална а, гIиллакхашна а хийра долчу.

– Церан амалш, вайн халкъо дийцарехь, вайн санна хилла, – элира Къобас, уьш шовданна тIе лахбелча.

–ХIаъ, хилла, амма хIинца иза ма дац, – сингаттаме элира Вепхияс.

– Уьш хIунда йохийна? – гIайгIане элира Къобас. Вежарий хилча ца тоьлу вайна, диканиг вочух дIа а къастош?

– Дика-м хир дара иза, шайн ницкъ болчеран лаам а бу олу-кх, доккха са а доккхуш, элира Иагос.

– Ирс долуш бу-кх уьш, шаьш шайна кхелахо а къаставо, ткъа вайна мила ву а ца хуучо тIевуьллу, – тIетуьйхира Къобас.

– Кантушийн наиб вай ваьш хаьржира. Дендас соьга дийцина, хьалха заманахь баьччанаш а, къаной а вай ваьш хоржуш хилла…

– Оцу хенахь кхерам а, нийсо а хилла, ткъа хIинца хIун дис на вайна?

Иштта къамелаш дора доттагIаша. ЦIеххьана царна гира оцу арена тIехь цхьа болам. Говраш южуш бара нах, вовшийн дIаса а ца тоьттуш, совнаха бала а ца боккхуш. Схьахезира наибийн тIедахкарш, нийса а, сихха а кхочушдан дезаш долу. ХIинцца вовшашца хаза къамелаш деш хилла адамаш декъаделира омра дечарна юккъехь, кхузахь даим тIеман хьал лаьтташ санна. Амма гуш дара баккхийчара а, кегийчара а вовшийн лоьруш хилар.

Иаго а, цуьнан накъостий а лакха хьалабевлира. Пхьарчос доллучух уьш кхетабора: хаам кхаьчна, кхана тIом хир бу аьлла. Уьш дIакхийтира тIамна кечлучу хьалхарчу тобанах.

«ЛаиллахIа иллаллахI» а олуш, Чаха а, цуьнан тоба а дуьххьара дуьхьало ян езачу метте дIабахара. Цуьнан декхар дара дуьххьарлера кIелонан оьрнаш схьалецар а, цигахь дIачIагIвалар а, тIаккха оьрсашца тIом дIаболор а, дуьххьара тIелатар хиллачул тIаьхьа хьуьнхахула дIасабаржар. Цигахь шолгIа оьрнаш схьа а лаьцна, цул тIаьхьа кхозлагIнаш, ма-хуьллу хьуьна чу мостагI вало. Ма-хуьллу алсам зен дан а дезара мостагIчунна, цуьнан ницкъ гIелбан, цуьнгара даар а, ворданаш а схьаяха.

Ткъа оьрсий аренга ма-кхеччинехь, Шемалан коьртачу ницкъашца цхьаьна ма-кхийттинехь, Чахин тоба, юха шен оьрнашка дIа а яхана, циггахь дIачIагIъяла, оьрсий юхабовлахь, царна тIе нуьцкъала тохар дан.

Иштта оцу тобанна тIедиллина дара, нагахь санна керла тобанаш тIеягIахь, уьш юхатохар а. Оцу хенахь Шемалан коьрта ницкъаш, бекъа а белла, и аре йита езаш бара: Цхьа дакъа Чахина гIо дан даха дезара, вукхо дуьхьало ян езара. Оцу кепара юкъаIаьвдина эскарш тIаьххьара стаг виссалц хIаллакдина хила дезара.

– Тхо а догIур ду хьоьца, – элира наибе кхаа доттагIчо.

– Суна юххехь, сан цIа чохь, сан дагчохь даим меттиг карор ю шуна, – элира наиба Чахас.

Пхьарчо а, Иаго а, церан накъостий а дуьхьалбевлира тIетеIачу оьрсийн эскарна.

Малх чубуза кхиъна а бацара, ткъа Нохчмахкахойн хьуьнан йисттехь йолу аре четарех юьзна яра. Салта вовшашна го а бина, иллеш а олура, вота а еттара. Ткъа салтий чорпа кечъеш бара даккхийчу еш чохь. Эпсарш цхьана четарна тIера вукхунна тIеоьхура, цхьацца омранаш деш.

Салташа иллеш олура, хелхабуьйлура, боьлура, амма цхьана баланан томмагIа яххьаш тIехь дара, и ловзарш шаьшшайн Iехо хIиттош хилча санна.

Амма цхьа а вацара самукъадолуш. Массо вара боккхачу сингаттамехь, тIаме баха безаш ма-хиллара. Массарна хаьара халачу гIуллакхна тIе шаьш доьлхуш дуй. Кхуьйсуерш иттех стаг бен могIарера дIавоккхун волу тоьпаш яцара. Амма баккъал долу хьал царна къайладаьккхина дара. Цунах дерг хаьара цхьана тIемалойн командирана, иштта цунна юххехь болчарна а.

Мел къайлехь латтош хилча а, Шемална дика хаьара оьрсийн эпсарш муха а, мичахь а дIатарбелла. Цундела массо агIор биначу кечамца тIелоцура цо уьш. Уьш буха а тухура. Оьрсаша, дукха хьолахь, хьесапе ца оьцура цунна хуург.

Верриге тIамна кечвелла вара цунна тIе чергази Атажукъо а валийна, иза, дегI нисдеш, дIахIоьттича.

– А–а, господин полковник! Суна хазахета хьо схьавеана.

– Хьан сийлалла, ахь ма кхайкхинера со, – элира чергазичо.

– Суна цхьаццайолчу меттигех хьоьга ма-дарра хатта лира, – элира коьрта куьйгалхочо, тIаккха иза карти тIе вигира. Иза стоьла тIехь Iуьллуш дара, дуккха а мехий а доьхкина, эскарш мичахула лела гойтуш.

– Дукха гIалаташ ду вайн картанаш тIехь, кхерам боцуш стаг дIасаваха а лур воцуш. Хьуна хIара меттигаш евзаш хила еза, масех хаттар хьайга дан пурба лохьа суна.

– Схьадехьа.

– Хьажал, хIара вайн некъ бу. Кхузахь аре ю. Кхул тIехьа лам бу, ткъа вукху агIор – Iин, цунна тIехьа – хьун, къолам а хьаоькхуш, ша юьйцуш йолу меттигаш гойтура командующис.

– Кху къорзачу кехатах со ца кхета, – элира чергазичо. – Суна къолам а, кехат а схьадайша, ас-айсса сурт дуьллур ду вай даха дезачу некъан.

Кехат а, къолам а схьадеара. Чергазичо шена ца деза гIуллакх дира – масех раз сиз хьаькхира.

– ХIара бу вайн некъ, – элира цо. – Иза берриге хьуьнхахула чекхболуш бу, ткъа кхуззахь есачу ара болу. Берриге некъаца дIадахделла Iин а ду.

– Ткъа некъаца лакхенаш ян а юй яккхий тоьпаш дIахIитто, оцу некъана тIеетта аьтто болуш? ТIаккха вайн эскар мостагIчух ларлур дара.

– Гобаькхина лакхенаш а, лаьмнаш а ду. Уьш юькъачу хьуьно дIахьулдина ду, цига яккхий тоьпаш хьалаяхалур яц. ГIашлочунна а хала ду цига кхача.

Тийналла дIахIоьттира.

– Иблисан меттигаш ю, хьан сийлалла, Иблисан, – къамел чекхдаькхира чергазичо.

– Со кхоьруш вац. Иштачу эскарца ас ерриг Турци а хIаллакйийр ю, Нохчийчоь а, ДегIаста-м, хьовха, – кура элира командующис.

«Граббес а иза бехира» – ойла йира чергазичо, ткъа хезаш элира:

– Iаламца къийса хала ду.

Вега а веш, цуьнга дIахьаьжира командующи.

– Господин полковник, суна хезна чергазой майра нах бу бохуш, ткъа хьо дукха сиха кхеравелла.

– Со кхеравелла вац, хьан сийлалла! Ахь омра дахь, со цхьаъ гIур ву ламанхойх лата, амма сан декхар ду шадерг хьоьга дIаала, – дегабааме дIаэлира чергазичо.

– Ас хьуна дIахоуьйту хIара Шемалца тIаьххьара тIом хилар. Вай иза йийсарвийр ву.

– Дала аьтто бойла! – Ца тешаш элира полковника. – Со оьрсийн эскарехь гIуллакхдеш ву, сан лаам хьайчуьнца цхьаьнабогIу. Омра хир дуй?

– Хир дац. ДIаваха пурба ду хьуна.

Цунна суждане а вахана, аравелира чергази.

Дерриг де кечамбеш чекхделира. Кхузахь гулделла дуккха а халкъаш дара: чергазий, гуьржий, хIирий, оьрсий. Уьш берриге а вовшех халла кхетара.

Дукхахберш кхуза совгIаташна баьхкинера. Наггахь а карор вац царна юкъахь Даймахке безам болу эпсар[1].

Буьйса тIекхечира. ЦIераш латийра, седарчаша санна, геннара серлонаш къедош. Эххар а дерриге дIатийра. Тийналла йохайора говрийн терсаро а, хехойн дIасалеларо а. Лагерна гонаха ехкина «къайленаш» яра. Цигахь кIоргачу кIаьгнаш чохь хехой бара. Уьш, дегнаш а дегош, шаьш хийца кхиберш бахкаре ладоьгIуш Iара. Ткъа гIалагIазкхийн тобанаш юьстахо, лаккха хьаладаьллачу ялти юкъахь шайн говрашца дIатийнера. ЧIогIа лерина ладоьгIура цара тийналла йохайойте бохуш.

Ламанхойн агIорхьара, татананш а ца деш, хьуьнан юккъера аравелира пхи стаг. Диттийн гIодашца хьуьнан йистехь дIаийра уьш. Уьш бара Пхьарчо а, Иаго а, Къоба а, Вепхия а, Элберд а.

– Дерриге тийна ду, – элира цхьамма.

– Кхин а дIагIур ду вай, – дуьхьал элира кхечо.

Кхиссабелла бахана, хьаьжкIаш юкъахь къайлабевлира уьш. Кхин а дIабахара. ЦIеххьана цхьамма хаам бира, собарде аьлла. Берриш севцира. Семачу тийналлехь терсара говр. Уьш гIалагIазкхийн тобанна масех гIулч юххехь бара. Собаре юхабевлира уьш. Iин чу а биссина, кхечу агIорхула тобанна готесира цара. Цигахь дуьйлинчу машшех дIайихкина артиллерин говраш яра, парггIат йол юуш лаьтташ. Ларлуш, уьш дIайихкина хьокхий дIадехира цара. ЦIеххьана тоьпаш а тухуш, юьзначу говрашна тIе а чевхаш, уьш оьрсийн лагерна тIелаьхкира. Кхераелла говраш, терса а терсаш, дIахахкаелира набъеш Iуьллучу лагерна юккъе. Ткъа Иаго а, цуьнан доттагIий а бевдда хьуьнхахь къайлабевлира.

---

[1] Оцу хенахьлерачу эпсарех деша Зиссерманан йозанаш, 2-гIа том. (*Авт. билг.*)

Лагерехь йоккха гIовгIа иккхира. Вотанаш а тоьхна, берриге тIегулбира. Хазачу набарх бовлазчу салташна моттаделира шайна нохчий тIелетта. Тоьпаш етта йолийра, маьхьарий а, узарш а девлира. Оцу сахьтехь лагерх жоьжахати хилира.

Iуьйрана гучуделира дерригенна бехке говраш хилар. Шайчийн карах иттех стаг вийнера. Дика ду лаамехь тIаме баьхкинчийн тоба юьстахлаьтташ хилла. Шайн духарх уьш мостагIий а лерина, хIаллакбан тарлора.

Дийнахь оьрсаша дIабоьхкира шаьш бохорна хIалакьхилла салтий. Ткъа Иагос а, цуьнан доттагIоша а наибе Чахе, бийла а буьйлуш, дуьйцура буьйсана хилларг.

Сатоссуш вотанаш туьйхира, оьрсийн эскаран хьалхара тоба дIайолаелира, цунна тIаьхьа кхидолу дакъош а. ТIаьххьара ворданаш а.

Хьалхарчу тобанна коьртехь вара, цхьа некъ юьхьарлаьцна, вуха ца хьоьжуш, хьалха дIа некъ бан Iедал долу стаг. ЧIагIонашна тIекхаьчча, цо, шен тоба дIа а хIоттийна, шозза тохар дира мостагIчунна. Шоззе а мостагIчо дуьхьалдечу тохарна вухавала дийзира цуьнан.

КхозлагIа тохар дича, нохчий буха а бевлла, хьуьнхахь къайлабевлира. Шайга диначу омранца оьрсий тIехбовлийтира. Уьш, катоьххна, шолгIачу саьнгарна тIе бахара. Уьш атта схьа а лецира цара. Шен кхиамо дог иркарахIоттийна тобанан командир хьалхахьа дIателара, хIора тIелатарехь дуккха а адам хIалакьхуьлуш хилар хьесапе а ца оьцуш. Ткъа нохчий оцу хенахь, га тесна, хьалхарчу саьнгаршна тIе а богIуш, уьш чIагIъеш бара. Оьрсийн эскаршна даккхий дараш а хуьлуш, шайн дакъоша цкъа дIалаьцна хилла чIагIонаш юха схьалаца дезаш нисделира.

Шайн коьртехь ледаро командир волу хьалхе лело дакъош чIогIа хала, меллаша хьуьнан йистехула долчу Iин чухула, мостагIчун чIагIонех тIех а дуьйлуш, дIаоьхура. Оцу хенахь коьрта дакъош, тIехь даарш долчу ворданашца догIуш, царна нохчий тIелетира, ах сов ворданаш схьа а йохуш, дуккха салтий байира, коьртакомандующина гIо тIекхачале.

Эххар хьалхелелочу тобанан командир кхийтира шайн коьртачу ницкъех ша дIахаьдда хиларх.

ТІаккха вухаверза сацам бира цо. Цунна билгалделира ша хьалха схьалаьцна хилла саьнгарш юха а чІагІйина хилар. Уьш шолгІа а схьаяха езара. Шен коьртачу ницкъашна тІекхачалур вацара иза, цундела аренна тІехь чІагІвала везара.

Кхаа дийнахь лаьттира оьрсийн ницкъаш оцу ирчачу хьолехь, тІеетташ жоьжахатин цІе а йолуш, хІетте а аренна тІе дІакхечира, цигахь садаІаре дог дохуш. Амма ма садаІар дара иза! Дуккха майра, доьналле турпалхой дІакъаьстира шайн гергарчех, дукхахболчара гуттаренна дІакъевлира бІаьргаш. Ахсов ворданаш, доьалгІа дакъа эскарш а Нохчмехкан хьуьн чохь дисира. Дуккхазза дагалоьцура командира хьуьн чу ма гІо аьлла чергазичун дешнаш. Царна хьалха а, тІаьхьа а яра юькъа хьун, саьнгшаршца а, нохчийн доьналлица а чІагІйина.

Юхаберзалур буйте уьш? ДоьгІна дуйте царна шайчаьрца цхьаьнакхета? Иштта ойлайора хІорамма а.

ГІелделла, мацделла оьрсийн эскарш аренна тІехь дІачІагІделира. Дерриге некъаш царна дихкина дара, хІора сахьтехь царна тІехь кхерам кхозура, кхиамаша дегнаш иркарахІиттийначу нохчаша массо агІор гобинера царна.

Оцу аренна тІехь гІо тІекхиаре догдохура командира, амма цхьаннахьара тІедогІийла дацара. Тахана дацахь а, кхана мацаллин кхерам а тІехІуттур бара эскарна я шегара герз охьадилла дезара цо.

Де-дийне мел долу эскаран са маллуш дара, мацалла яра чІогІа тІетеІаш.

Дуьсушдерг цхьаъ дара – инарла Фрейтаге шайгара хьал дІа а довзийтина, адамийн а, юучун а гІодехар, дийна дисна эскар лардархьама, массо хенахь тІемашкахь зебеллачу нохчаша ларъеш йолу кІелонера иза паргІатдаккхархьама.

Каро безара хьуьнчухула чекхбеврболу тешаме нах. Эскарехь уггар тешаме болчу гІалагІазкхашка дехар дира цо, амма царна юкъахь резаверг ца карийра. Эххар дерриге эскаре дехар ца дича ца велира командующи. Цо итт стаг къастийра. Царна юкъахь вара полковник Атажукъо а, масех де хьалха кхо кІилло ву аьлла бехкбаькккхина волу.

– Господин полковник, хьуна а дакъалаца лии хІокху гІуллакх тІехь? – цеце цуьнга дІахьаьжира командующи.

– Хlаъ, хьан сийлалла, со санна кlиллой, кхераман киртиг тlехlоьттича, пайде хила тарло.

Командующи вуьйхира:

– Со даим тешара кавказхойн майраллех.

Ткъа хlинца дерриг эскаран кхоллам хьан карахь бу. Хьох теша со…

– Сайн эхь-бехко боххург дийр ду ас.

– Хьайца мила вуьгу ахь?

– Цхьа а. Сайн герз тоьуш ду суна.

Цецваьлла цуьнга дlахьаьжира командующи.

– Цхьа тоба йигча дика хир дац? – хаьттира цо.

– Цхьаъ вахар тоьлашха ду, тобанах гlо хир дац.

– Делахь-хlета, цхьа а вига ца лаьа-кх хьуна?

– Ца лаьа, суна цхьа а ца оьшу. Амма ахь адамаш дlахьовсаде. Суна цхьаъ хилахь а, церан аьтто бала тарло.

Командующис сацам бира цкъа хьалха Атажукъо ша дlахьажо, тlаккха хlора денна масех стаг тlаьхьавахийта. Царах муьлхха а кхаьчна цхьаъ дlакхочур ву. Шуьйтталгlа де ду эскарна ах бен кхача боцу. Иза а чекхболуш лаьтта. Ша командующис пайдаийцира эпсаран догдикаллех, шеца бухадисна чай а, шекар а декъначу.

Буьйсана командующин четар чу веара Атажукъо. Цуьнца дlасакъаьсташ командующин бlаьргех хи делира, цуьнан кхиам хуьлийла лаар дlа а хьедеш. Цо чергазичунна тайп-тайпана совгlаташ хуьлуьйтур ду а элира, нагахь санна хlокху шайтlанан хари чуьра аравалалахь. Четар чуьра аравелира Атажукъо. Лоха кхозуш дуькъа дохк дара. Иза вахара оьрсийн эскар цкъа а гlур доццу агlор. Цигахь ламанхошна тlе цалоттаваларе догдохура цо.

Хьуьна юххе кхаьчча, лаьтта охьа а вижна, дlатекхира иза, дитташна тlехьа къайлаваллалц. Тlаккха, хьала а гlаьттина, вехха lийра ладоьгlуш. Аьтту агlор меллаша деш къамел хезира. Дукъачу дахкарх чекх жима цlе а яра къедаш, шаршуна тlехьа йолуш санна. Меллаша юххе вахара иза, шерра хезира нохчийн къамел.

– Собар, – элира цхьамма, – суна цхьа тата хези.

– Моттаделла хир ду хьуна. Мила ваьхьар ву кхуза ван, – дуьхьал элира вукхо.

– Ларлуш хила веза, Куьйра, – элира хьалхарчо. – Волалой, ладогIахьа.

Куьйрас, уггар жимахволчо, хьала а гIоттуш, топ караийцира. Атажукъона юххехула тIехвелира иза. Са а ца доIуш, дегIан гIодах дIаийра важа. Шек хIумма ца хааделча, шечарна тIевахара Куьйра.

– Цхьа а вац, – элира цо.

Нохчий хьалха хиллачу тIемах а, Шемала оьрсийн кIажахь шен ницкъаш гулбарх а, хIинца уьш отург хиларх а шайн къамелаш дан буьйлабелира. Атажукъона хиира кхерамбоцу некъ муьлхачу агIор бу.

Иза даим юханехьа вогIуш санна, гонаш туьйсуш воьдура, ткъа Iуьйранна Фрейтаган лагере дIакхечира.

Сихха, бисина ницкъаш а гулбина, гIоьнна новкъавелира инарла. ТIемаш а беш, уьш болчу дIакхечира иза. Даарх кхеттачу салтийн самалхаделира, ткъа кхо де даьлча шайна биначу гонах тIамца чекхбевлира. ДIакхийтира шайн лаамехь вовшахкхеттачу дакъойх. Кхерам боцучу метте дIа а кхечира.

Оцу тIамо Воронцовна хаийтира доккхачу эскаро а, цуьнан майралло а нохчий эшориг цахилар.

Меттиган хьелаша а, дерриг халкъан доьналло а юхатуьйхира оьрсийн хаарш а, ницкъ а. Гарехь, тIом бан кхин хьелаш оьшура. ХIетахь дуьйна гIалагIазкхий дIатарбан болийра хьалха схьалецначу меттигашка. Иштта эшийра и къинхьегаме, тIамна хьуьнаре, цIена халкъ.

Шемала ша делла дош, дерриге кхочуш ца динехь а, ах кхочушдира: цо хIаллакдира чудеанчу эскарх дукхахдолу дакъа. Амма Россера даим тIеоьхуш болчу керлачу ницкъаша эскарш тIедузий, уьш тIелетара.

Кхузахь дерг дерриге чекхдаьллий хиъча, Иаго а, Пхьарчо а, церан доттагIий а, Шемалан Iодика а йина, обаргаш хилира, шайх цIа а доцучу, шайн меттигех баьхна болчу нахах олуш ма-хиллара.

Дан кхин хIума цахиларна уьш талораш дан буьйлабелира.

Юьхьанца керлачу станицашкара даьхни лечкъа а дой, эхамехах Нохчийчохь доххa буьйлабелира уьш.

Дуккха а говраш дIайигира цара, дуккхаъчу старгIанашна арсаш хьийкхира, дуккха а мостагIий хIалакбира. Эххар уьш Дзауге кхечира. Буьйсан бодашкахь парггIат гIали чу буьйлира, цунна гонаха а, чохь а доккха ха доллушехь.

Цкъа цхьана сарахь Степанцминдана юххерчу Куросхевехь лаьтташ яра кхо говр йоьжна гIудалкх. Ямщикан барзакъ тIехь а долуш волу стаг вара ворданна хьалхахула, сихвалар доцуш, дIасалелаш, наггахь стигала ирх а хьожуш.

– ТIаьхьабуьсур бу, билггал тIаьхьабуьсур бу! – цхьа хIума новкъадолуш, агIор дIа туйнаш кхоьссира цо.

Цхьадикка, оцу минотехь тIулган новкъахула охьабогIучийн ларлуш йогIучу гIулчийн тата хезира – суьйренан стигалахь дика къаьсташ гучуделира ши IиндагIа.

– ТIаьххьара а! – элира цо сапаргIатдаьлла. – ТIаьхьа хIунда дисна шу?

– Некъа тIе довлийла ца хуьлуш хьеделира тхо. Эскар кхаьчна юьрта, салтий дIанисбеш бу!

– Сихо ел, чехкка тIехаий ялал!

Зудчо тIера верта дIатесира. Нона яра иза. Иза, гIудалкха тIе а яьлла, лаха чохь бегIийла йолччу кепара дIанисъелира. ЖагIас, – хьалхахиъна волчо, тIе йол а йиллина дIахьулйира иза, тIаккха хьалха охьа а хиъна, шад тоьхна говраш дIалелхийтира. Йоккхачу чехкаллица хьийзаш яра чкъургаш.

– Некъ дика хуьлда шун! – аьлла, мохь туьйхира бухавуьсуш волчо, куй коьртара дIа а боккхуш.

ГIовгIа йоккхуш Буритlе дIауьдуш яра кхо говр йоьжна гIудалкх, «Мила ву вогIург?» аьлла, хехоша диначу хаттарна «Почта лело гIудалкх ю. Хьаькамаш эцна вахнера со, ярташкахь кIеззиг хьевели-кха... Оза хIума яц шуьгахь?» – аьлла, парггIат жоп делира ЖагIас.

Говрашкара охьа а ца буьссуш, бен а доцуш, гIудалкхана тIаьхьа а хьоьжуш, цхьана агIор дIабахара гIалагIазкхий.

БуритIехь мохевцаш бехаш йолу куп оцу хенахь чIогIа декъаза, къен яра. Оцу куьпахь кхечу цIеношна юьстахлаьт-

таш дара шира, ах тIе а хаьрцина, тIебиллинчу эрзана тIехула тесна латта а долуш, тоьланах тера долу цIа. Мохо чухерцийнера тхевнан йистош, мехаш парггIат хьийзара чухула. Доьхна кораш а, неIарш а шайн кIажаш тIехь цIийзаш яра, гуьйренан шело, дуьхьалойоцуш, шайх чекх а юьйлуьйтуш, неI-корана дуьхьалтесначу тIелхигаша башха еш гIоли яцара. Делахь а кертахь гуш дара тохара башха кхиъна хиллачу бешах бухадисна масех дитт. Уьш Iалашдеш цахиларе терра, акхачу дитттийн куьцехь дара.

Суьйранна исс сахьт долучу хенахь, милла велахь а, цхьа стаг кхечира оцу цIенна герга, гобоккхуш дIаса а волавелла, неIарна дуьхьалъоьллина хIума дIа а хилийна, чоьхьавелира иза.

Товханна чуьра овкъарш дIаса а хьаькхна, кегдинчу серех цIе латийра цо. ГIийлачу серлоно чоь мелла а серлаяьккхира. Чувеана стаг воккхахилла, къена стаг вара, верриге а къежвелла, дукха хенахь дуьйна шаръяза маж а, дIасаяьржина кIозарш а йолуш. Цуьнан озачу, кхоьлинчу, ерриге худаелла, хебаршка яханачу юьхьо тоьшалладора кхо шен хенахь хийла халонаш, бала хьегна хиларан, хийла вонаш кхунна гина хиларан. КIелонаш Iаржъелла болу бIаьргаш кIоргге чуэгна бара, дуткъа, цхьа а бос боцу, дакъаделла долу балдаш дегадора. Воккхачу стага хала а, сиха а доьIура са, хаддаза йовхарш йора цо, цуьнан куьйгаш дегош дара, дерриг дегI кхачаделла, балано, къинхьегамо, мацалло гIелдина, хуьйдина дара. ТIерачу йоманаша къарздиначу тишачу, ширачу чоьо мискан дегIан меженаш халла бен дIа ца хьулйора, цара кхуьнан дегI дохдар-м аьттехьа а дацара.

Товханна тIе а вахана, шен шелделла куьйгаш цIерга а лоцуш, берриге ницкъаца вовшахъхьакхийра цо. Жимма вох а велла, керта аравелира иза, юха а цIенна го а баькхина, цхьа а цахиларх ша тешначул тIаьхьа сихха чувеара иза.

Дегочу куьйгашца цо схьаийцира эчиг буьххьехь доллу гIаж, палсан меттана лаьтта тийсина тIелхигаш дIа а хилийна, гIаж лаьттах Iоьттира цо. Воккхачу стага лаьттах доьллинчуьра схьадаькхира жима тIорказ, иза шена хьалха а лоьцуш,

кхоьруш, хIора минотехь дIаса а хьоьжуш, цхьажимма а хезаш йолчу гIовгIане лоррий ла а доьгIуш, цу тIе хьарчийна стеран неIаран кийсиг дIа а йостуш, негIар хьала а айина, цIенкъа юккъе охьадиллира цо тIорказ. ТIаккха шен чехь йоллу горгам схьаяьккхира цо. Цуьнан оцу юкъа хьарчийна хиллера масех детин а, цIестан а ахчанаш. Кераюккъехь уьш леррина лара а лерина, тIорказ чу дехкира цо. ТIаккха шен гIожа тIехь сиз а даькккхина, юха а тIехула стеран неIаран кийсиг а хьарчийна, тIорказ ор чу дIадиллира цо, цунна тIе латта а хьаькхна, юха а тобира шен мотт.

– Мухха а хан йоккхуш вехар ву-кх, ткъа велча – цхьанна а бала хир бац, сан сайн ахчанах дIавуллур ву... – элира цо, доккха са а доккхуш, шен гIожа тIехь дина сизаш а дагардеш.

ТIаккха, лоха стол цIергахьа а оьзна, шен тIоьрмиг чуьра бепиган юьхкашший, жижиггий, кхийолу дикачу наха сагIийна елла мерза хIуманашший охьа а ехкина, хIума яа вуьйлира иза. ЦIеххьана неIарна дуьхьалъоьллина хIума дIасалестира, шийла мох хьаькхира цIа чу, корта дIаберзийча, акъваьлла вегийра воккха стаг: тIеоззийна верта а хьарчийна цунна хьалха ахбодашкахь лаьтташ стаг вара.

– Хьо мила ву? – хаьттира воккхачу стага. – БIаьрса гIелделла сан – ледара го суна.

Чувеанарг меттахъхьайра, воккха стаг цецваьккхира елхар сецош дечу къурдаша.

– Ткъа мила ву хьо? Схьа гергаволахьа.

– Дада! – аьлла, мохь белира зудчуьнга, верта дIа а кхоьссина, дена маракхийтира Нона.

– Нона! – воккхачу стага дегочу куьйгашца шена тIеозийра иза.

Мел боккхачу безаман чарп яра царна тIехь оцу минотехь! Шен цхьаъ бен йоцучу йоIана, ехкачу хенахь обанаш бехира воккхачу стага, хаддаза маракъуьйлура цо иза, амма цIеххьана цхьа ойла дагаеанчу цуьнан юьхь-сибат цIаьрмата долуш хийцаделира, бIаьргаш оьгIазаллин суйнаш туьйсуш дIахIиттира,

– ДIаяла суна хьалхара! – аьлла, цIогIа а тухуш, Нона дIакхоьссира цо.

Воккхачу стеган лере кхаьчнера, цуьнан йоI майра а витина, сий, эхь-бехк а дайъина, лелаш ю бохуш долу хабар, цо, шен дагахь, иза дIатоссуш ойла йинера. Шаьшшиъ дагахь а доцуш цхьаьнакхеттачу хьалхарчу минотехь цунна дерриге а дицделира, ден боккхачу безамна дIаелира цо шен ерриге а ойланаш.

Берахь дуьйна тIечехаш кхеро Iамийна Нона цкъа юьхьанца юхаиккхира, тIаккха, саметтаеанчу цо оцу сахьта дега дIакховдийра куьйгаш:

– Дада, дада, со ца евза хьуна?.. Со-м хьан йоI Нона яй!

– ДIаяла суна хьалхара ца боху ас хьоьга! – юха а элира воккхачу стага, къорачу, йишхаьллачу озаца, иза куьйга дIа а тоттуш.

Нона, йоха а йоьхна, ерриге ега а еш, юхаелира.

– Сан яц йоI! – элира, гIайгIа кийрахь хилар гойтуш, воккхачу стага. – Сан йоI – иза сакхт тIехь доцуш малик дара, цIена кхокха бара... Ткъа хьо ю цунах тера? Хьа-хьа-хьа!.. – цхьа вон лен волавелира иза. – Хьо дIахьажахьа хьайга!..

– Вай сан Дела, мел бала бу-кх соьгахь, гуттар а хIаллакьхили-кх со! – аьлла, халла аз делира Нонин кийрара.

Ткъа воккха стаг, тIаьхь-тIаьхьа кхин а карзахволуш, оьгIазвоьдуш лаьттара.

– Хьо сан йоI ю боху ахь? Буьйса юккъе яханчу хенахь, БуритIехь, цхьаъ шай?.. ХIан-хIа, оцу тIе кхаччалц ша сийсаза муха йоккхур ю зудчо? ХIунда еана хьо кхуза?

Ведда цунна тIе а веана, шен дегочу куьйгаца иза дIасаетта хIоьттира иза.

– Сан хьоме да! Ла мукъа а догIахьа соьга! – бохуш, дехарш дора Нонас.

Амма воккха стаг къора вара цуьнан дехаршна. ТIеттIа алсам хаалора цунна ша ирсдоцуш хилар – сийсаздина, эхь тIедаийтина къеналла, цо шех яьккхина, ирсдоцуш йолу йоI!

ГIайгIа, бала, оьгIазалла дукха чIогIа Iаткъаро дукха хьолахь ойла артйо, хьекъалх тилаво, дегI гIорасиздо. Воккха стаг дегIера ницкъ кхачорна цIеххьана цIенкъа охьавуьйжира. Багахь цхьа хIуманаш а доьшуш, ша-шена коьртах буйнаш детта

велира иза, цхьа боккха хала бала шех дIаэккхо, лан ницкъ боцуш йолчу гIайгIанах кIелхьаравала гIерташ санна.

Ойла йоьхна, гIайгIане дега а хьоьжуш лаьттара Нона, цунна гIо дан, цунна там бан, цуьнан сапаргIатдаккха шен ницкъ бацар а хууш.

– Вай сан Дела! – бохура воккхачу стага, – стенна хатIала воьжна техьа со хьуна хьалха, хIунда баллабо Ахь соьгахь хIоккхул бала, я къона волуш а, я хIинца къанвелча а синтем ца бели Ахь суна, паргIато яц-кх соьгахь. Зуда яра сан, иза сайн куьйгашца, хIокху куьйгашца ас еро хIокху хьола тIе ваьккхира со!.. Доьзалах а, сайн кхерчах а ваьккхи со... Дахарехь цхьа догдохийла йиснера сан, суна деза хеташ дерг цхьаъ дара – сан йо1!... Хьох тешна, хьох дегайовхо йолуш вара со, хьуна сайх къахетар ду, ахь со кхоор моьттуш вара со... Дерриге чекхдели!.. Ткъа хIинца хIун деза хьуна соьгара, хIунда хьийзаво ахь со, сан къеналла, цхьа хилар ца тоьу хьуна? Массарна а вицлур ву со, веллачул тIаьхьа цхьамма а, ур-аттал, докъаламаз а дийр дац суна тIехь. ХIан, хьаьжна, Iаьбна елин хьо хьайн декъазчу, ирс дайначу дега? Делахь, хIинца яхийта, дIаяла суна хьалхара, гучуьра!

– Вай хьо бала, со мича бехке ю техьа?! – олуш, юьхь тIе куьйгаш а дехкина, ахIи декъахь йоьлхура Нона.

– Ткъа суна-х моьттура, сайн да ву, цунна сайх къахетар ду, иза сайх кхетар ву...

Иза, меллаша неIаре а еана, соцунгIа а хилла, тIаккха юха а саца а сецна, юха а дIа а йолаелла, дега дIа а йирзина:

– Iодикайойла хьан, дада!.. Дела ву-кх теш, со хьуна хьалха а, я Далла хьалха а цхьана а хIуманна бехке цахиларна. Iодикайойла хьан, марша Iойла хьо! – хадам боллуш неIарехьа йолаелира иза.

ТIаккха дас, корта а айъина, шен бистина бIаьргаш арайолуш йоллучу йоIе дIахьажийра. Цо арайолуш дIа мел боккхучу кого боккхачу ницкъаца шена тIеийзавора хIара.

Нонас, неIарна тIе а еана, дуьхьалтесна хIума дIахило схьалецира, тIаккха тIаьххьара а дегахьа юха дIайирзира иза, гуттаренна а иза дIатаса. Амма ша йолччохь, лацаелча санна,

меттах ца хьалуш йисира иза. Воккха стаг хIинца оьгIазалла йоцуш, дог кIеда хиларца хьоьжура цуьнга, цуьнан куьйгаш шега кхийдаш хилар гира кхунна, кхуьнга кхайкха кийчча вара иза, амма и дош аладаллал ницкъ бацара цуьнгахь. ТIаккха сихонца дена тIехьаьдира йоI, вукхо хIара, доккха са а доккхуш, шен некха тIе озийра...

И ший а мелла а сапаргIатдаьлча, Нонас дена дийцира ша хьегначу къизачу балин хьокъехь, воккха стаг Далла хастам беш вара, цо шена тIаьххьара дика дарна – шена дукхаезаш йолу йоI цо шена тIеяийтарна.

– Делахь-хIета, хьо нуьцкъала елира цара маре? – юх-юха а хоьттура цо.

– ХIаъ, кхин долуш дац-кх я бакъдерг а, я кхеташо а! – элира воккхачу стага. – ХIинца Iедал Гиргол санна долчу адамийн карахь ду. Ткъа хIун де те вай?

– Хаац суна-м, дада! Амма нагахь Гирголна сох дерг хаахь, со тIаккха хIаллакьхилла ю-кх.

Иаго нохчашна тIевахана боху.

– ХIаъ, вахана. Дийна вуй, хьовха, иза? – элира гIайгIане Нонас.

– Дела къинхетаме ву, цо ларвийр ву иза!

– Нагахь Иаго дийна велахь, цунна карор яра со, – элира цунах тешна йолчу Нонас.

– ХIаъ, хIаъ, иза вогIур ву вайна тIаьхьа, вай Нохчийчу дIагIур ду.

– Хьо а вогIур ву тхоьца, дада? – Нона дена чIоггIа юха а маракхийтира.

– Дера вогIур ву, со а вогIур ву шуьца, сан йоI! – доккха садаьккхира воккхачу стага. – Сан хенахь хала гIуллакх ду керлачу метте кхелхина вахар. Амма хIинца кхин заманаш ю тIехIиттинарш, бакъдерг нехан цигахь леха дезаш.

– ХIумма а дац, дада, цигахь а ду адамаш, цигахь паргIат дахар хир ду вайн.

– Цигахь а ду адамаш, дика адамаш, делахь а хала ду-кх стагана нехан махкахь бакъдерг леха... Вайн латта вайн делахьара, лоьхур дацара-кх вай бакъдерг нехан цигахь. Ткъа

хIинца вай кхечех дозуш ду... Сихха схьавеана валахьара Иаго, кхузахь некъан кехаташ юкъадаха гIерташ бу, ткъа вайна хьан лур ду уьш?..

Оцу дешнашна жоп луш санна кора кIел цIеххьана адам луьйш хезира:

– Кхана буьйса юккъе яханчу хенахь Иаго хир ву кхузахь.

Нона а, воккха стаг а, шаьш долчуьра хьала а лилхина, хьаьдда араделира, амма кертахь гуш цхьа а адам дацара – и хаза кхаъ беанарг лаьтта бухавахча санна, къайлавелира. Цхьа а ца карийна, юха чудеара и шиъ, амма церан баккхийбер дIадалаза дара. «Иаго дийна ву, иза вогIур ву вайна тIаьхьа», – бохура цу шиммо вовшашка, вовшашна мара а лелхаш.

Йиначу ойланаша кIаддина долу дай, йоIIий, чIогIа набкхетта, дIадижира.

Пачхьалкхан бежанаш лахка Ардон станцина тIелата кечлуш бара Иаго а, цуьнан доттагIий а.

Говрашкахь бара уьш. Хьалхаваьлла вара и некъ дика шера бевзаш волу Иаго. Иза сирла хьоьжура некъан агIонашкахула дIа, хIора, мел кIезигчу а гIовгIане сема ладоьгIура цо. ЦIеххьана, говр а сацийна, леррина ладегIа хIоьттира иза.

– ХIун хилла? – хаьттира Пхьарчос.

– Собарделаш. Береш бу богIуш, амма муьлхачу агIор богIу къасталац соьга.

– Суна-м хIумма а ма ца хеза, – элира Пхьарчос, – хьуна моттаделла хир ду.

– Нагахь шаьш со хьалхаваькккхинехь, соьга ладогIа, ткъа ца догIахь, шаьш хьалхадовла, – Иаго оьгIазвахара.

– Ахь дуьйцург хIун ду? Ас-м хьуна новкъадаийта ца бохий. Хьуна дика хуур ду дан дезарг, – элира Пхьарчос, ткъа оццу минотехь геннара схьа халла хезара говрийн бергийн къора тата. Амма, схьахетарехь, уьш чехкка гергакхочуш бара.

Иаго, чехкка говра тIера охьа а иккхина, лаьтта тIе лерг а диллина, ладегIа велира.

Юха, чехкка хьала а гIаьттина, говра тIе хиира.

– Же, чехкка суна тIаьхьа! Вай долчухьа богIуш бу, цу тIе уьш дуккха а бу.

Иагос говр некъа тIера юьстахъяькккхира. Кхузахь, лекхачу коьллаш юккъехь къайлабевлира хIорш. Леккха, бегIийла йолу меттиг а лехна, кIелоне охьа а хевшина, цаьрга хьежа бевлира.

Накъостий дIа а нисбина, юха а веана, некъа йистехь, бай тIерачу тIулга тIехьа дIалечкъира Иаго. Кестта ден къамел а хезира, иттех стаг гIалагIазкхи гучу а велира. Схьахетарехь, некъан хехой бара уьш.

– Сацаел говраш! – элира хьалхаваьлла вогIучо. – Буханцов, – олуш, гIалагIазкхех цхьанна тIевирзира иза, – кхузахь садаIа дика меттиг ю, шортта дечиг а, юххехь хи а ду. УьстагIан жижиг а кхехкийна, ваьшна суьйрана яахIума кечйийр ю вай.

– ЖаIушна дукха юххехь ду-кх вай, вай садаIа дуьтур дац-кх цара, – элира гIалагIазкхех цхьаммо.

– Делахь царна шайна вон ду-кх иза. Нагахь вайна тIегIорта царна дагадагIахь, вай берриш а, жIаьлеш санна, йиттина охьабохкур бу-кх уьш! – элира воккхахволчо.

Бай тIехьа дIа а ерзийна, говрашкара охьабиссира уьш. Цхьаъ дечиг дан вахара. Говраш яжа дIа а хецна, ткъа шаьш дIасабаьржира уьш – цхьаъ дечиг лахьо, важа хи дан, иштта дIа кхин а... Кхарна тIевиллинарг а, Буханцов а говраш ларъеш висира.

Цара дуьйцучу хабарх Иаго кхийтира, жаIуйшна муьлхха а цхьа халахетар гIалагIазкхаша дина хиларх, ткъа нагахь хIинца уьш шайна халахетар диначу кхарна тIелатахь, тIаккха гIалагIазкхаша царна къизаллица бекхам бийриг хиларх. ГIовгIа йоцуш, шен накъосташна шершаш тIе а веана, шадерриге а дIадийцира цо.

– Сан хьоме доттагIий, – элира, дехар деш мтиулцо, жаIуйшна кхерам хиларан хьокъехь шена хезча, – ницкъ цабойтур вай вешан жаIуйшна!

– Дера бойтур бац! – аьлла, меллаша жоп делира вукхара.

Оцу хенахь кхарна гергга тIекхочуш лаьттара дечиг дан хьажийна волу виъ гIалагIазкхи.

– Вай некъ ларбан дахкийтина, ткъа вай хIоккхузахула лелаш ду! – элира, резавоцуш, гIалагIазкхех цхьаммо.

– Шайтlанна дисахьара и некъаш-м! – элира вукхо. – Цара садаlа а ца дуьту-кх вай!

– Эхlей, уьстагI мел берстина а бу! – аьлла, вистхилира кхозлагlниг. – Халла баькkхира-кх ас иза говра тlе...

Цо шен дош чекх ца даькkхира... КIелонера схьаиккхинчу веа ламанхочо бlаьрг-негlар тухучу юкъана охьа а виллина, дегнаш тlе шаьлтанаш хlиттийра царна.

– Аш тlитI дlаалахь – садаьлла ду шун!.. – элира Иагос.

ГIалагlазкхий, бехка а бихкина, юькъачу хьуьна юккъе схьабалийра. Ткъа важа бухабисна гIалагlазкхий севцца lачохь цIеххьана гIовгIа елира. Цигара схьахезаш чIоггIа детта маьхьарий дара, хезаш дерш оьрсийн а, чергазийн а дешнаш дара. ДоттагIий къайллаха цигахьа бахара. Ши чергази шайна ца хуучу, чIогIа кегбеш буьйцучу маттахь, дукхахдерг куьйга эшара а кхето гIертара. Ткъа гIалагlазкхий царах кхаьрдаш буьйлура.

– Шуна хlун оьшу, шайтlанан бераш! – хоьттура воккхахволчу гIалагlазкхичо.

– Хьан гIалагlазкхаша уьстагI беана тхан... Буьйр дехьа иза тхуна схьало алий, – элира цхьана востара кхеташ чергазичо.

– Хьан беана хьан уьстагI, гайтал! Чергази дlасахьаьжира.

– Соьга къасталац иза беанарг. Массо а цхьатера ду шу.

– Арз хьанна до ахь?

– Хьан гIалагlазкхашна.

– Хьо муха ваьхьа, къола дина бохуш, массо а бехке бан? Ца хаьа хьуна хьайна оцу дешнашна хlун таlзар дийр ду? – бохуш, тIечехара гIалагlазкхи. – Яхийта кхузара, ас хьайна тIера цIока яккхийтале.

– Стенна йоккхуьйту ахь иза? УьстагI а аш сан лачкъийна, тlе а суна чехийца хьо!.. ДIо урс а хьаькхна lуьллуш бу хьуна сан уьстагI! – аьлла, лаьттахь бийна lуьллучу уьстагlна тlе пIелг хьажийра чергазичо.

ГIалагlазкхий кIеззиг боьхна хьаьвзира. Чергазичо юха а парггlат дlадолийра:

– Эхь ца хета шуна? Аш бехнехь, шуна безий хиъча, оха тхаьш лур ма бара шуна. Цунна хlиттийна шу кхуза? Ужаг! –

аьлла, мохь туьйхира цо шен накъосте, – схьавоьл кхуза, дІахьор вайша вешан уьстагІ!

Цара лаьттара схьаийцира бийна Іуьллу уьстагІ!

– ДІа ма ло! – аьлла, буьйр дира воккхахволчо. ГІалгІазкхаша, тІе а бевдда, уьстагІ дІаозийра. Чергазаша дІа ца лора.

– Лур бац оха! – бохуш, маьхьарий деттара цу шиммо.

– Шодмаш етта царна! – аьлла, буьйр дира воккхахволчо.

Чергазашна етта шодмаш хьалаайира гІалгІазкхаша, амма, цІеххьана хьуьна юккъера схьалилхина ламанхой гІалагІазкхашна тІебеттабелира. Берзалой санна, дарбелла чергазий ламанхошна гІо дан чукхиссабелира. Боьхначу гІалагІазкхаша шайх къинхетам бар дийхира. Уьш герзаш схьа а даьхна, дІабихкира. Чергазашна уьстагІ дІабелира, ткъа Иаго а, цуьнан, доттагІий а, церан говраш а эцна, хаьхкина дІабахара.

Хумалги олучу хІирийн юьрта кхаьчча, кхузахь шайна вевзашволчу хІиричун хІусаме садаІа чубирзира уьш, чІогІа воккхавеш, маралелхаш цо тІе а ийцира хІорш.

Іуьйрана, дилхалахь, ерстина, тІера бос а лепаш лаьтташ йолчу кхеран говрех шен бІаьрг кхетча, уьш шен карара йовлийта кхоам хийтира цунна; цундела уьш цкъачунна шен кертахь дІанисъян резахилира иза, ткъа ша цо цхьа гІуллакх долчуха шеца БуритІе дахкар дийхира доттагІашка.

Сарахь БуритІе дІа а кхаьчна, берриш а цхьана трактирехь севцира уьш. Жимма Іийначул тІаьхьа гІали юкъа бевлира доттагІий. Ницкъ ма-кхоччу чехка Нонин да каро а, цуьнгахула цуьнан хьокъехь хаа а лаьара царна.

Накъостех дІа а тилла, базар юкъахула уьш лоьхуш лелаш волу Къоба, дагахь а доцуш, цхьана сагІадоьхуш лелачу воккхачу стагана тІеІоттавелира. Цунна хьалха саца а сецна, велахь а, вацахь а иза ма ву Нонин да бохург цІеххьана дагах кхийтира кхунна. ХІара воккхачу стагаца къамеле велира, амма иза тІера вацара къамелана, шен хьокъехь дерг чІогІа дегаза дуьйцура цо. ТІаккха мелхо а кхин а чІогІа тийшира хІара иза ша лоьхург хиларх. Воккхачу стагера хІумма а дериг а ца

хилла, цуьнга хIумма а ца дуьйцуш, иза ша волччохь вита а витина, геннара иза стенга воьду, цо хIун до тергалдан сацийра Къобас. Ша дагалаьцнарг дира цо. Воккха стаг воьдуш шен мискачу цIен тIе дIакхаьчча, цо хIун до геннара хьежа велира Къоба. Верта а хьарчийна волу цхьа стаг цуьнан чувоьдуш гира кхунна. Кхин а цхьажимма собар дина, гергга цIен тIе а вахана, ладегIа хIоьттира хIара. Нонин цIе а хезна, корехула чухьаьжначу Къобина гира вовшашка чIогIа самукъадаларца хабарш дуьйцуш Iаш долу дай, йоIIий. ХIара ма варий Иагон хьокъехь царна корехула чу кхаъ а хазийна,тIапп-аьлла вайнарг, Ноний, цуьнан дай карор сихха Иагогий, кхечу шен накъосташкий дIахаийта ваханарг.

Буьйсанна гIалин боданечу урамехула сих ца луш вогIура иза, гIаролна тIе ца нисвала гIерташ. Оцу заманахь суьйранна исс сахьт даьллачул тIаьхьа гIалахула дIасалелар дихкина дара: шеко хилла, цхьана хIуманна дегабаам шайх бешберш а сецабора. Ткъа хIетахьлерачу Iедалан дайшна каравахар, хIаллакьхиларе нийсса дара. Дуьхьалбогlучу хехойн коган тата дара хезаш. Царна ца гуш вухаволийла дацара, цундела лахь а, висахь а церан карараваля сацийра Къобас. Киснарчу тапчи тIе куьг а диллина, нагахь оьшуш меттиг хилахь, кечвелира иза... Амма цIеххьана цунна гира ша тIай тIехь лаьтташ хилар, хехой тIехбовллалц цу кIел дIалачкъа тарлур дара. Нагахь, тилкхаздаьлла а, царна иза хаалахь, оцу кIелхьара аьтто хир бара дуьхьало ян: ца хуьлчу далахь, Терка чу а иккхина, неканца дехьавала а тарло иза. Къоба тIай кIелхьа къайлаваларца цхьаьна ала мегар долуш, хIара лаьттинчу метте тIай тIе баьхкира хадийраш.

– Кхузахь жимма садаIий вай, – элира царах цхьаммо. Берриш а охьалахбелира уьш.

НеIалт хиларш болчу «бусалбанийн» хьокъехь дехха хабарш дийцира цара, луьлланаш а уьйзуш, сахиллалц кхузахь хевшина Iийра уьш. Царна моховец гина цахилар гуш дара.

Хадийраш дIабахначул тIаьхьий бен тIай кIелара хьалаволийла ца хилира Къобин. Ткъа доттагIий, сахьийзаш, собар а дайна, хIара дIакхачаре хьуьйсуш бара. Нона шена карор

Къобас дийцича, церан самукъадалар дозадоцуш доккха дара. ХIинца буьйса тIекхаччалц сатоьхчахьана, тIаккха иза схьа а ялийна, оцу тIехь чекхдер ду хIорш вовшахкъастар!

Ткъа ямарт хIусамда мукъа Iаш вацара. Шена езаелла йолу кхеран говраш, хIуъа а хилла латтахь а, шена йита сацийра цо. Иза дарна цунна ца оьшура обаргаш БуритIехь хилар Iедалшна дIахаийтаррий, уьш церан Лар тIе бахаррий бен кхин хIума. Обаргаш лоьцур бу я бойъур бу, иза хилахь а, важа хилахь а – хьала а, охьа а, таIзар доцуш, говраш кхунна кхочур ю. Цундела хIара дуьххьалдIа хьаькамна тIевахара, амма цига ваха новкъаваьллачу кхуьнан ког дIа мосазза боккху сутаралла алсамйолура. Дуьхьал ял а йоцуш и санна болу мехала зуламхой цо хIунда ло Iедале дIа? АхIа, цо царна тIехь-м хьаха ю дикка хIума йоккхур!

Дукха хан ялале пачхьалкхан цIийнан учахь, есауле ша лакхарчу хьаькамна тIекхачийтар доьхуш Iаш вара иза.

– Суна лакхара хьаькам веза, иза сихха ган лууш ву со. ГIуллакх ду сан! – лакхарчу хьаькаме хаам ца бича ца велира есаул.

– Стенна веана хьо? – хаьттира лакхарчу хьаькамо, вевзашвоцчу стаге.

– ГIуллакх ду сан, хьан сийлалла! – иза леррина есауле дIахьаьжира.

– Хьо аравала! – элира лакхарчу хьаькамо есауле. – ХIан, хIинца схьадийцал, вайша ваьшша ву.

– Со обаргийн лар тIе ваьлла.

– Мича обаргийн?

– Иагон, Пхьарчон, Къобин, Эльбердан, Вепхиян.

– Ой, ахь хIун дуьйцу?! – аьлла, хьалакхоссавелира лакхара хьаькам. Воккхавер, хазахетар дара цуьнан бIаьргаш чохь дIасалелаш.

Цхьа а де дIа ца долура оцу обаргаша дечу майраллин гIуллакхаша кхуьнан синтем ца бойъуш: цу тIе церан дахарх правительство лаккхара мах а биллинера, уьш лецча доккха хьал гулдан тарлора лакхарчу хьаькамо ша а, паччахьо хасто а мегара хIара, даржаш дала а, сий лакхадала а тарлора.

– Мичахь бу уьш? – хаьттира цо, собар а дайна.

– Уьш кхузахь бац, амма суна карор бу.

– Аьшпаш-м ца буьтту ахь?

– Делора, бакъдерг ма боху ас!

Цуьнан бlаьргаш тlе бlаьргаш а боьгlна, лакхарчу хьаькамо хаьттира:

– Айхьа дечу гlуллакхна хlун доьху ахь?

– Хlора коьртан цlарах ткъе итт-итт туьма ахча а, эпсаран чин а.

– Дукха доьху, оццул лур дац, – элира лакхарчу хьаькамо, обаргийн мах кхин а лакхара хадийна хиллашехьа.

– Итт-итт туьма ахча а, Георгин жlар а тоьур дуй?

– Дац, хьан сийлалла! – иза а олуш, аравала юха кехьа вирзира мотт эцна веанарг.

– Собарде... Алал хьайн тlаьххьара мах, мел доьху ахь? – аьлла, сацийра иза лакхарчу хьаькамо.

– Хьо дика стаг ву, полковник, сийдеш, гоьваьлла стаг ву хьо... Хьан дуьхьа ткъаткъа туьманах резахир ву со.

– Маца?

– Ши де хан ло суна, ас доллучун хьокъехь хаам бийр бу шуьга.

Ша йиначу йохк-эцарх воккхавеш аравелира ямартхо, ткъа иштта резаволуш оцу чуьра вукху чу велира лакхара хьаькам а. Кхузахь кхуьнга хьоьжуш lаш вара хаам бан веана волу хевски пурстоп. Хевин урхалчица даим а хуьлура Гиргол. Мотт эцна веанчуьнца ша къамел деш цхьа а цахиларна, и къамел кхечунна хезар ду бохург аьттехьа а ца хетара полковникна, амма кхара къамел дечу хенахь нelар юххехь лаьтташ волчу Гиргола лерина, берриге тидам тlебохуьйтуш, ладоьгlура цара дуьйцучуьнга. Нонин цlе хезира цунна, хlокху деношкахь иза я лоцург, я вуьйриг хилар хиира цунна, чlогlа хазахетар хьаьдира цуьнан даг чу. Тохара санна, цунна бекхам бан лууш вара иза. Хlан, нагахь оцу мотт эцна веанчо тешнабехк бахь, иза юха ца вагlахь, я цуьнан ойла карчахь? Хlан-хlа, хlинца-м, хьаха, вер вац шуна Иаго Гирголан карара, цо ша лохур ву шен луьра мостагl, иза кхин кlелхьара ца волуьйтуш хlара ша а вуьжур ву цуьнца

цхьаьна коша! Мотт эцна веанчунна тІаьххье араиккхира хІара.

Ткъа иза ша баькккхинчу кхиамах воккхавеш, шена тІаьхьавогІу Гиргол а ца гуш, дІавоьдуш вара. И шиъ ший а цхьаьна трактир чу велира.

Гиргол, шена чагІар а даийтина, чохь гІуллакх деш волчуьнца хабаре велира, цуьнгахула кхунна хиира мотт эцна веанарг шен накъосташца цхьаьна хІокху трактирехь сецна хилар. Шена оьшург дерриге а мекарлонца схьадаккха хиира цунна. ХІара шеко йоцуш тийшира Иаго кхузахь хиларх.

Оцу сахьта юххера чоь а лаьцна, юткъачу юкъарлонехула еххачу хенахь ладегІа хІоьттира хІара. Кхунна шера хезара хІора дош а. Шена хетарш нийса хиларх а кхетта, хІара пурстоп волчу дІахьаьдира. Ткъа цо обаргаш леца гайтам боьхуш губернаторна тІевахийтира, ткъа Гиргол ша кечйиначу кІелоне юхавирзира.

Обаргех цхьа а трактир чохь воцчу хенахь чувелира иза, обаргаш берриге а базара бахнера. ДІа а лечкъина, собар дайна, кийра богуш, кхерам даг чу туьйсуш, цаьрга хьежа велира иза. Уьш тІаьхьа баьхкира цІа, цхьана хІумано, стенна а гатдинехь а, сагатдиначух, сингаттамехь болучух тера бара уьш. Гиргол цара дуьйцург къастийна валале, трактиран ков дІачІегІира, ткъа хІинца лулахойх лечкъина араволийла дацара. Буьйса якха трактир чохь висира иза, юкъарлонна тІе дечиган нара а оьзна, верриге а ладегІа дІанисвелира иза. Іуьйранна юхавеара ша схьа цаваро массеран а сагатдеш хилла волу стаг. Иза Къоба вара. Нонин хьокъехь хаза кхаъ баькккхира цо. Лаьхьано лаьцча санна, нари тІера хьалаиккхира Гиргол! Иза дукха хенахь дуьйна тешна вара цхьана безачу боккхачу тІулга кІел а яхана Терка чохь Нона Іуьллуш хир ю бохучух.

Иза дийна ю, кхана Иагох дІа а кхетар ю! Уьш ирсе хир бу, ткъа Гиргол, цо шех дІахервина, сийсазвина, цхьанна а везашвоцу, эхье дахар дІакхехьа дезаш ву! ХІан-хІа, кхо хуьлуьйтур дац иза!

Акхараллин оьгІазалла яра кхунах хьерчаш. Нагахь кхузахь кхунна юххе Нона нисъелча, кхо ша-шен куьйга шина декъе боькъур бара цуьнан накха.

Къобас дерриге а дуьйцура: ша Нонин лар тIе валар а, цуьнан да мичахь вехаш ву а, Гирголна, бIаьргаш дIахьаббича а, цуьнан миска цIа карор долуш, иштта ма-дарра дуьйцура цо дерриге а.

– Собарде аш, – бохуш, ойла йора цо, дукха оьгIазвахарна шен куьйган пIелгех цергаш а юьхкуш. – Хуур ду шуна, Гиргол мила ву!

Сихха трактир чуьра ара а иккхина, пурстоп волчу вахара иза. Ткъа цо сарахь дуьйна а кийчча латтош вара бIе гIалагIазкхи, Гирголера хаам кхачаре хьоьжуш.

Трактир ягор магийра Гиргола, обаргаш, дийна а болуш, карабогIур бац аьлла; цу тIе, нагахь гIуллакх буьйса тIекхаччалц дахлахь, зуламхой бодашкахула кхеран карарабовла а тарло. БуритIерчу лакхарчу хьаькамо гIоьнна яийтира салтийн дийнна рота, цара массара а трактирна голецира.

ДоттагIий кхийтира шайна тIехIоьттинарг даларан кхерам хиларх, шайн дахар дораха дIа ца дала сацийра цара. Корашний, неIаршний дуьхьал хIуманаш а лецна, герзаш карахь кечбелира уьш.

ЦIеххьана массарна а даг чу иккхира шайна цхьамма ямартло йина хиларан хьокъехь йолу къаьхьа ойла. Уьш массо а, цхьаъ санна, ямартлочуьнга дIахьаьвсира.

– Делора, ас-м ца аьлла! – мохь белира цуьнгабос а бовш.

– Аьшпаш буьтту ахь, жIаьла! – аьлла, тIечевхира Иаго, цунна яьккхина шаьлта а ластош.

– Ас ца аьлла, хIун до ахь? – олуш, тIах-аьлла кIелхьара дIа а иккхина, корехула араиккхира ямартхо, амма кхуззахь, хьалхха, салтичун хIоьо вала охьавожийра иза, чуьра аравада гIоьртинчунна муьлххачунна а топ тоха дина буьйр дара.

– Ас ямартло йина накъосташна, со хьакъ а ву вала! – аьлла, мохь тоха кхиира ямартхо. – Ас хIаллакдеш ду шу!

Керла кхеттачу хIоьо коьртан туьта эккхийтира цуьнан, хье баьржина, дерриге цинцаш пенах дIакхийтира.

– Обаргаш, арадовла, тIедуьйла тхуна! – аьлла, мохь туьйхира ротан командиро, – хьала а, охьа а тхан карарадовлийла яц шун!

Цунна жоп луш пхи топ елира, ротера пхи салти лаьтта охьавуьйжира.

– И ду шуна тхан жоп!

ЦIен тIе а ерзийна тоьпаш евлира, цхьанна а зен ца деш гонах а, корех а етталора даьндаргаш.

Обаргаша кхин а пхоьазза топ кхоьссира, кхин а пхи салти, лен чов хилла, охьавуьйжира.

Вовшашна тоьпаш кхийса бевлира уьш, амма трактир чохь, го лаьцна болчарна цара деш цхьа а зен дацара. Цхьа Эльберд вара некхе яйн чов хилла, амма иза, чехкка шен чов дIа а йихкина, тIаме велира.

– Адамаш эрна хIаллак хIунда до вай? – элира юха а Гиргола. – Дикаха хир ду цIийнах цIе тесча!

ЦIийнах цIе таса йол а йиллина, оцу цIа чохь болчаьргара, нагахь шайна цIергахь дага ца лаахь, кхин цкъа а карабахкар лехира цара.

– Зударий а, бераш а даго дохкийца шу? Цунний бен кхин стенна хьуьнаре ду шу! Тхуна цIергахь дагар гIоли ю, шун карадогIучул!

– ДIалатае цIийнах цIе! – аьлла, буьйр дира салтех воккхахволчо.

Iаьржа кIур белира хьала, дерриг цIа цIарах догуш дара.

– ЖIаьлеш, хIара ду-кх шун доьналла! – аьлла, мохь туьйхира Иагос, оьгIазвахарна са а ца даккхалуш.

– Иаго! – аьлла, мохь туьйхира Гиргола, – охьахьажахьа соьга, хIара со ву хьуна, хьуна бекхам беш верг!

БIаьрг-негIар тухучу юкъана корехула арахьажа кхиавелла волчу Иагос Гирголна тIехьажийна топ ялийтира, амма иза чермина тIехьаэккха кхиира.

Ткъа цIе кхерсташ, марсайолуш яра, дерриг цIа догуш дара.

– Вежарий! – элира Иагос доттагIашка, – къонахий санна лер вай, нагахь далар вайна тIехIоьттинехь!

Коьртара куй кIоргга схьа тIе а озийна, корехула араиккхира Иаго. Баттара даьхна тарраш а долуш, цунна тIаьххье аралилхира кхиберш а. Шайна голаьцначу салташна тIехьаьлхира

уьш, хIара санна дерг дагахь а доцуш лаьттачу церан зIе цхьанхьахула хадийра кхара. Амма оцу сахьтта саметтабаьхкинчу салташа юха а гобира кхарна. Вовшахтасабелира хIорш, ницкъаш цхьабосса ца хиллехь а. ДоттагIаша къинхетам боцуш цоьстура мостагIий, амма кхеран ницкъаш гIеллуш бара... Дерриге эделла дара – маьхьарий а, узарш а, герзийн декар а, цIеран ягар а...

Адамийн тоба уьйриг санна, хьийзаш яра, ткъа и уьйриг бастабелча – лаьтта тIехь гуш дара цистинчийн – Иагон а, цуьнан накъостийн а – декъий. Цхьана тамашийначу бахьанина кхарна юккъехь вацара говра а хиина, хьуьн чохь къайлаваьлла Къоба.

Iуьйрана байъинчийн декъий дIадаьхира, лаьтта тIехь долчу цIий тIе гIум йоьхкира. Даьгначу цIийнах бухайисинчу хIуманаший бен ца дуьйцура кхузахь хIинцца хиллачу ирчачу гIуллакхан суьртан хьокъехь.

Лакхара хьаькам пурстоьпаца къамел деш Iаш вара, есаул, и волчу чу а иккхина, стаг вийна аьлла цуьнга есауло хаам бечу хенахь.

– Мичахь? – хаьттира лакхарчу хьаькамо.

– Мохевцаш бехачу куьпахь.

– Иза дара хIинца хилаза дисинарг! – аьлла, доккха садаькхира лакхарчу хьаькамо. – Ткъа мила ву вийнарг?

– Цхьа сагIадоьхург ву!

– Бехке мила хета шуна?

– ГIуллакх-м кхеташ, хьаха, ду! Ши де хьалха иза волчу еана хилла цуьнан йоI.

– ХIун ю оцу йоьIан цIе?

– Нона!

– Нона! – цецваьлла юха а хаьттира, леррина ладоьгIуш Iаш волчу пурстоьпо. – Схьакхайкхал кхуза Гирголе.

– Мила ю Нона, да вийна йолу зуда, тайпана мохеевка йолу? ГIой, ма-дарра хаал иза.

– Суна-м хIинцале а хаьа иза, – жоп делира Гиргола. – Иза сан вешин зуда ю! – Ша чIогIа чIагIоне, сингаттаме волуш санна сурт хIоттийра цо.

– Иза хIун ду? Ткъа ахь-х соьга иза, хи чу а яхана, елла бохура.

– Суна иштта моьттура, ткъа иза, кхузахь лечкъаш лелаш хилла-кх.

– Ткъа хьо-хьуо мичахьахула лелаш вара хIинццалц?

– Байъинарш ларбеш вара со, – жоп делира Гиргола.

ГIуллакх талла долийра. Талламо сацийра, оьздангаллех телхина, нахаца сакъоьруш хиллачу зудчо, Нонас, сагIадехна, дуккха а ахча гулдина волу шен да волчу а еана, цунна къола а дина, иза вен а вийна, ахча шен везаре дIаделла, хIинццалц схьа оцу хьокъехь даре цо ца дахь а аьлла. Ша цо боху, да веле цхьа де хьалха иза волчу еанера ша. Иза веле хьалхарчу буса вовшашца къамелаш а деш, дехха Iийра шаьшшиъ, тIаьхьо бен дIа а ца дийшира шаьш. Iуьйрана самаяьлча, иза хIинца а наб тоаза ву аьлла хеташ, иза сама ца воккхуш, меллаша ара а яьлла, хи тIе а яхана, юьхь-куьг а дилина, цигахь хиъна а Iийна ша юхаеача, тIаккха а да Iуьллуш вара. Шена иза вижина ву моьттура. Иза самаваккха дагахь ша цунна тIеяхча, когаш кIелахь цхьа тIуналла хааелира. Ден куьйгех ша куьг Iоьттича – иза цIийша дуьзна дара. Ткъа, дIаедда, коре а яхана, шаршу ша дIаозийча, гиначу суьрто Iадийра йоI: хIара яхана лелачу хенахь хьаъа а вийнехь а, да вийнера.

Иштта дуьйцура декъаза, мискачу зудчо, амма цо дуьйцучух тешаш цхьа а вацара. Массара а, цхьаммо санна, чIагIдора: да Нонас вийна хилар, иза – давийнарг хилар.

БуритIехь, лахарчу базарахь, аннех лекха, гIапсу санна, меттиг а кечйина, цунна хьалха дIабуьйгIира – «эхье богIам» – аьлла, тIетоьхна у а долуш болу лекха богIам.

Адамаш цецдуьйлуш, тамашаш беш хьийзара оцу бIогIамна гонаха. Дукхах– берш кхеташ бацара и бIогIам дIабогIаран бахьанех. Цара хоьттура вовшашка, хьанна таIзар дан кечлуш бу бохуш.

ТIаккха цIеххьана адамийн тоба дIасаяьржира: «Ялош ю, ялош ю», – аьлла, маьхьарий девлира. Адамийн тобанна юккъехула схьайогIуш яра цхьа тамашийна ворда, цу тIехь букъ берзийна хиъна Iаш яра тутмакхийн оба а тIехь цхьа зуда. Цун-

на некха тIе оьллина у дара, «Давийнарг» аьлла тIеяздина а долуш.

Цо корта дукха охьаолларна, цуьнан юьхь-сибат къасталуш дацара. Зудчунна юххехиъна вара чалтач, цхьаъ а-м цуьнга баха а бохуш. ТIаьххьар а, собар кхачийначу цо, цуьнан корта нуьцкъала хьалаайбира, докъан санна, беса йолу цуьнан юьхь адамашна гайтархьама, барам боцуш хала бала хьегарна, цIаьрмата, эрчадаьлла дара цуьнан юьхь-сибат. Схьагарехь, башха кхетамчохь а яцара: чалтачо шен куьг дIадоккхушехьа, юха а некха тIе охьабахара кхуьнан корта.

Дечигах йиначу гIопастана тIекхоччушехь, зуда ворданна тIера охьаяьккхира. ГIопастана тIе а яьккхина, эхьечу бIогIамах дIайихкира иза.

– ДIадаха куйнаш! – аьлла, мохь туьйхира цхьаммо. Массара а коьртара куйнаш дIадехира, ткъа тIеман наха куьйгаш шайн хурашкийн лабанашна тIедаьхьира.

Аннийн гIопастана тIе а ваьлла, кхиэл дIайийшира чиновнико. Цу тIехь яздина дара: «Нона, цуьнан кхин цIе а ю – Нино, – давийнарг ю, иза гуттаренна а каторжни болх бан Сибарех йохуьйту», – аьлла.

Адамаш, меттах ца хьовш, дист ца хуьлуш, тийна Iаш дара. ЛадоьгIуш болчийн кийра цхьа гIайгIане сингаттам боьссира. Оцу тийна Iаш долчу адамашна юккъера гIопастана тIе велира цхьа мозгIар, Iаьржа оба а тIехь волу воккха стаг. Цуьнан карахь яра жIара. ГIайгIане, сингаттаме волу иза Нонина тIевеара. Вуьш берриш а юьстахбевлира.

– Нона! – аьлла, кхайкхира мозгIар. – Нона! – зудчун куьг схьалецира цо.

Зудчо, ела а елла, корта хьалаайира.

– Хи лойша суна! – аьлла, дехар дира цо, йишхаьллачу озаца. Цунна хи делира.

– Сан йоI, дохкояла хьайн къиношна, паргIатдаккха хьайн са!

– Мича къиношна? – элира Нонас, халла бен ца хезаш. – ХIан... ас-м да вийний. Со юй давийнарг?

– Схьадийца соьга, дохкояла айхьа лелийначарна, ас Деле доIанашца доьхур ду хьуна къинтIеравалар.

– Схьало соьга жIара! – Куьг дIа а кховдийна, еза-сийлахь жIара схьаийцира цо. Иза шен бета тIе а яьхьна, шен кхачалуш лаьттачу ницкъаша шега мел ойъуьйту лакха хьалаайира цо корта.

– Лекхачух, дерриге Гушволчух, дерриге Хуушволчух ас дуй боу, хIокху Делан жIарина хьалха ас дуй боу, сайн сийх ас дуй боу, Иагон сийх ас дуй боу шуна, – бехке ма яц со! – аьлла, мохь туьйхира цо. ЖIара карахь йолу куьг охьадахара. МозгIаро схьаийцира жIара. ТIаккха, тIе а веана, зуда дIаяьстира чалтачо, хадийна хIума санна, бIогIаман юххе охьаюьйжира иза.

– ДIайижначу хьайн гIарбашан сапаргIатдаккха ахь, хIай Дела, – аьлла, доIа дира мозгIара.

БIаьрзе хилла, бала хьегна, эхьо а, гIайгIано а дерина, цистинчу Нонин даге ца ладелира тIаьххьара тохар – иза дIаелира...

Хьан вийна техьа Нонин да? Iедалан дайша давийнарг Нона ю аьлла дIакхайкхийра. Халкъ цунах шеко йолуш дара.

ШолгIачу дийнахь шеца Гиргол а волуш цIехьа юхавогIуш вара пурстоп. Башха кхо дин боьжна йолчу гIудалкха тIехь, селхана хилла гIуллакхаш а дуьйцуш, хьуьна юккъехула схьабогIуш бара уьш. Гиргола доцца а, дог ца догIуш а жоьпаш лора пурстоьпан хеттаршна. Нонина тIехь къизаллин кхиэл ечохь хIара ша а хиллера, хIинца кхуьнан дагчохь меттахъхьуьйш дара эхь-бехк. Нонин юьхь-сибат хьалхахIуьттучура дIа ца долура, синтем байъинера цуьнан, худавелла, бос байна вара иза.

– Цомгуш-м вац хьо? – хаьттира цуьнга пурстоьпо.

– Дика могуш вац со, шелвелла со.

– Шек дIа ма вала хьо, вай дIакхаьчначул тIаьхьа юнкеран дарж лур ду хьуна.

– Хьан диканах ма воккхийла со! – элира цо дегаза.

И шиъ, юх-юххе а хиъна, вогIуш вара, ткъа гIалагIазкхий говрашкахь хьалхахьа дIаоьхуш бара.

ЦIеххьана топ елира, даьндарго Iовжийна пурстоп гIудалкха тIера охьавуьйжира. Кхечу дIаьндарго лен чов йира Гирголна.

ХІара-м со, Къоба вай! Иагон чІир ю шуна ас йоькъург! – боху мохь хезира царна хьуьна юккъера схьа, ткъа ша и мохь тоьхнарг ларйоцуш къайлавелира. Вийна пурстоп а, чов хилла Гиргол а Степанцминде дІаваьхьира. Гиргола оцу сахьта шена тІе валавайтира мозгІар.

ТІевеана мозгІар хІара къинойх цІанван кечвелира.

– Къинойх цІанван хьакъ вац со, мозгІар! Пурба ло суна цкъа хьалха сайн къинош хьайна дийца!

Цо дийцира, Нона шена ерзорхьама, ша Иагона харцмотт тохар.

– Ткъа хІинца а... хІинца а ас хІаллакби-кх Иаго а, цуьнан накъостий а. Ас айса вийна Нонин да, бехк цуьнан йоІана тІе а бохуьйтуш... Дехьа, мозгІар, сан динан да, са синна тІера ламазаш, дехьа ламазаш... – бохура меллаша, йишхаьлла волчу, лешволлучо...

– Массаьрга а дІахаийта ахь Нонин да ас вер. Оцу хьокъехь массарна а хаьийла лаьа суна. Иаго а, цуьнан доттагІий а чохь болу цІа цІе тесна даго долийча, кхин дан собар а ца хилла, Нона йолчу дІахьаьдира со. И шиъ ший а, да а, Нона а дижина Іуьллуш дара. Сан цкъа ойла хилира и шиъ ший а ден, амма тІаккха ойла керчира сан, сихха йийна дІаяккхар – цо соьга мел хьегийтинчу балина тІера чІогІа кІезиг таІзар ду иза. Суна езара Нона... АхІа-хІа... мел чІогІа езара суна иза!.. Цо юхатуьйхира со, кхин везара цунна... Сан дозалла сийсаздаьккхира цо... Дерригенна а тІера цунна бекхам бан лууш вара со... Ас цуьнан да вийра, бехк цунна шена тІебахийтархьама... Даим а баланаш ас цуьнга хьегийтича, сайн са паргІат дер ду моьттура суна. О-о, иза хилац! Ца карий суна сайна синтем! – ГІайби тІе дІакхийтира иза, луьйчура а соцуш.

– Хьовсийша, дІо вуйца иза! – аьлла, цІеххьана мохь белира цуьнга. – Нонин да! ОьгІазаллица бехк кхийдош хьоьжуш ву, хьоьжуш ву!.. Ма хьежахьа соьга иштта, ма хьежахьа, лалац соьга!..

Кхетамчура велира иза. Амма кестта юха а саметтавеара.

– Мел балехь ву со, хІай сан Дела! Мозгlар, цІанвехьа со къинойх, хьакъву хьуна со къинойх цІанван.

МозгIаро цуьнан бете баьхьира къинойх цIанвеш долу хи чохь долу Iайг.

– ХIан, дIамала, сапаргIатверву хьо!

– МозгIар, сан дика Дела. Делахь-хIета, гечдийр дуй суна? – аьлла, Iайгана тIекхевдира Гиргол, амма кхин гIора а ца хилла, назбарна тIе дIавуьйжира иза: – Нона! ГIалахI!.. ГIо дейша... гIо д...– леш воллучу цуьнан багара харр а деш, тIаьххьара дешнаш девлира, ша Iуьллучохь, дегI дула а делла, саделира цуьнан.

ЦИЦИЯ

Аьхкенан декхна де дара. БурсачIира-ломан басенца Iахарий ловзу долчу гIорийначу ламанан баххьашкахьа даьржина дежаш дIатеIаш кIайн жа дара. ХIетта юьхь тIе чо бала болабелла волу къона жаIу лекхачу ламанан буьххье тIе а ваьлла, цигара дIахьоьжура шена дукхадезачу доьхнига.

Лахахьа дукъ таьIна йолчу, шиъ–кхоъ чаккхарма хиллал йолчу арена тIехула, лаьхьа санна, чIуг етташ, охьадоьдура ламанан шовданан хи. БурсачIира-ломан шолгIачу агIорхьа баьццара хут санна аре яра цхьайолчу меттигашкахь гунийн цхьабосса боцчу могIанца а, цхьацца йолчу меттигашкахь берзинчу бердашца а кхачалуш. Цхьацца нхьа охьаIенаш догIуш долу, шурин чопа санна, кIайчу шовданан хи, хьерадаьлла экха санна, бердех детталуш, кегийра дерз хуьлий гобаьккхина гонах даьржина охьаоьхура.

Юкъ-юкъа байн мох хьокхура, малхо йохйина йолу меттигаш шел а еш. ЦIанъеллачу стиглахь цхьана метте сецна гуш яра морханан жима кийсак, цкъацкъа бIаьргана гучуьра дIа а йолуш, юха а кхечу суртехь гучу а йолуш.

Стигалахь цхьана метте гучуделира накхармозан барамехь Iаьржа гIаларт, цхьа кIеззигчу ханна, Iадийча санна, меттах ца долуш сецна долу.

ЦхьакIеззиг хан яьллачул тIаьхьа и Iаьржа гIаларт стигалахь меттах а даьлла, аьрзун суьртахь декаш гучуделира. Шен нуьцкъала тIемаш а даржийна, сакъоьруш готуьйсура цо. ЖаIу чIогIа тидаме хьежа волавелира цу готуьйсучу олхазаре. Иза хьоьгура цхьаннан а лаамехь а доцуш цуьнан пагIатхиларх.

Оцу миноташкахь Бежияна, – иза жаIуьнан цIе яра, – шен даго хьоьхучу дуьненан муьлххачу а маьIIе кхачархьама, олхазар хила лаьара. Ткъа цуьнан дагна луург цхьаъ дара: ша виначу юьрта а вахана, лакхара охьа а хьаьжна, шена дукхаезначу Цициях бIарг тоха а, цуьнца цхьаьна цхьанхьа генна, адаман

аз цахеззе кхача а. Бежия шен ойланашка вахана Іачу заманчохь, аьрзу цІеххьана, ширдолагца кхоьссина йогІу хІума санна, лаьттехьа охьа а хецаелла, Іаламат чехка цхьана хІуманна чухьаьдира. Цу агІор дІахьаьжначу жаІуьнна гира кхераелла пхьагал; шен лергаш дуьххьал ира а доьгІна, шен дегІ дадийна, кІелхьараяла коьллаш йолчухьа дІахьаьдира иза.

Темина йолу аьрзу пхьагална жимма генахула шен болчу ницкъаца лаьтта тІе кхача йоллалц охьалахъелла, шен ижуна чухьаьдира, цхьана минотехь цунна герга а кхечира иза. ТІе а кхиъна, шен мІараш йолу когаш баржа а бина, оцу минотана гІодаюккъера схьавалаца ойла йира цо, цІеххьана петоьхна дІакхоссаеллачу пхьагало уллохула тІехтилийтира аьрзу. Сов нуьцкъала чехка тІехьадар бахьана долуш, саца а ца елла, гена елира иза.

Бежия гІадвахана дог детталуш хьоьжура хІокху суьрте, даггара дезалора цунна олхазарийн эла йолчу аьрзун чехкаллий, кураллий, цуьнан хьуьнарх юьзна хиларрий, амма пхьагалх къа а хетара цунна, цул совнаха и пхьагал Дала кхоьллина гІийла хІума ю, бохуш, ойла а йора цо.

Мацца а жима экха шен мостагІчунна кара ца доьдуш кІелхьарадаьлча, Іадийча санна, Іаш волчу жаІуьно паргІат, доккха садаькккхира.

Амма Бежиян воккхавер дукха гена ца делира, хІунда аьлча аьрзу шен цІийх дуьзна бІаьргаш а ирдина, юха а шозза алсамъяькккхинчу карзахаллица а, чехкаллица а чухьаьдира цунна. Чехка тІекхиира иза хьалха ша хІоттийна йилбазалла хІотто дагахь долчу жимачу экханна, амма басах хьалахьаьдча, гІодаюккъера нийсса аьрзун когийн мІарашна юкъаяхара иза. Цо чІогІа Іовдарна, цІовзарца цхьаьна садаьлла йисира пхьагал.

Кураллица пхьагал лакха хьала а яьхьна, лаха, лаьттарчу меттигашка хьаьжира иза. Юха шен ижуца охьа а сана, иза охьа а йиллина, цунах зІок етта хІоьттира аьрзу.

Бежияс, катоьхна шен топ схьа а эцна, тебна герга а вахана, Іалашо а лаьцна, топ тоьхна коьртах ши дакъа а деш, карчийна дІаяхийтира аьрзу.

– Э– э!.. Иза а, хьо а дIаели! – аьлла, мохь туьйхира цо, кIур оьхуш йолу тоьпан юьхьиг шегахьа схьа а ерзийна. Цул тIаьхьа меллаша шен чоин тIомах кийсиг а яьккхина, меллаша тоьпан чIу схьа а баькхина, топ цIанъян хIоьттира иза.

Оцу минотехь и гIуллакх кхочушдина а валале, лома тIехьара бетта мохь хезира цунна:

– ХIей кIант, хIей кIант!

Бежия цецваьлла цигахьа дIахьаьжира. Лома буьххье лаьттара вуьрхIитта–берхIитта шо хир долуш йолу йоI шен хазалло муьлхха а дог карадерзо тарлуш йолу.

Бежиян юьхьанца бос байра, юха а бос цIийбелла дIахIоьттира цуьнан, шен саметтадеача, йоIана дуьхьалволавелира иза.

Мацца а жаIу гергавахча йоIа кочара лежиг схьа а даькхина, махо шуш деш санна, гIийлачу эшарца элира:

– Ас делкъанна юург еана хьуна.

Бежияс цуьнан карара лежиг схьаийцира, амма лаьтта бIаьра а хьоьжуш, йоIе дIа ца хьожуш, вист а ца хуьлуш вехха лаьттира иза.

– Дадас доьху хьоьга, къаьсттина Iахаршка хьажар а, йовхонна уьш кIел ца дисийта ломан Iиндагla долчухьа уьш лахкар а, – элира йоIа.

– Дика ду, – аьлла, халла вистхилавелира жаIу, уьш вист ца хуьлуш сецира.

– ХIинца со-м дIайоьду, дахьийта хабар-хIума дуй хьан? – аьлла, хаьттира йоIа.

– Ирс доцу сан корта! – аьлла, сихвелира Бежия. – Стенга йоьду хьо? Собар дехьа! Жимма садаIахьа! Гезарий узур ю...

– Ца оьшу, дагIур ю со.

– Ма гIохьа, Циция, ма гIохьа, цхьажимма собар дехьа, цхьаьна хIума юур ю вайша.

– ХIун дийр ду ас, сиха ю-кха со! – ХIинца а хьалхе ду. ЦIа яха-м кхуьур ю хьо, – элира, хьесталуш, жаIуьно.

Цицияс дуьхьал хIумма а ца элира, иза меллаша баца тIе охьахиира. Бежия воккхавеш, вахана катоьхна кхаба схьа а эцна, гезарий оза дIахьаьдира.

II

Цициян да КоргIакъа хьал долуш стаг вара; цуьнан ши эзар хиллал жа а, цуьнга терра маIаш йолу даккхий даьхни а дара, амма ахар, ялта дер башха дукха лелош вацара иза, делахь а дика вехашший, хьешана дика хьошалла дан таро йолушший вара.

КоргIакъа, ламанан нахана хетарехь, дика ирс долуш стаг вара, хIунда аьлча къаьсттина хало ца гора цунна, цул совнаха, шен таро йолуш хиларо бакъо лора цунна массо а тайпана долчу гIуллакхашца тоьлла хила, амма ша КоргIакъас, цкъа йина ца Iаш, дукхазза а ойланаш йора, хIунда аьлча шен тIаьхьенах шен цIар тIехь виса, шен хаза Циция йоцург, кхин стаг цахиларна. Ткъа йоIах хIун тIаьхье хир яра, иза «нехан кIанте» маре яха езаш хилча?

Цундела ламанхочо кху кепара ойла йора: мацца а и докъазалла коьртера дIаайалург ца хилча, цо шен йоIана тIе нуц вало веза, цуьнца а, цуьнан хьолаца а товш а волуш, дикачу тайпана а волуш волу стаг. Нуц вина тIевалош верг дика таро йолуш а хила везара, таро яцарна ийзалуш цалелархьама.

КоргIакъана дика хаьара, массарна а чул сов халой, бакъояцаррий таро йоцчух Iотталуш хиларрий, хьал долчу стаге мичча хена а шен корта кIелхьарабаккхалуш хиларрий.

КоргIакъана и дерриге а шена гина хиларна хаьара, цундела ца лаьара цунна шен йоI муьлххачу а стаге а яхана, къоьллий, халой хьоьгуш лелар.

Ткъа нуц мила харжа везара? Дера везара хьал долушший, ницкъ болушший верг харжа. Цо билгалваькхира иштта ниг – шен лулахочун кIант Махьта. Схьагарехь, йоIа кхин дагалоьцура, нагахь мацца а, дас шеца маре яхарх лаьцна къамел долийча, Цицияс, цIий а лой, корта охьа а бохуьйтий, олура:

– ХIан-хIа, дада, цкъачунна маре яха ца лаьа суна!

– ХIунда ца лаьа хьуна? Бахьана соьга дуьйцург хир ду ахь?

– Хьоьца Iен лаьа суна, – олий, хьасталуш коча хьерчара Циция.

Йоьlан доза доццуш шена тlерахилар гарца, ирс долуш хиларций, резахиларций велакъежара КоргIакъа.

Йоl хьастаяларо кlадвина волу иза вист ца хуьлуш дlатуьйра, ткъа маре яхаран хьокъехь долу къамел де-дийне мел дели тlаьхьатоьттура.

III

Гуттар а санна, денош дlаоьхура. Мухха а, цхьана сарахь, малх чубузучу хенахь, КоргIакъа шен цlийнан неIарехь, шерачу тlулга тlехь охьа а хиъна, чlешалг и хьоькхуш Iара. Цунна хьалха лаьтташ вара коьрта жаIу. Цо хlетта дийцира хlусамдега, ша керла жаIу хlоттийна хилар.

– Цуьнан цlе хlун ю? – аьлла, хаьттира КоргIакъас.

– Бежия ю, – аьлла, жоп делира коьртачу жаIуьно.

– Дика Iу вуй и?

– Iахарах жий, Iахарий вовшех къасто хуур долуш, дика жаIу ву иза.

– Мича мехах вогIу иза?

– Шовзткъа уьстагI боьху цо.

– Мах-м дукха бац, нагахь иза вайна мегаш хилахь! – аьлла, ойла йира жен дас, кlеззиг вист ца хуьлуш а Iийна, тlетуьйхира цо. Схьакхайкхал цуьнга со волчу!

Масех минот яьлча, юккъехь теш а волуш, сацам бина белира. Бежияс, догIуш а ма хиллара, договор чIагIдарна сом делира.

– Циция! – аьлла, шен йоlе кхайкхира КоргIакъа. Иза неIарехь гучуелира. – Керла Iу хlоттийна вай. Къаьркъа да вайна, цуьнан могашаллина тlера мала деза вай!

Iуьне хьаьжира йоl, цlий а елла корта охьабахийтира цо. НеIсагIа лаьцна дIа а хlоьттина, йист ца хуьлуш сецира иза.

Бежия а хьаьжира йоlе, цуьнан малхо ягийначу юьхь тlе цlен бос хьаьдира. Цо а охьабахийтира корта.

– Йоl, хlун хилла хьуна, ца хеза хьуна? – аьлла, хаьттира дас.

– Хlинцца, хlинцца, – аьлла, жоп а делла, йоl цIа чуьра арахьаьдира. КоргIакъассий, коьртачу жаIуьной, Бежияссий,

тоьшаллина валийнчу лулахочой вовшийн могашаллина тІера муьйлура цІахь даькхина къаьркъа.

Циция, стоьла юххе, йист ца хуьлуш тийна лаьтташ яра, шен цІийелла юьхь лахха охьа а оллийна; цо хьешашна къаьркъа дуттура, юкъ-юкъа чехкка церан бІаьра а хьожуш, цу сохьта юха а лаьттан бІаьра а хьожуш.

Мацца а дуург-мерг диъна а, гІеххьа маларх кеп хилла а бевлча, КоргІакъас мохь туьйхира:

– ХІан-хІа, Бежия, ас, далла хьалха санна, боху хьоьга, ахь хьанал болх бахь, ас алапах тешна а вуьтур вац хьо, хьегначу къина баркалла а эр ду хьуна! Хьайбанан бийца мотт бац, – иза Іалаш ца дан а мегар дац!

– Иза-м хІунда дуьйцура, хьайба Іалаш ца дан-м маггане а мегар дац. ЙолбІаьрг санна лерина лардийр ду ас иза. Оццу минотехь цхьа воккха стаг тІевеара, царна лохха корта а таІийра цо.

– Суьйре дика хуьлда шун! – аьлла, маршалла хаьттира цо. Цигахь болучара, хьала а гІевттина, маршалла схьаийцира.

– Оха доьху хьоьга тхоьца охьахаар! – аьлла, ХьошалгІа вийхира КоргІакъас иза. Воккха стаг, баркалла а аьлла, охьахиира.

– Бежия, хьо кхузахь хІунда ву! – аьлла, жаІуьне хаьттира воккхачу стага.

– Жа лело веана, суна жена Іуналла дан хІоьттина иза, – аьлла, жоп делира хІусамдас.

– Дика ду, дика ду, – аьлла, дІадахдира воккхачу стага, – дика Іу карийна хьуна...

Дукха ца Іеш Бежияй, коьрта жаІуй жа тІе вахара.

Теш а, хІусамден Іодика а йина, дІавахара, цуьнца цхьа воккха стаг висира.

Цара бахаман гІуллакхех лаьцна, йол хьакха маца йоло еза а, иза кхин тІаьхьатетта мегарг цахилар а, буц сов лакхаяьлла дІахІоттар а дийцира. Чу а еана, Цицияс хаьттира, хІумма а оьший, аьлла.

– Марша-могуш хилда хьо, Циция! ХІун хьал ду хьоьгахь? – аьлла, цуьнга дІахьаьжира хьаша.

– Ваша, хьо а вехийла марший, могашший! – аьлла, лохха корта а таIийна, араяла кечъелира Циция. Воккхачу стага, куьг а лаьцна, шена герга а оьзна, сацийра иза.

– Собардехьа! Стенга яха сихъелла хьо? – аьлла, кIедамерза цуьнга хьаьжира иза. – Ламанан зезаг санна кхуьуш, хазлуш, хестош ю хьо... – ТIаккха хIусамдена тIе а вирзина, элира цо: – Хаза мегачу метте маре хIунда ца йохуьйту ахь иза? Маре йоьду хан йолу йоI маре ца йохуьйтуш сецор, делора къилахь ма ду!

Маре яхар ма хьаххий, йоI, цIий а елла, цуьнан карара шен куьг схьа а даьккхина, сихха арахьаьдира.

– ХIун дийр ду ас, диканиг, ас бохучуьнга ла ца дугIу цо, ца лаьа цунна маре яха, – элира КоргIакъас. – Ахь алахьа цуьнга, ахь бохучуьнга ладогIа а мегара цо.

– Массо а йоIа а олу маре гIур яц-м! Ткъа ахь цуьнга цавезачуьнга гIо боху хир ду.

– ХIан-хIа, хIан-хIа, и хIун ду ахь бохург? Цо ша хоржунда-шена шена веззарг. Бакъду къечуьнгий, тайпа кIезиг долуш волчуьнгий, цIийнан хьал ца хуучу стагей-м лур яц ас иза...

– Хьал кIезиг ду хьан ткъа, КоргIакъа, кхин а хьал гулдан стенна гIерта хьо? Дала доллу хIума а делла хьуна, кхин а цу тIе хьал деза хьуна?

– ХIун дан деза ас, диканиг, сан-х и цхьа йоI бен хIумма а дац, къен, кIелвисна нуц сайн цIен тIе вига йиш яц сан. Иштташо цIа а Iалашдийр дац, йоIана, мисканна, ирс а лур дац...

– КоргIакъа, стаг лахал ахь, стаг! Хьал ма леха!

– Далла хьалха къинош муха латор ду... ДоттагIий сан дукха бу, кест-кеста хьеший хуьлу, – диамбег-эла я муьлхха а цхьа кхин начальник, – берриш а со волчу богIу... Массарна а дуьхьалвала а, маршалла хатта а деза... Къехочун ницкъкхочур буй и дан?

– ЭхIе! – аьлла, доккха садаьккхира воккхачу стага. – ЙоI маре муьлхха а диамбегаш тIеэца ца ло. Нехан хьайх белам ма баккха! КоргIакъина эхь хетара муьлххачу стаге йоI маре яла, хIунда аьлча диамбегашна комаьрша хьошалла дар цкъачунна дуьззина дIадаьлла далаза дара цуьнан дагчуьра,

цундела шен нуц хьалдолчу нахах хила веза, бохура цуьнан даго.

– Ткъа ахь мукъана а алахьа, мила ву иштта хьан даго къастош верг?

– Мила ву?.. Цунна хIун хаттар оьшу?.. Хьайн бIаьргаш а беллий, дIасахьажа гонах, гур ву хьуна, – аьлла, оьгIазвахара воккха стаг. – Лаахь Бежия а ву хьуна, тахана ахь же хIоттийна волу жаIу.

– ХIун бахара ахьа-а? – аьлла, цецваьлла КоргIакъа хьалаиккхира. – Ялхочуьнга ло боху ахь соьга сайн йоI?

– ХIунда ца ло ахь? Делора, дика кIант ма ву иза, белхан сгаг ву, гIиллакхе, оьзда, майра, хьанал, тешаме стаг ву, кхин хIун оьшу хьуна?

– Сискал бахьанехь, нехан неIар тIехула лелачуьнга ло бах ахь иза?

– Дика ду, КоргIакъа! Эрна къамел дар дита... ХIун башха ду, нехан неIар тIехь а я шен цIен тIехь а къахьегчахьана? Хьацархо болх бан кхоьллина ву, ши куьг а сацийна Iийр вац.

– ХIан-хIа, диканиг, ахь цу тIехь хIумма а ма ала соьга! Ялхочуьнга маре лучул, сайн куьйгашца дIаюллур яра ас сайн йоI!

Цу дешнашца цхьаьна царна хезира кетIарчу гIопан неI цIевзаш. Къамел деш берш дIахьаьвсира, церан бIаьрг кхийтира къаьсттина лепачу кучан юхах.

IV

Циция гIопан неIар тIехьа лаьттара, ладоьгIуш лаьттачу цунна хIор дош а хезара. Дог чIогIа деттадаларца хьоьжура иза шен ирс-аьттонан цара бечу хадаме. Ден тIаьххьарчу дешнаша холчухIоттийра иза. Когаш тIехь халла латталора. Йовхо, шело хийцалуш егайора иза, цигахь неI дуьхьал ца нисъеллехь охьаюжур йолуш.

Цхьана минотехь хьаьжжинчохь йисина йоI сихха кхетам чу еара, дог кхехкаш долчу цуьнан бIаьргех хин тIадамаш дуьйладелира.

Ция, Бежия вовшийн деза дуккха а хан яра, делахь а герггара девзина дацара, амма церан дегнаша кхетош дара, шаьш вовшашна кхоьллина хилар а, вовшашна цкъа а ямарт хирг цахилар а.

Церан цу гIуллакха тIехь къамел хилла а дацара. Безам хоттабеллачу дагна хаьара вовшийн ойла хоттаелла хилар. Вовшашка тухуш болу бIаьрг а кхечарна ца хууш буьсура, амма царна ма хеттара, хаттарна дуьхьал долчу жоьпан хьесапехь билгала къамел хуьлура цунах. Бист ца хуьлуш, кхечарна ца хууш дIасахуьйцуш йолучу ойлано чIогIа хьоьстура уьш, ишта кхерам боцуш, оццул самукъане дегайовхо гойтура, ца луъушехьа вовшашкахьа уьйзуьйтура, вовшийн лоьхуьйтура.

Дерриге а хьекъал, дерриге а са, дерриге а дог, йоьIан дерриге а дегI ша цхьаъ бен боцчу лаамо дIалаьцна дара – дагна дукхавезачуьнца цхьаьна хилар даиманна а цунна хьалха, бIаьргашна хьалха хьоме сибат лаьттара, цуьнан дагна везнарг, цуьнан дог хьоьстург, ца хийцалуш цуьнца хуьлу, йоккхаейо иза, цо хIор дийнахь йогуш сатуьйсура шаьш цхьаьнакхетаре, цуьнга шен кху кепара ала йиш хиларе: «Со хьан ю!..» Везан Дела, мел доккха ирс хир ду иза! ЦIеххьана некъана пурх дуьхьалхIутту-кха зуламе ницкъ – нехан лаам, нехан хийра бакъо, дахаран дерриге а ирс шех дозуш йолу. И ницкъ новкъагIортар, зуламе йолчу дог-ойланах иза кIоршаме хьакхабалар гар... шен лергашна кхел хазар... Везан Дела, цуьнга ладогIа мел хала ду-кх! «Сайн ялхочуьнга маре лучул, айса сайн куьйгашца дIаюллур ю ас йоI», – боху ден дешнаш шена хезча, Цицияс лайра и хало а.

Ция йоьлхуш нари тIе охьаюьйжира. Иза ехха а, къаьхьа а йилхира, оьгIазечу сацамах юьзна йолу иза цIеххьана хьалаиккхира.

– Дика ду, иштта делахь, хьовсур вай, ахь со хьаьнга лур ю! – аьлла, мохь туьйхира цо.

Нийсса оццу дийнахь, лам тIехь гуш яра Ция. ЙоI цига кхачале, Бежияца цхьаьна кхиъна волчу кIанта, шен доттагIчуьнга, докъан басахь волчу жаIуьне дийцира шен да Бежияна Ция еха вахаран хьокъехь.

– Сан да, – бохура цо, – мухха а ахь тIедиллина долчуха, вахара КоргIакъа волчу. Дуьххьал хьуна аьлла-м ца йийхира цо йоI, делахь а иштта хеттарш да волавелира иза.

– ТIаккха? – Собар доцуш хаьттира Бежияс.

– Ялхочуьнга лур яц ша шен йоI, аьлла цо. Iадийча санна, лаьттачохь Бежиян куьйгаш охьадахара.

– Лур яц ша, – эли бахара цо? – аьлла, хаттар дира цо. СоцангIа а хилла, тIаккха тIетуьйхира. – ХIинца хIун дан деза ас?

– Тхан дас бохура, кхера ма кхера, хIун хаьа, иза тIевоьрзий а.

– Дерриге а эрна ду. ХIуммано а гIо дийр дац. КоргIакъа, мокхаз санна, чIогIа амал йолуш стаг ву.

– ХIунда гIелвелла хьо, миска! Дас дуьхьало яхь, ядор ю вай, и ша-м йогIур ю хьоьга?

– Суна-м ца хаьа...

– Ахь хIинца а йоIаца дийца а ца дийцина?

– Ца дийцина.

– Иза хIун ду ткъа! Мича захалонан хьокъехь ду ткъа къамел?

– Суна-м ца хаьа, хIумма а ца хаьа суна... Иза дукхаезаш, леш воллу со, иза йоцуш вахалац со... Цул сов кхин хIума ца хаьа суна.

– Хьекъале хила, хIун ду ахь дуьйцург? – Дог чIагIде, Бежия, и йоI кхуза хьалайогIур ю, жаIушна яахIума кхоьхьуш ю иза, цуьнца къамел де, иза тIетовш хилахь, кхин дерг атта ду, делора, дерриге а ваьш нисдийр ма ду вай!.. ХIан-хIа, хIинца со а дIавоьду, жа а тIехь да воцуш дитина дара сан... Къонах волчу стеган стогалла гуш хила еза, дог доьхна ма хила.

Накъосташа сацам бира, йоIаца долу гIуллакх, дерриге а йоIах дозуш хилар, да юхъхьаваларх, цкъачунна догдиллар бен кхин хIума дац, аьлла, дIасакъаьстира и шиъ.

Нийсса хIара хан яра Бежияй, Цицияй вовшаххкетта хан. Бежияй, Цицияй карахь дечиган кедаш а долуш охьахиъна Iаш долуш дикка хан елира, меллаша тIера Iаь а гIуьттуш, чопа хIоьттина йолу керла яьккхина шура муьйлура цара; хьалх-

хахь даржина долчу лежиг тIехь Iоххуш бара керла беттина можа сискалан межиргаш.

Делкъанна юухIума юура цара, амма ма дара церан делкъанна хIумаяар а! Муха хIумаяар хир дара церан, мацца а безамах дуьзна долу ши дог цхьаьнакхетархьама, вовшашна тIеуьйзуш хилча?

Цара молура шура, цара юура хIума, амма ге дузорхьама ца юура, мала а ца молура: и шиъ цхьана ойланах дуьзна дара, цхьана лаамца уьйр тасаелла уггаре боккха безам вовшашка кхоллабелла дара. Вовшийн хьокъехь бен кхин ойланаш дагчохь йоцуш долчу цу шинна, хан дIа муха йоьду ца хаьара. Ткъа хIара шиъ иштта Iаш дикка хан дIаелира. ТIаьххьара а Бежияс меллаша элира:

– ЙоI! Баккъал хьан дас ца дойца и захало? – ГIийла гIелъелла, корта охьаоллийра Цицияс, кад охьахIоттийра цо дегочу куьйгашца, шен партукан тIам хьала а тесна, детталуш долчу даг тIе баьхьира цо иза, сацо гIерташ санна.

– Сан хьоменига, алахьа деллахьа...

– Баккъал а дара дас аьлларг, – меллаша жоп делира Цицияс. Бежияна шийла хьацар туьйхира дегIа тIе, тIех сихвелла элира цо:

– ХIета ас хIун дийр ду, мича эккха со хIинца?

– Ядаехьа со, къайллаха, – юха а меллаша жоп делира йоIа.

Бежия дуьххьалдIа Iадийна висира цу дешнаша. Амма, бакъду, ядо дагалоьцуш-м ша а вара иза, делахь а тахханалц вацара иза цунах дог тешна, йоIана ша везаш хиларх тешна. Тахана, дуьххьарлерчу дешнашца йоIа кIант шена везаш хилар ша схьахаийтира.

– ХIун? – хаьттира цо вега а веш, серлабаьллачу бIаьргашца хьоьжура иза. – Ахь хIун бахара?

– Ядаехьа со, – юха а сацам боллуш, шеко хуьлийла йоцуш, шен дагахь дерриг схьаэлира Цицияс.

– Делахь везий хьуна со, везий хьуна? – элира Бежияс, ша дечух дика кхеташ а воцуш, дегош долу куьйгаш, йоIехьа а кхийдош. ЙоI Iадда Iаш яра, меттах а ца йолуш, дIа а ца къаьхкаш.

– Алахьа, алахьа, деллахьа, – бохуш, хьесталора Бежия, йоI шен некха тIе а ийзош.

ИоI, жоп даларан меттана, меллаша цуьнан бIаьра хьаьжира, цхьана бIаьрган негIар туххучу юкъана.

– Сан хьомениг, хаалахь сан дерриге а дахар хьайца дозаделла хилар, хьо йоцуш иза хирг ца хилар! – аьлла, мохь туьйхира Бежияс, собар доцуш шен куьйгашца йоьIан куьйгаш а лоцуш.

ЙоIа дуьхьало ца йора, дагна гергга тIегIертара иза, шинна а цхьатерра дагах летта цIе яра царна, шинна а дагахь берг цхьа лаам бара, ший а цхьана ойланца догуш дара. – И ойла яра вовшийн цхьаъ хила резахилар, цхьаммо вукхунна чу шен са дилла, шина дагах цхьа дог а дина, вовшахдала, къаста йиш йоцуш хилла дIахIоттар.

Иштта дерриге дицделла Iачу кху шинна сихха тIекхечира суьйре, схьакхеттачу батто серлаяькхира, тIаккхий бен саметта ца деана хIара шиъ кхийтира шаьшшиъ хьеделла хиларх.

Циция сов хьелуш яра. Цуьнан хьеяларо билгало йоллуш лоьхуьйтур яра дега йоI, цуьнан цIе а вочу агIор йоккхуьйтур яра, цул совнаха, дерриг а тайпанна а, йоI цIанлур йоцуш, эхь тIедогIур дара, делахь а дагна хеталора: хIун гIуллакх ду нехан, безамах дуьзна долчу кху шиннан хьокъехь кхиэл ян, мацца а йоI везаран карахь хилча, нагахь иза кхана кхуьнан майра хирг хилча, церан безам догцIена хилча, мискъал-зарратал хьарамло йоцуш и безам хилча? ХIунда буьллу бехк, хIунда лору эхье царна оццул вовшийн дезар? Ткъа бовхачу, даггарчу безамо-х дерриге а дицдо, иза-х мел доккхачу, дагахь а доцчу хIуманна хьуьнаре хуьлу.

VI

Садайра, КоргIакъа иттазза а аравелира, Циция схьаян езачу ламанан агIорхьа дIахьоьжура иза.

Юха а реза воцуш, туй а кхуссий, олура цо:

– ХIун хилла теша оцу декъазчу йоIана?

КоргIакъа тIаьххьара а аравелира, тIаьххьара а дIа-

хьаьжира ламанан готтачу некъе, гIайгIане хилла корта охьаоллийра цо. Цунна хаьара, йоIана хIуъу а хиллехь а цхьа хIума хилла хилар: ден дагчу хIуьттура эзар бесара сингаттаме ойланаш, шеконаш, гаттонаш, халонаш. Да холчухIоьттина бIарзвеллера, амма делахь а шен дагчуьра гIайгIа ца ялхо, йоI хьеялар цхьаьнгга а ца дийца сацийра цо.

Иштта гIайгIане волуш чувеара иза, чехкка топ схьа а эцна, чапханан лерга кIел молха а диллина, меллаша ара а ваьлла, неI а чIагIйина, йоIана тIаьхьа ломахьа дIавахара иза.

ГIайгIане воьдура да, са хьалагIерташ, ойланаша кхехкош бара кийра, бIаьргашна хьалха хIуьттура ирча суьрташ: нахана хьалха ша юьхьIаьржачу хIоттар, наха вуьйцург хилар, дог къуьйлуш шад хIуьттура цунна, дегIана шийла хьацар деттара.

«Стенна хьеелла техьа йоI? ХIун хилла техьа? ЮьхьIаьржой?..»

«Кхана хуур ду дерриге а, ца олуш, ца кхуллуш хIумма а дуьтур дац, яла мукъане а ели елира иза, цхьанхьа бердашкахь, Iинах мукъане а яхаелира иза, сан гIуллакх дийца даккхале, сан цIийнан цIе йожале»...

Иштта ойла йора воккхачу стага, хIунда аьлча цIийнан цIе йожар кхиболчу массо а балел а тIех доккха хIума долу дела.

Воккха стаг «ЦIинтлован» готтачу новкъа дIаволавелира, оцу некъо иза вуьгур вара дуьххьалдIа, йоI хила хьакъ йолчу метте, цуьнан жа лаьттара оцу меттехь. Меллаша, цхьана эшарехь, дукха сих а ца луш, ида а ца уьдуш, паргIатчу боларца хьалавоьдура йоьIан да, амма чIогIа сема хьоьжура иза беттан серлонехь эзар тайпана сурт хIуьттуш долчу тIулгашкий, охьаохкаделлачу бердашкий.

Буьйса яра тийна, сецна, дийнан йовхоно дохдина хIаваъ хIинца а шелдалаза дара. Ламанах схьадуьйлуш охьаоьхучу шовданийн гIовгIа яра къаьсттина шатайпа хезаш, гонахьа набарца тийна йолчарна назманаш бохуш санна шайн мукъам а болуш. КоргIакъа шен вахарехь дукха хIуманаш лелийна, дукха иччархолла лелийна, дукха тIеттIа синкъераме суьрташ гина, ламанахь кхиъна вара, цундела цо тамаш ца бора

кхузарчу инзаре исбаьхьачу Iаламах, цуьнан акхачу хазаллех. КоргIакъа сиций, дагций поэт вара, цуьнца цхьаьна Делах тешаш а, динан гIуллакхаш лелош а вара.

Воккха стаг ламанан агIоне дIа а хьаьжна, цIеххьана сецира: бIаьргашна дуьхьалхIоьттира цунна нийсса лекха хьалахIоьттина берд, шен локхаллица а, нийсаллица а иза къаьсташ бара гергахула долчу кхидолчу бердел. Дуькъа дохк дара ламанна гонахьа хIоьттина, ломан бохь юккъехула дIахадош санна, лакхе гуш, лахахь дара дохк. Дахкарх уьйш яра беттан серло, лахахь чохь гуш хIумма а дацара, ткъа лакхахь стигла ирхдахана лаьмнаш а, ломан буьххьехь болуш санна хеталуш къега седа а гора. Ткъа цIеххьана дIахьажавелча кхунна гира цхьа седа бодуш, деха цIога а долуш, охьатIебогIуш санна, бIаьрга негIарг-тухучу сохьтана къайлабелира седа. Седа бодуш гар дика лоруш дац динехь, цундела КоргIакъана чIогIа ца дезаделира иза, кхеравелла шийла хьацар туьйхира цунна, лергаш чу зов а деана, коьртара массо а чо ирахIоьттира цуьнан, «ХIун бала тIебахьа теша кху седано?» боху хаттар дора цо ша шега. – ЦIеххьана кийра Iовжош бала хьаьдира, дог дохош, корта хьовзош йолу ойланаш яра дагчу оьхуш. Воккхачу стага коьртара куй а баькхина, ламаз дан куьг айбинчу хенахь, цунна: «бхIуу» бохуш, дека экха хезира. Дерриге дегI дегийра, коьртара куй охьабуьйжира. Юха а ека хезара бухIа. Воккха стаг кхеравелира, бухIанан тата хезча, цуьнан тата хазар массо а ламанан наха цхьа бала хиларна тIехь туьдуш дара.

– Дала дуьнен тIера а йойъийла хьо, – аьлла, КоргIакъа дIахьаьжира оцу метте, шена ца дезалуш долу тата хезначухьа.

Цхьана охьаоллаеллачу терхин сона тIехь къаьстира цунна бухIанан сурт, муьлхха а стигалан серлонгахь сурт хIуьттура; цуьнан инзаре боккха корта буьйсана шозза боккха хеталора.

Ламанхо ойла йоьхна, дог шелделла вара, гIайгIане дагца бухIана топ хьажийра цо, еххачу хенахь Iалашо а лоьцуш, топ тIехтиларна кхоьруш, нагахь топ ца кхеташ тIехтилар – иза тешам боллуш докъазалла коьртера дIаяларе дог дохийла йолуш дара.

Дикка Іалашо лаьцначул тІаьхьа, воккха стаг леррина пІелгаца чаппагІ тІейожо воьллачу хенахь, цІеххьана хезира юха а цадезалуш долу тата, оццу сохьтехь кхеравеллачу КоргІакъас топ меттах а йоккхуш ларамаза тІе пІелг а биллина лаг озийра, тоьпан хІоъ хІаваъ декош дІабахара. КоргІакъина хезира олхазар тІома долуш тата, цхьа минот яьллачул тІаьхьа гира цунна стиглахь тоьпан хІоъ ца кхеташ тІехтилла долу олхазар, кхераделла, тохарлерачул тешаме йолу меттиг лоьхуш лелаш.

Иза тІома дедира дехьарчу Іинехьа, топ дІакхочур йоцчу метте, юха а дог карзахдохуш дека хІоьттира олхазар. Воккха стаг-м, гІайгІане волуш, тешаш вара шен коьрте цхьа бала хьаьвзарг хиларх, цхьажимма тем хиллачул тІаьхьа голаш тІера охьавахара иза, догдоьхна гІелвелла волчу цо хІинца а догдохура Делан цхьана дикане, маликийн орцане.

Жимма хан яьллачул тІаьхьа мелла а саметтавеана воккха стаг хьалагІаьттира, доккха са а даьккхина, элира цо:

– ХІуъу а хилахь а, дерриге а – Делан лаам бу! – Юха а шен топ а юьзна, шен жен гІопа йолчухьа дІаволавелира КоргІакъа, маьрш-аьста дІа а кхечира иза, чудерзийна шен жа а, цигахь Іу а карийра цунна.

VII

Воккха стаг гІотана тІе хьалакхачале, Цицияй, Бежияй цхьа а стаг воцуш тийначу меттехь Іаш дара, буьйсанна гІеххьа тхи а тесна шелъяла йоьллера, Бежияс Циция кІорни санна, шен вертана кІел хьарчийра, схьагарехь, шайн дахарехь бухайисна ерриге а хан иштта яккха реза дара и шиъ, нагахь хІокху ирсечу гІуллакхана цхьаммо а новкъарло ца йичахьана.

ХІара шиъ иштта Іаш долчу хенахь, кху шиннан а бІаьрг кхийтира беддачу седанах, шинна а дегнаш тохаделира. «ХІун ду теша хІара, хІун дахьар теша хІокху тамашийна долчу кхолламан гІуллакхо?». Амма кхеран дегнаш хазахетарх, ирсах дуьзна дара, жималлой, безамой дахар кхин а дукхадоьзуьйтура царна, дерригенах а самукъадолура, дер-

ригено а ирс дохьур ду бохург хеталора. Оцу седанца цхьаьний шаьш декъалда Дала цверски малик охьадоссош санна хетара кху шинна. Ирсах юьзна Iаш йолу йоI, къевллина шен некха тIе а озийна, наггахь бен иза дIа а ца хоьцуш, йоIана дехха барташ дахура Бежияс.

ЦIеххьана цхьанхьа герз долу хезира. ХIара шиъ оцу сохьта хьалаиккхира, шаьш дицдаларна, юха саметта а догIуш, чIогIа эхь-бехк лаьцна дисира йоI а, кIант а. ЙоIана шен да дагавеара, Iуьнна дагадеара ша дIатесна жа, дола доцуш дитина хилла долу.

– Ой, ас хIун де техьа, ма хьеелла со!

– Сан диканиг! – олуш кIеда-мерза вистхилира Бежия. – ХIинцца дIагIур ю хьо, ткъа Далла хаьа-кх, кхин маца гур ду вай.

– Ма кхералахь, сан хьоменига! Со кестта юха а йогIур ю.

– Йоьллахьа, йоьллахьа, сан Циция, хьо яре хьоьжуш вакъалур ву-кх со.

– Дика ду, дика ду. – Циция дIаяха новкъаелира. Бежия цунна тIаьхьавала дагахь хилира, амма Цицияс иза сацийра.

– Ца оьшу, ма вола, со-суо гIур ю.

– Ахь хIун дуьйцу? Хьо дIаяха кхоьрур яц хьо?

– ХIун хир ду суна? Кхузахь дуьхьал некъ бу, дIо лекхачу Iин чухула бердах чу а иккхина дIагIур ю со, цIа гена дац.

Вовшийн Iодика а йина дIасакъаьстира и шиъ.

– Циция! – аьлла, юха а вистхилира Бежия.

– ХIун бах ахь?

– ХIун де ас, ма чIогIа еза суна хьо, тоха са дац-кх сан!

– ХIун гIо дийр ду ас хьуна? – аьлла, хаьттира йоIа, даггара йоккхаеш йолчу.

– Нагахь хьуна со вицлахь?

– Ээ! – элира йоIа, бехк баккхаран кепехь, цуьнан и дешнаш халахетта, кIанте дIа а хьожуш.

– Сан хьоменига, оьгIаз ма гIохьа... хьо ца хилча дахар хир дац сан. Дош лохьа суна, хьо суна ямарт хир яц алий.

– Со муха хир яра хьуна муьтIахь йоцуш. Дела ву-кх сан ойла гуш, хьо воцуш ас хIун дийр дара хIокху дуьненах?

Оцу тIехь хедира церан къамел, кхин дийца ца лора, безамо кхачийнера дерриге дешнаш а. ЙоI сиха цIа яхара, Бежия а шен жа тIе вахара.

VIII

ЙоIана тIаьхьавогIу да я цIехьа йоьду йоI а вовшашна дуьхь-дуьхьал ца кхийтира, тайп-тайпанарчу некъахула хIара шиъ дахарна.

КоргIакъа хьалакхоччушехь жIаьла лиэта а леташ, цунна тIехьаьдира, амма да вовза а вевзина шен оьгIаздахана летар цIеххьана сацийра цо. Шен жIаьлин корматаллица чIогIа хьесталора иза жан дена.

ЖIаьла лета а хезна, веанчунна дуьхьалвелира Бежия.

– КоргIакъа хьо вац хIара? – элира цецваьллачу жаIуьно. – Ахь хIун леладо хIоккхал хан яьллачу хенахь?

– Юьртара вогIура со-м. Цхьа Iаш са а гатделла.

ХIара шиъ ший а цIеран кхерча тIе веара. Воккха стаг шен луьлла юза хIоьттира, цхьа а дош аьлла вист а ца хуьлуш, шен дагара ойланаш лечкъо гIерташ. Амма хIара ший а леррина вовшийн тергал вешш вара. ЙоьIан хьокъехь дерг ца хууш кийра богура воккхачу стеган, цунах лаьцна долу хаттар дан шена чIогIа луъушехь, дагахь доццург кхин элира цо:

Ледарло ялийти-кх ас! Сайна юург схьаэца диц ца деллехьара, кхана талла ваха мегар дара.

– ЯахIума-м суна карор ю, – элира жаIуьно.

– Ткъа хьан хIуъу а хилла а яахIума йолуш мукъана юй?

– Муха яц, тахана тIаьхьаеана ю, – олуш, Бежия къайллаха воккхачу стаге хьаьжира.

И дешнаш хезча воккхачу стеган куьйгаш мелла а хаалуш дегийра. Иза гина Бежия кхийтира КоргIакъа варан бахьанех. Ткъа воккхачу стеган дагахь дара: «Схьахетарехь йоI кхузахь хилла, ткъа делахь хIета кхузара дIаяханчул тIаьхьа хIара хан яллалц мичхьахула лелаш ю техьа иза?» Юха а сихха саметта веанчу кхо элира:

– ХIан, суна дицделлера тахана хьуна яахIума тIаьхьаян

езаш хилар... Шен хеннахь мукъана еарий иза хьуна?.. – Оцу дешнашца леррина, зуьйш санна, Бежияга хьаьжира йоьIан да.

Бежия кхийтира воккхачу стеган дагахь долчух, амма ша ца кхета кеп хIотто гIертара иза воккхачу стагана хьалха.

– Ца хьеелира, стенна хьелур яра иза?.. Малх дикка лакхахь бара, ша Цицияс суна яахIума еача... Тахана кхин зударий а бара кхузахь, шайн жаIуйшна баа кхача бохьуш баьхкина, Дала могашалла лойла царна. Дерриге а дуург тхуна схьа а делла, ткъа шаьш цIазамаш лахьо бахара уьш...

ЦIазамашший? – хазахетта хаьттира воккхачу стага, вела а къежаш. Ойла йира цо: «Цигахь хьеелла хилла-кх иза», аьлла.

Кхул тIаьхьа буьйса цигахь яккха сацийра цо, шолгIачу дийнахь цIа гIур волуш.

Цара къамел долийра хIор дийнахь а хуьлуш долчу гIуллакхех лаьцна, жен, Iахарийн хьокъехь. Шиммо а воккхавеш дуьйцура муьлххачу а ламанхочунна дахарна рицкъ луш долчу, ламанхочо бIаьрга-негIар санна, лерина лардеш долчу даьхнин хьокъехь. Дукха хан ялале хIора а шайн вертанех а хьаьрчина, парггIат хурр а деш буьйсанан сирлачу стигалан кIел набарна дIавижира.

IX

Оццу хенахь дог детталуш шен цIенна герга кхочуш яра Циция, ойла йора цо, иштта хьеяларна дена хьалхахь хIун бехказло йийр ю теша ша, бохуш.

Иштта кхечира иза неIар тIе, дог деттадаларца сецира, неIарх куьг ца тохалора. Юха а яьлла корах чу хьаьжира иза, цIа чохь Iаьржа яра, массо а хIума а маьрша хетара, кхерчахь яза йолчу цIеран суьйнаш къегара, жимма мохан хIо хьаькхча кхин а серладовлура и суьйнаш.

Циция юха а неIар тIе яхара, цунна чухула гIуй бара боьллина, иза дIататта меллаша чу куьг дахийтира цо. НеI схьаеллаелира. Лаккха цIа чохь цхьана хIуманан гIовгIа елира, лакхара кад охьабоьжча санна хийтира. Билггал «цициго чу

теси-кх иза», – аьлла, ойла йира Цицияс, дуьххьар ша кхераеллачул тlаьхьа, меллаша неl дlа а йоьллуш. Йоьхначу йоlана хезира цхьа тамашийна тата, милла а велахь а цхьаъ коган буьххьерачу пlелгашна тlе а хlоьттина лелаш санна, кхераелла йоl неlарехь сецира.

– Мила ву хьо? – аьлла, хаьттира цо кхоччуш кхераяларца, амма юха а шахь-тата доцуш тийна хиларна, синтем хиллачу цо тlетуьйхира: «Ерриг а буьйсанна иштта гlовгlа латтор ю-кха цу хьердаьллачу цициго!» – аьлла. «Ткъа дада ву техьа?.. Иза-х чlогlа сема вижар долуш ву... мича вуьжур вара иза, йоl цlа еана цахилча?» – бохуш, ойла йора Цицияс, кlеззиг хан яьллачул тlаьхьа дагадеара цунна, схьагарехь сийсара хьеший хилла кхузахь, воккха стаг вехна а ву, къаьркъано ницкъ бина мерзачу набарна вижна а ву, аьлла.

Йоlана дика хийтира хlара гlуллакх, хlунда аьлча хlокху буса дена дуьхьалхlоттарал хала хlума цхьа а ца хетара цунна, дас хоттур ма дара: мичахь яра хьо, хlунда хьеели хьо?

Хlун жоп лур дара йоlа?.. Iехо везара цо иза...

Ткъа дена даима а тlе ма хьаьжжинехь ма хаара кхуьнан дагахь дерг. Цицияс хадам боллуш сацийра, дега, хlуъу хилла латтахь а, хlумма а ца дийца, Бежия шена везар цахаийта. Дас цунна ца веза стаг лехна, шен безамо хьере йина йолчу кхунна хета, дас хlуьттаренна шена, цхьаъ бен йоцчу йоlана, и маре деш санна.

Гlовгlа йоцуш дечиган маьнгина тlе а яхана, мотт билла хlоьттира Циция. Цlеххьана цунна хезира цхьаннан когийн тата а, сихха детта ков а.

– Хьо вуй иза, дада? – хаьттира йоlа. Жоп ца делира.

– Мила ву ков деттарг? – юха а чlоггlа аз ойуш хаьттира йоlа. Юха а цхьан а вист ца хилира.

Кхераелла егош, товханна тlе а яхана, цlергахь чlишалг лато дагахь дlахьаьдира йоl, амма оццу хенахь овкъаршна юккъе охьабуьйжира цхьаммо кхоьссина тlулг. Цхьана минотана чоь халла серлаяьлча, цунна гира сонехь лаьтта шена вевзаш воцу боьрша стаг.

– Дада, дада, вайн чохь хийра нах бу! – аьлла, мохь белира цуьнга, амма чохь, тоххара санна, цхьа а вист ца хуьлуш тийна дара.

«Хlаллак хили-кх со» боху ойла хилира йоьlан, тlаккха кlалд чохь а йолуш гуьмалк лаьттачу оте чу эккха дагахь хилира иза, цу чохь ша къайлаер йолуш санна хеташ.

Товхана хьалха декъа чlийш кег а дина, кхерча а туьйсуш, цlе марсайохуш лаьттара цхьа стаг. Чоь серла а йоккхуш, кестта хьалалетира цlе.

Дегlо ма лов герзаш керахь, мила ву а ца хуу боьрша стаг вара кхерча хьалха лаьтташ. Деккъа бlаьргаш бен ца гуш коьртах йихкина яра башлакх. Тlедуьйхина тиша чоа дерриге пхьуьйшаш а эттlа дара. Я иза чlогlа къен хиларан, я шаьш хьалдолуш а болуш кечбелла лелар ца лоруш болчу оьздачу нахах хиларан билгало яра иза, амма ишттачу нехан дика дин а, кхелина герз а хуьлура, оцунах цара дозалла а дора.

Оьзда нах шайх олуш берш ирс а, дозалла дан хlума а лоьхуш обаргаш а бовлий, шаьш дийна мел бу лаьмнашкахула бовлий лелара.

Вевзаш воцу стаг пена тlе а веана, чиркх дlа а хlоттийна, иза латийначул тlаьхьа, йоl лаха велира.

Соне а хlоьттина, хоршин чарп тlехь йолуш санна, егош лаьттара иза.

Вевзаш воцчу стага куьг а лаьцна цlенкъа юккъе озийра йоl.

– Ма кхера хьо! – элира цо, вистхиларх йоlана хиира иза нохчо хилар. Карара дlаяла гlоьртира йоl, амма жимачу стеган куьйгаша иза чlогlа дlалаьцнера.

– Собар дехьа, цхьажимма собар дехьа! – олуш, парггlат башлакх дlаяьстира вевзаш воцчу жимачу стага. Хьажахьа соьга, со ца веза хьуна? – дозаллица, амма хьасталуш йоlе хаьттира кlанта.

Бакъдара, муьлххачу а хазачу йоьlан догкlаддийр долуш хаза а, шега безам бохуьйтуш а дара вевзаш воцчу жимачу стеган юьхь-сибат. Амма кхераелла, йоьхна, lадийна Циция урааттала цуьнга дlахьажа а ницкъ боцуш лаьттара.

– Йоl, – элира вевзаш воцчо юха а, – Вепха велла дlавуллучохь дуьххьара гина суна хьо, цигахь маьхьарца йоьлхуш, хьайн чlишталгаш тlе тlара а детташ.... Хlетахь дуьйна дуй биъна ву со, хlетахь ахь тlара диттинчу метте хьан чlишталга тlе хьуна барт баккха.

Тlаккха вевзаш воцчу жимачу стага иза шена тlе а озийна, еххачу хенахь барт баькккхира аьхначу, кlайн-цlечу, нур санна лепачу, цуьнан ховхачу чlишталга тlе.

Шена вевзаш воцчу, хийрачу стеган карарайяла гlерташ сетташ, акхтарган гlа санна, егайора Циция, амма чlогlачу куьйгаша дlа ца хоьцура иза, хьогалла тоха са доцчу стага шовданан хих санна ца lебаш, йоlах хьерчара кlант.

– Алахьа, везий хьуна со, цкъа мацца везна а везар мукъана вуй хьуна со? – бохура цо. – Алахьа, кхин веза хьуна? Ткъа суна хьо ма еза, хьо сан хила декхар ду... Ас вуьйр ву-кх иза, хьо езарг...

Амма йоl хlумма а хезаш яцара. Бер санна, карахь йоl а ядийна, чуьра керта араиккхира жима стаг. Цициян догъгlелделлера.

Жимачу стага маситтазза шок туьйхира, дуьхьал жоп луш, кхуо санна, шок туьйхира. Шина говран дуьрстанаш а лаьцна стаг велира бодушкара гуча. Шайца Циция а эцна оцу сохьта ломахьа хаьхкира кхара. Дукха хан ялале буьйсанан бодашкахь къайлабевлира хlорш.

Жаlу а, женан да а lуьйрре хьалагlаьттира, юьхь-куьг дилина, ламазаш диначул тlаьхьа жа меттахдаьккхира цара. Ломан басенашкахула дlасадаьржина жа лаьллина ша вахара Коргlакъа: вовшел хьалхадуьйлуш, ца совцуш дlасауьдура уьстагlий. Жана баьччалла деш хьалхахьа доьлхачу койшкий, бежалошкий самукъадаларца хьоьжура женан да. Жана хьалхаваьлла вогlучу Коргlакъана хьесталуш санна, тlе а еана кхунах схьахьекхалора уггаре йоккхах йолу бож, шен сен санна, якхий маlаш цунах а lуьттуш. Дика дежийлаш долчу кхаьчча, дlаса а даьржина сутара буц яа доладелира уьстагlий. Ткъа жаlуй, женан дай паргlат а ваьлла, кхача баа охьахиира.

Ломан лекхачу дукъал дикка хьалабаьллачу малхо тIехь цкъа а ло ца дешчу лаьмнийн баххьашкахула дIасаяржийра шен дашо зIаьнарш, хIинцца кхоьлина хеташ лаьтташ йолу гонахе оцу сохьта серлаелира. Дагна там беш гIийлла хьоькхура шийла хIо, даккъашкахула долу дохк шерачу аренашкахула нилха дIасадекъаделира.

КоргIакъа хIума йиъна велира. Бухайиснарш схьа а лахьийна, таьллаш ги тесира Бежияс.

– ХIинца цIа гIур ву со! – олуш, хьалагIаьттира КоргIакъа. Ас доьху хьоьга, Бежия, жена дика хьажар, йовхоно цунна ницкъ цабийрриг... Кест-кестта лийчаделахь уьстагIий, гIум дегIах ца йолийтархьама, иза ца дича уьстагIий аз а ло, тIаргIа боьха а, туьлуш а хуьлу.

– Цхьана а хIуманна са ма гатде!

– Дика ду, дика, хьох тешна ду-кх дерриге уьстагIий! Дела ву-кх вайх къинхетам беш, Iахарий хьийкъина ду, уьш дика хьала цакхиор эхь ду.

– Ас нах хьоьггург кхиор ду хьуна уьш-м!

– Iодика йолда, Гиворгин ойлано аьтто болда хьан! – Женан да дIавахара. Масех гIулч яккхинчул тIаьхьа, кхин цкъа а жане бIаьрг тохархьама юхахьаьжира иза. Коьжалгана тIе а тевжина, леррина шена тIаьхьахьоьжуш лаьтта Бежия гича, цецвелира иза, жаIу чIогIа дог-ойла йоьхна, гIайгIане гича цунах къахийтира КоргIакъана.

Жимачу стеган дагахь долчух а, цунна шега ала луачух а кхийтира КоргIакъа, шен жималла дагаеара цунна, жаIуьнан дог эца дагахь хилира хIара, амма иза дан тарлуш дацара. «КIеззиг са а гатдина, тIаккха йицлур ю», – аьлла, сацийра цо дагчохь, дIаваха дIа а волалуш.

Амма Бежияга са ца тохаделира.

«Дерриге дIаэр ду ас, дуьххьал дIахаийта деза, ткъа цигахь хуьлда шена ша хирриг!» – боху, ойла кийрахь я йолуш, КоргIакъе мохь туьйхира цо.

– ЦIа дахьийта цхьа кост-м дац хьан? – хаьттира КоргIакъас, цуьнца къамел хилар лууш воцучу.

– Дац! – элира Бежияс, корта лохха охьа а бохуьйтуш.

– Со ладугIуш ву, жима стаг, схьаалал хьайна дезаш дерг!

– Бехк ма билла, хьан йоI езаш ву со!.. – олуш, мохь а болуш, жаIу оцу сохьта тапп-аьлла дIатийра.

Оцо дуьххьал схьаэр дац моьттуш, тIехула кхунна жоп дала дагахь вара КоргIакъа. Бежияс шен дагахь дерг дуьххьал схьааларо цецваькхира хIара, воьхначу кхунна ша билгало йоллуш хIун ала деза, хIун жоп дала деза ца хаьара.

– Еза бах ахь? – аьлла, юха хаттар дира цо ша дийриг хIун ду а ца хууш.

– Дера еза сайн сил дукха-м! Иза соьга яла хIунда ца лаьа хьуна?

– Сих ма ло, жима стаг! Боккха бахам хаарца, хьекъалца лело беза. Хьо хIинца а жима ву, зеделларг дац, ткъа сан цхьаъ бен йоI яц, кхин стаг вац...

– КоргIакъа, вайшиъ ший а ахархо ма ву... Хьан бахам, дуьйцийла йоцуш, боккха бу, ткъа со а ма вац ткъа хIума а доцуш... Цу тIе йоIана а ма веза со, иза кхечуьнга муха ялалур ю хьоьга?.. Ткъа мила хIуттур ву иза соьгара яккха. Дуьне къахьдийр ду-кх ас цунна.

ОьгIазвахарна Бежиян бIаьргех суьйнаш туьйсура, дозаллица дегI нисдеш дIахIоьттира иза, цо хадам боллуш аьлла дешнаш дагчу дийшира КоргIакъина, амма дуьхьалдIа жоп ца луш, эсала элира цо:

– Тоийта, жима къонаха!.. Жимма собарде... Вай вовшийн довззалц.

– Делахь хIета догдохийла юй сан? – элира Бежияс, даггара, сихха.

– Къонаха даима а хила веза ша дагалаьцначух догдохийла йолуш! – аьлла, жоп делира КоргIакъас, шен дагахь и захало цахилийта массо а агIор дуьхьало ян сацам а беш.

Ткъа хIинца вало жа тIе, ткъа со дIагIур ву, цIа ваха тIаьхьавуьсу со. КоргIакъа новкъавелира. Дукъал тIехьа кестта къайлавелира иза.

Бежия ша хиллачу юхавирзира. Кхеттане а хиллачух кхеташ вацара иза: йоьIан дас догдохийла йити цунна я яллане а лур яц эли?

XI

КIоргIакъа шен цIа кхочуччу хенахь, малх лаккха баьллера. Селхана ша сагатдина долу дерриге а дицдина, тахана Бежияца шен хиллачу хабаран хьокъехь ойланаш ян велира иза.

Ма дарра аьлча, Бежия – куц долуш, хаза, шуьйра белшаш йолуш жима стаг вара. Цуьнга эцалур дара цуьнан йоьIан дог. Ткъа иштта делахь, кхо дуьхьало ян оьший техьа, церан ирсана дуьхьало ян оьший техьа? Дас новкъарло, дуьхьало яро шен йоI дакъазаяьккхина, цуьнан дерриге дахар жимачохь дуьйна гIайгIане дина меттигаш дуккха а йовзара цунна. Ткъа делахь хIета, шен йоIах доглозуш волчу дас хIун дан деза, нагахь йоIана везаш верг КоргIакъа санна волчу стеган нуц хила хьакъ волуш ца хилча?

Оцу дерригенан а хьокъехь кIорггера ойланаш ян велира КоргIакъа, цуьнан бос хийцалора, хала, къаста ца даллал хала гIуллакх дара иза – тIехIоьттинарг.

ХIетте а КоргIакъас, шен доьзалехь вуьззина да хила Iемана волчу, шен лаам дуьхьало йоцуш кхочушбайта Iемана волчу воккхачу стага, шена чIогIа эхь-бехк лорура йоIа шега лацадогIар. Цундела хийцалуш цхьа ойла оьхура цуьнан дагчу.

Шен цIийнан неIсагIе ша кхоччушехь цо хадам боллуш, амма меллаша элира:

– Ткъа юьхьанца иза хьаьстина хьожур ву со, нагахь тIе ца ерзахь, тIаккха ницкъ ца гайтича бер бац.

И сацам цо тIеоьццушехь, оцу сохьта цIеххьана буьрсе хилла дIахIоьттира цуьнан юьхь-сибат, цIоцкъамаш дусаделира, балдаш тIеттIадаьххкира, чIишталгаш кхин а чуэгнера, собаре, дика ойла йолу воккха стаг макхвелла, къинхетам боцуш хилла дIахIоьттира.

Иштта волуш шен цIийнан неIсагIех чоьхьавелира иза.

Цкъа юьхьанца чухула воьхна дIасахьаьжира иза, тIаккхIа йоIе оьгIазе мохь туьйхира цо, иза дехьа чохь ю моьттуш. Цхьа а вист ца хилира, кхо кхин цкъа а йоIе кхойкхуш мохь туьйхира. Юха а цхьа а вист ца хилира. ЦIеххьана оьгIазвахар дIадолуш гIайгIане хилира хIара, дог чIогIа деттадала дола-

делира, кхо юха а йоІе кхайкхира. ХІинца кхуьнан аз кІедамерза, сингаттаме дара.

– Иза стенга яха тарло? – элира цо хеззаш, гІайгІане, гІийлла чухула дІаса а хьожуш. – ЯахІума кечъя чІийш дан яхана хьуна иза,– бохуш ша-шен дог-ойла гІатто гІертара иза, амма дог гІайгІанехь, вочух кхоьруш дара.

ХІун дан деза а, Ция мичхьа лаха еза а ца хиъна, товхана хьалха, лохчу гІанта тІе охьа а хиъна, ладегІа велира иза. Хан дІайоьдура, ахархоша делкъана кхача боу хан тІекхочуш лаьттара, ткъа йоІ хІинца а цІа яза, яра. Оццул дукха иза хьеялар, цІа а, доьзал а дІа а тесна, иза лелар хила тарлуш хІума дацара.

ЦІеххьана дагаиккхинчу ойлано цецваькхира КоргІакъа.

– Ямартло йи-кха суна цу йоІа, – элира цо ша шега.

– Оццул дена халахетар муха дийр ду, шена хуьлуш болчу тамана, оццул сан дагна лазар муха дийр ду... Нагахь иза цуьнга яхнехь, аса и шиъ ший а дуьйр ду! – пенах кхозу топ схьа а эцна араиккхира воккха стаг.

ХІара тІаьххьара а тешна вара шен йоІ Бежия волчохь хиларх а, цо иза лечкъош а, Ция цІазамаш лахьо яханчуха, ша Іехийна хиларх а.

Хьераваьлча санна, кевне хьаьддачу кхунна дуьхьалІоттавелира герзаш керахь волу стаг. Вевзаш воцург, схьахетарехь, чІогІа сихвелла вогІура, хи санна, юьхь тІера охьаоьху хьацар куьйгаца дІа а хьоькхуш.

– Далла хастам бу-кх хьо суна цІахь карийначу, КоргІакъа! – элира цо сихха.

– ХІун хилла, Темаркъа?.. Алал! – воккхачу стеган тоха са дацара.

– Хьан йоІ ядийна! – элира веанчо чехкка.

Воккха стаг цецваьлла, воьхна висира, стелахаьштиго санна оцу хаамо Іадийра иза. Вехха Іийра воккха стаг вист ца хуьлуш.

– Делахь хІета, ядийна-кх иза!.. – элира цо меллаша.

– ХІаа, ядийна! – аьлла, доцца чІагІдира Темаркъас.

– Ткъа хьо хІун деш лаьтта, сихо ян еза!

Хьо бакълоь, Темаркъа!.. Сихо ян еза, – воккха стаг ойла ян велира, цIеххьана серладевлира цуьнан бIаьргаш, оьгIазаллех дуьзна дара уьш. – Ас Делаца дуй боу хьуна, сайн дахар ца кхоо а, ткъа сайна тIедаийтинчу эхьана бехкеволчунна айса доькхург хиларх а! Дийцахьа, мила ву сирдоьллачу можан чоьшна хIара эхь динарг?

XII

КоргIакъана дукха хенахь дуьйна вовзара Темаркъа, цо лелочу ямартчу хIуьмалгийн хьокъехь а хезнера цунна. Ларсан лаьмнашкахь лелочу дерриге боьхачу гIуллакхийн хьокъехь, кхунначул дукха а, дика а хууш волу стаг вацара. Иштта волчу Темаркъас оцунах кIезиг пайда ца оьцура. Цундела воккхачу стагана дика хаара иза ша волчу шех къахетта, я доттагIаллин ойла йолуш ца веанийла: иза кхуза валийнарг цуьнан ямарта дог дара, хIокху нисделлачух пайдабаккхар дара.

– Схьадийцал, Темаркъа, хьан ядийна сан йоI, ма дезза даьхний лур ас хьуна.

– Ткъа мел хIун лур ду ахь суна? – аьлла, дуьххьалдIа хаьттира Темаркъас.

– Мел хIун деза хьуна?

– Говр карийча итт туьма ло, ткъа хIара хьан йоI ма ю?

– Ткъа хIун мах боьху ахь? – йоьIан да сихвеллера.

– Шовзткъе итт Iахаррий, пхиъ кай.

– ДIаэцахьа хьайна лаахь кхузткъа а, амма сихха дийций валахьа.

Оццул комаьрша и хиларо Темаркъин бIаьргашна чу бода хIоттийнера. Воккхачу стагана хьалха хьесталуш корта охьабахийтира цо, хезаш стаг вуй-техьа, аьлла, гонаха дIаса а хьаьжна, меллаша элира цо:

– Сахуьллуш цхьаммо сан ков а тоьхна, чIогIа мохь тоьхна кхайкхира соьга. Ас хаьттира: «Мила ву?», суна жоп делира: «Со ву хIара, Джанхотан Солта!»

– Джанхотан Солтий! Майралла гIараваьлла волу нохчий? – боху хаттар а деш, цецвелира воккха стаг.

– ХIаа, Солта вара иза... Со шена дуьхьалваьлча, цо соьга элира: «ГIалгIазкхашкара яьккхина говр ялийна ас хьуна. БуретIе йигар ца магадо ас хьуна, цигахь корта лаца тарло, амма Тбилисе йигахь дика мехах юхкур ю ахь. Амма ахь суна цхьа гIуллакх дан деза, – элира цо кхидIа. – Хи дистина, дехьавала меттиг ца карайо суна, хих дехьавала гIо де суна. Соьга хьешана дуьхьало ца яелира, цуьнца бердах чувоьссира со, кхуззахь бен ца хиира суна хьан йоI йигар... ХIун дийр дара ас – хьешана дуьхьало ца яелира соьга; гомхочухула дехьавала цунна гIо а дина, ткъа тIаккха, цIа а ца воьдуш, дуьххьалдIа хьо волчухьа хаьххира ас... Хьо волчохь туьха-сискал диъна ас, ткъа иза доккхачу меха ду! – аьлла, чекхдаьккхира Темаркъас шен хабар.

Цуьнга ла а доьгIуш, вист а ца хуьлуш Iаш вара воккха стаг. Шегахь долчу халчу хьолах оцу сохьта кхийтира иза. Джанхотан Солта доьналлиций, майраллиций гIараваьлла вара, цу тIе иза шен махкахь, шен гергарчарний, доттагIашний юккъахь а вара, цунна массара а гIо дийр ду, иза схьалур вац. Цхьа волчу кхо, воккхачу стага муха къуьйсур ду цуьнца?

ЦIеххьана дагадеара цунна: «Бежия ца хилла мила хир ву кхунна гIо дан, кхуьнгара бала эца?»

Шен гергара ши стаг тIе а кхайкхина, царна дIадийцира хилларг КоргIакъас, шен цIийне а, бахаме а хьажар царна тIе а диллина, тIаккха ломан жаш долчу – Бежияна тIевахара хIара.

XIII

Ядийна йоI ялош вогIу Джанхотан Солта шен некъахочуьнца цхьаьна Ларе олучу юьрта чу кхечира, цхьана къора, яьссачу меттехь говрашкара охьабиссира уьш.

Пачхьалкхан новкъа вахар чIогIа кхераме дара, хIинцале сахила доладеллера, массанхьа а лаьтташ дуккха а гIарол дара. Хих пурх неканахь дехьа а бевлла, Джайраханан ломал дехьа а бевлла, йоккхачу Нохчичу охьабаха безаш бара хIорш. Амма хIинца а ларбалар дара чIогIа оьшуш... ГIаролехь болчу гIалагIазкхаша дуккха а зуламаш динера ламанца болчу нохчашна.

Лекхачу лома тIехула дехьадовла дезара я лаха чухула боьдучу, тIекхозуш лаьттачу Дарьялан ломан бердийн ирачу йисташца: цхьа ламанхой бен лелалуш боцчу оцу халачу некъа дIадаха дезара.

– Муртаз! – меллаша накъосте кхайкхира Солта.

ХIара кхийтира. Шен говран урх Солте дIа а елла, чоин тIемаш хьала доьхкарх а доьхкина, гIайгIа йоцуш чувоьссира иза.

Цхьа хан яллалц хезаш хIума дацара. Береш а, говраш а, тIулг санна лацабелла, шаьш болччохь лаьтташ бара. ТIаккха кIеззиг тата а хезира, лаьтта бухара схьаваьлча санна, гучувелира Муртаз.

– Бехна бу! – элира цо доцца!

– ХIинца а молуш бу?

– Молуш бу, амма шаьш хIун леладо ца хууш бехна бу.

– Ткъа вай муьлхачу новкъа даха деза?

– ДуьххьалдIа гIо вай!

– Вайца йоI ма ю... Кхераме дац?

– ХIумма а дац, вайна лералур дац цаьрга.

– Говраш юй цаьргахь?

– Яц.

Шен тешамечу доттагIчух Муртазах тешара Солта.

– Жимма са а доIуш, Дела дагалоцур вай!

– СадаIа хан яц!

– Гуттара гIелъелла-кх иза, – олуш, Циция йолчухьа корта ластийра Солтас.

– Цигахь, кхерам боцчохь, садоIур ду вай...

ХIара дийцар дешархой цецбевр бу, буьйсана гIароллехь болу гIалгIазкхий герзаш а, говраш а йоцуш хIунда бара-техьа бохучух, ткъа гIуллакх иштта дара.

Муртаз, шен накъостех дIа а къаьстина, меллаша, ларлуш цIе йогучу кхерча йисте веара. Цунна гинарг тамашена хIума дара.

Юьстах лаьтташ яра тIехь чагIар чохь долу пIаьлдигаш а долуш, говраш дIа а хецна йолу ворданаш. Буьйсана тIелатарх болчу кхерамах лардалархьама сацийна яра уьш, схьага-

рехь, ткъа варданийн дайша, баркалла олуш чагlар делира, гlалагlазкхашна. Чагlар дезаделира гlалгlазкхашна, цара кхин а кlеззиг чагlар дийхира, кхин а дийхира, ткъа тlаккха а дийхира. Амма тlаьххьара а хlорш кlордийначу цара кхарна иза цаделира. Гlалгlазкхий оьгlазбахара, шаьш ца ларарна. Гlалгlазкхашний, ахархошний юккъехь гlеххьа буьй-тlара йолаеллачу оццу минотехь, царна тlекхечира Муртаз. Кхеташ ду, герзаш керахь долчу гlалгlазкхаша дукха хан ялале ахархой (варданийн дай) эшийна хилар, ахархойн коьрта лоруш верг оцу сохьта, куьйгаш а дихкина, божал чу воьллира. Ткъа важа болу ахархой юьстах тоба еш гул а белла хьоьжуш лаьттара, гlалгlазкхаша, пlаьлдигаш ворданашна тlера дlа а эцна, чlагlар чийлакашна чудуьттуш.

Кхетамчуьра бовллалц мала а мелла, бехна гlаролчаш цlарна гонах охьаэгнера, хар а деш бийшина lоххура уьш.

Ларлуш церан герзаш долчу тlе а вахана, уьш юьстах а даьхна, генна дlасакхийсира Муртаза. Ткъа тlаккха вехна гlалагlазкхи тlаьхьа а волуш ежаш йолу церан говраш йолчу тlе а вахана, иза вехка а вихкина, цуьнан бат а юькъна, говраш хи тlе охьа а ялийна, лаьххкина хинан вукху бердал дехьа ехира Муртаза. Джанхотан Солта шеца Циция а йолуш, Муртазица цхьаьна гlароллина тlехволуш, бехна гlалагlазкхий, шайн бехна тентак девлла кортош жимма хьала а уьйуш, кхарна тlаьхьахьоьжура, амма юха а, пеш хьаьхча санна, охьаийгира уьш.

XIV

Ерриге кхераме меттигаш тlаьхьа а юьсуш, Темаркъа волчу кхечира береш, ткъа оцо уьш, вайна хууш ма хиллара, хих пурх дехьа а баьхна дlахьовсийра. Ша диначу гlуллакхна лур ю аьлла говр а эцна, дlавахара иза.

Кхерам боццу ваьлча, цlе а латийна, яахlума кечъян хlоьттира Солтий, Муртаззий.

Меттах ца йолуш, гlайгlано шех тlулг бича санна, юьстах lаш яра Циция. Цунна хаара шена гlо хила меттиг боцийла, ша гуттаренна а шена везачух яьллийла.

Солтина иза хьаста, цуьнан дог эца, шена иза езаш хиларан хьокъехь ала лаьара, амма кхузахь волчу шен накъостах эхь хетара цунна, вист ца хуьлуш луьлла а уьйзуш лаьттара хIара.

ЦIарна хьалха а хиъна, сераш тIехь шашлык а йоттуш, оцу гIуллакхах чIогIа самукъадаьлла, берриге тидам цунна тIебахийтина Iаш вара Муртаз. Цхьа бахьана а доцуш, Солтий, Цицияй цхьаьна а дитина дIавахар тамехь доцуш хетара цунна.

– Юург кийча ю! – элира Муртаза дозаллица, таьллашна чуьра кхалларрий, кIалддий схьа а яьккхина, лаьтта тесначу диттийн шуьйрачу гIашна тIе охьахIоттийра цо.

Кхача баа охьахевшира хIорш. Сутара хIума яа волавелира Муртаз... Амма цуьнан накъост тIекхевдаш вацара.

– Яахьа, доттагIа, аьтто баьллачуьра. Кхин маца а, мичахьа а юур а ца хаьа...

– ХIун ду а ца хаьа, ца еза-кх суна, – элира Солтас, гIайгIане Цицияга дIа а хьожуш, иза а яра яахIума ца езаш.

ХIума йиъна а ваьлла, Муртаз юьстахваларе собаре воцуш хьоьжура иза. ТIаьххьара а вуьзна Муртаз, ша шашлык юуш яьжна даьIахкаш гонаха дIаса а кхийсина, дегI даздаларна халла хьалагIаьттира. Хьакхарша дуьзна куьйгаш кхекхийн кетарх хьаькхира цо.

– Вахана говрашка хьажа воллу со, – элира цо, – буц юькъо йолчу лохкур ю ас уьш...

– Хьайна дика хуур ду-кх хьуна! – элира халла Солтас.

Муртаза говраш борза тIехьа яжа лаьхкина дикка хан яра, амма Солта хIинца а ша хIун дан деза, Цицияга хIун ала деза ца хууш, гIайгIане, корта а оллийна Iаш вара.

Цицияга хьаьжча, цуьнан азъелла, гIайгIане юьхь гича, къахетий дог лаза долура кхуьнан, цуьнан бIаьргашна чохь хазахетаран, йоккхаеран билгало гархьама, иза ша юха цIа юьгур йолуш санна хеталора кхунна.

Дукха гIайгIане ойланаш ярний, говрахь бехха некъ барний тIех чIогIа гIелъелла йоI, гIорасиз хилла диттах дIа а тевжина, наб озийна Iара.

Кхин тоха са а ца хилла, цунна хьалха гора а воьжна, йоІе хьежа велара иза.

Цицияс паргІат садоьІура, цуьнан нийсачу хазачу меран Іуьргаш, доьІучу сино, хьалауьйбуш меттахъхьедора. Боккхачу безамца набарха йоьлуш яра цуьнан юьхь, ерриге цІийелла йолу. Схьахетарехь, самукъане гІан гуш яра йоІ. Оцу минотехь цул безамехь, цул хаза адам доцуш, оццул исбаьхьа яра иза, цхьана а кепара тоха са доцуш собар кхачийра Солтин. Гуш боцчу боккхачу ницкъо йоІана тІеийзавора иза ша дийриг хІун ду а ца хууш, йоьІан бета тІе шен бат ехьира цо, церан балдаш вовшахкхийтира.

ЙоІ самаелира. Цо вон дІатеттира хІара.

– ХІун ду ахь дийриг, эхь доцург!

– Хьо еза-кх сунна! – элира Солтас гуьржийн маттахь. Цунна дика хаара и мотт.

– Еза дела бо ахь суна иштта ницкъ? Иштта ца хуьлу къонаха...

– Соьгара хьо бала, – аьлла, мохь белира Солтера, – ткъа хьуначул а алсам ницкъ ца хуьлу суна сайна?..

– Суначул а алсаммий? – ца ешаш елакъежира йоІ.

– Хьо сол ирс долуш ю. Хьоьга хьайна луъург дерриге а дайталур ду соьга... Ткъа ас, со? Дерриге дахарехь балахьегар ду-кх суна дан диснарг...

– Сацийта!.. Иза дийцарх со Іехалур яц хьоьга... Со – хьан йийсархо ю, хьан лаамна кІел ю со. Амма хаалахь, хьо суна везавалийта ницкъ кхочур бац хьан. Сан безам бац-кх хьоьга!

Халахетарна бос байра Солтин, бІаьргех хи делира цунна.

– Ахь сийсаз яькхи со, – бохура оьгІазе Цицияс, нехан белам бин ахь сох. ХІунда ядийна ахь со? – олуш, кийра кхехкаш, мохь белира Цицияга.

– Хьо сайна еза дела, суна санна цхьанне а, цкъа а езалур яц хьо, – элира Солтас халла, аз дегош.

ЙоьІан дог мелла а кІадделира. Цунах къахийтира цунна, цу тІе, цунна хьалха лаьтташ вара майраллина гІараваьлла волу, валарна болчу кхерамна хийла бІаьра хьежна волу, башха жима стаг.

– Йоl, – аьлла, дIадолийра Солтас, – хьо дуьххьал сайна гича, ас сайга элира: иза тIех хаза безамехь ю, сан хила еза иза. Амма хьо керста ю, хьо ехийта сан бакъо яцара. Цундела ас ядийна хьо. Хьуна со везалур ву моттара суна, тIаккха дино вовшахдоккхур дацара вайша. Амма гIалатвалар го суна. Алахьа, хIун де ас хIинца?

Лахха корта охьа а оллийна, йист ца хуьлуш Iара Ция. ПIелгаш дегоро гойтура цо кIоргга доьIу са. Цо шога деллачу жоьпо кIант кхин а карзахваккха тарлора.

– Алахьа, алахьа! – бохуш, дехарш дора Солтас. – Со кхечу динехь хиларна реза яц хьо? – хаьттира Солтас коьртара куй хьала а теттина, хьаьж тIера хьацар дIа а доккхуш, ас дин хуьйцур ду-кх, нагахь хьуна со везалахь...

ГIайгIанах дуьзна шен бIаьргаш цунна тIе дерзийра Цицияс. Жимачу стагах къахетарна иза ша а яра сингаттамехь, амма хIун дина оьцура дара цо цуьнан дог?

– ХIун жоп ло ас хьуна? Хьуна дан гIо дац-кх сан, – элира йоIа.

– Иза а кIезиг ду?.. – бохура холчахIоьттинчу Солтас. – ХIун де ас? Бердах чу эккхий со? Ахь алахьа, хIун де ас?

Ша ядийча, Цицияна моттара ша къуша ядийна, шена ницкъ бийр бу, ша сийсаза йоккхур ю. Амма дерриге а кхечу кепара хилира. Солтас ядийра иза, амма вала да воцуш, кхача орца доцуш, гIорсиз йоI шен карахь йисча, сил дукха иза езаш, езаро маларочул а вахийна волу иза хIинца верриге а йоьIан лаамна кIел, цо аьлларг дан кийча, сагIа доьхуш санна, цуьнга дехарш деш вара.

Дукха дагахь доцуш, цIеххьана нисделла сурт дара иза. ЙоIе кIорггера ойла яйтира цо, цуьнан дагчохь жимачу стагах къахетар иккхира. Амма хIун дина гIо дийр дара цо цунна? Цунна Бежия везара, цуьнан хьокъехь бен ойла еш яцара хIара, цуьнан оьзда хиларо дог шина стагана декъа, безам шина стагана юкъахь бекъа таро ца лора цунна.

– Солта! – элира цо цIеххьана. – Хьо сан ваша хир ву, ткъа со хьан йиша!

– ОхI! – аьлла, доккха садаьккхира Солтас, цуьнан корта некха тIе охьабахара, – со-х къа ца хета-кх хьуна?

– Къахета суна, хьо-х, амма... суна кхин веза! – элира йоІа.

Кху шиннах цхьа а дист ца хуьлура, хІораннан а дагчохь йоккха гІайгІа яра, бала бара, кийрахь детталуш дог доцуш санна, доьІу са дацара хезаш. ЦІеххьана, велхаран къурдаш деш санна, дог Іовжош кІорггера садаккхаро йохийра тийналла. БІаьргех сутара оьху хиш дІадехира Солтас. Хьала а гІаьттина, чехкка дегІ а нисдина, коьртера гІайгІа дІаэккхо гІерташ санна, маситтазза юьхь тІе куьг а хьаькхна, Цицияна тІевеара Солта. Кийрахь боккха бала хилар дара гуш, меллаша элира цо:

– Сан йиша, мичахьа йига ас хьо?

Дукха цецъяьлла Циция, Солтина кочахьаьрчира. БІаьргнегІар тухучу сохьтана кхетамчуьра ваьллачу жимачу стага ондачу куьйгаца шена тІеозийра йоІ, цунна барт баккха дагахь, амма иза оцу минотехь саметта веара. Галволуш Циция шен кочахьаьрчинчуьра дІа а херъеш, охьа ца йожийта куьйга иза дІа а лоцуш, цо юха а хаьттира:

– Алахьа, алахьа, сан йиша, мичахьа йига ас хьо?

ЭЛИСО

I

Владикавказана[1] юххехь, исбаьхьа хазачу арахь, гуш яра го бина зIе хIоттош, йийбарех йоьттина лаьтта ворданаш. Гонна юккъехь къеггина йогуш яра цIерш. ЦIерашна хьалха, когаш чучча а баьхна, охьахевшина Iара кхехкаш долчу ешна чохь суьйранна даа пхьор кечдеш болу зударий. Царна дIанехьо охьа а хевшина, бист а ца хуьлуш, луьлланаш уьйзуш баккхий нах а бара. Церан стогаллин, къонахаллин, амма гIайгIане долчу юьхь-сибатан тамашена суьрташ хIиттадора цIеран серлоно. Кхуззахь шайн-шайн тобанаш еш гулбелла кегийрхой ойла айаелла а, самукъадолуш а хила гIертара, амма, гучудаьлла а далале, дIадовра церан юьхь тIера белакъажар.

Цхьа инзаре тийна дара, кхеташ йоцуш хаалучу гIайгIано цхьанне а вист хила дог ца доуьйтура.

Коша чохь санна йолчу хIокху тийналлехь доьIуш долу са, хIинций-хIинций соцур долуш санна, хеталора.

ХIаваан башхачу хьожано дегIана там беш адаман цIий пхенашкахула доладолуьйтучу дагна тамехьчу суьйренах цхьа тийна, йовха суьйре яра таханлераниг.

Амма даима а чIархъаьлла, Iаламо бIо ца къажош хила Iамийна болу нохчий тахана мотт луьйш бацара. ЦIеххьана стигал а къекъаш, чехка а, нуьцкъала а мох бала боллуш йолчу хенал хьалха Iалам хуьлуш ма-хиллара, тийна бара уьш.

ХIун бахьана дара техьа дахарх самукъадолуш долчу оцу адамийн мотт луьйчуьра сацийнарг, уьш гIайгIане бинарг? ХIун бала бу цаьргахь, царна ницкъ бийриг? Масех шо хьалха, шек дIа а боцуш, бийла а буьйлуш, балина хьалхахIуьттуш болу уьш Iовжийнарг хIун хало яра?

ХIинца а наг-наггахь цхьаццанхьа хезаш дара охьахевшина Iачура вовшашка олу масех дош, амма кестта, цхьа а аз ца

[1] Владикавказ – БуритIе.

хезаш, гуттаренна севцира нехан хабарш... Кешнашкахь санна йолчу оцу тийналлехь, цIеххьана, буткъа беха узам беш санна болчу мукъамца лакха болийра Iадхьокху пондар.

ЭхIе, ма мукъам а бу-кх иза! Сан ницкъ кхочур бац оцу хьокъехь дика яздан. Сингаттамо буьзначу кийрара схьадуьйлучу узаман аьзнаша ладугIучийн а, и пондар лоькхучун а дог Iийжош лазадора... Байн хьоькхучу махо узаман аьзнаш генна дIакхоьхьура, хIора дитт, хIора жIолам, хIора кондар, цара синтем бойуш меттахъхьуьйш санна, хеталора. Кхин масех минот яьлча, массара а тIаьхьара а олуш, цкъа юкъара узам хилла дIахIоьттира Iадхьокхучу пондаран мукъам, гобаькхкхина гонаха хезаш дара гIайгIанан, дегаIийжаман аьзнаш. Оцу мукъаман узамо муьлххачу а дешнашчул чIогIа гойтура адамашкахь болу дала орца доцу бала, муьлхха а арахьарниг а гIайгIане вора цо, оцу адамех доглазар гIаттадора цуьнан кийрахь. ГIийлачу узамо ойла кIадйора, синтем бойура, сагатдалар алсамдоккхура, ткъа цунна кIелхьаравала ницкъ а бацара.

Ша виначу ненах гуттаренна а дIакъаьсташ леш воллучу кIанта тIаьххьара а бечу узаман мукъаман аз, цуьнан сацца доллуш долу садеIар дара иза. Вовшийн дегIан пхенашкахь дIасалелаш долчу цхьанатайпанчу цIийх цхьаьнадоьзна, вовшийн дезаш долу дегнаш къинхетамза а, гуттаренна а вовшахдохура шогачу ницкъо. И узаман мукъам хIинца узаршка бирзинера, леш доьIучу сих тарбеллера, шегахь цхьаьнгахь болчу балина, аьтто бохарна я декъаза дахар хиларна арз деш волчу цхьана стеган доцуш, ткъа дуккханнийн а хиларна, кхин а догдохош, гIайгIа кIаргъеш дара и узарш. Кхузахь массеран а юкъарчу балано, юкъарчу гIайгIано, юкъарчу сингаттамо цхьаъ дой цхьаьнатухура дерриге адамаш. Кхузахь цхьана узамехь гIайгIанна цIийзаш дара дуккха а дегнаш, церан юкъарчу узамехь гуш дара дерриге халкъан Iийжаме лазар.

Шайн Даймехкан тешаме кIентий, доза доцуш цунна тешаме болу нохчий гуттаренна а шаьш биначу махках бовлуш бара. Оцу мехкан бозуш цахиларан, ирсан дуьхьа шен кIантах вала кийча вара да, майрачух яла реза яра зуда. Цхьа а хIума лоруш боцучу къизачу, шогачу ницкъо бохура уьш шаьш

бIешерашкахь баьхначу меттигашкара дIа, шаьш шена тIехь бина латта дIатаса дезуьйтура церан.

ХолчухIиттина долу адамаш, бехкаш дохуш санна, стигала ирххьоьжура, цигара мукъана а гIо хиларе сатуьйсуш, амма иза цахилар а гой, юха а кортош охкадора цара.

Махках бохуш болчу царна хIора дитто, некъан хIора голатухучу меттиго, хIора а меттиго дагадоуьйтура церан майраллин хьокъехь, барам боццуш дукха царна хиллачу зенийн хьокъехь, безам болчу Даймахкехьа латточу къийсамехь цара Iенийначу цIийнан хьокъехь. Ког дIа мосазза баьккхи царна хьалхахIуьттучу дIадаханчун суьрто, цIийдинчу эчиго санна, дог дагадора, багах дош ца долуш, даккхий синош дохуьйтура. Дешнаш эшшане а ца оьшуш йолу миноташ хуьлу адаман дахарехь. Оцу адамийн узарш, белхарш, деш долу къурдаш ца хезначунна хаалур яц бIаьрзе диначу синан ерриге гIайгIа. Боккха бала шайгахь болчийн кийрарий бен довла тарлуш доцучу, дог Iийжош долчу, муьлххачу а дешнашчул чIогIа шайгара ерриге къиза хало хаайолуьйтуш долчу аьзнийн сурт хIотто хала хир ду цунна.

Сингаттамах дуьзна, кхоьлина долу массеран а бIаьргаш Галашкан ломахь шаьш дIатийсинчу кхерчашка сатийсарца юханехьа хьоьжуш дара. Цигахь хийла луьра тIемаш бинера цара шайн паргIатонехьа, хийла дика а, вон а гинера царна оцу меттигашкахь.

Мича хотIе эгна-техьа уьш иштта къиза бала хьеггал? Иштта адамалла доцуш хIунда кхийсина-техьа уьш шайн дайх бисинчу баннашна чуьра ара, пана дуьненахула дIаса а баржош? ХIун бехк бу-техьа церан? Церан бехк дера бу, бузур боцучу, Iебар боцучу Нохчичоьнан урхалчашна нохчийн хьалдолуш долу беркате латтанаш шайн кара схьалаца лууш хилар. Даима а оцу латтанийн бакъонца дай хилла берш, хIумма а ойла ца еш, махках баьхна дIабахийтар «къинхетам бар» лорура цара.

II

Махках баьхна дIабахийта новкъабаьхна болчу гIайгIанечу нахана юьстах, шовданан йистехь цхьа хиъна Iаш яра наггахь бен ца хуьлучу тайпана хаза-исбаьхьа йоI. Экаме, цецвоккхуш безамехь, амма бос байна йолчу шен юьхь тIе ши куьг а диллина, кIорггера ойла еш, чохь нур лепа шен бIаьргаш цхьана метте тIе а боьгIна Iара иза.

Массарна а цхьаьна тIехIоьттина бала лан атта делахь а, адамашна юкъахь хилча, шен гIайгIа яйлуш елахь а, иза, хIетте а, царах ша цхьа хилархьама, шегахь долчу хьолан хьокъехь ойла ярхьама, шегара хало кхин а чIогIа хааярархьама юьстахъяьллера.

ЙоьIан цIе Элисо яра. Цуьнан да, Чербижан Анзор, тохара цкъа Шемалан наиб хилла а, даймахкехьа латточу къийсамехь шен ерриге жималла, къоналла дIаелла а, даймехкан паргIатонехьа къуьйсуш шен кхаа кIантах ваьлла волу уггаре майра къонаха вара. ХIинца иза дакъазаваьлла, шен хан яькхина воллуш воллу къена стаг ву. Оцу воккхачу стеган берриге бахам, дерриге ирс, синтем – Элисо бара. Ткъа тахана да а, йоI а шаьш диначу мехкан Iодика еш дара.

Дусаделлачу цIоцкъамашца, кхоьлинчу юьхьца, детталучу дагца шен вордана юххехь лаьтташ вара Анзор, шаьлтанан макъарна тIе куьг а диллина, гIийлачу мукъаман узаме ла а доьгIуш. Шен хьаж тIе тоьхна хьацар маситтазза а дIадаькхира Анзора. ГIайгIано ницкъ бора цунна. Дагалецамаша дог гатдира цуьнан.

ДIадаханарг хьалхахIуьттура. Дуккха а хенахь дуьйна дIаяханчу жималлин, къоналлин денойн сурт шерра хьалхахIуьттура. Кайолуш ша оьрсийн отрядашна тIелатар а, церан говрийн дийнна реманаш лехкар а дагаоьхура цунна. Нохчийн зударшна хазахетийта осалчу мостагIашкара ша схьаяьхна хазнаш а дагаяьхкира воккхачу стагана. Мох санна, ша арахь хехкавелла денош оьхура дага. Шен хьокъехь, дикачу кIентан доьналлех лаьцна яьхна а, ерриге Нохчийчохь лоькхуш хилла йолу эшарш екара лерсинехь.

Доза доцуш шена муьтIахь а, езаш а хилла йолчу хазачу зудчун сурт хIоьттира цунна хьалха. Ша къанвеллачу хенахь шена гIортор хир ю-кх, бохуш, кхуо шайх лаьцна ойла йина волу кхо кIант бIаьхаллин къийсамехь цхьанна тIаьххье кхуьнан бIаьргашна хьалхха, ган а гуш, вожаран сурт а делира ойланехула чекх.

Кхин цкъа а хьаж тIе куьг а хьаькхна, доккха са а даькхина, чIоггIа элира цо:

– Ла-илахIа, иллалахI!..

Шен сапаргIатдаккха, цхьа хIума лоьхуш санна, дIасахьаьжира иза, тIаккха ведда воьдучу цхьана кIантах бIаьрг а кхетта, цуьнга мохь туьйхира цо:

– Къора! Элисо ца гира хьуна?

– Дера гира, гира те! – аьлла, жоп делира кIанта. – ДIогахь, шовдан йистехь ю иза! Со хIинцца цигара вогIуш ву. Ша цхьа хиъна Iаш ю, сов чIогIа гIайгIане, сингаттаме ю иза... – шен дош чекх а ца доккхуш, дIаведира кIант.

– ГIайгIане, гIайгIане! – и дешнаш юха карладехира сагатделлачу нохчичо. – Муха хир яц иза гIайгIане?!

И дешнаш аларца цхьаьний, корта а оллийна, кIеззиг вист ца хуьлуш а Iийна, кийра богуш, меллаша элира цо:

– Веза-кх цунна иза, веза, ткъа суна цунна иза вицвалийта лаьа, со иза цунах къасто гIерта.

Анзор меллашчу боларца шовдана тIе вахара. Элисо шовданан йистехь хиъна Iаш яра, шен гIайгIанечу ойланашна ерриге чу а яхана, Даймахкаца цхьаьна шена везаш волу Важия цо дIавоккхуш хиларо кхин а лазайора цунна и гIайгIа.

Мохевцийн тайпана волу гуьржи Важия барам боцуш, тоха са доцуш везара йоIана, шен жашца иза дежийлашкахула ваьлла лелачу хенахь тасаделлера кхеран гергарло.

ЦIеяххана дика кIант, куц долуш безамехь жима стаг, дикачу хьолан да волу Важия массо а хьоьгуш жима стаг вара, амма иза керста вара, ткъа Элисо бусалба яра, цундела йоIана дика хаьара, ша цуьнга яхийта шен нах реза хирг цахилар.

Цул совнаха, оцу хьокъехь цхьаьнгга а хIумма а дийца хIуттуш яцара Элисо. Шен кийрара бала цхьаьнгга а балхо,

шен дагчохь дерг дийца таро яцара цуьнан. Йоlана шера хаьара, шен динехь болчарна юкъахь шегахьа берш карориг цахилар.

Нагахь и тайпа гlуллакх тохара хьалха нисделча, бусалба зудчунна (нохчийн зудчунна) ламанца дехачу гуьржийн тайпанах волу жима стаг – керста везаваларх, схьахетарехь, уьш цхьана динехь цахиларо меттигерчу гlиллакхашца новкъарло йийр яцара и шиъ зудий-майрий хиларна; амма хlинца, гуьржий, аьлча а «керстанаш», оьрсашна хьалха а бевлла, царна некъ а буьйцуш лелачу хенахь, гауршца цхьаьна уьш шайн доттагlий хиллачу лулахошна – нохчашна – дуьхьал летачу хенахь, билгало йоллуш, кхин тайпа хьал дара! Ткъа оьрсаша гуьржийн гlоьнца ма эшийра нохчий. Ткъа цул тlаьхьа, бакъду, муха тарлур ду гуьржашца цхьаьна гlуллакх даран а, гергарло хиларан а хьокъехь къамел хилар?

Иштта ойла а яра, иштта баха а бохура хlора нохчичо а, цундела, кхеташ ду, тlейолчу хенахь царний, луларчу гуьржашний юккъера муьлхха а зlе хада езаш а, тохара хьалха доттагlалла долуш хилла и ши къам вовшийн мостагlий хилла дlахlотта дезаш а хилла хилар.

Чербижан Анзор, дукхахболу ламанан нах санна, хьекъал долуш а, хlуманах кхуьуш а стаг вара. Цо мелла а кхечу кепара мах хадабора гуьржашний, нохчашний юккъерачу галморзахаллин. Цо олура: «Вайна генна бехаш болу гуьржий lехабелла: берриге дика белхаш бийр бу бохуш, тилабо уьш, ткъа ламанца болу гуьржий вайна дуьхьал нуьцкъашха боху». Иза мухха делахь а, гаурша боху кхиамаш, гуьржийн бехкенна хуьлу аьлла хетара царна, цундела цаьрца кхин тlех герггара юкъаметтигаш хилар лууш бацара уьш.

Амма мел тешнабехке ю-кх адаман кхиэл!.. Цуьнан дакъазаллина, хlуьттаренна санна, цуьнгахь болу бала кхин а базбархьама санна, цуьнан цхьаъ бен йоцчу йоlана моховец Важия везавелла. Бакъду, Анзорана иза ма-дарра дика хууш дацара, амма хlетте а даг чу иккхинчу шеконо сагатдора, бlарзвинера иза.

Цу тlе, и гlуллакх нисделлера хlара даймахках волучу, шен цlийне тlаьххьара «lодика йолда» а аьлла, верриге бос

байна, вегош, синтем байна волчу, кхуо шен цIа шен куьйга дага а дина хIара араваьллачу хенахь. Оццул кхунна халчу, баланечу оцу муьрехь кхуьнан тIаьххьара а гIортор йолчу йоьIан дог гуьржичуьнгахьа даьллера, оцо мискачу воккхачу стагана гуттаренна а йоIах дIакъасто а, серло йоцуш цхьа хIара вита а луьра кхерам туьйсура.

Кхунна хаьара, Элисон, нохчо иза хиларе терра, хенахь сапаргIатдер доцийла, цуьнан дог хенахь машаре хир доцийла; нохчийн зудчунна хала ду стаг везавала, амма цкъа везавелла ваьлча, цунна тIаккха цхьа а доза ца хаьа, оцу ойланна ша ерриге а дIало цо.

Делахь а, Анзор иштта йолу ойла еш а, шена хеташдерг, ша сацийнарг нийсахиларх тешаш хиллехь а, хIетте а кийран кIоргехь цуьнан хIинца а дегайовхо яра, хан яларо мухха а дIашарйийр ю йоьIан дагчохь иккхина йолу ойла, бохучух.

Амма цуьнца цхьаьна цунна гора, Элисо де мел дели гIайгIане хилла, къамелана тIера йоцуш, шен бала ца балхош дIахIуттуш латтар.

ХIинццалц схьа садетташ, къийлалуш, цуьнан гIайгIане хилар шена гушхиларх йоI ца кхетийта гIерташ вара Анзор, амма тахана, шен дай баьхначу лаьмнех хIара гуттаренна а дIакъаьсташ волчу хенахь, къуй санна, схьа а лецна, махках бохуш болу нах кийрахь дегнаш доцуш шога болчу салташка дIабеллачу хенахь, цуьнан даге ла ца лора цхьа хилар, цо лоьхура шен дакъалацар, цундела вахара Анзор йоI йолчу.

Шена везачу кIентан хьокъехь ойланаш еш Iачу Элисона туса ца луш тIекхечира да.

– Элисо! – элира дас, цунна тIе а вогIуш, цуьнан белш тIе дайн куьг а дуьллуш.

Набарха санна самаяьлла йоI хьалагIатта лууш хилира.

– Хаий Iе, хаий Iе! – аьлла, иза юха а охьахаийра Анзора, ша цунна юххе охьа а хууш.

Дехха дист ца хуьлуш Iийра и шиь. Мелла кхеташ дара тийна хIаваъ. Къеггина лепара седарчий. ГIийлачу ойланца хьоьжура Элисо хьалха ехха схьагучу шерачу арене, цунна тIехь къайладевллера хьаннаш йолчу лаьмнийн баххьаш.

Леррина хьоьжура Анзор шен йоІе дІа, цуьнан дагахь дерг, мел кІезиг дерг а, цуьнан юьхь тІе хьаьжча билггал хаалууш санна.

Вист ца хуьлуш Іаш волу хІара, киснара кисет схьа а яькхина, кераюкъе томка а доьхкина, иза ата а аьтта, луьлла а юьзна, цІетухучуьнца иза лато хІоьттира. Я кІожам тІунбеллехь а, я мокхаза дика бацахь а цІеран суьйнаш ца довлуш вехха ваьллира Анзор, делахь а тІаьххьара а латийра цо иза. Ехха, багара дІа ца йоккхуш, сутараллица уьйзура цо луьлла, цуьнан кІуьре шен деган лазарна гІоли яйта, шен даг чу яьхкина сингаттаме ойланаш дІакъахкаяйта иза гІерташ санна хеталора.

ТІаьххьара а, вист ца хуьлуш Іен кхин тоха са а ца хилла, Анзора меллаша элира:

– ХІокху тайпана хьо гІайгІане йолуш сайна ца гайта, со велла хуьлуьйтур вара ас!

– Со-м яц гІайгІане, – аьлла, жоп а делла, гІийлачу, ойланечу бІаьргашца цуьнга дІахьаьжира йоІ.

– Го суна, го! – элира воккхачу стага, дашца бийцалур боцуш болу бала кийрахь а къуьйлуш. – Халонехь, балехь ю хьо, ткъа сан, декъазчу мисканан, хьуна дан гІо а дац.

– Сан хьокъехь са ма гатде ахь, дада! – жоп делира йоІа, цунна хьеста а луш.

– Ткъа хьо дагчохь цхьа гІайгІа, бала болуш ма ю. Иштта дац иза?

– Аьшпаш буттур бац ас. Бакълоь хьо, дада!

– Ткъа делахь, хІунда ца юьйцу ахь суна хьайн гІайгІа? ХІунда лечкъадо ахь сох?

– Ткъа хьо кІезигчу балехь ву? ЭхІе, нагахь хьоьгара бала а сан сайна тІеэца таро хилча! – элира Элисос, дена мара а кхеташ.

– Со хІунда хьехаво? – элира Анзора, цхьа вон, цавешаш санна, вела а къежаш. – Со сайн хан яькхина ваьлла, сайн хенахь дуккха а хІуманаш гина суна, лайна ас. Цхьа ког кошахь лаьтташ ву со, ткъа хьо... хьо хІинцца дахарна чуюлуш ю. Хьанна хаьа, хьан дахар муха хуьлу? ЭхІе-хІай! – аьлла, доккха са а доккхуш, шен къамел сацийра воккхачу стага.

– Хьо сапаргIат хилчахьана, ткъа суна-м хIумма а ца оьшура!

Анзор леррина цуьнан бIаьргаш чу хьаьжира, амма цунна дуьхьал дош ца далийра. Цхьажимма хан яьллачул тIаьхьа юха а дIадолийра цо:

– Хьайн нийсархой-мехкарий болчу хIунда ца йоьду хьо? Царех хIунда къехка хьо, цхьа хиъна хIунда Iа хьо?

– Ас хIун дийр ду цигахь?

– ХIун дийр ду? Ткъа цаьргахь бац вайгахь боллу сингаттам, изза бала хьоьгуш ца бохку уьш а? Цаьргахь яц хало, царна ца хуьлу ницкъ? Церан дегнашкахь а ма ю жоьжахати, ткъа дуьненчохь валар а наггахь тоьлашха ма ду! Гой хьуна, цара эшарш а, пондар а лоькху, бийла а буьйлу, белха а боьлху. Елхал хьо: йилхича дог паргIатдолу хьуна.

– Уьш ирс долуш бу! Уьш белхало, ткъа со елхалац! – элира Элисос гIийлла.

Цунах къахеташ дIахьаьжира Анзор, цIоцкъамаш а дусош, чIоггIа элира цо:

– Зударий белха хьакъ бу, ткъа божарий – бекхам бан декхарийлахь бу.

Чуэгна, кхоьлина долу Анзоран бIаьргаш цIеххьана, тохара санна, цIеран суьйнаш туьйсуш, серладевлира, амма оцу сохьта юха а яйра церан серло. Мелла а сапаргIатваьлла, иза йоIе дIахьаьжира. Цуьнан балдаш дегош дара.

– Элисо, – элира цо халла, легашка къурдаш а хIуьттуш, – хIун ду хьан оццул сагатдеш дерг?

– Хаац суна!

– Ахь лечкъадо сох... Хьан дагахь цхьаъ ду.

– Ас хIумма а лечкъа ца до.

– Хьо гIайгIане хиларо къаьхьниг туьйсу сан кийра, дацдо сан дахар.

– Ткъа ас хIумма а ма ца боху, со цхьана а хIуманна арз деш ма яц. Кхин хIун деза хьуна?

– ХIун деза бохург хIун ду? – аьлла, ирхкхоссавелира да. – Ткъа хьан синтем байна хилар?

– Ткъа со-м сапаргIат ма ю.

– ХІан-хІа, яц! Хьо сапаргІат яц, иза ду доллучул а алсам сан сагатдеш дерг.

– Ткъа хІун дича бакъахьа ду ас? ХІун ден ас?

– Алахьа соьга, лечкъа а ца деш. Ирс дайна волчу хьайн дега дийцахьа хьайн дагара. Хьуна дика-м хаьа, хьайна ламаза деш со хилар. Сан миска дог догуш, балоз санна, дешаш ду... Хьуна мукъана а къа ца хета сох?

– Дада, дада!.. ХІун ду ахь дуьйцург?.. Алахьа, хІун де ас со хьуна муьтІахь хилар, сайн хьоьга болу безам гайтарна. Нагахь сан дахар хьайна эшахь алахь соьга, тІаккха гур ду-кх хьуна хьайн йоІана хьо мел веза! Алахьа...

Оцу дешнашца цхьаьна, яхана дена мара а кхетта, цунна барташ даха йолаелира йоІ.

Еххачу хенахь сецна бІаьрхиш комаьрша охьахьаьлхира Элисон бІаьргаш чуьра.

– Хаьа, хаьа суна, хьуна со везар, оцо кхин а сингаттаме до сан вуьшта а декъаза долу дахар!.. Веза-м веза хьуна со, амма хьайн дог Іийжош дерг ца дуьйцу ахь. Веза-м веза хьуна со, амма сан дан хІумма а гІо дац-кх хьуна!.. Со бахьана долуш хила а тарло хьо иштта балехь?

– Нагахь хьо бахьана долуш со балехь хилча иза хазахетар хир дара суна.

– Ткъа делахь хІун ду хІор денна хьо якъош, худуш дерг?

– Хаац, хаац суна! – олуш, да кхин а чІогІа маракъевлира цо.

– Цхьаъ везаш хила тарло хьуна? – аьлла, иза цец ца йоккхуш, кІеда-мерза хаьттира Анзора, кІеззиг соцунгІа хиллачул тІаьхьа.

– Со-м яц и бохуш, – жоп делира йоІа. И дешнаш хезча, вуьшта а дегош долу куьйгаш кхин а чІогІа дегадора, дог сихха детталора, цуьнан хІор тохадалар шера къаьсташ хезара Анзорана. Элисо кхунна тІехьаьрчинчуьра дІа ца йолура. Шен деган къайленгахь йолу ойла дІа ца олуш, да ша цунах кхетийла лаьара йоІана. – Хьо и бохуш-м яц, амма иза иштта-м ду... – элира Анзора, корта а ластош. Дан хІума дац!.. Дуьненан хІума ду иза. Шен хан кхаьчча, бен чуьра арадоду кІорни! Дийца

соьга дерриге бакъдерг. Ала соьга мила ву хьан дог шегахьа даьккхинарг, – ас беллачу сайн дайх дуй боу хьуна – хьан лаамна дуьхьал ца хила. Ала соьга, мила ву иза, мила ву хьуна везавелларг?

Детталуш дог а долуш, гуьржичун цIе ца яккхаре сатуьйсуш дагах гилгаш дохуш, оццул боккха лаам а болуш, леррина ладоьгIуш вара воккха стаг.

– Дада, дада! ХIунда олуьйту ахь соьга дерриге а? ХIунда гIерта хьо сан деган къайленга кхача? Ас дуй боу-кх хьуна, милла а суна везавеллехь а, сайн дагчохь и безам эшон сан ницкъ кхочур бу, ас хьо дIатосур вац, аьлла.

Хазахеттачу дас маракъевлира шен йоI. Кхин цунна оьшуш хIумма а дацара: цуьнан йоIана барам боцуш чIогIа веза иза, лен сахьт тIекхаьчча цо охьадохкуьйтур ду цуьнан бIаьрг-негIарш... Амма дуьххьарлера хазахетар сихха дIаделира, йоI шех дIа а хилош, иза зуьйш цо юха а хаьттира:

– Собардел, сих ма лол! Эрна дуйнаш ма баал! ЙоIана маре яхар оьшу, бацана Iуьйранна дуьллу тхи санна... Алал соьга мила веза хьуна?

– И хIунда оьшу хьуна? ХIун бен ду милла везавелча а?

– Важия везавелла хьуна? – берриге кийра богуш, йоIа хIун олу-техьа, бохуш, хьеннан яьккхина а, цхьана кхечу жимачу стеган, нохчочун цIе йоIа яккхаре дог дохуш, цо жоп даларе хьоьжуш вара Анзор.

Жоп даларан меттана иза юха а дена марахьаьрчира. Оцо гуттара а яйъира ден тIаьххьара шеко. Дог дуьйжира цуьнан.

– ХIа-а, цундела ца лууш хилла-кх хьуна хьайн дагахь дерг соьга дийца! – элира цо, халла Iоттар а еш.

– ХIун бен ду иза, дада? Иза милла велахь а, суна и бен дац... Ас дуй биъна хьуна, хьо дIатосур вац ас.

– Массо а дийнахь гIайгIане хилархьамий, даккхий синош дахархьамий?

– Иза вицван хьожур ю со...

– ХIан-хIа, иза вицлур вац хьоьга!

– Важия – керста ву, ткъа со – нохчо ю. Со декхарийлахь ю иза вицван.

– Декхарийлахь-м ю, амма, вицца-м лур вац! Элисо! Ладогlахьа соьга... Сан сайн говрийн реманаш яра, ерриге Нохчичоьнан аренашкахь паргlат ежара уьш, амма гаурша бахка а баьхкина дlаехира... Сан сайн шортта жаш дара, ас уггаре берстана уьстагI а боьй чу ца кхойкхуш сан цlенна юхехула тlех ца волура цхьа а хьаша, амма гаурша, тlе а летта, дlадехира соьгара уьш. Сан сайн цlа дара, цу чохь меттиг карабора муьлххачунна а, цуьнга хьашт долуш волчунна, амма гаурша, бахка а баьхкина, дагий иза... Иза дерриге а хилира гуьржий бахьана долуш. Уьш богlура гауршна хьалха а бовлий, царна некъ а буьйцура цара, вайца тlемаш а бора! Кхо кlанттий, хьой, герззий дара суна бухадиснарг. Со ведда лам чу вахара. Нийсо йоцуш лелийначу оцу дерриге а хlуманашна тlера сайгара бекхам бар дара суна луушдерг. Амма нагахь Аллахlа стаг дlатесна витахь, эрна ду оцу стеган дерриге гlертарш а!.. Гуьржийн гlоьнца кхечира гаурш лаьмнашна чу а. Цхьанна тlаьххье важа а вуьш, суна ган а гуш вийра сан кхоь а кlант... О-о, мел доккха де дара-кх иза суна! Сайн бlаьрга иза дерриге а гина волу со, муха висна-техьа дийна?! Цхьа хlума дара сан дагна там беш дерг: уьш берриш а турпалхой санна балар, цара мостагlчунна баккъаш ца гайтар.

Са хаьдда, вист ца хуьлуш, жимма садаlа дийзира воккхачу стеган. Шен дийцар юха а дlадоло ницкъ цуьнан ца кхочуш, дикка хан елира.

– Ворхlазза тlелетира тхуна гаурш, ворхlаззе а уьш юхатуьйхира ас. Кхузахь а гуьржий бара царна гlо деш. Уьш ца хиллехьара, гауршка-оьрсашка яккхалур яцара вайн юрт!.. Вайн доьзалехь божарех бухависнарг со цхьаъ бен вацара, ткъа со а висна хилла-кх дашца бийцалуш боцучу балехь декъаза дуьне даархьама!.. Со хlинца къанвелла, гlорасиз а хилла, синтем а, гlайгlа беш lалашвар а оьшучу хенахь махках вала, сайна хьоме хеттачу сайн дайн кешнаш дlатийса, сайн берийн декъий дlатийса дезаш ву со, сан даьlахкаш кхин хьекхалур яц церачех... Хала а, сингаттаме а ду сан дахар! Сан гергарчийн бlаьрхиш оьгур дац сан вала да воцчу докъа тlе. Хьо цхьаъ – сан цхьаъ бен йоцу дегайовхо ю, синтем бу, хьо

декхарийлахь ю сан бIаьргаш гуттаренна а дIахьаббан, амма, нагахь цIеначу даггара Важия хьайна везахь, нагахь иза хьайга виталур вацахь, схьаала соьга... ас юьтур ю и тIаьххьара дегайовхо а!

– ХIан-хIа, дада, ас вуьтур вац хьо! Мел дукха суна иза везахь а; хьо дIатосур вац ас! Хан яьлча, вицлур ву. Ткъа иштта дуй иза, дуй, вицлур вуй? Бакъ дуй иза?

Оцу дешнаша Анзоран сапаргIатдаьккхира. ЙоI шен некха тIе а озийна, тIаккха стигал ирх а хьаьжна, даггара вистхилира иза:

– Хастам бу-кх хьуна, ва АллахI, хIокхунах мукъана а ахь со ца ваккхарна.

И дешнаш хIара аьлла вала кхиале, мичара вели а ца хууш, гучувелира лекхачу дегIахь, зоьртала жима стаг, белшаш тIехь топ а йолуш, агIор баьккхина холхазан куй а тиллина.

– Маршалла ду шуьга! – элира цо чехкка, даима олуш ма хиллара.

И аз хезначу Элисон дегIе цIе хьаьдира, когашна тIе хьала а кхоссаелла, цхьа а аз багара далийта гIора доцуш корта а оллийна, дIахIоьттира иза.

– Маршалла хуьлда хьуна а, – аьлла, жоп делира Анзора хаьттинчу маршаллина, шен меттера хьала а айалуш. Вало тхоьга, Дала ваьшна делла долу рицкъа дуур ду вай.

– Нохчий сискал-туьхана комаьрша бу, шаьш дечу хьошаллина цIеяххана бу уьш, амма со меца вац.

– Некъахо даима а кийча хила веза кхача баа. ХIун хаьа, кхин тIейогIучу минотехь юург яа аьтто ца хуьлий а.

– Да-м иштта ду иза, амма со сиха ву, гIараваьлла волчу Чербижан Анзоран юьртахой гархьама а, цаьргахула цуьнан хьокъехь дерг хаархьама а кхуза схьавирзинера со.

– Чербижан Анзоран хьокъеххьий? Со ву, Чербижан Анзор! Ткъа хьо мила ву? Бодаш бу, хьо вовзалац суна!

– Анзор! – аьлла, мохь а болуш, хьалхахьа таьIира вевзаш воцург.

– Важия! – аьлла, цецваьллачу воккхачу стагера а белира мохь.

– Вай Дела! Элисо а ю кхузахь?! – элира Важияс, жимма вист ца хуьлуш а Iийна. – ХIун хилла? Стенга даха кечделла шу? Зиярте ламазаш дан доьлхуш-м дац шу? – аьлла, хаттар дира цо, леррина Элисога а хьожуш. Кхузахьара мехкарий хазахеташ, самукъадолуш ма оьху ламазаш дан, ткъа хьо стенна ю гIайгIане?

– Кхузахьарчу мехкаршна а хаьара дезачу деношкахь самукъадаккха а, бала тIебоьссинчу хенахь хебна хила а, – аьлла, гIийла жоп делира Элисос.

И дешнаш хезча воьхна висира Важия. Анзор вехаш волчу юьрта, Iай жаш дажо, мехах дежийлаш лаха вогIуш волчу кхунна уьш махках бохуш хиларан хьокъехь хIумма а ца хаьара. ХIокху Iай Элисо ехийта кечлуш а вара иза.

Гонаха дIасахьаьжча Важия шеко йоцуш тийшира кхеран новкъабовлар Далла ламазаш дан боьлхучух тера цахиларх.

– Анзор, хIара хIун ду, хIун хилла шуна! – боху хаттар дира цо, дагчохь кхерам а болуш.

– Истамала даха новкъадевлла тхо, – меллаша, амма къастош, элира Анзора.

Сел цIеххьана а, дагахь доцуш а хезначу оцу дешнаша цецваьккхина Важия хенахь саметта ца веара.

– ХIун бохура ахь? Шаьш стенга доьлху боху ахь? – халла бен Iаь а ца йолуш, хаьттира цо.

– Истамала! – аьлла, доцца хадийра воккхачу стага.

– Истамала, – и дош юха карладаьккхира Важияс, дикка вохарца. Ойланаш хьийзаш хиларна кхеттане а ца кхетара иза. Истамала. Мичахь ю Истамала? Ахь бегаш-м ца бо, Анзор? Бой? Бегаш бу-кх ахь бийриг! О-о, Элисо, ахь мукъана а алахьа соьга бакъдерг.

– Дадас бохург бакъду. Тхо Истамала даха новкъадевлла.

– Элисо! Ахь дуьйцург хIун ду? Дикка ойла ехьа, суна хIун жоп дала йоллу хьо?

– Хьуний? – аьлла, дIадолийра воккхачу стага, амма оцу сохьта сецира иза.

– Хаьа суна, хаьа суна! Бехк ма билла, лечкъийна, къайле йина хIун дийр ду! Суна еза-кх Элисо! Цуьнан дуьхьа детта-

луш ду-кх сан дог, цуьнан дуьхьа бен дахар оьшуш вац-кх со, ткъа ахь боху шаьш Истамала доьлхуш ду.

– Хьо сан йоI езаш ву, амма...

– Ас Делах дуй боу хьуна, и езаш ма ву со. ЧIерана хи санна, олхазарна хIаваъ санна, дукха ма еза суна иза! Цунах къастар лалур ма дац соьга... ХIунда до ахь сан дахар хIаллак? ХIунда дохадо ахь сан ирс?

Верриге вегош волчу воккхачу стаге дош ца алалора. Цунна хьалха лаьтташ дара цIеначу даггара, вовшашна тоха са доцуш, жималлин ерриге кхехкаш йолучу ойланца вовшийн дезаш долу, ткъа шо кхаьчна волу Важия а, ялхитта шо долуш йолу Элисо а. Цара лоьхура ирс, и ирс хила юьззина бакъо яра церан.

Ткъа хIун дара воккхачу стеган цунна дуьхьалдало? ХIун бахьана дара цо церан лаамна дуьхьало ян?

– Хезий хьуна, Элисо! Ахь айхьа ала деза цуьнга, ахь айхьа дала деза цунна жоп.

– Элисо! Алахьа, ас доьху хьоьга. Кхин хIара бала хьега ницкъ кхачац-кх сан.

Чохь са доцуш санна, ша йолччохь лацаелла, меттах ца хьовш, лаьтташ яра Элисо. Тоха са доцуш, собар дайна цо олучуьнга ладоьгIуш вара ши стаг, цо олучо цу шиннах цхьанна лен чов яра йийр йолуш.

Йист ца хуьлуш лаьттара Элисо. Балин Iаткъар тIехдаьллачу цуьнан дагчохь вовшашна Iаламат галаморзах-йолу ши ойла яра. Хьалхарниг – дена хьалха долу йоьIан декхар, шолгIаниг – Важияга болу безам. Ши ойла вовшашца къуьйсуш яра. Масех минот хьалха цунна хетара, дена хьалха долчу шен декхаран ойла безаман ойланал тоьлур ю, амма хIинца, кхунна Важия ма гиннехь, цуьнан аз ма хеззинехь, цхьа гуш боцу ницкъ хьаьдира цуьнан дерриге дегIан пхенашкахула, цуьнгахь юха а меттахъелира ша зуда хиларан ойла. Бакъду, безамо гуттар а къардина дацара цуьнан дог, амма, делахь а кхийолу ойла тоьлийла а ца лаьара цунна.

– Элисо! Юха а алал, айхьа соьга хIинцца аьлларг. Я, хIара стаг а гина, и дешнаш ала ца хIутту хьо?

– Дада! – аьлла, халла йист а хилла, юха а дIатийра Элисо.

– КхидIа хетта оьшуш а дац! – элира ойла йоьхначу воккхачу стага. Цхьамза хьуллур бац гали чохь. Делахь хIета, со Iехийна хилла-кх ахь, – аьлла, тIетуьйхира халахеттачу дас. Ша волччу, когаш хадийча санна, охьавахара иза.

Цуьнга хьоьжуш чIогIа дог Iийжара Элисон а, Важиян а. Иштта, холчухIиттина, хIорш Iаш масех минот елира. ТIаьххьара а корта хьала а айина, дегайовхо йоцуш кхаьрга дIахьаьжира иза. Дегочу куьйгашца цо гIо лоьхуш санна хеталора, ткъа, и гIо кара а ца дина, юьхь тIе куьйгаш а дехкина, боккхачу лазамца элира цо:

– Дерриге, дерриге дIадели... Къаналла кIелдисна жIаьла санна, лелар ву-кх со а нана-дуьненахула... Сох къахета а, велча суна тIаьхьа велха а стаг хир вац-кх. Кхин бац-кх сан я кхерч а, я вина мохк а. Дерриге а, дерриге а дIадаьккхи соьгара... Ас доьху хьоьга, Важия, ас чIогIа доьху хьоьга!.. Хезий хьуна! Чербижан Анзора доьху хьоьга, чIоггIа доьху хьоьга. Иза милла велахь а, цхьана а стаге дахарехь цкъа а дехар дина воцчу Чербижан Анзора дехар до хьоьга... Хьо боьрша стаг ву, цундела хьо кхетар ву ас, воккхачу стага, дуьйцучух. Кхетар ву соьгахь болчу баланах, сан деган лазарх. Ирс долуш волчу хьуна атта ду. Хьан цIа а, латта а ду, Даймохк а бу!.. Вежарий а, гергарнаш а бу хьуна гонаха. Хьо хIинца а жима ву, хьан дахар хIинца а хьалхахьа лаьтташ ду, дуккха а хазахетар, самукъадалар хир ду хьан. Хьо ирсе венволу, Iаьржа бIаьргаш болу хаза мехкарий кIезиг карор бац хьуна... Ткъа со? Мила ву со? Хьажахьа соьга. Со-х цхьана когаца коша чохь лаьтташ ву... ХIун хир ду сох, нагахь йолах валахь...

Халахетар дукха даздаларна воккхачу стаге кхин хабар дийца ца лора, садеIар а хьуьхьвоьлла дара цуьнан, вист ца хуьлуш, цхьа а дош ца олуш, цхьана куьйга-эшара гойтура цо шегахь йолу хало, цуьнан юьхь-сибат цIарматдаьккхинера гIайгIано.

Важия къинхетам болуш а, яхь йолуш а стаг вара. Иза цо дукхазза гайтинера ша дечу гIуллакхашкахь, амма хIинца юха а ваьлла, Элисо йитар – иза цуьнан ницкъкхочуш дацара.

Дегахь йолчу халоно, цуьнан бIарзвелла дIахIоттаро а ойла кIадйира Элисон. Важияс жоп даларе а ца хьоьжуш, шен кийра кхехкар мелла а лачкъо а гIерташ, цо элира:

– Важия! Стигал а, латта а теш ду-кх, хьо воцург цхьа а везавелла ма вац суна, хьо воцург цхьа а везаш а, везар волуш а ма яц со... Хьо воцург цхьа а сан майра хир ма вац...

И дешнаш хезча, воккхачу стеган дог Iовжош гIийлла велхар иккхира, хазахетта Важия хьалхахьа таьIира.

– Амма, – аьлла, тIетуьйхира йоIа, шен дош хадам боллуш хилар а гойтуш, – ас цкъа а дIатосур вац да.

БIаьрг-негIар тухучу хенахь дерриге а хийцаделира. Воккха стаг йоIана тIегIерташ вара, шен дакъаделлачу балдашца цунна барт баккхархьама, ткъа Важия, стелахаьштиго Iадийча санна, гонаха хуьлуш долчух ца кхеташ лаьтташ вара. Аьчкан хIазарна юккъехь шен корта Iуьйдуш санна хетара цунна; бIаьргашна хьалха тайп-тайпана суьрташ хIуьттура, цIий сецча санна хетара.

ТIаьххьара а саметтавеанчу цо, доккха са а даьккхина, маситтазза корта а ластийна, ша-шена некха тIе буй а тоьхна, кучан кач катоьхна дIа а бIаьстина, холчухIоьттина, карзахваьлла мохь туьйхира: «Ма бала бу-кх соьгахь!» – аьлла.

Анзор хьала а гIаьттина, йоьIан куьйга тIе а тийжаш, дIаволавелира. Масех гIулч яьккхича, цо Важияга элира:

– Iодика йойла хьан, Важия!.. Дала ирс долуш войла хьо!.. Кхин хIумма а ала ницкъ а ца кхаьчна, дIаволавала дагахь хилира иза.

– Собардехьа, Анзор! – аьлла, чIоггIа вист а хилла, дIакховдийна куьйгаш а долуш цунна тIаьхьаведира Важия.

Анзор сецира.

– Ахь боху хьайна Элисо еза, цунна диканиг хилар а лаьа. Ткъа суна ца еза иза? Ткъа суна ца лаьа цунна диканиг?.. Ас Делаца дуй боу хьуна, хьуначул дукха ма еза суна иза! Хьол чIогIа балехь ма ву со!.. Муха хир ду сан дахар иза йоцуш?

– Элисо, яло дIагIо цуьнца, дIагIо, нагахь хьайна лаахь, – элира дас.

– Дада! Ас аьлла, хьо дIатосур вац! Ткъа хIунда хьийзайо ахь со!

– Важия! Хьуна хезий цо бохург? Сан йоI соьца юьсуш ю.

– Ткъа хьуна ца хезира, цо со веза олуш? – элира кхоккийначу гуьржичо. – Со веза цунна, амма хьоьца юьсу! ХIунда къахьдо ахь цунна дахар? Цунах хьайна марзо эцархьамий? Э-э... яI! Схьагарехь суначул кIезиг еза хьуна хьайн йоI. Сайн дуьхьа ас бийр бацара цунна оццул ницкъ. Бийр бацара, ас Делах дуй боу хьуна!

– О-о! НеIалт хиларг! – элира воккхачу стага, цергаш а хьекхош. – Лаьхьа зезагашна кIел лечкъа, ткъа адаман дог – цуьнан дешнашна кIел! Ишттачу хабаршца соьга йоI дIаялийта гIерта хьо? О-о! НеIалт хиларг!

– Дада! – аьлла, ден дашна юкъаиккхира йоI. – Ма кхайкхадехьа цунна неIалт! Ас ца аьлла хьоьга, со хьох ериг цахилар...

– Делахь ца веза хьуна со! – мохь а болуш, бос байра Важиян.

– Веза! Дела ву-кх цунна теш, амма да дIатосур вац ас!

– Делахь хIета, ас хIун до ваьхна? – олуш, дешнаш а хедош, мохь белира Важияга.

И дешнаш оллушехь, чIарх-аьлла топ белшаш тIера охьа а яьккхина, шен дагна тIехIоттийра цо, бух когашкахьа а берзош, когаца лаг озорхьама.

Элисо мохь а болуш, дог гIелделла охьаюьйжира. Анзор цунна тIехьаьдира, Важияс лаг уззучу оцу минотехь катоьхна топ дIаерзийра цо. Топ елира. Важияна ца кхеташ хIаваэхула тата а доккхуш дIаяхара дIаьндарг.

– ХIун ду ахь дийриг, хьекъалх тилларг?! – аьлла, тIечевхира воккха стаг.

– ХIунда ца вуьту ахь со сайн дахаран чаккхе яккха... Со и йоцуш хьала а, охьа а вехар вац хIокху дуьненчохь.

– Со-х мукъана ма латадехьа къа. Сатохахьа, Делан дуьхьа!..

Дог гIелделла Iуьллу Элисо а гина, ший а цунна тIе а хьаьдда, иза саметта яло хIоьттира. Халла саметта еанчу цо доккха садаьккхира. Цуьнца цхьаьна сапаргIатдаьлла даккхий синош дехира Важияс а, дас а.

– Дийна ю хIара-м! – элира дас.

– Далла бу хастам! – тIетуьйхира Важияс.

Цу шинна а дицделлера шаьшшиннан хьокъехь, дицделлера шаьшшиннан дар-дацар, оцу цхьаннан хьокъехь гIайгIа беш гонаха хьийзаш, дерриге цунна оьшург деш вара и шиъ.

Элисос куьг меллаша хьаж тIехула а хьаькхна, кхин цкъа а доккха са а даькхина, меллаша элира:

– Мичахь ю со?.. ХIун хилла суна?

– Ма кхера хьо, Элисо!.. Хьо кхузахь, соьца ю, – аьлла, жоп делира дас.

– ЭхI-хIай, дада, цхьаъ-м хилла, амма дага ца догIу суна.

– ХIумма а дац, герз даьлча кхераеллера хьо.

– А-а, герззий, – элира цо, дегI а озош. ТIаккха дерриге хилларг шерра дага а деана, ирча мохь а болуш, хьалаиккхира иза. – Мичахь ву иза? ХIун хилла цунна? Ахь вийна иза, дада, ахь... О, сан дакъазалла, сан ирс дацар!..

И дешнаш а олуш, шен кIажарех катуьйхира цо, амма оцу хенахь Важияс шен ондачу куьйгашца мара а къовлуш некха тIе озийра иза.

– Кхера ма кхера хьо, со кхузахь, хьоьца ву, дийна, зен хилла воцуш!

– О-о, сан Дела!.. Алахьа хIумма а лозий хьан? Чов хиллий хьуна? Ткъа баккъал а дийна ву хьо? О-о, къинхетам боцург, хIун дан воллура хьо хьайна?! Ткъа со йицъеллера хьуна? Сох къа ца хетара хьуна? – бохуш, хьесталуш, барташ дохуш, цунах дIахьерчара Элисо.

– Сан ирс! – аьлла, жоп делира Важияс, дукха хазахетарна, воккхаверна са а ца даIалуш.

Шайн ирс бен кхин хIумма а гуш доцучу кху шинна вицвелла миска да кхуззахь лаьтташ вара, цхьа а аз далийта ца хIуттуш. Иза тийшира, цхьаъ бен дан хIума цахиларх – вовшийн дезаш долу и ши дог вовшехдозар, цакъастор бен. Ша бахьана долуш цхьана маьIаргона и шиъ ший а леш хиларх кхийтира иза. ХIинца иза ца хIуттура оцу шиннан ирсана дуьхьалхила, цо даггара декъалдира и шиъ. Ткъа тIаккха оцу кхааммо а сацийра, шолгIачу дийнахь БуритIехь[1] дIахьедан:

[1] БуритIе – Владикавказ.

Анзор шен йоІаца цхьаьна Турце дІаваха кхин лууш вац, аьлла. Цул тІаьхьа уьш Важиян цІен тІе гІур бу, цигахь Элисон, Важиян ловзар а дийр ду, ткъа воккхачу стага пагрІатонехь шен йисна хан а йоккхур ю.

Иштта сацам а бина, махкара дІабохуьйтуш болу нах севццачу дІабахара уьш. Цигахь, тохара санна, сингаттаме дара, дог Іийжош, тохарлерра узам беш лоькхуш Іадхьокху пондар а бара.

Хан яьлла хан яра. Къилбседехьара шело йогІура, маьлхан зІаьнарийн йовхо хІинца а дІаялаза долу латта цо сихха шелдора. БІеннаш лаьттахь Іохкуш долчу адамийн ирча сурт дара гуш. Кхузахь гуш яра хІумма а бен а ца хеташ йолчу Іожалло шен карара кІант а ваькхина, тийжаш йоьлху нана; йист ца хуьлуш, цхьа а дош ца олуш, кхачалур йоцу гІайгІа, боккха бала чохь гучу бІаьргашца цо доьхура хІинца леш воллучу, тІаьххьара синбилгалонаш дІайовлуш волчу, шен цхьаъ бен воццчу кІантана гІодар. Кхуза юххехь Іуьллуш яра доьзалхо хуьлу хан тІекхаьчна цхьа гІийла зуда, са ца тохадаллал халачу лазарша хабийна иза чІечкъашка оьхура; къинхетам боцуш ша аракхоссаран нийсо цахиларан теш хиларе кхойкхура цо Деле. Ткъа дІогахь йишхаьлла дечу велхаран къурдашца шен бераш шена къинтІера дохуш вара къаналла кІелвисна да. Цунна хало еш дерг дара иза гуттаренна а царах дІакъаьсташ хилар, иза ур-атталлаа дІаволла а стагга а хирг цахилар.

Массанхьа а дог Іийжош хезаш адамийн узарш дара, царна тІаьхьара бохуш узам бора Іадхьокхучу пондаро а.

III

Сингаттамехь, гІайгІанехь дІаяьхьира и буьйса нийсо яцаро дакъазадаьхначу, ирс дайначу адамаша, сингаттамехь, гІайгІанехь болуш бевлира уьш сахуьлунга.

Шайна юкъахь Важия ваьхна болчу жаІуйн дахар а дара иштта дуккха а ницкъашбар а, халонаш а лан дезаш, иза Іемина вара царна садетта. Амма хІинца чІогІа ойла йоьхна, сахьийзаш, собаре воцуш хьоьжура иза малх схьакхетаре, хІокху

халачу хьолана юкъараваьлла сихха дIавахархьама. Ткъа мадарра аьлча, мила хилалур вара и ирча сурт бен а ца хеташ, боккхачу балехь долчу оцу адамех дог ца лозуш?! Цхьа а бехк боцуш долу и адамаш лаьхкина боьлху салтий хила тарло-кх.

Тхи диллина йолу Iуьйре дIа а яьлла, къеггина де тIедеара. Маьлхан зIаьнаршлахь луьйчуш, бес-бесара лепаш дара дуьненан йисттехь хеташ долу лаьмнаш. Хут санна генна дIасаяьржина, хаза хьожа кхетачу зезагех юьзна йолу аре бовхачу механ тийначу садеIаро шуьйра, яйн, хьоьстуш техкайора. Гонаха мел дерг дерриге а денделира, эшарш лоькхуш меттахъхьуьйш дара.

Iаламан сийлалла, цуьнан исбаьхьалла алсам мел йолу, цуьнан хазалла, тамехьа хилар алсам мел дели, тIаккха кхин а чIогIа сингаттам буссура махках даьхна дIадахийта новкъадаьхна долчу, дакъазадаьхначу адамашка, шайга боьссина бала кхин а халонца хаабалийтира царна.

Оцу къематдийнан буса наб кхеташ мел хилларг массо а самавелира. Берриш а кога ирахIиттира, малонца шайн вордanашна, кхузара гена доццуш бежаIуша дажош долчу шайн хьайбанашна тIеоьхура уьш.

Церан дIасалелар чIогIа гIаддайна дара, хIумма а карахдолуш бацара уьш. ГIан-набарха санна дара церан лелар, хIор минотехь а бохург санна, дицлора царна шаьш стенга, хIунда дехи новкъа. Я дукъарц, я кхин хIума а, иза шайн карахь хилар а ца гуш, ехха лоьхура цара. Иштта меттигаш а хуьлура; цхьаъ а-м цхьана гIуллакхе ваха новкъаваьлча, цIеххьана виц а лой, ша волччохь хIуттий лаьтташ хуьлура, лаьтта а хьоьжуш ойла еш, салтичо оьгIазаллица тоьхначу маьхьаро ша самаваккхалц.

– Анзор! Со БуритIе ваха воллу, – элира Важияс, малх схьакхетташехь.

– ГIо хьо, ткъа хьо юхаверзале ас кхузахь дерг дерриге а дIанисдийр ду.

– Дика ду, – жоп делира Важияс. Ийзалуш тIетуьйхира цо: – Мегар дуй со Элисога хьажа?

– Къа ду-кх цуьнан, йитахьа иза! Цунна-х вуьшта а халла наб кхетта.

Важия дуьхьал хIумма а ца олуш, кIорггера са а даькхина, БуритIе ваха новкъавелира, цига дIакхаьчча, сацар а доцуш, лакхарчу хьаькамна тIевахара иза.

ЧIогIа хала садиттинчул тIаьхьа иза сий долуш хилира «механчу стагана» ша «гайта».

– Мила ву хьо? – хаьттира цо буьрса Важияга, цунах шен бIаьрг кхетташехь.

– Со мохевцийн цIийнах волу гуьржи ву, хьо волчу веана.

– ХIун боху цо? – хаьттира лакхарчу хьаькамо, кхуза гена воццуш лаьттачу талмаже. Гуьржичо аьлларг оьрсийн матте даькхира цо.

– ХIун деза цунна? Схьахетарахь, хIара боьха хIума курхалла дарна лаьцна хир ву... О, Дела, маца паргIатдохур дутехьа Ахь тхо хIокху синтем боцчу адамех?!

– Со кхечу тайпанах ву! Со бехке ван мегар дац курхалла дарна! – аьлла, дозаллица жоп делира Важияс, мелла а оьрсийн маттах кхеташ волчу. – Со гIуллакх долуш веана.

– ХIун гIуллакх ду хьан? Вала чехкка алий, со мукъа вац.

– Кхузахь цхьа къена стаг нохчо... Цунна хIинца ца лаьа кхечанхьа ваха дIаваха, ас доьху хьоьга, иза паргIатвитар.

– Яхийта! – аьлла, чуьравелира хьаькам, Важия стенна веана ма хиънехь.

– ОьгIаз стенна оьху хьо? Цхьа йоI йоцург кхин цхьа а вац цуьнан, ткъа со... ас...

– Елара сан бакъо, ас цхьаъ санна, массо а дIадохуьйтур дара шу, ткъа ахь соьга доьху, хIинцале дIавахийта дIаязвинарг бухавитар? Яхийта, яхийта кхузара.

– Батоно, ас доьху хьоьга!

– Яхийта, ца боху хьоьга... Хьоьца бага етта мукъа вац со.

– Мукъа вац бохург хIун ду? – элира оьгIазваханачу, дегабаам биначу, дегIаца куралла а, яхь а йолуш волчу гуьржичо. – Со гIуллакх дохьуш веана хьуна тIе, ткъа ахь соьца къамел дан мукъа вац, боху.

– ХIей, адамаш! – аьлла, мохь а тоьхна гIалагIазкхашка чу а кхайкхина, Важияна тIе пIелг а хьажийна, буьйр дира лакхарчу хьаькамо: – Же, каде шед еттал цунна...

Важия бос а байна, юха кIегаръиккхира.

– Ма латаде сох къа, – аьлла, мохь туьйхира цо гIалагIазкхашка, катоьхна топ кара а лоцуш.

Важияна тIегIерташ болу гIалагIазкхий оцу сохьта кIегар юхабевлира, ткъа валлал кхеравелла лакхара хьаькам мохь а болуш цIа чу иккхира.

Хьалхарчу минотехь боьхна хилла болу гIалагIазкхий юха а саметта баьхкира. Шайна дуьхьал волчу цхьаннах шаьш кхерабаларна эхь хетара царна.

– Схьалаца, схьалаца иза! – бохуш, маьхьарий а детташ, тIегIертара уьш, юьйлина топ кара а лаьцна Iаш волчу Важияна.

– ДIадовла, соьгара хIун оьшу шуна? – аьлла, шен рогIехь мохь туьйхира Важияс.

– Схьало герз, каравола! – бохуш, цIогIанаш деттара гIалагIазкхаша..

– Иза-м хьаха хир дацара шуна! Со кара а веана догдика хир дац шун!

– Схьада герзаш! – аьлла, маьхьарий девлира гIалагIазкхашкара. И буьйр кхочушдан сихвелла дIахьаьдира масех стаг.

ГIуллакх балкона тIехь дара. КIелхьаравала меттиг шен цахиларх оцу сохьта кхийтира Важия. Вухавала меттиг бацара, вухавала цхьаъ бен боцу некъ – балкона тIеволу лами гIалагIазкхаша дIалаьцна бара. Цундела шена чуьра са дIадаллалц лата а, шен дахар безачу мехах бен дIа ца дала а сацам болуш вара хIара.

– Э-э... жIаьлеш... Шу майра ду арданг йина цхьанна дуьхьал лата... Шаьш къонахий делахь, цхьаъ ша валал суна дуьхьал. Гур ду шуна тIаккха, хьенан нана хьанна йоьлху...

Оццу хенахь, юхахьаьжначу цунна гира некъехьа арадолу кор диллина хилар, бIаьрг-негIар тухучу юкъана кора йисте а ведда, корехула охьаиккхира иза, ткъа кхузахь кора кIел лакхарчу хьаькаме хьоьжуш Iаш вара говрашца волу гIалагIазкхи, дIабахийта новкъабаьхна нохчий болчу лагере хьажа кечвелла вара лакхара хьаькам. Дукха ойла ца еш,

гIалагIазкхичунна тIе а хьаьдда, бер санна, иза лаьтта тIе дIа а кхоьссина, ткъа цул тIаьхьа говра тIе а хиъна, хьуьнехьа дIаэккхийтира Важияс.

Цецбевлла гIалагIазакхий коре хьаьвдира, амма царех цхьа а ца хIуттура цигахула охьаэккха, тIаьхье йоцуш, шоззакхузза тоьпаш кхоссарх тоам бира цара.

Вуьйш лами тIехула говрашна тIебевдира, царна тIе а хевшина, хIинцале арахула хаьхкина воьдучу Важияна тIаьхьахаьхкира цара.

Бен а доцуш тоьпаш а кхуьйсуш, цхьана маггIара дIабоьлхуш бара гIалагIазкхий цкъа хьалха, тIаккха масех бере хьалхавелира. Кхин кIеззиг хан яьлча хьалхавелира царех шиъ, тIаьххьара а массо а шена тIаьхьа а вуьтуш хьалхавелира цхьаъ.

Етта тоьпаш кестта совцийра, хIунда аьлча тIаьхьабисначу накъосташа хьалхабевлла боьлхучарна ца хууш чевнаш ярна кхоьруш. Ткъа массарел а хьалхаваьлла Важияна тIаьхьахаьхкина вогIучуьнгахь герз дацара. Амма цIийбеллачу, оьгIазечу бIаьргаша тоьшалла дора, нагахь иза Важияна тIаьхьакхиахь, дикане дог дохийла цахиларна.

Важия говр ма-йоггIу вогIуш вара, кест-кеста мохь а бетташ, куй а лестош говр лоьллура цо. Амма ламанан дежийлашкахь пагIат ярстийна йолу говр кестта кIадъяла юьйлира, хур а деш, ядар лагIдина йогIура иза. Ткъа гIалагIазкхичун говр, тIехууш лелорах йоьлла а, йорайоьлла а йолу, цхьанаэшшара йогIура. ТIаьхьабисначу гIалагIазкхаша дечу къамелаша кхин а сихъеш йолу иза кхин а чехка йолуш йогIура.

Шина говрана юккъера меттиг мелла а яцлуш яра. Юхахьаьжначу Важияна гира, муьлххачу а минотехь тIетоха кечвеллачу гIалагIазкхичо даьккхина тур. Цунна дагахь а доцуш, катоьхна топ кара а эцна, иза Важияс тIехьажийначу хенахь, гIалагIазкхи нуьйра тIе охьа а таьIна, тоьпан хIоъ тIехтилира, куйнан буьхьах а хьакхалуш. Амма оцу сохьта нуьйрахь дIа а нисвелла, говр дIаэккхийтира гIалагIазкхичо. Топ юха юза хан ца хилира Важиян, цундела топ коча а тесна, баттара тур даьккхира цо...

Амма Важия воха ца вуьйхира, гІалагІазкхичо даьккхина тур шена ласточу хенахь, говр юьстах дІаерзийра цо. ГІалагІазкхичун говр хьалхахьа таьІира, амма оцу минотехь гуьржичун тур лестира хІаваэхь.

Иза дерриге а Іаламат сиха хилира. ГІалагІазкхичун говр, масех гІулч хьалхахьа а яьккхина, цІеххьана тІерачу беречо дуьрста озийча санна, тІаьхьарчу когаш тІе ирахІоьттира. Нуьйра чохь ласта а лестина, тІаккха говра тІера охьа чуоллавелира гІалагІазкхи. Кхин цхьа минот яьлча луьйтанашна чуьра когаш охьа а девлла, лаьтта охьавуьйжира иза. ТІахаьлла ластийначу туьрца Важияс шина декъе бекънера цуьнан корта.

Цхьанаметта Іен синтем боцуш, беречух мукъаяьлла гІалагІазкхичун говр, саца а сецна, тарса а терсина, буц яа хІоьттира. Важия говрана тІе а веана, катоьхна дуьрста схьа а лаьцна, бІаьрг-негІар тухучу юкъана цунна тІе а хиъна, хьуьна чохь къайлавелира.

ГІалагІазкхаша хьуьна чохь вехха лийхира Важия, амма иза эрна хилира, цхьа а хІума доцуш юхабирзира уьш. Оцунна оьгІазвахана лакхара хьаькам, кхин а дарвелла, мохь бетташ вара:

– Гой шуна, аса-х бехира шуьга – уьш берриш а гаурш бу, неІалт хиларш бу!... ХІуъу а хилла латтахь а, муьлххачу а гІирсашца баьхна а, новкъара дІабаха беза уьш.

– ЦІена бакъ ду-кх ахь дуьйцург, – бохуш, кортош а теІош, цо дуьйцучунна резахуьлура кхузахь болу, нохчашна тІаьххье гуьржий а махках баьхна дІабахийта шовкъ еанарш.

IV

Нохчий БуритІе гергакхочуш лаьттара. Шуьйрачу новкъахула могІа бинна меллаша йогІуш яра ворданаш, ойла йохош цІийза а цІийзаш. Вордана тІаьхьахІиттина догІуш дара когаш Іуьйра, ахдерзина бераш. Бовхачу маьлхан зІаьнарша церан экамечу дегІа тІера чкъор лелхийтинера, некъа тІехь гІуьтту чан оцу даьІнашкахула дегІа чу оьхура. Когех оьхучу кегийра-

чу тIулгаша чIогIа лазорна ирх а кхийсалуш, астагIа а лелхаш оьхура бераш.

БуритIе тIаьхьа а юьтуш, тIехбевлира нохчий. Кхузахь уьш бист ца хуьлуш, гIайгIане тIеийцира цхьа а тайпа царна дан гIо ца хиларна сингаттамехь болучу церан гергарчара. Цара бист а ца хуьлуш новкъабехира шайн махкахой.

Дукха боккха безам кийрахь хиларна, цхьана маьIIаргона селхана ша-шена а тоьхна валаза ваьлла Важия схьаваза волуш саготта дара Элисо а, Анзор а. Баккъал а вон ойланаш даг чу оьхура царна. Iаламат гIайгIане дара и шиъ, шаьшшинна кийрара чевнаш дар ца ярхьама, вовшашка дIа а ца хьожура йоIIий, дай. Вовшийн дагара ца дийцича а хаьара царна; цара биначу бартаца гIалин йистехь кхарах схьакхета декхарийлахь вара Важия, ткъа хIорш хIинцале гIалина дикка генабевллера, ткъа Важияс шен хьокъехь беш цхьа а хаам бацара.

ЧIогIа гIеллуш, бехха некъ биначул тIаьхьа, буьйса яккха билгалйиначу метте кхечира махках баьхна богIу нохчий. Гобинна хIиттийна салтий а, гIалагIазкхий а болуш, буьйса яккха севцира уьш.

Малх чу а бузале оцу метте кхечира лакхара хьакам, шеца талмаж а, гIалагIазкхий а болуш. Оцу сохьта божарий шена тIе а кхайкхина, цаьрга дIахьедира цо:

– Шуна шайна лиъна Турце даха дIадаха, тхо цунна резахилира. Амма суна хезна, шух цхьаберш кхузахь биса лууш бу, бохуш... ДIахаалда шуна, дIабохуьйтуш болчийн списки тIехь верг хIуъу а хилла латтахь а бухависа таро йоцийла. Шу ца идийтархьама ас чIагIдина ха... хаалаш: вада гIоьртинчунна оцу меттехь, цхьа а къинхетам боцуш, тоьпаш тухург хилар. Оцу хьокъехь дина луьра буьйр ду...

И къамел диначул тIаьхьа, дозаллица курра дегI а саттийна, шен говр юха а ерзийна, чаболахь БуритIехьа охьахаьхкира цо.

ГIелделла, бIарзделла долу халкъ, дист а ца хуьлуш, даккхий синош а дохуш, буьйса яккха дIасадаьржира. Ткъа хIун дара церан дийца? Хьаьнга дийр дара цара арз?

Суьйрана исс сахьт гергга хан яра. Турце дIабахийта новкъабаьхначу нохчаша туп тоьхна меттиг тохарлерра сурт хIоттош яра: иштта йогу цIерш, царна юккъехула дIасалелачу

божарийн а, зударийн а гуш долу Iиндагlаш, адамийн изза узарш, садукъдеш иштта сингаттаме хилар, цхьана а стеган вистхила дог ца догlуш массарна а хилла бохам, халахетар.

Меллаша, адамех лечкъаш санна, стиглахула дlасалелаш яра луьста мархаш. Халла, гlийла синош а дохуш гlайгlане дара адамаш. Тlеоьхуш дерз а дара. Гобаькkхина гонах хезаш дацара адамийн цхьа а аз.

Дог доьхна, йоьхна ойланаш еш болу нохчий шаьш дlатесна юьтучу шайн аренашкий, дай а, шаьш а даьхначу, диначу лаьмнашкий гlийла юхахьоьжура. Церан тlаьххьара а Iодика йира цара, цаьрга гуттаренна а маршалла лора цара.

ЦIеххьана, лаьттах схьабаьлча санна, цхьана меттера ченан Iаьржа кlур гlаьттира, оцу сохьта дlаса а бекъалуш, кхечахьа а иштта, цхьана хена чохь лаьттах схьабаьлча санна, масех ченан кlур гlаьттира. Массо а агlор гlовгlа елира, мох гlаьттира. Гобаькkхина къахь хlуттуш макхъелира. Даш санна сенъелла, макхъелла дlахlоьттира стигал.

Хаалуш дара, стигал къекъа кечлуш хилар. Бlаьрхиш ца Iенош, стигална шен кlентех къаста ца лууш санна хеталора.

ЦIеххьана чlогlа ткъес туьйхира. Лерга потт хlоттош, юкъ-юкъа тlех чlогlа тата доккхуш стигал яра къекъаш, охьадоладелира кегийра догlа, амма луьста догlура иза, латта сихха тlун а деш. Дукха хан ялале ерриге аре Iаьмнаш хlиттина юьзира, царна чохь гуш дара хи чуьра хьала а къедаш, мохо дlаса а лестош лаьттачу бецан баххьаш. Хих дукха Iаьбначу лаьтто дlа ца худуш дисна хиш чукхеттачуй, оьрнаш долчуй меттигашна чу а дирзина, даккхий Iаьмнаш хlиттинера, нуьцкъала кест-кеста геннахь детташ дара стелахаьштиг. Цкъа цхьанхьа, тlаккха вукхазхьа стигал яра дера къекъаш. ЦIийзаш шийла, чехка мох а бара.

Кхоьруш а, шеллуш а дегадора бераш. ОьгIазбахначу, хlумма а дан а ницкъ боцуш болучу зударша, боьха мел долу наьlалт кхайкхош, сардамаш доьхура шаьш хlокху декъазчу денна тlедаьхначарна. ЦIоцкъамаш а дусийна, шаьлтанийн макъаршна тlе куьйгаш а дехкина, нийса кхиэл кхайкхоре сатуьйсуш санна, бист а ца хуьлуш лаьтташ бара божарий. Амма цхьа а вацара царех къахета, цаьргахьа гlо даккха.

Шелъяларний, дегI лазарний хебаршка а яхана, цхьана сонехь Iуьллуш яра цхьа йолу цомгаш йоккха стаг, тIерачу тIелхигашна юккъехула гуш сенделла дерзина дегI а долуш. ДогIана кIел лаьттахь Iуьллуш йолу и миска хIинца Iожаллица къуьйсуш, яларан кьурдаш деш яра. Иза гиначу Анзора цунна тIе шен кхакха тесира. Кхин масех минот яьлча, дегI а саттийна, тIаьххьара са дIахийцира йоккхачу стага...

Буьйсанна шийтта сахьт дала гергга хан яра. Дуккха а хан яра цIерш дIаяйна. Гобаькхина гонаха Iаьржа яра. Карзахъяьлла стигал дIатийра. ДогIа а оьхучура сецира. Цхьана адамийн лазарийн узарший бен ца йохайора буьйсанан тийналла. Бацала охьа а вижна, цхьаъ-м вара меллаша, чIогIа ларлуш нохчийн туп йолчухьа тIетекхаш. ХIора минот мосазза ели бацалара корта хьала а ойъий, гонаха дIаса а хьожий, юха а текхаш вогIура иза. Иза Важия вара. Ха долчу герга ша кхаьчча, корта хьала а айина, буьйсанан бодашкахь лела Iемина волучу цунна оцу сохьта шена кхо-йиъ гIулч гена воццуш лаьтта салти гира. Цунна а ца гуш вухаволийла дацара.

Хаба а хебна, шен метта кхин веана, ша мукъаваларе хьоьжуш хиъна Iаш волу салти, «шах-шах» аьлла, хеззашехь сихха когаш тIе хьала а иккхина, кIегар вухавелира. Мохь тоха цо бага гIаттошехьа, тIехьаьддачу Важияс Iоьттина шаьлта къамкъаргах чекхъяькхира цунна.

Кхин ца гIатта охьавуьйжира салти.

Шаьлта схьа а яькхина, тIуьначу бацаца цIан а йина, юха а нохчашкахьа тIетекхаш вара иза.

Ворданашна гергга тIе а веана, когаш тIе хьала а гIаьттина, дукха хеттарш ца деш, Элисо шена тIехь йижина Iуьллуш йолу Анзоран ворда карийра цунна. Ша Анзор, гонах дерг цхьа а хаалуш воцуш, коьртахь куй а боцуш, кIоргге ойланашка вахана, ворданна тIе а тевжина лаьтташ вара.

– ХIей! Мила ву цигахь? – аьлла, мохь туьйхира цо, тIевогIучу Важиян когийн тата а хезна.

– Хьедала мегар дац, кхузара сихха довда деза вай! – аьлла, хан ца йойуш, оцу сохьта гIуллакх дIадолийра гуьржичо.

– Гlашший?.. Ткъа мича дахана къайладовлалур ду вай царех? – аьлла, хаттар дира, тlе хlума lоттаделча оцу сохьта сацам тlеэца дахаро lамийна волчу нохчичо.

– Кхуззахь, гена йоццуш, кийчча лаьтташ ю говраш... Чехка лелийша, Делан дуьхьа!..

– Ткъа Элисона хlун дийр ду? Иза-х... – аьлла, дlадолийра, шен йоlана цхьа жимма а кхерам ца хилийтархьама мел боккха нуьцкъала а бала хьега кийча волучу Анзора.

– Со кийча ю, – аьлла, цуьнан дош хадийра Элисос, вордан тlера охьа а юссуш. – Суна дерриге а хезна. Дуьлол!

– Элисо! – аьлла, воккхавеш мохь а болуш, йоl шен некха тlе озийра Важияс.

Церан ирсах воккхавеш, бlаьргех хиш а оьхуш, хьаьжира Анзор оцу суьрте, шен дашца церан ирсана новкъарло ян а кхоьруш.

– Дела ву шуьшиъ вовшахтоьхнарг, адаме вовшахдаккхалур дац шуьша! – элира воккхачу стага тlаьххьара а. – Амма сихлур вай!

Ирсе долу и шиъ оцу дешнаша саметта далийра, гlайгlане дерг а дагадаийтира царна.

– Хьо бакълоь! Сеца мегар дац, – аьлла, жоп делира гуьржичо, белшаш а сеттош. Тlаккха, коьртара куй дlа а баькхина, тlетуьйхира цо: – О, ва Дела, Хевин маликаш, хилийша тхо лардеш! – аьлла.

Важия хьалха а волуш, иза схьавеанчу новкъахула дlабуьйлабелира уьш. Ворданел тlехдевлча, Важияс меллаша элира:

– Кхузара дlа текхаш даха дезар ду.

Божарий дехьий, сехьий болуш, Элисо царна юккъехь а йолуш, хlорш кхоь а зен-зулам доцуш гlаролна тlехделира.

Теркан берда кlел карийра царна Важияс хьалххехь кечйина дlахlиттийна говраш. Царна тlе а хевшина лаьмнашкахьа дlахаьхкира цара уьш.

Ларсах а, Дарьяльски lинах а амал ма-дду чехка чекхбовла гlерташ, говраш сиха лоьхкура цара, бердаш тlехирциний, lаннаш долушший йолу и меттигаш, хlуьттаренна иштта йича санна, некъаш доцуш, чlогlа хала а, кхераме а яра.

Цу тIе а меттигаш оцу хенахь сов чIогIа кхераме яра оцу берриге некъан йистошца дIа а, схьа а, массо меттехь а лаьтташ оьрсийн гIарол хиларна.

Буьйса юкъал генна тIехъяьллера. ХIорш кхоь а уггаре кхерамечу меттигна – Ларсана гергакхочуш лаьттара. Хьалхаваьлла вогIу Важия, говр а сацийна, сихха охьавоьссира. Анзора а, Элисос а сацийра говраш.

– ХIун хилла? – хаьттира воккхачу стага.

– Говрашкара охьадисса! – элира гуьржичо доцца, Элисона тIеван а сихлуш.

Говран дуьрстанан генаш а озийна Iаш волчу Анзора юха ца дира хаттар. Гуьржичун лерина леларх, цо аьллачу дешан озаца иза шеко йоцуш кхийтира шаьш кхерамечу хьолехь хиларх.

Шен нуьйра тIера верта схьа а эцна, урс баттара а даькхина, кегийра кийсагаш еш, иза хедо долийра цо. ТIаккха тIоьрмиг чуьра юткъа тIийриг схьа а эцна, цуьнца говрийн бергех вертанан кийсагаш дIаехка хIоьттира иза. Анзор кхеташ вацара гуьржичун оцу мекарлонах, цундела цо дечуьнга цецваьлла хьоьжура иза.

– ХIара хIун ду ахь дийриг? – боху хаттар Важияга ца дича ца Iавелира иза, тIаьххьара а.

– Кхузахь гена боццуш ха деш берш бу, ткъа меттиг тIулгаш долуш ю.

– Э-э... мел хьекъал долуш хилла хьо! Халахета суна, Шемал схьавоцуш. Цунна башха дика гIоьнча хир вара хьох.

– ТIеховша! – элира Важияс доцца.

Кхин масех минот яьлча юха а некъ беш бара уьш.

Мекарло шен хеннахь йина хиллера. Нагахь хIинццалц схьа тIулгех етталучу бергаша Iаламат доккха, велларг а самаваккхал инзаре тата доккхуш хиллехь, ткъа хIинца береш гIовгIа йоцуш богIура.

Важия тешна вара гIаролехь берш шега Iехалург хиларх, цу тIе екхаяла ца гIерташ, кхоьлина хиларо кхин а бIегIийла хьал кхоьллира, хIунда аьлча юьккъа хIоьттинчу дахкаро гонаха долучух хIумма а гойтуш цахиларна.

Чехкка ен чабол сацийра, болар тIе а йоккхуш, гуьржичо. Иза, берриге тидам, ерриге само тIеяхийтина, леррина ладегIа велира, цхьа аз а тIехтиларна кхоьруш. Маситтазза гIовгIа хезира цунна, хIоразза а соцура иза, вехха ладоьгIуш а лаьттара иза, лаг а дахдой, амма цхьа а кхерам цахиларх ша тешча, тIаккха некъ дIаболабора цо.

Чархисцхали олучу Iинна тIехула тиллинчу тIайна гергa кхечира некъахой. Хьалхаваьлла воьдучу Важиян говр, цIеххьана «хурр» а дина, кхераелла юхаиккхира. Важияс, дуьрстанан генаш а озийна, шед а тоьхна, тIай тIе лаьллира иза, амма юха а кхераелла юхаиккхира.

– ХIун тарделла хьуна? – элира говр юхаэккхар новкъадеанчу Важияс. Оццу хенахь евллачу тоьпийн цIераш гира кхарна.

– ЭхIе-э, жIаьлеш, жIаьлеш! – аьлла, мохь туьйхира стелахаьштиган серлонехь герзашца кечвелла итт салти гиначу Важияс. Баттара тур а доккхуш, говр хьалхахьа тIехийцира. ТIекхоччушехь боккхачу ницкъаца цо тоьхначу туьро цхьана салтичун белш охьаяьккхира.

Амма оццу минотехь шийла цхьамза бахара кхуьнан дагах. Ласта а лестина, вега а велла, охьавуьйжира Важия.

– Делах девлла, Делах девлла адамаш! Элисо! Эли... – и дешнаш а олуш, саделира цуьнан.

Мелла а дIанехьо лаьтташ долу Анзор а, Элисо а, цаца санна, дерира тоьпийн хIоьънаша. Амма воккха стаг кхиавелира шен миска йоI тIаьххьара а маракъовла, цуьнан некха тIехь чекхдаьккхира цо шен декъаза дахар.

Шаьш дIадохкаран хьокъехь цхьаммо а гIайгIа беш боцу, шаьш дIакхийсина кхоалгIа де а долуш, кхаа адаман декъий Iоххучу меттигна юххехула тIехбевлира махках баьхна дIабохуьйту нохчий, тохарчул кхин а эшна, дакъазабевлла, гIайгIане а болу. Хезаш дара адамийн изза узарш, адамаша халла доьIу синош, церан холчухIиттар, сакхачор, бIаьрздалар. Дог-ойла йоьхна, сингаттаме Турце дIаоьхуш дара и адамаш. Амма дукха кхочурий техьа йиллинчу меттиге дIа?

ХЕВИСБЕРИ[1] ГОЧА

1

Суьйрана исс сахьт долуш герзаца йолу говр-берийн тоба а, шиъ я кхоъ салаз а Къаноби юьртана герга кхочуш яра. Берий, цхьаъ санна, къона, хаза, хатI-куц долуш бара. Уьш самукъадаьлла богIура, иллеш олуш, тоьпаш кхуьйсуш. Гуш дара уьш мостагIийн Iалашонца кхуза богIуш цахилар: уьш цхьаннах лечкъаш бацара, цу тIе, уьш вуно кIезиг а бара, дика ларъеш чIагIо санна йолчу юьртана тIелата.

Юьртара хьешашна дуьхьалаеара кегийрхойн кхин тоба. Хьеший а, хIусамдай а, цIогIанаш а детташ, хIаваэ тоьпаш а кхуьйсуш, вовшашна чуччахаккабелира. Урхаллера евлча санна чехка йогIучу говрашкахь болучу береша инзаре-цецваккхал каде тоьпаш ирх а кхуьссий, иштта каде схьалоьцура, охьа а кхозалой, лаьттах кераюкъ а хьокхий, юха а говрашкахь, чIораш санна, дIанислора. Хеталора, говраш хIинц-хIинцца вовшна чучча гIур ю. Амма цIеххьана, билггал цхьана Iаламатечу ницкъо совцийча санна, шаьш йол-йолчохь дIатийра.

– Некъ дика хуьлда шун!

– Ирсе схьакхачарца!

Маршаллаш, хеттарш. ТIаккха хIорш а, вуьш а, цхьаьна а ийна, шен корах чекх сирла богучу кхерчан цIеран зIамарш оьгучу, ша цхьа лаьттачу цIа долчу агIор бирзира. Оцу чуьра схьахезаш дара тIаш-пандурин[2] зевне аьзнаш.

Юха а, хIинца цIийнан неIарехь, девлира тоьпийн татанаш, цаьрца дIаийра массо агIорхьара бевдда баьхкинчу кхиазхойн аьзнаш, тIаккха береш говрашкара охьабиссира. Чопа тоьхначу говрашна тIера Iаь гIуьттура.

Хьешашна тIебевдда кхиазхой, церан говрийн дирстанаш а лаьцна, уьш дIа а, схьа а юьйлаялийта буьйлабелира – цIеххьана шийла мох хьакхахь, хьацаран чопа яьллачу говрийн гIуллакх тиша хир дара.

Хьеший, ахгуо а беш, цIенна хьалха дIахIиттира. Оцу ахгонна юкъахь нисвелира лекхачу дегIахь, хаза куц долуш, тIекхоьллина верта а долуш жима стаг. Цуьнан меркIелахь халла къасталуш дара чо хьекъа кхиаза мекхаш. Цунна юххехь лаьттара, иза санна, куц хаза къонах, иза дезахо тIедуьйхина вара – цуьнан герз а, духар а кхелина дара дешица а, детица а.

Къамелаш дIатийра. ДIахIоьттира тап-аьлла тийналла.

ТIаккха цIеххьана невцан цхьана накъоста лекхачу, зевнечу озаца дIадолийра «Джаварули». Вукхара тIаьхьара элира. ТIаккха бека болабелира оцу ша цхьаъ бен доцучу турпалаллин иллин Сийлахь-беза мукъам. Шегахь боккха ницкъ болу иллин мукъам. Цо пхенашкахь кхехко доладо цIий, хьуьнаршна гIиттабо, сийлалле дIакхойкху кIентий. Лаьмнашкахь бен олуш дац и илли.

«Джаварули» тIаме боьлхуш а, тойнашкахь а, килсан дезачу деношкахь а, тIеман байракх арайоккхуш а бен олуш дац. Ткъа хIинца даздеш дерг той дара. ТIекхоьллина верта долу жима стаг нускал далийнарг вара, цуьнан цIе Гугуа ПичитIаури яра. Ткъа цунна юххехь дика тIедуьйхина Онисэ – воккхахволу невцан накъост вара, я кхузахь шех иштта олуш ма-хиллара, «нускалан куьг лаьцна верг», цIеяхханчу къаночун Гочин кIант.

2

Хьеший чубахара. Чохь дукха адамаш дара. Уггаре лоруш волчу нускалан гергарчу стага тIсийцира хьеший, декъалвира «куьг бехке верг» а некъахьовзам боцуш схьакхачарца, кхерчана гуо а баккхийтина, бIаьрчче – хIусамдена а, невцан воккхахволчу накъостана а юххе охьаховшийра.

ГIевтина хилла кхиболу хьеший а охьахевшира. Юкъахдаьлла той юха а шовкъе делира.

Вовшашка кхийдо долийра кедаш, гIиллакхца догIуш ма-хиллара, декъалбарш. ЦIийнан хIокху декъехь беккъа божарий бара, зударий бацара, амма церан самукъане аьзнаш схьахезира генна цIийнан кIоргехь долчу цIа чуьра. Мехкарша

лоькхура пондар, деттара тIараш, хелхабуьйлура. Сеца ца луш уьш болчу дIагIертара кегийрхой – кегий нах цеце хьуьйсура исбаьхьчу мохевкашка, церан хелхаре. Оцу цIа чохь самукъадаларо олалла дора. Мас санна, дайчу боларца мехкарий чIуг йина шершара, цкъа герга богIуш, тIаккха аьрха дIакъехкаш; кIентех цхьана кIанте мекара бIаьрг а таIабой, хелхарехь уьш дIабоьлхура, ткъа кIант, дегIе гуш боцу ницкъ беача санна, дегайовхоно вахавой, тIаьхьахьодура, гIургIезо санна, хелхарехь ког шершочу йоIана.

Егочу масарх юххехула тIехъэккха Iаьржа бIаьргаш болу мохевка. Цуьнан юьхь тIехь кхерам бу – цунна тIекхуьу кIант, шуьйра тIемаш даржийна аьрзу санна. ЙоI малло, дегIера ницкъ оьший, кхин а цхьа мIаьрго яьлча – тIаккха кIанта шен мараюллур ю кхераелла, кхокханан кIорни санна, егош йолу йоI, амма эрна ю цуьнан дегайовхо: иза ша йолччохь дIайоьрзу, цуьнан куьйгех кIелхьарайолу, цуьнан буткъий, куц хаза когаш вотанан эшшарехь бетталуш бу чоьнан кхечу сонехь. КIант гIайгIане дIахьоьжу цуьнга, ткъа дIаеддачо исбаьхьчу къажарца жоп ло цунна: «тIекхиа, схьалаца со, тIаккха хуур ду хьуна ирс хIун ю», – бохуш санна.

Гугуас а, Онисес а, гIиллакхо ма-хьеххара, оьзда гайтира шаьшшиъ. Шайн дерриге сица шайн самукъанечу нийсархошца цхьаьна хила лаьара царна. Амма уьш шаьш болчуьра меттах ца бовлура. Наг-наггахь къайллах бIаьрг-м беттара самукъане аьзнаш, беларш хезачу агIор.

Гугуа вогIура ма-хуьллу сиха шен нускалца Дзидзияца цхьаьнакхета лаамехь. Ткъа Онисэ хьаьгна вара шен аьрзунан бIаьрсица муьлххачу а цхьана йоьIан дог дашорах – бен а дацара иза милла хилча а, цуьнан бIаьргаш цIарах догуш, юьхь къоналла схьаетташ, ткъа дог безаме кхийдаш хилчахьана.

Хьеший дIасахилира, цхьана йоккхачу стагана некъ буьтуш. Массо а хьалагIаьттира, цуьнга маршалла хатта. Невцан воккхахволчу накъостана тIе а сана, иза мара а вуллуш, цо элира:

– ХIей, сан хьоменига! Ас хьох тешайо сайн йоI! ХIинца дуьйна иза Iалашъян а, ларъян а декхар ву хьо. Цунна халахетийтинчунна ахь дойла халахетар!

– Далла хьалха санна, дош ло ас хьуна, Хазуа! Ас цхьа а хIума кхоор дац цунна! – жоп делира Онисэс. Юха кхерам тосучу озаца тIетуьйхира: – Цунна халахетийтинчун гIуллакх соьца хир ду! Ткъа сайца забарш ян, Делаца дуй боу ас, цхьанна а могуьйтур дац ас.

– Гугуа хIинца а бер ду, – кхидIа а дуьйцура йоккхачу стага. – Хуьлу олий ца хуьлу хIума. Адаман мотт хIуъу тIекхолла а говза бу. Iамаве Гугуа нехан эладитанашка ла ца догIа. Дуьнен тIехь дукха бу мостагIий, цаьрга ладегIа волалахь – хIаллакьхир ву, мархаллур ю сан йоI…

– ХIунда, хIунда дуьйцу ахь иштта, Хазуа! – юкъахъяьккхира Онисэс иза. – Бакъду, Гугуа хIинца а вуно къона ву. Амма маларча а вац, харцахьа лелаш а вац. Массарна чу са диллина ву иза, цуьнан нийсархойх муьлхха а кийча ву и бахьанехь дахар дIадала, хIунда аьлча цо а вухкур вац шен лулахо. Иза бакъволу стаг ву: майра, комаьрша, оьзда. Ас Делах дуй боу хьуна, цо доьзална эхь тIедоуьйтур цахиларан тоьшалла деш!

– Дала ирс лойла хьуна иштта дешнаш аларна, сан диканиг! – аьлла, жоп деллачу йоккхачу стага тIетуьйхира: – Суна бехк ма биллалахь, Онисэ! Дукха дахделла дуьнен тIехь сан дахар. Адам-пайхамаран шерашка дIакхаьчна сайнаш. Цхьа самукъа дисна сан – цхьаъ бен йоцу йоI. Цуьнца ехаш ю со. Иза сан малх а, бутт а бу.

– ДIасаца, Хазуа, дIасаца, ма даа хьешан са, – юкъахъяьккхира иза цхьана воккхачу стага, – дIавига Онисэ, цуьнан кара дIало нускал.

– Нийса боху, нийса боху, хьан берриге баланаш суна тIеоьгийла! Вало, Онисэ, – элира зудчо.

Хьогамечу хьажарца новкъабехира уьш Гугуас. Масех сахьт дер ду Дзидзия ган цунна пурба далале.

3

Баганан гIийла йогучу серлонан боданечу цIа чохь кхабанашний, шаьлгашний юккъехь, уггаре юххерачу доттагIаша

гобина хиъна Iара нускал. Уьш шайн ма-хуьллу цуьнан самукъадаккха гIертара.

Дзидзиян ялхитта шо бен дацара. Иза яхнера йоI хIинцхIинца патар даьттIачу зезаге тарлучу дегIе; синтемзачу цIийно цуьнан пхенашкахь чопа етта, кхехка, дог довзазчу ирсе кхийда, дуьне ялсамани хета, чохь шега хьоьжуш деккъа цхьа самукъа долуш. Иза яра тамехь куц а, таьIна-кIайн юьхь а, петIамат-зезагах догуш балдаш а долуш йоI. Цуьнан сийна къегачу бIаьргаш чохь хаалора йогуш цаяшаран цIе. Мотталора, цара Iожаллин пхерчий детта. Деха, Iаьржачу бIаьрг-негIарийн чоьша лардора уьш, тешамечу хехоша санна. Дуткъа бархате цIоцкъамаш-гIорториаш яра хьаьжна. Iаьржа, стомма ши кIажар, хутал санна, кIайчу логах хьаьрчинера.

Тайна йоI яра Дзидзия. Иза гучуяьлча, цхьа а ца Iалора: «БIаьрг ма хуьлийла хьуна!» – олий, туй ца тосуш.

Дуккхаьчу кIентийн бIаьрг тIехь сецнера йоIана, иза ядо гIерташ берш а бевлира, амма кхолламо, гарехь, иза Гугуана кхача еза аьлла сацам бина хилла. Иштта нис а делла иза.

Гугуас Дзидзия шен ю аьлла, йоI резахиллачу сохьтехь дуьйна, цхьа а ваьхьаш вац йоIана юххе ваха. Гугуа бегаш бойтур болуш вацара. Цуьнан некъ хадийначунна оцу сохьта Iаржлур дара маьлхан дуьне.

Дзидзия шен лаамехь маре деш яра, хIунда аьлча, цунна Гугуа везара. Цуьнга сатуьйсуш, наб йоцуш, дукха буьйсанаш текхнехь а, цкъа дуьхьалхIиттина ца Iийнехь а цуьнан кура, къонахалле юьхь, амма тахана шен цIийнаца, доттагIашца, ша яха марзъеллачу дуьненан Iодика а еш, зуда хила еза хан тIекхаьчча, дог цхьа башха чIеIа доладелира – цунна кхоам хийтира ша хIинццалц яьхначу дерригенан а. Ма хаза дара цуьнан и дIадаханарг! ЦIахь иза массарна езара, хьоьстура... Хьанна хаьа, кханалерачу дийно хIун дохьу?

ЙоьIан дог цхьа башха деттадала доладелира. Цунна шена а ца хаьара шена хуьлуш дерг хIун ду – цхьажимма бос а баьхьнера, оцо цуьнан хаза юьхь йолчу тIе а аьхна-кIеда йинера.

Цуьнан доттагIаша забарш йора, йоI теян а, цуьнан самукъадаккха а гIерташ.

ЦIеххьана цхьаннан мохь белира:

– Невцан накъост! Невцан накъост вогIуш ву, нускал дIадига!

Берриш хьалалилхира. Дзидзиян дагах ю чекхъелира, настарш тешнабехке его йолийра. Цо сихха корталица юьхь дIакъевлира.

ЦIа чу баьхкира Хазуа а, Онисэ а, цхьа воккха стаг а, масех йоI а; Дзидзияна го а бина, цара Iодикаяран йиш дIалекхира; иза яра гергарчех а, бевзачех а къастарх эшар, оцу эшарца уьш шаьш а бIаьрхишца къаьсташ бара нускалца.

Мехкарий дIатийра. Воккхачу стага чIурам латийра, жIар а йина, нускална тIевеара, цуьнан куьг схьа а лаьцна, Хевин[3] сийлахь – беза нах дага а лаьцна, Онисэгахьа вирзира:

– Онисэ! Оха хьан кара дIало хIара цIена, цхьа а къа тIехь доцу йоI. ХIинца дуьйна хьо кхуьнан ваша ву! – оцу дешнашца воккхачу стага Дзидзиян довха, дегош долу куьг Онисэн карадиллира.

Цуьнан куьг шех хьакхаделча, Онисэ вегийра, вуьйхира, цIийвелира, цуьнан бахьана шена а ца хууш.

– Оха хьох тешайо, хьан эхь-ийманаллах теша тхо, кхул тIаьхьа ахь хIара ларйийриг а, кхуьнан доладийриг а хиларх шеко а яц тхан дегнашкахь... Шун юьртахь кхуьнан вешин метта дIахIотта веза хьо.

– Далла хьалха санна, дуй боу ас, кхуьнан дуьхьа дахар дIадала!

Нускална тIе а веана, воккхачу стага меллаша хьаладахийтира юьхь тIе оьзна кортали. Оцу хенахь Онисэс элира: «ХIара суна йиша ю, со кхунна – ваша!» ТIаккха цIеххьана дешнаш балдаша Iаьвдина севцира, иза техкара вехнарг санна, амма оцу сохьтта меттавеара.

– Хьуна хIун хили? – сагатделла хаьттира воккхачу стага.

– ХIумма а! ХIумма а... Бурконна корта хьаьвзинера, – халла элира Онисэс.

–ТIех-м ца мелла-те ахь? Хи ло хIокхунна! – элира цо чохь болчаьрга.

– Ца оьшу, шени чIириме,[4] – элира Онисэс, кхин Дзидзиян куьг дIа ца хоьцуш, цо цIарах ша вагош воллушехь.

Хьаьж тІе тоьхна хьацар дІадаьккхира цо, тІаккха, йоьІан бІаьрга тІе бІаьрг а боьгІна, хадам боллуш элира:

– Дела а, латта а юкъара хуьлийла тхуна, Дзидзия суна йиша санна езар ю, цуьнан ваша хир ву со, дола дийр ду ас цуьнан нанас виначу вашасчул а дика.

Онисэс и дешнаш олуш йоьІан куьг дегийра, цо кІанте бІаьрг туьйхира, амма оцу сохьта корта охьабахийтира. ЦІеххьана Онисэс доккха садаьккхина, дІатийра, цуьнан дог синтем боцуш деттадала доладелира…

4

Онисэна хаалора пхенашкахь хьере, карзахбаьлла хІорд санна, кхехка цІий: цкъа даг чу а хьодий, хІара ойъий цхьанхьа дІавуьгура – ишта буьрсачу тулгІеша дІасакхуьссу гила-кема; цкъа коьрта чу хьодура, бІаьрса артдеш, кхетам малбеш.

Дог этІара, ша-шена оьгІазъоьхура, цІеххьана летта синхааман цІе дІаяйа ницкъ ца кхачарна.

Цунна лаьара йоІ теян, цхьаъ ала, амма матто аьлларг ца дора, дешнаш логехь тасаделла дисича санна. Цо сацам бира: дикахо хир ду тІебогІучу кхерамах ведча, цІеххьана йийсар виначух, дагахь а доцуш шен дагна чов йиначух ведча. ЙоьІан Іодика а йина, ара а ваьлла, сакъоьру важа хьеший болчу цІа чу вахара Онисэ. Кегирхойн тоба ша къаьсттина яра, ткъа бакхий нах Гуьржийчоьнан кхолламах дуьйцуш Іара.

Эвнаш[5] даржийра, даарш хьалхадехкира, тІаккха берстинчу уьстагІан чарх еара.

Арахь Іа дара, сахиллалц деара ло. Хьеший сихбеллера, пхьор а диъна, шайн-шайн хІусамашка дІасабекъабала, лайн токхамаша некъаш дІадукъале. Мар-нускалний тІехь а кхозура кхерам – некъан хьовзам хилахь, арахь буьйса яккха деза тарлора цара а.

ТІаьххьара кад айира кху цІийнан дола дечу сийлахьбезачарна тІера. Шуьнан коьртехь хиъна Іачу тайпанах воккхачо чІурам латийра, тІаккха, Хевин доладийраш дага а лаьцна, доІица Делехьа вирзира, къона мар-зудий декъалдаран дехарца. ТІаккха доццачу дешнашца цо Онисэна кхин цкъа а дага-

даийтира цуьнан декхарш, омра дира там чохь болу тIорказ схьада аьлла. Цо иза невцан накъосташка дIаделира.

Масех минот а ялале, Онисэ юха а тIехьарчу цIа чу вигира нускал схьадало. Онисэ хIинца а кхеташ вацара шеца хуьлучух. Хьолан чот тоха иэс дацара цуьнгахь, кхетамза шега диэ аьлларг дар бен.

ХIара цIа чу валийра. Нускалан куьг лецира цо.

Юха а схьахезира «Джварули». Невцан накъостий нускалца Гугуана тIебуьйлабелира. ХIинца тойнан йиш Онисэн лерехь коша тIехь даьллачу белхаран тийжарца екара.

Нускалх бIаьрг кхетча, Гугуан кийра цIе елира, бIаьргаш чохь суйнаш къегира кIегий санна, балдашна тIе самукъане делар хьаьдира. Амма цо ша-шен тевира, эхье корта охьа а бахийтина, невцан накъостера нускал тIелаца чIарх-аьлла куьг дIакховдийра.

Онисэс Дзидзия цунна тIеялийра, амма – хьо тамашийна хIума – йоI егийра, сихха дIа ца хийцира невцан накъостан куьг. Амма Гугуас цуьнан куьйгах ка а тоьхна, шен ницкъ маббу Iаьвдира пIелгаш, къарс а оькхуьйтуш. Мохь балаза йисира лазийна Дзидзия а.

НеIарехьа волавелира Онисэ. Цунна тIаьхьа догIура Гугуа а, Дзидзия а. Гугуас салазна тIедига дезара шен нускал, цул тIаьхьа цуьнан доладар юха а тIедужура лакхарчу невцан накъостана.

Хьалхарчу салаз тIе, гIиллакхца догIуш ма-хиллара, невцан накъост а, нускал а бен ца хуура. Гугуа шен говра тIе хиира – мах ца бича нускалх хьакхавала бакъо яцара цуьнан.

ШолгIачу салаз тIе томана билгалъяьхна хIуманаш йоьттира. Невцан накъосташа юха а илли дIадолийра, цIогIанаш девлира, тоьпийн татанаш даьржира – тойнан тоба гIовгIане дIайолаелира.

5

Буьйса шийла а, мархаша дIалаьцна а яра, амма лайно сирла хоьтуьйтура. Юкъ-кара шок етташ а, угIуш а хи тIера

мох хьоькхура, тIаккха кIохцалечу шанан ткъаршо лазаме ягайора некъахойн яххьаш.

Лергаш хьулдеш кетарх хьаьрчина, верта а, башлакх а юьйхина волучу кIанта, шен ма-хуьллу хьалха лоьллура дин. Лайн оьланаш гулъеллера, говр халла бен яха ца лора, ткъа бан беза некъ беха бара.

ЧагIаро а, говраш хьийзоро а бохбина кегий нах генна хьалха дIабахнера. Кегийрхой чуччабоьлхура, вовшийн куйнаш дохура, уьш лайла кхуьссура, цхьамма, хаьхкина воьддушехьа, говра тIера охьа а кхевдий, ка тухий схьаоьцура. Иштта некъ бар самукъане дара, шело а ца хаалора царна.

Онисэс башлакх дIаяькхира, куй кIесаркIаг чу теттира, тIаккха шен цIе летта йогуш йолу юьхь шийлачу мохана дуьхьал лецира.

Хаац, цIеначу шийлачу махо я хено меттавалий, иза шен деган хьолах кхета гIоьртира. ХIинца хааелира цунна дуьхьара кийрахь гIаьттинчу синхааман марзо, амма оцу хенахь лазамца дагадеара цунна шен декхар, оцо кхечу кепара хилавезар тIедуьллура шена юххехь хиъна Iачу йоIаца.

Лайна а, махана а дуьхьал а вирзина – хьекхийта шайна нийсса бIаьргаш чу – цо цаьргара лоьхура шена гIо а, дог тедар а. Моьттура, хьаж шелделча, цIийн кхехкар а дIатуьйр ду, дог а детталучуьра соцур ду. Амма шелоно гIо ца дора. Онисэн боккхачу лазамца даре дан дийзира Дзидзиян васт цкъа а дIа ца дан шен даг чу дижина хиларан. Цо иза лар а дора, хьеста а хьоьстура, нанас шен дуьххьарлера бер лар ма-дарра.

Онисэс чIогIа чIагIо йира юха ца хьажа а, йоIаца кхин къамеле ца вала а: иза кхоьрура шен ницкъ кхочур боцу зиэр шена лан цадаларна. ДIахьажар, къамеле валар ца хьехийча а, меттахъхьан а кхоьрура, садаккха а ца ваьхьара, кхоьрура цхьа дан а доццчу бахьано хадорна шен доьналле собар тасаделла лаьтта дуткъа тай.

Дзидзия а йогIура йист а ца хуьлуш, корта лахха охьа а оллийна. Хьанна хаьа, хIун ойланаш хьийзара оцу минотехь цуьнан коьрте, хIун васташ хIуьттура цунна хьалха.

Цуьнан дог хийрачу стеган бIаьргашна бодане кIорга Iин

санна дара. Нагахь санна цхьаъ гIоьртича а цуьнан деган къайле еша, иза юхавер вара, хIумма а ца хууш.

Дзидзия йогIура бустамаш даьхна гIовтал а юьйхина, цунна тIехула пухIан бой яра, амма цо шелонах ца ларйора иза. Ша шелоно яхьош йоллу аьлла хийтира йоIана, амма дагара ца хоуьйтуш, йист ца хуьлуш Iара, дегIах чекхбуьйлучу шийлачу махо шега мел Iазап хьегийтахь а.

Шен ойланашка ваханачу невцан накъостана тоса а ца делира йоI дайн тIедуьйхина хилар. Баккъал а, ойланашка волийла а дара цуьнан: гергарчара дерриге халкъана хьалха цунна тIедиллина Дзидзиян доладар, цуьнан эхь-бехках тийшира уьш, иза ларъян и декхар ву майрачунна хьалха а. Ткъа ламанхойн Iедалца «шех тешийнарг барзо а лардо!» Ткъа хIинца, оццул деза дукъ ша вортан тIе диллиншехьа, цо хаддаза ойла йо цIеххьана шена тIебеанчу цул а безачу балин, цо халла сецадо шен дог а, хье а, къийзабо и синхьаам.

Шелоно а, дарцо а шен гIуллакх дира. Шелъелла, его йолийра Дзидзия. Иза тохаяларца, ю Iоьттича санна, хьалаикхира Онисэ, коьрте хьаьдира цIий, ларамаза йоIе вухахьаьжира иза, эццахь тидам бира цо йоI дайн тIедуьйхина хиларан. Дзидзия, цуьнан сийлалла, цуьнан Дела, Iазап хьоьгуш ю, ткъа суна хIумма а тосаделла а дац, лолда со хIинца! – мохь тоьхна элира цо, амма дукха вохарна цуьнан аз хедира.

– ХIумма а дац, шени чIириме! – меллаша жоп делира Дзидзияс, цуьнан озехь бIаьрхиш дара хезаш; Далла хуур ду-кх стенна и йоьлхура.

– Муха хIумма а дац? Хьо цомгуш хилахь? ТIаккха хIун хир ду сох?

Онисэс дIаяьккхира Дзидзиян коьртара тIадийна бой, иза салаз чу а кхоьссина, шен вертанан тIома кIел йоьллира йоI. ТIаккха массо агIор мох чекхбер боцчу кепара дIа а къевлина йоьIан аьхна гIодаюкъ а лаьцна, чIогIа шена тIеозийра. Цхьана мурстана[6] цуьнан деттало дог тап-аьлла дIатийра; кхехка доладелира цIий, Iазапе-мерзачу тулгIешца дерриге дегIехула дIасадаьржира. Шена бевзаш боцучу синхаамо гIелйина, кхерийна йолчу Дзидзияс дуьхьало ца йора Онисэна. Хетара, йоI

кхеташ ю цунна мел хала ду. Онисэ-м кхоччуш тиларчу вахара – цунна дицделира шен декхар. Цо юх-юха а чIогIа-чIогIа маракъуьйлура йоI. Цхьа синхаам бара хье, дог а дIалаьцна, цуьнан лерехь мерза шабарш деш: хьо ирсе ву, дуьнен тIехь оцу ирсал деза хIума дац.

Цуьнан хIун бала бу адамашца, дуьненан эладитанашца? Ойла ян хан яцара Онисэн. Дзидзиян юьхь тIе а таьIна, цо цуьнга безам балхабора, баккъал безам бахначун цIеначу дагчуьра духдуьйлучу дешнашца.

– Хьо шелло? ХIинца а шелло хьо? Сан безам, сан дахар! – бохура цо цуьнга дегочу озаца.

Кхераелла пхьагал санна, дIа а тебба, Дзидзия цунна тIетеIара ирсах йоккхаеш а, амма оцу хенахь кхерамо Iадаеш а.

ХIинццалц цуьнан ницкъ кхочура шен дог-ойла лачкъо. Ткъа хIинца, Онисэс шен юьхьмаршна тIе а таьIна иза дуьйцуш, шен дегIан дола ца далора. ЧIишталга тIехь Онисэн довхо садеIар хааделча, доккха са а доккхуш, хьастамечу бIаьргашца цуьнга хьалахьаьжира Дзидзия.

Цхьана синхаамо йийсар дина шиъ кхин а чIогIа вовшаххьаьрчира, кхин а цхьажимма хан яьлча, гуш боцучу ницкъо церан балдаш барт баккха тIеттIакховдийра.

6

Мел дахлур дара церан вовшех безаман марзо эца ала хала ду, амма цхьана невцан накъостана, дукха шелваларна, къаьркъанах къурд бан лиира. Къаьркъанан киташ тIехь долу салаз тIекхиъалц говр сацийра цо. Салаз тIекхиъча цунна гира Онисэ, корта кIел а боьллина, вертанах хьаьрчина. Ламанхочунна ца дезаделира иза – юххехь зуда а йолуш. Иштта ледара хила мегар дац, арахь тIо беттахь а. Эхье хIума ду иза. Ламанхойн кхетамца Онисэ шен а, шен накъостийн а сий-лерам бойуш вара.

Невцан накъостана, Онисэна, яйн шед а тухуш, амма кIоршамечу озаца цо элира:

– Ахь дийриг хIун ду, хIай тентак! Шелвелла хьо?

Онисэ хьалаиккхира. Шадерриг дахкарлахь санна дара. Хуьлуш долчух ца кхетахь а, цунна цхьаъ хиира: цхьамма юкъахдаькхи кхуьнан мерза безаман гІан. Цуьнца цхьаьна дохий ирс а. Амма мила ву иза, хІунда? – цунах ца кхетара.

Амма оццу мурстехь кхетамчу веара жима стаг. Къизачу бакъдолчо аьтта, дамар-дарц дира цуьнан ирсах юьхь тІехь. Жимма хьалха иза цхьана синхааман йийсарехь вара: хьесап доцуш боккха безам а бахна, дуьне а, адамаш а – шадерриг дицделла, цхьана цІеххьана кийрахь гІаьттинчу шовкъан каравеллера цо ша, иштачу шовкъаца йоІа а шена жоп делча, доза доцуш воккха а веш. Ткъа хІинца цо ша-шена кхиэл йора, хьолан нийса мах а хадош.

Онисэ кхийтира ша далийтинчу гІалатах. Кхийтира, шен лаамаш кхочушхирг цахиларх. Дохковелира иза ша диначунна. Эрна ягийна хилла-те кхуьнан оцу цІаро Дзидзия а, хІара санна?

Коьртехь хьере хьийзара тайп-тайпана ойланаш, амма бакъдолчунна хьалха хІара гІорасиз вара.

Цхьамма шен лерехь шабарш деш а хетара: «Эрна ду шадерриг, эрна!»

– Хьуна хІун хилла, къонах? Хетарехь, вехна ву-кха хьо?» – эккхийтира вукхо, невцан накъост воьхна хилар а хааделла.

– ХІун ду? – элира Онисэс.

– Хьо могаш мукъана вуй?

– Ца хаьа суна, вайн Делора!.. Ца хаьа, сайна хилларг хІун ду.

Невцан накъост юххе тІе а веана, нуьйрара охьа а таьІаш, леррина Онисэга хьаьжира. Важа дІавирзира. ТІаккха дегабааме элира:

– ХІунда хьоьжу хьо? Хьуна хІун оьшу?

– Суна-м хІумма ца оьшу. Хьуна дагар ду-дац хьажа гІертара со-м.

– Кху бодашкахь хІун гур ду хьуна? – оьгІазе элира Онисэс. ТІаккха, жимма соцунгІа а хилла, тІетуьйхира: – ХІаъ, дагар ду суна. Корта а эккха боллу, бІагор а хьийза.

Невцан накъост юха а дIахьаьжира цуьнга. Гарехь, ца тийшира. Цхьаъ ала а воьлла, амма сатоьхна, шед тоьхна, дин дIаэккхийтира. Даг чу цхьа шеко иккхинчух тера дара. ХIунда аьлча шело а, къаьркъа а, цуьнца вохвала дагахь хилла – дицделлера цунна.

Бехха дIабахара уьш, бист а ца хуьлуш. Шайн ойланашна чукагбелла бара Онисэ а, Дзидзия а. ЦIеххьана схьахезира забаречу иллин дешнаш:

ХIей, хелхар де, гIел ца луш, эшшарехь,
ЧIианурин Iодо санна.
Лулахочун зудчуьнга бегаш бича ма ду эхь,
Иза ма ю вайниг тахана.

Онисэн дагах чекх урс доккхуш санна декара иллин дешнаш. ТIеттIа герга кхочуш дара аьзнаш. Хьалха дIабахна накъостий салазаш тIекхиийта севцира.

Кестта уьш берешца нисъелира.

Некъахоша забарш йора Онисэца а. Эххар дIатийра. Салазашна тIекхиъначу беречо элира, Онисэ могаш вац.

Говр-бере-м дIатийра. ХIинца цхьа а ца гIертара вукхул хьалхавала, салазашца дIаоьхура.

Аренан махо тIелоьхкура кIохцале лайн чимаш. Берийн вертанаш шурул-кIайн дара. Иштта сингаттаме дIаоьхура береш, гIайгIане Онисэ а. Цара дIадуьгура къона нускал, шен дагчохь дуьххьара безам хаабелла. Цунна хIинц-хIинца хааелира цуьнан марзо, амма хиндолчо хIун оьхьу ца хаьара.

Дукъачу дахкарх чекх схьакъедира гIийла серлонаш а, цIенойн гIаларташ а. Кхин а жимма хан яьлча, уьш юьртан йисте кхечира. Корта а оллийна, бос а баьхьна вара Онисэ, шен ойланашна чукагвелла. Хуьлуш долчух кхеташ а вацара иза.

Невцан накъосташна дагатесира: товш дац иштта гIайгIане юьрта чудаха аьлла. Иза догIуш дац лаьмнийн гIиллакхашца а, къоналлица а. Цхьамма топ а кхуссуш, цIогIа туьйхира. Важа юьрта дIахьаьдира, нускал схьакхаьчний хаийта.

Зевне аьзнаш, иллеш юха а даьржира хIаваэхь.

Меттавеара Онисэ а. Амма юкъарчу самукъанехь дакъалаца лаам а, ницкъ бацара цуьнгахь. Кхин тIе а холчухIоьттира иза. Цунна хаьара: юьрта кхаьчча гуттаренна шен безамах ша къаьсташ вуйла. Халкъан гIиллакхаш дохо эхь-бехко йоIана а пурба ца лора. Цунах ваьлча шен синан синтем бовш буйла Онисэна хаьара.

7

Уьш хIинца юьрта чу буьйли. Килса юххе кхечи. Ло санна, кIайн, лекха мозгIар лаьттара шен меттехь, самукъане, тойнан дайшка ладоьгIуш. Цуьнан юьхькIамечу юьхьо шега безам бохуьйтура, хьекъале бIаьргаш догура догдикаллица.

Иза, къоьжалло кхелина воккха стаг, юьртан мозгIар вара. Шен халкъан да а, цуьнан куьйгалхо а. ГIиллакхца догIуш махиллара, цо декъалбан безара къонанаш – хинволу маррий, цуьнан зудий.

Онисэн, шен да гича, юьхь тIера бос байра, логе шед хIоьттира.

Салазаш севцира. Амма Онисэ охьа ца воьссира, дас шега мохь тоххалц:

– Хьо охьа хIунда ца вуссу.

Салазна тIера охьа а иккхина, вукхарна юххе дIахIоьттира иза. Мотталора, цунах дахар дIахаьдда.

Салазашна тIегIертара зударий. Цара гIо дира нускална охьадосса. Гочина тIедигира иза.

Воккхачу стага коьртара чалба дIаяьккхира.

– Дала декъалйойла хьо! – олуш, Дзидзиян куьг а лаьцна, оцу сохьта тIетуьйхира: – Мисканиг, хьо-м шелоно яхьийна. Егош ю…

Цуьнан куьйгаш хьекхо волавелира иза, уьш дохдан. ТIаккха чIоггIа элира:

– Дала шу цхьаьнатоьхна. Ма къастадойла шу цхьана а стага!

Кхин а чIогIа егийра йоI, кийрара «охI» делира. Онисэ техкира, амма юххехь лаьттачу накъоста дIанисвира.

Юха а торкхаме[7] «Джаварули» иллин мукъам белира. Майра а, нускал а килса чу делира, шайга хьоьжуш мозгIар Iаш волчу. Гоча шен кIанте хьаьжира. Хаьттира:

– Хьуна хIун хилла?

– ХIумма а, – доцца жоп делира цо. Ден хьажар лан а ца делла, корта охьабахийтира.

– Муха хIумма а? Хьуна тIехь бос а бац, когаш тIехь а халла лаьтташ ву.

– Дика вац со, стенна делахь а.

– Дика вац? – юха а хаьттира дас, кIанте леррина хьаьжира. – Ахь ловзаргахь дан хIума дац. ЦIа а гIой, охьавижа. Невцан накъост кхин хоржур ву оха.

Къамела юкъагIоьртира Гугуан кхин гергарнаш. Дехарш дира Онисэга, доттагI дIа ма тасахьара, бохуш. Амма Онисэ резахилира дас аьллачунна. Тоьлашха ду чувахар…

Гоча килса чу вахара, там-мах беш хьажа.

Гочина юххехь лаьттачу гергарчу наха, нускалх къахеташ юкъ-кара оьккхуьйтура:

– Мисканиг, ма шелъелла иза!

Цхьана жимачу стага Онисэ хийцира.

– Хьайн лаамца йогIуш юй хьо маре? – хаьттира цо.

Гугуа велавелира. Вуьйхира. ТIаккха нускало жоп лучу меттана, кхин а лоха корта охьабахийтира.

– Хьо маре лаамехь йоьдуш юй? – юха а хаьттира мозгIара.

– Лаамехь, дада, лаамехь. Ницкъ хьан бийр бара цунна? – эккхийтира зударша.

Кхин хеттарш а ца деш, мах бира мозгIара.

8

Махбар самукъане дIадоьдура. Килса чохь гулделла адамаш а, невцан накъостий а, къаьсттина зударий, вовшийн лере а теIаш, цхьаъ дуьйцуш, хаддаза буьйлура, оцунна бахьана дацахь а.

Тап-аьлла Iаш шиъ дара – нускал а, Гоча а. Воккха стаг тIетаьIIина доIа деш вара, шен ерриге ойланаш цунна тIе а ерзийна.

Шен халкъан да вара Гоча, доггах шен берашна тIера ламазаш а, доIанаш а ца дича ца волура иза къаьсттина тахана, хIокху ирсечу меттехь. Цунна даима хетара, халкъо хаьржинарг Дала а хаьржина ву, олий. ХIунда аьлча, берахь дуьйна а Iамийначу гIиллакхашца цхьаьна, иза доза доцуш тешара цхьаннах: халкъан аз – Делан аз ду бохучух.

Гоча тешна вара, шен догцIена доIа Далла а дIахезарг хиларх. Оцу тешамо серлаяьккхинчу цуьнан юьхьо йийсар дора адамаш. Цуьнан юьхьо цаьрга дуьйцура адамаллех, лаккхарчу хьекъалх, бакъдолчух. Цунна тIе хебаршца бижинера халкъах бен гIайгIа-бала, деган лазам, церан дуьхьа даима къахьегаран тача.

Юкъа-кара Гоча кхуолура. ТIаккха цуьнан цIоцкъамаш гIайгIане чIечкъадоьлхура. Марха малхана цхьана мурстана дIахьулбаре терра, стигала доьгIначу воккхачу стеган бIаьргаш чохь юха а къегара дегайовхо а, кхолламах тешам а.

Дахарехь дукха гина а, лайна а волчу Гочина деган кIоргехь цхьа сингаттам Iоттабеллий хаьара, шен кIанте дIа ма-хьажжинехьа. Дахаран зеделлачо Гочина хьийхира Онисэн леларехь тамашийнаниг цамгар а йоцуш, кхин бахьана хилар. Амма хIун бахьана ду иза, мичара йоьссина цуьнан кийра экхарна кхерам тосабалар санна йолу и шеко, – цуьнан дуьхе Гоча кхиа ца лора.

Махбар чекхделира. Маррий, зудий цIа дигира. ТIаккха, кхерчана го а баккхийтина, шайн-шайн чоьнашка дIасабийкъира, зударшна юккъехь нускале садаIийта. Ткъа божарий, Гоча коьртехь а волуш, кхачанах кхета охьахевшира. Царна юкъахь вара зуда ялийнарг а, ирсах воьттина, нийсархоша го бина, церан забаршка ладоьгIуш, самукъадаьлла стоьлан коьртехь Iаш.

Хьалха хилла сингаттамаш бицбелла, самукъадоккхуш дара адамаш: дуура, молура, иллеш олура. Байташкахь декъалбаран кедаш уьйура. Юкъа-кара цхьацца воккхачу стага пондар кара а оьций, мерзех пIелг туьйсуш, илли олура, халкъан турпалхой хастош. ТIаккха гIовгIанаш дIатуьйра. Цара леррина ладоьгIура халкъан иллига. Цо комаьршо хестайора, май-

ралла, доьналла, Даймехкан дуьхьа дIаделлачу дахарна хастам кхайкхабора, иза декъалвора. ХIоранна кхеташ хуьлура, стенна догIу адам кху дуьнен тIе.

Юха а кедаш уьйура, иллеш олура, хелхабуьйлура. Сатассалц дIахьора шайн самукъадаккхар.

9

Ламанан дежийлашкахь ловзадевллачу Iахарша санна, Гугуан хIусамехь хьешаша самукъадоккхучу хенахь, Онисэ, бертал, гIайби тIе корта а биллина, ша цхьаъ вара. Корта базбеллера, чIимаш биъча санна, цIий бIаьргаш чу уьдура, лерган догIа детталора, лергаш чу поттарчий хIиттош, дегI цIе летта догура, корта хьийзара. Хала садоьIура кIанта. Цо гойтура, цуьнгахь боккха бала хилар. Оцу балех паргIатвала гIертара, юкъа-кара куьйгаш а лестош.

Цкъацкъа шийла хьацар тухура цунна. ТIаккха, и хьацар дIа а хьокхуш, вехха хиъна Iара, бага а гIаттайой, гIорасиз куьйгаш охьа а дохуьйтий, бIаьргаш бIаьрзе ана а дугIий. ТIаккха юха а паднара тIе дIакхетара. ДIасакерчара. БIаьргаш хьалха чекхдуьйлура вовшашца цхьа а зIе йоцу, амма кхуьнан дагна а, кхетамна а гергара исбаьхьа суьрташ. Амма иза деха ца дахлора.

ЦIеххьана, цIогIа а хьокхуш, бос баьхьна Онисэ меттара хьалаиккхира. Шен бистина бIаьргаш хьакхийра цо. Цхьаммо царна мехий Iуьтту мотталора. ТIаккха: «Иштта мегар дац! Мегар дац! Иза хила йиш яц!» – олуш неIарехьа дIахьаьдира.

– Ахь хIун до? – цIеххьана цхьамма хаттар дира цуьнга.

НеI еллаелира. НеIсагIехь, бага а карахь, гучувелира Гоча.

– Дада! – олуш юхаиккхира Онисэ, оццул дагахь доцуш дара иза вар.

Иза зуьйш кIанте а хьаьжна, паднара тIе охьахиира Гоча.

– ХIан, пенах дIаолла, – аьлла, шегара бага дIакховдийра цо.

– Хьо стенга ваха воллу? – чIоггIа а, оцу хенахь паргIат а хаьттира Хевисберис.

– Цхьанххьа а… – халла элира Онисэс.

– Иза жоп дац! – юьхь кхулуш, элира воккхачу стага.

КІант хаттар тидамза дита гІортарх кхийтира иза. Иштта ниг цунна ца дезара.

– Тойне...

– Кху хенахь хІун той хуьлу? Массо а дІасавахана. Бисинарш – бехна дІакхетта Іохку.

– Лаьмнашкахь ло диллина. Экха охьадоьссина хир ду. Тойнехь цхьа-цхьаъ таллархо а карийна, цуьнца ваха дагахь вара со, – сихха меттавеара Онисэ.

Да кІелдІашхула дІахьаьжира цуьнга.

– Бегаш бо ахь, кІант?

– Ца бо… хІунда? – сихха жоп делира кІанта, хІара ма тІевирзина суна аьлла, дага а тосуш.

– Кху дорцах мила воьду талла? Лайн токхамна кІелвиса гІерта хьо?

Баккъал, Онисэс ойла ца йинера, иштта кхевссина дарц хьоькхуш талла араволуш цахиларан. Иштта ойла ца еш диначу хІуманна цкъа а реза хир вацара дахаро зийна а, дахар зийна а кхуьнан да.

– ХІунда ца воьду? – элира, ша ойла ца еш аьлларг нисдан гІертачу кІанта. – Махо лаьмнийн баххьашкара ло охьахьаькхна хир ду…

Юха а цуьнга хьаьжира мохевхо. ТІаккха, жимма соцунгІа а хилла, элира:

– Тоьур ду, кІант! Хьан дагахь, хІуъу делахь а, кхин ду.

– Кхин хІун хир дара сан дагахь? – ирхъиккхира иза.

– Ца хаьа суна, хаа а ца лаьа, – буьрсо элира дас. – Алал соьга, хьуна хаьий хьо муьлхачу доьзалера, муьлхачу тайпанах ву?

ХІинца Онисэ цеце дега хьаьжира.

– Суна хІунда ца хаьа?

– Диц ма делахь иза, – пІелг а ластийна, кхунна хекъал луш, кхидІа а дийца волавелира воккха стаг: – Нехан белам ма баккхалахь, хьожуш хилалахь.

ЦІий а луш, корта охьабахийтира Онисэс.

– ДIавало, – элира Гочас, хьала а гIоттуш. – Хьайна луъучу гIуо, амма ас аьлларг дагахь латтаде: диц ма де хьо мила ву. Кхин а дагахь латтаде: адам Iазап хьега а, сагатдан а кхоьллина ду хьуна.

Бага схьа а эцна, Онисэца уча велира иза. Цхьажимма лаьттира, кхин цкъа а кIанте хьаьжира, цхьаъ ала санна, амма вист а ца хуьлуш, дIа а вирзина, шен чу вахара.

Онисэ, меттах ца волуш, кхин а лаьттира. Иза воьхна вара. Шеко йоццуш, дена хааделла соьх цхьа доьхнарг даьллий. Амма иза мел генадаьлла воккхачу стагана хаа йиш яц. Вуьшта, шеко-м хир ю цуьнан дагчохь, сох хьакхаделларг шен сийх а хьакхалур ду аьлла.

«Диц ма де хьо мила а, муьлхачу доьзалера а ву», – элира дас, хIокхунна дагадоуьйтуш, доьзалера массо а вовшех возавелла хилар. Цара доьзалан сий лакхадаккха а, бехдан а тарло. Онисэна шена а хаьара, декхаро шегара хIун лоьху. Малвеллачу мIаьргонехь шех яьлларг йоккха ледарло а, зулам а дуй хаьара цунна. Цо ша-шена чIагIо йира, шен кийрахь кхоллабелла синхаам багийна дIабаккха. Шегахь шен чIагIо ларъян ницкъ а, доьналла а тоьургхиларх тешча, цо цIогIа тоьххана элира:

– ГIур ву со цига… тойне. Со къонах ву, ас коьртахь куй лелабо… Ас тедийр ду сайн дог!

– Ведда уьйтIа а иккхина, ГугуагIаьрга дIахьаьдира иза. Сатеснера. Амма цаьргара схьахезаш гIовгIанаш а, лоькхучу тIаш-пандурин аьзнаш а дара.

Хазахетарца, баккхийбеш тIелецира хIара.

Онисэс илли а олура, самукъа а доккхура, забарш а йора массарал дукха.

10

Той дIадуьйхира. Чекхдевлира самукъане денош. Нийсархоша-доттагIаша, гIиллакхца догIуш ма-хиллара, шовдане дигира нускал, кIалд чуйоьллина чIепалг цуьнга дIа а кховдийна, иштачохь локхуш йолу йиш дIалекхира:

Невцан накъост, воккхахволу ваша,
Гlо дехьа суна кlудал хьалаайа.

Шен роже дирзира дахар.

Дзидзия дика а, муьтlахь а зуда хиллера. Балхах ца къехкара иза. Цхьанна а дуьхьал дош ца олура, чоь цlена латтайора. Цундела баккхийчу кхиношна а, шайн йиша санна, дукхайийзира Дзидзия (шайл кегийчарна халахетарш деш ма хуьлий уьш).

Гугуана чlогlа дукхаезара шен зуда, цкъа а веса цlа ца вогlура иза.

Цо цунна дохьура цlен бос беттало lежаш я чурчхелиш[к], барташ дохура, шен деган лаамо хьоьхург деш. Амма Дзидзияс, тамашийна делахь а, цуьнан хьестарш тидамза дуьтура. Дукхахьолахь йист ца хуьлура, даима цхьалла лоьхуш хуьлура. Цуьнан мархалделлачу, басадевллачу балдаш тlехь цхьанна а ца гора елакъажар.

Юххернаш самукъадаккха гlертара къоначу зудчун. Цундела, вукху кхиношца юьстича, иза паргlат яра. Иза дезачу деношкахь килсашка а, тезеташка а юьгура, цигахь дукха адамаш хуьлу дела а, шерашкахь гина боцу доттагlий а, гергара нах а цхьаьна а кхетий, вовшех дагабуьйлу дела а. Амма Дзидзиян самукъа ца долура, даима санна, шена чукагъелла а хуьлура, ур-атталлаа, шена дечу совгlаташка а бен ца хеташ хьоьжура. Иза хьостура, цуьнан доладора, амма цхьана къайлахчу мекхано дог дуура цуьнан.

Юьхьанца юххера нах гlоьртира иза иштта сингаттаме хиларан дуьхе кхиа. Амма мискачу зудчо шен деган къайле цхьаьнгга ца йостура. Тlаккха массара иза паргlат йитира, иштта амал хир ю цуьнан, аьлла.

Онисэ шен ненан вежарий болчу Пшаве вахнера. Иза талла а лелара, я ламанан дежийлашкахула кхерстара, мухха а хилларг дицдан гlерташ. Амма Онисэ шен кхолламан ойла ян ваьлча, цуьнан бlаьргашна хьалха хlуттура Дзидзиян исбаьхьа юьхь-сибат, тlаккха дог lийжа долалора.

Дзидзия массо хIуманца гора. Стигал, мархаш, седарчий, бутт – дерриге жил-Iалам шен кхетамехь, Дзидзияца, цуьнан хьастаме-исбаьхьчу аматца дустура цо. ТIаккха Iаббалц шен ойланашкахь иза а хьоьстий, сапаргIатдоккхура шен.

11

Сингаттаме Iа чекхделира, цуьнца цхьаьна дIадахара марчох хаьрчина даккъаш а, Iаннаш а. ДIатийра шийла къилбседехьара мехаш, церан оьгIазе угIар, цара хIинца дакъадац латта, лоьлхуьйтуш а, ченан кIур баржош а, хIинца цара ша хиллачу лайца дIа ца хьулдо иза. Iалам хийцаделла: буьрсачу дорцан метта байн мох хьоькху, латта доxделла, бецаш денъелла, дегIе ницкъ а беана, малхе кхийдаш ю. Махо лаьттара дIахьаькхна лайн марчо, цунна гIоьнна сихбелла малх, Iовраш йоккхачу гIовгIанца, некъ хилар-цахилар хьесапе а ца оьцуш, Iаннашкахула дIахьаьвдда. Кавказан лаьмнаш паргIатдевлла безачу балех, сингаттамечу шанан духар дIа а тесна, баьццара бархат тIедуьйхина. Самадевлла зезагаш, кортош а лестош, вовшашна тIекхийда. Маьлхан йовха зIаьнарш сихъелла церан исбаьхьаллех Iаба, амма аренан хазачу мехкарша эхье дIаерзайо шайн яххьаш, кортош дIа а лечкъош; амма къар ца лучу накхармозех дIалечкъа ца ло уьш, лаамаза дIало цара царна шайн мерза хьожа йогIу заза, аьхна, кIеда церан когех а хьекхалуш, накхармозаша муьйлура мерза мутт.

Къона баьццара гIаш дегадо ницкъ алсамбаларна, жовхIаречу тхин тIадамаша лардо уьш кхарзамечу малхах. ХIаваэхь ека эшарш – олхазарша вовшашка кхойкху ялсамани чу, бIаьстенан беркатах Iаба.

Массо хIума денделла. Дог даге кхийда, вовшех болчу хьогамах Iаба. Цхьа Онисэ гIайгIане хьоьжу бIаьстенан Iаламан дезачу дийне. Цуьнан дагах ца хьакхаелла бIаьсте, Iаьнан боданечу буьйсанах санна. Жимачу стеган дагах ца хьакхалора сийлахь-деза Iаьнах долучу лаьттан сурт. Мелхо а, иза исбаьхьа мел хуьлу, дагна боккха Iовжам хуьлура, воккхаверан меттана, цхьацца цунна чу юьжура къахьбецан къахьо.

Вала а, вола а меттаг ца карайора Онисэна, даккхий синош дохура, чов йина лом санна, лаьмнашкахулий, аренашкахулий ваьлла лелара. Хьомечу меттигех кхоьрура, шовданан тийна декар хаза лаьара, оьгIаздахана цIоькъа лом санна, цхьана чхара тIера вукху чхара тIе лелха Терк ган лаьара. Дуьнен тIехь цхьанхьа а дац Теркал чомехь хи, иза санна декаш а, хьастаме а хи дац.

Хьоме, хIинцца, дукха хан йоццуш, шена безаме ца хетта меттигаш ган лаьара.

Амма цIа ваха ца хIуттура Онисэ. Иза кхоьрура, дегIерчу ницкъо тешнабехк а бина, цхьа дагахь доццучу бахьано шега дицдайтарна ден дешнаш: «Дагахь латтаде, хьо муьлхачу доьзалера схьаваьлла, муьлхачу тайпанах ву… хьожуш хилалахь, ларлолахь нехан кхардамах!»

Онисэ чIогIа тешна вара, Дзидзияца къастаро кийрахь яьлла цIе дIайойур ю, аьлла. ХIинца иза ца къехкара хазачу бацойх. Моьттура, шайн аьхналлица цара тевийр ву. Амма цхьана самукъане бIаьргаш догучу йоIана тIевахарций, цуьнга хаза дош олуш вистхиларций, оццу сохьта цуьнан кхетамехь карладолура Дзидзиян васт. Иза хьоьжура цуьнан бIаьргаш чу хIилланечу, амма тIекIавечу къажарца, тIаккха Онисэн кийра цIе йолура, ткъа йоьIан къажаро бохура: «Эрна ду хьан ведда лелар! Сох ваьлла ваха меттиг бац хьан!» ТIаккха уггаре исбаьхьа юьхь чIогIа ирча хеталора цунна.

Иштта, цхьа а дегайовхо йоцуш, дIатекхара Онисэн денош. Оцу къийсамехь худалора цуьнан деган ницкъаш, дIайовра къоналлин цIе.

Цуьнан дахар, мел къаьхьа делахь а, иза хаддаза беккъа цхьана сацамна тIевогIура: Дзидзияга болу безам кийрара дIаэккхо беза, йицъян еза иза…

12

Цкъа, бацоша шайн даьхни аьхкенан дежийлашка лохкучу Архотин кIажахь, бежIуй шайн сийлахь-деза гIиллакх билгалдаккха кечлуш бара. Иштта кхузахь дукха бара мохев-

цаш а. Уьш, юкъарчаш хиларе терра, бацойн бежанаш дажош бара уьш. Ткъа хIинца барт бина хан чекхъяларе ладоьгIуш бара.

Жижиг кхихкинера, хIинца гулбелларш, баккхийчийн лерам беш, шуьна хьалха шайн-шайн меттигаш вовшашна дIалуш бара. Царах дукхахберш охьаховша кхиънера, луларчу ломан буьххьехь цхьа стаг гучуваьллачу хенахь. Цуьнан белшах кхозура топ, чоин тIемаш хьалакарчийна дара, иза сихачу боларца ломах чувуссуш вара, хьацар дIа а хьоькхуш. Цавевзарг, хетарехь, цхьана доккхачу гIуллакхна генара вогIуш вара: цо тIеттIа болар сихдора, Iалашоне сихха дIакхачархьама. БежIуй, тIера бIаьрг ца боккхуш, цуьнга хьуьйсура. Лаьмнашкахь наггахь а стаг ца го, цундела бежIуй, керланаш хаа хьаглой, тIевеанчу керлачу стагана тIебетталора, шайн юьртах а, цIийнах а цхьаъ хаархьама.

ТIеттIа алсамболучу хьогамца тергалво цара вогIуш волу некъахо. Са а ца доккхуш, ладоьгIу цхьаьнакхетаре. ХIинца а ишттa дара.

– Мила хила тарло иза?

– Дукха сиха-м ву иза?

Хьала а гIевттина, малхах бIаьргаш ларбеш, сакххилла[9] хьуьйсу.

Къаьсттина Онисэга са ца тохаделира, вевзаш воцчунна дуьхьалвахара иза, йоккха меттиг елахь а бежIушний, цунний юккъехь. Некъахо кIоргачу боьрахь къайлавелира, новкъахь нисбеллачу. Онисэс тIера бIаьрг ца боккхура, иза тIаьххьара къайлаваьллачу меттигна. Вевзаш воцург боьрах чекхвелира, иза гучувелира бердан йистехь. Самукъане цIогIа а тухуш, лечанах дуьхьалхьаьдира цунна иза, шен лулахо а, бераллин доттагI а вевзина.

– Марша вогIийла хьо, Дата! – геннара мохь тоьхна элира Онисэс.

– Маршалла ду хьоьга! – жоп делира Датас.

Вовшашна маралилхира уьш. ТIаккха еххачу ханна соцунгIа хIоьттира.

Онисэна ма-хуьллу сиха довза лаьара дерриге керланаш,

амма важа вист ца хуьлура, стенна тIера доло деза ца хууш. Датас а, хIуьттаренна санна, цхьа а дош а ца олура. Амма, тIехьаьжча, иза сингаттаме вара. Онисэна тIедита а ца лаьара, ша оьгIазвахийтархьама иза вист ца хуьлуш Iаш ву бохург! «Цхьа сингаттам баьлла, суна халахетийта ца лаьа Датина», – ойла йира Онисэс. Иза юха а шен накъост зуьйш дIахьаьжира, баса тIехь хийцавелира.

– Алахьа, хIун хилла? – дехаре вистхилира иза, тIаккха, чIагIо лоьхуш санна, хьалха дIакховдийра куьйгаш.

– ХIун хилла боху ахь? Хуур ду хьуна меттамотт болчу дIакхаьчча. Цигахь дуьйцур ду, массарна дуьйцур ду ас.

ХIора буьйсана а, дийнахь а цхьана ойланан йийсарехь хиллачу Онисэс сацам бира гIуллакх Дзидзиях хьакхалуш хиларан хьокъехь, иштта шех лечкъоран хьокъехь а. Амма Датина хIумма а ца хьаьра Онисэн дог Iийжочух, цундела цунах къахета бахьана а дацара. Ткъа Онисэн даг чу эхIаьлла, полла санна, иккхина ойла, шега бакъдерг дуьйцу долчу хьостанан серлонехь къегара. Кху дерриге дуьнен тIехь кхин ницкъ бацара цуьнан дог карзахдаккха а, тидам тIебахийта а.

– Схьадийца, жиманиг, дог карзах ма даха! – къорра юха а элира Онисэс. – Стенна оьшу буьйр болчу старца собар?

Дата Онисэга хьаьжира, тIаккха, иза дIакхелхинарг санна, юьхь-бос байна гича, ойла йира: «Хетарехь, цIахь цхьа сингаттам баьлла моьттуш ву».

– Ахь хIун до? ЦIеранаш берриш могаш бу.

– Делан дуьхьа, ма Iехавехьа со!

– ХIан-хIа, Спарс-маликаца дуй боу ас! Хьо Iехор стенна оьшу суна?

Къамел юхаделира.

БежIуй болчухьа дIаволавелира Дата. Онисэ гIорасиз цунна тIаьххье дIавоьдура. Цуьнан дагчохь юха а кхоллабелира сингаттам.

– Дата, ахь хIунда ца олу хилларг хIун ду? Собарде! – сацийра иза Онисэс, тIаккха шен а мотт хедира. Дзидзия хатта гIертара иза, амма цуьнан цIе хатта ца хIоьттира.

Дата собаре сецира.

– Хьуна хIун оьшу? – эххар а са ца тохаделира цуьнга.

– Муха… муха ву да? – шабар дира Онисэс.

Цецваьлла цуьнга дIахьаьжира Дата:

– Сан ваша, хьайн хьекъалехь вуй хьо?

– Схьадийца! Схьадийца шадерриг! – собар кхачийна элира Онисэс. ТIаккха дехарца дIахьаьжира шен накъосте. Иштта иза гича, муьлххачунна а цунах къахетар дара.

– Гоча могаш-хаза ву. Хьан да а, ден ваша а, доьзал а дIаIаш бу, Далла бу хастам, кхин дика шайна лаа а ца оьшуш.

– Ткъа хилларг хIун ду?

– Дера ду цхьаъ: Эристави Нугзарна вайх шен лай дан лаар.

– ХIун? – юха а хаьттира Онисэс, цо аьллачух шен лергаш а ца тешаш.

– ХIаъ, хIаъ! «Нагахь санна муьтIахь ца хилахь, боху, шуна тIе а летта, дерриш хIаллакдийр ду».

– Иштта-м хир дац! Вай шена муьтIахь хиллалц бен даа а, мала а доцуш вуьсийла иза, цо ерриге Хеви хIаллакьяллалц, – курра эккхийтира Онисэс, бIаьрг-негIарш чIечкъа а деш.

ТIебаьхкира важа бежIуй.

– Иштта-м дара иза, иштта! Амма дерриге маьлхан дуьненна а евзаш ю Нугзаран аьрха амал… Цхьаъ аьлча, юхавер вац иза, хIорд санна, цIий Iенича а.

– Оцу хьокъехь хIун хета Хевехь? – схьахезира массанхьара а аьзнаш.

– Халкъ кечлуш ду. ТIом эккхар бу, нагахь санна Нугзар ницкъ бан гIортахь. Массо а лома, вайн бежIуй мел болчу, хьадалчаш-векалш бахийтина – нах дIакхойкхуш бу. Со шуна тIеваийтина. Нугзара ерриге Мтиулети гIаттийна. ХIирий а, цунах дIа а кхетта, вайна тIе богIучух тера ду. Уьш Трусон чIожехь дIачIагIбелла а боху.

– ДIадоьлху вай! ДIадоьлху! – схьахезира бертахь аьзнаш. БежIуша герз караийцира, хIинцца тIаме баха кийчча.

– Ткъа царна, хIирашна, хIун оьшу? – хаьттира Онисэс, оцу муьрехь Дзидзия йицъеллачу.

– Шаьш юкъаралчаш ду моттийта гIерта, амма лелораш кегораш ю. Шайгахь ницкъ тоьуш бац, Нугзар вайца ларор ву моьтту.

– Делахь-хIета, вежарий, хьем бан йиш яц! – эккхийтира Онисэс. – ХIун, муха дан деза дIакхаьчча хуур ду вайна.

– ДIадоьлху, дIадоьлху! – тIетайра берриш. Шайн йийбар а, герз а кечдан дIахьаьвдира.

13

Сатосуш дара. Теркан тогIи чухула, гонахара ярташ дIакъовлуш, даьржина дукъа, бамба санна, тIехIоьттина дохк. Цхьаццанхьа цуьнан чIогIа юкъа марха хедайора лекхачу лаьмнийн баххьаша. Сирла-сийна стигал цхьажимма цIийелира, маьлхан хьалхара зIаьнарш гучуевлча. Седарчий, де тIедогIуш дуй а хиъна кхоьлира, халла бен шайн аьхначу серлонца дуьне серла ца доккхуш.

Казбек-лам, Кавказан лаьмнех къоьжаниг, курра хьоьжура Самебин бохье, шен баьццарчу урамехь килс лаьтташ йолчу, изза цIе а лелош – дIаихначу деношна чурт. Мел йоккха исбаьхьалла хьалхахIуттура оцу бохьа тIера!

Дукъа дохк кIел хиира оцу килсан кIажина – Гуьржийн бIешерийн сийлаллина. Мотталора, иза лаьтта тIехула айаделла. Гонаха мел дерг набаран таро дIатаIийна дара, дерриге дIатийнера – оцу тийналло кхетам бала йиш йоцу сингаттам кхуллура дагчохь. Ур-атталлаа, мох а дIатийнера, цхьанхьа дIалечкъинера, хIинца цо безамехь хьожа йогIучу зезагашца бегаш ца бора; цкъацкъа оцу къорачу тийналла юккъехула лакхара охьахьаьддачу тIулган гIовгIа эккхара – кхераеллачу масаро шен бергаца охьакхоьссина иза. И гIовгIа дIаоьра шовданан декарца, наб кхетта, аганан илли дIаолуш долчу. Схьахезира деха аз – ламанан москална схьахезна Iуьйре герга хилар, я, набаран кхоьлах, цунна шен юххера накъост дагаеана.

ЦIийбели Казбекан бохь. Маьлхан зIаьнарша цуьнан коьртах хьарчий дашо чалба. Къега доладелира цхьа а тIеда

тIехь боцу ло. ГIари-гIоддах дека доладели моша, шен хьомсарниг тIевоьхуш, ца лаьара цунна кху Iуьйренан исбаьхьаллах ша Iаба.

Меттахъевлира акха газа а, масар а. Церан сиха, нуьцкъала когаш набарх Iаьбнера, цхьажимма уьш дегIах болийта лаьара, – суйнаш туьйсучу, эзар цIерашца къегаш долучу лайно шайца ловза дIакхойкхура. Массо агIорхьара схьайогIура дог ловзаден хьожанаш, цара байн бIагор боуьйтура. Бежанаша нох дохура. Оццул нуьцкъала яра Iуьйренан мерза хьожа. Гена доццуш, «Черчийн хьуьнхахь», Iаламна хастам беш, шоршал дара йиш лоькхуш.

ЦIеххьана бийкира горгали. Зов хIаваэхь тIомаделира, дегош а, тIаьхь-тIаьхьа гIеллуш а. Хьаькхира мела мох, цо иза дIадаьхьира лаьмнийн йистошкахула. Кхин цкъа а бийкира горгали, цуьнан зов кхечанхьа а даьржира. Гарехь, самабевллера килсан гIаролаш.

Iуьйренан мелачу махо дIасатаххийра дохк; махана гIоьнна яьхкира маьлхан зIаьнарш, тIаккха дохк таьIIина къайладелира лаьмнашна юккъехь, Iуьйренан зIаьнарша гучуваькхина везар санна.

Схьаделладелира готта Iин. Цуьнан кIоргехь, текхаргах сетташ, тулгIеш уьйуш, чопа туьйсуш дIахахкаделира Терк.

Самаделира, тохаделира халкъ. Яртийн, кIотарийн йистошкахь тобанаш еш гулделира шайн-шайн байракхашна юхехь адамаш. Махо меллаша техкадора бес-бесара кIадеш.

Горгалийн зов дIатуьйш дацара. Халкъийн тобанаш боламе евлира. Схьахезира «Гергатулан» нуьцкъала аз. Эзарнаш аьзнаша тIаьхьара элира илли. Иза даьржира стигал къекъош. Массара кортош чIана бехира. Хьалхабевлла богIура байракхашца берш. Царна тIаьхьа муьтIахь догIура цхьацуьрриг шек доцуш, шайн байракхаш – эхь-бехкан а, сийлаллин а билгалонаш ларъеш цIерга лелха а кийча халкъ.

Хевин къанойн кхеташо гуллучу килсехьа дIахьаьвдира берриш а. Тахана кхуза кхайкхина яра ерриге юкъаралла. Халкъийн гуламийн сацамашна муьтIахь хуьлу муьлхха а ламанхо.

Кхузахь цаьрга хьоьжуш Іаш вара Хевисбери Гоча а, цуьнан юххера гІоьнчий а. Уьш кхуза баьхкинера ши кІира хьалха, ламазаш а, доІанаш а деш, къинойх цІанбелла, халкъан байракхах хьакхабала хьакъ хила; бохалур боцуш бу цунна кІел биъна дуй. Мохевец кийча хир вара вала, ненах я вешех вала, езачух дІахада халкъан цхьааллин оцу билгалонна делла дош ца къардан.

ХІинца а иштта дара. Юкъаралла вовшашкхеттера сийлахь-даккхийчу гІуллакхашна. Маьршачу, дозуш доцчу халкъана лоллин кхерам тІекхозабеллера. ХІинццалц доттагІий хиллачу лулахоша тІом схьахьебинера мохевцашка, ткъа Іебаш воцу Эристави Нугзар, лом санна, дарвелла вара. Шега кхаьчначу доккхачу Іедалх Іебаш воцучу цо кхачо ца йора лолле ялийначу цхьана Мтиулетих; иза реза вацара шен лулахоша – мохевцаша, уьншарахь санна, шайн паргІато а, бозуш цахилар а лардарна. Цо сацам бинера уьш лолле бало, и гІуллакх кхочушдеш шен вежарийн цІий Іано дезахь а.

Мохевцаш кхетара хІоьттинчу хьолах, цундела уьш кечлуш бара мостагІчунна хьакъйоллу дуьхьало еш, иза юхатоха.

14

«ЦІминда Самебин тІадзари»[10] лаьтташ ю чІогІа хазачу горгачу барза тІехь, Казбек ломан цхьа агІо Терка чу а хьаьвзий чекхйолучохь, Гергени-Юьртана гена йоццуш. И Іаламат йоккха гІишло, шен горгали а, къанойн кхеташонан хІусам а йолу, йоьгІна яра аьгначу тІулгийн экъанех. Іаламо цунна гобинера чхерашца, пенашца санна, ткъа и Іаламан пенаш доцчохь иза чІагІйинера адамийн куьйгаша. ЧІогІа доккха, исбаьхьаллин сурт дара и килс.

Цунна луларчу йистошкахь аьттехьа дац цуьнан экъанаш аьгначех тІулгаш. Хи дикка гена долчу Іин чуьра кхехьа деза. Килсана тІеван чІогІа хьийзаш а, готта а цхьа сокхамкх бен дац, ур-атталлаа, гІашлочунна а хала ду иза эшо. Цундела дуьххьара оцу килсе бІаьрг тоьхча, хаттар хІутту: «Мичахьара а, муха а тІекхехьна-те и гІишло йотта коьчалш?» – аьлла.

Амма дIахьаьжча хьалха сурт хIотто тарло: «ХIун дийр дац цхьана Iалашоне кхийдачу халкъо?!» – аьлла.

Килсан цхьана пена тIехь шога тIулган экъа ю. Мехаш а, дарцаш а ца кхиъна цу тIера йозанаш хьаькхина дIадайа. ХIинца а лерина хьаьжча дешало: «Сту лома… Тевдорэ». Хетарехь, шайн ницкъаш ца кхоийначу шина пхьеран цIераш а ю уьш, Хевин хилла сийлалла чулоцуш йолу и исбаьхьа гIишло кхоьллина волчу.

Мохевцийн тобанаш массо агIорхула килсехьа тIе хьалаюьйлуш яра. Халкъ бай тIехь гулделча, килсан барола тIехула къегира гIожа тIейоьгIна жIар, ткъа цхьажимма хан яьлча дIасатехкира, дIасаяьржира хоругвин байракх.

Шайн сийлалла гучуяьлча, халкъ гора дахара, кортош лаьтта тIекхаччалц охьадахийтира.

Килсан барол тIехь гучувелира еха къоьжа месаш йолуш, тIийригца юкъ йихкина, кIайн, ехачу кучахь воккха стаг. Цуьнан серлаяьллачу, амма паргIатчу юьхьо шена тIе дугIура адамаш, дашадора церан дегнаш. КIайн чоэш дуьйхина, байракхаш карахь йолчара, могIарех схьакъаьстина, Хевин яртийн байракхаш килсан уьйтIа а яьхьна, хоругвин гонах дIанисйира.

Дерриге дIатийра. Мотталора, ур-атталлаа, мох меттахболуш бац, шен кIеззигчу хIоца кху гуламна новкъарло ярна кхоьруш санна. Кхузахь тахана ерриге Хевин кхоллам къастош ма бара.

Воккхачу хоругвин гIаж ластийра, тIаккха кху тап-аьлла йолчу тийналлехь дийкира горгалин зов. Голаш тIе охьадоьжна халкъ меттахделира, амма юха а дIатийра.

Гочас юха а ластийра гIаж. Юха а дийкира горгалин зов. Воккхачу стага жIар йира, тIаккха безза декъалбира мохевцаша уггаре сийлахь лоруш берш, шайн берриге ницкъаш халкъан зовкхана тIебахийтинарш, мостагIчуьнца тIамехь къаьсттина хьуьнар гайтинарш, шайн герз даима кийча латтораш… Деле кхайкхамбарца чекхдаьккхира цо къамел: «ДIа ма тасалахь Хеви, бIешерашкахь цуьнан Iу хилий латталахь!»

ХIора доIа чекхдаларца гIовгIа йолура:

– Амин! Къобалдойла Дала хьан доIа!

Гонахарчу лаьмнаша а тIаьхьара олура, эзарнаш аьзнашца жоп лора цара.

ТIаккха Гочас Эристави Нугзара дагалаьцнарг дIадовзийтира.

ХIинццалц паргIат Iаш хилла халкъ цIеххьана тохаделира. Тоба егийра, еххачу хенахь дIатуьйш ца хилла мостагIчо лелочунна резабацаран гIовгIа цхьана маьIIера вукху маьIIе дIаяхара.

– Меллаша! ДIасовца! – кхайкхам бора цаьрга Гочас.

Маьхьарий кеста дIа ца тийра, тIаккха Гочас кхидIа а дуьйцура:

– Веза-воккха а, къинхетаме а ву Дела. Цо лардо Ша кхоьллинарг… Вай а дIатосур дац Цо. ХIун оьшу Нугзарна? ХIунда гIерта иза вайн доьзална юкъа? Вайна вовза а вевза, лара а лору гуьржийн паччахь. ГIайгIа-сингаттаме догIийла денош оцу мохевцан. Баланаш тIебогIийла гуьржийн нанна, шайн кIант кхоийна, бохаман сахьт тIехIоьттича вежаршна дIалур вацахь. Иштта хила а деза! Вашас ваша дIатосур вуй эшамехь? Амма Нугзар кура ву, иза тахана ницкъ болуш ву, иза вайга хьоьжу шен къорамечу, хьогамечу бIаьргашца. Цунна лаьа луларчу шина халкъана юккъехь мостагIалла кхолла, лаьа мохевцаша а, мтиульцаша а вовшийн бойийла, тIаккха цо олалла дийр ду шина халкъана тIехь. Хьалкъ, ахь хIун олу? Нугзарца къовсадала атта дац! Мтиульцашна дицделла вай шайн вежарий хилар, вайна тIелата кечбелла уьш. ХIун дан деза? Нугзаран олаллина кIел даха деза?

ДIатийна хилла халкъ юха а тохаделира, гIовгIа яьккхира. Стигал къекъош даьржира адамийн аьзнаш, цхьа дош, деккъа цхьа дош, къарлур йоцу стогалла дIагойту дош, ца хедаш декара:

– ХIан-хIа! ХIан-хIа! ХIан-хIа!

Тобана юккъера сехьавелира къона моховец. Цо ишарца дийхира шайн махкахошка дIатер, тIаккха элира:

– Гоча! Ахь тхоьга хIунда хоьтту? Хевина хаьа вошалла хIун ду? Делан цIарах дуй боу ас, тхо массо кийча ву маьрша лулахо кIелхьараваккхархьама дахар дIадала.

Лолда дог жима дерг, шен вешина гIоьнна цавеанарг! Эхь тIедогIийла шен ваша воьхкинчунна. Каш совгIат хуьлда лай хила реза волчу мохевцана! Нугзар Iемина ву халкъ Iазапехь латто. Цунна моттаделла вайн амал кагъян атта ду! Ткъа мтиульцашна, гарехь, йицъелла вайн майралла а, вовшашца декъна бепиг-туьха а. Уьш вайна дуьхьал гIевттина. Амма стаг цкъа дуьнен тIе а волу, цкъа лийр а ду вай.

ХIун дер, ткъа, вежарий, тIеман арахь оьгур ду вай, амма кхечу халкъе вайна тIехь олалла дойтур дац…

– Оьгур ду вай! Лийр ду вай! – схьахезара тIетаран жоп.

Мохевцана тIевеара, Iасанна тIе а тийжаш, цхьа воккха стаг.

– Онисэ! Делан цIарах дуй боу ас, хьо хьайн ден дика кIант ма ву, хьо хьуо, гарехь, майра къонах а ву, – элира цо. – Нийса ду иза, эхье вехачул боьршачу стагана валар тоьлашха ду, дийна воллушехьа коша чу вахар а тоьлашха ду, эшаман къаьхьо Iовшачул… Делан цIарах дуй боу ас, ахь мел аьлларг дика аьлла ма дара, иштта хила а догIу иза. Амма мтиульцаш вайн вежарий бу. Нугзара Iехийна уьш. Цундела цкъа хьалха цаьрца барт бан хьовса деза вай. Ткъа хIирашца вайн дийца хIумма а дац.

Халкъ шина декъе декъаделира. Цхьаболчарна лаьара хIинццехьа тIаме дIахIитта, вукхарна тоьлашха хетара, баккъал, барт бан а хьаьвсина, Iехийна вежарий шайн агIор бахар.

Къовсамаш бехха бахбелира, амма нийса сацам тIе ца эцалора.

ТIаккха Гоча хоругвин гIожах хьакхавелира, юха а горгалиш бийкира. Массо дIатийра.

– Вежарий! – элира цо. – Вайн хан яц. МостагI гIопехь ву. Темин[11] къаной хьалхабовла беза. ДоттагI а, мостагI а хьакъ ма-вву тIелаца веза! Къаной! – мохь туьйхира цо.

Тобанна юкъара сехьабевлира цхьацца юкъараллин векалш. Уьш къанойн кхеташоне дIабуьйлабелира, Хевисбери Гочин куьйгаллица Хевин кхоллам бийцаре бан.

Делахь а, кхеташо дукха ца яхъелира. Берриш а цхьанна реза бара: маршо я Iожалла – кхин некъ бац. Кхеташоно хаьржира лакхара а, лахара а тIеман хьаькамаш, иштта юкъархой а, мтиульцашна тIе а бахна, цаьрца дийцарш дIадоло дезаш болу. Цул сов, схьакъастийра темин тоьлла иччархой. Дерриге гIиллакхашна тIехь куьйгалла дар, догIуш ма-хиллара, Гочас шена тIелецира.

Халкъан лаамца цхьаьна богIуш болу сацам кхеташоно тIе ма ийцци, Гочас юкъарчаш Мтиулети а бахийтина, гулам чекхбаьккхира. Оцу тIехь цо адамашна тIедиллира кхаа дийнахь-бусий кечамаш чекх а баьхна, цхьаъ санна, массо Сиони арахь гулвалар. Циггахь мостагIчунна некъ бехка сацам бинера.

Мохевцаш шайн-шайн цIа бахара. Бухахь висира Гоча а, цхьацца ярташкара байраккхой а, кхин цкъа а Деле Хевина толам лахьара аьлла деха.

Кхечаьрца цхьаьна Онисэ а дIавахара. Сихачу боларца воьдура иза шен юьрта, Дзидзияца цхьаьнакхета Iалашо йолуш. Оцу цхьаьнакхетаре сатесна вара иза, кхоэ санна. Мел дукха хан ю уьш вовшийн газа! Нийсархоша, цунна го а бина, бацойх, пшавех дийцахьара бохуш, доьхура, амма шен ойланашна чукагвеллачу Онисэс, царна жоп лаамаза а, доцца а лора.

Ломах охьабуьссуш, царна гира Самебин басахь баьржина мехкарий-мохевхой. Мехкарий а, къона зударий а цIазамаш лахьош бара.

–Хьажахьа, Онисэ, бай тIехь Iахарий санна болчу дIо зударшка, – элира цуьнга цхьамма.

Шега гайтинчу агIор дIахьаьжира Онисэ, къамелахочо дуьйцург дIахадорхьама. Цуьнан хабарша цунна новкъарло йора шечух ойла ян, амма цIеххьана бос баьхьира, дог нуьцкъала тоха а делла, дIатийра.

Саца а велла, юьхь тIехула куьг хьаькхира цо.

– Хьуна хIун хилла? – хаьттира накъоста, юьхь тIехь иза хийцавалар ган а гина.

– Хlумма а … хlумма а, – сихвелира Онисэ жоп дала, тlаккха, жимма lийна, тlетуьйхира: – Тlулгах тоьхна ког лазий ас…

АстагI а лелхаш, чхеран аьхка тlе а вахана, охьа а хиъна, мача дlаяккха волавелира.

– Гlо до ас хьуна, – элира накъоста.

– Ца оьшу, шени чlириме, со суо ларор ву, – элира Онисэс, цунах паргlат муха вер ву ца хууш.

– ЛадогIахьа, эхь хlунда хета хьуна? Хьо бер ма дац. Ас дlайоккху иза! – шечунна тlера ца волура некъахо.

– Ца оьшу, ас айса! – собар а ца тоьъна, кlоршаме элира Онисэс, амма тlаккха, lе а ца велла, кlедда тlетуьйхира: – Малх чубузуш бу, со бахьанехь хье ма ло. Кlадвелла со, цхьажимма садоlур ду ас.

Цуьнга дlа а хьаьжна, куй бlаьргаш тlе а таlош, кхин дош а ца олуш, дlаволавелира накъост.

Онисэ дlалечкъира тlулгийн оьланашна тlехьа. Новкъара дlа иза гора, амма ша дlалечкъинчу меттера цуьнан таро яра басахула лелачу зударийн тидам бан. Царна юкъахь яра Дзидзия а.

Кхузахь а, дlогахь а гуш яра гуламера сихбелла цlа богlучу мохевцийн тобанаш. Уьш цlа кхача сихбеллера тоьхначу ханна тlаме новкъабовла кхиа кечбала, шайгара накъосташка бехкаш ца дахийта.

Зударшна тlера бlаьрг ца боккхуш, тlулгаш тlехьара дlахьоьжура Онисэ. Къамелаш деш а, вовшашна байташ йоьшуш а, шайн цlазамаш лахьош бара уьш.

Бос а баьхьна, гlайгlане цхьа Дзидзия яра синкъерам боцуш санна. Корта лохха охьа а бахийтина, мехкаршна юьстахо цlазамаш лахьош lара иза. Геннара а хуур дара: цунна а, кхечу зударшна а юкъахь цхьаьнадогlуш хlума цахилар, иза цаьрца, кхечу ремина юкъанисъелла говр санна, лелаш хилар.

Онисэ гlайгlане воьжна хьоьжура Дзидзияга. Иза кхетара, иза иштта сингаттаме хиларна бехке веккъа ша цхьаъ хиларх.

Дог хуьлура мохь тоха: «Со кхузахь ву, схьайола со волчу! Со ву хьан хила хьакъ верг! Соьца бен ирсе хир яц хьо!» – аьлла.

Амма дешнаш цуьнан балдашна тIехь севцира. Иза кхоьрура, зударшна ша гарна а, шен деган къайленна уьш тIекхиарна а. Цунна ца лаьара Дзидзияна тIе эхь даийта а, иза нехан боьхачу меттанашна кIел яхийта а. Меллаша богIу зударий Онисэ лечкъина Iачу тIулгашна тIекхочуш бара. Цуьнан синхьийзам тIеттIа алсамбуьйлура. Дзидзияс йоккхучу хIора гIулчаца, цхьа хIун ду ца хууш, ницкъ хьодура дегIе, иза кхин а чIогIа хьаьрчара дагах.

ЦIеххьана зударий бIостанехьа агIор бирзира берриш а, цхьа Дзидзия йоцург. Хазахетта, мохь тохаза висира Онисэ. Мехкарел тIаьхьа а йисна, нийсса цунна тIе йогIуш яра Дзидзия.

Онисэн дог детталуш дара, са а лоьцура. ТIулгийн оьланех тIехъяьлла, гена доцучу гIовгIанечу шовдан тIе а яхана, тускар охьа а диллина, гIайгIанца хине а хьоьжуш, шен ойланашна чукагъелира иза.

Шен дерриге дегIаца цунна тIекхийдара Онисэ, амма цхьана гуш боцучу ницкъо сецавора иза, шех болчу тешамах шеквоккхура. СадеIар сацийнера цо, меттах а ца хьоврa иза, къона зуда а кхерийна, цуьнан цхьана мIаьргонна паргIатъялар юкъах ца даккха.

Доккха са а даьккхина, меллаша, къахоьтуьйтуш йиш лекхира цо. Iаьржа, дехачу бIаьрг-негIарш тIехула охьаохкаделира дато хиш. Къайллах цунна тIе а вахана, меллаша, мох техкича санна, элира:

– Дзидзия, хьо хIунда йоьлху?

Оцу шабарца аьллачу дешнашкахь Онисэн озехь Iаламат боккха ницкъ бара, цуьнга дIахьажарца, Дзидзияна моттаделира шех шагатIулг хили.

Онисэна тIера бIаьрг дIа ца боккхуш хиъна Iара иза, амма цуьнан дегочу балдех хуур дара иза цхьаъ ала гIерташ хилар.

– Схьаала соьга, схьаала! – бохура Онисэс, цунна юххехь настарш тIе охьа а лахлуш. – Сох хIунда къехка, хIунда уьду хьо? Со невцан накъост вацара ткъа?

Дзидзия егийра. Цуьнан юьхь тIехь дахаран билгалонаш гучуевлира, басарш ловзадевлира, балдашкахь самукъане къажар хааделира. ХIетте а, дуккха а Iийра иза, дош ала ца луш. Цецъяларна, меттаян тарлора иза. Эххар а, цуьнга куьйгаш а кховдийна, меллаша а, къаьстташ а элира:

– Онисэ! Хьо мичара вогIу?

Онисэ, мелла а, цунна юххе теIара, цуьнан куьйгаш дегош дара, иза Дзидзияга хьоьжура воккхавечу бIаьргашца. Гуш дара: цуьнан безам дехачу къастарехь дIабайна мухале цахилар, мелхо а, цуьнан цIе кхин а марсаяьлла хилар.

Эрна хилира ша-шеца къийсар: кхачаме хиллера цхьа цхьаьнакхетар, цкъа бIаьрг тохар, дуьнен тIехь мел дерг дерриге дицдан, еккъа цхьа оцу зудчун цIе егайора цуьнан балдашна тIехь, – хетара, адамийн маттахь кхин дешнаш дан а дац.

– Дзидзия… Дзидзия… – хаддаза юх-юха а олура цо, Онисэн багахь тайп-тайпанчу беснашкахь екара и цIе, баккъал хеталора и цхьа дош бен дац и буьззина синхаам балхо. Гарехь, Дзидзия кхеттера Онисэх, кхийтира иза ала гIертачух; цецъялар дIадедира цуьнан юьхь тIера, шен дуткъа, аьхначу дегIаца иза жимачу стагана тIетаьIира, хаза юьхь екхийра самукъадаларо.

ДIаоьхура миноташ, ткъа уьш, хьалха санна, боха а боьхна, дохк тIехьаьддачу кхетамца, хьогаме хьуьйсура вовшашка.

Махо, аьрха ловзуш, Дзидзиян коьртара йовлакх дIадаьккхира. Юькъа-Iаьржа кIажарш белшаш тIехула охьа а яхана, Онисэн юьхьах хьакхаелира. Оцо шинггара а дIабаьккхира тIаьххьара ницкъ… Церан балдаш вовшахкхийтира бехачу бартаца.

Ткъа хIинца юххехь схьахеза цIазамаш лахьош болчу зударийн аьзнаш – бицбеллачуьра самабехи уьш зударша. Дзидзия дIасахьаьжира, къовкъийра цIоцкъамаш. Цуьнан юьхь тохаелира лан халачу лазамна. Дагадеара хIара невцан накъост хилар, мехкан Iедалехь, муьлхха а цIийца гергара стаг санна, гергара. Онисэ дIа а теттина, кхин юха ца хьожуш, шен доттагIашна тIаьхьаедира иза.

Онисэ ша висира. Иза кхета ца туьгура шех Дзидзия дIаядарх.

Зударий юххехула тIехбевлира. Дог а детталуш, Онисэ царна тIаьхьахьоьжура. Дзидзия, хьехан санна, дуткъа-оьзда дегI долу, шен накъосташна юкъахь дIаяйра, цуьнан бIаьргаш самукъане къегара, балдаш тIехь, ловзар чекхдаьллачул тIаьхьа дуьххьара, елар иккхира, иза, лаккха корта а айбина, йоьдуш яра.

«Ас дIа хIунда яхийти иза, хIумма а ца олуш? – ларамаза ша-шега хоьттура цо. – Кхул тIаьхьа кхин цкъа а вовшийн хьаста йиш хир юй-те тхан?»

Зударий къайлабевлира. Онисэ хьалагIаьттира, белшаш нисйира, цуьнан бIаьргаш къегаш дара самукъадалрх. ДегIехь хаалора кхул хьалха хилла боцу ницкъ. Дзидзияна веза иза. Моьттура, дерриге дуьне а шен цхьаннан ду.

16

КIобах а, СамтIеран тогIех а тIехболий, Гуьржехан къилбседехьа боьду некъ чхерийн Сионина тIе а кхочий, кхаа агIорхула цунна го а боккхий, басешкахула хьийзаш, сетташ дIабоьду. Чхеран буьххьехь, мостагIашна кхерам туьйсуш, лаьтта бIов. Дерриге некъашна тIехь олалла а деш, цо лардо Iин. Цунна тIе ца вахало Нарованан дукъ долчу агIорхулий бен. БIаьвнан гонаха ю шортта хиш а, хьаннаш а йолу аренаш. Иза, Iаламо кхоьллина чIагIо, даима лоруш ондалла. Кхузахь, лакхахь, жимачу бай-аренна юккъехь, чIопачу тIулгах а, мокхазах а йина гIишлош ю, оцу шахьарна тIевогIийла кхин а чIогIа чIагIъеш йолу.

Кхуззахь дуьхьало ян сацийнера мохевцаша Iазапхочунна, хIуй-пака яккха цуьнан цIий Iано йолу Iалашо.

Хеви ларъян дуккха а ницкъаш оьшура, цундела Гочас омра дира, герз каралацалуш мел верг тIеман ара хIотта аьлла. Зударий а ца буьсура дан хIума доцуш. Царна тIедиллинера мохевцаша дайн даьхний дажа лаьхкинчу лаьмнашкара даьттий, нехчий, шурий тIекхехьар. Бспиг хIораммо шайн-шайн цIера дохьура.

Иштта гулдина сурсаташ вовшашна юкъахь доькъура, цхьаболчу тIемалойн долахь даьхни дацахь а.

Даш мохевцийн долуш дара – иза тIедохьура. Хдидира, жансу[12] доккхура Сиони-Юьртана юххерчу хьеха чуьра. КIайн, туьханах тера, иза лаьтта тIехь дара. СегIазан тIаьхьалонаш хьалххе йина яра. Кхузахь дагадора даькхнийн ханнаш, кIора кечбеш. Молха дан мел оьшург церан долуш дара.

Сионина тIевогIийлехь йолу СамтIверин хьун чагIйира мохевцаша. Доцца аьлча, беза мах такха кечлуш бара уьш шайн паргIатонах, нагахь санна ирсо букъ тохахь.

Цкъа, бIаьрга Iоьттича сара а гун боцучу Iаьржачу буьйсана, СамтIверин хьуьнна гена доццуш когийн къора татанаш хезара. Масех гIашло меллаша гIашлойн новкъахула хьун чу вогIуш вара. Хьуьнан йистехь совца дийзира церан. Аьзнаш хезира:

– Мила ву цигахь? Саца, хьайна дахар дезахь!

Бодашкара схьаяхъелира тоьпийн биргIанаш – шайн накхош тIехь болатан шело хааелира некъахошна.

– Муьлш ду шу? – юха а схьахезира хаьлхалерра аз.

– Тхо Сийлахь-везачу Кхааннан ахархой ду, – жоп деара дуьхьал.

– Стенга доьлхуш ду шу?

– Гоча волчу.

– Мичара?

ДуьххьалдIа а, майрра а жоп луш волчу цхьана некъахочун мохь белира:

– Онисэ, хьо вуй иза?

– Со ву, – элира Онисэс, тIаккха вевзаш воцчун юьхь лохха охьатаьIира. – ХIа-а-н, суна ца вевзира хьо, ТIоликIа. Марша вогIийла хьо! – маршалла хаьттира Онисэс.

– Маршалла хуьлда хьуна а, – жоп делира ТIоликIас. – Гоча мичахь ву? Ма хуьллу сиха цунна тIекхача дезаш ду тхо.

– Суна тIаьххье схьадуьйла, – олуш, иза хьалхахьа дIаволавелира.

Мтиулете дийцарш дан бахийтинчу юкъарчех цхьаъ

вара ТІоликІа. Тем боцуш, уьш бухаберзаре ладоьгІуш бара мохевцаш.

Онисэна а лаьара, ма-хуьллу сиха, мтиульцаша хІун жоп делла хаа: тІом бан дезар ду дукха хан йоццуш хиллачу доттагІашца, я шадерриг машарца дІадоьрзур ду?

Амма жимачу стага хІумма а ца хаьттира. Ур-атталлаа, шена сихха хаа лаьий а ца хаийтира цо, стенца бухабирзина мохевхойн векалш. Темин гІуллакхашна чІогІа муьтІахь вара иза. Хаьара, къайле Іораяккха йиш цахилар.

Юкъаралхой, бист а ца хуьлуш, Онисэна тІаьххье богІура. Мел доккха дов ду царах тешийнарг! Царна бІешерийн зеделлачуьнца хаьара, мел доккха зен дийр ду шен меттехь аьлла доцчу цхьана дашо а.

Гоча волчу дІакхечира. Иза парт-аьлла хьалаиккхира, чу а бигна, дечиган маьнги тІе охьаховшийра.

Онисэ дІа ца воьдура, Гочин омрига ладоьгІуш.

– Хьо хІокхаьрца веана, жиманиг?

– ХІаъ.

– Дика ду. Хьайн накъосташна тІе гІо, цаьрга хьожуш хила, сема хила деза, – элира Гочас, тІаккха тІетуьйхира: – Цхьа а сехьа ма валийталаш, валийтахь – шайна хиндерг хаалаш.

– ХІун, тхо боьрша дац, ткъа, куйнаш ца леладо, ткъа, оха? – курра элира Онисэс. – Іодика йойла! – чекхдаьккхира цо шен къамел, тІаккха жимма охьа а таьІна, аравелира.

– Дала аьтто бойла хьан! – тІаьхьа элира тІебаьхкинчара. Дас хІумма а ца элира, амма безаме хьажарца дІавахийтира. Онисэн кура дешнаш хезча, цуьнан юьхь доккхачу самукъане екхаелира. Массарна а хууш ду: Гочина доза доцуш веза шен кІант. Воккхачу стеган кху дуьнен тІехь цул деза хІума дац.

17

Мохевцаш Хеви ларъян кечлуш, дозанаш чІагІдеш болчу хенахь, Эристави Нугзар а вацара ши куьг охьа а дахийтина Іаш. Цо дерриге дора шен эскар стамдарна тІехьажийна дерг,

тIаккха, Хевина тIе а летта, цхьана тохарца иза эша а йина, лааме ца богIурш къарбархьама.

Нугзарна ца лаьара цхьана хIирех а, мтиульцех а тешна Iан, церан тобанаш тоъал якхий елахь а. Цо сацам бира шен агIор хандосхвельцаш, чартлелцаш, гудамакъарш баха. Эриставис царна тIе бахийтинера тешаме нах, тахана-кхана цаьргара жоп кхачаре ладоьгIуш вара иза. Иштта гIо дан чIогIа дош деллачу суьйлех а дегайовхо яра цуьнан.

ТIеман гIуллакхашкахь доккха зеделларг долуш стаг вара Нугзар, цунна дика евзара Хеви, атта толам баккхалур бу бохучух дегайовхо а яцара цуьнан. Майра тIемало вара иза, оцу сохьтехь билгалваьллера шен къизаллица, самукъанечу дагца, шуьнехь чагIар санна, Iенадора цо цIий. ХIетте а Гоча кхераме мостагI хетара цунна: лаьмнашкахь чIогIа хьекъале а, генна кIорге кхуьуш а стаг хиларе терра, сий дахнера Хевисберин.

Цкъа сатосуш мтиульцаш болчу веара буточу дегIахь, лекха, маж яьлла, болатан гIагIахь цхьа стаг. ГIагIе а, дашочу гIеме а, дезачу тIулгашца кхелинчу а, дашон агар диначу туьре а хьаьжча, хуур дара вевзаш воцург могIарера мтиулец а воцуш, ткъа хьал долчу тайпанах хилар, юьхьан кIоршамалло, стаммийчу, жимма тIедевлачу балдаша, боккхачу меро, шуьйрачу меран Iуьргаша а, дистина негIарш долчу кегийчу бIаьргаша а тоьшалла дора къиза стаг хиларан, зIаьпаршца[13] бIаьргийн гонаха яьржинчу хебарша дуьйцура цунна собар тоьуш цахиларх.

Дагахь воцу хьаша варо сорсабехира мтиульцаш. Къаной сихбелира цунна дуьхьалбаха.

– Декъал хуьлда тхан эла! Декъал хуьлда Нугзар! – маьхьарий деттара мтиульцаша, коьртара куйнаш а даьхна, лохха цунна хьалха охьа а теIаш. Нугзара йоккхачу кураллица, халла корта а теIош тIелоцура ша декъалвар.

Туьпана юккъе а ваьлла, цIарна хьалха даржийначу вертана тIе охьалахвелира иза. Къаной а, тIеман хьаькамаш а юьстахо севцира.

– Охьаховша, шуьца дан къамел ду сан! – тIедуьллуш элира Нугзара.

Чучча когаш а бохуьйтуш, бай тIе охьа а хевшина, собаре ладоьгIуш Iара, тIаьххьарчу шерашкахь шен гергарчу нехан гIоьнца Карталинехь доккха сий а, ницкъ а баькхинчу эла Нугзаре.

– Адамаш! – мохь туьйхира Нугзара, цуьнан озехь кхерам тасар хааделира. – Гудамакъарчаша, хандисхевельцаша а, чартельцаша нах бахкийтина, шаьш гIо лоцур дац, аьлла. Ананураn Делан шен цIарах дуй боу ас, ас къиза доькхур ма ду царна ямартло яр! Ас къахьдийр ду царна дахар, сан лаамца чубузур бу царна малх. Церан ярташкахь Iенар ду бай тIехь къегачу цIечу зезагел дукха цIий. Сан лаамца Iаьржа дуьйхинчу зударел а, нанойл а кIезиг хир ю церан махкахь хьаргIанаш. Ас сайн куьйга схьадохур ду царна хьалхабевллачийн дегнаш, Iовдур ду церан цIий. Со паргIатвер ву, сайн куьйгаца церан тIаьххьара садоккху хааделча.

Нугзар дIатийра, цIийх буьзна бIаьргаш оьгIазаллица къегара. ЛадоьгIучарна юкъахь бара, бела а къежаш, Iожаллина юьхь-дуьхьал лаьттина а, хаддаза бечу тIемашкахь а, тасадаларшкахь а дегнаш дахчийнарш а, ур-атталлаа, уьш а цецбехира ишттачу къизалло. Тоба егийра. Цабезаме шело хьаьдира букъа тIехула. Тап-аьлла, Нугзара кхин а хIун олу бохуш, ладоьгIуш Iара массо а.

– Иза хиндерг ду… – кхидIа а дуьйцура цо, – мохевцашца-м ваьш ларор дара вай… Суна ца лаьара тIом бахбан, цхьаьна тохарца чекхбаккха дагахь вара… ХIун дер ткъа… Совнаха тур лесто дезар ду-кха, кхин хIумма а дац! Хан йолуьйтур яц вай… Тахханехь тIаме хIуьттур ду!

Цо шен къамел хадийра, резахилла маьхьарий хазаре ладоьгIуш. Амма гонаха цхьа тийналла яра. Нугзара бIаьрг туьйхира гулбеллачаьрга, оьгIазаллина цIийвелира иза.

– И хIун ду? – халла садетташ, элира цо.

ХIинца а цунна жоп – тап-аьлла тийналла яра. ТIаккха, шен оьгIазаллина маршо елла, хьала а иккхина, кхерам тосуш, цIогIа хьаькхира Нугзара:

– ХIун? Кхузахь а ямартло ю? Кхераделла шу? Зударий! КIиллой! Ас аьлларг ца дан мила ваьхьар ву? Шух мила хIуттур вац суна тIаьхьа?

Юьстах а хилла, гулбеллачаьрга хьаьжира Нугзар. Моьттур дара, иза шен хьажарца массо мерцина дIаваккха гIерта.

Тобанна сехьа а, Нугзарна юьхь-дуьхьал а хIоьттина цхьана къаночо элира:

– Ме, шени кIвнесаме![14] Хьуна тIаьхьа со хIуттур вац.

Нугзаран дегIах, молханах санна, цIе елира, туьрах ка туьйхира цо, амма юхавелира:

– Ахь... Ахь иза соьга боху? Вуьшта, цецвала хIума дац! Хьан майраллах дуьйцуш хьанна хезна?.. Хьан гIуллакх зударшца ловзар ду... Вало, цIа а гIой, царна юххе охьахаа! ТIеман аре хьуна яц! Хьан тIемалоша кхин баьчча хоржур ву, майраниг!

Нугзар чекхваларе собаре ладоьгIуш Iаш волу мтиулец курра нисвелира; халла къаьстачу цуьнан дегочу озах хаалур дара мел чIогIа дагах кхетта цунна и дешнаш.

– Нугзар! Паччахьа, хьох а тешна, тхо хьан караделла... Хьан цIе тхуна паччахьан цIе санна ю. Хьуна хаьа, оцу цIаро хьо тахана ларвеш вуй, гIемо санна, цхьа а мтиулец хIуттур вац хьуна куьг айа. Ахь со сийсаз хIунда во? Тхох цхьа а хьуна тIаьхьахIуттур вац. Цхьаммо а гIо дийр дац хьуна. Тхан мохевцашца декъа хIумма дац. Иштта дац иза, адамаш? – гонах болчаьрга дIахьаьжира иза.

– Нийса боху! Нийса ду, дуй боу оха, Ломиси! – дийкира дуьхьал.

Нугзар вегийра, мелла а, воьхна хьаьвзира, цунна дагахь а дацара хIара гIуллакх оцу агIор дер ду бохург. Делахь а, зеделла стаг хиларе терра, эла, сихха метта а веана, мелла паргIатчу маьршачу озаца вистхилира:

– Аш дош хIунда делира суна? Шайх бIо хIунда болийтира?

– Ахь тхоьга вай дукъал дехьа бехаш болчу хIирашна дуьхьал гIур ду элира, уьш вайн паччахьна дуьхьал гIевттина, элира мохевцаш хIирашца цхьаьна бу, цундела хьуна тIаьхьахIиттира тхо... Ахь Iехийра тхо!

– Иштта дан а ду иза. Мохевцаш баккъал хIирийн гIо лоцуш бу, уьш Iамо беза.

– Бакъ дац иза! Бакъ дац! – бертахь маьхьарий девлира.

Дукха хьере хилла, балдах цергаш йоьхкира Нугзара. Цунна хаа лаьара хьан гучуяьккхина шен харцо.

– Хьан боху, и бакъ дац? – мохь тухху элира цо, ямартхочун цIе хазаре дог дохуш.

– Иза тхоьга шаьш элира, шаьш! – схьахезара массо агIорхьара.

– Шу тийшира? Ха-ха-ха! – оьгIазе велавелира Нугзар.

– Теша хIунда ца теша?

– Мохевцаш, кхера а белла, шуьца тIом ца бан гIерта дела.

– Бакъ дац иза, бакъ дац! – юха а схьахезира бертахь жоп.

Дукха оьгIазвахарна сенвелира Нугзар; иза Iемина вацара шеца иштта къамел дан.

ЭхI, кхуьнан Iедална кIел белира хIорш! Цо хьошур бара, цхьаъ санна, массо хIаллаквийр вара, лар йойур яра лаьтта тIера! Амма хьал ларамаза сатоха дезаш хIоьттинера.

– Делахь-хIета, церан дашах теша шу? – кхин цкъа а хаьттира цо.

– Теша, Ломисин беркатах дуй боу оха! Теша, хIунда аьлча, мохевцаш тхуна тIе а баьхкина, цара дуй а биъна дела, дитта тIехь веназ[15] яьккхина дела… Харц дуй буур бац цара… Иштта дац иза, хIей нах?

– ХIан-хIа! Харц дуй буур бац цара!.. Дуьло, цIа гIо вай, – маьхьарий деттара мтиулахоша, тIаккха, туп тоьхначуьра а гIевттина, йоккхачу гIовгIанца шайн-шайн ярташка дIабуьйлабелира уьш.

Синтем боцу гIовгIа дIа ца тийра, мтиулахойн тIаьххьара тоба юххерчу борза тIехьа къайлаяллалц.

Яссаеллачу арахь ша висира Нугзар. ШагатIулг хилча санна вара иза. Вист а ца хуьлуш, бос а баьхьна, вехха лаьттира иза кхоьлинчу ойланашка вахана, тIаккха, корта а ластийна, цергаш а хьакхош, кхерам тосуш эккхийтира:

– Кхардаме жIаьла хуьлда сох, таханлера де шуна дIа ца декхахь!

Трусски чIож чекхдоллучохь, Терк гатте а йохийна КIобин тогIи чухула даьржина охьадоьдучохь Iуьллуш ю хIирийн Окрокъана юрт.

Юьртан йистехь гулъеллера йоккха, гIовгIане тоба. Самукъане беларш, маьхьарий. Иллеш декахь а, гуш дара и адамаш дезде даздан кхузахь гулделла цахилар: тобанна юкъахь гуш яц цхьа а зуда, берриш, коьртера когашка кхаччалц, герзех боьттина бу, береш тIехь болу говраш, хур деш, бергашца латта а охкуш, цхьанхьа дIахьовда собар ца тоьуш ю… Адамаш, синтем боцуш, дIасахьийза, – гарехь, бIо кхузахь садоIуш Iен боллуш бац, хIинц-хIинца новкъабала безаш бу.

ЦIеххьана, Трусски Iинна тIехула хьийзаш боьдучу гIашлойн новкъахь, ченан кIур гIаьттира.

Иллеш а, маьхьарий а дIасевцира, бIаьргаш Iинна тIебогIабелира.

Ченан дохк бIаьхойн туьпана тIедогIуш дара. Цхьаъ Iинна йисттехула дин хаьххкина вогIура, амма чено а, некъ дIакъовлуш долчу чхернаша а новкъарло йора вевзаш воцург ган. Кхин а цхьажимма хан яьлча, Iинна тIехула кхозучу чхара тIехь, лаьттан бухара схьаваьлча санна, масех говр-бере гучувелира. ГIашлойн некъ дукха готта бара. Мотталора, уьш хIинц-хIинцца майрачу эккхарца бердах чулелхар бу. Чхеран йист Iинна чукхевдина яра, хьаьвдда йогIучу говрийн а, берийн а васташ, хIаваэхь кхоза а делла, стигалан сийналлехь къаьсташ санна дара. Иза чIогIа хаза, дог тохадолуьйтуш сурт дара! Амма уьш цIеххьана гучубовларе терра, чхарана тIехьа къайлабевлира. Мотталора, говраш а, береш а схьахьаьвдинчу лаьтто юха а дIахуьйди.

Иза дерриге хилира цхьана йоццачу хенехь, хIетте а тобанаш йина Iачу адамашна бевзира говр-береш.

– Нугзар, Нугзар вогIу! – дийкира самукъане аьзнаш.

Яххьаш тIехь къажарш левзира.

ХIаъ, иза Нугзар вара. Шена гIо дан дош деллачу хIирийн лагере сихвелла вогIура иза. Кхузахь мтиульцашца цхьаьна а кхетта, Хевина тIелата дагахь бара уьш.

Дукха хенахьлерачу мостагIалло вовшех къастийнера хIирий а, мохевцаш а. Цунна цхьа бахьана дара вовшашна тIеттIа кхийдаш болчу хIирашна а, гIалгIашна а юккъе зайл тоьхна, Гуьржийчоьнан дозанашца йолчу ярташна тIелетарш дан царна мохевцаша новкъарло яр. Массо агIор тIемалошалулахоша го биначу мохевцаша бIешерашкахь ларйора Гуьржийчу вогIийла – гIап.

Нугзар вар хIирашна боккха кхаъ бара. Цуьнан тIом бан лаам хIирийн лаамца цхьаьна богIура. Царна Нугзаран гIоьнца шаьш толам а боккхур бу, цуьнца боьзна пайда а шайна хир бу бохург дара дагахь. Амма церан жимма сагатделира Нугзарца масех бере бен цахиларна, ткъа биначу бартаца цо шеца яло езаш яра мтиульцийн йоккха тоба. ХIирашна ца хаьара, мтиульцаша букъ берзийний. Мтиульцаш Ломисин дукъахула дIабаханера, цундела уьш цхьаьнакхетийла дацара Окрокъанехь вовшахкхеттачу хIирийн бIонца.

– Иза ша хIунда ву? Делора ца хаьа! – хезара тобанна юккъера.

– Мтиульцийн эскар тIаьхьадисна хила тарло, ткъа хIара хьалхаваьлла веана, оьшуш долу тIедахкарш дан, – шена хетарг элира цхьамма.

ХIирий паргIатбевлира.

Масех тIемалойн хьаькам говрашна тIе а хиъна, маса Нугзарна дуьхьалвахара. Иллешца, маьхьаршца, тоьпийн татанашца Эриставина герга кхочуш бара уьш. Хьацаран чопа яьллачу говрахь, гIашлойн некъ тIаьхьа а буьтуш, халхаваьлла вогIура Нугзар.

ХIирий а, Нугзар а, мох санна, вовшашна дуьхь-дуьхьал богIура. Мотталора, говраш ирх-пурх а вовшашна чучча гIур ю, амма береша совцийра уьш. Лаьттах йогIаелча санна, дIатийра говраш, цергаш а къежош, тIаьхьарчу когаш тIе а хIуьттуш. Шаьш йолччохь, чохь са доцуш санна, дIатийра уьш.

– Дика сахьт хуьлда! – хIирех маршалла хаьттира Нугзара.

– Марша вогIийла! – хезира дуьхьал.

– Шу муха ду? Дерриш дика дуй?

– Дика ду, хьан а, Делан а къинхетамца!

– Эскар гулделлий?

– ХIаъ, Окрокъанехь ду, – жоп делира цхьана тIеман хьаькамо.

– Массо араваьллий? – хаа лууш хаьттира Нугзара.

Самукъадаьлла, амма хьаж тIехь долчу хебарша а, буьрса къовкъийначу цIоцкъамаша а цуьнан сингаттам Iорабоккхура.

– Мила вер вац хьан кхайкхамна орцах? – хьасталуш элира тIеман хьаькамо. – Берриш кхузахь бу, шени чIириме, массо кийча ву хьан дуьхьа вала!

Самукъане суйнаш къегира Нугзаран бIаьргаш чохь, къажар хьаьдира балдашна тIе, амма оцу сохьта юха а кхоьлира иза, юьхь екхийна басарш дIадайра.

– Баркалла хьуна, сан Навруз!

– Ца оьшу баркалла, шени чIириме! Делан цIарца дуй боу ас, хьуна гIуллакх дар тхо хьакъ доцу сийлалла ма ю… Иштта дац и, вежарий? – хIирийн тIемалошка вирзира и.

– Бакъ ду! Бакъ ду! – схьахезира могIаршна юккъера.

Нугзар вист ца хилира, дог къийзадора цуьнан шеконо: цунна шера хаьара мтиульцаша гIо лоцур ду моьттуш уьш майрабевллийла. ХIинца хIун хир ду, муха совцор бу хIирий, мтиульцаш шайн-шайн цIа баханий хиъча, хIокхарна тIехь болу Iаткъам муха ларбийр бу? Ма-дарра дуьххьал дIаала, я собар де? Къаьхьа, сингаттаме ойланаш хьодура коьрте, даима къамелехь шех бIобулуш хиллачу цо, сих-сиха иза юкъахдоккхура, ши дош вовшахтаса а ца лора.

– ХIаъ, шени чIириме, вицлуш воллура со… – дIаволавелира Навруз.

– ХIун хилла? – доцца хаьттира Нугзара.

– Ахь суьйлашна тIевахийтина векал вухавеана.

– Мичахь ву иза? Сихха схьакхайкха! – собар кхачийна эккхийтира Нугзара, цуьнан бIаьргаш къегира.

– Иза туьпахь ву.

– ХIун хаам беана цо? Схьадийца сихха, дийций вала!

– Тховса тIебогIур бу суьйлий…

Воккхавеш векхавелира Нугзар.

– Баккъаллий? Баккъаллий? – воьхна эккхийтира цо, хIиричунна тIехьаьдира, амма оцу сохьта шен дегIан дола деш, нуьйрахь нисвелла, цергаш а хьакхош, кхерам тесира: – Ас хIинца царна гойтур ду хьуна!

Оцу сохьта хийцавелира Нугзар. ХIинца иза тIекIере а, хьалха санна, къамелехь воца а вацара, цуьнан хIора дашехь хаалора даимлера хIокхарна тIехь долу олалла.

– Эскар долчу гIо вай, ткъа кхана… мохевцашна кхин малх гур бац!

Корта а ластийна, белшаш а нисйина, говрана шед туьйхира. Минот яьллачул тIаьхьа уьш Окрокъанин туьпахь бара, Нугзар, шегахь доккха Iедал хиларе терра, курра дIахьедарш дан волавелира.

19

Нугзара беш болу кечамаш къайлах ца бисира мохевцашна. Мохевцийн кIенташа доккхачу хьуьнарца хIирийн лар толлура: тебий мостагIчунна тIе а богIий, хIокху а, вукху а агIорхула, шайна оьшу хаамаш а гулбой, хьем ца беш Гочина тIекхачабора цара. Цул сов, шаьш хIирий а сакх-сема ца хуьлура дечу къамелашкахь, дукхахьолахь, дийца ца дезарг а дуьйцура.

Цкъа, малх чубузучу хенахь, халкъ а гулдина, Гочас элира:

– Адамаш! Мтиульцаша Нугзар дIатеснехь а, тIом бан вайн хьала а, охьа а дезар ду. Церан меттана Нугзарна гIоьнна баьхкина суьйлий. Лачкъор дац – тIом атта хир бац. Дукхахболчу нанойн Iаьржа тIедуха дезар ду. Дукхахболчу дай-нанойн кхин цкъа а дезар дац шайн кIентий маракъовла. МостагI нуьцкъала ву. Нугзар – цIийх ца Iеба. Шуна хаа деза, вай юьхьарлаьцнарг забаре гIуллакх цахилар. Къийсам нуьцкъала мел хуьлу, халонаш алсам мел хуьлу, толам беза хуьлу… – тIаккха а толам вайн хир бу, хIунда аьлча вай бакъ ду Далла хьалха а, адамашна хьалха а!.. Уьш вайна чубаьхкина, царна лаьа вайна талораш дан, вайн зударшна эхь тIедаийта. Ас Делах дуй боу, ишттачу мостагIчунна дуьхьал а хIоьттина валар, доккха ирс

ма ду! Мила ву шух ирсдерг, хьенан ду къонахаллах дуьзна дог, хьенан ду онда куьг? Массо – цхьаьнгахьа, цхьаъ – массаьргахьа!

– Амин! – дийкира массеран цхьабосса жоп, лаьмнаша а жоп делира къекъочу стигалах.

Адам тохаделира. ДІасахьайра. Гочин бІаьргаш чохь тІехь къегира хиш. Даималера шен собар дохош, цо мохь туьйхира:

– Ирс долуш нах ду шу! Шуьца къоналла ю, шуьгахь ницкъ, могашалла а ю, шуьга хьоьжуш бу тІом! Ирс долуш ву халкъан гІуллакхан дуьхьа дахар дІалун дерг – цунна хьалха биллина хир бу стигалан паччахьалле некъ!

Жимма хан яьлча, массо гулвелира килсан баролна хьалха. Кхузахь баккхийчу еш чохь кхехкаш дара жижиг. МостагІчуьнца лата тІаме боьлхучарна кечдина дика даар дара.

Оцу шуьнехь цара вовшийн Іодика ян езаш яра, тІаккха – дІасакъаста, шайн декхар кхочушдеш, – хІор а, хьалххе шена билгалйиначу метте. Хьанна хаьа, кхана малх ган муьлхачунна доьгІна дац, хьенан бІаьргаш гуттаренна дІакъовлалур бу, хьенан нана шен кІентан докъа тІехь тийжар ю?..

20

Іаржлуш яра. Меллаша дІадовш дара де. Лаьмнийн бахьийн гІайгІане Іодика йора малхо, царна шен тІаьххьара зІаьнарш дІа а хьежош. Кхоьлина дохк майрра шен ор чуьра арадолуш дара, шеца баьццара бай дІабукъуш.

Сионин бІаьвна тІехь горгали бийкира, буьйсанан хехошка хаам беш. Шайн-шайн меттигашка дІахІуьтту хан кхаьчнера. ГІайгІане а, къора а декара горгалин аз тІуналло даздинчу хІаваэхь.

Буьйсана хе хІиттийначу мохевцийн кийра цІе елира. Уьш сакх-сема бодашка хьуьйсура, цхьажимма а татанаш хазаре ладоьгуш. БІаьрсино мохевцана тешнабехк бечу меттехь, гІоьнна догІура лерса. Иштта хуьлу, стаг дог детталуш, цхьана хІумане ладоьгІуш хилча. Мохевцашна хиънера, кху буьйсана

шайна тIелата Нугзара сацам биний, цундела шайн тидам шозза совбаькккхинера цара, – хIуъу дина а, мостагIчунна шаьш сема доций ца хаийта, ткъа тIаккха Дала гIуллакх цхьана агIор доккхур ду.

Гочин неI еллаелира, цхьаъ сецира неIсагIехь. Воккха стаг гора лаьттара, Iийса пайхамаран жимачу суьртана хьалха, бIаьрса стигала а кховдийна, ламазаш деш. Даима ехк хьаькхна хуьлу месаш яьржина яра, цIийно Iаткъам бина хебаршка даханчу чкъура кIелара пхенаш дусаделла дара. Аз доцуш дора Гочас ламазаш, амма цуьнан юьхь тIе хьаьжча гуш дара иза верриге шен синхаамийн олаллехь хилар.

Чувеанчунна ца лиира хIоьттина тийналла йохо, ларамаза голаш тIе охьалахвелира. Гочас цхьа шабарш дора, цхьадолу дешнаш къаьсташ декара чохь. Онисэна шен цIе хезира.

Гоча доIа деш вара:

– Веза Дела, ларвехьа сан кIант къинойх а, эхьах а!

Онисэ вегийра. Воккхачу стеган лере кхечира цхьа тата. Вухахьаьжира иза. КIант гира. Халла хьалагIаьттира воккха стаг, меллаша цунна тIевахара, коьрта тIе куьг а диллина, дегочу озаца элира:

– Веза Дела, ларвехьа сан кIант къинойх а, эхьах а! Дахар дIаэца цуьнан, нагахь шен сий дайа цо доьгIна делахь.

Воккхачу стеган чуэгначу чIишталгашна тIехула довха бIаьрхиш охьахьаьвдира. Сихвелира иза бIаьрхиш дакъо, сингаттаме гонаха хьаьжира. Цхьанна а ша воьлхуш ган ца лаьара цунна.

Кийрара схьаэккха санна дог тохаделла вара Онисэ. Сирлачу бIаьстенан дийнахь догIанан тIадамаш санна, хиш къегира цуьнан бIаьргаш чохь. Цунна хиира, ша мел чIогIа веза дена. Кхийтира, мел хала ду воккхачу стагана тIелаца, шен кIантана тIехь кхозу кхерам. Ткъа кхерам, кхуззахь, букъ тIехьа, бара. Цхьа маьраг[16] баьлча, беттан зIаьнар къегар ю туьра тIехь, я хIаваэхь, шок а етташ, цIевзар бу хIоъ. Цхьа Дела воцчунна ца хаьа, хьенан юьхь тIехь гуттаренна дIатуьйр ду къажар, алонах догу дог, ша санна, хьенан шеллур ду…

– Дада! Хьо хIунда воьлху?

– Хьанна хаьа, хьох хIун хир ду? – шабарца элира воккхачу стага.

– ХIун хир дара? – элира Онисэс, да теван гIерташ. – Дела къинхетаме ву, мостагI вуха а тоьхна, машарца цIадоьрзур ду тхо…

– Дала аьтто бойла! – дуьхьал вистхилира воккха стаг. Цуьнан куьйгаш дегийра. – ДIагIуо, Онисэ. Хан кхаьчна. Дала ларвойла хьо… Нагахь санна виэхь… Делан лаам иштта хилла… Стаг цкъа волу дуьнен тIе, цкъа лан а ле. Вала дезахь, турпалхочун Iожаллица лиэ, Хевина эхь ца хетийта хьуо дIаволла.

– Гур ду хьуна, дада!..

– Диц ма де, вай дина а, кхиъна а, хьан дай а, ден дай а дIабоьхкина латта дIадаккха гIерташ ву мостагI. ДIа ма лолахь иза. КIезиг ца лайна дайша баланаш, шайн Даймохк ларбеш, вайн дерриге латта ду церан цIий хуьйдина. ХIинца рагI шуьгахь ю.

Воккха стаг сацавелира, тIаккха, кIанте дIа а хьаьжна, кхин а цхьаъ ала гIоьртира, амма дукха вохарна дешнаш ца карийра.

– Дика ду, дика ду. ДIагIо, – элира цо эххар а, куьг ластош.

ЦIа чуьра ара а иккхина, билгалйиначу метте дIаведира Онисэ.

ТIера бIаьрг ца боккхуш, цIенна тIехьа гучуьра валлалц, кIантана тIаьхьахьоьжуш Iийра Гоча.

Доккха садаькхира воккхачу стага, цуьнан куьг хебарша схьалаьцначу хьаьж тIе дахара. Цо элира:

– ХIинца – эскар долчу. Уьш хIун деш бу хьожур со…

Наровани агIор сихвелира Онисэ. Кхузара дIа, отрядан хьаькаман тIедилларца, къайллах ламанан сокхамкхехула чекх а ваьлла, – тIевогIу мостагI тергалван. Иза гучу ма-веллинехь, хьем ца беш, орца даккха.

Иза тап-аьлла тийна вогIура, ламанхой тидаме ма-хиллара. Амма цIеххьана цхьа тIулг бердах боьдуш тата хезира цунна. ЦIоькъа-лом санна, юьстахъиккхира Онисэ. ДIатийра чхерийн аьхкашна юккъехь, буьйсанан тийналла йохийнарг ларвеш.

Дикка хан елира, цхьа а гучу ца волуш. ХІетте а Онисэна хезаш дара тІевогІуш волчу цхьаьннан когийн татанаш. Эххар а хьийзаш богІучу гІашлойн новкъахь гучуделира ши адам – боьрша стаг а, зуда а. Цаьрца йогІуш яра ги мохь боьллина вир а. Гарехь, жаІу волчух тера дара тІаме баханчу шен вежаршна нехча йохьуш вогІуш.

Шена хьалха берш мохевцаш хиларх тешна волу Онисэ, къайленгара сехьа а ваьлла, ладогІа хІоьттира. ТІаккха цІеххьана цхьана некъахочо цуьнан цІе яьккхира. Онисэ юха а дІатийра. Некъахоша чІогІа къамелаш дора. Хеталора, уьш цхьа хІума къуьйсуш бу. Онисэна тІекхаьчча, са а даьккхина, садаІа севцира уьш.

– Вайн Делора, сан собар ма кхачийна, – элира цхьаммо. – Ас сагатдо, балоз санна, со лелаш ву, хьо хьалха санна шийла ю.

– Ас хІун диэ хьуна, суна хьо везаш ца хилча?

– Ас садетта. Садетта – оцу хена чохь кхихкина хІорд а кхачалур бара, сан дог дагош болу. Вала а мегар дар-кха хьан новкъахь ца латтархьама.

– Со йитахьа. Хьуна хІун лаьа? Нуьцкъаха веза йиш юй?

– Йита боху ахь? Хьо сан зуда ю. Со къонах ву, коьртахь куй лелабо.

– Ткъа ас хІун диэ?

– ХІун? Сан зуда хила.

– Ца оьшу, Делора! Ас ма аьлла: ца веза – и чекхдаьлла.

Вист а ца хуьлуш, боьршачу стага корта охьабахийтира. ТІаккха меллаша хьалаайавелира, бІаьргаш къегира:

– Ойла е! Сох къа ца хетахь, хьайх къахета! – элира цо.

Зуда цуьнга дІахьаьжира, белшаш саттийра:

– Стенах къахета? Ахь йитичахьана дог дІатуьйр ду-кха сан.

– ХІета, хьалха хилларг хир ду-кха. Юхайогlур яц-кха хьо цкъа а? Со везалур вац-кха хьуна?

– ХІан-хІа!

Шаьлтанах катуьйхира цо, амма оцу сохьтта юхавелира.

– Хьо цунна тІекхача гІерташ ю? Цунна дІалур ю моьтту хьуна ас хьо? ДІалур ю? Делора, хьо а, иза а, суо а вуьйр ма ву ас, иштта ирс цуьнга ца кхачийта!

– ХIета, ехьа со! Кхечунна кхерам хIунда туьйсу ахь?

Кхерамна кIел накха хIоттош санна, хьалхатаьIира зуда, тIаккха юьхь-дуьхьал цуьнга дIахьаьжира шен оьгIазаллех дуьзначу бIаьргашца.

Стаг, вагийча санна, хьалаиккхира шен меттера.

– Яла лаьа хьуна? Дика ду, ас юьйр ю хьо, амма цул хьалха Онисэн корта бохьур бу хьуна.

Цкъа кхоссавелла кхоссаваларца сакхамкхах тIех а иккхина, некъаш а ца къаьсташ, туьпе дIахьаьдира, цигахь Онисэца цхьаьнакхета дагахь.

Садукъдеш мохь а болуш, зуда шен майра къайлаваьллачу гу тIе дIахьаьдира.

– Гугуа! Гугуа! ХIаллак ма ехьа со! ХIун ду ахь дагалаьцнарг? Бала бу-кха иза со пекъарна? – оьккхуьйтуш, Дзидзия бердах кхозучу чхеран йисте дIатилира. Бердах чу охьатаьIира иза. Моьттур дара, хIинц-хIинца иза чуэккха. Амма цIеххьана цхьаммо, чIогIа схьа а лаьцна, шена тIетаIийра иза.

Дзидзия дIахьаьжира, халла хезаш элира: «Онисэ». ТIаккха, ницкъ а эшна, цуьнан кара язъелира.

21

Дукха хан яра буьйса юкъал тIехъяьлла. Стигалахь цхьа а марха яцара, батто шен аьхначу къегарца серлаяьхнера тогIеш а, лаьмнаш а.

Шайна безам карийначу меттехь хиъна Iаш дара Онисэ а, Дзидзия а. Хан дIайоьдура. Уьш кхетамчу бахка ца туьгура. Беттан серло шершара къоначу зудчун юьхь тIехула, Онисэс цунна тIера бIаьрг дIа ца боккхура. Вовшах куьйгаш хьакхаделча, церан дегнаш тохалора. Иштта дегадо мела мох хьаькхча докхан гIаш. Церан дегнаш мелла а дуьзна дара, ирс лазамца декъа а луш. Царна дерриге дуьне а дицделлера, дага ца догIура кхолламо шаьш мичахь цхьаьнатоьхна. Цхьа лаам богура кийрахь: кхин цкъа а вовшах ца къаста, вовшах хер ца дала.

Амма топ елира, безарш хьалалилхира, ирсо вахийначу Онисэна оцу минотехь дагадеара шен декхар, – иза кхийтира хиллачух, оцу кхетамо цуьнан дог таIийра. Цунна хьалхахIоьттира ден васт, жIар виначу пайхамаран суьрта хьалха ламаз дечу, дагадаьхкира дIасакъаьсташ дас аьлла дешнаш. Курачу кIентан бIаьргех хиш охьахьаьвдира, ша накъосташна осал хетарна кхеравелла. Накъостий, дагахь хIума а доцуш, набаран тар тесна Iохкуш бара, хIара сема хирг хиларх тешна. Хьеречу дог-ойланца сурт хIоттийра шена хьалха: мостагIчо къиза хIаллакби уьш!

Ломан кIожахь девлира дера, оьгIазе тоьпийн татанаш, царах хIораммо цхьанна Iожалла йохьура.

Онисэ Дзидзияга дIахьаьжира. Дукха оьгIазвахарна пхенашкара цIий кхехка доладелира цуьнан: «ХIокхо хIун ди сох? – ойла кхерстира коьртехь. – Стенга кхоьсси со? ДIа а кхоьссина, хIаллакви! Iодика йойла, сан ирс!»

Ша дийриг хIун ду ца хууш, охьакхоссавелира иза цхьана ойланца: накъосташна юххехь вала а велла, шена тIера бехк дIабаккха. Амма тIаьхьа дара, – мостагIчо схьаяькхинера чIагIо.

МостагIчун байракх лестош яра Онисэн доттагIийн декъашна тIехула.

23

Некъ а ца къастош, басахула охьаведда вогIура Онисэ. Цунна ца хаьара, ша хIун дан деза.

Шен новкъахь йолу мохевцийн хьалхара чIагIо мостагIчо дIалаьцнера. Берриге бохург санна, иза ларъярхой хIаллакбинера. ХIокху мIаьргонехь Онисэ шерра кхетара, цхьана минотан ирсах ша мел беза мах текхна бохучух. Мел майра тIемалой белла! Церан дахар дукха доца нисделла, царах цхьа а кхиавелла вац шен колламца хьакхавала, царах цхьаммо а ца гайтина стенна хьуьнаре ду шайн майра куьг.

Къаьхьачу дохковалоро Iовжийра Онисэн дог, кхечу цхьана а хIуманан ойла ян ца лора цуьнга. Эхьо къинхетам боцуш цоьстура цуьнан доьхна дог.

Эсах тилча санна, хьаьдда воьдура иза. Куй цхьанхьа охьабоьжнера, месаш яьржинера, чоин тIемаш, йоманаш хилла, охкаделлера; кхоьлинчу бIаьргаш чохь сецнера сингаттам, бIаьрса тиладелла, хьоьжура дIаса. Ойланаш сих-сиха хийцалора, – царах хIора а юьхь тIехь гуш хуьлура. Иза хьаьдда воьдура, толамхочуьнца накха некхах тухуш дуьхьалкхетаре сатесна, дахаран тай хадийначу накъостийн мостагIийн карах вала, церан цIий Iанийначу герзе ша хIаллаквайта.

Эххар а кондарша схьалаьцначу арена тIе кхечира иза. Оцу хенахь самукъане «Варайда» илли а олуш, хIирий шайн лагере юхабогIуш бара, толамо бахийна, Даймехкан дуьхьа дахар дIаделла Iоккучийн декъашна мийраш а бетташ.

Циггахь Онисэна дуьхьалкхийтира, гIап отуш ца хууш дийна висна масех мохевец.

– Мила ву вогIург? – олуш, цуьнан даг тIе тоьпаш хIиттийра цара.

– ХIара со ву, со! – оьгIазе жоп делира Онисэс, амма цуьнан озехь бIаьрхиш декара. – Виэ со, тоьпаш тоха… Дика болх бийр бу аш.

– Онисэ! – эккхийтира цхьамма. Массара тоьпаш охьаяхийтира.

– Далла бу хастам, хьо цхьаъ мукъана а дийна висина, – тIетуьйхира вукхо.

Боккхачу сингаттамехь цуьнга дIахьаьжира Онисэ, амма оцу хенахь лаьттах дуьйгIира бIаьрса, бIаьргаш къегира. Цунна моттаделлера и аьлларг шех кхаьрдаш ву, шена тIедеана эхь цунна девзаш ду.

– Со вейша, со хьакъ ву вала! Шайн Делан дуьхьа, сох къинхетам ма бе, – велха а воьлхуш, доьхура Онисэс. – Я шу бIаьрзе ду, ца го шуна со зуда санна воьлхуш?

Ца кхеташ, цуьнга хьуьйсура мохевцаш.

– Шуна къа ца хета сох? Шуна лаьа, даима ас Iазап хьоьгийла? Амма, Делан цIарах дуй боу ас, иза хир ма дац! МостагIчунна хазахетийта ваха ца оьшу Онисэна. Даккхийде шу? Даккхийде! ХIа? Хьа-хьа-хьа! – цIеххьана Iовжаме белар иккхира цуьнан кийрара. ТIаккха юха а мостагIчун туп йолчу агIор дIахьаьдира.

Мохевцаш буьйхира, амма меттабаьхкича, Онисэна тIаьхьабевдира.

– Хьо стенга воьду? ХIун ду ахь дагалаьцнарг? – дехарш дора цара цуьнга.

Амма шен ницкъ ма-ббу церан карараваля гIертара Онисэ.

– Со стенна сецаво аш? Шуна хIун оьшу? Суна лаьа сайн накъостий байъинчу меттехь со а воьйла. Ца вехь, ас айсса суо вуьйр ву! – аьлла, шен бага тапча а юьллуш, иза юьйлира, амма накъостех цхьаммо схьадаьккхира цуьнгара герз.

Мохевцашна моттаделира, шен накъостий хIаллакьхиларна иза хьекъалх тилла, аьлла. Иза сацалуш цахиларна, цуьнгара герз схьа а даьккхина, вехка а вихкина, шайца дIавигира цара.

– НеIалт хиларш! ХIун деш ду аш сох? – воьлхуш, вега а веш, халла эккхийтира цо. – Суна вала новкъарло хIунда йин аш, шуна хIун ял хуьлу сан эхьах?

Кхин а дуккха а дийцира Онисэс, тIахь-тIаьхьа гIеллуш а, дIатуьйш а. Амма мохевцаш цуьнга ладугIуш бацара, царна лаьара ма-хуьллу сиха кхерам болчу меттера дIа а бевлла, дийна бисначу тIемалошца Гоча дIачIагIвеллачу метте дIакхача.

24

ГIайгIано са лаьцна мохевцаш, бист а ца хуьлуш, луьстта тобанаш а йина богIура, церан яххьаш тIе можа бос теснера, балдаш тIеттIа Iаьвдина дара, бIаьргаш кхоьлинчу алонах догура.

Вон кхоллам нисбеллера хьалхарчу тобанна. ЦIеххьана тIелеттера мостагI, цо уьш аьттера, дуьхьало ян а ца кхиош. Царна дуьсуш дерг цхьаъ дара: эхье бухабовлар я, уьстагIаша санна, шайн кортош цIий Iано Iеминчу Нугзаран таррашна кIел дахкар.

Майра, бIаьхаллин дог-ойлано гIовттийна адамаш оьгура, ур-атталлаа, тоьпан тата а ца доккхуш, – оццул цIеххьана

дара мостагIчун тIелатар. Уьш накъостийн дозалла, лулахойн гIортор яра. Хьанна хаьа, шайн хьуьнарш иллешкахь дека хьакъ болу мел тIемалой кхузахь эрна эгна?!

Ткъа дийна бисначарна дуьсуш дерг хIун дара? Дерриг халкъан цабезам, Iоттабаккхам!

Ламанхошлахь тIамехь эшар ирс дацар лору, амма тIемало сема цахиларо неIалт кхайкхадойту. Эшийначех халкъана къахета, амма кхераман киртиг тIехIоьттинчу хенахь шайгара ледарло ялийтинарш беламе боху.

Гочин тобанна тIебогIуш болчу мохевцашна, дукха бохарна, ца хаьара дерриг муха нисделла. Муха нисделла Нугзаран эскар къайллах, цхьанна а ца хууш тIелатар?

Цхьа хаам бара: цара кхоъ йийсар лацар. Хетарехь, цара гайтина хир бара мостагIчунна тIелата некъ, мохевцашна го бан аьтто беш болу.

Йийсар вина шиъ хIири вара, дукха хьалхе дуьйна шайн махкахойх а ведда, Хевехь метта-мотт карийна. Цхьа а цецвала хIума дацара уьш ямартхой хиларх. Массеран сингаттам а, цецбовлар а боккхург кхоалгIаниг вара. Иза мохевхо вара. Цо диначо берриге Хевин махкана тIе эхь доуьйтура.

Ницкъ а, дог а эшна Онисэ гIайгIане вогIура царна тIаьхьа, лаьтта боьгIна бIаьргаш хьалаайа а ца хIуттуш.

– Онисэ! Хьо-м ца лаьцна схьа? – деара цуьнан лере.

Онисэ вогIавелира: цунна хьалха, вега а веш, лаьтташ вара Гугуа.

– Гугуа!.. – халла эккхийтира цо, тIаккха, цуьнан дихкинчу куьйгаш тIе пIелг а хьажош, хаьттира: – Иза муха нисделла? Хьо хIунда вихкина?

– Царна со ямартхо ву моьтту, – къорра жоп а луш, оьгIазалле туй кхоьссира цо.

Онисэна дика вевзара къона мохевхо, цунна юххехь хила дезнера цуьнан, иза тешна вара Гугуа ямартхо хирг цахиларх. Цул сов, дукха хан йоццуш, хIорш хIаллак а бале хьалха, иза Дзидзияца а ма вара ламанан гIашлойн новкъахь. Онисэна хезнера церан къамел, гинера иза мохевцийн лагерна тIе кхоссалуш, Онисэ вен дагахь. Цуьнан дог цуьнга цабезамах дуьзна дара.

«Амма хила тарло, – ойла йира Онисэс, – цунна хаьара отрядан жоьпалла суна тIехь дуй, шен дагчохь оьгIазалла а кхиийна, суна декхархьама ямартхо хилла цунах».

ЧIечкъа а воьдуш, дукха оьгIазвахарна, цергаш хьакхийра Онисэс.

– Ахь хIумма а ма ца олу? – юха а вистхилира Гугуа.

– Ас хIун эр ду?

– Ала хIумма а дац хьан? – сингаттаме тIетайра Гугуа. – Дика ду, со а вистхир вац. Хьан ирс ду сан суо бакъ ван йиш цахилар. Иштта ца хилча, Делора, хIара дуьне кхин гур ма дацара хьуна. Тахана хьан де ду, хьан зезаго зазадаьккхина, хьан малх къегина… ХIун дийр ду, къегийла иза хьуна, Далла иштта лиъна хир ду. Валарх ца кхоьру со. Амма балехь ву со. Амма муха ловр ду ас, халкъан дагахь гуттаренна со ямартхо хилла вуьсург хилар.

Цо корта оллийра, цхьа еза хIума белшашна тIе йоьжча санна, доккха са а даьккхина, Онисэна юххера дIахилира. Ткъа Онисэна цуьнан дог дуьзначу дIаьвшан тIаьххьара тIадам бара Гугуаца хилла къамел.

25

Сатаса дукха гена долчу хенахь дуьйна а Сионан гIопехь долу эскар синтем байна дара, чIагIонна цIеххьана тIе а летта, Нугзара цхьана тохарца иза схьаяьккхина, цхьа жима тоба бен иза ларъярхойх дийна йисина яц аьлла, хаам кхаьчча.

Мохевхойн чIогIа дог хилира мостагIчунна иза дIадекха, тIемалойн бIаьргаш догура, яххьех, мотталора, тIулг хилла, массанхьара хезаш бара бекхаман кхайкхамаш.

– ЦIийна дуьхьал цIий! ДIадоькхур ду вай вежарийн цIий! – цхьабарт болуш доьхура халкъо. ХIораннан багах долуш дерг цхьа дош бен дацара: «ЦIий».

Веккъа цхьа стаг вара дерриге эскарна юкъахь собаре сатоьхна Iаш. Муьлххачу хьолехь а цунна таро а, хан а карайора массо агIор тIехIоьттина гIуллакх дан. Иза Хевисбери Гоча вара.

Дийна бисна чIагIо ларъярхой тIекхайкхира цо.

Шен кIантах йоккха дегайовхо яра Гочин. Онисэ ма вара тасадалар нисделлачохь, муха тIевеъна мостагI сел къайлах?

– Схьадийца, дийца сихха, муха дара гIуллакх? – хаьттира Гочас гулбеллачу мохевхошка.

– Иштта нисделира иза, – дийца волавелира цхьаъ. – ХIираша Бечирас а, Тапсирукос а мостагIчуьнгахьа а ваьлла, иза вайн чIагIонна тIевалийра… мостагIчун эскар цIеххьана тхуна тIелетира, тхо эсе дахка а кхиале…

Цхьа вон синхаам хаабеллачу Гочас хIора дош а тидаме оьцура.

– Цаьрца кхин цхьа а вацара? – юхь а хабош хаьттира цо, жимма соцунгIа хиллачул тIаьхьа.

– Э, уьш бен ца хиллехьара-м!

– Кхин мила вара? – дог тохаделира Гочин.

Шен догу бIаьргаш мохевцана тIебуьйгIира цо, амма важа тасавелира, моьттур дара ямартхочун цIе яккха иза ца хIутту.

– Мила? – оьгIазе хаьттира Гочас.

– Гугуа.

– Мила элира ахь? – буьрса хаьттира Гочас. Цунна моьттура, шена и цIе нийса ца хезна.

– Гугуа, – юха а элира мохевца.

Гугуа? Цуьнан лулахо, цо кхиийначех цхьаъ. Цуьнан жа юкъара уьстагI?

Гочина тIедужура девзаш долчу тIегIанехь оцу стага диначух жоьпалла. Ма къиза тохар ду иза!

– Веза Дела, оха стенна оьгIазвахийти хьо, мохевхо шен халкъана ямарт хиллалц хIунда дахийти ахь тхо? – эккхийтира Гочас. Дерриге халкъана тIе догIу эхь лан ца лора цуьнга. Цуьнца цхьаьна цунна хаьара оцу масало Хеви ларъярхошна юкъа зайл тухур буйла а.

Ойлане велира воккха стаг, кхин дош а ца элира цо. Юьхь тIе хьаьжча гуш дара цуьнан ойла боккхачу ницкъаца болх беш хилар. Эххар хебарша дуьзначу шен хьаьж тIехула куьг а хьаькхна, хьалха лаьттачу мохевце, иза зуьйш, булуш иза цахилар. Цуьнан хьажарехь цкъа Iоттабаккхам, цкъа дехар хийцало-

ра. Халкъо хьаржинчу Хевисберига цхьаъ деха я Іоттабаккхам бан хьан ницкъ бийр бара шена? Онисэн кхолламо сагатдора Гочин. Цуьнан цхьаъ бен воцу кІант ма вара чІагІо ларъярхойх цхьаъ! Онисэ цхьанхьа гуш вац. Мохевца цхьа дош ма ца эли цунах лаьцна? ХІун хилла цунах? Нагахь санна иза вийнехь, хІокху тІемалочо хІунда ца тедо ден сагатдеш долу дог, мел йоккхачу къонахаллица тІелаьцна цо Іожалла, аьлла?

Мох санна, воккхачу стеган кхетамехула чекхлилхира и ойланаш. Цуьнан дог схьаэккха доллуш дара. Деган Іийжар ца лайра цо, кхин цкъа а къоначу мохевце а хьаьжна, ницкъ гулбина, хаьттира:

– Онисэ мичахь ву? Сох къа хІунда хета хьуна?

– Онисэ? Пекъар хьекъалх тилла. Іожаллина дуьхьал воьдуш вара иза, Делора, тхо ца хиллехь, эрна лийр ма вара.

Гочин сапаргІатделира: «Онисэ дийна ву! Турпалхочо дан деззарг дина цо, кхин хІун оьшу воккхачу стагана!»

– Мичахь ву Онисэ?

– Цуьнан жимма сапаргІатдаьлла, хІинца накъосташца ву иза, – жоп делира мохевца. ТІаккха кІеззиг соцунгІа а хилла, тІетуьйхира: – Онисэ чІогІа дог доьхна ву, цуьнга дІахьажа а ца ло.

Воккхачу стага кхин хеттарш ца дира. Иза паргІатвелира, цуьнан хьолехь паргІатхила ма тарлора.

– ДІаала ямартхой чубохка, Іуналла а диэ царна тІехь. Ткъа вай, Делан гІоьнца, вайн вежарийн цІий дІадоькхур ду, – элира Гочас, тІаккха иза эскарна тІевахара, тІаме чухахкадала хааме ладоьгІуш Іаш долчу.

26

Гочин омрица кхаа декъе а декъаделла, мостагІчунна дуьхьал дахара мохевцийн эскар. Отрядийн коьртехь бара тІеман хьаькамаш. Сацам бинера Нузгара схьалаьцначу чІагІонна цхьанаметта кхаа агІор тІе а летта, бертахь диначу тохарца толам баккха. Массарна хаьара оцу тІеман чаккхенах Хевин кхоллам бозуш хилар.

Дезачу дийне санна, бийла а къежаш шайн декхарх дика кхетарца дIабоьлхура уьш. ХIор а тешна вара, нагахь санна вала доьгIнехь, шен-шен цIе халкъан иэсехь лийриг цахиларх, шайн сий хьомечу лаьмнашкахь даьржарг хиларх. Доккха ирс ду ишттачу тешамца Даймехкан бозуш цахиларехьа, цуьнан паргIатонехьа къийсар! Эгначийн Iожалла а, цара хьегначу Iазапах а ойлано кхин а марсабоккхура цIий Iано а, чIир екха а хьогам, уьш, синтем боцуш, тIаме дIалестара.

Кхечу тIемалошца цхьаьна Онисэ а вара. Амма мел хийцавеллера иза! Маццах екхаелла, елаелла хилла юьхь чIачкъийнера гIайгIано, балдаш тIеттIа таIийна дара, бIаьргаш цIийх буьзна, беснеш, дукха оьгIазвахарна, егош яра. Онисэ даима къаьсташ вара шен майраллица а, доьналлица а, ткъа тахана иза шозза къонахалле хила веза, боккха бехк бара цунна тIехь, цунна лаьара жимма мукъана а иза байбан.

Онисэна тIедиллинера, хьалхелелочу отрядера масех стаг а эцна, къайллах, тебна мостагIчун ха долчу а вахана, иза схьалацар я хIаллакьяр, мостагIчун коьрта ницкъаш шек ца бовлуьйтуш, дуьхьало ян ца кечбалийта.

Омра ма-хуьллу нийса кхочушдархьама Онисэс шен жима тоба чIогIа ларлуш дIаюьгура. Буьйсанан аьзнашка чIогIа сема ладоьгIуш воьдура иза, цунна тIаьххье, татанаш ца деш, хьаьрччина, мостагIчун лорах боьлхуш санна, дIабоьлхура важа тIемалой а.

Уьш чIожан тIулган йистехула богIура. Кхузахь къаьсттина ларлуш а, тIах-аьлла а хила везара: тIулгах дIахьакхавелла даьллачу муьлххачу татано а мостагIчун тидам тIебахийта тарлора. КIеда кIархаш буьйхина ког лаьтта биллале а, буьхьиг Iуттий, чIагIо мел тешаме ю хьовсура мохевцаш.

ЦIеххьана саца а сецна, оцу сохьта лаьтта охьавижира Онисэ. Тата ца доккхуш, изза дира вукхара а. ТIулгаш тIе охьа а бийшина, баттара ехира шаьлтанаш.

Иштта масех минот елира. ГIашлойн новкъахь гучуелира пхеа хIирех лаьтташ йолу тоба, уьш санна тебна, татанаш ца деш, махевцашна дуьхьалйогIу. Онисэс уьш шена тIехбовлийтира – иза коьртаниг вара, тIаьххьара мостагI шеца

дIанисвелча, кIелонера хьалаиккхира. ХIинца важа тIемалой тIелетира мостагIашна. Цхьажимма хан яьлча, талламе бохкуьйту хIирий бала керчаш бара. Шадерриг цIеххьана хилира, орца даккха а ца кхиира хIирий.

Талламхошца ларийначул тIаьхьа, тебаш, хьалхахьа дIабуьйлабелира мохевцаш, ткъа сатосуш мостагIчун меттамотт болчу дIакхечира. Кхузахь тешам боллуш дIа а левчкъина, накъосташка ладогIа дезаш бара уьш.

МостагIчун туьпахь тап-аьлла тийна дара. Хьалхарчу кхиамо баккхийбина а, шайн ха сема хирг хиларх тешна а болу мостагIий парггIат набарш еш бара. Нугзар тешна вара, шайн эшамо Iадийначу мохевцаша герггарчу деношкахь шена тIе юкъаралхой бохкуьйтург хиларх. Цуьнга герга а дита ца лора и жима халкъ кхидIа а шеца къийса хIуттур ду бохург. Цу тIе, Нугзаран агIор леташ тIехдика герзаца кечбелла суьйлий хилча мухххале а.

Мохевцийн эскаро, кхаа агIор къайллах тIе а деана, го бира мостагIчунна.

Тоьпан тата делира – цхьабосса тIелата хаам.

Хьалалилхира Нугзаран тIемалой, амма боьхна, хиллачух ца кхетара, туьпахула бевдда дIасахьаьвдира.

Кхетамчу бахка кхиале, мохевцаша уьш къинхетам боцуш хIаллакбора. Амма цхьана меттехь, дуккха а беллачарна юкъахь, тIемалойн цхьа тоба яра: кIайчу говрахь царна тIехула хьийзара Нугзар. Ша аьлларг дечу суьйлийн гIоьнца, шен туьрца борура массо агIор берш а.

Декъий Iоххучохь, кхузахь а, цигахь а гучуволура Онисэ. Мохевцаша, къинхетам боцуш, хIаллакбора уьш. Цхьана меттехь, берриш боьхначу юккъехь, тIемалойн цхьа тоба яра: шен кIайчу динахь Нугзар тобанца дукх-дукха лекха вара, хIайтаьллачу суьйлашна юкъахь, аьрру а, аьтту а агIор мостагIий борура цо шен туьрца.

Оцу декъийн оьланашна, кхузахь а, дIогахь а тIенислора Онисэ, иза нуьцкъала летара цхьана дарбано вахийча санна. Цуьнан нийсачу тохаро, настарш дIаяьхча санна, эгабора мостагIий. Иза кхийдара латар оьгIазе мел долчу, цунна юккъе

эккхара. Цо Іожалла лоьхура, амма, гуш боцучу ницкъо санна, кхерамечу киртигах хьалхаволура, цунах ларвеш волуш санна. Цо Іожалла лоьхура, амма цунах хьалхаваккха доьгІча санна, кхерамечу хьолах хІумма а ца хуьлуш чекхволура.

Цуьнан майралло, Іожаллах кхардаро, ша-шен цакхооро массеран лерам а, хастам а бахийтинера цуьнга.

Ломан кІажахь гучувелира Гоча. Махо цуьнан къоьжа месаш лестайора, цуьнан карахь яра дашочу жІараца кхелина байракх. Байракхан кІади мохехь лесташ дара, декаш дара горгалиш, тІемалойн сапаргІатдоккхуш а, дегайовхо луш а. Царна хьалха беза а, курра а дІахІоьттира дин, баккъал ша бохьуш берг дика кхаъ бу ала санна. Динна хаьара, Хевин цхьаъ бен хила йиш йоцу тхьамда хоржуш вуйла.

Воккха стаг сихвелира Нугзар а, цуьнан гІоьнчий а дуьхьало ян бевллачу метте дІакхача.

– Хьалхатаіа, сан бераш, суна тІаьхьа, майранаш! – цІогІа туьйхира Гочас.

Цуьнан кхайкхамна орцахвелира массо мохевхо, дукха хан ялале буькъа го бира Нугзарна. Ченан дахкаро, хьала а хьаьдда, дерриге дІакъевлира. Сирла де кхоьлира. ХІинца хезаш дацара турпала, деза аьзнаш. Тийналла йохайора нагнаггахь хезачу узарша а, лаг уьйзучу тоьпийн татанаша а, хьекхочу цергаша а. Цкъацкъа махо ченан кирхьа доьллура, тІаккха арена тІехула курра, эшам ца бевза байракх техкара. Иза гича, бІаьхойн болатан дегнаш кхин а йоккхачу майраллица догура.

ЦІеххьана, ченан кІуьралахь тасабеллачийн могІарехь дийкира баккхийберан аьзнаш.

ХІаваэхь чан екхаелча, гулбеллачарна хьалха хІоьттира Іоххучу декъийн цхьа лам, цхьа минот хьалха, дийна а, дегІехь ницкъ болуш а хиллачийн. Бос баьхьна а, гІайгІане а, бІаьрса стигала а доьгІна, царна юккъехь лаьттара Гоча. Геннахула дІалилхина боьлхура, ченан кІур а баькхина, говр-береш. Уьш бара Нугзар а, цуьнан юххера бІонакъостий а, – цхьа девзаш доцчу бахьанашна Іожаллах цхьа хьалхабовла каяьллера церан.

Адамийн дахар дIатийра. Мохевцаша дIабоьхкира белла тIемалой, амма дIаса ца бовлура. Хууш дара, Нугзар кестта вухавогIур воций а, оццул эшам хиллачул тIаьхьа мохевцашна дуьхьал керлачарна дIахIитта атта хир доций а.

ТIулгех боьттинчу ахгоргачу барза тIехь хиъна Iаш вара Хевисбери Гоча, къаноша а, кхелахоша а го бина. Царах хIораннан карахь яра шайн яртийн байракхаш. Еккъа цхьана маьIIехь и го хедаш бара – цигахь гулделла халкъ дара. Массо сингаттамо хьаьшна вара: беллачу вежаршна балхам бора хаац я кхин доьхнарг тIедарна кхоьрура хаац. Гоча а, цунна го бина темин къаной тап-аьлла Iара, кортош лохха охьа а охкийна. Оцу ирчачу суьрто кхин тIе а алсамбоккхура юкъара бала а, сингаттам а.

Гочас эххар хьалаайира корта, сингаттаме дIахьаьжира гулбеллачаьрга. Кхуззахь, тобанна юккъехь лаьтта Онисэс, дIа а вирзина, корта оллийра. Иза зуьйш, кIанте хьаьжира Гоча, амма оцу сохьта, тIера бIаьрг дIа а берзош, омра дира:

– Схьабалабе бехке бийраш!

Тоба дIасаекъаелира. Халкъо хаьржинчу кхиэлахошна хьалха хIоьттира ши хIири а, Гугуа а. Массо а, дегнаш а детталуш, ладоьгIуш Iара бакъ кхиэл дIакхайкхорс. Хьанна хуур ду, кхиэл муха хир ю!

– ДIадаста церан куьйгаш! – элира Гочас.

Омра оцу сахьта кхочушдира. Пхаьрсийн голаш настаршна тIе а товжош, корта схьалецира Гочас. Моьттур дара, иза сакх-сема ладоьгIуш ву. Юкъараллин воккхачех воккха къано хьалхавелира. ТIаккха, голаш тIе а лахвелла, цо элира:

– ЛадогIалаш, вежарий! ЛадогIа! ДIахьовсал, шуна хьалха ву ши хIири. Ялх шо хьалха уьш вайн теми баьхкира. Боьлхура, текъамаш бора, вай тешадора шайн вежаршна юккъехь шаьш даха ца ло, ца хууш шаьш вийначу стагах чIир эца тIаьхьабевлла нах хиларна. Дийцина хIун до, стаг виэр – доккха къа ду, амма шена вала-вола меттиг ца йитча, кхин-м хьовха, стага ша-шен а вуьйр ву. Ларамаза стаг виэр –

иза боккха сингаттам бу. Иштта хIокху наха Хевигара къайладовла меттиг а, баьпкан юьхк а йийхира… Мохевцан Iедал дац хьешашна букъ берзош я мискачунна сагIа ца луш. Хевис тIелецира бевдда баьххинарш, царна цIенош дIахIиттийра, аха латта а делира. Уьш вайна юккъехь маьршачу дахарца бехара, уьш вайна вежарий санна бара. Цара муха баркалла эли вайна? Цара мостагIчунна гайтира вайн агIор догIу ламанан некъаш, гIо дира цIеххьана, хуьлучух кхетале, иэсе дахкале вайн нахана тIелата, шайн ямартлонца гIо дира шайна баьпкан юьхк а, тхов а белларш хIаллакбайта. Аш хIун эр дара, хIей нах? ХIумма а ца лачкъош, дерриге дIадийци ас… Ойла е, адамаш, стаг вер – забар яц.

Къамел чекхдаьлча, хьала а айвелла, еа а агIор суждане а вахана, шен метта охьахиира къано.

– Схьадийца… шайн бехк цахилар тIечIагIде, и чIагIлахь, – элира хIирашка Гочас, хьалха санна, ша волчуьра кхин меттах а ца волуш.

Тоба дог детталуш яра, амма дуьхьала цхьа аз ца хазийтира. ХIирийн бехк дарехь гуш бара. Гора а эгна, хих дуьзначу бIаьргашца, къинхетам бар доьхура цара. Амма кхиэлахой къора хилира церан дехаршна. Цара Гочина го бира, йоцца кхеташо а йина, юха а шайн меттигашка охьахевшира. Тийналла дIахIоьттира. Гочас корта айира, тIаккха элира:

– Шинна а тIулгаш детта!

ГIовгIанаш евлира тобанна юккъехь. ХIирийн бос баьхьира, царах цхьаъ Гочина тIехьаьдира. Кхиэл дIакхайкхийначул тIаьхьа воккха стаг юха а ойланашка велира.

– Гоча! – эккхийтира бехкеволчо. – КIелхьараваккха! Доьху хьоьга! Даима – хьан лай хир ву со!

– ТIулгаш детта! – юха а чIоггIа элира Гочас.

– Делахь-хIета, Iожалла? – цIогIа тухуш хьалаиккхира хIири. – Иштта делахь, хьо а вехар вац!

Четара шаьлта схьаяьккхира хIиричо. Цунна тIехаьвдира нах, го бира…

Тоба дIасахилира. Гоча, хьалха санна, сийлахь-веза а,

паргIат а вара, амма кхардам къегира цуьнан бIаьргаш чохь, ямартхойн декъашка дIахьаьжча.

28

ХIирашна йо кхиэл чекхъелира. Юха а шен ойланашка вахара Гоча, амма цхьажимма хан яьлча, хьалха санна, тийна-паргIатчу озаца элира:

– Схьавалавел Гугуа.

Масех мохевхо Гугуана тIевахара, тIаккха, цуьнан куьйгаш дIа а даьстина, иза Гочина хьалха хIоттийра. Гугуан бIаьргаш чу бода беара, дIасатехкира, амма сихха ша-шен меттавалийра. Халкъана хьалха лаьттара иза докъан басахь, дог деттадаларна балдаш а дакъаделла, цхьана агIор Iожалле дIахьажийначу – баьссачу бIаьргашца. Мохевцаша цунна тIе куьйгаш хьийсадора, неIалташ кхайкхадора, безам боцучу талорхочунна санна. Юха а цхьана къаночо, хьалха а ваьлла, Гугуа бехкевеш долу къинош дIадийцира.

Билгалделира, тIелатале хьалха, иза, мостагIчун отрядана хьалха а ваьлла, Нугзаран эскарна некъ а гойтуш веана хилар.

– ХIун аьлла бехках вер ву хьо? Схьадийца! – цуьнга вистхилира Гоча.

Доккха садаьккхира Гугуас. Мохевцийн магIарашна тIехула дIа а дедда, цуьнан бIаьрса Онисэна тIехь сецира. Гугуан бIаьргаш къегира. Иза тохавелира, тобанна юккъехь тийна Iачу жимачу стагана тIеволавелира, амма оцу сохьтта меттавеара. ТIаккха шен чIечкъа яхана юьхь кхиэлахошна тIе а хьажош, коьртара куй дIабаьккхира. Цо, корта багош санна, охьакхоьссира.

– Схьадийца, хьайн дийца делахь! – юха а элира Гочас. Хаьддачу мерзан санна, цуьнан аз дегийра.

– ХIун эр ду ас? – гIайгIане эккхийтира Гугуас. – Дела ву-кха теш, со бехке вац. Амма нахана гина со мостагIчун отрядана хьалха вогIуш. Сох мила тешар ву? Аш со Iазапехь хIунда латтаво? Стенна дуьйцу? Со вей дIа а ваккхий, паргIатдовлийша!

– Жима стаг, вала хала дац, – жимма соцунгIа хиллачул тIаьхьа элира Гочас. – Амма дагна теша ца лаьа, Хевин кIант, мохевцин некхо кхиийнаволу, шен вежаршна ямарт хир ву, накъостий бухкур бу, латта а, стигал а егор йолу зулам тIедоуьйтур ду бохучух. Цкъа а дIатуьйр яц дагчохь гIайгIа, бода бекъалур бац, нагахь санна халкъ тешахь, хьо баккъал ямартхо ву бохучух.

Гочин дешнаша тохадалийтира Гугуан дог, цаьрца цунна гира ден дега-лазам. Цунна цIеххьана лиира ша бехке цахилар тIечIагIдан, оцу бехк баккха йиш йоцучу стагана хьалха мукъана а.

– Гоча! Делах дуй боу ас, дуй боу сайн къоналлех, дуй боу хьан цIарах, – со бехке ма вац. Амма со бакъван таро яц сан, со вала веза.

– Хьо муха нисвелира мостагIчун отрядана хьалха?

– Ма-дарра ас дуьйцийла лаьа хьуна? Ца оьшу, Гоча, ма дийцийтахьа… Хьуна гуш ма ду, суна вуно халахилар. Ахь хIунда хьийзаво со? Хьо-х даима догдика вара!

– Гугуа, Дела ву-кха теш, сан дог а паргIат ма дац. Хьоьга дина хIора хаттар, ирачу цхьамзанца сан некхах ма догIало. Амма теми а, цуьнан гIуллакхаш а хьол а, сол а деза ду. Дийцахьа тхуна хилларг, ма-дарра.

– Дийца боху ахь? Дика ду! – аз айддина элира мохевца, тIаккха цIеххьана Онисэна тIевирзира иза. Важа, букар а вахана, цхьана боккхачу махьаро охьатаIийча санна, лаьттара. Цуьнан чIечкъа яханачу юьхь тIе можа бос тоьхнера. Моьттур дара, дахаро жима стаг дIатесна.

– ЛадогIийша соьга! – кхиэлахошка вистхилира иза. – Со валарх кхоьруш вац. Нагахь санна сайн бехк цахилар тIечIагIдахь а, тIаккха а, Делах дуй боу ас, ас со-сайн вуьйр ма ву! Со стенна вехар ву, цкъа сайн сий дайина волу? ТIаккха ладогIал аш! Ас цIенна бакъдерг дIадуьйцур ду шуна…

Ломах охьавуссуш вара со, ткъа тогIи чохь мостагIчун эскарна тIенисвелира. Со дIахьаьдира кIелоне хевшинчу накъосташна хаам бан, амма мостагI сан лар хьоьшуш вогIуш хиллера. Со ца кхиира царна тIекхача. МостагIаша герз ца

деттара, шайна тIе хехойн тидам ца бахийта, ткъа сан тоьпан неIалт хуьлда цунна! – лаг доьхна хиллера. Сан когаш кIелара латта дIашершийла, нагахь ас харц дерг дийцахь!

– Хьо лаьмнашка хIунда вахнера? – хаьттира цхьана кхиэлахочо.

– ГIуллакхна.

– Хьо хьо варий?

Гугуас жоп ца делира.

– Хьо хьо варий? – юха а хаьттира кхиэлахочо.

Мохевцин дог дакъошка этIаш дара: цунна ца лаьара зудчун цIе бехъян, иза, мухха делахь а, дуьнен тIехь доллучул еза яра цунна.

– ХIун бен ду иза, со цхьа хилча а, ца хилча а? – элира цо эххар а. – Шуна хаа лаьа со ямартхо ву я вац. Ас боху, ас шу ца доьхкина, со ямартхо вац, суна цкъа а дагадеана дац шуна дуьхьал хила, цунна теш ву Дела. ДIа вейша, ма деттийша сан тIаьххьарчу миноташна…

Гугуа дIатийра, некха тIе чIагаре куьйгаш а хIиттош. Цуьнгара кхин дош даккха ца делира кхиэлахошка. Цуьнан соцунгIа беза тIулг хилла даг тIе буьйжира Онисэна. Халкъ, са а ца доIуш, Гочица кхеташо еш болчу кхиэлахойн сацаме ладоьгIуш Iара.

Еха яхъелира и кхеташо. Эххар а кхиэлахой схьабаьхкира. Халкъан собар кхачийнера. Гоча хьалагIаьттира. Тап-аьлла тийналла дIахIоьттира.

– Веза Дела! Гечде тхуна, стенна тIехь делахь а, тхо гIалат делахь. Оха кхиэл дIакхайкхайо ахь тхайна хьехна. Хевин машаро а, синпаргIатоно а тхоьга доьху Гугуа дIакъастор, темин юкъара дIаэккхор, гергарчех а, юххерчех а дIакъастор… Еккъа цхьана цуьнан зудчунна пурба ду цуьнца дIаяха. Кхул тIаьхьа цхьана а стеган бакъо яц цунна цIе яла, цуьнгахь цIе ца хилахь, хи дала, иза хьоьгахь хилахь, баьпкан юхк екъа, мацвелла гахь. Кхул тIаьхьа шу массо декхар ву шайн хIусамийн неIарш цунна хьалха тIечIагIа, массо къора хила веза цуьнан хеттаршна, массо мотт сецна хила веза цуьнан дехаршна. Хевин сийлахьезачара таIзар дойла цунна.

– ДIасаца! – цхьаннан цIогIа делира. Цхьамма дагахь а доцуш, Гочин куьйгах катуьйхира.

Халкъо, цец-акъдаьлла, бIаьрг туьйхира Хевисберих дIахьакхавала ваьхьначух, цуьнан карахь Хевин дозалла – байракх хилча муххале а.

Гочина хьалха лаьттара Онисэ.

– Сих ма ло, Хевисбери! Гугуа бехке вац – элира цо, цуьнан бIаьргаш цIийх дуьзира, месаш ирахIиттина мотталора.

Халкъан дегнаш тохаделира, гIовгIанаш евлира. Байракх ластийра Гочас, горгалиш бека буьйлабелира.

– ДIате! – шен возаллица эккхийтира Гочас.

Шаверриг дIатийра.

– Схьадийца… хIун ала воллура хьо?

– Гугуа бехке вац. Эрна таIзар ма дейша цунна. Со а, Гугуа а цIийн мостагI ву. Цунна бахьана а ду тхан… Ломах охьавоьссинчул тIаьхьа, со виэн гIашлойн новкъахула чухьаьдира иза. Новкъахь мостагIийн отрядана тIе Iоттавелира иза. Аш эрна бехке во иза, ямартхо ву бохуш.

– Иза хьоьга хьан аьлла? – мохь тоьхна элира Гугуас. Цуьнан бIаьргаш чохь цатешар къегира.

– Суна сайн лергашна хезира шадерриг.

ГIашлойн некъана юххехь кIелонехь хиъна Iаш вара со. Ас хIумма а лачкъор дац. Къа ду суна тIехь…Со бехке ву сан вежарий баларна. Сан корта хьере хиллера, тIевогIу мостагI цагарна со бехке ву. Гугуа бехке вац… – дог деттадаларна вега а веш, юкъахваккхарна кхоьруш санна, сиха дуьйцура Онисэс.

Ткъес тоьхча санна, Онисэс дуьйцучух цецдаьллера халкъ. Массеран бIаьргаш цунна тIебогIабелира. Оцу инзаречу къамело Iадийна Гоча вехха лаьттира, метта ца вогIуш. Эххар а, доккха са а даькхина, хьаьж тIе куьг а хьакхна, бехк боккхуш элира:

– Ас хьайга дина весет иштта кхочушдеш вара хьо? НеIалт хуьлда хьуна! Ахь хьайн ден дайн декъашна тIе эхь доссий, цабезамца жоп лур ду хьуна халкъо! Дуьнен тIехь таIзар дан хьол хьакъ верг ван а вац.

ТІаккха кхиэлахошкахьа вирзира:

– Бехк-гуьнахь доцуш беллачийн цІий стиглане кхойкху, хьакъ доллу таІзар диэ, бохуш. Темис къастор ду-кха дан дезарг!

Дукха беха Іийра къаной кхеташо еш. ТІаккха Гочина тІе а баьхкина, меллаша цуьнга элира:

– Гоча! Хьан кІанта ца йоьхкина Хеви. Бехкениг цуьнан къоналла ю. Цо тилийна цуьнан корта…

– Делахь-хІета, цунна таІзар дан кхин а доккха бахьана ду! Мичахь ду цуьнан сий, мичахь ду эхь-бехк? Вайна Онисэ велла ву… ЦІергахь ваго кхиэл ян еза цунна.

– Гоча! – юха а бистхилира къаной, воккха стаг шайх тешо гІерташ, амма вукхо цаьрга ла ца дугІура. Цуьнан бІаьргаша суйнаш деттара, амма юьхь тІулг хилча санна яра.

– Иза вала веза! Къа ца хеташ, виэн веза иза. Нагахь санна нийсонах шу кхоьруш делахь, ас айса…

Шаьлта схьа а яьккхина, кІантана тІекхоссавелира иза, цІогІа а тухуш:

– Шен вежарий боьхкинарг ваха хакъ вац!

Шаьлта къегира. Іожалле техкаш тохавелира Онисэ. Шаьлта деган юккъе нисъеллера. Иза дерриге дукха сиха нисделира, цхьа а ца кхиира бохам юхатоха.

Іадийна халкъ юхаделира. Мила хІуттур вара воккхачу стагана тІегІорта?

– Гоча! – олуш, цунах куьг дІахьаькхира цхьаммо.

– ХІаъ! – ларамаза аз делира воккхачу стеган кийрара. Иза юхахьаьжира. Цунна хьалха лаьттара Гугуа.

– Гоча! – элира цо чІоггІа. – Ас хьоьга элира бехк сан бац, сан ишта а, вуьшта а вехийла дац, цкъа эхь тІедаийтина волчу. Къонахчунна товш дац шен дош дохош. Іодика йойла, Гоча! Іодика йойла, халкъ!

Тапча схьа а яьккхина, шен бага яссийра цо. Цуьнан коьртан туьта иккхина дІаяхара, хьо охьаІенира.

Узар иккхира воккхачу стеган кийрара. Іадийна, гонаха дІасахьаьжира иза, дерриге дегІаца вегийра, цІийх юьзна шаьлта генна дІакхоьссина, вист а ца хуьлуш, жимма латта а лаьттина, Онисэна юххе охьакхийтира.

– Онисэ… Онисэ… – шабарш дора цо, кIентан докъа тIе а тийжаш.

Вехха вилхира воккха стаг, шеллуш доллучу кIентан докъа тIехь. ТIаккха корта айира, цхьана хIуманах кхеравелча санна, хьалаиккхира, акха гонаха а хьоьжуш.

– ДIавала… дIавала… шабарш дора цо, цхьанна тIе куьйгаш а кхийдош. – ЦIий… шаьлта… сан кIант… мичахь ву сан кIант? – дегIах чекхдолучу дуткъачу цIогIанца хаьттира цо, тIаккха, цIоькъа-лом санна, кийрара беза мохь а болуш, вилхина дIавахара.

Хан дIайоьдура. Халкъ дIатийра. Хевихь дахар хьалха санна дIадоьдура.

Амма хIетахь дуьйна СамтIеран хьуьнах неIалт дахана меттиг хилира…

Массо къехкара цунах. Оцу хьуьнах вехаш вара хьекъалх тилла Гоча. ТIехбовлурш совца а бой, цаьрга шен кIантах дерг хоьттура, ша волчу дIакхойкхура, олура, генарчу махкара вухаверза везаш кIант… тIаккха кхерамаш тийса волалора, баккъал Онисэх хилларг схьадийца, бохуш. Дерриге а чекхдолура лан хала долучу тийжарца.

Иштта шен ваха дисна денош токхуш вара воккха стаг, эххар а цхьана Iай готтачу чIожахь лайн токхамна кIел ваххалц.

Дзидзиях дерг аьлча, оцу буьйсана Онисэх къаьстичахьана, цхьаннан а цунах бIаьрг ца кхийтира.

---

[1] Хевисбери – къано, динан охIла.

[2] ТIаш-пандури – тIаьхьа тIараш а тухуш локху пондар.

[3] Хеви – Гуьржехахь ламанан кIошт.

[4] ШеничIириме – хьан баланаш суна, хьастаме олу.

[5] Ов – шена тIехь жижиг дотту гIирс (шампур).

[6] Мурст – мIаьрго (мгновение), цхьана юкъана.

[7] Торкх – сийлалла; торкхаме илли – сийлаллин илли.

[8] Чурчхели – кемсийн муттаца кечйина бIарийн тIамарш.

[9] Сакхе – цеце, цецбевлла.

[10] ЦIминда Самебин тIадзари – килс.

[11] Темин къаной – цхьана тайпана, шайн хаьржина воккхаха волу нах.

[12] Жансу – селитра.

[13] ЗІаьпарш – хебарш.

[14] Ме, шени кІвнесаме – хьан гІайгІа-баланаш суна хуьлда.

[15] Веназ – билгало йина (чІеда яьккхина – кист. диал.).

[16] Маьраг – кІеззиг хан яьлча (кист. диал.).

ЖАIУЬН ДАГАЛЕЦАМАШ

18... шарахь жаIу хила сацам бира ас. Суна лиира сайн лаьмнаш а, аренаш а дикахо йовза, халкъаца юххера гергарло таса а, жаIуйн дахар, церан некъа накъостий – самукъа а, хаза-хетарш а сайна тIехь зиэн.

Сан, ламанхочун, жима жа дара. Цхьа кIез-мезиг латтанаш а доьхкина, иза стамдира ас, сайна герз а тардира, тIаккха кара гIаж а эцна, жаIу хилира сох.

Хьалхарчу муьрехь сан дика лаам кIоршамечу беламца тIелецира. Массара а бохура суна, феодалана-хьоладена, цIе яхханчу стеган кIантана, товш дац жа дажош лелар, амма ас цхьаьнгга а ла ца дугIура, сайн Iалашоней, лаамей бен. Суна лаьара ма-хуьллу сайн халкъаца ваьштатаьIна хила, цуьнан сатийсамийн, ойланийн дуьхе кхиа, цуьнан дахарца ваха, цуьнца цуьнан гIайгIа-бала бекъа, – делахь-хIета, чу а хиъна Iелур варий со? Сан лаам кхочушхилира: юххера бовза хьаьгначу нахаца юххера гергарло тасаделира сан (цуьнан мах хадор дешархошна тIехь дуьту ас). Ткъа хIинца суна лаьа сайн жаIуьнан дахарера масех кийсак йовзийта. Тешна хила а лаьа, сан къамел шуна кIордориг цахиларх.

Аьхке чекхъяла гергаяхнера, уьстагIий хIинца а узуш дара. Жа тIе а гулдина, шура яккха кечлуш вара со. Оцу хенахь суна тIевеара суна вевзаш а, цкъа а бIаьрга гина а воцу ши махевц. Суна тIера духар гича, со жаIуйх тарвиначух тера дара цара.

– Дебийла хьан жа! – маршалла хаьттира цара соьга.

– Дала аьтто бойла шун а! – жоп делира ас.

– ХIара жа хьенан ду? – хаьттира цара.

Ас сайн цIе яьккхира.

– Дала кхузара меттахвала пурба ма лойла суна, уьстагIийн лергашна тIерачу хIосташна тIехь ерг хьан цIе яцахь! Кхечу жаIуйн яц и хIосташ – эккхийтира цхьана жаIуьно. – Ткъа ван хьенан ву хьо? – хаьттира цо.

– Со Арахветира ву, сан хьомсарнаш, – элира ас мтиулеташа буьйцучу маттахь. – Бурдулъани ЯкIобин кIант ву со.

– Ялхо ву хьо, я юкъарча ву? – юха а хаьттира жаIуьно.

– Юкъарча! – жоп делира ас.

– Жа дажош иштта лелаш ву-те хIара? – цецбевлира уьш.

– Ву.

– Вайн Делора, ма тамашийна хIума ду хIара!

– ХIунда? – хаьттира ас, цара хIун олу хаа сакIамделла.

– Тамашийна хIума муха дац! Паччахьца цхьанийсса волчу стеган кIант жа дажош ву, бохург? «ГI!» – куьг ластийра цо.

– Вониг хIун ду кхузахь? Цуьнан шен жа а ду, иза ша дажа а до цо.

– Вониг хIун ду боху ахь? Хевин да жаIу ву! – готтаме элира вукхо.

– Цуьнан ден дайн а, церан дайн а хилла жаш, амма дажош-м ца лелла уьш! – тIетуьйхира кхечо.

– ХIаъаний, жа дажош лелар бара хьуна уьш! Уьш хьакамаш хилла, мидалш а оьхкина лелаш.

– Иза кхин зама хилла, хIинца кхин ю, – бехказвала гIоьртира со.

– Зама бехке яц. Хьан ден корта белахьара, квешетийн пурстоьпан даржехь хир вара хьо.

Оцу дешнаша халахетийтира суна, – къамел хадийра ас, – сайн жа юханехьа а дерзийна, дика яьлла буц йолчу баса лаьллира.

Соьца Iодика йира сан хьешаша, ткъа оцу къамело цатам баьккхина со сайн ойланашна чукагвелира.

ТIетаьIира дохк, серса а йолаелира, Белшаш тIе верта а кхоьллина, коьрта башлакх а тиллина, га тесна уьстагIашна хьалха а ваьлла, генадевлларш юхалаьхкира ас, суна лаьара жа меллаша церг тухуш хьармехула чекхдолийла.

ЦIеххьана сан бIаьрг кхийтира европейски духарахь суна тIе вогIучу шина стагах. Со цеце цаьрга хьежа велира. Нагахь уьш некъахой белахь, схьа а ца богIуш, ломал дехьа агIорхьа баха безара, цигахула бу некъ.

И шиъ герга кхочуш вара, карахь леккха айина гIожмаш а йолуш. Сан жен жIаьла Басара, лета а леташ, царна

тIекхоссаделира. Ас цIогIа туьйхира жIаьле, иза муьтIахь, юха а даьлла, цIога а лестош, суна тIедеара. Вевзаш воцчу шимма, вела а воьлуш, дешнаш халла вовшахтосуш, гIазакхийн маттахь элира:

– Собак, собак... Нет кусай?

– Нет кусай, – паргIатваькккхира ас и шиъ.

– Баран... баран... – волавелира цу шиннах цхьаъ, амма долийнарг чекх ца даькккхира, хетарехь, цунна хууш болу оьрсийн мотт кхачийнера. ТIаккха шен накъосте французийн маттахь элира:

– Муха хатта деза хIокхуьнга, хIокхара тIаргIа мича дIало?

– Суна сайна а ца хаьа, – французийн маттахь жоп делира вукхо.

Шаьшшиннан юкъахь бахамах, тIаргIахь къамелаш дан волавелира и шиъ, кху лаьмнашкахь оццул даккхий жаш тхоьга дIатардаларх цец а вуьйлуш. Делахь а, царна ирх-пурх хаа лаьара оха тIаргIа стенга хьо, кху лаьмнашкахь иза мел тарбалур бу.

Суна дика хаьара французийн мотт, цундела со кхин Iен а ца велла, къамелана юкъагIоьртира.

– Лаьмнашкахь дукха ду жаш, кхузара, берриге бохург санна, бахархой уьстагIий лелош хене бовлуш бу, ткъа тIаргIа тхоьгара кхуззахь дIаоьцу эрмалойн совдегарша, – элира ас.

И шиъ сох мел цецвелира, хаахьара шуна! Кхузахь, лаьмнашна юккъехь, шайн кхетамехь цхьа ахъакха, иттанна тIекхаччалц дагардан а ца хуучу жехIалшна юккъехь вехачу ламанхочо французийн мотт буьйцу!

– Муха! Хьуна французийн мотт хаьа? – инзар-акъваьлла хаьттира цу шимма.

– ХIаъ, цхьажимма.

– Ткъа мичара, муха? Мичахь Iамийна ахь? ХIан-хIа, доккха Iаламат ду хIара!

Цу шинца бегаш бан лиира суна.

– Тхан берриге жаIуша а буьйцу французийн мотт, – элира ас. – Йолах дукха болх бина кхечу мехкашкахь. ХIинца-м

суна жимма бицбелла французийн мотт, кхузара цхьаболу нах французех къасталур бац шуна.

– Ахь хIун дуьйцу?! Ма тамашийна хIума ду хIара! – цецвелира француз. – Тхуна-м моьттура, хIорш берриш жехIалш бу.

Дехха къамелаш деш суна шаьш кIордийча, цара дийхира суьйранна шаьшшиъ буьйса йоккхуш саца дагахь волчу Казбек станце вагIахьара, хьайн халкъан дахарх, амалех, гIиллакхех дуьйцур дара ахь, аьлла.

– Хьуна хаьий Англи а, Франци а юйла? – хаьттира цара.

– Хаьа! – корта таIийра ас.

– ХIара француз ву, со – ингалсхо, – элира шиннах цхьамма. – Ахь мел дийцинарг оха книгаш тIе дIаяздийр ду, и книгаш тхан мехкашкахь массара йоьшур ю. Суьйранна ца вогIуш ма Iелахь. Оха ахь дийцинчунна ахча лур ду хьуна, – тIетуьйхира цо.

– Баркалла, дIавогIур ву со, – элира ас.

Француза, кисана куьг а дахийтина, цхьа сом схьа а даькхина, соьга кховдийра:

– Закъалтана хIара ду хьуна, суьйранна кхин а лур ду.

– Баркалла, – элира ас, ийза а луш. – Суьйрана дIавеача лур аш.

– Эхь ма хета, дIаэца, – со эвхьазваккха гIоьртира важа.

– ХIан-хIа, батIоно, суьйрана.

– Дика ду делахь. Суьйрана хир ду хьуна. – Соьца Iодика йира цара. Сайн жа юха а дерзийна, юьртехьа лаьллира ас.

Суьйрана соьца хийцалуш волу сан накъост – жаIу веара. Иза узуш доцчу уьстагIашна туьха эцна лаьмнашка вахнера. Цунна тIаьххье ведда схьакхечира хIора буьйсанна тхуна гIо деш хуьлуш волу жима кIант а.

– Маршалла хуьлда баьхкинчарна! – цIогIа туххуш элира ас.

– Маршалла хуьлда хьуна а! – элира цара.

– Муха ду лаьмнашкара жа?

– Цунна хIун хир дара? ЖаIуьно хIора денна Iахарий ша тIелохку, уьш цигахь мел хьежарх кIордор доцуш, хаза ловзу... Дика тоделла жа.

– Даа хIума муха ду?

– ОхI! – кхаъ хилла элира жаIуно. – Хьеха а ма делахь! УьстагIаша дилха диллина. ХIара, стуно хьоьга цIа вола ала бохура. Хьеший баьхкина, – тIетуьйхира цо.

– Муьлш бу уьш? – хаьттира ас.

– Суна хIун хаьа? ГIалара баьхкина эпсарш бу, боху.

– Зударий а бу цаьрца?

– ХIаъ.

– Дика ду. ХIета воьду со. Шух тешийна дуьту ас жа, дика хьовсалаш, Iинах ларделаш уьстагIий.

– Са ма гатде ахь. УьстагIашна хIумма хир дац. Лардийр ду оха.

Ас цаьрца Iодика йира. Сайн тешамечу жIаьлин букъах куьг хьаькхира. Ша хьоьстуш доллушехь, цхьана мурстана а уьстагIашна тIера бIаьрг дIа ца баькхира цо.

Беттан хаза буьйса яра. Берриге бешахь чай молуш бара со дIакхаьчча. Дечу къамелашца а, беларшца а суна хиира хьеший тамехь нах хилар. Юххе тIевеача, царна юкъахь суна вевзира сайн юххера цхьа гергара стаг. Суна лиира сихха цунна тIе а вахана, могаш-маршалла хатта, хIунда аьлча сан гергара воккха стаг сан ден воккха хьаша а вара. ТIера духар хийца дагахь хилира со, амма хьешашна со гира, шуьне дIакхайкхира. Бехк ма билла а олуш тIевахара со, – нийса а хир дацара жаIуйн духарх шечарах а къихкича. Амма сурт хIоттаделла ша соьгахь хиллачу хьолан, гергарчу воккхачу стага дIа а кхайкхина, ишттачу дешнашца тIелаьцча:

– ХIай-хIай! Хьовсал шу кху лаьмнийн ден кIанте!

ДIакховдийначохь дисира сан куьг, воьхна, айса воккхачу стаге хIун эр ду а ца хууш висира со. Ткъа кегийрхой, сан гергара нах, бешан сонехь шайн тоба а йина, доггах сох буьйлуш лаьттара.

– Эхь ца хета хьуна. Я иза доьхкина ваьлла хьо? – оьгIазвахарна вега а веш бохура воккхачу стага.

– БатIоно, ахь хIун боху соьга? ХIун бехк баьлла соьгара? – эххар а дуьхьал мотт керчира сан.

– Хетта а хоьттий ахь? Ладогlал цкъа. Хьох жаlу ван кхиийна хьо хьан дас? Хьох цхьа адам дан гlерташ, хьан дас мел деши доьхкина хаьий хьуна? Хьан дегlо а узур дад оццул деши! Хьуна оццул жаlу хила лууш хилча, Россе хlунда воьдура хьо? Эрна харжаш хlунда йора ахь? Со волчу веанехьара, ас сайн саркалига[1] жа дажо lамавойтур ма вара хьо.

– Сан да шена ма-луъу ваьхна. Суна а лаьа сайн даго ма-хьоьхху ваха, – элира ас дегабаамечу озаца. Сайн юьхь цlийлуш хаалора суна.

– Хьовсийша, халкъана юкъавахана хlара эла, мискачу нахаца гергарло лело лиъна кхунна, – кхардаме велавелира къона эпсар.

– Шун бала бац, со мичча вахча а, ас хьаьнцца гергарло лелийча а, – юкъахваькккхира ас иза. – Амма цхьа даре до ас: аша дечу десачу къамелел, суна жаlу хилар тоьлашха хета. Мел хlуъу аьлча а цунах пайда бу.

Букъ а берзийна, бешахула дlавоьдуш, тlехьашхула хезаш дара воккхачу стеган оьгlазе лер а, кегийрхойн бийларш а.

– Халкъаца цхьаьнаэр, халкъана юкъавахар – и хlун ду? – мохь хьоькхура воккхачу стага. – Цул вовшашна даре дай вай – хlинцалера кегийрхой хlуманна пайде бац, хlумма а дан ца лаьа царна!

– Иштта хlунда боху ахь? – кlедда дуьхьало ян гlертара эпсар. – Йиш ма яц цхьаьнца массо а вуста. Вайн гергарчо жаlулла хаьржина, кхечарах къаста лууш. Массо ма вац иштта.

– Хlаъ, дийцина хlун до цунах, дика болх карийна цунна. Кхин муха цlе йоккхуьйтур яра цо?! – хезира суна воккхачу стеган тlаьххьарлера дешнаш.

Массо маьllера еттара сан коьртах хlуманаш: цхьаболчара со аьшнашвора дlабиллинчу шерачу новкъа дlа ца вахарна а, даржашка ца кхийдарна а. Вукхарна со ца везара со шаьш санна, деса-даккхий хабарш а дуьйцуш, курра ца лелаш, ткъа хала некъ ас юьхьарлацарна, кхозлагlнаш – со шайна доггах тlекхийдарш – къехкара, царна атта дацара-теша шаьш тало бакъо елла волу со, догцlенна шайца болх бан, ваша хилла дlахlотта веана хиларх.

[1] Саркали – коьрта жаlу (гуьрж.).

Иштта дIаболабелира ас сайн дахарера ворхI шо шена дIаделла жаIуьн болх. Оцу шерашкахь айса лайначех цхьадерш дуьйцур ду ас.

II

ТIееара гуьйре. ЖаIушна хаьара, ас ерриге аьхке лаьмнашкахь яьккхиний, уьстагIашна юххера ца волуш, цIенна генахь сайн лаамехь со Iийний, дукхахболчарна ма-моттара, шекар санна, со ца вешний, ас са ца гатдиний а, со цамгарша ца лаьцний а, дорцаш хьекхарх а, догIанна кIел латтарх а. Бул-булуш, сох буьйлира жаIуй, со цIеначу даггара лелий а, вухавер воций а хиира царна. Масех жаIуьнца гергарло а тасаделира сан, къаьсттина СтIепанцIиндерачу Гигаури Симонца. Юьхьанца дуьйна а цо со цецваьккхинера хIуманан дуьхе сиха кхиарций, кIорггера хьекъал долуш стаг хиларций.

Ламанхойн-жаIуйн ерриге дика амалш шеца йолуш стаг вара Симон. Каде а, нийсо езаш а вара иза, ур-атталлаа, чуьрк ен а хIуттур вацара; амма цхьаьнгара даьллачу муьлххачу а ца товчу хIумано цуьнан дагна йоккха чов йора, харцо йиначунна иза екха шен ницкъаш ца кхоабора цо.

Массарна дукхавезара хаза, тамехь куц долу, нийсонна тIехь лаьтта Симон. Цундела массарна лаьара цуьнца доттагIалла лело. Кестта суна а кхечарал хьоме хилла дIахIоьттира иза.

ХIаъ, гуьйре тIеера. Суна хIинца а карийна вацара накъост. Гарехь, сох ца тешара, тIаккха ас сацам бира сайн жаIушца со цхьаъ Нохчийнчу ваха. Iай цигахь дажадора оха тхайн жа.

Цхьана суьйранна тхайн жа буьйсанан метта-мотт болчу а лаьллина, цIерана хьалха охьахевшина дохкура тхо, сан жен жIаьла, лета а леташ, басахула дIахьаьдча, цхьа жаIу хьала а иккхина, цунна тIаьхьахьаьдира, тхуна тIевогIучу стагана тIе ца кхетийта.

– Суьйре дика хуьлда шун! – элира тIевеанчо.

ЖаIуша, гIиллакхца ма-доггIура, хьалагIевттина, маршалла схьаийцира.

– Хьоьца гIуллакх долуш веана со, – элира цо, жимма пхьуьйрах кхеттачул тIаьхьа, соьгахьа схьа а воьрзуш.

– ХIун гIуллакх ду иза?

– Хьо тхайх схьакхетийла лаьара тхуна.

Кхаъ хилла тохавелира со – хIинццалц накъостех дIакхета ца луш схьавогIура со.

– Хазахеташ дIакхетар ву, – элира ас. – Иштта тIаьхьа хIунда дисна шу? Хьалххе сох хабар хIунда ца тухура аш, шуна хаа ма хаьара со накъост лоьхуш лелаш вуй?

– Хаа-м дера хаьара тхуна, амма ца тешар-кха хьо баккъал лелаш ву бохучух... Со-м кхул хьалха а хьо волчу ван воьллера, амма сан накъостий дуьхьал бара, церан лаамна тIера сан волийла дацара.

– ХIан, ахь боху накъостийн лаамна тIера волийла дацара, ткъа хIинца царна айкхвуьйлуш ву хьо. ХIун хир ду ас сайн дагчохь цаьрга цхьа хьагI кхабахь?

– А-а! ХIинца хьо тхан накъост ву, хьох къехкар Далла а, нахана а хьалха къилахь хир ду. Накъост шадерриг хууш хила веза, шадерриг, Иверин эскар лардеш долчу маликах дуй боу ас.

– Хьуна хIунда лаьа соьца доттагIалла таса?

– ХIундий? Хьо йоза-дешар хууш волу дела.

– Кхин а хIунда?

– Кхин а – гIалагIазкхий питане, Iоттабаккхаме нах бу, ткъа хьо цаьрца ларор ву.

– Цара дукха сагатдо шун?

– Сийлахьчу Гиоргийх дуй боу ас, дукха сагатдо. Хьуна хаац, церан бала ца кхочуш хIума дац-кха.

Оцу тIехь тхайн къамел юкъахдаьккхира оха. Вовшашна чучча а дахана Iачу уьстагIашна юьстахо, кIел вертанаш а тийсина, охьадийшира тхо.

Хиэ дIахIоьттира кхо жаIу. Сахиллалц уьстагIий лардира цара, цхьаъ дIакъастарна а кхоьруш.

Сатесира. Лаккха лома тIехьара хьалагIаьттира малх, дерриге жил-Iалам дешех а къагош.

Буьйсанан дарбанечу тхино лийчийнера кIеда буц, тайп-тайпанчу беснашца аьхна лепа девлира зезагаш, малх шайн исбаьхьаллех Iабо санна.

ЖаIуй хьалагIевттира, юьхь-куьг дилира, тIаккха хьалха лаьттачу некъан ойла ян бевлира сингаттамца а, дерриге дика чекхдериг хиларан дегайовхонца а, юх-юха а матта тIе дийшина дешнаш а олуш: «Веза Дела, тхо ларде ахь гIалагIазкхийн талорах!»

ХIоъ баа лаьллира жа. Со а, Симон а метта-мотт болчохь висира, уьстагIий цхьаьна маца тухур ду а, Нохчийчу новкъадовлале бан безачу кечамах а дерг къасторхьама.

– Хьо тхан коьрта жаIу хир ву, – элира Симона.

– Коьрта жаIу хила соьга хIунда боху ахь, сол дукхах зеделларг дерш а хилча?

– Хьуна массанхьа неIарш йиллина ю. Корта охьа ца бохуьйтуш дIалатталур ву хьо. Ткъа тхо хIун ю, цхьа пекъарш... гIалагIазкхийн талорах хьалхадаха аьтто бала а тарло хьан, ткъа оха цуьнга дог а ца доху.

Гой шуна, мел Iазап латтош хилла машар дIахIотто чубалийначу гIалагIазкхаша кхузарчу нахехь.

– Хьо тхоьца хилча я старшинас а, я пурстоьпо а халахетар дийр дац тхуна, – жимма соцунгIа а хилла, тIетуьйхира Симона.

– Цара а хьийзадо шу?

– Далла хаьа-кха и! Некъа-кехат карадалале са а, пах а сенбо-кха цара, – сингаттаме эккхийтира цо. – Некъа-кехат доцуш Нохчийчу ваха йиш яц. Ткъа бакъо пурстоьпо ло, цо старшинагара тоьшалла доьху...

– Сел дагийна хьовза хIума ду иза? Шарахь цкъа бен даккха дезий некъа-кехат?

– Шарахь цкъа. Амма дукха хала ло-кх цара иза...

– ХIунда?

– ХIунда боху ахь? – велавелира иза. – Юьхьанца юкъара цхьа некъа-кехат даккха деза жа тIера, массо жаIу юкъа а лоцуш, тIаккха хIора кхаа стагана. Цхьацца...

– Иза стенна оьшу?

– Цхьаберш кхача бан бохуьйту, вуьш хьажа-хIотта цIа баха безаш нисло. Цул сов, бежнашна ша къаьсттина некъакехат хила деза... Доцца аьлча, цхьа Дела воцчунна хуур долуш хIума дац иза. Дала тIе ма доуьйтийла цаьрца гIуллакх Iоттадалар. ХIуммаъ дац, тхан дахарца цхьажимма ваьхча, хьуна а хуур ду жаIушна мел хала ду.

– Хьуна, тешна, доккха халахетар дина цара, цундела дуьйцу ахь ишта? – элира ас.

И ма ду иза, дина дера доккха халахетар-м! – тIетайра ас аьллачунна Симон. – Стохка сан жа Асиновкехь дара, ткъа со цIа ца вахча волуш вацара: сан зуда кхелхинера, иза дIаерзо езара... Iа юккъе даханчу хенахь, ван а веана, цхьана стага соьга хаам бира, тхан жоьланаш яьгна, аьлла. Доккха вон дара суна тIедеанарг. Юха а некъа-кехат даккха старшина волчу дIахьаьдира со. Цо пурстопана тIехьажийра со.Ткъа пурстоп Квешетехь вехаш вара. Кхузара Квешете кхузткъа чаккхарма хир ю. Цига а, юха а – цхьа бIе ткъа. Забар ма яц Iай и некъ гIаш бар, цу тIе лаьмнашкахула. ХIун дан деза? Старшинага справка йийхира ас. МухIар тухург соьгара пхи сом ца даькхича, иза ца елира цо. Далла бу хастам, кхин некъахьовзам боцуш ламанан дукъ хадийра ас, ткъа пурстоп, дIахьаьжча, шен гIуллакхашна Тбилисе вахана хили. Есаула элира, мел лахара а цхьа бутт боккхур бу цо цигахь. ХIун дан деза? Дог дуьйхи сан: со да волу берриге бахам – уьстагIий дара. Жоьланаш яьгна. Суна билггала ца хаьара дерриге уьстагIий хIаллакьхилла я ца хилла. Ойла йина-йина, новкъавелира со. Новкъахь нуьцкъала дарц делира, лай кIел висаза велира со. ЦIахь Iен йиш яцара, некъа-кехат а доцуш дIаваха сацам бира ас. Моьттура, ас сайн бала балхийча, сох къа а хетта, чекхволуьйтур ву. Амма Даръял Iин чу воьссича, гIалагIазкхашна тIеIоттавелира со. Некъа-кехат дацара соьгахь. Цара схьа а лаьцна, куьйгаш а дихкина, Дзауге дIавигира. Шина кIирнах набахтехь латтийра, тIаккха тутмакхех а тоьхна, Душете дIахьажийра. Шина кIирнах некъ бира оха. ДогIийжара. Схьаэккха санна, детталора иза. Цигахь цхьана кIирнах а латтийна, дIахийцира. Далла бу хастам уьстагIий хIаллак ца хилла! Оцу дерриге къематах чекхваьлча, со муха хила веза цаьрца?

Цуьнга ладоьгIуш, ас боккха сингаттам кийрахь болуш ойла йора вайн кегаречу заманан: хьаналчу къахьегархочунна цхьана а агIор гIо хила меттиг бац. Ас халкъан декъазчу кхолламан ойла йора. Дегнашна матар тесначу хьаькамаша шайггара хIоттийна деш ду царна Iазап. Церан шайн законаш а, шайн низам а ду; шайггара шаьш хIоттийна, тIаккха ницкъ боцу ял а йоккху цаьргара.

III

Цхьа хан елира. Ас некъа-кехаташ кечдира, тIаккха цхьана накъосталлина юкъадоггу тхо дерриш цана хьокхучу Шавхелиани аренгахь гулделира, Теркал дехьа, нийсса СтIепанцIминдина дуьххьала. Кхана новкъадовла дагахь, оха тхайна юкъахь жа а декъна, Iодиканан шун хIотто сацам бира. Массара ламазаш дира, гулбеллачу доттагIашций, гергарчаьрций Iодика а йира. Доцца аьлча, моьттур дара тхо тIам тIе доьлхуш ду, я цхьана даккхийчу зиэрех чекхдовла деза. НогIийн а, нохчийн а латтанаш баккъал тхуна генахь дара. Амма цигахь а ма бу маьрша бахархой! ТIаккха хIунда кхоьрура хIорш, жа а дажош, иза Iаьнах хене даккха новкъабовлуш болу? Суна дерриге ца хаьара, ца хаьара хьалха, лан езаш мел дукха халонаш ю, Iовша безаш мел дукха гIайгIа-баланаш бу...

Оцу шуьнехь массо жаIуьно цхьабарт хиларца сацам бира новкъахь а, садаIа севцинчохь а со шайн тхьамда хир ву, аьлла. Ткъа Симонах, ас дехарца, сан гIоьнча вира. Шуьнехь цхьанна тIаьххье кхин кедаш тIекхоьхьуьйтура суна, батташкахь суна тIера кедаш уьйура, со шайн дегайовхо а, чIагIо а ю, бохуш.

Малх чубуза горгбеллера, тхо шун тIера хьала а гIевттина, со сайн декхарш кхочушдан волавелча. Шуьнехь дукха дийцира хьалхалаьттачу халонех, талорех, ца хилча ца бовлучу Iоттабаккхамех. Цундела ас хьалхарчу рогIехь коьрта тидам герзана тIебахийтира. ЖаIуй а гулбина, церан герз теллира ас. Резахилла висира со цунна. Массеран тоьпаш а, тапчанаш а лерина цIанйина яра, мокхазаш керла дара, шаьлтанаш –

ира, молха а, цIетухийлаш а – шортта. Доцца аьлча, хинцца дIахьовсийча а, тIам тIе баха кийчча бара уьш.

Оцу буьйсана шаьш долчуьра меттах ца дехира оха жаш, ткъа шолгIачу дийнахь сатоссуш гIалагIазкхийн Махан юрт станицехула чекхдевлла, оха Iаьнна дежийлаш эцначу БоргIане даха новкъадовла дезаш дара тхо.

Со а, Симон а цхьацца гIуллакхаш листа а, цIерачаьрца Iодикаян а тхан юьрта вахара.

– Дукха чIогIа кечлуш ду вай, Симон. Стенна ду-м хаац, – элира ас.

– Кечам хьалххе бан беза. Бохам тIебеача, тIаккха тIаьхьа хир ду, – парггIат жоп делира цо.

– Ахьа-м вай тIам тIе доьлхуш санна ма дуьйцу, – вела-велира со, иза къамеле а ваькхина, новкъахь тхайх Iотталун дерг хIун ду схьадийцийта дагахь.

– ХIун башхо ю, диканиг, тIам тIе доьлхуш хилча а, жа дуьгуш хилча а? Герз массанхьа оьшуш ду.

– Иза муха хуьлу?

– Массо ву хьан хьайбанашна юьйлина кIел хиъна: экха а, адам а, хенан хIоттам а. Массо мостагI ву. Массара а кхерам туьйсу, – элира цо. – Цундела ву хьуна жаIу декъаза стаг. Муьлххачу балхахь садаIа мукъа хан йолу, ткъа жа а дитина, дехьа цхьа ког боккхийла дац хьан. Де доьхна деача, милла а хьуламехь далечкъар ву, ткъа жаIу шен жаца вала дIалаьттар ву. Буьйсана а сема хила веза – жа кхера ца далийта, экха тIе ца дайта я къу ца табийта. ЖаIун я дийнахь а, я буса а мукъа хан яц.

Баккъал, дешархо, сурт хIоттадел хьайна: арахь лаьтташ ву шийлачу, Iаьржачу буса жаIу. Чийлак чуьра санна догIуш ду догIа, дегIах чекхйолу шело – мох бу дера хьоькхуш, догIанан тIадамаш-мехий юьхь тIе детташ, кхин а чIогIа шен вертанах хьаьрча жаIу, – хIан-хIа, Iу воцуш дита йиш яц жа, дежачуьра юкъахдаккха, массо хенахь а сакх-сема хила веза.

Далла тIе болх а биллина, Хевин сийлахь-беза нах дагалаьцна, тхо новкъадевлира.

Тхайн юкъара жа оха пхеа декъе дийкъира. Коьртехь долчу жа тIе Симон хIоьттира, ткъа со – тIаьхьарчунна.

Юьхьанца Симон дуьхьал вара, амма ас элира, иштта суна атта хир ду дерриге жа тидамехь латто. Иза резахилира.

Жан могIа бахбелира готта хьийзачу Iин чухула. Меллаша, ларлуш догIу иза Дарьялна тIекхечира. ЦIеххьана хьалхара уьстагIий севцира, гIовгIа а йоккхуш. Ведда суна тIе а веана, цхьана жаIуьно хаам бира: гIалагIазкхаша жа чекх ца долуьйту, аьлла. Дарьялехь паргIато ларъярхьама, гIаролехь лаьттачийн бакъо ю гIаш-говрахь тIехбовлучийн некъа-кехаташ талла.

Со гIаролашна тIевахара, хIун ду хьажа. Цара хьалхара жаш совца а дина, гонах юьйцина керт йиначу ргIу чу лаьхкина хилла. Дика лийчийна цIена уьстагIий гоьллец хотталахь лаьттара. Цул сов, кой а, жерчий а цхьаьна а тоьхнера. Цара кхуззахь жий оре а лоцура. Оцу хьолехь бIаьстенан буц тIеялале дуьнен тIе девр дара Iахарий. ТIаккха нанойн уьш дузо шура тоьур яцара. Iахарий я лийр дара, я эгIаза кхуьур дара. Церан тIаргIа а дика ца хуьлу. Ткъа хотталахь дукха лаьттича, уьстагIийн когаш лозу, царна бергашца лай кIелара буц яккха ца ло. Нагахь санна Iаьнах довлахь а, гIийла кхуьур ду, тIаьхье а лур яц.

Амма гIалагIазкхашна иза ца хаьара я цунах кхета ца лаьара. Со цецваькхинарг кхин дара – тхоьца пусаре бацара уьш, дуьненан цIонга хадийнарш шаьш ду моьттуш дIалаьттара.

Суна гуо бира жаIуша – тхайчара а, хийрачара а. Массара доьхура, гIо лацахьара бохуш.

– Шу хIунда совцийна? – хаьттира ас цаьрга.

– Тхуна цхьа а бахьана а доцуш коча баьхкина-кх хIорш, шовзткъе итт сом луо, бохуш. ТIаккха чекхдовлуьйтур ду, боху. Оха итт сом лора – реза ца хуьлу.

– Аш хIун дуьйцу? ХIунда луш ду царна ахча? – элира ас. – Шун лакхарниг муьлха ву? – хаьттира ас кхуззахь лаьттачу цхьана гIалагIазкхичуьнга.

– Ахь хIун до цунах? Хьо тхан хьаькам-м вац?

– Хьуна кхана хуур ду со мила ву, – оьгIазе элира ас, – Мила ву шун лакхарниг! – юха а сайн хаттар дира ас.

– Со ву лакхарниг! Схьадийца, хIун лаьа хьуна?

– Жа хIунда сацийна аш?

– Тхайн бакъо йолу дела. Кхин хатта хIума дарий хьан?

– Хьуна хаьий, жаIушна айхьа мел зен деш ду?

– Дерриге жа хIаллакьхилча а, сан хIун бала бу?

Со кхийтира: цуьнга адамийн мотт бийцар эрна дара. Кхин цхьана хIуманах шеквелира со: лакхарчун духарна тIехь цхьа а билгало яцара.

Со казарми чу вахара. НеIарехь суна дуьхьалхIоьттира кхин цхьаъ.

– Ахь хIун до? – сацийра цо со.

– Суна шун командир ган лаьа.

– Иза волчохь хьеший бу. Мукъа вац иза.

– Вада, гIан а гIой, со иза ган лууш ву ала цуьнга, – ас сайн цIе яьккхира.

– Тхо хьан куьйгалли кIел-м дац? – велавелира иза.

Ас халла садеттара. Низам лардархо шен самукъадоккхуш ву, ткъа нийсо а, шайгара адамалла хилар а лоьхуш берш беламе боху. Сан ирсана, суна дика хаьара оьрсийн мотт, – иза хууш боцчаьрца хIорш кхин а кIоршаме хир бара.

Вуха а вирзина, берашка мохь тоьхна, жа ара а даккхий, дIадуьйлало элира ас.

Пекъарш, ас аьлларг дIа ма-хеззи, тIах-аьлла хьаьвзира уьш. Оцу сохьта цкъа а ца хилча санна, дIаяьккхира гонах лаьцна керт, – уьстагIий ара лехка буьйлабелира. Вуьш, самукъадаьлла, шаьш а некъехьа дIадевдира.

Цхьана жаIунна юххе а иккхина, цунна шед туьйхира гIалагIазкхичо. Важа дарвелира, дехьарчу керта иккхина гIалагIазкхин катоьхна охьа а ваьккхина, иза уппадаваккха волавелира жаIу. Аса халла схьаваьккхира цуьнан карара декъазниг. Цуьнан мохь баьлча, аралилхина кхиболу гIалагIазкхий жаIушна тIекхийсабелира. Уьш пхийттех вара, ткъа жаIуй, цхьаъ цхьаннал онда а, доьналле а, везткъа стаг. Цундела гIалгIазкхий, сихха юха а бевлла, жаIуй къинтIерабаха хIиттира. Церан командир, цхьа хьанех Белогородов я Белогородский дика дага ца йогIу суна цуьнан цIе, кеп а йолуш, чухула духучу духарца араиккхира. Буьрса цIогIа туьйхира цо:

«Кара герз», – аьлла. Амма белхха бохкуш шайн гIалагIазкхий гича, омра юхадаькkхира. Шен чу а вахана, чоа а дуьйхина, юкъах кхозуш тур а долуш, лерамца суна тIе а веана, бехк цабиллар дийхира шайгара далийтинчу гIалатна а, ледарлонна а.

Сайн нах дIаггебира аса. ЖаIуй цец а буьйлуш, кхин некъахьовзам ца хуьлуш, дIадуьйладелира тхо.

IV

Дарьялехь нисделлачух хаза меттадахка а кхиале, иссех чаккхарма дехьадевлча, ларски гIаролаша некъ а бихкина, хIора жа тIера цхьацца уьстаг бийхира тхоьгара. «ХIунда, муьлхачу бакъонна тIедоьгIна?» – цунах тхо кхетош стаг вацара. Тхо кхеташ ду. Цара бохург дан реза дацара. Доккха дов дер долуш дара тхан, нагахь санна циггахь паччахьан акцизни тIе а кхаьчна, баьчче со мила ву цо ца аьллехьара.

Тхуна некъ маьрша баькkхира. ЧIогIа резахилла бара жаIуй.

Кхин а цхьа хан яьлча, тхо Чалхи хи тIе кхечира. Цуьнан бердайистехь тхан «ХIусамхоша» цIерш а латийна, тхуна пхьуьйре ян кхача кечбира. Буьйса яккха а кхузахь сацийнера оха.

Жа дажа дIалаьллира. Дийно сарралц меца некъ бинера цо – некъан йистошкара буц тхол хьалха баханчийн уьстагIаша йиъна дIаяькkхинера. Цундела тховса дика дузо дезара жа.

– Кхузахь чIогIа сема хила веза, – элира Симона, суна тIе а веана.

– ХIунда боху ахь? – хаьттира ас.

– Кхузахь берзалой хуьлу. Вуьшта, гIалагIазкхел хIумма гIоли бац хIирий а. Къаьркъа а дохьуш кхуза а богIий, хьошалла дечуха, дагахь уьстагI баккха хIун хIилла лелор дара-те бохург хуьлу церан.

– И дан-м баьхьар бацара уьш!

– Хьох-м озабала а тарло уьш. Хьо вевзаш волчу стеган кIант ву, ткъа со цара лара а ца лору.

Дехьо ваьлла, тІаьхьа а бисина, лаьттах муцІур Іуьттуш боллучу уьстагІна тІулг кхоьссира Симона.

– Дала дІаэцарг, латта дууш бу. Тешна, туьха дезаш бу иза.

Со меттамотт болчу вахара. Даре дан деза, со цецваькхира буьйса яккха хаьржинчу меттиго. Иза куьйга йина чІагІо санна яра. Лакхара дІа бІаьрг тоьхча, шерра гуш яра ерриге меттиг.

Суна тІе а веана, нийса накъосто санна, язораш ца еш, хІоьттина хьал довзийтира цхьана жаІуьно. ХІаъ, иштта хила догІура – коьрта жаІу ма вара со!

– Шадерриг дика ду, амма хьун гена ю-кх, – элира ас.

– Иза дикахо ду. Нагахь санна барзо я къуьно уьстагІ дІахьахь, къайлавала меттиг яц кхузахь.

Иза шен гІуллакх дика девзачу стеган жоп дара. Цунна резахилира со. Тхойша цхьаьний дІаволавелира.

ЦІерашна тІедахара тхо. Ас тидам бира: тхан долчел дукха адам дара царна хьалха.

– Ма дукха а ду шу! – элира ас.

– ХІорш тхан «хьеший» хІирий бу. ХІуъу дича а, тІаьхьара а бевр бац, шайна цхьа хІума ца елча.

ТІевахча, хьешаша гуо бира суна. ТІаьххьара дуйнаш даа буьйлабелира, кхузахула жа тІех долуш, хІокхо бен уьстагІ ца луш цкъа а дитина дац тхо, бохуш. Ткъа цхьаъ тхан дас шена белла уьстагІ бийца волавелира. Иза, цо дийцарехь, пийле кхочуш ца хиллехь а, гоммашал бара.

Хьешаша шиша къаьркъа диллира тхуна, тхоьца иза дІа а мелира. «Варайда-варайда», – илли ца хедаш, шаьш кІордадайтира цара. ТІаккха шо кхаьчна уьстагІ а лой, новкъабаха уьш, элира ас. Цул тІаьхьа хала-балица дІахьовсийра оха кхайкхаза хьеший. Жа буьйсанна Іалашдайта пурба доьхура цара. Амма сан жаІуй дукха реза боцуш хьуьйсура цаьрга. Ас церан дехар юхатуьйхира.

Цул тІаьхьа тІебаьхкира хиэхь лаьтта жаІуй. Шайн пхьор а эцна, жІаьлешца сахиллалц гІаролехь латта дІабахара уьш.

Оха, бухадисинчара, дика пхьуьйре йира: йовха сискал а, кхеххийна жижиг а дара кечдина. Самукъане чекхдели-

ра пхьор: забарш еш, байташца вовшашна кхийсарш еш. Воккхавеш хьоьжура со оцу нахе – уьш, къийсамо а, шайн атта боцчу балхо а бахчийна нах, хIинца хIокху сохьта ирсе бара, кIадо а йицъеллера царна.

Тхайн еха луьлланаш а узуш, кхин а цхьацца дуьйцуш а Iийна, тхайн вертанаш а эцна, уьстагIашна гуо беш, охьадийшира тхо.

Бутт къайлабаьллера, ткъа стигалан панахь седарчий кхин а сирла къегира, тхуна кхаане серло а етташ. Акъ а девлла, бага а гIаттийна лаьттачу лаьмнаша, дуьхьало йоцуш чекхбовлуьйтура шайн Iаннашкахула цхьалха некъахой. Буьйсанна уьш кхин а даккхий хеталора. Эххар уьш буьйсанан бодашкахь довра.

Генарчу Теркан гIовгIа тийна, хьастаме аьхна аганан илли санна схьахезара. Экхано са ца гатдора уьстагIийн, цундела паргIат, лета а ца леташ, гIарол деш Iара жен жIаьлеш.

Иштта тийна, хазачу хIаваэхь зезагийн хьожанца иэелла йолан хьожа а йолуш йолчу буьйсанна, дог цхьа тамашийна айаделла хуьлу.

Са атта даIалора, дахар, шех ваха хьегош, пхенашкара цIий къехкочу ниIматах ницкъ хетара.

Иштта хетара суна тховсалера буьйса. Иштта хир яра иза массарна а.

Наб яйнера сан. Сан ойланаш пана кхерстара.

Эххар сан бIаьрг-негIарш тIекъовладелира, набаран йийсаре вахара со. Амма дукха хан ялале сан лере еара синтем боцуш летачу жIаьлийн гIовгIа, тоьпийн татанаш, жаIуйн маьхьарий.

Со хьалаиккхира. Берриге жаIуй когаш тIехь бара. Цхьамма кхерийна даьржинчу уьстагIашна тIаьхьабевлла, хьаьвдда-бевдда лелара уьш.

Ткъа цIерш йолчохь, жIаьлеша гуо бина, Iадийна ега а еш, кхийсалуш лаьттара борз. Эххар жIаьлеша охьа а тоьхна, ерира иза.

ЖаIуйша халла шайн лааме далийра уьстагIий. Хьалхалеррачу метте тIегулдира уьш.

Сатаса герга дара. Со кхийтира: тховса наб яр а, садаIар а тхан хирг цахиларх.

Сатасар билгалделира жаIуйн шакаршций, вовшашка деттачу маьхьаршций. Тхайн жашца новкъадевлира тхо. Балта-Юьртана юххехь совцийра тхо. Чекхдовлуьйтург ахча дийхира цара. Иза нийса боккхуш мах бацара. Амма гIаролаш шайчунна тIера ца бовлура.

Цара бохург ца дича ца девлира тхо. Оха тхайн некъа-кехаташ дIагайтира. Царна тIехь билгалдаьккхина дара долуш долчу уьстагIийн кортош а, стерчий а. Уьш тхан документех ца тийшира, уьстагIий шаьш дагардан буьйлабелира.

Ойла ел аш, мел хан езар яра бархI эзар сов уьстагI багарбан, жаIушна хуьлуш долу зиэн ца дийцича а?

Со гIаролхойн хьаькамна тIевахара, амма ас мел дина дехарш жоп доцуш дисира. Шечунна тIера ца волура иза. «Дагардан деза!» Моьттур дара, цунна кхин дешнаш дицделла.

Новкъахула хьала-охьа лелаш яра ворданаш, хIургонаш, пайтонаш, эмкалш – дехьа-сехьавала меттиг бацара. Некъ дIакъовлабеллера.

Ас сацам бира жа, юха а дерзийна, юххерчу цхьана арен тIе дажа лахка, со Владикавказе вахана валлац. Кхузара шийтта чаккхарма бен яцара иза. Сайна дика вевзаш волчу Б. ДелакIруана тIе а вахана, кху новкъахь лелош долу нийса доцу хIуманаш дIадийца воллура со.

Хьаькам волчуьра ара а ваьлла, новкъавала воллуш, суна тIевеара цхьа гIарол.

– Эрна ду ахь дагалаьцнарг, – элира цо.

– ХIунда ду эрна? – цецвелира со. ТIаккха оьгIазе тIетуьйхира: – Тхо шун некъашкахула схьадаьхкина дац, ткъа аш тхоьгара ахча доьху. Ахча дехна ца Iаш, тхан кехатех а ца теша, пурстоьпо пачхьалкхан мухIарца чагIдина доллушехь. Тхуна зиэн а деш, тхан уьстагIий шаьш дагардан а гIерта...

– Оцу дерригенна тхоьгахь закон ду. Тхан хьаькамалло тIедиллина иза тхуна.

– Со ца теша, шун хьаькамалло шуьга адам хьийзаде боху аьлча.

– Хlетте а иштта ду иза, хьо оьгlаз ма гlо, – со теван гlертара иза.

Иштгачу нахана тlехь ду цхьа шатайпа мухlар. Уьш кхечу эзарнаш адамех атта къасталур бара. Бос баьхьна, амма лерина тlедуьйхина, раз баьккхина тиллина куй болуш, цунна бухахула схьакъедаш хьакхин даьтта хьаькхна месаш, ирх хьаьвзина мекхаш, муьтlахь-хlиллане юьхьмарш йолуш, массо хенахь къайллах безаме дош аьлла къамел кlаддан гlерташ – иштта бу уьш. Наггахь санна оьшучохь дош нийса дацахь, оцу сохьта кхуллур ду цо, цуьнан маьlна тидаме ца оьцуш, кхузахь догlуца догlу ца хьоьжуш. Доцца аьлча, сан къамелахо, иза дехаре мел волу дог-пах сендечех вара.

– Со эрна хlунда оьху оьгlаз? – кlоршаме хаьттира ас.

– Совгlатна кхо-биъ lахар луо – шу дlадохуьйтур ду, – киснара цигаьркаш схьаехира цо. – Оза, – соьга кховдийра.

– Баркалла, – элира ас. Тlаккха жаlу тlе а кхайкхина, говр схьаялае, элира ас.

– Хlета, ирх-пурх воьдуш ву-кх хьо? – юха а хаьттира цо.

– Воьдуш ву! Ма-воддара господин Делакlруана тlе. Ас дlадуьйцур ду цунна аш кхузахь хlоттийна низам.

– Суна хетарехь,.. – велавелира иза.

– Хьуна хlумма ца хета! – юкъахваьккхира ас иза, дукха дарвелла.

Говр схьаялийра. Ас луьйтан чу ког буьллушехь, салти юха а вистхилира соьга:

– Ши уьстагI мукъана лахьара аш? Ас шу дlадахийтахьара аьлла, доьхур дара.

«Хезна хlума дуй хlара? Хlун ю а ца хууш йолчу хlокху боьхачу хlумано кхечу боьхачу хlумане дехар дийр ду, хьанала шайн рицкъа доккхуш бохку къинхьегамхой дlабахийтахьара аьлла. Карахь оьшуш долу кехаташ доллушехь. Цаьрца тхо пачхьалкхан новкъа а довлийтина. Со мичахь ву, Везан Дела! Хlун ду кхузахь хуьлуш дерг?» – ойла йора ас.

– Уьш дlа а лой, новкъадовлий вай? – элира Симона.

– Цхьа ког боккхур бац, и мах белла. Цкъа мукъане а шайн метта бахка ма беза хlара талорхой! – элира ас.

– Ницкъ кхочур буй-те?

– Кхочур бу. Кхарна таIзар а дийр ду.

– Даима лаьттар ма дац хIара тIингар кхузахь. Вай юха а дерзале кхин хIотто тарло. Цо а иштта талор дийр ду.

– Хаьий хьуна, хьоьга ладоьгIча-м, дуьнен тIехь беккъа цхьа талорхой бен, хьанала нах бан а бац, – дог даьттIа, чIоггIа элира ас.

– Массо талорхо вацахь а, тоъал ю нийсо яцарш. ХIета, со хIун ала воллу хьоьга. Нагахь санна хьо хьайчунна тIера вер воцуш чIагIвеллехь, лакхахьо хил дехьа а довлий, кхечу новкъа дIагIо вай?

– Деса хIума ду ахь дуьйцург, – къамелана юкъаиккхира жаIу. – Стохка тхо иштта лакхешкахула доьлхуш дара, Джайрахах чекхдевлира. Дзауге кхаччалц пачхьалкхан некъах бIаьрг ца кхийтира тхан. ХIетте а, гIалагIазкхаша тхуна тIе а кхиъна, тхоьгара шозза сов мах баькккхира.

– Муха? Пачхьалкхан некъа тIе ког биллина боццушехь, хIетте а ахча даькккхира шуьгара? – цецваьлла хаьттира ас.

– Делаца чIагIо йо ас, иштта ма дара иза.

Симона бохучунна тIетан резахиллера со, иштта эхь иза хеташ кхаьънаш кхузахь оьцуш хиларх а суо тешархьама, амма ял ца луш нах дIасалела тIай доьхна хилира, ткъа татол чуьра хи кIорга дара. Цундела Владикавказе ваха сацам чIагIбелира сан дагчохь. Амма оццу хенахь йоккхачу гIовгIанца Балте схьакхечира цхьа пайто. Цу чуьра охьавоьссира ша ДелакIруа.

Ас дерригенах кхетийра иза, дийцира хIокхара тхайгахь латтийначу балех лаьцна. ГIаролин хьаькамна луьра таIзар дира цо.

– Лераме государь, адамаш дерриш цхьатера ма дац. Шуна хаа деза хьанала къинхьегамхой а, курхаллаш, талораш деш леларш а къасто, – тIетуьйхира цо.

Ас сайна цхьанна хIумма а ца доьхура, ткъа массарна а нийсо дIахIотто лаьара суна. Цундела, Iен а ца велла, ас элира:

– Господин полковник! Ас сайн къинхетам бе ца боху, ткъа массарна а цхьа низам дIахIоттор доьху.

– Тамашийна стаг ву хьо! – велавелира иза. – Хьоьца а, дIо цхьана муьжгашца а цхьабосса хила йиш ма яц.

– Суна иштта хета: закон массарна цхьаъ хила деза, къестамаш а ца беш.

– Ахь мел хIуъу дийцича а, иштта цкъа а хир дац, – корта ластийра цо.

Дехха Iийра тхо къамелаш деш. Дерриге дIадирзира, тхоьгара ял а ца йоккхуш, массарна долу низам лардан со мел гIертарх а.

VI

Тхуна хьалха яьржара Путхузан аре. Цуьнан дехьарчу маьIIехь томкин буькъа кIур бара. И кIур бара тIехула, тIаьхьа оьрсаша Владикавказ цIе тиллинчу Дзаугана тIехула. Шина дийнахь новкъахь гIелделла а, мацделла а жа хьеначу бацана тIетаьIира. ЖаIуй а доккха садоккхуш паргIатбевлира, хIунда аьлча Дзаугана дехьа тхуна тIаьхьара ца бовлу бохамаш бухатоха атга дара. Шадерриг хIокху къонахийн доьналлах дозуш дара.

Тхо шуьйрачу арахь лаьттара. Цуьнан цхьана агIор дара Терк. Коьртехь иза чехка а, гIад дуткъа а ду. Аренга даьлча иза даьржа, тийначу боларехь керчайо шен нуьцкъала тулгIеш. Оцу меттиго ша дуьйцу, адамашна хIара я важа киртиг тIехIоьттича, уьш муха хила беза.

Владикавказера тхуна дуьхьалвеара масех говр-бере.

– Хьенан ду хIара жа? – хаьттира цара.

– Тхан ду, – элира цхьана жаIуьно.

– Лакхарниг муьлха ву?

Суна тIе куьг хьажийра. Суна тIе баьхкира береш. Схьахедира: дийнахь-бусий хIор уьстагIна тIера цхьа кепек ял яла еза аьлла. Юха а хаьттира: маца дагахь ду кхузара дIадаха аьлла.

– Кхузахь кхо де даккха сацам хиллера тхан, хIунда аьлча бархI баттахь аренаш гезъеш лела дезара тхан. Цундела гIалахь цхьацца оьшуш йолу хIуманаш эца дагахь а дара тхо.

Масала, хулчешна тІаьрсиг, цхьацца тІедуху барзакъаш. Иштта дохка дагахь дара тхо даьІна кой а.

Береша, цхьа кехат схьа а кховдийна, соьга элира, цу тІехь тхо даьххина хан шаьш билгалйина.

Ас, схьа а эцна, кехат дийшира. Цец-акъваьлла висира со. Цу тІехь аьлла дара тхо хьалхарчу сентябрехь даьххина, ткъа тхо кхуза кхаьчна де – ялхалгІа сентябрь дара.

– Шу, схьахетарехь, гІалатдевлла, – элира ас, кехат юха дІа а кховдош, – тахана ялхалгІа сентябрь ду, ткъа кху кехат тІехь билгалдаьккхинарг хьалхара сентябрь ду.

– Схьагайтал цкъа, – элира цхьана беречо, тІаккха говрара охьа а иккхина, сан лере а таьІна, элира: – Цхьаьнгга хІумма ма ала, туьма лур ду хьуна.

Юьхьанца со, ца кхеташ цецвелира: стенна луш ду суна туьма? Сихха шадоллучух кхийтира: иза миска жаІуй кхин къа ца хеташ талоран цхьа кеп ю. ГІуллакх иштта ду. Іа даккха жа кхечанхьа дуьгуш, оьрсийн мотт ца хуучу жаІуйша талмаж лоцу. Иштта талмажаш хьаькамашна юххера нах хуьлу. Цара вуно атта караерзайо церан амалш, оьрсийн маттах жимма кхета Іема, тІаккха кхин бІаьрг-негІар ца тухуш шайн вежарий Іехабо, тилабо.

– Хьо гІалатваьлла, доттагІ! – элира ас. – Эзар уьстагІ тІера цхьацца кепек яьккхича, эзарна тІера 10 сом хуьлу, ткъа пхеа дийнахь-буса – шовзткъе итт сом. Ткъа сан уьш дукха ду.

– Хьоьгара хІума йоккхур яц оха, – юха а элира цо, лере а таьІна.

– Делах ца кхоьру хьо, дин доцу хІума?! – юкъагІоьртира тІевеана Симон. – ДогІург дІа а эций, дІавала бІаьргашна гучуьра!

– Хьо вала дІа! Хьоьга хьан хІун хоьтту? Хьуо хьаьнца къамел деш ву хаац хьуна? – тІечевхира подрядчик.

– Ахь къовла хьайн бат! Ца къовлахь... – оьгІазе цунна тІеволавелира цхьа жаІу. – Ас ца боху хьоьга, дІасаца! Кхин цхьа чІикъ даккхахь, сан мостагІ а лийр вац-кха ас хьо говра тІера охьакхоссале хьалха. Хьо гІалагІазкхи ма вац!

Дуьхьал кхин дош ца далош, говр юха а ерзийна, гIалехьа дIатилира бере.

– Ма сиха а дIаиккхи! – элира Симона. Хетарехь, стохкалераниг дагадеанчух тера ду, – элира къоначу жаIуьно.

– ХIун ду иза? – хаьттира ас.

– Стохка цхьа талмаж лаьцнера оха. Цо хьалххе подрядчикца барт бина хиллачух тера дара – дала дезачул ялх денна сов ахча даьккхира тхоьгара.

– Аша арз дирий? – хаьттира ас.

– Арз дира дера-кх. Муха ца до? – сингаттамечу къажарца элира цхьана жаIуьно.

– Лаккха?

– Ша дерриг ду-кх: тхо кхаа дийнахь набахтехь латтийра. Оцу кхаа денна а тхоьгара ахча даьккхира. Тхан накъосташна, тхох хIун хуьлу а ца хууш, тесна дита ца лиира, жа а эцна, дIа ца бахара уьш.

– Оцу а, совнаха деношна а тIехь ахча даьккхира?

– Массо денна а тIера.

– Тешаш а лаьцна, цара документ харц хIоттийна хилар тIечIагIдан ца мегара аш?

– Муха тIечIагIдийр ду? ТIаккха гIазакхийн мотт ца хаьа, ткъа цара деллачу кехат тIехь тхо ялх де хьалха даьхкина, аьлла, билгалдаьккхина дара. Кхиэлехь и кехат тхуна дуьхьал теш хIоьттира.

– Бакъдерг тIечIагIдан теш карийча а, кхиэле вогIур вацара, – тIетуьйхира Симона.

– ХIунда?

– Хьанна лаьа, оцу боьхачу хIуманех а хьакхавелла, шена тIе бохам баийта?

– Ахь хIун дуьйцу? Тешаш чубухку ткъа?

– Хьо санна, ирс долчуьнца, уьш берриш тIекере а, дика а бу: Дела а, адамаш а. Ткъа тхуна, пекъаршна, бакъ каро хала ду. Наггахь вер вац моховцех дог лозуш верг, даима бехке иза хуьлу.

– Мотт мукъана хаахьара, тIаккха тхайга тхаьш лардадала а тарлора. Цара шайн мотт ма буьйцу, оха – тхайниг. ЛадогIа

кIордийча а, генадовла олий, когаш а тухий, тхо дIалелхадо. Тхоьгахьа гIо даккха цхьа а вац.

Иштта къамелаш деш, тхо тхайн меттамотт болчу кхечира. Ас сацам бира, тIера духар а хийцина, Дзауге а вахана, цигарчу Iедална кхузахь лелош дерг шадерриг дIадовзийта.

Со тешна вара, хьаькамаша сайга ладугIург хиларх, иштта а декъаза халкъ кхин тIе а дакъаздоккху хIара хIуманаш шайн куьйга кIел болчарна цара доьхкург хиларх. Амма, со мел цец-акъваьлла висира хаахьара шуна, цара ас дийцинчунна лерг дIа а ца оьхьча!

Ас ехкачу ханна сайх дийца хIума дитира, самукъа а даьккхира церан. Вовшийн кар-кара луш, массо маьIIехь дуьйцуш дерг цхьаъ дара: инарлин кIант, кара гIаж а эцна, жа дажош лелаш ву?

Кхо де даьлча Владикавказана тIехдевлира тхо. ТIаккха дуьххьара гIалагIазкхашца-соьлжахошца нисделира тхан «тасадалар».

Тхан дов некъа тIехула делира. Цуьнан шина а агIорхула, законна тIебоьгIча, ах чаккхарма гергга мах боцуш даха бакъо яра тхан. Амма цара чекх ца довлуьйтура.

Законо-м бакъо лора, ткъа царна хIун ю закон? Цара массо хIума а шайггара леладо. Иштачохь жаIуй гIорасиз бу. Арз эцна ваха меттиг а бац, новкъахь хилча, суьдехула лела хан а яц. Цундела, законна тIера а бевлла, цара дийриг дан деза цара я хIоразза а, совнаха иттаннаш соьмаш дала деза.

Тхо хьалхарчунна тIехь севцира. ГIалагIазкхий дуьхьалбевллачохь ницкъаца некъ боккхура тхайна.

VII

БоргIане кхаччалц, оха хьалха биначух къаьсташ бацара тхан некъ. ГIалагIазкхийн станицашкахула чекхдовлура тхо – массанхьа Iедалан векалша ницкъ бора. Амма дуьхьалбаккха тхоьгахь бара жаIуйн барт а, каде хилар а, ницкъ а, доьналла а. Девнаца боккхура оха тхайна, нийсонна тIедоьгIча, дуьхьало йоцуш чекхдовла деза некъ. ХIинца кхийтира со тхаьш нов-

къадовлуш: «Везан Дела, ларде Ахь тхо ницкъ барх!» – бохуш, доIанаш хIунда дина хилла.

Ши кIира дара тхо новкъахь долу. Тхо меллаша доьлхура. Оцу шина кIирнах малх кхетта ши де ца деара: чийлак чуьра санна, тIедуттуш догIа дара некъан бохалла.

Тхайн жаца и некъ беш, суна сайн бIаьргашна гира тIеIоттабелча гIалагIазкхаша со санначаьргахь латтош долу Iазап. Ас хьаькаме кехат дийхира, станицаршкарчу бахархошна юкъахь серло яржо бахкийтинчарна тIехь низам чIагIдар доьхуш.

Мел хазахийтира тхуна Грозне дIакхаьчча!

...Соьлжа-ГIалахь ас сайн чамда яьстира. Цунна тIехула тегна куз бара, ткъа бедарш вертанна юкъахьарчийна. ХIетте а, чамдех чекхдаьллера догIа – тIадийнера сан бедарш. Оцо гойту, мел хала хилла оха бина некъ.

И кехат сан кара кхечира. Цу тIехь станицашкарчу атаманашна тIедуьллура тхуна новкъахь, законо ма-хьеххара, гIоаьтто бар. И кехат бахьанехь кхидIа тхо паргIат дахара.

БоргIанена юххехь яра Махан юрт станицин оха вайн йина дежийлаш. Царна тIехь шортта буц яра, гобаькхина хьун а, хи а дара.

Йол а, сурсаташ а механа дорах духкура луларчу ярташкахь – нохчийн ярташкахь. Оцу ярташка кест-кеста воьдура со, керлачу хьешашца гергарло чIагIдан а, церан гIиллакхаш довза а.

ДIакхаьчча, божалш а, рагIуш а дира. Дийнна цхьа юрт дIахIоттийра – божалех, рагIуйх, чохь Iачу хIусамех. Пенаш ши могIа хьош дуцура. ХIор денна хьуьнхара схьахезаш дагарийн гIовгIа, жаIуйн самукъане забарш, иллеш хуьлура.

Кестта и гIовгIа цхьанаэшшаречу жаIуйн балхо хийцира: Iуьйрана хьалххе дажа лохкура уьстагIий, суьйрана божалш чу духкура. Наг-наггахь тхан меттаметтан дозане вогIура коьрта жаIу, жаIушца охьахуура, тIаккха дIадуьйлалора дехий къамелаш. ХIор жаIуьно шен деган лазам балхабора, шен дахарх лаьцна дуьйцура. Цкъацкъа буьйсанан тийналла йохайора нохчаша йовдийна юьгучу говрийн бергийн татанаша а, тIаьхьадаьллачу орцано кхуьйсучу тоьпаша а.

Иштта цхьанаэшшарехь дIатекхара тхан дахар.

МIаьргона вицлуш лаьттара со: цу муьрехь суна дукха хезара туьйранаш, хьадисаш, цIеяхханчу жаIуйх а, талорхойх а дийцарш.

Ас кхузахь хадабо сайн дагалецамаш – мел хезнарг, гинарг, лайнарг сайн дийцаршна тIехь охьадилла дагахь ву со.

Со дагахь ву Гуьржийчоьнан а, луларчу мехкашкарчу а халкъийн дахар, амалш, гIиллакхаш а довзийта, хIунда аьлча тIейогIучу хенахь цаьрца герггара зIенаш ца хилча девр дац вай.

1882–1883 шш.

КХОКХА

(Дийцар)

Хаьий шуна, сан кегий дешархой, бIов хIун ю? Шух дукхахболчарна, хетарехь, хаьа хир ду иза муха хуьлу, ткъа цхьаболчарна иза гина ца хила тарло. Цундела ас дуьйцур ду шуна цунах лаьцна.

Адамаш, мостагI тIелатарх кхерам болуш, машаре юкъаметтигаш ларъян хала долуш дехачу ширачу заманахь, цара нуьцкъалчу мостагIчух лардала, тайна чIагIонаш еш хилла.

Цундела адамаша хьехаш йохура, чхернех чоьнаш йохура, гонаха тIулгах пенаш дуттура.

БIаьвнаш а иштта чIагIонна лерина ю. Уьш лекха а, горгачу я еакIов пенех еш хилла. Царна чохь хьуллора адамаш.

Вайн заманахь дуккхахйолу бIаьвнаш дIатесна лаьтташ ю. Царна чохь олхазарша шайна бенаш до.

Иштачу ширачу бIаьвнех цхьаъ тхан юьртахь а яра. Дукха хенахь дуьйна цу чохь цхьа а вехаш вацара…

Амма сатоссуш бIаьвнна чуьра «гIур-гIур» хезара. Дукха хан ялале цу чуьра тайп-тайпана чо-мас йолу кхокхий аралелхара. Царах цхьадерш сихха юхадоьрзура, зIакаршкахь шайн кIорнешна яахIума а йохьуш, ткъа дукха хан йоццуш чудаьхкинчара ча а, екъа бецаш а йохьура, шайна бенаш дан. Цкъа а ара ца довлу кхокхий а дара. Цара, хьастаме гIур-гIур деш, шайн кIорнеш Iалашйора.

Дерригенца а гуш дара уьш ирсе хилар. Цхьаммо а церан са ца гатдора. Уьш маьлхан къегачу зIаьнаршна самукъане дуьхьал уьдура.

Лакха стиглахь, бIаьвна тIехула, кхокхийн жут яра. Цкъацкъа, паргIат, пел хьийзара уьш, тIаккха, цIеххьана ловзадуьйлура, вовшашна тIаьхьа а уьдуш, тIекIелдуьйлура стигалахь. Юкъ-кара тIемашца вовшаххьекхалора, тIаккха моьттура цхьамма тIараш детта. Юха нийсса Iункар, тIулгаш санна, охьаоьгура, бIаьвна тIекхочуш дIанислора.

Бахархоша бIаьвнан неIарш тойира. Царна чIогIа дукхадезнера и исбаьхьа олхазарш, царна цхьаъ динарг зуламхо лорур вара цара.

Массо а хенахь бIаьвна гонаха хьийзара бераш. Кхокхий леца лаьара царна, амма бIаьвнан неIарш чIогIа къевлина яра, чоьхьа стагга а валалур воцуш.

Амма кхокхийн, дийнахьа-буса набъеш воцу, луьра мостагI вара – куьйра. Иза царна тIелетара, амма кхокхий сема а, каде а дара. Лаккха стигала хьаладовлура уьш, куьйра царна тIаьхьа ца кхуьура, тIаккха иза юхадолура. Дукхахьолахь кхокхий бIаьвна чохь дIатебий Iара, кхерам дIабаллалц.

Иза аьхка хуьлура, дерриге жилIалам хазделлачу хенахь, заза а, зезагаш а, дерриге дийнаташ а, самукъадолий, дегнаш даккхийдеш, ловзадуьйлучу хенахь.

Амма зама хийцало. Сирла-сийна стигал кхулу, мархаша кест-кеста малх дIахьулбо, цуьнан зIаьнарша йовхо ца ло. ХIаваэхь хийцамаш хаало. Лаьмнийн баххьаш дуькъачу дахкаро дIахьулдо. Баьццара буц, сагатделча санна, басайолу, якъало. Дукха хан йоццуш дуькъачу гIаша кхелина хилла дитташ чIанадевлла, мостагIчо талор дича санна. Къилбседехьара шийла мох хьаькхна, ша билли массанхьа. Iаламан суьрто шен бос хуьйцу: хьалха бIаьрг хьоьстуш мел хиллачо, хIинца ойланехь гIайгIа кхуллу. Доцца аьлча, Iа ду тIедогIуш.

ТIедогIучу Iаьно сагатдина олхазарийн, ткъа къийгаша, хенан хIоттам хийцалуш буй хоуьйтучу, кхин а чIогIа Iаткъамбо сингаттамца.

ДIадели масех де. Стигал дIалеци, даш санна, езачу мархаша. Хьаькхи нуьцкъала мох, иза вуно чIогIа цIийза, цхьанна бохам хьоьхуш санна.

Мох цIеххьана дIатий. Йохъели. Пелдуьйлуш, стиглахь ловзадевли лайн чимаш. ТIаккха дуькъа ло доладели. Дукха хан ялале, дерриге дуьне – латта а, лаьмнаш а, дитташ а – кIайчу басе дирзи. Мел товш, дагна хьаам беш хуьлу лаьмнашкахь дуьххьара диллина ло! Цо арен тIе лоьхку мошанаш, акха москалш, масарш.

Берийн самукъадаьлла – вовшашна лайн мижаргаш а кхуьйсуш, зевнечу аьзнашца доьлу. Іуьнціалгаш боху лайн тІехь. Массо сенвелла воллушехь, цІа ваха цхьанна а ца лаьа.

Бераша речІа югІу олхазаршна. ТІе ло а хьокхий, кхелли тІеюхку, церан тидам тІебахийта. Баккъал а, дагахь хІума доцу олхазарш Іехало. Дукха хан ялале, яккхийчу жатташца уьш кхеллина тІелета. Къийгаш а, кхокхий а, кхидолу олхазарш а кхелли кего дуьйлало. ЦІеххьана, цхьамма кхерийна, уьш тІомадевлира. Цхьа кхокха а, масех къиг а регІано лаьцна йисира.

– Леци! – цІогІа туьйхира цхьамма, воккхавеш.

ТІебевдира важа биснарш а. Гиглас – иштта яра цуьнан цІе, речІа чуьра паргІатбаьккхира кхокха. ТІаккха, обанаш а олуш, иза хьеста волавелира иза.

– Тхуна а гайтахьа иза, – дехарш дора Гиглига кхечу бераша.

Амма цунна ца лаьара цунах къаста, безамца шен некха тІе а, чІишталга тІе а теІош, хьоьстура.

– ХІе, миска, яІ! Хьовсийша, мел чІогІа деттало цуьнан дог! – элира Гиглас.

– Соьга лохьа, соьга!

– Хьожуш хилалахь, дІа ма бахийталахь.

– Ахь хІун дуьйцу?! Со жима-х ваций!

Кар-кара луш, кхокха дІабада гІоьртира, амма иза сихха дІатийра, ша кІелхьара бер боций а хиъна.

Гиглас, цІа баьхьна, чалтар чу а боьллина, Іай кхебира.

Эххар а чекхделира шийла Іа. Ло дешира, лаьмнашкара Іовраш охьахьаьлхира. Малхо, белакъежаш, мархаш юккъехула схьа а хьаьжна, Іаьнан набаран тартесна ораматаш самаехира. ХІаваэхь бІаьстенан хьожа елира. Дерриге жилІалам денделира, гонаха мел дерг сенделира, зазадаьккхира. Тайп-тайпанчу аьзнашца олхазарша шайн эшарш дІайолийра, Іаламна хастамбеш санна. Зезагаша а, Іаламна хастамбеш, шайн эсала кортош теІадора.

БІаьвна чуьра схьахезара кхокхийн кІеда-аьхна «гІур-гІур». Шишша цхьаьна, кхокхий бІаьвна чуьра аралелхара, Іалам декъалуш.

Буса а белла, цхьа кхокха бIаьвнан пена тIехь цхьа Iара, юкъарчу синкъерамехь дакъа а ца лоцуш. Иза саготта бара. Мотталора, цунна Iалам юха дендалар гуш дац. Цкъацкъа цхьа ког а ойъий, месаш а юсайой, сахьташкахь Iара иза, ца ловзура, дерриге дуьненах безам баьлча санна. Цкъацкъа, хих масех къурд а бой, юхабогIура шен метте.

Цкъа Гиглас, ша лаьцна кхокха паргIат а баькхина, акъарчу тхов тIе тесна, туьнкалгах дIабихкира. Боккхабийна ца болуш, кхокха дIабада гIоьртира, амма когах тесначу тIерго юхабаькхира. Охьаккхийтира.

Кхокхий деха юрт, кераюкъ санна, гуш яра.

Цхьа кхокха, цIеххьана тIома а хьаьдда, дIабихкина болчу кхокханна тIехьаьдира.

Цу шинна вовшийн бевзира. Шайн зIакаршца обанаш а олуш, шайн маттахь къамеле белира и шиъ. Гуш дара, церан самукъадаьлла хилар. Амма цхьаъ саготта, гонаха бIаьрг бетташ хьоьжура.

Вовшийн марзонах Iаьбначул тIаьхьа, паргIат кхокха тIомабелира. Цунна тIаьхьа кхоссабелира важа, амма тIерго дIа ца хийцира. ТIаккха важа, схьа а беана, «кху-кху» баха болабелира, шеца хIара дIабаре кхойкхуш.

Кхокханна тIомабала лаьара, амма эрна дара иза.

Кхин цкъа а гIоьртира иза хIаваэ, оцу хенахь тIийриг цуьнан логах хьаьрчира. Тохабелира иза. Тоха мосазза ло, тIийриг кхин а нуьцкъала логах хьаьрчара, хорам а беш.

Садукъдала доладелира цуьнан.

Маситтазза гIоьртира тIебеана кхокха цунна юххетаIа, гIо дан санна. Амма хIоразза а, цо лечу сахьтехь деттачу тIемаша герга ца буьтий, юьстахболура.

ТIаьххьара шен доттагIчуьнга дIа а хьаьжна, цуьнан васт дагчохь кхолла санна, зIок а гIаттийна, дIатийра.

Цунна готуьйсура кхокхано, «кху-кху» дуора, зIакарца дегIах хьекхалора. Шадерриг чекхдаьлла дара.

Оцу хенахь ведда тIевеара Гигла. Белла кхокха гича, вилхина, дIавахара.

ХIетахь дуьйна байлахь бисначу кхокхано дIа ца тосура шен доттагIчух-хIусамненах ша къаьстина меттиг. Сагатдора цо, тIеттIа гIийла хуьлура, дахар кIордийча санна.

Аьхке яра. Дуучунна-молучунна къоьлла а яцара. Амма и шадерриг а цунна токхе ца доьрзура. ХIора денна гIеллуш дIабоьдура кхокха, тIома а хала болура.

Эххар а кхолламо къинхетам бира мискачу кхокханах – Iожалло хьалхабаькхира иза а ловчу Iазапах.

Содержание

Генарчу а, гергарчу а доттагIчух. *Бексултанов М.* 5
Александр Казбеги. *Маргошвили С.* 7
Да вийнарг. *Гочйинарг Маргошвили Ю.* 14
Циция. *Гочйинарг Маргошвили Ю.* 217
Элисо. *Гочйинарг Маргошвили Ю.* 250
Хевисбери Гоча. *Гочйинарг Маргошвили С.* 281
ЖаIуьн дагалецамаш. *Гочйинарг Маргошвили С.* 351
Кхокха. *Гочйинарг Маргошвили С.* 377

Литературно-художественное издание

Александр Казбеги

Избранное

На чеченском языке

Перевод с грузинского языка – Маргошвили Султан

Редактор Ирисханов И.А.
Корректор Бексултанова З.С.
Верстка Бицаловой А.Т.

Подписано в печать 15.06.2012. Формат 84x108/$_{32}$.
Усл. печ. л. 23,04. Тираж 1000. Заказ № 1241.

ФГУП «Издательско-полиграфический комплекс
«Грозненский рабочий»
364026, ЧР, Грозный, ул. Интернациональная, 12/35